

**Научно-исследовательский институт им. З. В. Ванеева**
**РЮО ЮОГУ им. А. А. Тибилова**

М Е Л И Т О Н   К А З И Т Ы

# НАШЕ БОГАТСТВО

Литературно-критические произведения

3-я книга

Цхинвал
2010

**Уанеты Захары номыл РХИ зонад-иртасæн институт**
**Тыбылты Алыксандры номыл РХИПУ**

Х Ъ А З И Т Ы   М Е Л И Т О Н

# НÆ ИС, НÆ БИС

Литературон-критикон уацмыстæ
3-аг чиныг

Цхинвал
2010

83.3.Осет.
К-14

*Научный редактор*
кандидат педагогических наук, доцент СОГУ
**Бежаева Ф.Г.**

**Казиты (Казиев) М. Р.**
К–14 Наше богатство. Литературно-критические произведения, 3-я книга, – Цхинвал: «Ирыстон», 2010, 496 ф.

В книгу вошли три монографии: «Коста», «Песнь сквозь слезы» и «Поэма об Осетии и осетинах». Издание рассчитано на широкий круг читателей.

© Казиты М.Р., 2010
© «Ирыстон», 2010
© Григорян В.С., оформление, 2010

# *Къоста*

## РАЗНЫХАС

Нæ ирон адæм фыссынад куы райстой, ахуыр адæм æмæ нæм ахуыргæндтæ куы рахъомыл сты, уæд æнæмæнг хъуыддаг уыд, цæмæй нæм фæзындаид, нæ ирон адæмы удыгъæд чи равдыстаид, ахæм. Ома наци цæмæй стæм, уый чи раргом кодтаид, кæй «арфæйы дзырд» нæм фехъуыстаид æмæ, цæмæй иугай мауал кæнæм, уый тыххæй нæ иумæ чи рамбырд кодтаид, ахæм лæг. Уый хъуамæ суыдаид йæ адæмы цæсгом, йæ рæстæджы айдæн. Уымæн хъуамæ йæ адæмы рис бацыдаид йæ уды æмæ уый суыдаид йæхи рис. Уый хъуамæ ферох кодтаид йæхи уды хъизæмæрттæ æмæ цардаид йæ адæмы дудгæбæттæй. Сæ фесафынæн сын агуырдтаид сæрфат æмæ йæ аргæ дæр хъуамæ скодтаид. Æрмæстдæр уыцы «сæрфат» агургæйæ суыдаид йæ адæмы сæрхъызой. Дзыллæ йыл æрмæстдæр уæд бафтыдтаиккой се 'ууæнк, уæд ацыдаиккой йæ фæдыл. Æрмæстдæр сын уæд суыдаид лæджыгъæды сæрыл тохы тырыса, Фыдыбæстæ бахъахъхъæныны тыххæй сæ уарт, стæй сæ кард дæр.

Цыбыр рæстæджы нæм хуымæтæджы нæ фæзындысты ирон адæмы, ирон литературæйы цæсгомæвдисджытæ – Мамсыраты Темырболат, Хетæгкаты Къоста, фыд æмæ фырт Гæдиаты Секъа æмæ Цомахъ, Брытъиаты Елбыздыхъо...

Уыдон иууылдæр ирон адæмы, Ирыстоны сагъæсæй сыгъдысты. Уый сын нæ лæвæрдта æнцой, уый тохы хæстонтæ уыдысты. Фæлæ тохы тырыса æрмæстдæр иу фæхæссы. Тырысайы хъæдыл ма кæд исчи фæхæцы, уæд ын уый æрмæстдæр æххуыс фæкæны.

Нæ ирон адæмæн XIX æнусы кæрон царды æмæ литературæйы уыцы тырысахæссæг басгуыхт, сæ цинæй чи рад, сæ мастæй чи рыст, сæ сæрвæлтау кæддæриддæр мæлæтмæ

чи уыд цæттæ, йæ сæр сын нывондæн чи хаста æмæ йæ хæсгæ дæр чи æркодта, сæ уыцы иузæрдион хъæбул Хетæгкаты Леуаны фырт Къоста.

Зæххы къорийы дæргъ æмæ уæрхæн сбарæн ис, фæллойæн банымайæн ис, дунейы налхъуыт-налмастæн аргъ скæнæн ис, фæлæ, Къоста махæн, ирон адæмæн, стæй æмткæй адæймагадæн цы лæггад бакодта, цы хорзы нын бацыд, уыдонæн нæдæр сбарæн ис, нæдæр – банымайæн, нæдæр – аргъ скæнæн.

Уыдон хъæуы æрмæстдæр хатын. Хатæн сын ис æрмæстдæр удæй. Сыгъдæг æмæ æппæт æнкъараг удæй. Стыр уырыссаг поэт Ф.Тютчев йæ фыдыбæстæйæ цæйиау загъта: «Умом Россию не понять... В Россию можно только верить,»[1]– уыйау ма, æрмæстдæр ыл хъæуы æуууæндын.

Къоста нæ ирон адæмæн æрмæст æгæрон стыр поэт æмæ литературæйы быиндурæвæрæг нæу. Царды дæр æмæ нын монон хъуыды кæнынады дæр уыд æмæ у фæтæджы хуызæн. Нæ поэттæй бирæтæ уымæн фæфыссынц, царды фыдтæй нæ удтæ фæсыгъдæг кæнæм Къостамæ гæсгæ, зæгъгæ. 1937-æм азы трагедийы амæддаг Гаглойты Рутены иу æмдзæвгæйы рæнхъытæ хуымæтæджы не систы нæ адæмы 'хсæн классикæйы хуызæн:

*Уæ парижтæ,уæ Лондон,*
*Нæ баивин æз Нарыл –*
*Уым Хетæгæн рæмон бон*
*Къоста райгуырд сæнарыл.*[2]

(«Европæ»)

Ирон адæмæн бирæ номдзыд, хъæбатыр фырттæ уыдис æмæ ис. Бирæты рухс нæмттæ дзы сæнусон кодтой зарджытæй, кадджытæй, таурæгътæй, легендæтæй, радзырдтæй, уацаутæй, æгæрыстæмæй, романтæй дæр. Уыдон уыдысты æмæ сты нацийы цæсгомæвдисджытæ, нацийæн кадгæнджытæ, æвдыстой æмæ йын æвдисынц йæ царды нысан.

Наци дæр сын кад кодта æмæ кæны, кæд, куыд æмбæ-

---

[1] Тютчев Ф.И. Сочинения в 2-х т. Т 1, М., 1984, 212-æм фарс.
[2] Гаглойты Рутен. Радзырдтæ, æмдзæвгæтæ, публицистикæ. Цхинвал, 1987, 64-æм фарс.

лы, афтæ нæ, уæддæр, йæ бон куыд уыдис æмæ куыд у йе ‘мбарынад, уымæ гæсгæ. Уыцы кад скæныны та нæм иууыл бæллиццагдæрыл нымад цыдис хъæбатыры зарæг скæнын. Хъæбатыры зарæг кæуыл скодтаиккой, уымæн амæлæн нал уыдис. Æнустæм цардис сæ хъуыдыты, сæ зæрдæты. Зарæджы йын ардтой йæ ном æмæ сын уыдис цæвиттонæн.

Уыцы хъайтартæн – Ирыстоны хъайтартæн кæддæриддæр сæ сæргъы лæууыд æмæ лæууы Къоста.

Æрмæст ирон зонад нæ, фæлæ дунеон æвзагзонынады судзгæ цырагъы хуызæнæй чи баззад, нæ уыцы дзæнæтыбадинаг куырыхон Абайты Васо афтæ куы загъта: «Народы с гордостью произносят имена людей, в которых с наибольшей полнотой и блеском раскрылся их национальный гений. Англичанин говорит – Шекспир. Шотландец говорит – Бернс. Немец говорит – Гете. Итальянец говорит – Данте. Русский говорит – Пушкин», – уæд афтæ куы загътаид – «Осетин говорит – Къоста», уæд йæ дзырд зæрдæйыл ныры хуызæн не ‘мбæлид. Англисагæн Шекспир куыд у, шотландиагæн – Бернс, немыцагæн – Гете, италиагæн – Данте, уырыссагæн – Пушкин, Къоста ирæттæм ноджы стырдæр бынаты ис. Къоста нын зæххон адæймаг куыд у, афтæ нын у зæд дæр. Нæ куырыхон хистæр уый хорз зыдта æмæ йæ иннæтæй уымæн фæхицæн кодта: «Мы, осетины, говорим – Къоста, и душа наша наполняется гордостью и трепетной любовью».[1]

Нæ адæмы зæрдæты уымæй стырдæр æмæ рæсугъддæр бынат ничима ссардта. Æмæ, куыд акæнынц: «Стыр дурæн – стыр тулæн, стыр фурдæн – стыр уылæн». Иугæр адæмы зæрдæйы ахæм бынат бацахста, уæд ын йæ лæггæдтæ фидынц аивадæй дæр.

Ирон фольклоры, ирон литературæйы – поэзи, прозæ, драматурги æмæ публицистикæйы Къостайыл цы уацмыстæ æрцыд хаст адæмы рæгъмæ, уыдон бæхы уаргъæй фылдæр сты. Бирæтыл сæ æмбæлы сæрмагондæй æрдзурын, фæлæ æз зæгъынмæ хъавын æрмæст поэтикон уацмысты ахадгæдæртыл. Поэтæн йæ удæгасæй фæстæмæ поэтикон аивады

[1] Авторты коллектив. Мятежная лира горца. Владикавказ, 1981, 110-æм фарс.

йæ фæлгонц куыд рæзт æмæ абон цахæм у, нæ адæм æй дзургæ сфæлдыстады цыхуызæнæй æвдыстой, нæ поэттæ йæ хицæн рæстæджыты куыд ныв кодтой æмæ ныв кæнынц, уыдæттæ фæлгъаугæйæ.

Уый афтæ нæ нысан кæны, адæмон сфæлдыстады йæ фæлгонц иухуызон у, поэттæм – æндæрхуызон. Поэттæ дæр æй æвдыстой æмæ æвдисынц, адæм сæ уарзон хъæбулы куыд уыдтой, афтæмæй, фæлæ йæм уыдонæй алкæмæн дæр уыдис æмæ ис йæхи субъективон ахаст. Алчидæр æм сæ каст æмæ кæсы йæхи цæстæнгасæй. Алчидæр дзы уыны, йæхимæ сæйраг чи кæсы, ахæм æвæрццæаг цыдæр. Уыцы «æвæрццæг цыдæртæй» поэты поэтикон фæлгонц рæзы азæй-азмæ, стæй рæздзæнис æнусæй-æнусмæ.

Уый царды фæтк у.

Цы бирæ поэтикон уацмыстæ йыл ис, уыдонмæ хауынц адæмон зарджытæ, уыдон ссадвæдыл фыст индивидуалон уацмыстæ, нæ ирон поэтты лирикон æмдзæвгæтæ (фылдæр лирикон æмдзæвгæтæ), сюжетон быдур кæмæн ис, ома эпикон комытæф кæмæ хæццæ кæны, ахæмтæ; сæрмагондæй поэтыл фыст чи нæ у, фæлæ йе стыр удыгъæд, йæ сыгъдæг зæрдæ, йæ куырыхон зонды тыххæй бирæ абарстытæ æмæ бæллицтæ кæм сты, ахæмтæ; æмдзæвгæты циклтæ, балладæтæ, легендæтæ, кадджытæ.

Се 'ппæты дæр æвдыст цæуы поэты уд, адæм, стæй, поэттæ сæ цыты лæгæн, дунейæн нæ чи равдыста, уымæн куыд кад кæнынц, уый, æмæ уыимæ бæрæгæй зыны, сæхицæн куыд аргъ кæнынц, уый дæр.

Къостайы фæлгонц ирон поэзимæ æрбацыд фольклорæй. Уым Къоста у адæмы сæрыл тохгæнæг, фæтæг, куырыхон, адæймагадон адæймаг. Фæлæ уыимæ у æгæрон хъаруйы хицау, зæххон адæймагæн æцæгæлон чи у, ахæм хъару кæмæ ис, уыцы адæймаг. У уæйыджы хуызæн тыхджын æмæ зæды хуызæн æппæтхъом.

Ранымад миниуджытæ йæм иууылдæр сты иумæ. Сты йæ уды, æмæ сæ æххæст кæны уыцы иу рæстæджы.

Фыццаг ирон поэт Мамсыраты Темырболатмæ реалистон, зæххон адæймагæй æвдыст цæуы.

Чи зоны, адæмон сфæлдыстады йæм фантастикон миниуджытæ кæй уыдис, уыдонимæ поэт зонгæ кæй нæ уыд, уый

тыххæй афтæ у. Фæлæ йæ уыцы æмдзæвгæимæ ирон адæм ссæдзæм азтæй фæстæтæ сты зонгæ. Стæй, Темырболаты «Кæмæдæр» Къостайыл фыст у, уый комкоммæ нæ загъдæуы.

Къоста ирон поэзимæ фольклорæй æрбацыд, кæд ыл йе 'мрæстæгонтæ йæ удæгасæй фыстой, уæддæр. Уыд фæтæг. Стæй, азтæ куыд цыдысты, афтæ чысылгай кодта зæххон адæймаг. Йæ мифологон æмæ зæххон фæлгонцтæ сиу сты, æмæ йæ абон уынæм сыгъдæгуд, куырыхон, адæмы сæрвæлтау мæрдтæм бацæуыныл дæр разы чи у, ахæмæй.

Къостайы фæлгонц æрмæст йе 'мрæстæгонтæ: Гуырдзыбеты Бласка, Гæдиаты Секъа, Цæголты Георги, Багъæраты Созыр, Малиты Георги, стæй иннæтæ не 'вдыстой. Ирон поэтты кæцыфæнды фæлтæрæн дæр зынаргъ уыд æмæ у. Зæрдæбынæй бакуыстой йæ фæлгонц саразыныл Плиты Грис, Плиты Харитон, Дзугаты Георги, Гафез, Асаты Реуаз, Епхиты Тæтæри, Мыртазты Барис, Хъайтыхъты Геор, Джусойты Нафи, Нартыхты Михал, Бестауты Гиуæрги, нæ поэзийы фæстæдæры фæлтæрты поэттæ Козаты Исидор, Пухаты Алыксандр, Харебаты Леонид, Бахъаты Нугзар, Хъодзаты Æхсар, Хуыгаты Сергей, Дзасохты Музафер, Джыккайты Шамил, Малиты Васо, Æлборты Хадзы-Умар, Ходы Камал, Хаджеты Таймураз, Кокайты Тотрадз æмæ бирæ æндæртæ.

Нæ хуыздæры фæлгонц сæ алчидæр аразы йæхирдыгонау, йæ поэтикон авналæнтæ æмæ йын йæ поэтикон уырнынад йæ къух куыд аразынц, афтæ. Фæлæ сæ уыимæ Къоста алкæмæн дæр у удæгас. Тох кæны рæстдзинады сæрыл. У æфхæрд, рæстаг адæмы фарс. Уый фæрцы сæм зулмæ фæкæсын ничи уæнды. Ахæм тохмæ сиды махæй не 'ппæтмæ дæр. Сиды нæм æмæ нын у ныфсы хос. Йæ сидт ын хъусæм Брытъиаты Елбыздыхъойы «Амыран»-ы Ныфсы хъæлæсæй: «Æз дæн Амыраны ныфс, æз дæн Амыраны уд. Мæ базыртæ – тыхджын, æмæ, адæммæ фæзынгæйæ, цыбæл кæндзынæн адæмы сæрибармæ, бæлдзысты мæнмæ æмæ ссæудзысты ардæм мæ фæдыл».[2]

---

[1] Брытъиаты Елбыздыхъо. Уацмыстæ 2 томæй. Т.1, Дзæуджыхъæу, 1981, 247-æм фарс.

Æмæ бæрæг у поэзийы, адæм куыд цæуынц Къостайы фæдыл. Æмæ нæ сæрхъызой цыфæнды хуызы ма цæуæд æвдыст — хуымæтæг адæймагæй, адæмы сæрыл тохгæнæгæй, раздзогæй, фæтæгæй, зæдæй, хуыцауæй — алы ран дæр Къоста у Къоста, æмæ йæ кой сты рæстаг, æфхæрд, ссæст адæм. Иу хуыз сæ иннæ хуызы уымæн æххæст кæны. Се 'ппæт иумæ та аразынц титаны сурæт — алцæмæй æххæст, æппæтхъом.

Диссаг куыд нæ у, Къоста сыгъдæг уд, зæд, Хуыцау куы фесты, уæддæр, Чырысти зæхмæ куыд æрхызт, афтæ цæры немæ. Кæны нæ йæ фæдыл. Риссы, цин кæны нæ хъуыддæгтыл. Амоны нын зонд. Ахуыр нæ кæны æцæг адæймаджы цардæй цæрын æмæ тох кæныныл. Тыбылты Алыксандр дзы сæрыстырæй уымæн дзырдта: «Къоста уыд æвæджиау тыхы хицау, стыр уарзæгой зæрдæ дардта йæ адæммæ. Гъемæ, уымæн бахаста йæ ныфс фыццаг хатт аив æвзагæй сдзурын æнæчиныг æвзагыл».[1] Уыцы тых нæ кæны абон дæр йæ фæдыл. Къостайы фæлгонцы уыцы тых равдисынмæ тырнынц ирон поэттæ.

Стæй æрмæст уыцы тых равдисынмæ нæ.

Къостайы фæлгонц нæм йæхирдыгонау саразынил чи нæ бацархайдта!

Уый та хицæнæй æмæ иумæ у лæмбынæг рафæлгъауинаг, æмæ дарддæр бафæлвардзыстæм йæ раргом кæныныл, абоны онг куыд сырæзт, уый хынцгæйæ. Уымæн æмæ, ирон поэзи цалынмæ рæза, уæдмæ йемæ рæздзæнис ирон адæмы цæсгом æмæ намыс — Хетæгкаты Къостайы фæлгонц.

---

[1] Тыбылты Алыксандр. Уацмысты æмбырдгонд. Цхинвал, 1988, 213-æм фарс.

## Фыццаг сæр

## «УÆД ХЪÆБАТЫР КЪОСТА БАДЗУРЫ...»

Зарæгæн дæр, хъарæгæн дæр сæ нæмттæ сæ уæлæ сты. Уæддæр, адæмон æмбисæндтæ хуымæтæджы нæ дзурынц: зарæгæй – «Зарæг йæ сæрæй чындæуы», «Рæйдæ 'мæ уæрæйдæрирæ 'фсымæртæ сты», «Зарæгмæ зæрдæ йе хъæлдзæг куынæ кæна, йе 'нкъард, уæд уый зарæг нæ хуыйны»[1]; хъарæгæй – «Фыдохы зæрдæ – сагъæстæй ифтыгъд», «Худын, кæуын – æфсымæртæ», «Æрдæг – заргæ, æрдæг – кæугæ».[2]

Цыма, ирон адæмон поэзийыл чи фæкусы, уыцы ахуыргæндтæ, стæй поэттæ ацы æмбисæндтæ фæдарынц сæ зæрдыл, бирæтæ сæ уыцы æмхуызон фæнысан кæнынц ирон зарæг, уæлдайдæр, хъайтарон зарджытæ æмæ хъарджытæн иумæйагæй бирæ цыдæр миниуджытæ кæй ис.

Фæндвидарæй зæгъы æндæр зынгæ ирон поэт Ходы Камал:

*Фыдæлтыккон нæргæ зарджытæм хъуыстон:*
*уыдтон нæ ивгъуыд –*
*тармылазон, сау...*
*Дæ зарæг дæр уыд хъарæгау, Ирыстон, –*
*цæмæн дæм афтæ феххæлыд Хуыцау?*[3]

(«Зарæгмæ хъусгæйæ»)

Сæ равзæрд дæр, сæ рæзт дæр, цыма фаззæттæ сты, иумæ уыдис. Ирон адæмон поэзийыл дзургæйæ стыр ирон нывгæнæг Тугъанты Махарбег дзырдта: «В конце 80-х годов в Осетии скончался последний народный певец Курм Бибо /Слепой Бибо/ Дзугутов, исходивший Осетию вдоль и поперек и знавший, как Гомер, всю народную эпопею.

---

[1] Ирон æмбисæндтæ, Ир, 1976 аз, 5-æм фарс.
[2] Уыдон дæр уым, 189, 192-æм фæрстæ.
[3] Ходы Камал. Мыртæ. Дзæуджыхъæу, 1992, 275-æм фарс.

Это был «бард» народный, без песни и звуков двухструнного фандыра которого не открывался ни один народный праздник и не заканчивался ни один солидный кувд /пиршество/. Его запас сказаний, песен, прибауток, шуток и преданий был неисчерпаем. Масса слушателей то плакала навзрыд от его грустных, полных трагизма сказаний, то хохотала до слез от остроумных веселых песенок».[1]

Уыцы хъуыды, — ома ирон хъарæг æмæ ирон зарæг, фаззæттау, иумæ гуырдысты, рæзгæ дæр иумæ кодтой, — ноджы фæбæлвырддæр кодта, нæ литературæ æмæ нæ зонад сæрыстыр кæмæй у, уыцы стыр фыссæг æмæ зонадон кусæг Джусойты Нафи. Фыццаг ирон профессионалон поэт Мамсыраты Темырболаты тыххæй йæ уац «Нæ зарæджы райдиан»-ы афтæ зæгъы: «Нæ хъайтарон зарджытæ се 'ппæт дæр, хъазуат тохы чи фæмард, уыдоныл конд сты. Æгæрыстæмæй, цыма зарæджы хъæргæнæг дæр æгъуыстаг мæрдтæ сæхæдæг уыдысты, афтæ нывæстой ир сæ хæсгæмард хъæбултыл зарджытæ.

...Зарæг æмæ хъарæг кæрæдзи ивтой. Нæ, ивгæ нæ, æнгом быдæй, дыууæ фидар къухау, иу карды фистоныл хæцыдысты — фæлтæргай-фæлтæргай кæрæдзи ивтой, зæрдæйы мидæг иу аджы фыцæгау кодтой æмæ гуырди хъайтарон зарæг. Æмæ кæд хъарæг, иронвæндаг фыццаджы-фыццаг сылгоймæгты — ныййарæг мад æмæ саударæг хоты репертуар уыд, уæд зарæг та — хъайтарон зарæг — нæлгоймæгты, тохвæллад лæгдзинады хъæлæс уыд.

Цыбырдзырдæй, хъайтарон зарæг — уый дæр хъарæг у, æрмæст нæлгоймаджы зæрдæйы, æхсонау хъæбæр зæрдæйы хъарæг.

Нафийы хьуыды дарддæр ноджы бынтон ирдæй æмæ æргомæй зыны: «Зарæг æмæ хъарæгæн, лæгдзинад æмя гуманизмæн, марды кад æмæ удæгæсты трагедийæн нæй фæхицæн ирон зарæджы, хъайтарон зарæджы. Уымæн æмæ сæ ратæдзæн иу у: трагикон цау. Æцæг, хицæн хъайтары æвæджиау тох æмæ трагикон мæлæт, трагикон хъысмæт».[1]

---

[1] Туганов Махарбек. Литературное наследие. Владикавказ, 1977, 55-æм фарс.

[1] Джусойты Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Цхинвал, 1966, 330-æм фарс.

Зонадон хъуыдыимæ æнæ сразы нæй. Уый ирон цардуаджы æнусон фæтк у, кæд зарæг æмæ хъарæг сæ кæрæдзийæ бирæ цæмæйдæрты хицæн кæнынц, уæддæр.

Сæ хицæндзинæдтæй иу у – зарæджы ныфсджын «гъей», «ой» хъарæджы вæййынц æнкъард «уæ»: «гъей, мæ бон» – «уæ, мæ бон дын бакæла»; «гъей-джиди» – «дæдæй», «додой»; «уæлæ» – «дæлæ»; «цæрай» – «амæлай»...

Зарæджы:

*Ой, нана дæ нывонд фæуа,*
*Æвзæр фынтæ мын куы федтай,*
*Ой, æвзæр фынтæ, Хазби, гъей!*[1]

(«Хазбийы зарæг»)

Хъарæджы:

*Уæ, мæ цæугæ мæсыг,*
*Уæ, мæ лæугæ хох.*
*Уæ, мæ хъуытаз хъæлæс чызджытæ,*
*Уæ, мæ мырмырагдзых чындзытæ.*

*Быдыры фæндыртæй цæгъдинаг,*
*Хохы уадындзæй уасинаг,*
*Уæларвæй не стъалыйы хай æрхаудта,*
*Зæххыл мæ кæрдæджы хал бахус и.*[2]

(«Хъарæг»)

Хъарæгамонæг сылгоймаджы фæстæ хъарæггæнджытæ æмдзыхæй куыд ныгъгъе-гъе кæнынц, афтæ бирæ адæмон зарджыты дæр цæуынц рефренæн уыцы иу дзырдтæ. Цæвиттон сисæм Хетæгкаты Къостайæн йæхи зарæгæй. Алы строфайы дæр фæлхат цæуы:

*Цæрай æмæ бирæ фæцæрай,*
*Хетæджы фырт Къоста!*[3]

(«Къостайы зарæг»)

---

[1] Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. Цхинвал, 1977, 50-æм фарс.
[2] Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 2, Дзæуджыхъæу, 1961, 383-æм фарс.
[3] Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. Цхинвал, 1977, 63-æм фарс.

Уыцы аивадон фæрæз адæмон сфæлдыстадæй æрбацыд нæ аив литературæмæ. Уымæй дæр, барджынæй æрбынат кодта нæ фыццаг профессионалон æмдзæвгæйы — Мамсыраты Темырболаты «Сагъæстæ»-йы, хъарæджы «гъе-гъе»-йау, фæлхат цæуы алы дыууæ строфайы фæстæ. Уымæй тыхджындæр кæны æмдзæвгæйы эмоционалон пафос:

*Уæ! Нæ хæхтæ, нæ бæстæ,*
*Куыд ма цæрæм уæ фæстæ!*[1]

Иугæр ирон хъайтарон зарæг æмæ хъарæг сæ кæрæдзимæ афтæ хæстæг лæууынц, уæд, Къостайыл цы зарджытæ скодтой, уыдон се 'ппæт дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, хъайтарон сты, æмæ сыл уыцы хъуыддаг ма фæзындаид, уый гæнæн куыд уыдис.

Фæлæ уал иу хъуыддагæн æнæ зæгъгæ нæй.

Зынгæ ирон поэт, критик æмæ литературæиртасæг Дзуццаты Хадзы-Мурат афтæ кæй загъта: «Ирыстон Къостайæ хуыздæр никæй радта æмæ Ирыстонæн Къостайæ фылдæр ничи радта»,[2] — уый ацы зарджытæй дæр бæрæг у.

Адæймаг фесгуыхт, зæгъгæ, йæ цард йæ адæмы, йæ фыдыбæстæйы, лæгдзинады тыххæй нæ бавгъау кодта, Нафийы загъдау, «хъазуат тохы фæмард», уæд-иу ыл скодтой зарæг. Бынтон стæм хатт, æвæццæгæн, йæ удæгасæй дæр. Удæгас адæймаг ироны цæсты уадиссаг никуы ницы ахадыдта. Мард æндæр хъуыддаг у. Æгæрыстæмæй нæм «Мардæй æвзæр нæ дзурынц, хорзæй дарддæр». Æмæ йын нæ рох кодтой йæ рухс ном.

Цырыхаты Цомахъау, Плиты Иссæйау, хæрз стæмтыл скодтой дыгай, æртыгай зарджытæ. Фæлæ Къостайы ам дæр фæхъулон кодтой. Чысыл скъуыддзæгтæ, æрмæст нæм сæ кой кæмæн æрхæццæ, уыцы зарджытыл куынæ дзурæм, уæддæр ыл адæм сарæзтой цалдæр зарæджы.

«Значительное количество осетинских героических песен конца XIX и начала XX вв. посвящены любимому по-

---

[1] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. Цхинвал, 1965, 19-æм фарс.
[2] Авторты коллектив. Ныхас Къостайы тыххæй. Цхинвал, 1989, 50-æм фарс.

эту, основоположнику литературы Коста Левановичу Хетагурову. В образе Коста сочетаются все замечательные черты национального характера осетинского народа, роднящие его с героями исторических песен. Несмотря на преследования со стороны царских чиновников, на всевозможные трудности и лишения, Коста всю свою жизнь посвятил служению своему народу. Находясь всегда в центре всей жизни Осетии, он открыто боролся против несправедливостей, отстаивал права обездоленного осетинского народа».[1]

Цæмæй йыл æрмæст ирон дзыллæ нæ, фæлæ Кавказы адæм хъæбатыры зарджытæ кодтаиккой, уымæн уыдис бындур. Стæй фидар бындур.

Æрмæст «Ирон фæндыр» сфæлдисынæй дарддæр йæ къух уазал доны дæр куынæ атылдтаид, уæддæр уый цæргæцæрæнбонты зарджытæ кæныны аккаг у.

Æмæ йæ публицистикæйы, стæй йæ уырыссагау фыст поэзийы дæр æнæхъæн Кавказы æфхæрд адæмты сæрыл цы удуæлдай тох кодта!

Куыд зонæм, афтæмæй 1890-æм азы Калачы чырыстон дины гуырдзиаг хицæуттæ бауынаффæ кодтой, цæмæй Дзæуджыхъæуы ирон чызджыты скъола æхгæд æрцæуа. Йæ хæрдзтимæ йæ сæхимæ хъуамæ ахастаиккой Терчы зылды хицау инæлар Кахановы æххуысæй. Ирæттæй, — хъыгагæн нæм ахæмтæ дæр цъус нæ разыны, — дымысдæртæ чи уыди, уыдонæй мæнг фæндæттæ истой, цыма ирон адæмы чызджыты скъола нал хъуыд.

Мах нал хъуыд, фæлæ уыдон — калакæгты — хъуыди! Æхгæнгæ дæр æй æркодтой. Фæлæ Къоста иры номдзыддæр лæгтимæ сæ ныхмæ стох кодта. Уый тыххæй фæстæдæр, 1922 азы Берлины Байаты Гаппо афтæ фыста: «Хицæутты раз дзурæг æмæ хъаст ныффыссæг уыди Къоста. Хъæбæр фыст хъаст Синодмæ балæвæрдтой. Хорз дзуапп ссыди: «Скъола йæ бынаты ирæн хъуамæ баззайа...». Иры цинæн кæрон нал уыди».[2]

Фæлæ Каханов нæ ныббарста ахæм æфхæрд хъæстгæнджытæн. Къостайы Ирыстонæй ахастой фондз азы æмгъуыдмæ, адæмы змæнты, зæгъгæ.

[1] Цхурбаева К. Г. Некоторые особенности осетинской народной музыки. Дзæуджыхъæу, 1959, 22–23-æм фæрстæ.
[2] Журнал «Мах дуг», 1989, №8.

Поэт хъаст балæвæрдта Сенатмæ. Æмæ йæ кæд 1895 азы фæудмæ не ссæрибар кодтой, уæддæр йæ хъастæй инæлар Каханов æрцыд карз æфхæрд. Кавказы адæмæй æнæ тæрхонæй дзæгъæлы æфхæрд чи баййæфта, уыдон сæрибар æрцыдысты. Гаппойы ныхæстæй дзургæйæ: «Стыр намыс скодтой ацы Сенаты тæрхæттæ Къостайæн æмæ Ирæн æгас Уæрæсейы...».[1]

Уæдæ, нæ поэтыл, нæ намысы лæгыл куыннæ хъуамæ кодтаиккой иры дзыллæ кады зарджытæ! Стæй сæ цы зæрдæбынæй арæзтой! Куыд зæрдиагæй сæ зарыдысты!

Адæймаг нæ фефсæды Ногъаты Тебойы мысинæгтæ «Куыд арæзт æрцыд Къостайы зарæг» кæсынæй. Иу цау дзы у иннæмæй цымыдисондæр. Чиныгкæсæджы нал фæфæнды, йæхи сæ атона: «1900-æм азы фæззæджырдæм фембæлдтæн Дзæуджыхъæуы тменыхъæуккаг Царахаты Хъайтыхъойыл æмæ санибайаг Дзиуаты Гæвдийыл.

— Мæнæ дардмæ кæй агуырдтам, уый хæстæгмæ ссардтам! — бацин кодтой.

— Цы хабар у? — фæрсын сæ.

Мах сфæнд кодтам Хетæгкаты Къостайыл кады зарæг скæнын,— загътой мын. Æгайтма дæуыл фембæлдыстæм, ныр æй бонæддæдæр нал аргъæвдзыстæм!

Æхсызгон уыдис уыцы фæнд мæнæн дæр. Хъуыддæгтæ мæ уыдис Дзæуджыхъæуы, фæлæ сæ ныууагътон. Ацыдыстæм æртæйæ Тменыхъæумæ».[2]

Уый, 2002-æм азы рухæны (сентябры) мæйы 20-æм бон, Хъолхъайы фыдцъити æд адæм Хъæрмæдоны улæфджытимæ, киноисджытимæ кæй фæласта, уыцы Тменыхъæумæ. Цæмæй зыдтой, уæд дæр, фондзыссæдз азы размæ — 1902-æм азы, Хъолхъайы тугмондаг цъити зæххæмвæз кæй ныссæрфдзæнис хъæу æмæ Хъæрмæдон, стæй, йæ разæй цыдæриддæр аййафа, уыдон иууылдæр.

Æмæ сæ Царахаты Хъайтыхъо фæхуыдта сæхимæ. Хорз кусарт сын акодта. «Хъæуы фæсивæд хабар куы базыдтой, уæд нæм иугай-дыгай цæуын байдыдтой. Чидæртæ дзы

---

[1] Журнал «Мах дуг», 1989, №8.
[2] Журнал «Мах дуг», 1935, №3–4.

ӕрбадтысты немӕ фынгыл, иннӕтӕ лӕууыдысты уырдыг. Иу-дыууӕ гаджидауы фӕстӕ Хъайтыхъо загъта ныхас Хетӕгкаты Къостайы цӕрӕнбоны тыххӕй. Рӕгъ куы ахицӕн, уӕд бавнӕлдтам мотив хъуыды кӕнынмӕ. Алчидӕр хъуыды кодта, ӕмӕ-иу йӕ мотив сындӕг азарыдис. Ӕз-иу скрипкӕйӕ афӕлтӕрӕн кодтон, ӕппынфӕстаг, иу мотивырдӕм адӕм тынгдӕр здӕхын байдыдтой. Иу ӕй базары, иннӕтӕ хъырнынц. Ӕз дӕр ӕй хӕссын скрипкӕйӕ. Афтӕмӕй мотив фидар кӕнын куы байдыдта, уӕд бавнӕлдтам дзырдтӕ хъуыды кӕнынмӕ».[1]

Тебойы мысинӕгтӕ ӕвӕджиауы зынаргъ сты, Къостайыл зарӕг куыд арӕзтой, уый тыххӕй. Фӕлӕ ма афтӕ зынаргъ сты, нӕ фыдӕлтӕ-иу нӕ хъайтартыл зарджытӕ куыд скодтой, стӕй-иу ӕй адӕмы ‘хсӕн куыд ахӕлиу кодтой, уый базонынӕн.

Цымыдисон у, Къостайы зарӕгӕн йӕ мотив куы ‘рцахстой, дзырдтӕ хъуыды кӕнынмӕ куы бавнӕлдтой, уӕд сӕ Хъайтыхъо куыд ӕрурӕдта: «Ӕгӕр тагъд ма кӕнӕм хъуыддагыл. Зарӕджы здӕхт ӕнӕаипп хорз куыд рауайа, йӕ дзырдтӕ фаг рӕвдз куыд уой, уый тыххӕй ма хъуамӕ ӕххуысгӕнӕгмӕ фӕдзурӕм.

Уыцы фӕндон ӕппӕтмӕ дӕр хорз фӕкаст.

Дӕргъӕвсы цӕры Токатӕй Бига, — загъта дарддӕр Хъайтыхъо. Иттӕг дӕсны у зарынмӕ ӕмӕ зарӕг кӕнынмӕ. Арвитӕм ӕм ныртӕккӕ, тагъд нӕм куыд фӕзына, афтӕ».[2]

Куыд ӕмбаргӕ у уый? Къоста йӕхӕдӕг аив дзырды дӕсны кӕй уыдис, зарӕгӕн «йӕ дзырдтӕ фаг рӕвдз» уымӕн хъуамӕ уыдаиккой, ӕви алы зарӕгмӕ дӕр афтӕ лӕмбынӕг кастысты?

Ӕвӕццӕгӕн дзы иу дӕр уыдис ӕмӕ иннӕ дӕр.

Къаддӕр цымыдисон нӕу, зарӕг куы сцӕттӕ иукъорд боны фӕстӕ, фӕсивӕд ӕй хорз куы базыдтой ӕмӕ хистӕртӕ афтӕ куы загътой, зӕгъгӕ «йӕ иннӕ хъӕутӕм дӕр хӕссын фӕраздзысты», уӕд сӕхӕдӕг цыппарӕй — Хъайтыхъо, Гӕвди, Бига ӕмӕ Тебо Ирыстоны зынгӕ хъӕутыл куыд зылдысты, зарӕг сын куыд амыдтой, уыцы хъуыддаг.

---

[1] Журнал «Мах дуг», 1935, №3–4.
[2] Уый дӕр уым.

Ноджы диссагдæр та, адæм сыл куыд æмбæлдысты, уый уыд. Дæргъæвсæй, Бигайы хæдзарæй Быдыры Хъахъхъæдурмæ куы араст сты, Дыгуры Иласмæ куы ‘рфысым кодтой, уый тыххæй Тебойæн йæхимæ байхъусæм: «Рацыди нæ размæ бæрзонд, хæрзконд лæг, халас зачъе риу æмбæрзта æгасæй дæр. Хъуыддаг куы базыдта, уæд йæ цинæн кæрон нал уыдис. Йæ цæсгом хурау ныррухс, афтæмæй фæхъæр кодта:

– Гъе, уæ рынтæ уын бахæрон, уыцы хорз хъуыддаг чи кæны! Уæ цæрæнбонтæ мын бирæ ‘рбауой!

Аргæвста гал. Æрхуыдта зынгæдæр хъæуккæгты, фæдзырдта фæсивæдмæ. Фæзарыдыстæм æгас изæр. Дыккаг бон хабар айхъуыстис æгас хъæуыл, æмæ адæм æмбырд кæнын байдыдтой Иласы хæдзармæ. Хæдзары нæ, фæлæ кæрты дæр нал цыдысты адæм. Сфæнд кодтам уынгмæ рацæуын. Уынджы иуæрдæм дæр, иннæрдæм дæр ацæуæн нал уыд, афтæ байдзаг адæмæй. Бирæ фæзарыдыстæм уым. Мæнæн мæ къух бафæллад скрипкæйæ цæгъдынæй».[1]

Афтæ сæ айстой Пысылмонхъæуы (Ногхъæуы), Бирæгъзæнджы, Бызы, Уыналы. Фæлæ сæ не ‘рхъуыды кодтой Æрыдоны, Хоранты Созырыхъо уым кæй цард, зарæджы та уый тыххæй æфхæрæн ныхæстæ кæй уыд, æмæ дзы иутæ æфсæрмы кæй кодтой, иннæтæ бафхæрынæй сæхи кæй хызтой, уый охыл. Æхцамæ, базар кæнынмæ здæхт Салыгæрдæны дæр сæм «тынг уазал цæстæй ракастысты». Хоранты Созырыхъо æмæ Салыгæрдæны пъырыстыф Хъараты Доттийы дзырдхæссæг, уыналаг Цæллагты Бимболат та сæ пъырыстыфмæ банымыгъта. Æрцахста сæ пъырыстыф. Дзырд сæ айста, уыцы «хъарджытæ» (пъырыстыф дæр сæ хъарджытæ схуыдта) кæй ныууадздзысты, сæхуыдтæг дæр «дзæгъæлы» кæй нал сафдзысты сæ рæстæг, «иннæ адæмы дæр сæ хъуыддæгтæй» кæй нал цух кæндзысты.

Фæлæ сын Тмены, Дæргъæвсы, Быдыры Хъахъхъæдуры, Пысылмонхъæуы, Бирæгъзæнджы, Бызы, Уыналы ахæм стыр кад уый тыххæй не скодтой, галтæ сын уый тыххæй нæ фергæвстой, æмæ Æрыдон кæнæ Салыгæрдæны бæрц не ‘мбæрстой, йе, уæдмæ уымæй хуыздæр зарæг никуы

---

[1] Газет «Северная Осетия», 2002, сыфтæры мæйы 25-æм бон.

фехъуыстой. Уый сæ нæ монон фæтæг Къостайы уарзт иста бæрзонд. Сæ зæрдæтæ уый цинæй уыдысты йедзаг, уый сæ æфтыдта лæггад кæныныл.

Диссаг дæр уыдаид, зарæджы Хораны фырты кой куынæ скодтаиккой, уæддæр, поэт æлгъгæнгæ кæмæ кастис, уыцы пъагонджынтæ, æхцайылмæрдтæ, дыдзæсгом нымудзджытæ йын куы цин кодтаиккой йæ зарæгыл.

Цин ыл кодтой æмæ кæнынц, йæхиау сыгъдæгзæрдæйæ чи райгуырди, Ирыстон æгæрон зынаргъ кæмæн уыд æмæ у, уыцы адæм. Абонмæ дæр сæ уыдон æрхæеццæ кодтой.

Æмæ ма ноджы иу цымыдисон хабар Къостайыл фыццаг зарæг скæнджыты тыххæй.

Поэтæн Дзæуджыхъæуы сахары Бутырины уынджы цы хæдзар-музей ис, уым уыд, Къостайыл фыццаг зарæг чи скодта, уыдоны ныв. Ногъаты Тебо кæмæй зæгъы, Дзæуджыхъæуы нын Дзанайты-Хетæгкаты Садуллæ нæ къам систа, зæгъгæ, уый.

Къамы зарæггæнджыты нымæц, стæй йæ композици нæ фæцыдысты æвзæнгты сфæлдыстадон агурæг-иртасæн къорд «Дæргъæвс»-ы уæнг Базойты Аланы зæрдæмæ: «Если учесть, когда это было снято, на групповой фотографии с такого рода должно было бы быть 3 или 5 человек, но никак не четыре. С четными числами осетины связывают нерадостные события. Такой опытный фотограф, как знаменитый Садулла Джанаев-Хетагуров, не мог не знать этого. Да и композиция снимка явно неудачная: тот, что слева, как бы отстает от трех остальных, между ними пустое пространство...».[1]

Куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы «пустое пространствойы» та уыдис фæндзæм зарæггæнæг Зæронд Бæтæхъойæ Бигъаты Сослæнбег. Къам æнæхъæнæй разынд алагираг Царахаты Хъайтыхъойы чызг Софьямæ. Уый куыд зæгъы, афтæмæй «... зло успело совершить свое неправое дело: Сосланбек Бигаев был объявлен врагом народа, расстрелян, а из фотографии создателей первой песни о великом Къоста изъято его изображение».[2]

[1] Газет «Северная Осетия», 2002, сыфтæры мæйы 25-æм бон.
[2] Уый дæр уым.

Йæ кой не скодта Ногъаты Тебо йæ уац «Куыд арæзт æрцыд Къостайы зарæг», зæгъгæ, уым. «Адæмы знæгты» нæмттыл дуртæ ныффæлдæхтой, се сфæлдахыны бар нæ уыд, æмæ мæлæты тас тыхджын у.

Æнæуи та, адæм Къостайыл цы зарджытæ скодтой, уыдон дих кæнынц сæ раст æмбисыл. «Къостайы зарæг» («Тмены хъæуы, зæгъы, Додтайы барæг...» Цæмæй зарджытæ ма хæццæ кæнæм, уый тыххæй иннæтæн дæр дыкъæдзыгты нысан кæндзыстæм сæ райдайæнтæ) æмæ «Хетæгкаты Къостайы зарæг» («Тох, хъæбатыр Къоста») цыма поэтыл йæ удæгасæй скодтой. Сæ текстты афтæ зыны. Дыккаг къорды зарджытæ «Къостайы зарæг» («Гъей, гъей, Арвы комы, дам...») æмæ «Къостайы зарæг» («Хосдзауæн йæ цæсты раз йæ дарæг ныккæрдæм...») та, цыма Къостайы мæлæты фæстæ æрцыдысты арæзт, афтæ зыны. Зарджытæй иу, – «Хетæгкаты Къостайы зарæг», – («Уæлæ Гæналы сын, зæгъы...») ахæссæн ис фыццаг къордмæ дæр æмæ дыккаг къордмæ дæр; фæлæ фыццаг къорды зарджытырдæм тынгдæр уæз кæны.

Поэт кæд ивгъуыд афоны зæгъы:

*– Ма сæ байрайат уæ хъулон пъагæттæй,*
*Уыдонмæ бæлгæйæ мын мæ рухс дуне*
*Баталынг кодтат.*
*Уæртæ Санибайы мæгуыры куырдæдзтæ.*
*Гъей-джиди! Уæд та ма куы бакодтаин*
*мæ Иры хъуыддæгтæ!*[1] –

уæддæр нæ уый гуырысхойы хъуамæ ма æппара: адæймагыл йæ урс дуне, хъыгагæн, бирæ хæттыты йæ удæгасæй нытталынг вæййы. Уæдæ, адæймаг бæлгæ, кæд ын фылдæр хатт ахастон нысаниуæг вæййы, уæддæр бæлгæ удæгасæй фæкæны. Къостайæн дæр йæ тых куы басаст хæдхæцæг паддзахы урæд лæгты ныхмæ тохæй, уæд иу æмæ дыууæ хатты кæй нæ бабæллыдаид: «Гъей-джиди! Уæд та ма куы бакодтаин мæ Иры хъуыддæгтæ!» – уый гуырысхойаг нæу.

---

[1] Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1961, 548-æм фарс.

Дыккаг къорды зарджытæ, ома, Къостайыл йæ амæлæты фæстæ цы зарджытæ скодтой, уыдоны комкоммæ дзырдæуы, поэт удæгас кæй нал у:

*Гъей, гъей, Къоста, дам, бадзуры,*
*Гъей, гъей, æз адæмы сæрыл*
*Мæлæт ыссардтон, гъей.*

Кæнæ:

*Хосдзаугæн йæ цæсты раз йæ дарæг ныккæрдæм.*
*Гъæйтт-мардзæ, Къостайæн йæ цырты раз йæ зарæг ныккæнæм.*

. . . . . . . . . . . . . .
*Тох дын ныккæнæм, Къоста,*
*Рох дæ нæ кæнæм, Къоста.*[1]

Ирон лæг, удæгас адæймаг цыфæнды зæд куы феста, уæддæр уый тыххæй стыр дзырдтыл æлгъин у. Æгæрыстæмæй, Къоста кæд нæ сæрхъызой у, кæд æй бирæ уарзæм, уæддæр уыдис æрмæстдæр: «Хетæджы фырт Къоста», «хъæбатыр Къоста», «Ирыстоны цытджын фырт», «хæххон фæллойгæнæг».

Æцæг, йæ «гæххætт, зæгъы, арвау нæры», йæ «хохы æмгæрттæ» йын рахæссынц йæ «номы тырыса», йæ «тохы зарæг тыхджын хъæбатырæй» йæ «хорз фæндыр ысцагъта»... Фæлæ уыдон иууылдæр сты зæххон, мæлинаг адæймаджы хъуыддæгтæ. Нæ поэт кæд хъæбатыр у, кæд Ирыстоны цытджын фырт у, йæ гæххætt кæд арвау нæры æмæ йын йæ хохы æмгæрттæ йæ номы тырыса рахæссынц, уæддæр æй йæ адæмæй, йæ раттæг зæххæй нæ хицæн кæнынц. Зæххон адæймаг у æмæ зæххон цардæй цæры.

Адæймаг удæгас куынæуал вæййы, не 'хсæнæй куы атæхы, уæд разынынц йе стыр хъуыддæгтæ.

Куыд акæнынц – хох дардмæ хуыздæр зыны. Уæлдайдæр, «нæ маст йæ тæвдыл куы вæййы», уæд.

Дыккаг къорды зарджыты фæзынд уыцы миниуæг: «Къоста, дам, бадзуры, Гъей, гъей, æз адæмы сæрыл Мæлæт

[1] Ирон адæмон сфæлдыстад 2 т. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1961, 548-æм фарс.

ыссардтон»; йæхæдæг домы «Иры тырыса» рахæссын; «сæрибарыл тох саразæ»; «Арвыкомæй Гуырдзыстонмæ Къоста кусæг адæмы ракодта йæхи стъолмæ»...

Уыдон дæр, зæххон адæймаг кæмæй фидауы, ахæм хъуыддæгтæ сты. Уæларвонæй, бынтон тæвд тугæй загъд дзы уадиссаг ницы ис. Бадт, сабыр зонд æмæ зæрдæйæ ратагъдисты.

Амæлæгыл зæрдæйы судзæгтæ куы нæма æрысысынц, уæд, хъуыды куыд фæцæвæнтæ кæны, уый хуыздæр разынд «Хайыры хъарæг Къостайыл»-ы:

*Уæ, Къоста, мæгуырæй нæ фæуагътай*
*Нарыхъæуы сау къæдзæхыл.*
*Саусæй баззадыстæм дыууæ хойæ.*
*Нæ хъал бонтæ мæгуыры бонтæй раивтам,*
*Уæ, нæ саутæ кæрæдзимæ сау ауæттæ фæдардтой.*
*Дæдæй, додой, Къоста,*
*Ныр мах дыууæ хойæ Нарыхъæуы уæлмæрдты*
*Сындзæй халагъуд ыскæндзыстæм.*
*Цæмæй тарстыстæм, уый нæ куыд баййæфта,*
*Боны калд æмæ дæ боны мæгуырæй*
*Нары къæдзæхыл нæхи хойгæ баззадыстæм.*
*Дæдæй, додой, Къоста,*
*Нæ чындзæхсæв стыр хистæй раивтам,*
*Нæ бынырæхыс нæ къухмæ райстам,*
*Мах хур æмæ мæйы фæстæ дзыназгæ баззадыстæм.*[1]

Куыннæ додой кодтаиккой, Къостайæн Лабæйы йæ «иунæг зынг тæригъæддаджы хуыст куыд акодта», йæ дыууæ хойы «хуруæзæгыл кæугæ æмæ ниугæйæ» баззадысты. Сæ «тæригъæдæй Нарыхъæуы маргътæхæг дæр нал баззади», «бæрзонд хæхтæм фæтахтысты», чи ма сæм «баззади маргъæй», уыдон та «Бæрзонд бæлæсты сæрыл бабадтысты æмæ сæ базырты бын сæ сæртæ бамбæхстой», — ахæм Стыр Мард уыд Къостайы мард.

Фæлæ сæ кæцы «чындзæхсæв стыр хистæй» раивтой? Кæцы «хур æмæ мæйы фæстæ дзыназгæйæ» баззадысты? Хур Къоста у, фæлæ хъарæггæнæг кæй хоны мæй та?

---

[1] Журнал «Мах дуг», 1989, №10.

Рыст зæрдæйы уыцы утæхсæн фæстæдæр фергом вæййы хъарæджы:

*Дæ разæй Хуырымты диссаджы чызг*
*Куы афардæг æнусон сау мæрмæ йæ сæрыхъуын тонгæ:*
*Акæсут-ма, Къоста нæма æрбацæуы,*
*Тæхуды-тæхудиаг, йæ фæстæ кæсынæй куы бафсæстаин,*
*Æмæ йын йæ дæлфæдты къуыдыр куы фестадаин,*
*Хетæгкатæн чындзы митæй куы бафæлладаин,*
*Уæд абон сау мæрмæ зивæг нæ кæнин.*
*Ныр-иу, Къоста, мæрдтыбæсты счындзæхсæв кæнут.*

Уый Хуырымты Леляйæ зæгъы.

Куыд зонæм, афтæмæй 1902-æм азы Къоста нысан радта йæ хæлæр Хуырымты Йорамы чызг Лелямæ. Лæмбынæгдæрма æркæсæм, чызгæй йе 'фсымæр Владимир куыд зæгъы, уымæ: «...всеобщая любимица семьи, по рассказам старших, девушка кроткая, женственная, работящая, завоевавшая даже любовь и уважение своей мачехи, моей матери. Леля родилась в 1880 году. В год сватовства поэта ей исполнилось 22 года. Узнав от отца о предложении, она согласилась на брак с Коста.

Отец поначалу возражал, доказывая, что он не против брака, но беспокоится за их будущее: ведь Леля болела туберкулезом. Не богатырским здоровьем, как известно, обладал и Коста.

И судьбе было угодно, чтобы правым оказался Йорам».[1]

Куыддæр нысан радта, афтæ поэт тагъд кодта йæ хæдзары арæзтадыл. Йæхи цæттæ кодта чындзæхсæвмæ, фæлæ цыбыр рæстæгмæ æрхаудта. Фæцис уæззау рынчын.

Леля дæр нал фервæзт йæ низæй. Фæзиан 1904-æм азы, амондмæ бæлгæ. Хъарæггæнæг уымæн зæгъы: «Ныр-иу, Къоста, мæрдты бæсты счындзæхсæв кæнут».

Хъарæггæнæгæй нæ ферох, Къостайы мæрдтыбæсты дæр æнæ мад-фыд сабитæй чи йæ фыд кæй хондзæн, чи йæ фыды æфсымæр, уый. Мæрдтыбæсты дæр нæ адæмы сæрхъызойæн æрулæфт нæ уыдзæнис. Фæлæ уæддæр фæстæмæ йæ «зæрдæ æхсайгæ кæндзæн».

---

[1] Кусов Генрий. Вокруг Коста. Владикавказ, 1979, 169-æм фарс.

Къоста йæ ирон адæмæн ныртæккæ дæр Хур у. Фæлæ «Хайыры хъарæг Къостайыл»-ы уыцы пафос адæмон зарджыты нæ зыны. Уый дзурæг у – Къостайы амæлæты рис йæ тæккæ дудагыл куы уыд, зарджытæ уæд кæй нæ райгуырдысты. Хъарæджы поэты идеализаци кæнын уымæн тыхджындæр у. Кæнæ зарджытæ рæстæгыл фыст не 'рцыдысты, æмæ рæстæджы цыдимæ фæивтой.

Æвзæры æндæр фарст дæр: Ногъаты Тебо йæ мысинæгтæ «Куыд арæзт æрцыди Къостайы зарæг», Байаты Гаппо йæ уац «Хетæгкаты Къоста» æмæ Къосирати Сæрмæт йæ уац «Хетæгкаты Къоста»-йы[1] поэты тыххæй цы адæмон зарджыты кой кæнынц, уыдон кæм сты?

Ногъаты Тебо йæ мысинæгтæ афтæ фæуд кæны: «Къостайы зарæгæн йæ ныхæстæ арæзт уыдысты йæ фыстытæм гæсгæ æмæ мах æрымысгæ дзырдтæй. Хорз уыдаид, бæргæ, ацы ран зарджыты ныхæстæй исты мыхуыргонд куы 'рцыдаид, фæлæ дзы мæ зæрдыл цыдæр гæбæзты йеддæмæ ницыуал лæууы».

Гъæй-йæй-йæй, уыцы «цыдæр гæбæзты» скъуыддзæгтæ нæ уæддæр куы фæуыдаиккой! Фæлæ нæ цы фæхъæуы, уый фылдæр хатт нал фефты къухы. Къостайыл цы адæмон зарджытæ зонæм, уыдонæй ахæм дзырдтыл амад ничи у.

Байаты Гаппо Къостайæ сæрыстырæй зæгъы: «Бабуц нæ мæгуыр Иры фыдцардæй æфхæрд зæрдæ. Сæ сæр систой æгас дзыллæ. Ныфсхастдæр фесты сæ разæйцог лæгтæ.

Уыцы рæстæджы Куырттаты хохы цæхæрцæст, дзыхифтонг фæсивæд Къостайы номыл тохы зарæг рауагътой. Зарæгæн йæ райдиан уыдис:

*Кавказы хицæуттæ нырризыдысты...*  
*Нары айнæджы бæрзæндтæй*  
*Ратахт домбай базырджын цæргæс!*  
*Уыцы цæргæс у, Иры лæппутæ,*  
*нæ хохы буц фырт Къоста!»*

Фæлæ зарджыты уыцы рæнхъытæ, Къостайыл цы зарджытæ зонæм, уыдоны никуы зынынц.

Къосирати Сæрмæт дæр йæ уацæн эпиграфæн æрхаста,

---

[1] Журнал «Мах дуг», 1989, №8.

йæхæдæг куыд зæгъы» – «Хетæгкаты Къостайыл конд зарæгæй»:

*Ирмæ алы ран, –*
*Хæрд уа, нозт уа,*
*Зæлланг кæндзæн*
*Дæ ном «Къоста».*

Фæлæ кæм ис «Хетæгкаты Къостайыл конд» ацы зарæг?

Афтæ у, Къостайыл конд зарджытæй Тлаттаты Ембек кæй кой кæны, уый хъысмæт дæр: «Цас бирæ уарзтой адæм Къостайы, цас ахадыд адæмы цæсты æмæ дзы цæйбæрц ныфс æвæрдтой сæхицæн Къостайæ, уый бæрæг кæны, фæстаг хатт нæм куы æрцыд (Лабæмæ – *Хъ.М.*), уæд ыл цы кады зарæг скодтой, уымæй. Фæсивæд алы ран стыр цинимæ зарыдысты:

*Уæй, уæрæйдæ, махæн Къоста куы æрцыди,*
*Мах Хуыцауæй дæр нал тæрсæм!*
*Уæй, уæрæйдæ, махæн Къоста куы æрцыди,*
*Мах пъырыстыфæй дæр нал тæрсæм!*
*Уæй, уæрæйдæ, махæн Къоста куы æрцыди,*
*Мах хъæуыхицауæй дæр нал тæрсæм!..*[1]

Ау, XIX æнусы, XX æнусы райдианы ирон фольклор æмбырдгæнджытæй рохуаты куыд аззадысты нæ сæрхъызой, нæ адæмы Хурыл конд зарджытæ, куыд нæ сæ ныффыстой? Æви кæмдæр «скъуыддзæгтæй» лæууынц, æнхъæлмæ кæсынц сæ мыхуыргæнæгмæ?

Ногъаты Тебойы мысинæгтыл хъуыдыгæнгæйæ, цыма «Къостайы зарæг» («Тмены хъæуы, зæгъы, Додтайы барæг...») æмæ «Хетæкаты Къостайы зарæг» («Уæлæ Гæналы сын, зæгъ...») иу зарæджы скъуыддзæгтæ сты. Зарæггæнджытæй зарæджы рæнхъытæ рох кодтой, æмæ йæ алчи йæхирдыгонау арæзта. Ахаудтой дзы Къостайæн йæхи ныхæстæ – цитатæтæ зын хъуыдыгæнæн сты. Фæлæ сæ баззадысты Тменыхъæу дæр, Куырттаты ком дæр, Гæналы, Санибайы, Хоранты Созырыхъойы кæйттæ дæр.

---

[1] Кæс чиныг: Коста в жизни. Цхинвал, 1989, 311–312-æм фæрстæ.

Уæд, чи зоны, зарæг уыдаид афтæ:

*Тменыхъæуы, зæгъы, Додтайы барæг,*
*Цæй, ныккæнæм Хетæджы фырт Къостайы зарæг!*
*Цæрай æмæ бирæ фæцæрай,*
*Хетæджы фырт Къоста!*

*Ацы азы кæрдæг калмау хæры.*
*Къостайы гæххæтт, зæгъы, арвау нæры.*
*Цæрай æмæ бирæ фæцæрай,*
*Хетæджы фырт Къоста!*

*Уæлæ Гæналы сын, зæгъы, цæргæсы кæсгон.*
*Хоранты Созырыхъо, фæхæссай адæмы*
*астæу хæрæджы цæсгом.*
*Цæрай æмæ бирæ фæцæрай,*
*Хетæджы фырт Къоста!*

*Къоста бадзуры: «Ма сæ байрайат уæ хъулон*
*пъагæттæй,*
*Уыдонмæ бæлгæйæ мын мæ рухс дуне*
*баталынг кодтат».*
*Цæрай æмæ бирæ фæцæрай,*
*Хетæджы фырт Къоста!*

*Уæртæ Санибайы – мæгуыры куырдæдзтæ.*
*Гъей-джиди! Уæд та ма куы бакодтаин мæ*
*Иры хъуыддæгтæ!*
*Цæрай æмæ бирæ фæцæрай,*
*Хетæджы фырт Къоста!*

*Куырдтаты комы – бæлоны гуысыра.*
*Рахæссынц мын мæ хохы æмгæрттæ*
*мæ номы тырыса.*
*Цæрай æмæ бирæ фæцæрай,*
*Хетæджы фырт Къоста!*

Фæлæ уый «чи зоны» у. Стæй, кæд «Куырдтаты хохы цæхæрцæст, дзыхифтонг фæсивæды» зарæг афтæ уыдаид,

уæд, Гаппо цы строфайы кой кæны, уый та цы фæцис? Ау, йæ уацы Къостайы райгуырæн аз, стæй Чендзейы мыггаг Туаты бæсты Хетæгкатæй куыд хоны, афтæ йын зарæг дæр хæццæ фæуыдаид?

Уыдæттæ нырма раиртасинаг сты.

Ныр та уал нæ бон зæгъын у: Къостайы тыххæй цы адæмон зарджытæ зонæм, уыдонæй, йæ амæлæты судзаг рæстæджы конд у, зæгъгæ, ахæм фæд никæуыл зыны.

Уыцы фæд – зæххон адæймагæй бæрзонд, уæларвон уд аразын, разынд стыр зианы стыр рисыл фыст æмдзæвгæты – поэтты æмдзæвгæты.

Фæлæ уал уый размæ æркæсæм, Къостайы фæлгонц йæ удæгасæй цы ирон поэттæ ныв кодтой, уыдон уацмыстæм.

## Дыккаг сæр

# «ДЫ ДÆ МИТÆЙ РÆСУГЪД ДÆ...»

Ирыстоны кад æмæ намыс, Ирыстоны айдæн æмæ цæсгом Хетæгкаты Къостайæ, йе сфæлдыстад зонадон æгъдауæй фыццаг иртасæг, Гæдиаты Цомахъ зæгъы: «... уый у ирон литературæйы æмæ Ирыстоны æхсæнадон царды мидæг æппæтæй стырдæр стъалы»[1]. Фæстæдæр æй Абайты Васо схуыдта ирон адæмы Хур, «... нæ адæмы æппæты хуыздæр фырт...».[2]

Уый хуымæтæджы нæу. Стыр уырыссаг поэт Илья Сельвинскийы дзырдтæй дзургæйæ: «...Чернышевский æмæ Добролюбовы философи, Лермонтов æмæ Некрасовы поэзи, Крамскойы æмæ Репины ныв кæныны аивад, Чайковскийы музыкæ, иудзырдæй, уырыссаг культурæ сæрыстыр цæмæйдæриддæр уыдис æмæ у — се ‘ппæт дæр баиу сты æмæ бахсыстысты Хетæгкаты Къостайы туджы.

...Уымæй бирæ фæстæдæр Маяковскийæн уырыссаг поэзийы цы стыр куыстытæ бантысти, Къоста йæ рæстæджы уыдон ныфсджынæй бакодта ирон литературæйы; классикон поэзийы фæлтæрддзинадыл æнцой кæнгæйæ, Къоста йæ къух систа, æвзаг «джиппуагъдмæ» чи здæхта, уыцы надсонаг традицитыл, йæ размæйы иуæй-иу поэтты ритмтæ æмæ аивадон мадзæлттыл æмæ ныфсджынæй æрæвнæлдта ног, революцион поэзийы галуанæн бындур æвæрынмæ. Уыцы поэзийæ зæлланг кæны дуджы хъæлæс, уыцы поэзи дзуры адæмы æвзагæй, адæймаджы удыгъæды цардæгас

---

[1] Гæдиаты Цомахъ. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1959, 437-æм фарс.

[2] Авторты коллектив. Мятежная лира горца. Дзæуджыхъæу, 1981, 109-æм фарс.

мадзæлттæй. Ныронджы «поэзи» уымæ зынгæ дæр нал кæны. Уый тырны йæ хъуыдытæ æмæ йе 'нкъарæнтæ адæмы тæрхонмæ тыхджынæй æмæ рæстагæй рахæссынмæ, — зæгъы поэт поэтæй. — ...Афтæ кодтой Лермонтов, Пушкин, Некрасов, Маяковский. Афтæ кодта Къоста».[1]

Æмæ ирон адæмы Хуры уыцы стыр миниуджытæ æрнымайын фагыл нæ банымадта И. Сельвинскийы хуызæн стыр поэт. Уымæн æмæ йын зоны йæ тых. Къостайы аивады тых. Уымæн зæгъы: «...Хивæнддзинад æмæ зæрдæйы æнкъарæнты мидхъуырдухæн равдисынмæ, уыдон кæрæдзийыл абарынмæ æз Къостайæ дæсныдæр, Къостайæ дзырдарæхстдæрыл никуы сæмбæлдтæн. Уыцы мидæнкъарæнтæ Къоста куыд поэтикон, зæрдæагайгæйæ æмæ тыхджынæй равдыста, афтæ никæмæнма бантыст. Æмæ дзы адæймаг кæйонгты раргом, кæйонгты! Нæ æрдхæрæны ирон поэты цард æмæ сфæлдыстадæй нæм уыцы абарæнтæ йеддæмæ куы ницы баззадаид, уæддæр нын æрмæст уыдон дæр фаг уаиккой Къостайы тыххæй алцыдæр зонынæн!

«Зæрдæйау хивæнд» — уый амоны фæстаг улæфты, фæстаг туджы æртахы онг дæр тырысайыл иузæрдион уæвын. Ахæм уыдис Хетæгкаты Къоста».

«Ахæм» чи вæййы, уый хæдзар дæр нæ хъæуы æмæ дуар дæр. Уый йæ адæмы зæрдæйы фæцæры. Къоста цард æмæ цæры ирон адæмы зæрдæты. Йæ фарн, йæ хъуыдытæ сты нæ уды, нæ туджы змæлды. Адæмы фылдæр хай кæсын æмæ фыссын куы нæма зыдтой, уæддæр нæм алы хохы цъасмæ дæр хъуыст йæ хъæлæс. Разæнгард нæ кодта цæрынмæ, растдзинад уарзынмæ. Нæ адæмы уды хъизæмар кæй ныххауд йæ риуы, удæнцой йын кæй нæ лæвæрдта, æппынæдзух йе скуынæг кæныныл лæуд кæй уыдис, адæмы сæрвæлтау йæ уд нывондæн кæй хаста, уый тыххæй басастой нæ адæм сæ рагон традици — удæгасæй йыл хъæбатыры зарджытæ уымæн кодтой.

Уый — адæм.

Æмæ адæмы зæрдæ йæ курдиат, йæ тох, йæ лæджыгъæдæй афтæ кæм нырризын кодта, уым ыл йе 'мрæстæгон

---

[1] Авторты коллектив. Ныхас Къостайы тыххæй. Цхинвал, 1989, 155—156-æм фæрстæ.

поэтты музæтæ, Нигеры загъдау, «домбай аргъæутты хъæбатыры» фендæй куыннæ хъуамæ барызтаикко́й!

Æниу нæм цал поэты уыд – иу къухы æнгуылдзтæ се ‘рнымайынæн уæлдай уыдисты: Гæдиаты Секъа, Гуырдзыбеты Бласка, Къубалты Алыксандр... Мамсыраты Темырболаты зарджытæ-хъарджытæ Турчы бæстæйæ ардæм нæ хъуыстысты. Йæ «Сагъæстæ», æнæидон æфсургъау, æнæ барæгæй, къахындзæггæнгæ, æрхæццæ, фæлæ кæй уыд, уый ничи зыдта. Аслæмырзæйы цалдæр æмдзæвгæйы дæр бонығъæдаразæг нæ уыдисты. Хъаныхъуаты Инал æмæ Цæголты Георги уырыссагау фыстой.

Уæддæр адæм хуымæтæджы нæ акæнынц: «Хур тавгæ дардмæ кæны». Нæ Генийы фарсмæ чи уыдис, уыдонæй Темырболаты зæрдæ дард Турчы бæстæйы раздæр нырризын кодта. Йæхæдæг – удæгас легендæ. Нæ сæртæ йæ рæсугъд аивад, йæ хъизæмæрттæ бавзарæг уд æмæ лæджыгъæды раз къул кæнæм, уый та Къостайы раз йæхимæ нал зыны, æрмæст ма ууыл дис кæны:

*Ды дæ митæй рæсугъд дæ,*
*Ноджы ма уындæй хайджын дæ.*
*Дæ зонд æмæ де ‘гъдауæй*
*Ды мæ цæсты кадджын дæ.*[1]

(«Кæмæдæр»)

Исчи æнæмæнг бафиппайдзæнис – æмдзæвгæйы Къостайы кой куынæ ис; йæ ном дæр афтæ куы у: «Кæмæдæр».

Раст у. Уацмысыл Къостайы ном фыст нæй. 1965 азы (Темырболаты æмдзæвгæ – фыццаг ирон профессионалон æмдзæвгæ «Сагъæстæ» ныффыссыныл 100 азмæ), поэты уацмысты фыццаг чиныг Джусойты Нафи куы бацæттæ кодта æмæ мыхуыры куы рауагъта, уæд уый дæр разныхасы гуызавæгæнгæ зæгъы: «...æмæ мæм афтæ кæсы, цыма ацы æмдзæвгæ Темырболат Къостайы тыххæй фыста».[2]

[1] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. Цхинвал, 1965, 44-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, 14-æм фарс.

Поэты сфæлдыстад иртасæджы хъуыды æмдзæвгæйы тыххæй чиныджы фиппаинæгты фæирддæр – «Цымыдисаг у: кæмæ дзуры поэт йе 'мдзæвгæйы? Туркаг ирон нæ уыдаид, уæд æй Темырболат зыдтаид æнæмæнг. Уый та йæ адресатæй афтæ зæгъы:

*Æз дын дæхи нæ зонын,*
*Дæ коймæ дын аргъ кæнын.*

Кæд, мыййаг, уыцы койтæ Ирыстонæй цыдысты Темырболатмæ? «Бæстæй скъуыд, æфхæрд лæг» æнæмæнг цымыдис уыдаид цыфæнды «коймæ» дæр Ирыстонæй. Æмæ йæм уæд кæй хорзы кой ныхъхъуыстаид? Чи уыдаид ахæм койы аккаг, Темырболат афтæ кæмæй загътаид: «Æгадæй цæрыны бæсты стыр зынтæ кæныс», «Дæ цардæй балхæдтай дæ мулк, дæ намыс?» Æмæ ноджы «Дæ зонд æмæ де 'гъдауæй ды мæ цæсты кадджын дæ», «Дæ митæй рæсугъд дæ, Ноджы ма уындæй хайджын дæ!»

Нафи фæрсы дызæрдыггæнгæ: «Кæд, мыййаг, Къостайы кой фехъуыста Анатолимæ йæ уарзон Ирыстонæй Темырболат? Кæд æм, мыййаг, Къостайы къам, Санаты нывисæджы конд, фæхæццæ?»[1]

Ахуыргонды зæрдыл æрлæууыд, 1926-æм азы фыццаг ирон профессор Æлборты Барысби поэты æмдзæвгæтимæ цы куыст ныммыхуыр кодта – «Фыццаг ирон поэт Мамсыраты Темырболат», зæгъгæ, уый. «Темырболаты тыххæй зонæнтæ Æлборы-фырт уымæй (Санаты нывисæгæй – *Хъ.М.*) куы 'мбырд кодта дыууиссæдз азы размæ, æвæццæгæн, исты хуызы баст уыд Турчы цæрæг ирон адæмимæ. Æмæ уæд диссаг нæу, Къостайы къам æмæ йæ кой кæй фæхæццæ сты Темырболатмæ, уый».

Нафи йæхæдæг куыд загъта, афтæмæй йын уыдæттæ хъуыды кæнынæн ницы документалон бындур уыд. Йæ хъуыдытæ ранывæста, фарст æм цымыдисон кæй кæсы, уый тыххæй.

Кæй зæгъын æй хъæуы, цымыдисон у.

Къаддæр цымыдисон нæу, 1907-æм азы журнал «Зонд»-ы

---

[1] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. Цхинвал, 1965, 44-æм фарс.

2-аг номыры Дзусаты Бола цы уац ныммыхуыр кодта: «Ирон адæм Турчы», уый дæр.

Бола зæгъы: «Ирон чингуытæ сæм ардыгæй бафтыд, æмæ сыл стыр цин кодтой, диссагæн сæ рахæсс-бахæсс кодтой кæрæдзимæ... Къостайы (рухсаг уæд), уым дæр æй зонынц, æмæ сæм йæ ном иттæг кадджын у».[1]

Дзусаты Бола уайтæккæ не 'рхæццæ Туркæй, нæдæр йæ уац афыста уайтагъд.

Темырболат та фæзиан 1899-æм азы.

Уæдæ йæм Къостайы ном, йæ кады хъуыддæгтæ фехъуыстаиккой. «Бæстæй скъуыд, æфхæрд лæг», Темырболаты хуызæн поэт къæхты бынмæ æрмæстдæр Къостайы хуызæн поэты уацмыстæй ныррызтаид, Къостайы хуызæн удуæлдайы тыххæй ралæмæрстаид иууыл уаздæр, иууыл æвæджиаудæр дзырдтæ: «...дæ митæй рæсугъд дæ», «уындæй хайджын дæ», «Дæ зонд æмæ де 'гъдауæй Ды мæ цæсты кадджын дæ».

Ирыстоны, уæлдайдæр, Турчы, Къостайæ дарддæр дыккаг ахæм лæг нæ уыд, Темырболат йæ зæрдæйы дуæрттæ афтæ æргом кæмæн байтыгътаид. Уымæй дæр поэт нæ хизы царды рæстдзинады сæрты. Æвдисы йæ, æцæг куыд уыдис, афтæ:

*Æз дын дæхи нæ зонын,*
*Дæ коймæ дын аргъ кæнын.*

Ай-гъай, нæ йын зыдта йæхи, фæлæ Фыдыбæстæйы уарзт йæ зæрдæйы æппынæдзух, удæгас буарау, кæмæн тæлфыд, уыцы «бæстæй скъуыд, æфхæрд лæг» ын йæ «коймæ» уæддæр ма аргъ кодтаид, уый гæнæн нæ уыдис.

Уымæн æмæ, йæхи зæрдæйы цы фæндтæ тæлфыдысты, йæхæдæг цæмæ бæллыд, фæлæ æххæст кæнын кæй нæ уыд йæ бон, уыдон дæр уый арæзта — йе 'фсондзы хайыл дæр ын уый, уыцы «Чидæр» хæцыдис. Уый «цæрыны бæсты», Чырыстиау, йæхимæ райста «ыстыр зынтæ», йæ цардæй балхæдта йæ «мулк» — йæ «намыс». Темырболатæн уый уыдис иууыл стырдæр амонд. Сæрыстыр, разыйæ дзы уымæн зæгъы:

---

[1] Журнал «Зонд», 1907, №2, 17-æм фарс.

*Цæрыны бæсты æгадæй*
*Ыстыр зынтæ куы кæныс.*
*Ды балхæдтай дæ цардæй,*
*Сæрæй, дæ мулк – дæ намыс!*

Ау, Къостайы «Ныфс» æм фæхæццæ уыдаид? Поэтæн йæ равзæрст фæндагæй йæ фыды зæрдæ кæй нæ рухс кодта, уый тыххæй йын ныфс æвæрынæн цы дзырдта лирикон хъайтары номæй, уыдон кастаид Темырболат?

*Мæ гутон, мæ галтæ –*
*Мæ фæндыр, мæ зонд;*
*Мæ кадæг, мæ зарæг –*
*Мæ цард хоры конд.*

*Нæ дзыллæйы зæрдæ –*
*Мæ хуымгæнды хай;*
*Нæ бæсты сагъæстæ –*
*Мæ фæззыгон най...*[1]

(«Ныфс)

Ома Къостайы ацы диссаджы аивадон, символикон рæнхъытæн исты иудзинад уа, Темырболаты мæнæ ацы строфатимæ?

*Дæ зонд ма кал дзæгъæлы,*
*Мæнæн мæ ниат æргом у:*
*Мæ уд æмæ мæ фæллой*
*Нæ адджын бæстæн нывонд у.*

*Куы мæ зоныс дæхæдæг –*
*Æз мæгуырæй нæ цæрын:*
*Мæнæн мæ фæрæт, мæ цæвæг*
*Дæтдзæн, ардзæн мæ кæрдзын.*[2]

Дыууæ æмдзæвгæйы – Къостайы «Ныфс» æмæ Темырболаты «Ме ‘мгармæ» сæ кæрæдзийæн цыдæр тугхæстæг

---

[1] Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1951, 23-æм фарс.
[2] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. Цхинвал, 1965, 28–29-æм фæрстæ.

кæй сты, уый строфатæй дæр ферттивы, кæд Къостайы æмдзæвгæ фидар классикон, силлабо-тоникон фæлгæтты æвæрд у, дыккаг та – силлабикон фæлгæтты; стæй Темырболаты æмдзæвгæ фæзæххон, – «Мæнæн мæ фæрæт, мæ цæвæг Дæтдзæн, ардзæн мæ кæрдзын», – уæддæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, афтæ зæгъæн нæй, Темырболаты æмдзæвгæ Къостайы фæзмгæйæ фыст у, – иу дуг, иу уавæртæ, стæй хицæн дугтæ бынтон æцæгæлон адæймæгты дæр иу æмæ дыууæ хатты не 'ркæнынц иухуызон хъуыдытæм, – фæлæ ацы туг-хæстæгдзинад дзурæг у, Темырболат Къостаимæ фæсаууонмæ зонгæ кæй уыд. «Æз дын дæхи нæ зонын, Дæ коймæ дын аргъ кæнын», – сæрмагондæй хуымæтæджы нæ бахахх кодта.

Уыцы хъуыдыйыл æрлæууыд Темырболаты сфæлдыстад æндæр фæлгъауæг, поэт Ходзаты Æхсар дæр: «...Темырболатмæ Ирæй Къостайы кой хæццæ кодтаид, уый бауырнинаг хъуыддаг у. Стæй, æвæццæгæн, канд кой нæ, фæлæ йæ уырыссаг æмдзæвгæтæ дæр газетты уагъдæй бафтыдаиккой Туркмæ». Æхсар æнцой кæны журнал «Зонд»-ы Дзусаты Болайы уац «Ирон адæм Турчы»-йыл, стæй аразы йæхи хæтдзæгтæ: «Йæхи ныхæстæм гæсгæ, Дзусаты Бола Турчы царди 1903–1904 азты. Темырболаты æмдзæвгæ та у 1898 азы кæнæ та раздæры фыст. Зæгъæн ис: Дзусы фырт цы рæстæджы кой кодта, уымæй размæ дæр, æвæццæгæн, Турчы ирæттæм ирон чиныг хæццæ кодта, стæй Къостайы дæр койæ, кæнæ йæ уырыссаг фыстытæм гæсгæ зыдтой».[1]

Афтæмæй нæ бон у, 99 проценты фидарæй хъуыды кæнæм, нæ фыццаг поэт Мамсыраты Темырболаты æмдзæвгæ «Кæмæдæр» фыст у Къостайыл. Цы иу процент ма дзы баззад, уый та у, Къостайы ном дзы комкоммæ кæй нæй, уый.

Къостайы æмдзæвгæ «Ныфс»-ы дæр, кæд лирикон хъайтар дзуры: «Тызмæгæй мæм ма кæс, мæ фыды зæронд», уæддæр дзы Къостайы фыд Леуаны ном нæй, фæлæ поэт уымæ кæй дзуры, уый дызæрдыггаг нæу.

Æндæр хабар у, куыд æй æвдисы, уый.

---

[1] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. Дзæуджыхъæу, 1982, 60–61-æм фæрстæ.

Поэт хорз зоны, «удæн рæсугъд» кæй ницы зоны. «Аргъ ын кæны йæ митæн». Сæйраг уыдон – «митæ» сты. Æндæра, «Дидинæг дæр йæ боны Алыхуызæн æрттивы». Уый – «йæ боны». Уыцы «бон» та уысммæ вæййы æрмæстдæр. Бæргæ рæсугъд вæййы:

*Фæлæ бирæ н' ахæссы,*
*Тагъд фехæлы, фесæфы.*
*Уад æй 'видауцмæ ахæссы,*
*Аргъ ын æппын нал вæййы.*

Фæлæ уый – «йæ боны алыхуызæн» чи æрттивы, уыцы дидинæг. Поэт кæмæ дзуры, йæ уыцы хъайтар, «йæ боны алыхуызæн» æрттивгæ æмæ, тагъд чи фесæфы, ахæм дидинæг нæу:

*Уымæн йæ бæлас – æнæфау.*
*Уый кадджын у нæ цæсты.*
*Дидинæджы æнæвгъау*
*Азæй-азмæ куы дæтты.*

Æмæ та уый дæр дзурæг у, æмдзæвгæйы хъайтар кæй у, фау æрхæссæн кæмæ нæй, ахæм «бæлас». Æмæ «кадджын у нæ цæсты». Уый «аргъ ын æппын нал вæййы» кæмæй зæгъынц, уыдонмæ нæ хауы. Уымæн æмæ, – «Дидинæджы æнæвгъау Азæй-азмæ куы дæтты». Азæй-азмæ æнæвгъау дидинæг дæттын йæ бон у æрмæстдæр аивады кусæгæн.

Йæ митæй рæсугъд чи уыд, «Ноджы ма уындæй хайджын» чи фæци, йæ зонд æмæ йе 'гъдауæй адæмæн цæстæвæрæн чи уыд, йæ цард адæмæн чи не 'вгъау кодта, сæ зынтæ сын чи иста æмæ уымæй йæхицæн намыс чи скодта, фæлæ Темырболат лæгæй-лæгмæ кæй нæ зыдта, аивады ахæм кусæг нæм уыдис æрмæстдæр Къоста. Темырболаты æмдзæвгæ «Кæмæдæр»-ы йæ уынæм ахæмæй – хæрзконд, зондджын, æгъдауджын, кадджынæй, адæмы сæрхъызойæ, фæлæ зæххон, мæлинаг удæй. Нафи дзы уымæн загъта йæ уац «Нæ зарæджы райдиан»-ы: «Темырболат йæ идеалтæ иууыл æргомдæрæй æмæ сыгъдæгдæрæй кæм æвдисы, уый у æмдзæвгæ «Кæмæдæр».

Къостайыл йæ удæгасæй дыккаг æмдзæвгæ ныффыста поэт Гуырдзыбеты Бласка.

Цæвиттон, Къоста æмæ Цæлыккаты Аннæйæн сæ цард баиу кæнынæй куы ницы рацыд, чызджы кæй нæ бафæндыд, уый тыххæй, уæд поэтæн йæ хистæр хæлар Хуырымты Йорам нымыгъта отставкæйы штабс-ротмистр Гайттаты Иналыхъы хистæр чызг Раисæйы.

Иналыхъы чызджытæй Хъуысаты Генри мæнæ куыд зæгъы: «Красотой сестры Гайтовы славились на всю Осетию. Им посвящали стихи, а офицеры стоящих в Ардоне и Алагире военных частей провожали сестер после балов с оркестром».[1]

Дарддæр Хъуысайы-фырт зæгъы: «Между Коста и старшей из сестер Гайтовых существовали дружеские отношения. Впервые гордиться именем Коста Раиса стала еще в Тифлисском заведении св. Нины, где она увидела его картину «Святая Нина равноапостольная-просветительница Грузии», выполненной Хетагуровым по заказу в 1887 году».

1896-æм азы йæм Раисæ Æрыдонæй Стъараполмæ цы фыстæг арвыста, уый та ноджы цымыдисагдæр у: «Что значит быть Къоста! Вас знают в каждом осетинском доме. Что Ваша осетинская азбука и брошюра? Я жду и жду осетинские стихи. Надя, сестра моя, говорила мне, что у Амбаловой масса стихов Ваших на осетинском языке. Интересно, откуда она достала?»[2]

Къостайы уыцы дамгъуат (азбукæ) æмæ чиныг мах абон дæр нæма зонæм, цыма зæххы скъуыды аирвæзтысты. Чи зоны, йæ уацмыстæй дæр афтæ, доны къусы сæфт цас фæкодта?

Фæлæ дзырд æндæр хъуыддагыл цæуы. Раисæ цы хойы кой кæны, Надя, Надеждæ, зæгъгæ, уыимæ та уыцы иу рæстæджы сæ цард баиу кæнынмæ хъавыдысты Къостайы æрвад, зындгонд дохтыр Хетæгкаты Андухъапар, артиллерион бригадæйы афицер, саджы фисынтыл амад рæсугъд лæппу æмæ къамтæй хъазыныл æрратæгæнæг Цæлыккаты Угъалыхъ, æмæ æфсады старшина Гуырдзыбеты Бласка.

Раисæ Къостайæ не смой кодта. Нысан райста æндæрæй, афтæмæй æнæнхъæлæджы, йæ фыды æвастæй йæ цард

---

[1] К у с о в  Г е н р и й. Вокруг Коста. Владикавказ, 1979, 114-æм фарс.
[2] Уый дæр уым.

баиу кодта, алы изæр-иу Алагиры йе ‘фсæддон службæйы рæстæгæй чи ратыдта æмæ йын Æрыдонмæ тæргæ бæхыл малусæгтæ чи скъæфта, зæры释кармæ та йын æрвылбон дæр дидинджытæ чи хаста, уыцы æлвæст афицер, суырыссаггонд швед Георгий Келеримæ.

Надеждæйы Иналыхъ радта Бласкайæн.

Уæдæ, Къоста æмæ Бласка хорз зонгæ уыдысты. Æмбæлдысты Иналыхътæм дæр. Кæрæдзийæн кодтой аккаг аргъ. Бласка йæ хуыдта йæ ахуыргæнæг дæр. Стæй Къостайæн, Темырболатау, йæ коймæ дæр ма аргъ кæн, уый гæнæн нæ уыдис. 1903-æм азы йыл уарзгæ зæрдæйæ уымæн снывæста йæ хуызджер æмдзæвгæтæй иу — «Къоста». Снывæста йæ бонзонгæ, зæххон ахорæнтæ, зæххон нывтæй:

*Чи дын не скувдзæни дæ кадæн,*
*Чи дын нæ ратдзæни æгъдау?*
*Чи сдзырдта йæ хъæбултæй нæ мадæн*
*Адæммæ се ‘взагæй дæуау?*[1]

(Дыгурон диалектæй Дзуццаты Х. ивд)

Æцæгдæр, ирон адæмы зæрдæйы, — Къостайæн йæ удæгасæй дæр, — нæ поэтмæ цы уарзт уыдис æмæ ис, уый никæмæ уыд.

Уыцы хъуыддаг афтæ æмбарын, мыййаг, нæ хъæуы, æмæ нæм стыр адæймæгтæ æндæр ничи уыдис кæнæ нæй. Нæ адæмæн сæ цины дæр, сæ хъыджы дæр семæ чи уыди æмæ чи вæййы, уыдон цъус не сты. Уæдæ сын йæ зарджытæй сæ зæрдæты арф фæд чи уагъта кæнæ уадзы, уыдон дæр къухы уырзтыл нæ банымайдзынæ. Фæлæ алкæй бон нæу йæ зæрдæйы тæгтæй йæ фæндырæн тæнтæ саразын. Йæ Фыдыбæстæ тары куы хъæрзыдта, уæд ын Къоста йæ хъизæмары уаргъ райста. Йæ адæмы рынтæ йæхимæ иста, афтæмæй сæ, зындзинæдтыл уæлахизгæнгæйæ, кодта размæ.

Бласка уымæн зæгъы:

---

[1] Авторты коллектив. Уалдзæггæнджытæ. Цхинвал, 1978, 173-æм фарс.

*Тары хъуаг чи ‘ййæфта цырагъæй,*
*Уый мæтæй скодтай ды уаргъ,*
*Никуы йæ æристай дæ рагъæй,*
*Йæ уæз дын æхцон у, зынаргъ.*

Афтæ алкæй бон нæу. Фæлæ Къостайы бон уыд. Уымæн æмæ зыдта, цы аразы, уый. Уый тыххæй уыдис пахуымпар. Йæ Ирæн зæллангхъæлæс фæндыр куы лæвар кодта, уæд тынг хорз æмбæрста, цы хорзы нын цæуы. Йæ ном уымæн ныхъхъæр:

*Райгуырд дæ диссаг фæндырæй*
*Пахуымпар саби – цæрдхъом.*
*Дзурынц дын хохæй, быдырæй,*
*Ирæй, Дыгурæй дæ ном.*

*Нæ дæ уынæм хæстæгмæ нæ цæстæй,*
*Нæ дын хъусæм дæ барджын ныхас, –*
*Арфæгондæй нын нæ бæстæй*
*Нæ бузныг лæварæн айс!*

Нæ ирон ывæфтыд литературæйы уалдзæггæнджытæ – дыууæ поэты – Мамсыраты Темырболат æмæ Гуырдзыбеты Бласка, снывкодтой, йæ адæмы, йæ фыдыбæсты сæрвæлтау йæхи нывондæн чи хаста, æмæ нæ йæ уацмыстæй дунейæн чи равдыста, йæ митæй рæсугъд чи уыд, уыцы зæххон, фæлæ æрвон ныфсы хицау Къостайы фæлгонц.

Уæддæр Къоста Къоста нæ уыдаид, йæхи æрмæст ирон адæмы тыххæй куы хордтаид, уæд. Нæдæр адæмы æвзæрста бæхджынтæ æмæ фистæджытыл, мулк æм нымады уыд, зæгъгæ, уæд йæ бон уыдис стыр бынтæ скæнын. Фæлæ ахæм хъуыдыйыл æрлæууын йæ сæрмæ уадзгæ дæр никуы бакодта. Ницæмæ дардта, йæ фыдæлты кадæй йæ сæр мигътыл чи хафта, уыдон дæр: «Дæ фыдæлтæ – рухсаг, дæхæдæг мын бæзз!» («Хъазтæ»). «Фыдгой, хæрæмтты халæй» нæ лыгъд дард. Йæ «зæды смам кæнын», йæ «кувæндон ныххалын» «ардыд адæм сæнтдзæф балæн» дæр кæмæн нæ уыд йæ бон, уый та тыхсты нæ тыхджынтæн сæ дæлбазыр куыд хъуамæ балæууыдаид, хæлæртты æхххуысмæ куыд кастаид кæнæ ахæстæй куыд тарстаид?

Уымæн æндæр уыд йæ нысан:

*Мæ зарæг алкæмæн зæрдæбынæй фæкæнын,*
*Налат, хъахбайдзинад æз рафтауын æргом.*
*Тыхмæ, тыхгæнæгмæ лæгæй-лæгмæ æрлæууын*
*Æмæ рæстдзинадыл фæдзурын æз уæндон.*

*Хæлар цы давы, кæд æфсымæртæ сты адæм*
*Æмæ нæй ’видийæн сæ арфæтæн æппын?*
*Ызнаг цы хъом у, кæд мæ фыдгулты фыдæнæн*
*Нæ арын иу æлгъыст мæ зæрдæйы рæбын?*

*Вæййын æз хасты дæр сæрибарæн цырагъдар,*
*Мæ зард рæхысбастæй зæлаивдæр кæны,*
*Æмæ дæн адæмæн æз ахæсты зынаргъдæр,*
*Æдзæм дæлвæзты та æнцондæр у мæлын!..*

*Уæд циу фыдадæмы хæрам дзыгуыр мæ разы?*
*Сæнтдзæф цагъайрæгтæ — цыфæнды дæр кæнæнт.*
*Дуне — мæ кувæндон, мæ зæды хай — лæгуарзын,*
*Æгæрон дун-дуне — мæ фыдызæхх мæнæн!..*[1]

(«Нæ дæн æз пахуымпар...»
Уырыссаг æвзагæй Нафийы ивд)

Йæ лирикон хъайтары дзыхæй ахæм ныхас чи кæны, уый куыд хъуамæ уа иу адæмы хъæбул? Къостайы хуызæттæн сæ цин дæр æмæ сæ маст дæр адæмтæн иумæйаг вæййынц. Къостайы хуызæн поэттæ æмæ адæймæгтæн иу нацийы фæлгæттæ уынгæг сты.

Уæлдайдæр, Къоста йæ уацмысты фылдæр хай уырыссагау сфæлдыста. Газет «Северный Кавказ» 1894-æм азы йæ кæсджытæн, цæмæй йæ ногæй рафыстаиккой, уый тыххæй æнæхъуаджы нæ хъусын кодта: «По случаю исполнившегося 10-летия газеты «Северный Кавказ» всем годовым подписчикам в 1895 году будет выдан бесплатно...

«СБОРНИК СТИХОТВОРЕНИЙ КОСТА»[2]

---

[1] К ъ о с т а. Уацмыстæ. Цхинвал, 1979, 143-æм фарс.
[2] Газет «Северный Кавказ», 1894, цыппурсы мæйы 25-æм бон.

Къоста æмæ йе сфæлдыстадæн газеткæсджыты, уыимæ уырыссаг дзыхæй дзурæг адæмы цæсты цы стыр кад уыдис, уымæн ирд æвдисæн у ацы хъусынгæнинаг.

Афтæ куы зæгъæм, æнæхъæн Кавказы нæ, фæлæ уырысмæ дæр уыцы дуджы нæ уыд Къостайы хуызæн поэт, уæд нæ фæрæдийдзыстæм. Æмæ йыл куыннæ хъуамæ зарыдаиккой ирон поэттау.

П. Протасевич баифтыгъта йæ музæ æмæ йыл уарзгæйæ, кадгæнгæйæ снывæста æмдзæвгæ, поэт куы фæрынчын, уæд:

*Была пора, — твой чудный стих певучий*
*Звучал толпе отзывчиво живой,*
*В родных словах, исполненный созвучий,*
*Ты звал толпу с неправдою на бой.*

*И замер он... Тяжолые сомнения*
*Твой чуткий ум в темницу привели,*
*И все, кому ты дал без сожаления*
*Всю силу дум — тобой пренебрегли.*

*Но верю, что твой венец терновый*
*Другим венком отчизна заменит:*
*В нем будут лавр и лилии основой,*
*Он твой чертог последний осенит*[1]

(«Осетинскому поэту-народнику Коста Хетагурову»)

Уый дæр æй æвдисы зæххон адæймагæй.

Къоста — алæмæтон аргъæутты хъайтар, ирон адæм æмæ Ирыстоны йе ‘рмтты йæ сæрмæ лæджы ‘мбæрц чи систа, дунейæн нæ чи фенын кодта, — уыцы хуызы нæ литературæйы фæзындис чысыл фæстæдæр: не стыр зианы судзаг куы банкъардтам, уæд.

Фæлæ уый тыххæй — ног сæры.

---

[1] Газет «Казбек», 1905, æртхъирæны мæйы 20-æм бон.

## Æ р т ы к к а г  с æ р

## «ГЪЕ, УАСТЫРДЖИ, РАКÆС!..»

Ис æмбисонд: «Хуыцау дын куы дæтта, уæд дын æй ердойæ дæр æрæппардзæнис».

Ирыстон йæ тыхстыл куы уыдис, йæ додойаг бонтæ куы тыдта: «Фидар рæхыстæй нын не уæнгтæ» куы сбастой, нæ рухс кувæндæттæй нын куы хынджылæг кодтой, мард нын куынæуал уагътой, нæ хæхтæ нын куы истой, стырæй, чысылæй нæ уистæй куы надтой æмæ, фосы сырд куыд ныппырх кæна, уыйау нæ бæстæ куы уагътам, иугай куы ныйистæм, уæд «нæ тæрхоны лæгтæ», хъыгагæн, æрвылхатт куыд вæййы, афтæ бадтысты сæ йедзаг къусты фарсмæ кæнгæ хъуыддагхуызæй. Иу сæ лæгау никуы фезмæлыд, дзыназгæ сæ никуы никæй зæрдæ ныррызт. Не знаг нæ былмæ кæй тардта, «кадмæ бæлгæйæ æгадæй» кæй мардыстæм, уый, хъыгагæн, сæ хъуыдыйы кæрон дæр нæ уыд («Додой»).

Æмæ уæд цыма арвы дуар байгом. Мигътыл, урсбарц къуымбилтыл цæуæгау, Къоста уæларвæй æрхызт зæхмæ, Ирыстонмæ – æфхæрд æмæ ссæст аллон зæхмæ. Хуыцау нын æй лæвæрдта, æмæ нын æй «æрæппæрста арвæй».

1885-æм азы раст афтæ уыдис Бетъырбухæй Ирыстонмæ Къостайы æрцыд.

Къоста уæдмæ йæ райгуырæн фыдыбæстæйы уыйбæрц нæ фæци. Хæрз сабийæ ацыд Нарæй. Лабæйы цæргæйæ, Стъараполы, стæй Бетъырбухы ахуыр кæнгæйæ, не 'фтыд Ирыстонмæ. Цæст кæй нæ уыны, уый зæрдæйæ рох у. Ноджы йæ лирикон хъайтары дзыхæй куыд зæгъы: фыдæй – дзæгъæл, мады рæвдыдæй – цух, йæ бæстæй – хицæн, афтæмæй «Кæмдæрты æнæсæронæй, æдыхæй, æцæгæлонæй» йæ уалдзæг фыдбонтæй æрвитыны фæстæ йæ «иунæ-

джы сæр» кæй схаста йæ райгуырæн бæстæм, уый цинæй йæ цæсты сыг донау куыннæ мызтаид, йæ зæрдæ куыннæ рызтаид!

Фæлæ йæ алыварс лæмбынæг куы акаст, уæд йæ цæст никæуыл æмæ ницæуыл схæцыд цинагæй. Поэт уый тыххæй ныддзынæзта уынгæг хъæлæсæй:

*Æрцыдтæн... Мæхицæй фыддæр*
*Мæгуырæй куы ссардтон дæу дæр,*
*Мæ уарзон, мæ иубæстон адæм!..*
*Нæ хæхтæй, нæ тыгъд быдыртæй*
*Æмхуызон нæ иуæн дæр нæй,—*
*Кæм кусæм, кæм цæуæм, кæм бадæм...*

*Лæджы хуызæн лæг нæм – ыстæм,*
*Бæрæг дæр дæ нал ис, цы стæм,*
*Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?.*
*Кæдæмдæр ма хилæм куырмæй...*

Æмæ скуывта тæрттæтыгъдæй:

*Гъе, Уастырджи, ракæс, цæмæй*
*Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..*[1]

(«Ракæс»)

Фæлæ Уастырджи арвыл уыд, йæхæдæг – зæххыл, йæ тыхст адæмы æхсæн. Æмæ ницыуал садджын кодта йæ удæн. Ссис æфхæрд адæмы сæрхъызой. Стæй æрмæст ирон адæмы сæрхъызой нæ.

Кавказы адæмтæй æнæтæрхонæй ахæстæтты чи бадти, уыдон, Къостайы «Хъæбæр фыст хъаст Синод»-мæ йы фæрцы кæй ссæрибар сты, уыцы хъуыддаг ын йæ кад сæ цæсты Хуыцауы цъупмæ кæй систа, уый йæхæдæг дæр цасы аргъ уыд!

Раст цыма 1990-æм азы зымæджы хъæбысы Уастырджи йе 'ртæкъахыг бæхыл Дыгурмæ Къостайы куывдæй æртахт æмæ адæмы уый тыххæй бафæдзæхста, ома уæззау рæстæг ныккæндзæнис, æмæ фæсивæды бахъахъхъæнут.

---

[1] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2002, 40-æм фарс.

Уыцы фæдзæхст нæм худæг кæй фæкаст, уый тыххæй нæ фыдбоны, сабихор сыхæгты ныббырстытæ æмæ Беслæны 1-æм скъолайы трагедийы фæстæ уымæн згъалæм нæ туг-хæццæ цæссыг. Стæй ырма уыдæттыл аирвæздзыстæм?..

Къостайы бирæ уацмысты куыд зыны, афтæмæй Гени нæ абоны бон цыма йе уæны уыдта. Фондзыссæдз азы размæ нæ цæмæйты фæдзæхста, уыдæттæ абон дæр æвза-рынц нæ рыст удтæ. Йæ амындтытæ йын рохуаты фæуа-дзæм, æмæ та нæ сæртæ баййафынц къæрцц. Стæй къухæй дæр нæ, фæлæ дзæккорæй.

Уæдæ, нæ тыхст хъуыддæгтæ æнусы размæ чи уыдта, ахæм адæймаджы сыгъдæг, уæларвон удæй уынын диссаг нæу. Къостайы мæлæты тыххæй Кавказы газеттæ иууыл-дæр зæрдæрисгæйæ уымæн фыстой.

«Ирыл хабар куы сæмбæлд, уæд арвыстой лæгтæ, йæ марды йын æрбаластой æмæ йæ баныгæдтой Дзæуджы-хъæуы, иры аргъуаны кæрты.

Стыр цыт радтой ир сæ ахуыргонд æмæ сæ сæрылхæ-цæг лæгæн. Йæ мард хæссынмæ хъæутæй уыдис æрвыст-лæгтæ. Вагзалæй аргъуанмæ цыдысты мардæн йæ фæстæ иры фæсивæд. Ир, уырыс, сомих, гуырдзы — зынгæ адæм цыдысты мардæн йæ фæдыл.

Сомихы сауджынтæ рацыдысты йæ размæ æмæ саргъуыд-той рухсаг. Аргъуанты кæрты пысылмон адæм скодтой мар-дыл дуа. Афтæ зынгæ лæг уыдис алы адæмæн дæр Къоста.[1]

Фæлæ нæ иууыл тынгдæр цымыдис кæны — ахæм зæды хуызæн лæгæй ирон дзырды зæрингуырдтæй чи цы загъта, сæ тæккæ судзаггаджы мастыл куы уыдысты, уæд. Æмæ кæсæм: «На могиле Коста даровитейшими осетинскими по-этами были прочитаны посвященные покойному стихотво-рения, из них три на осетинском языке и одно на русском. Первым читал свое стихотворение Алборов, вторым-треть-им Гадиев и четвертым — Цаголов. Все стихотворения про-извели на собравшихся сильное впечатление и вызвали по-токи слез», — фыста газет «Терские ведомости».[2]

Ирон поэзиимæ уæлæнгай зонгæ чи у, уыдонæн дæр

---

[1] Къубалты Алыксандр. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1978, 180 — 181-æм фæрстæ.

[2] Газет «Терские ведомости», 1906, хуымгæнæны мæйы 15-æм бон.

ацы мыггæгтæ зын фæхатæн не сты: фыццаг – ирон профессор Æлборты Барысби; дыккаг-æртыккаг – зынгæ поэт, ирон прозæйы бындурæвæрæг Гæдиаты Секъа æмæ цыппæрæм та – зынгæ ирон публицист æмæ поэт Цæголты Георги.

Барысби уæд йæ тæккæ лæппуйы кары уыдис – 20-аздзыд. Ахуыр кодта Дзæуджыхъæуы дины ахуыргæнæндоны фæстаг къласы. Къостайы диссаджы сфæлдыстадыл æнахуыргонд адæм дæр æрратæ кодтой æмæ, æрвылбон йæ кæсыны фадат цы ахуырдзау фæсивæдæн уыдис, уыдоныл цы бон уыдаид! Уæды интеллигенцийы мысинæгтæм гæсгæ сæ арæзтой зарджытæ. Зарыдысты-иу сæ, æмæ сæм не 'фхæрд адæм хъусынæй не 'фсæстысты.

«Къостайы зарджытæ æмæ ирон адæмы дзыхæйдзургæ сфæлдыстады æндæвдадæй Барысби райдыдта æмдзæвгæтæ фыссын дæр. Къостайы поэтикон сфæлдыстад æмæ ирон адæмон таурæгътæ йын йæ зæрдæйы цы уарзондзинад бауагътой, уый йын сбæрæг кодта йæ сомбоны царды хъысмæт дæр, куыд ирон адæмы зынгæ культурон архайæг, афтæ»,[1] – зæгъы поэт æмæ литературæиртасæг Æлборты Хадзы-Умар.

Райдайгæ поэттæ фылдæр хатт куыд фæфыссынц, афтæ Барысбийы фыццаг фæлварæнтæм дæр уыдис бафæзмыны ахаст. Мыхуыр дæр-иу сæ ныккодта фыццаг ирон газеттæ æмæ журналты, фæлæ йын уадиссаг нæдæр йæхи зæрдæ агайдтой, нæдæр – поэзиуарзджыты зæрдæтæ. Æвзонг поэты къæхтыбынмæ цы нырризын кодта, уый – йæ адæмы раздзог æмæ сæрхъызойы мæлæт. Къостайы æнафоны мæлæт. Кæд уæззау рынчын уыдис, уæддæр ын ирон адæм афтæ тагъд амæлын æнхъæл нæ уыдысты. Уырнидта сæ, куы бахъæуа сæр, уæд се 'нæфæтасгæ ныфсæн йæ бон кæй бауыдзæнис йæ сынтыл рабадын дæр. Фæлæ сæ бахъуыд дзыназыны сæр. Барысбийы дæр. Уæлдайдæр, йе 'мдзæвгæйы.

Æмдзæвгæйы дзырдтæ цæуынц æвзонг поэты зæрдæйæ. Цæуынц дзназгæйæ. Цæссыгкалгæйæ. Æмæ æвдисынц ирон адæймаджы уыцы дуджы зæрдæйы уаг. Кæд æнусы размæ æрцыдис фыст (1906-æм азы, мыхуыр та йæ 1907-æм азы

[1] Æлборты Хадзы-Умар. Æлборты Барысби. Цхинвал, 1986, 17–18-æм фæрстæ.

ныккодта журнал «Зонд»-ы фыццаг номыры цензурæйон чысыл ивддзинæдтимæ), уæддæр нын нæ цæстæнгас æмæ нæ хъуыды уый тыххæй здахы йæхимæ:

*Ныббогъ кæн, ныдздзыназ, ирон лæг!*
*Тымбылкъухæй хойгæ дæ сæр:*
*Дæ хур дыл æрталынг...*
*Къостайыл ныуууынæргъ, ныннæр!..*

*Ныкку йыл, ныкку йыл, цы кæсыс?!*
*Куы тындзы ныр махæй уый дард.*
*Йæ хъазуат, йæ тухи æрымыс, —*
*Нывонд дын куы 'рхаста йæ цард.*

*Йæ «Ирон фæндыр»-ы æрцагъдæй*
*Куы фестъæлфт, куы райхъал нæ Ир,*
*Куы нал лæууыд талынджы сагъдæй,*
*Йæ хуым ныр куы 'фтауы æфсир.*

(«Къостайы уæлмæрдыл»)

Æвзонг поэт ирон лæджы йæ сæрхъызойыл кæй богъ кæнын, дзыназын, тымбылкъухæй йæ сæр хойын, уынæргъын, кæуын, ниуын кæны, уым диссагæй ницы ис. Уый æнæуый дæр афтæ уыд. Æрмæст ирон лæг нæ, фæлæ йыл иннæ адæмтæй дæр бирæтæ дзынæзтой. Стæй — бирæ адæм.

Раздæр йæ кой кæмæн скодтам, Къоста æнцонзæрдæйæ кæмæ нæ каст, Келлерæй чи смой кодта, уыцы Гайттаты Раисæйы чызг А. Келлер фæстæдæр йæ мысинæгты афтæ фыста: «Мама вспоминала, как она получила телеграмму от сестры Коста о его смерти.

Она, будучи тогда в Ардоне, выехала на станцию Дарг-Кох встретить прах поэта и прибыла вместе с ним во Владикавказ.

— Я была вся в черном, и многие подходили ко мне, выражая тафарфас, принимая, вероятно, за близкого покойному человека».[1]

Адæм, мах куыд фæхъуыды кæнæм, уымæй фылдæр фæзонынц. Раисæйæн дæр хуымæтæджы нæ тæфæрфæс

---

[1] ЦИЗИИ-ы архив, Къостайы фонд, 11-æм папкæ.

кодтаиккой. Фæлæ цымыдисон у, Къостайы удмæ сæ хæстæгдæр чи лæууыд, уыдонæн уæлдай тæригъæд кæй кодтой, уый. Æмæ Барысби ирон лæгæн уынæргъынимæ «ныннæр!» дæр кæй фæдзæхсы, цæмæй йæ срифмæ кæна дзырдтæ «дæ сæр»-имæ, кæнæ ритмы тыххæй стилистикон фæзилæнтæ кæй халы, уыдон, стæй æндæр поэтикон згъуыдтæ авторы æвæлтæрдзинадыл дзурæг сты. Фæлæ уацмысмæ нæ хъус уыдон тыххæй, мыййаг, нæ дарæм. Æмдзæвгæ нæ йæ фæдыл бирæ цæмæйдæрты сайы. Сæ сæйрагдæртæ мæм кæсынц, царды рæстдзинад чи æргом кæны æмæ уыцы фыдохы бон ирон зæрдæйы уаг чи æвдисы, уыдон:

*Ныццарау дæ богътæй нæ хæхтæ,*
*Ныццарау дæ богътæй быдыр!*
*Æркæс-ма, ирон лæг йæ фæстæ*
*Дзæгъæлæй кæмæн зайы ныр!..*

*Æркæс-ма, ирон лæг... дæ сæрыл*
*Нæ хицæуттæм чи цыд хæсты,*
*Рæстдзинады тыххæй йæ зынтыл*
*Æппын чи нæ кодта мæсты.*

*Йæ сыгъзæрин хъæлæсæй махæн*
*Уæгъдибармæ чи скодта фæд,*
*Рæстдзинадæн, дунейæн рухсæн*
*Тагъд чи ‘рлæууыд уацхъуыддзу зæд...*

Афтæмæй Барысби æрхæццæ, йæ кой нæм кæмæн уыдис раздæр, уыцы уæларвон, сыгъдæг уды фæлгонц ныв кæнынмæ: «сыгъзæрин хъæлæсæй», «дунейæн рухсæн», æмæ йæ æппынфæстаг схуыдта зæд! Хæххон, удуæлдай мæлинаг сырæзы зæды фæлгонцы онг.

Æмæ уый æрмæст Æлборы-фырты хъуыды нæ уыд. Уæд не стыр сæфтыл чи дзынæзта, Къостайы удмæ хæстæг чи лæууыд, фæлæ Къостайæн йæ зæрдæйы бынат чи не ссардта, уыдонæй дæр чи фæтæфæрфæс кодта, уыцы адæмы хъуыды иууылдæр афтæ уыдис. Къоста сын уыдис зæд.

Фæлæ Барысбийы поэтикон удмæ уый дæр фаг нæ каст. Ирон лæгмæ дзурынæй поэтæн йæхимæ дзурынмæ уый тыххæй ахызт:

*Уæ Хетæджы сахъ фырт! Ирыстон*
*Иттæг бузныг у ныр дæуæй.*
*Нæ бæстыл зæрдæрыст дæу хуызæн*
*Куы нал разындзæнис Ирæй...*

*Мыггагæй мыггагмæ нæ Ирæй*
*Нæ уыдзынæ иуæй дæр рох.*
*Ирон адæм хохæй, быдырæй*
*Куы зардзысты арæх дæ тох.*

*Ныр — рухсаг!.. Ирыстон куы калы*
*Йæ цæссыг, куы дын кæны кад...*
*Фæндараст, нæ зæххон ыстъалы!*
*Нæ ирдцæсгом, дзæнæты бад!..*

Барысбийæн йе 'взонг уды уыйбæрц уарзондзинад ис Къостамæ, ахæм бынаты йæ æвæры, æмæ йæ кæд зæд схуыдта, уæддæр æм уый фаг нæ фæкаст æмæ нæ мæгуыр ирон адæмы зарæггæнæджы хоны стъалы. Зæды «уацхъуыддзау» кæй фæкодта, стъалыйы — «зæххон», уый æрмæстдæр у уарты бæсты. Цæмæй макæй цæсты бахауа.

Мæхи удмæ та хæстæг лæууы, Мамсыраты Темырболат æй йæ митæй рæсугъд куыд схуыдта, «уындæй хайджын», афтæ Барысбийæн «ирдцæсгом» кæй у, уый. Уыцы метафорæ дзуры алцæуыл дæр.

Кæддæр Тугъанты Махарбег Брытъиаты Елбыздыхъойы рæсугъд адæймаг схуыдта æмæ уый алцæуыл дзурæг дæр уыдис. Барысби Къостайы ирдцæсгом кæй хоны, уый нæ сæрхъызойы тыххæй алцæуыл дæр цыма дзуры, афтæ мæм кæсы. Уæлдайдæр æй æвзонг лæппу загъта уыцы дудгæбоны — Къостайы ныгæнæн бон йæ тæбæты уæлхъус.

Нæ мæгуыр ирон адæм сæ ныфсы раздзоджы цæссыгцухæй нæ уагътой йæ фæстаг фæндагыл йе 'нусон дунемæ. Уæддæр ма сæ йæ ингæны уæлхъус зæрдæскъуыдтæ кодта, къуыбар цæссыг сын фезгъалын ласта Гæдиаты Секъа — стыр фыссæг æмæ диссаджы куырыхон лæг.

Секъа уæдмæ зонгæ уыдис ирон чиныгкæсæгæн. Нæ мадæлон æвзагыл нæм цы цалдæр чиныджы ныммыхуыр, уыдонæй иу уыдис йæ «Ирон фыййау». Рухс федта 1905-æм азы. Къоста йын æцæг уыдис зæххон зæд. Йæ мотивтыл

дзæвгар уацмыстæ сфæлдыста. Кæд дзы йæхæдæг хистæр уыдис цыппор азы, уæддæр ын йæ хъуыддæгтæ, йе сфæлдыстадæн стыр аргъ кодта æмæ йæ бæрзонд æвæрдта.

Уыцы фыдбоны бон йæ сыгъдæг уды хъынцъым иу уацмысы уымæн нæ бацыд. Йæ табæты уæлхъус бакаст дыууæ æмдзæвгæйы: «Къоста» (раздæр хуындис «Фæдис»[1]) æмæ «Къостайы цырты раз».

Фыццаг æмдзæвгæ мыхуыры куы фæзынд, уыйфæстæ йыл ногæй бакуыста. Фæуæрæхдæр æй кодта. Бафтыдта йæм аст строфайы. Зæгъæн ис: йæ хъуыды æрбадт, æррæсуг.

*Рухсаг уæд Къоста,*
*Кодта ныл сагъæс,*
*Уый тыххæй нæ кæны*
*Ирыстонæй рох.*
*Нæ загъта йæхицæн*
*Нæ цард, нæ дарæс.*
*Фæкодта рынчынæй*
*Рæстдзинадыл тох.*

*Йæ дзыхæй фæцыди*
*Зæлдагау йæ дзырд,*
*Æгъдауæй фæфыста*
*Йæ сæры фынтæ:*
*Таубитæм нæ хъуыста,*
*Хуыдта сæ-иу сырд,*
*Йæ зондæй нывæста*
*Сыгъзæрин тынтæ.*

*Цырагъау фæсыгъди*
*Уый адæмы ‘хсæн,*
*Рухсаг уæд! Æнусмæ*
*Уæд уымæн йæ кой.*
*Йæ къухæй нæ иста*
*Æдзухæй фыссæн,*
*Нæ кодта йæхицæн*
*Æхсæв дæр æнцой.*[2]

---

[1] Газет «Ног цард», 1907, кæрдæджы мæйы 31-æм бон.
[2] Гæдиаты Секъа. Азау. Дзæуджыхъæу, 1981, 77-æм фарс.

Барысбийы æмдзæвгæйы кæд хæкъуырцц хъусæм, кæд ыл зынынц æвзонг уды цæвæнтæ, уæд Секъайы «Къоста»-йы та уынæм бадт зонд. Фæлæ «Йæ дзыхæй фæцыди зæлдагау йæ дзырд», «Йæ зондæй нывæста сыгъзæрин тынтæ», «Цырагъау фæсыгъди Уый адæмы ‘хсæн», æмæ йæ уыдон зæххæй исынц уæлæмæ, арвмæ. Уымæн æмæ уыцы миниуджытæ зæххон уд исы уæлæрвтæй, æмæ уыцы миниуджытæ зæххон уды исынц уæлæрвтæм.

Алцæмæн дæр вæййы бындур, æмæ Къоста уыцы уæларвон диссæгтæ райдыдта зæххон хъуыддагæй. Рафтыд йæ адæмыл сагъæсæй. «Уый тыххæй нæ кæны Ирыстоны рох». «Фæкодта рынчынæй рæстдзинадыл тох». Ахæм хъуыддæгтæ адæймагæй уднывонд домынц. Æмæ нæ поэтæн:

*Йæ зæрдæ фæдзырдта*
*Нæ бæсты сагъæс;*
*Ныссау и, ныддур и*
*Нæ бæсты мæтæй.*
*Фæдардта цъæх цухъхъа —*
*Фыдæлты дарæс,*
*Нæ тарсти рæстагыл*
*Цæттæ мæлæтæй.*

*Нæ талынг бæстæн уыд*
*Ирд цæлхыдзаг мæй, —*
*Йæ рухсæй æрттывта*
*Нæ сау хох бæстæ.*
*Йæ сæрæй лæбырди*
*Сыгъзæрины зæй.*
*Цæмæй дын фиддзыстæм*
*Дæ бирæ хæрзтæ.*

Секъайæн диссаджы æвзаг уыдис. Дисаджы цæстæнгасæй каст дунемæ. Уый адæймаджы дæр æмæ дунейы дæр куыд уыдта, афтæ — ничи.

Къостайæн йæ «Ирон фæндыр»-ы тыххæй цас рæвдауæн, æппæлæн ныхас фæкодтам, уыдон чи фæнымайдзæн! Абайты Васо афтæ дæр загъта: «Бирæ фæфыстой ныронг «Ирон фæндыр»-ы тыххæй нæ литературтæ æмæ критиктæ, ахуыргæндтæ æмæ аивады кусджытæ. Уыйбæрц бирæ йыл

фæфыстой, æмæ сæ иу ранмæ æрæмбырд кæн, уæд сæ бæрц æмæ сæ асмæ гæсгæ «Ирон фæндыр» йæхæдæг сæ рыджы дæр нæ фæзынид. Фæлæ мæм афтæ кæсы, цыма уæддæр «Ирон фæндыр»-ы тыххæй фаг загъд не ‘рцыдис, цыма уымæн аккаг аргъ скæныны фаг дæсныдзинад æмæ арæхстдзинад нырмæ никæмæ разынд».[1]

Къостайæн йæхи тыххæй та афтæ зæгъы: «Азтæ куыд фылдæр цæуынц, афтæ Къоста мæ цæсты кæны кадджынæй-кадджындæр, цытджынæй-цытджындæр, тыхджынæй-тыхджындæр. Æмæ та ногæй бахæлæг кæнын, мæхæдæг дæр йæ туджы æртахæй иу кæмæн дæн, уыцы ирон адæммæ, ахæм æрдхæрæйнаг хъæбул кæмæн райгуырд!..».[2]

Кæуылты ныхæстæ сты! Цас сæ ис рæстдзинад! Цас сæ ис æргом зæрдæйы, уды хъарм!

Фæлæ уæддæр Секъайы рæнхъытæй цахæмдæр æнкъарæнты хъарм уылæнтæ сæ кæрæдзийы фæдыл аленк кæнынц зæрдæйы. Ноджыдæр-ма æркæсæм, куыд æй ныв кæны: «Ныссау и, ныддур и Нæ бæсты мæтæй», «Нæ талынг бæстæн уыд Ирд цæлхыдзаг мæй, Йæ рухсæй æрттывта Нæ сау хох бæстæ, Йæ сæрæй лæбырди Сыгъзæрины зæй».

Цæстытыл чи ауайы, зæрдæйы чи аззайы, ахæм бæлвырд æмæ ирд эпитетты фæрцы удуæлдай, царæфтыд поэты ауынæм марды чырыны нæ, фæлæ йе ‘цæг, æнусон бынаты – Хуыцауы цъуппыл! Уый та у Секъайы поэзийы феноментæй иу. Йæ табуйаг хъайтар æрхæндæг нæ ныцци, фæлæ – «ныддур и», æрмæст бæстæн нæ, фæлæ – «талынг бæстæн», æрмæст цæлхыдзаг мæй нæ, фæлæ «ирд цæлхыдзаг мæй»...

Нæ цæстытыл ауайын кæнæм, ирд цæлхыдзаг мæймæ куыд æрттивдзæн «нæ сау хох бæстæ»!

Нæ Ирыстонæн абон дæр афтæ у Къостайы рухс, æмæ йæ уый исы бæрзонд – уæларвмæ.

Секъа уыцы мароймæ йæ куырыхон зондæй æмбæрста, кæйнæуал нæм ис Къостайы æмсæр лæг. Стæй нæм тагъд кæй нал уыдзæнис. Нæ фæтæг фæхицæн йæ уарзон бæстæй. «Фехæлдысты уымæн йæ хорз фæндæгтæ». Нал нæм ис, «кæмæн ма фæдзурæм нæ сонт ныхæстæ». Мæлæт нын ныххæлдта нæ зонды мæсыг.

---

[1] Газет «Рæстдзинад», 2001, хуымгæнæны мæйы 21-æм бон.
[2] Уый дæр уым.

Секъайы куырыхон зонд уымæн кæрды:

*Уæуу, нæ хъал лæппутæ*
*Бæрзондæй кæсынц, –*
*Тæрсын, куы фехæла*
*Нæ номы гæнах.*
*Нæ тæрхонтæ та*
*Хæппæй дæр тæрсынц,*
*Ничиуал сæ кæны*
*Нароны гæрах.*

*Махмæ сарæх ис*
*Сусæг дывзагон;*
*Знагау, нал уарзæм*
*Кæрæдзийы цард.*
*Хæрæгау нæм уасы*
*Фыдбоны халон,*
*Уæддæр ма нæ зонæм*
*Нæ судзаджы мард.*

Фыдбоны халон нæм фондзыссæдз азы размæйæ абон тынгдæр уасы хæрæгау. Фæлæ ирон лæгæн иу сенæй сен никуы уыдис. Иу хатт ныл дур кæцæй рахауы, уым зæд бады, фенхъæлæм, æмæ та дзы ногæй фыддæрæй басудзæм.

Секъа раст зæгъы: «Нæ зонæм нæ судзаджы мард». Поэт нæм уымæн сиды:

*Ма ферох кæнæм, ма,*
*Нæ хорз фыды ‘взаг,*
*Цæмæй ма фесæфа*
*Нæ мыггаджы кой!*
*Базонæм нæ хæстæг*
*Йе нæ фыды знаг.*
*Къуылыхæй слæууæм*
*Нæ лæдзæджы ‘нцой.*

*Ныззарæм æмбырдæй*
*Иунæджы зарæг!*
*Радзурæм зарджыты*
*Зæрдæхалæн дзырд.*

*Ракæнæм фæндырæй*
*Сагъæсты хъарæг,*
*Скæнæм Къостайæн*
*Номхæссæны цырт.*

Уыдæттæ нæ бон бауыдзысты, æцæгæй нæ удты куы «скæнæм Къостайæн номхæссæны цырт», йæ ном нын æцæг куы суа тырысайы хуызæн.

Къостайы фарн кæмæ фæхæццæ, йæ арфæйы дзырдæй йæ зæрдæ чи батавта, йæ тохы хъæр кæмæ хъуыст, уыдонæн рагæй ссис номы тырыса. Уыдон ын Секъайау, йæ кад бæрзондмæ исгæйæ, цыт кодтой æмæ цыт кæнынц сæхицæн дæр, сæ адæмæн дæр, сæ Фыдыбæстæйæн дæр. Къостайы гениалондзинадæй сæ алчидæр сæрыстыр уыд æмæ у. алчидæр сæ йæ уыдта æмæ уыны стырæй, фæлæ – йæхирдыгонау.

Поэт йæ Хуыцауыхайы хуызæн поэты уарзтыл йæ удæгасæй, стæй йæ мæлæты тыххæй йæ тæвдыл цы рæнхъытæ ныффыста, уыдон хицæн кæнынц, фæстагмæ йæм кæй бафтыдта, уыцы строфатæй. Къостайы амæлæтыл сагъæс кæнгæйæ, Секъайы зæрдæ æмæ зондæй цы фыдохы дзырдтæ рантыстысты, уыдон змæлын кæнынц адæймаджы æнкъарæнтæ.

Æфтауынц нæ Ирыстоны кад æмæ цыты фесæфты тыххæй сагъæсыл:

*Тыхуадæй ныссæттынц*
*Нæ хорз бæлæстæ,*
*Уромын нæ комы*
*Нæ тæвд цæстысыг.*
*Кæмæн ма фæдзурæм*
*Нæ сонт ныхæстæ?*
*Мæлæт нын ныххæлдта*
*Нæ зонды мæсыг...*

Стæй кæронæй:

*Рухсаг у, рухсаг,*
*Нæ бон æндæр циу?*
*Дунеты хорз лæг*
*Рæстдзинадыл мард.*

*Атæх æмæ фест*
*Рухс дзæнæты цъиу,*
*Ацы дунетыл*
*Нæ амæлдзæн дæ кад.*

Бирæ хæттыты нæ фæтагъд кæнæм, нæ фæстагæттæн цы хъуамæ ныууадзæм, уыдæттыл. Кæд, нæхицæн амæлын æнхъæл нæ вæййæм, уый тыххæй? Чи зоны, не 'нæмæты аххос дæр у?

Къостайæн Секъайы зæрдæйы цы стыр, зæгъин ма, цы æгæрон стыр бынат уыдис, уый публицистикæйы кæнæ литературон уацы хуызы зæрдæйы фæндиагæй кæй нæ ныууагъта, уый, уæлдæр цы æфсæнтты кой скодтон, уыдонмæ хауа, ууыл мæ ничи бауæндын кæндзæнис. Нæдæр мæ, бауырна, уый фæнды.

Мæнмæ гæсгæ, сæ ныффыссыныл уымæн никуы афæлвæрдта, æмæ йын стыр кад кæй кодта, зæды бынаты йæ кæй æвæрдта, йæхи Къостайы бæрзæндмæ кæй нæ ивæзта. Уый цыма уыдис йæ аххосаг. Æвæццæгæн, йæхимæ нæ хатыд уыйбæрц хъару — стыр æмæ уæздан лæг фылдæр хатт къæмдзæстыгæнаг вæййы. Афтæмæй нын нæ раздзоджы тыххæй, зæгъгæ, йæ зæрдæйы æвæрæнтæ раргом кодта, уæд дзы цас диссæгтæ фениккам.

Æрмæстдæр æй Къостайы æнафоны мæлæты тыххæй сдзурын кодта зæрдæбынæй йе стыр маст. Сдзурын æй кодта поэты æвзагæй. «Фæдис» («Къоста») рацарæзта фыдохы зæрдæйы уагыл, бакуыста йыл уыйфæстæ æмæ нын фенын кодта, «нæ талынг бæстæн» «ирд цæлхыдзаг мæй» чи уыд, нæ уыцы генийы цæсгом.

Йæ дыккаг æмдзæвгæ, — «Къостайы цырты раз», — аивадон æгъдауæй фыццаджы бæрзæндмæ не схызт. Фæлæ, не 'цæг адæмон фыссæг Секъайы фыст кæй у, стæй йæ Къостайы табæты уæлхъус кæй каст, уый тыххæй нæ зæрдæтæм уæлдай æввахсдæр лæууы. Афтæмæй 1981-æм азмæ рухс нæ федта.

Æмдзæвгæ стыр нæу. Æдæппæт фондз строфайы. Уый тыххæй йæ æрхæссæм æнæхъæнæй:

*Рухсаг у, бафыстай дæ хæс,*
*Мæрдты дæ бынат уæд дзæнæт,*
*Дардыл хъуыст дæ кæуынхъæлæс,*
*Уæлæуыл фæкодтай нæ мæт.*

*Сабитæн ызнагæй тарстæ,*
*Нæ бæстæй куы ныууой хæлиу.*
*Фыдгултæн сæ фæндмæ кастæ,*
*Ды дæр сæм сарæзтай дæ риу.*

*Дæ уд, дæ зæрдæ ныббастай*
*Сæрибар царды нывондæн,*
*Æнæхæлгæ цырт ныссагътай*
*Нæ Иры кады сбæрзондæн.*

*Бæргæ ма тонæм нæ фæрстæ,*
*Бæргæ ма агурæм æгъдау,*
*Фæлæ сагъæссаг – нæ бæстæ,*
*Дæ хуызæн кæм нал ис фыййау.*

*Бæргæ фæсивæд дæу фæзмынц,*
*Бæргæ сын ныууагътай хъуыддаг,*
*Рухсаг дын Ирыстон зæгъынц,*
*Рухсмæ нын сарæзтай фæндаг.*[1]

Зæххон хъуыдытæ, зæххон дзуринæгтæ зæххон адæймаджы тыххæй. Фæлæ, æвæццæгæн, авторæн йæхи зæрдæмæ дæр нæ цыд, йæ тæвдæй йæ цы афыста, æндæр. Куыд æмбæлы, афтæ йыл кусгæ дæр уымæн нæ бакодта. Нæдæр æй йе 'мбырдгæндтæм бахаста. Фæлæ, куы йæ загътон, махæн зынаргъ у, Секъа йæ Къостайы амæлæтыл кæй снывæста, уый тыххæй.

Къоста нæ адæмæн басгуыхт куырыхон зонды хицауæй, пахуымпарæй. Радта нын зæлланггæнаг фæндыр. Адæм дзы уымæн загътой сæхицæн аккаг хъæбул. Йæ ном уымæн ныхъхъæр и дардыл. Уымæн нын сси зæды хуызæн.

Адæмæн ахæм хъæбул чи басгуыхы, уый номимæ фæбæттынц се 'ппæт цинтæ. Къоста буарæй куы ахицæн йæ раттæг адæмæй, зарæг ыл куы скодтой, уæд, сæ уды рис ралæмаргæйæ, уымæн ныхъхъæр кодтой, уымæн æй схуыдтой – «революцион», «не 'ппæты Къоста», «мæгуырты Къо-

---

[1] Гæдиаты Секъа. Азау. Дзæуджыхъæу, 1981, 355 – 356-æм фæрстæ.

ста», «адæмты Къоста, «нæ уарзон», «рухсаджы Къоста», æмæ «мæгуыр адæмæн нын ахуырмæ фæндаг скодта», «Ды махæн сарæзтай фыццаг ирон скъола», æмæ йын фæллойгæнджытæ йæ номыл сарæзтой сау цырт.[1]

Уый уыд адæмы маст. Уый уыд æнæхъæн нацийы хъынцъым, фыдох. Фыдохы уыдысты Иры дзыллæ. Сæ цæссыг цыд леуахитæй. Сæ уды рис зæххæн уæз кодта. Фæстæдæр, – авд æмæ æртиссæдз азы фæстæ, – поэт Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн фыста: «Рæстæгмæ куыстдзагъд лæгау куы 'рхуыссыдтæ, мæрдвынæй куы бадæ, – Лабæйы дæ бавæрдтой, устытæ сау кæрдæнтæ бабастой. Фæлæ дæ уыйфæстæ скъахтой фæстæмæ дæ иубæстон адæм, Æмæ дæ Дзæуджыхъæумæ раластой, рахастой. Ды нæ цыдтæ иу сыджытæй иннæмæ, ингæнæй – ингæнмæ, Дæ цардвæндаг нæ амыдта уæлмæрдты дуртæм. Ды цыдтæ – рæстæгмæ мæрдвынæй – цыдтæ фидæнмæ, Алы æвзæгтæм, мыггæгтæм, фæлтæрты цæрдудтæм. Цыдтæ. Дæ фæдыл цас адæм цыд! Зæхх сæ уæзæй гæлиртæ куыд не сси. Оххытæ, оффытæ: «Ахæм лæг амæлæд, – ма уæд!»...Уыцы æгомыг, хъæрахстгæнæг хъарæг – фыдохы процесси Рацыд хохрагъау, разæй – йæ бæрзæнд – дæ табæт».[2]

Уый æцæг дзыллæйы маст уыд. Æмæ алчидæр мысыд поэты гениалон хъуыддæгтæ, йæ цард, йæ тох. Уыдон сæ æфтыдтой алыхуызон хъуыдытыл.

Уый афтæ хъуамæ уыдаид. 1905–1907-æм азты революцион хъуыды æнæхъæн Уæрæсейы фыхтис. Пæлхъ-пæлхъ кодта. Абухти фæйнæрдæм. Уый цы тыхæй змæлыд, уыцы тых хъазыд Къостайы уæнгты. Уый, революци, цы аразынмæ хъавыд, уый уыдис Къостайы бæллиц дæр. Йæ царды æппынæдзух уымæ тырныдта. Ирыстоны тæрхоны лæгты йæ мастæй, йæ аивадæй йедзаг æмдзæвгæ «Додой»-ы зæйæн уый тыххæй ласын кодта.

Уыцы хъуыддаг йе 'мдугон, революцион зондыл хæст поэт æмæ публицист Цæголты Георги æгæр хорз дæр зыдта, æмæ уыцы уæззау бонты цы æмдзæвгæ ныффыста, –

---

[1] Авторты коллектив. Ирыстоны кад. Сталинир, 1959, 9 – 10-æм фæрстæ.

[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Биографи. Цхинвал, 1990, 128–129-æм фæрстæ.

«Хетæгкаты Къостайы ингæны уæлхъус»,[1] – уым ныфсджынæй зæгъы, зæгъгæ, ныр æфхæрд, цагъар Уырысы уалдзæг тагъд æрхæсдзæнис фидæны рухс бонты таг æмæ, зæгъгæ, нæ развæлгъауы цин хъуысы мæргъты зарды дæр:

*Мах фæзилæны стæм... Стыр уылæн нæ сисдзæн,*
*Нæ бæллиц донбылтæм мах рахæсдзæнис тагъд,*
*Нæй уым рæхыстæ, ‘фхæрд, нæ рухс аргъуаны систæ*
*Нæ сæтдзæн уым лæгмарæджы цъыф къах.*

(Уырыссаг æвзагæй Гафезы ивд)

Æмæ катай кæны поэт, уыцы рухс фидæн кæй нал фендзæн нæ раздзог. Хъыгагæн, уый нал æрæййæфта уæлахизы бон. Афтæмæй йæ бæллиц æппынæдзух уыдис адæмы рухс фидæн. Æмæ тыхсы Цæголы фырт:

*Куыд æм бæллыдтæ ды!.. Цахæм æнувыд уарзтæй,*
*Цахæм стыр ныфсæй зæлы дæ нæргæ стих!*
*Дæддæй, сæрибармæ куыд бæллыдтæ, куыд кастæ! –*
*Фæндыры зæлтимæ дæ кувын дæр ысиу.*

*Дæ сæр ын уыд нывонд, дæ сыгъдæг цард ын радтай, –*
*Уыдтæ æмбæстаг ды, поэт æмæ салдат.*
*Ныфсджын, æхсарджынæй хæцынмæ заргæ уадтæ,*
*Дæ фæстæ карз тохмæ нæ уыд бырсæг дæр хатт.*

*Куыд тынг фæндыди дæу, цæмæй зынг хур ыскæса*
*Дæ райгуырæн бæстыл, цæмæй фæлидза тар;*
*Цæмæй цагъайраджы уæззау æфсондз ныссæтта,*
*Цæмæй фæхæсса уад нæ фыдмæстытæ дард.*

Адæмон «Хетæгкаты Къостайы зарæджы» дæр алы куплеты фæстæ номы размæ бæрæггæнæг дзырд уарзгæйæ ивынæй дарддæр(«не ‘ппæты Къоста», «мæгуырты Къоста», «адæмты Къоста», «рухсаджы Къоста») рефрены хуызы уымæн цæуы:

*Гъей, революцион, ой!*
*Гъей, адæмты Къоста!*
*Гъей, сæрибар!*

---

[1] Авторты коллектив. Ирон литературæ, 1-аг хай. Дзæуджыхъæу, 1982, 235-æм фарс.

Фæлæ Георгийы катай, Ирыстоны цæугæ хох æмæ лæугæ мæсыг кæй рафæлдæхт, уымæй дарддæр ма ууыл уыдис, æмæ поэт иууыл тынгдæр кæмæ бæллыд, æнувыд уарзтæй кæй уарзта, йæ хъандзал æмдзæвгæтæ кæй ныфсæй нæрынц, йæ сæр нывондæн кæмæн хаста, ныфсджын, æхсарджынæй кæй салдат уыд, æмæ иунæг хатт дæр кæд нæ фæстæ ничи рацыд, уæддæр-иу тохмæ кæй сæрвæлтау уадис заргæ, уый — сæрибардзинад кæй нал æрæййæфта:

*Фæлæ нæ фендзынæ ды уыцы цард рæстаг бон...*
*Нæ фендзынæ ды уый, кæмæ бæллыдтæ ‘дзух...*
*Дæ ингæнмæ нæ ныхъхъуысдзæн дæ фæндон —*
*Уæццæ хабар — мæйдар æхсæв ысрухс.*

Уырыссагау ноджы бæлвырддæрæй зыны: «Ты посвятил ей жизнь, всю жизнь свою святую». Цæмæй дæ цард «святой» уа, уый тыххæй фыццаджы-фыццаг дæхæдæг хъуамæ уай «святой». Сыгъдæгудтæ та сты зæдтæ. Æмæ Къоста йæ сыгъдæг удæй бæллыд, цæмæй йæ райгуырæн бæстыл скæса зынг хур æмæ фæсура тары, цæмæй саст æрцæуа цагъайраджы уæззау æфсондз, цæмæй йын революцийы уад фæхæсса дард йæ раттæг адæмы фыдмæстытæ, æмæ сулæфой сæ риуты ‘мбæрц, мауал æййафой æфхæрд æмæ маст, рухсмæ се уæнгтæ айвазой сæ зæрдæйы фæндиаг.

*Цас тардæр уыд æхсæв, цас цард уыди æнкъарддæр,*
*Цас тынгдæр ды сыгъдтæ, уас тагъддæр уыд дæ цыд.*
*Уæндонæй басидтæ тох, амонды фæндагмæ*
*Дæ мæгуыр адæммæ, дæ мæгуыр хъæумæ ды!*

Ам цæвиттонæн æрхæссæм, автор æй уырыссаг æвзагыл йæхæдæг куыд загъта, уый. Тæлмацы йæ хъуыды, хъыгагæн, бынтон ирдæй нæ разынд:

*Зачем же рано так сгорела жизнь святая?*
*Зачем могильный крест?.. Зачем не с нами ты?*
*Да где же правда здесь?.. Зачем судьба слепая*
*Разит все лучшее с холодной высоты?*[1]

---

[1] Цаголов Георгий. Избранное. Владикавказ, 1959, 19-æм фарс.

Ам дæр та – «жизнь святая». Уый æнæнхъæлæджы нæу. Георги Къостайы цард æцæг сыгъдæг уды цардыл кæй нымадта æмæ уыимæ поэт йæхæдæг сыгъдæг уд кæй уыдис, уый дызæрдыггаг нæу.

Чырысти йæхи адæмы сæрвæлтау куыд рауæлдай кодта, афтæ Къоста тары сыгъд, цæмæй йæ мæгуыр адæм уыдтаиккой сæ развæд. Уымæй дæр, цард куыд тардæр кодта, афтæ уый та сыгъдис тынгдæр.

Тынгдæр кæй сыгъдис, тынгдæр кæй рыст, уый та йæ æркодта æнафоны мæлæтмæ, æмæ кæд удæгæстæн дзуары хуызæнæй баззад, уæддæр нал ис махимæ, нæ куырм хъысмæт нын фесæфта, хорзæй нæм цы уыдис, уый. Цæголты Георги йе 'мдзæвгæйы кæрон зæрдæрисгæйæ уымæн хæры ард поэты ингæны уæлхъус:

*Хæрзбон, нæхи Къоста... Мах ард хæрæм дæ номæй,*
*Нæ бæстæ уарздзыстæм, уыдзыстæм ын хæстхъом.*
*Æмæ йын кусдзыстæм зæрдæбынæй, уæнгрогæй,*
*Кæдмæ нæм уа æхсар... Хæрзбон, Къоста, хæрзбон!..*

Уыдон сур ныхæстæ, иу лæджы хъуыдытæ нæ уыдысты. Ирыстон чи уарзта, йæ рисæй чи рыст, йæ цинæй чи цард, Къостайы чи зыдта, уыдон се 'ппæт дæр афтæ хъуыды кодтой æмæ афтæ хъуыды кæнынц. Уымæн æмæ Къоста нæ царды дæр æмæ нæ тохы дæр уыд æмæ у нæ тырысайы хуызæн, йæ зондæй уыдыстæм æмæ стæм зондджын, уыдис æмæ нын у царды хъыбыллæ (компас), нæ развæд нын амоны. Йæ ингæны уæлхъус лæугæйæ, уый тыххæй кæны Георги революцион хъуыдытæ, тохы тырысайыл хæцæгау, уымæн хæры ард. Уымæн æндæр гæнæн нæ уыд. Поэт æмæ литературæиртасæг Дзуццаты Хадзы-Мурат уый тыххæй загъта:«Ирон литературæ – нæ адæмы уды культурæйы ахъаззагдæр инструмент кæддæриддæр йæхи нывонд кодта нæ адæмы хъысмæты иууыл ахсджиагдæр историон цаутæн, фæфæлдæхтытæн, проблемæтæн».[1]

Уыцы хъуыддаг ирдæй разынд, Къостайы табæты уæлхъус нæ поэттæ цы фыдохы æмдзæвгæтæ кастысты, уыдо-

[1] Д з у ц ц а т ы   Х а д з ы - М у р а т. Бæрндзинад. Цхинвал, 1976, 5–6-æм фæрстæ.

ны дæр. Адæм сыл тынгдæр уымæн калдтой сæ цæссыг, æмæ сæхи хъуыды æвдисæг дæр кæй уыдысты. Ælборты Хадзы-Умар уымæн зæгъы: «Къостайы тыххæй абоны онг нæ поэттæ, нæ фысджытæ цы уацмыстæ ныффыстой, уыдонæй ныр рауадаид томтæ, фæлæ се 'хсæн Гæдиаты Секъайы, Цæголты Георгийы æмæ уыдонимæ Ælборты Барысбийы æмдзæвгæтæ ахсдзысты уæлдай æрттивагдæр бынат, куыд фыццаг уацмыстæ, комкоммæ Къостайы амæлæтыл хъынцъым кæныны рæстæджы фыст æмæ йæ ингæны былыл каст æрцæуæг, афтæ, æндæр ад нын кæндзысты, æндæр æнкъарæнтимæ кæсдзыстæм уыдон».[1]

Ирон аив литературæмæ Къостайы фæлгонц сыгъдæгуд, зæдæй раст, Гæдиаты Секъа, Цæголты Георги æмæ Ælборты Барысби поэты ныгæнæн бон йæ табæты уæлхъус кæй кастысты, уыцы æмдзæвгæтæй æрбацыд, кæд ахæм хъуыды æрмæст уыдонмæ не 'взæрд, уæддæр.

Зæгъæм, уыцы хъынцъымы бон хуссайраг ирæтты номæй ныхасы дзырдæуыд. Къоста æнæмæлгæ у æмæ йыл кæуын нæ хъæуы. «Кæуинаг мах нæхæдæг ыстæм æмæ уыдзыстæм. Уый нын цы сарæзта æмæ бафæдзæхста, уый куы фесафæм æмæ куынæ сæххæст кæнæм, уæд».[2]

Фæлæ Къоста æнæмæлгæ, сыгъдæгуд кæй у, уый фыццаг ирон поэзимæ бахастой Гæдиаты Секъа, Цæголты Георги æмæ Ælборты Барысби.

Хуыцауы бафæндыд, цæмæй нын хорз ракодтаид, æмæ нын радта Къостайы.

Нæ гени, нæ сæрхъызойы фæлгонц дарддæр куыд рæзт ирон литературæйы классикты сфæлдыстады, уыимæ та базонгæ уыдзыстæм дарддæр.

---

[1] Ælборты Хадзы-Умар. Ælборты Барысби. Цхинвал, 1986, 24-æм фарс.

[2] Коста в жизни. Цхинвал, 1989, 374-æм фарс.

## Цыппæрæм сæр

## «ИРОН АДÆМЫ ХУР»

Адæм æцæг адæм уæд свæййынц, иу боны цинæй, иу боны тыххæй куынæ фæцæрынц, фæлæ сæ бæллиц куы разыны стыр цыдæр кæнæ стыр чидæр. Уый рухсмæ цæугæйæ фенынц сæ фæндаг дæр, сæ хъысмæт дæр, сæ фидæн дæр.

Нæ ирон адæм фыдæй-фыртмæ тырныдтой Хурмæ, табу кодтой Хурæн, сæхи хуыдтой Хуры хъæбултæ.

Уый хуымæтæджы нæу. Ирон уд æмæ ирон хъуыдыйы Хурæй бæрзонддæр, Хурæй рæсугъддæр, Хурæй тыхджындæр ницы уыд æмæ ницы ис. Иугæр афтæ у, уæд ын табу хъæуы, хи сыгъдæг, рæсугъд æмæ бæрзонд кæнгæйæ. Ирон адæмæй нырмæ цас зонæм, уымæй уыцы ном, зæххон Хуры ном æрхаудта æрмæстдæр иу адæймагмæ – Хетæджы нæртон гуырд Къостамæ.

Ирон зонады куырыхондæр минæвар, æнæхъæн дунеон ахуырады æрдхæрæйнаг чи фæцис, уыцы Абайты Васойæн загътой, зæгъгæ, ирон адæмæн ды дæ сæ хур. Уый фæхъыг æмæ афтæ, ома хур иу у, æмæ ирон адæмы хур у Къоста. Æцæг хурыл æй нымадта: «Къоста у ирон адæмы Хур. Хур адæмы куыд тавы, афтæ Къостайы фæрцы ирон адæмы дæр батавта хур: уый фæрцы рацыд размæ».[1]

Иугæр афтæ у, – уый та дызæрдыггаг нæу, – уæд ахæм адæймаг зæххон зæд вæййы. Зæдæн хъæуы табу кæнын, æмæ ирон поэзийы йæ фæлгонц зæды хуызæнæй æнæнхъæлæджы нæ сæвзæрд.

Абон дæр йæ коймæ сæрыстырæй фестъæлфæм. Йæ гениалондзинадыл ын æнусты фæстæ дæр дисæй мæлæм. Къостайы фæдон, нæ иууыл стырдæр адæймаг Абайты Васо уымæн загъта: «...я не перестаю восхищаться Коста, его

[1] Чибиров Л.А. Встречи с Васо Абаевым. Владикавказ, 2000, 20-æм фарс.

личностью, его гением, его творческим подвигом. Основоположник нашей литературы стал вместе с тем ее сияющей вершиной. Перечитывая «Ирон фæндыр», я снова и снова открываю новые грани, новые совершенства, новые жемчужины в этой, такой небольшой по объему книге. Вот поистине к месту русская поговорка: мал золотник, да дорог».[1]

О, хох дардмæ хуыздæр зыны. Фæлæ Къоста кæмæ сидт:«Рауай-ма, рауай, нæ фыййау, нæ фæстæ», уыцы фыййау дæр йæхæдæг уыд. Ирон адæмы цы арфæйы дзырд хъуамæ рамбырд кодтаид, уый дæр йæхицæй цыд. Уый тыххæй йæ, дардмæ уа æви æввахсмæ, Мамсыраты Темырболаты загъдау, æмбаргæ адæймаджы зонады цæст ма æрцахстаид, уый гæнæн нæ уыд. Фæлæ нын Хуыцау кæй радта, уыцы зæды фæдзæхстытæ нæ бон сæххæст кæнын бауаид, Секъайы фæндон куы бафтид нæ къухы, уæд: æмбæлы «иунæджы зарæг» ныккæнын, зарджыты зæрдæхалæн дзырд зæгъын, «Къостайæн номхæссæны цырт» скæнын.

Фæлæ уыдон саразынæн æрмæст фæндон фаг нæу. Сæ сæххæст кæнын домы уæйыджы тых, бадт зонд æмæ парахат зæрдæ. Мæгуыр нæ бон, махмæ уыдон нæ разынынц. Æгæр-мæгуыр, Къоста нын зæд кæй у, уый нæ айрох йæ ныгæнæн боны фæстæ. Уыцы номæй ма йæм бадзырдта æрмæст Æрнигон Илас. Йæ лыстæн фæлмæн кæмæн у, йæ буц фын – даргъ, уымæн зæндтæ амонгæйæ, фæдзæхсы:

*Нæ зæды ныхæстæ*
*Зæрдæбынæй зæгъ:*
*«Мæ райгуырæн бæстæ,*
*Мæ фыдæлты зæхх!»*

*Зæрдæнизæн хъусын*
*Дæ риуæй хъæрзын.*
*Дæ хорз номыл кусын,*
*Фыртæн дын бæззын.*[2]

(«Фæлмæн у дæ лыстæн»)

---

[1] Абаев В. И. Избранные труды. Т 1, Владикавказ, 1990, 555-æм фарс.
[2] Æрнигон Илас. Æрымыс-иу мæн. Дзæуджыхъæу, 1979, 12-æм фарс.

«Зæд», – чи зоны, растдæр уаид «табуйаг ном» зæгъын,– æнæнхъæлæджы нæ сирвæзт Æрнигонæй. Къостайы æнæдызæрдыгæй æвæрдта зæды бынаты. Хуымæтæджы дзы нæ зæгъы афтæ: «Æгас Ирыстоны ныхма авдæнæй ахæм гуырд нæма рацыди, Къостайы хуызæн мæгуыр фæллойгæнæг адæм æмхуызонæй афтæ зæрдиагæй кæмæ ныхъхъуыстой æмæ афтæ кæй бауарзтой. «Нæ Иры ахсджиаг хъæбул», «нæ хуыздæр», «нæ иунæг», – ахæм нæмттæй хуыдтой Къостайы Ирыстоны фæллойгæнæг адæм.[1]

Къостамæ Æрнигон Иласы уыцы зæрдæйы уаджы тыххæй поэт Хъодзаты Æхсар зæгъы, «Къостайы ном Иласæн тырысайау кæй уыди, уый чиныгкæсæг æнцонæй рахатдзæни. «Фæлмæн у дæ лыстæн», зæгъгæ, уыцы æмдзæвгæйы автор Къостайы хоны зæд æмæ йæ кæстæрæн фæдзæхсы, цæмæй Ирæн уа аккаг хъæбул, цæмæй Къостайы ныхæстæ фæндагсарæн хæсса йæ риуы. Æрнигон Къостамæ цы зæрдæ дардта, уый бæрæг у йæ уац «Адæмы лæг»-æй дæр (1935 аз): «Къостайы зарджытæ сызмæлын кодтой адæмы туг, ссыгътой сын сæ зæрдæты фæдзæхстдзинады арт алыхуызон хæддзу æлдæртты ныхмæ.

Къостайы зæрдæхалæн хъарæг «Додой» æртхъирæны додой сси ирон адæмы дзыхы. Къоста йæ зарджытæй феххуыс кодта Ирыстоны фæллойгæнæг адæмæн сæ цæстытæй сæ ракæсын кæнынæн, сæ кълассон иудзинад бамбарыны фæндагыл бафтынæн».[2]

Æхсар раст бафиппайдта:«Къостайы ном Иласæн тырысайау кæй уыди». Стæй æрмæст Иласæн нæ. Нæ адæмæн нæ хуыздæры амæлæты фæстæ сæ судзаг рис куы æрбадт, уæд сæм Къоста ахсын райдыдта йе 'цæг бынат, ома зæххон адæймаджы бынат. Къостайы уды фарнæй хайджын чи фæцис, йæ арфæйы дзырд кæмæ бандæвта, йæ тохы хъæр ын чи фехъуыста, уыдонæн, Секъайау, Георгийау, Æрнигонау, рагæй сси тохы тырыса. Къостайы ном бæрзонд хæс-

[1] Æрнигон Илас. Æрымыс-иу мæн. Дзæуджыхъæу, 1979, 12-æм фарс.

[2] Хъодзаты Æхсар. Æрнигон æмæ йæ лирикæ. Кæс чиныг: Æрнигон Илас. Æрымыс-иу мæн. Дзæуджыхъæу, 1979, 88-æм фарс.

гæйæ, кад кодтой æмæ кæнынц сæхицæн дæр, сæ адæмæн дæр, сæ Фыдыбæстæйæн дæр. Фæлæ лæггад дыууæрдæм у. Къостайæн йæ лæггæдтæ æххæстæй фидыны хъуыддаг бирæ цæмæйдæрты баст сты материалон фæрæзтыл. 1909-æм азы йын рухстауæг Дзасохты Гиго йæ чиныг мыхуыры куы рауагъта, уæд чиныджы кæрон поэтæн табугæнджытæм уымæн сидт: «По отношению к покойному поэту свой долг пока исполнила лишь его сестра – Ольга Левановна. В последние трудные минуты жизни Коста больной был всецело на ее попечении и она с честью исполнила все обязанности сестры перед дорогим всей Осетии человеком.

Будем надеяться, что и почитатели Коста не позабудут увековечить память человека, которого долго еще можно будет ставить в пример подрастающему поколению.

Я бы предложил образовать фонд для поставки памятника покойному поэту: этим бы мы исполнили хоть частицу долга перед дорогим всем нам человеком.

Только та нация имеет будущее, которая не забывает своих талантов. Гиго».[1]

Ацы цыбыр хъусынгæнинаг æнæхъæнæй уымæн æрхастон цæвиттонæн, æмæ æрмæст Гигойы, стæй Олгъайы ахаст не 'вдисы Къостамæ, фæлæ бирæ хъуыддæгтыл дзурæг у.

Коцойты Арсен дæр 1926-æм азы газет «Рæстдзинад»-ы фыста:«Къоста уыди Ирыстоны ахсджиагдæр хъæбул»– афтæ дзурынц æппæт ирон адæм. «Къостайы ном æвæринаг у, цырт ын аразын хъæуы» – дзурынц рагæй дæр нæ раздзæуджытæ. Фæлæ хъуыддаг ныры онг йæ бынатæй нæ фенкъуысти».[2]

Цырт ын сæвæрын, йæ ингæнмæ йын, куыд æмбæлы, афтæ зилын, йæ уацмыстæ йын адæммæ хæццæ кæнын æрмæст уыдон сагъæс нæ уыдис. Ам нæ йæ сæр бахъуыд, уыцы зæрдæйы уаг, Къостайæн кад скæныны, цæвиттон дзы исыны зæрдæйы уаг кæй уыд ирон поэзийы дæр.

Уыцы хъуыдыйæн ирд æвдисæн у Токаты Алиханы æмдзæвгæ «Къостайы ингæны уæлхъус»:

---

[1] Х е т а г у р о в  К о с т а. Ростов-на-Дону, 1909, 164-æм фарс.
[2] К о ц о й т ы  А р с е н. Уацмыстæ 2 т. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1972, 239-æм фарс.

*Æз ингæнты ‘хсæн дæ ингæн агуырдтон;*
*Æмæ йæ афтæмæй былгæрон ауыдтон.*
*. . . . . . . . . . . . . . . . . . .*
*Де згæхæрд зæппадзыл æз мæхи бахуыдтон,*
*Æмæ æргом дæ уæлхъус иудзæвгар акуыдтон.*
*Мæ уд мын ингæнмæ ды демæ ахастай,*
*Бирæ зонд, бирæ маст дæр ды уырдæм аластай.*
*Ды тыхджын дæ зондæй – талынджы басастай.*
*Ирæн дæ амардæй ды сæ ныфс асастай.*[1]

Хылмонц критик æмдзæвгæмæ аивадон æгъдауæй æрхæсдзæнис фаутæ – поэт æй мыхуырæввонг не ‘ркодта, фæлæ нын æвдисы царды рæстдзинад, Алихан Къостайы æгæрон уарзтæй кæй уарзта. Чи зоны, мадызæнæгæй дæр ын ахсджиагдæр уыд. Йæ уд ын ингæнмæ хуымæтæджы нæ ахаста йемæ. Къостайы ингæнмæ кæсгæйæ йæ зæрдæ куыд æнкъуысы æмæ йæ цæссыг куыд кæлы, афтæ йæм баризынц мах зæрдæтæ дæр. Æмæ уыцы сагъæс сæйраджы цæуы, нæ хуыздæры, нæ поэты ингæн æнæркаст кæй у, уымæй:

*Рухсаг у, Къоста, дæ «ныстуан» æрцыди æцæг:*
*Ир дæ нал зонынц. Рохуаты дæ ингæн ысуагъта*
*кæрдæг.*
*. . . . . . . . . . . . . . . . . . .*
*Рухсаг у, рухсаг, Ир нал кæны дæ дзырд.*
*Ир, æцæг, дæ загъдау, нал зоны дæ цырт.*

Къостайы ингæнмæ, куыд æмбæлы, ахæм зылд кæй нæ уыдис, уый тыххæй ма Гулуты Андрей 1915-æм азы ныммыхуыр кодта газет «Терек»-ы æмдзæвгæ.

Къостайæн аккаг цырт сæвæрыныл дзуры æдзард поэт Хозиты Яков дæр йе ‘мдзæвгæ «Рох цырты уæпхъус»-ы. Лирикон хъайтар парчы йæ фæллад куы уадзы, уæд фæкомкоммæ «рохгонд цырты дур»-мæ. Фыст ыл уыд, ома «дам, Къостайæн ацы ран искуы цыртдзæвæн уыдзæн». Уый йын базмæлын кодта йæ маст:

---

[1] Т о к а т ы   А л и х а н. Уацмыстæ. Ир, 1973, 236-æм фарс.

*Ау, кæд уый махæн*
*нæ амонд,*
*нæ бартыл*
*Басыгъд*
*ызнæгтимæ тохы*
*зынгау,*
*Абон уæд махæн*
*нæ амондджын царды*
*Уымæн нывыл цырт*
*цæмæн у æвгъау?*
*Æви ма абон дæр*
*исчи кæд хъавы*
*Уый ном къæхты бын кæнынмæ*
*æргом,*
*Æви нæ фæндон*
*æрдумæ нæ дары,*
*Æви цырт саразын нæу, цы, нæ бон.*[1]

Стæй кæронæй зæгъы бардзырды хуызы:

*Æмæ нæ фыссæг,*
*нæ уарзон Къостайæн —*
*Домæм —*
*аккаг цырт*
*рæхджы бон куыд уа!*

Уыдæттæ зæххон адæймаджы сагъæстæ сты. Æмæ ирон поэттæй алчидæр Къостайы гениалондзинадæй кæд сæрыстыр уыд æмæ у, алчидæр æй кæд йæхирдыгонау уыдта æмæ уыны стырæй, уæддæр поэты фæлгонц зæды хуызæй хызт фæтæгмæ, тырныдта тохы тырысайы бынатмæ.

Хъороты Дауытæн кæд «уæларвон стъалыйау æрттывта», срухс и йæ «фæрцы Ирыстон, талынг нын дардмæ» фæсырдта, уæддæр уый уыдис йæ куысты фæрцы, мæлинаг адæймагæн куыд æмбæлы, афтæ:

*Сæрибар цардыл-иу мæлæтмæ*
*Амæлттæй тардтай дæ ных;*

---

[1] Хозиты Яков. Терчы зарджытæ. Дзæуджыхъæу, 1982, 108-æм фарс.

*Гом дын у дуар дзæнæтмæ*
*Уæлæуыл равдыстай дæ тых.*
*Æнусмæ фæцæрдзæни дæ ном, —*
*«Додой» кæй зардзыстæм, уый зон.*[1]

(«Къостайæн»)

Къостайы æнахуыр стыр удыгъæд, æмбисонды курдиат æмæ хъару Дауыты æфтауы дисыл. Дауытмæ гæсгæ, адæмы 'хсæн цæргæйæ, Къоста иннæ адæмы хуызæн нæ уыд, фæлæ æрттывта «уæларвон стъалыйау». Дауыт æй хоны рухстауæг æмæ сæрибарыл тохгæнæг. Дауыт ын ирон адæмы номæй ныфс æвæры, йæ тохы традици йын кæй нæ аппардзысты æмæ йын кæй зардзысты йæ «Додой»,[2] — Дауыты æмдзæвгæ «Къостайæн» аргъгæнгæйæ дзырдта Дзуццаты Хадзы-Мурат.

Къостайæн къаддæр цыт нæ кодта Малиты Георги. 1916-æм азы тæргæйтты мæйы 20-æм бон (зæронд нымадæй), Къостайы амæлæтыл дæс азы кæй сæххæст, уый тыххæй Дзæуджыхъæуы Иры аргъуаны сарæзтой поэты мысæн бон. Сауджын Цомайты Харлампи дзырдта: «Дæхи бæгъæмвад скæн æмæ афтæмæй æрбацу ардæм, ацы бынат сыгъдæг у. — Ацы ныхæстæ раджы кæддæр загъта хуыцау дзутты пахуымпар Мойсейæн, судзгæ къутæры йæм йæхи куы равдыста æмæ йæ минæвар куы 'рвыста фараон-паддзахмæ, уæд.

Бæззынц, хорз адæм, зæгъынæн ацы дзырдтæ абон ирон адæмæн дæр Къостайы ингæны уæлхъус.

Сбæгъæмвад кæн ды дæр, нæ уарзон ирон, дæхи æмæ худистæй æрбацу абон ацы ингæнмæ, дзуары бынмæ цæуæгау».[3]

Уыцы мысæн бон «бæгъæмвадæй», «худистæй» Ирыстоны «дзуары бон» ныхас кодтой æмæ æмдзæвгæтæ дзырдтой Къубалты Алыксандр, Цæголты Георги, Хъороты Дауыт, Туаты Лазо, Абайты Лади, Тотраты Бесæ æмæ æндæртæ.[4] Йе 'мдзæвгæ «Памяти Коста» бакаст Малиты Георги уырыссаг æвзагыл:

[1] Хъороты Дауыт. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1990, 245-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, 11-æм фарс.
[3] Журнал «Чырыстон цард», 1916, №1—2, 29-æм фарс.
[4] Газет «Терек», 1916, тæргæйтты мæйы 23-æм бон.

*Тая в душе свои страданья,*
*О брате меньшем он скорбил,*
*И стих его — души сверканье —*
*Металлом плачущим звенел.*
*Поборник чаяний народа,*
*Он пел, что правда и любовь,*
*И звезд сиянье, и свобода*
*Живут не там, где льется кровь,*
*Что в царство высшего сознанья*
*Нас может ввесть не грубый меч,*
*А мысли творческой созданье,*
*Живая творческая речь.*

Ӕмдзæвгæ фæуд кæны афтæ:

*Умолк, — но стих его певучий*
*В сердцах людей еще звенит,*
*И миру темному сквозь тучи*
*О солнце вечном говорит.*[1]

Зæххон поэтикон уацмыс. Поэт бафыдæбон кодта Ирыстоны аивады кусджыты æмæ ирон адæмы раздзог, кæнæ йæ бирæ поэттæ куыд схуыдтой — зæххон зæды сфæлдыстадæн поэтикон дзырдæй æмбæлон аргъ скæныныл. Уыцы цæстæнгасæй æмдзæвгæйы фыццаг æмæ фæстаг строфатæ фæцыдысты литературæиртасæг Ардасенты Хадзыбатыры зæрдæмæ. Ӕгæрыстæмæй, фыццаг строфайæ зæгъы:«Последние две строки — довольно меткая характеристика поэзии Коста».[2] Фæлæ разы нæу, Георги афтæ кæм дзуры, ома Къоста фыста — рæстдзинад, уарзт æмæ сæрибардзинад, туг кæм кæлы, уым нæ цæрынц, уыимæ.

Рæстдзинад, уарзт æмæ сæрибардзинадæн æцæг нæй бынат, туг леуахитæ кæм кæны, уым. Фæлæ рæстдзинад, уарзт æмæ сæрибардзинады дуне фылдæр хатт, хъыгагæн, ссарæн вæййы хотыхы фæрцы.

Къоста уыдис ахæм тохы фарс, æмæ уый кæд æмдзæвгæйы иннæрдæм фæлдæхтæй цæуы æвдыст, уæддæр дзы уынæм зæххон адæймаджы уарзт зæххон поэтмæ.

[1] Малиты Георги. Ирæф. Дзæуджыхъæу, 1973, 233-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, 289-æм фарс.

Уыйхыгъд Багъæраты Созырæн Хетæджы фырт у тохгæнæг, фæтæг.

Созыр хорз зыдта, Къоста чи уыдис мæгуыр адæмæн. Куыд сын уыд сæрхъызой. Созыр йæ хъуыдыйы, царды агуырдта Къостайы хуызæн раздзог. Бæллыдис ахæм æнæбасæттгæ фæтæгмæ. Афтæ уымæн снды:

*Тох фæдес, – уæхæн гъæрмæ нæ нæртон лæг гæпп*
*кæнидæ æ циртæй.*
*О, нæ лæг, кæми нин дæ, нæ сау тог нин*
*ниуазунцæ хъæзинтæй.*
*Хор фæйдтан, – æ фæууинди нæ цæститæ*
*фæттар æнцæ æ рохсæй.*
*Фун фæцæй, – æ фæуунмæ нæуæг æрдзæги*
*бафтудæй нæ бæрзæй.*
*Æй, уæуухæй, – хуæздæр æнгъæл нæ тайуæгтæн*
*гъезæмарæ,фудæбон.*
*Дор ку н' ан, – нæ берæгътæ сæ фусдзæртти*
*ку кæнунцæ сæ фæндон.*[1]

(«Гъæр»)

Адæмы туг кæм нуазынц, бирæгътæ фысдзæрмттæ кæм дарынц, уым адæмы лæг мæрдты бæстæй йæ цыртæй дæр хъуамæ рагæпп кæна фæдисмæ, уæдæ цы. Созыр дæр уымæн сиды Къостамæ удаистæй:

*Ох, зæгъæн, æнгъæл ма кæсæн дæ циртмæ, –*
*хъæбæр нæ гъæуй дæ сæр.*
*Саст фæцан, – кæми нин дæ, дæ цирти фарс*
*куд нæ тонуй нæ гъæрæй?*
*Тагъд фæдес! Дæумæ кæсæн, ци нин фæдтæ,*
*ислæуерæ дæ циртæй.*
*Арв нæруй, æ тухцæфтæй нæ зæрдитæ*
*ниррезунцæ сæ бунтæй.*
*Арт цæуй, æ циренмæ нæ не знæгтæ фæттæрунцæ*
*тумугъæй.*

---

[1] Багъæрати Созур. Зæрди дуар. Дзæуджыхъæу, 1949, 113-æм фарс.

Æмдзæвгæ у акростих. Рæнхъыты фыццаг дамгъæтæ нысан кæнынц: «Тох фæдес Къоста». Къостайы кадæг «Фатимæ»-йы райдиан дæр акростихæй фыст у. Нæу æнцон фыссæн. Фæлæ поэт йæ раздзоджы ахæм стыр уарзтæй уарзы, ахæм аргъ ын кæны, æмæ æмдзæвгæйы æрмæст йæ зæрдæйы æнкъарæнтæ нæ раныв кодта, фæлæ дзы уынæм йæ зонды æвæрæнтæ дæр.

Созыр хорз зыдта, лæгау-лæгæн йæ мæлæт дæр лæгау-лæджы мæлæт вæййы. Хъизæмары цардæй та мæлæт хуыз-дæр у. Уæддæр йе 'ннæ æмдзæвгæ «Къостай фæсмæрдæ»-йы поэт мысгæйæ катай кæны:

*Нур дæр ма нин ку цардайдæ,*
*Бæргæ нæ гъудæй æ сæр.*
*Уæд абони игъустайдæ*
*Нæ бæрзонд хуæнхтæй æ гъæр,*

*Æ фудæбон æ уарзонтæн*
*Ниххæлар æй сæ фæндон.*
*Æ фæсмæрдæ нæ мæгуртæн*
*Исаккаг æй цæрæнбон.*

*Æ фæсмæрдæ зæрди 'райгæй*
*Æстугути ирæзæн.*
*Нæ фæлмæн цъух зæрди дуар æй,*
*Нæ цъухæй æй имисæн.*[1]

Кæд нæ уарзон хæхтæй йæ тохы хъæр нал хъуысы (æви ныр дæр уый алкæй фæдисæй тынгдæр хъуысы?!), уæд-дæр йæ фыдæбон йæ хæлæрттæн фæхос. Революцимæ, стæй тыхгæнджыты ныхмæ ирон лæг уый ном мысгæйæ фæлæ-гæрды лæгдыхæй. Уыцы хъуыддаг Созырæн æхсызгон кæй уыдис, нæ фæтæджы мысгæ дæр уымæн кодта. Уымæн сæйраг у раздзог. Хорз раздзогимæ тохмæ цæуын æнцон у.

Фæлæ нæ поэзийы зæрингуырдтæй иу, Нигер, Къос-тайы æвæры раздзог, стæй тырысайæ уæлдæр.

Джусойты Нафи афтæ зæгъы:«... уый фæдон уыди, йæ сабибонтæй фæстæмæ йын Къоста уыд иууыл бæрзонддæр авторитет, поэт æмæ раздзоджы идеал».[2] Æмæ иугæр афтæ

---

[1] Б а г ъ æ р а т и   С о з у р. Зæрди дуар. Дзæуджыхъæу, 1949, 108-æм фарс.

[2] Д ж у с о й т ы   Н а ф и. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990, 201-æм фарс.

у, – уый дæсгай хæттыты бафидаргæнæн ис Нигерæн йæхи цард æмæ сфæлдыстадæй, – уæд ын поэты уацмыстыл куыд уыдис æнæ разынгæ? Бæлвырд у йæ поэзийы дæр.

Октябры революцийы фæстæ сæхи равдисын, ног цардаразджытыл сæхи бæттыны тыххæй, «ныхæсты уылæнтæ, æвзаджы хæрз даргъ» чи агуырдта, уыдонæн сæ ных къуыры. Поэзийæ «хъæлдзæг бон ирхæфсæн» чи кæны, дзырдаивадмæ, «бæндæнтыл кафæг» адæмы куыд фæдары хъæлдзæг, уыцы цæстæй чи кæсы, уыдон ын æцæгæлæттæ сты. Уымæн æмæ адæммæ хæстæг нæ лæууынц. Поэзи сæ не ʻндавы. Æндæра уыниккой, нæ адæм цæмæй риссынц, сæ зæрдæты цы маст ис, уыдон чи уыдта, чи сæ æмбæрста æмæ адæмы сæрыл чи тох кодта, йæ уд сын нывондæн чи хаста, уый уыд поэт. «Ныхæсты уылæнтæ» кæй хъæуынц, уыдонæн уайдзæфгæнгæ уый тыххæй зæгъы:

*Уæхуыдтæг нæ уынут нæ адæм, нæ бæсты,*
*Куыд кæсынц нæ хæхтæ хъуынтъызæй бынмæ?*
*Æвæдза, кæд уыдысты кадджын уæ цæсты*
*Нæ адæм, нæ бæстæ фыдæлтæй нырмæ?!*

*Йе, хъустæ кæуыл ис, уый никуы фехъуыста,*
*Цы дзырдта рæсугъдæй мæ размæ фæтæг?*
*Нæ сусæг, нæ фæндтæ æргомæй куы ʻвдыста,*
*Йæ зардæй нæ хæхтыл куы зади кæрдæг.*

*Ныр дæр ма æз хъусын йæ хъæлæс нæ кæмтты,*
*Йæ хъарæг – йæ зарæг мæ хъустыл цæуы.*
*Куы сызмæлын кæны нæ сау дурты цæндты,*
*Куы уынын: идæдз ус йæ сæнттыл кæуы.*[1]

(«Цы дзурон? Куыд зæгъон?..»)

Нигерæн æцæгæлон у «бæндæнтыл кафæг». Уымæн йæ фæндаг раджы бацамыдта йæ фæтæг. Уый фæрцы федта «нæ адæм, нæ бæсты». Уый йын равдыста, цæмæн «кæсынц нæ хæхтæ хъуынтъызæй бынмæ». Нæ йын хъуыдис амонын, фæтæгæн «йæ зардæй нæ хæхтыл куыд зади кæрдæг».

---

[1] Н и г е р. Уацмыстæ 3 томæй. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1966, 75-æм фарс.

Фæтæгæн йæ фæстæ цæугæйæ у. Йæ хъуыддæгтæ дарддæргæнгæйæ сты, æмæ уыцы æвæджиаг хъуыддагыл Нигер нæ исы йæ къух. Уыцы фæндагып – Къостайы фæндагыл цæуынмæ, уый фæзмынмæ сиды иннæтæм дæр. Уымæн æмæ растыл нымайы æрмæстдæр уыцы фæндаг:

*Мах хъарæгæй зарæм. Нæ зарæг зæрдæйы*
*Нæ кæны, æндæртау, æнæмæт, хъæлдзæг.*
*Нæ разы, куы зарæм, уæд дзаг фынг нæ вæййы.*
*Фæлæ – йе бæгъæввад, йе растуд – тыхст лæг.*

*Мах сидæм бæрзондмæ, сыгъдæг буц бынæттæм,*
*Мах райсæм куырм лæджы йæ цъыф бынатæй.*
*Рыст удæн, тыхст удæн мах цъитидон раттæм,*
*Мах сисæм рынчыны йæ хуыссæнуатæй.*

*Фæлладæн йæ уæргътæ мах не 'ккоймæ исæм,*
*Æфхæрдæн ныссæрфæм йæ цæстысыгтæ,*
*Зымæгон бæгъæввад, бæгънæгимæ ризæм.*
*Фæцæгъдæм кæлæгæн йæ ныхы рыгтæ.*

Поэт æрмæстдæр «хъарæгæй зарæм», зæгъгæ, кæй нымайы растыл, уый æндæр дзуринаг у.

Фæтæджы кæй фæзмы, æнувыд ыл кæй у, уый æрмæст раппæлинаг нæу, фæлæ у тæхудиаг. Уый тыххæй нæ дызæрдыг кæнæм Нигеры рæстдзинадыл. Къоста Ирыстоны хъуамæ уа алы ран дæр, алы ироны зæрдæйы дæр. Къостайы ном нæ хъуамæ тæлфа алы ирон æвзаджы алгъыл дæр – афтæ нымайы поэт. Йæ зæрдæйы фæндон адæмы рæгъмæ ахæм хъуыдыйæ хæссы.

Нигермæ гæсгæ, – æмæ йыл æууæндæм, афтæ хъуамæ уа, – ныхасы нæ куырыхон хистæртæ Къостайы кой кæнынц, мæрдадзы адæмыл Къостайы хъарæг хъуысы, фыййæуттæ Къостайы зарджытæ зарынц, сабитæ Къостайы ныхæстæ фæзмынц, чызджытæ Къостайы сагъæстæ мысынц... Афтæ нымайы йе 'мдзæвгæйы – «Цымæ цы дзуры уый ныхасы зæронд лæг?».

Уацмыс дих кæны дыууæ сæйраг хайыл. Фыццаг хайы æхсæз поэтикон рæнхъы цыма риторикон фарстытæ сты:

*Цымæ цы дзуры уый ныхасы зæронд лæг?*
*Цымæ кæй кой кæны кæстæртæн, лæппутæн?*
*Цымæ кæй хъарæг хъуыст мæрдадзы адæмыл?*
*Цымæ кæй зарджытæ зарынц уый фыййæуттæ?*
*Цымæ кæй ныхæстæ фæзмынц уый сабитæ?*
*Цымæ кæй сагъæстæ мысынц нæ чызджытæ?*

Стæй риторикон фарстытæн фыццаг дзуапп кæны риторикон фарстытæй, стæй та, йæ зæрдæйы рæбынæй уарзгæйæ чи цæуынц, уыцы дзырдтæй. Æмæ сæ афтæ равæрдта, афтæ нын сæ дзуры æмæ йыл æууæндæм нæхийау. Уырнынц нæ. Уый та у поэзийы сæйрагдæр, бæллиццагдæр миниуджытæй иу:

*– Ау, æмæ нал зоныс Хетæджы Къостайы?!*
*Уадæмдых, цæхæрцæст, къуылыхкъах Къостайы?!*
*Бавдæл ды, бафæрс хох, комæн йæ уддзæфы, –*
*Уый дын фæдзурдзæни, чи уыди нæртон гуырд.*
*Дидинæджы хъусы ссар ды сæууон æртæх, –*
*Уый дын йæ сурæт дæ цæсты раз авæрдзæн.*

Уыйфæстæ уацмыс схæццæ вæййы йæ кульминацимæ – ома кæд уыдоныл нæ бауæндай, уæд «сæфтау мæ зæрдæ цыргъ хъамайæ, – Разындзæн, бауæнд, Орфей уым æнæмæнгæй!..» Æмæ нæ уырны, иу мур дæр нæ дызæрдыг кæнæм, Къостайæн Нигеры зæрдæйы кæй уыдис стыр бынат.

Æрмæстдæр ахæм рæстæджы ис, нæ кад, нæ ныфс, нæ сæрыстырдзинад æмæ зонды лæджы фæлгонц кæд æххæстæй нæ, – уый тынг зын кæнæ, бынтондæр саразæн кæмæн нæй, ахæм хъуыддаг у, – уæд иувæрсыгæй уæддæр равдисын.

Нигерæн Къоста æрмæст фæтæг нæ уыд, фæлæ æххуысгæнæг дæр. Йæ тыхст дуджы-иу йæхи уымæ æппæрста. Растдæр зæгъгæйæ-иу æм фæфæдис йæхи зонд æмæ зæрдæмæ. Уымæн æмæ, Къоста-фæтæг æппынæдзух цардис уым.

Мидхæсты дуджы Ирыстоны цæвæг марæджы куынæуал зыдта, туджы зæй туджы зæйы фæдыл куы цыд, «саггсур фæсивæд» æфхæрд куы æййæфтой, нæ бæстæйы арæнтæ куы æрбакъуындæджытæ сты æмæ «сау хох бынтондæр куы ныддур», уæд дæр æм уымæн сидт уынгæг-

хъæлæсæй. Хуымæтæджы мæлинаг адæймагæй дзы ницыуал ныфс уыдис, фæлæ зæрдæ æвæрдта фæтæгæй:

*Сыст-ма, нæ фæтæг, дæ сау ныккæндæй,*
*Бахъуыди та нæ дæ сæр мах ныр дæр.*
*Дудгæйæ бадæм дæ уды мæрдæй,*
*Ирыл ысирвæзт сырх зынг...*

*Сыст-ма, фæзын нæм, нæ иунæг фæтæг!*
*Сæфæм æнæ дæу... Сыст тагъд!*
*«Уарзут кæрæдзи, мæ Иры зæнæг!»*
*Иу хатт ма бафæраз загъд.*[1]

(«Къостайы коймæ»)

Номхæссæны гуырд, хъæбатыр, æппæтхъом фæтæг, адæм кæй фæдыл цыдысты æмæ цахæмфæнды уавæры дæр кæй фæдыл ацыдаиккой, уæлахиз сæ къухы кæй фæрцы бафтыдаид, нæ зæрдæты арфы рухсæй кæй фæлгонц дарæм, ахæмæй æвдисы Нигер нæ кады лæг Къостайы.

Ирон поэзийы Къостайы фæлгонц ныв кæныны нæ поэттæм иу миниуæг ис — цыма æмдзырд бакæнынц, уыйау æй сæ иу куыд февдисы, иннæ дæр — афтæ.

Кæй зæгъын æй хъæуы, конкретон адæймагыл фысгæйæ йæ удыгъæд алкæмæн дæр разыны, фæлæ йын ис æндæр аххосаг дæр: над фæндагыл цæуын æнцондæр у. Аивады над фæндагыл цæуын кæд никæмæнма скодта кад, уæддæр нæ фæсайы йæхимæ. Адæймаг зивæггæнаг у. Нæхи æгæр бафæлмæцын кæнæм, уый нæ никæй бафæнды.

Тохгæнæг, æнæрцæф, паддзахы ныхмæ æнауæрдонæй чи хæцыд, ахæмæй уынæм Къостайы Къубалты Алыксандрмæ дæр. Стæй йæм æрмæст аив дзырдæй нæ тох кодта, фæлæ хæцæнгарзæй дæр.

Хъама, уазал хæцæнгарз, цыргъаг у. Адæймаг æй цæмæн саразта æмæ йæ хæстæ цытæ уыдысты, стæй сæ куыд ссæрибар, уыдæттыл дзургæйæ, поэтæй нæ ферох, хъама нæ раздзог Къоста дæр кæй дардта, æмæ зæгъы:

---

[1] Нигер. Уацмыстæ 3 томæй. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1966, 62-æм фарс.

*Уыд, хъама, ныфс дæуæй Къостамæ дæр ыстыр,*
*Æмæ йæ хъахъхъæдтай æмбырды ды фыдлæгæй, –*
*Куы дзырдта уый нæ бартыл уым тызмæгæй,*
*Фыста «Ирон фæндыр»*[1]

(«Хъама»)

Поэт æй символикон хуызы зæгъы, фæлæ нæ цæстытыл куы ауайын кæнæм, æмбырды Къоста йæ хъамайæ куыд цъыччытæ кæны, уый, уæд бæрæг нæу, худынырдæм фæуыдзыстæм æви кæуынырдæм. Фæлæ йæ уæддæр загъта йæхирдыгонау.

Къостайыл æндæр æмдзæвгæ «Къостайы сурæтмæ»-йы та уынæм, тызмæг паддзахимæ кæй хæцыд, уый тыххæй хастæй куыд æрцыд «æфхæрд, рынчын, фыднизæй тыхст»-æй. Афтæмæй дæр ыл цин кодтой. Систой йæ «номыл нуазæнтæ бæрзонд».

*Дзырдтам: «Кæд ис рæсугъддæр хох,*
*Бæстыл сыгъдæгдæр ис нæ дæттæй,*
*Уæд мах ыстæм фыддæр æндæртæй,*
*Æмæ уыдзæн нæ фыссæг рох.*

*Цы ‘рцыд дæуыл? Кæм ис дæ цард*
*Æмæ дæ сахъдзинад фыццаджы?*
*Дæ хъазт, дæ худт лæппуйæ раджы?*
*Фыстытæ ног, æфсæн дæ дзырд?***

Цин ыл кæнынц, ныфсытæ йын æвæрынц, фæлæ уыцы æнæрцæф, тохгæнæг поэт йæ базыртæ æркалы, басæтты æргомæй – «фæци мæнæн мæ базыр саст» æмæ, кæд заргæ нал кæны, уæд цæссыг дæр не згъæлы. Æргомæй зæгъы, йæ зæрдæ йын цы маст æфхæры, уый.

*Фæци мæнæн мæ базыр саст...*
*Нæ зары ныр Къоста, нæ ниуы...*
*Æрмæст фæллад лæгæн йæ риуы...*
*Нырма нæ сихсыди йæ маст...*

---

[1] Къубалты Алыксандр. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1978, 275-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, 290-æм фарс.

*Фæлæ фæцис йæ хъæлдзæг цард...*
*Хæссынц æй ныр дзæгъæл йæ фæндтæ.*
*Йæ сурæт бады уемæ, ‘мгæрттæ, –*
*Йæ ныфс ныппырх... кæмдæрты... дард...*

*Сыгъта мæн иунæг сагъæс ныр, –*
*Кæй нæй фыссæг дыккаг нæ разы,*
*Кæй ном ыссарын зонд фæразы,*
*Кæй къухы ратдзынæн фæндыр...»*

Алыксандр Къостайы æмдугон уыдис. Йæ диссаджы кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ»-йæ адæмыл хъуыстгонд уыд йæ ном. Къоста кæд иу хатт кадæджы тыххæй мæсты, æфхæрæн дзырдтæ загъта йæ фыстæджы, уæддæр бæлвырд у, æхсызгон, дам-иу ын уыдис кадæгæй скъуыддзæгтæм хъусын. Фæлæ Алыксандр йæхи поэтыл кæй нæ нымадта Къостайы цур, уый ацы скъуыддзагæй дæр бæрæг у. Уыимæ нын æвдисы, Къоста æрмæст адæмы æфхæрджыты ныхмæ тохгæнæг кæй нæ уыдис, фæлæ ма йын йæ риу кæй æхсыдта, йæ къухы фæндыр кæмæн раттаид, йæ фæстæ ахæм фыссæг кæй нæ уыдта, уыцы сагъæс.

Цырддзаст чиныгкæсæг æнæфæхатгæ нæ фæуыдзæн, поэтæй цæвиттонтæн цы рæнхъытæ хæссæм, уыдон йе сфæлдыстады мæнæ-мæнæ кæй не ‘рттивынц. Поэтикон æгъдауæй фæлурс сты. Фæлæ сæ бацархайдта Къостайы тыххæй ног цыдæр зæгъыныл. Йæ размæ загъд чи нæма уыдис, ахæм деталтæй йын фæирддæр кодта йæ фæлгонц.

Къостайы цард, йæ тох, йе сфæлдыстад, йæ сурæт нывгæнгæйæ ирон поэттæ иуылдæр сæ удтæ хъардтой æмæ хъарынц Къостайы фæлгонц æххæстдæрæй равдисыныл. Цыма сæ уый, куыд уынæм, афтæмæй бирæты къухы æфтгæ дæр бакодта. Къоста нын æрмæст дзуар, фæтæг, раздзог æмæ ахуыргæнæг нæу, фæлæ царддæттæг, талынгсафæг хур.

Хатт нæ иу хъуыддаг ферох вæййы. Афтæ нæм фæкæсы, цыма Къостайыл фыссæм. Мах та ивгъуыд цард фæбарæм абоны цардимæ. Зæронд цардæй фæхъаст кæнæм. Ныр æфхæрд нал стæм. Кæд нын ницы вæййы, уæддæр «нæ цард нæ къахæй фæассон-ассон кæнæм».

Уый уыд соцзакъаз. Афтæ домдта Компарти аивады кус-

джытæй. Сусæгæй – нæ, æргомæй. Æмæ йæ фысджытæ сæхуыдтæг дæр афтæ фæлхат кодтой. Зæгъæм, Епхиты Тæтæри Къостайы тыххæй йæ уац «Дзыллæйы зæрдæ»-йы дзырдта:«Æмбал Жданов тынг бæлвырд æмæ цæхгæр скарста æмæ алыг кодта советон фысджыты хæстæ, уыдон хъуамæ булæмæргъау царды бæласы къалиутыл ма бадой æмæ сæхи ма ирхæфсой, фæлæ ацæуой æмæ слæууой ног цард аразджыты æмрæнхъ, æмæ сæ фæллойы хай бахæссой ног царды мæсыг амайынмæ. Ирон æмбисондау, чидæр хæрæг уасынæн куыд дардта «аивад-аивадæн»-ы теори дæр уымæй уæлдай нæу: йæхи царды гуылфæнтæй дард ласы. Ацы теорийæн йæ социалон уидæгтæ бæрæг сты: уыдон сты буржуазийы тæппуд æмæ æнæбондзинад».[1]

Цæмæй сæ буржуазийы хъæбултæ ма схуыдтаиккой, уый тыххæй алы ранмæ дæр хастой политикæ. Иуæй-иу фысджытæй зæгъын.

Нæ поэзимæ Къостайы тыххæй, уæлдæр кæй кой скодтон, уыцы хъуыды æрбацыд 20-æм азты. Растдæр зæгъгæйæ та – 1925-æм азы Гулуты Андрейы æмдзæвгæ «Къостайæн»-æй. Андрей нымайы зæронд царды дудгæбæттæ:

*Райгуырæн урс хæхтыл сау мигътæ 'рбадтысты...*
*Баталынг бон.*
*Адæмы хъарджытæн, адæмы тухитæн*
*Нал уыд кæрон.*
*Рацыдтæ иунæгæй... «Додой» ныззарыдтæ, –*
*Федтай зын цард.*
*Знаджы фæндонæй дæм равдыстой дард балцы*
*Топп æмæ кард...*

Уыцы фыдцард поэты æвзонгæй барвыста мæрдтæм. Æмæ йæ кæд уый нал уыны, уæддæр сау боны фæстæ æрцыд бæллиццаг цард. Æмæ йыл цин кæны Гулуйы фырт. Къостамæ дзуры райгæйæ:

*Акæс ныр дунемæ... Акæс, дæ марджытæн*
*Нал ис æнцой.*
*Нал нæм ис паддзæхтæ, нал ис тыхгæнджытæ,*
*Фесæфт сæ кой.*

---

[1] Журнал «Мах дуг», 1947, №;, 30-æм фарс.

*Царды уаг бархийæ аразынц дзыллæтæ –*
*Райстой сæ бар.*
*Махæн нæ быдырты, махæн нæ хæхбæсты*
*Нал ис æлдар!*[2]

Æмдзæвгæйы зыны рæстæджы комулæфт. Къостамæ æрмæст «дард бæсты» нæ равдыстой «топп æмæ кард». Йæ фыдæлты зæххыл дæр æм паддзахы урæд лæгтæ кастысты топпы кæсæнæй. Фæлæ, Андрей цы царды цин кæны, уый хур Къостайы фæрцы дæр кæй ракаст, уый бæрæг у.

Андрейæ иу аз фæстæдæр – 1926-æм азы, поэты амæлæтæй ссæдз азы фæстæ, Барахъты Гино цы æмдзæвгæ ныффыста – «Къостайы номмæ», зæгъгæ, уый дæр у уыцы схемæмæ гæсгæ арæзт. Раздæр, «бæстæ куы смæгуыр ис, дзыллæ куы сæфти», «адæм искæй æхсарæй куы уыдысты рыст», «хæхтæ уæд арыдтой махмæ дæ зарæгæй»:

*Мастæй ныттыппыр дæ адæмы мæтæй...*
*«Рухсаг» мæгуырты мад, мысæм дæ ном!..*
*Æфхæрд лæг рахызти абон къæлæтæй,*
*Нал федтай дзыллæты фервæзæн бон!..*

Гино йæ дзуринæгтæм ногæй бафтыдта æрмæстдæр иу – Къостайы уый рахуыдта мæгуырты мад.

Къостайы райгуырдыл 80 азы бонмæ Боциты Барон сныввæста – «раныхас æмдзæвгæты» «Къостайы ингæны уæлхъус». Поэт нын уырнын кæны, «Нæ урссæр Кавказæй æппæт бæстæм дардыл Къостайы ном айхъуыст рæсугъдæй, фæрнæй, Уый уымæн, æмæ сын дзырдта уый сæ бартыл,– Сæрибар агургæ, сæ сагъæс хъæрæй!..»

Раздæр сæфтыстæм, æмæ Къоста тох кодта нæ бартыл, ныр та хорз цæрæм – ууыл ныффыста 65 рæнхъы. Фæлæ уыцы «хорз» царды, æдас кæй нæ уыдис, уый бæрæг у, æмдзæвгæ æнæхъæнæй «нæ номдзыд хъæбатыр» Къостайы хабæрттыл дзурæг кæй нæу, фæлæ æндæр фæтæджы – «уарзон фыды» кадыл, уымæй:

---

[1] Гулуты Андрей. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1951, 13-æм фарс.

*Ам нал ис, фыццагау, хæддзуйæ ӕлдӕрттæ.*
*Мах фидар рæхыстæй ныр нал ыстæм баст.*
*Нæхи бар, сæрибар ысты ныр нæ сæртæ,*
*Фыдызнаг нæ цæфтæй ӕрцыдис нæм саст!*

*Гъе, уымæн нын абоны бон у ӕвдисæн, –*
*Гъе, уымæн мæ дзырд дæр ӕвдисæн фæуæд!*
*Йæ хъару у бирæ Советон Цæдисæн, –*
*Нæ уарзон фыд Сталин ӕгас нæм цæуæд!!*

*Уый Сталины зондæй ӕрцыдыстæм ардæм,*
*Ирыстоны фыртæн дæттынмæ ӕгъдау!*
*Ӕгас цæуæд се 'ппæт нæ бæстæйы адæм,*
*Хæларæй цæргæйæ, нæ уарзон фыдау!!*

Ӕмдзæвгæ фæуд кæны афтæ – дыууæ хъæры нысанимæ. Фæлæ мæ уæддæр нæ уырны, ирон адæм сæ уарзондæр хъæбулы райгуырды 80 азы юбилеймæ ӕнæ «Сталины зондæй» ма ӕрцыдаиккой. Уыйхыгъд фидарæй ӕууæндын, раздæр ӕвзæр цардыстæм, ныр – хорз, – ахæм хъуыды, стæй аивадон уацмысты ахæм схемæ уыцы «уарзон фыды» хъуыдыйæ кæй равзæрд. Равзæрд ӕмæ нæ зонды бахсыст цæнгæтау. Нæ хæлы абон дæр. Йæ мыхуыр бæрæгæй зыны Къостайыл фыст поэзийы дæр.

Кæй зæгъын ӕй хъæуы, схемæ кæд иу уыдис, уæддæр уацмыстæ иу адæймаджы, ӕмхуызон курдиатджынты къухæй нæ цыдысты. Уымæ гæсгæ сæ нывæст дæр, сæ поэтикæ дæр сты ӕндæр ӕмæ ӕндæрхуызæттæ. Фæлæ уый ӕндæр дзуринаг у. Мах сæйраджы ӕндавы, Къостайы фæлгонц ирон поэзийы куыд ӕвдыст цæуы, уый.

Фæлæ уæддæр, Къостайы ном зæдæй фæтæгмæ, раздзогмæ, мæгуыирты мадмæ хуымæтæджы нæ рахызт. Адæм кæд социалистон цард аразыныл калдтой сæ туг, уæддæр се 'рвылбоны цард уыдис «уæм ӕви ма уæм»-ы сæрыл тох. Ӕмæ сæ уыцы тохы, уæлдайдæр, Фыдыбæстæйы хæсты тохы хъуыдис, кæуыл нæ дызæрдыг кодтаиккой, ахæм раздзог, фæтæг, ӕмæ сын ӕнцондæр уыд Къостайы фæдыл цæуын.

Ахæм цæстæнгасæй уацмысæн куы аргъ кæнæм, уæд

Мамсыраты Дæбе дæр, поэты фæлгонц аразгæйæ, йæ хистæр æмсисонтæй нæ ацыд дарддæр.

Къостайы райгуырдыл 70-æм юбилейон азы цы æмдзæвгæ ныффыста, уым нымайы поэты цард, «куыд райгуырдис Нары, тыххæйты кæм ары мæгуыр лæг йæхицæн къæбæр», куыд цыди уæлыгæс, стæй, куы сфыссæг, уæд куыд куыста, куыд æвдыста йæ адæмы цард:

*Кæй зæрдæ нæ халы,*
*Куыд кæсы, куыд калы*
*Йæ сидзæргæс агмæ цæссыг?*
*Дур аскъуыйдзæн мæстæй,*
*Куы фæуа йæ хъæстæ*
*Йæ мастæн, ныррииздзæн мæсыг.*

*Кæцы лæг нæ азты*
*Нæ фендзæни «Хъазты» —*
*Æппæлаг фыдæлтæн сæ кад?*
*Нæ селфой лæг-рувас*
*Нæма ацыд иуварс,*
*Цæры ма нæ астæу æнцад.*

*Кæнæ райс дæ «Додой».*
*Фыдæфхæрд нæ кодтой*
*Æнусон æлдæрттæ,*
*Сæ ныхмæ нæм сидт.*
*Йæ «Сагъæс», йæ «Катай»*
*Ыстыр ныфс нын радтой,*
*Кæронмæ йæ махæй*
*Кæд исчи хæссид.*[1]

(«Къоста»)

Афтæ нымайы, куыд фыста «Чи дæ», йæ зарæг куыд цыдис «тыхджындæр фæранкæй», фæлæ йыл куыд фæтых фыдцард æмæ «йæ риуы æрмынæг ис арт».

Зына-нæзына дзы ногæй цы загъта, уый — «йæ зарæг нæ разæй» кæй цæудзæнис:

---

[1] Мамсыраты Дæбе. Уацмыстæ 6 томæй. Т. 6, Дзæуджыхъæу, 1971, 17—18-æм фæрстæ.

*Фæлæ ма æгасæй*
*Йæ зарæг нæ разæй*
*Фæхъæр кæны: «Размæ-ма цом!»*
*Даргъ азтæ тæхдзысты,*
*Фæстæмæ дæтдзысты*
*Æнустæм, «Къоста», зæгъгæ, ном.*

Уымæй дæс азы фæстæдæр, поэты 80 азы юбилеймæ цы даргъ æмдзæвгæ ныффыста, — гæнæн ис, чысыл кадæг дæр æй схонæм, — уый дæр у, раздæр цы зындгонд схемæйы кой скодтам, ууыл фыст. Фæлæ дзы, — курдиат уæддæр курдиат у, — уынæм æртæ ногдзинады:

фыццаг — уацмыс у утопион фыны æнгæс;

дыккаг — лирикон хъайтар, поэты сидзæргæсы кæстæр фыртæй райдай æмæ, цард кæуыл ныккалд, йæ уыцы хъайтартæ сты Къостайæн йæхи уацмысты хъайтарты цот;

æртыккаг — автор бацархайдта, Къостайы хъайтартæй кæй цоты цардыл фæдзуры, уымæн йæ «фыд» поэтмæ цы уацмысы цæры, уый ритмикæ æрцахсыныл.

Фæлæ, уæддæр, аивадон æгъдауæй нæ сиры, стæй йæ уацы «схемæ» æппары цæсты. Ноджы кæронæй нæ дзыллæйы лæг кадмондагæй куы разыны, æмæ йæ иууыл тынгдæр йæ ном кæй æндавы, уый куы фенæм, уæд, цыма дамгъæтæ нæ цæстыты бахаудтой, афтæ фæвæйййæм:

*— Цæй, ныр хæрзбон, мæ хур. Хъæлдзæгæй зардзæн*
*Ир. У ныртæккæ кæд цин кæнынхъом,*
*Уæд уый, уырны мæ, нæ дзыллæ кæй дардзæн*
*Рухсæй æнусмæ йæ зæрдыл мæ ном.*[1]

(«Фыны Къостаимæ»)

Зæд, фæтæг, сæхæдæг цас цæрой, ууыл куы катай кæной, уæд сæ ном сафгæ кæнынц.

Къостайы йæ удæгасæй никуы уыдис йæхи мæт, ныр цæмæн хъуамæ суа «йæ ном цæра»-йыл мæтгæнæг. Æмæ уыцы хъуыддагмæ Фыдыбæстæйы хæсты арты бахсидгæ фысджытæ, стæй сæ фæдонтæ æркастысты растдæр цæстæнгасæй.

---

*Мамсыраты Дæбе. Уацмыстæ 6 томæй. Т. 6, Дзæуджыхъæу, 1971, 75-æм фæрстæ.

**Ф æ н д з æ м  с æ р**

## САГЪÆСТÆЙ КОНД ЧИНЫГИМÆ

Адæймаг зæххы цъарыл цыдæриддæр фыдтæ æрымысыд, сæ иууыл æлгъыстагдæр æмæ æгъатырдæр у хæст. Адæм цæргæ-цæрæнбонты цы фæтк æмæ æгъдау февæрынц, уыдон æрбайхæлынц цæстыныкъуылдмæ. Æртахгай цы хъæздыгдзинæдтæ фæтымбыл кæнынц, уыдоныл ссæуы хæсты зынг. Сæйраджы-сæйраг та, кæнæ комкоммæ, кæнæ фæрсаг хуызы скъахы милуангай, миллиардгай адæймæгты зæрдæтæ. XIX-æм æнусы пруссаг æфсæддон теоретик Карл Клаузевиц[1] хæст кæд политикæ æндæр мадзæлттæй дарддæр кæнын рахуыдта, уæддæр уыцы мадзæлттæ сты иууыл æнæадæймагондæр. Чи сæ спайда кæны, уый ныхмæ хъуамæ ист цæуиккой иууыл карздæр закъæттæ. Фæлæ, хъыгагæн, нырма И. Крыловы рæстдзинад йæ тыхы ис:«У сильного всегда бессильный виноват».[2] Суæнд ма АИШ-ы президентмæ – цы дын ракодтой Иракы мæгуыр адæм, сæрæнцой сын цæмæннæ дæттыс, дæсгай минтæй сæ цæмæн цæгъдыс? Æмæ нын нæхи ирон адæмы кæй ардыдæй куынæг кæнынц нæ цъаммар, нæ сабихор сыхæгтæ?

Фæлæ, кæд хæст политикæ æндæр мадзæлттæй дарддæр кæнын у, уæд алы фыдмадзалы ныхмæ дæр æвæрын хъæуы æндæр мадзал. Æмæ диссаг куыннæ у: Фыдыбæстæйы Стыр хæсты немыцаг фашизмы ныхмæ ирон хæстонтæ цы хотыхтæй пайда кодтой, уыдонæй уыдысты Къостайы æнæмæлгæ фæлгонц æмæ йæ аивады хъомыс. Уыцы хæстонтæ поэт-зæд, поэт-фæтæг, поэт-раздзоджы уарзт сæ мады дзидзийы хъуырттимæ бададтой. Сæхи Къостайы стыр

---

[1] Кæс: К л а у з е в и ц  К а р л. «О войне», 1820.
[2] К р ы л о в  И. Басни. М., 1983, 21-æм фарс.

ном æмæ аивадимæ базыдтой. Къостайы фарнимæ рæзтысты, æмæ уымæн, Къостайæн, никæд æмæ ницы хуызы уыдис рохгæнæн. Къостайы кад сæхи кад хуыдтой, Къостайы æфхæрд сæхи æфхæрдыл нымадтой. Уый, уыцы уарзт, сæ зæрдæтæм тагъд Къостайы тыххæй сæ ныййарджыты, ирон адæмы тадзгæ-баргæ дзырдæй, поэтмæ сæ уарзгæ ахастæй.

Мæргъиты Къоста, Фыдыбæстæйы хæсты хайадисæг, уарзгæ æмæ сæрыстырæй, — уый та нæу æнæбындур, — уымæн зæгъы:

*Уыдтæн чысыл,*
*Æз циндзинад æвзæрстон,*
*Дæ зарæг мын мæ ныййарæг мад кодта,*
*Цыма йын æз йæ арф хъуыды æмбæрстон,*
*Гъе, уыйау æй æдзух мæ зæрдæ домдта.*

*Мæ ныййарæг ( уый нал ис ныр уæлæуыл)*
*Мæ авдæнхъæдыл тади ‘хсæвæй-бонмæ.*
*Къоста, дæу уарзта афтæ тынг æмæ мыл,*
*Гъе, уый тыххæй куы сæвæрдта дæ ном дæр.*[3]

(«Къостайы ном»)

Æрмæст Мæргъиййы-фырт нæ, фæлæ Фыдыбæстæйы хæсты хайадисæг фысджытæн Фыдыбæстæ æмæ Къоста уыдысты иу. Сæ иу сын иннæмæй нæ хицæн кодта. Сæ иу æххæст кодта иннæйы.

Алчидæр сæ архайдта нæ ныв æфтыд литературæйы бындурæвæрæджы фæлгонц куыд аивдæр сныв кæныныл, фæлæ, хъыгагæн, сæ бон нæ уыдис партийы соцзакъазæй сæхи атонын. Поэты хорз фæстагæттæ-иу Къостайы фæлгонц аразыны бæсты ног цардæй æппæлынмæ куыд ахызтысты, уыцы джиппы фæд бæрæгæй зыны хæсты æдзардæй фæхъæуæг поэтты æмдзæвгæтыл дæр.

Фыццаг — сыбайаг, стæй 20-æм азæй — ногираг Абайты Бекызæ кафаг, зараг лæппу уыди. Æрмæст æмдзæвгæтæ нæ фыста, фæлæ — музыкæ дæр. Не стыр Фыдыбæстæйы, ныртæккæ нæ тыхæй кæцæй сурынц, уыцы Уæрæсейы сæ-

---

[1] Мæргъиты Къоста. Зæрдæйæ-зæрдæмæ. Сталинир, 1956, 22-æм фарс.

рыл 27-аздзыдӕй 1943-ӕм азы йӕ сӕр ӕрхаста нывондӕн. Фӕлӕ «курдиатджын поэт Къостайы зарджытимӕ цыдис уӕлахизмӕ ӕмӕ йӕхӕдӕг дӕр фыста Къостайыл зарджытӕ».[1]

1935-ӕм азы йыл цы зарӕг скодта, — йӕ ном дӕр афтӕ хуыйны: «Хетӕгкаты Къостайы зарӕг»,— уый зындгонд схемӕмӕ гӕсгӕ фыст у; нӕ поэт Ирыстоны сӕрыл йӕ цард нывондӕн ӕрхаста, — рухсаг уӕд. — Ныр нӕ цард нӕ сӕрты акалд, фӕлӕ йӕ уый нал федта.

Байхъусӕм ын йӕхимӕ:

*Рухсаг ӕрбауа*
*Нӕ уарзон Къоста,*
*Ирыы дзыллӕтӕн*
*Зарджытӕ кодта.*
*Рӕсугъд зарджытӕ*
*Бирӕ ныууагъта,*
*Сӕрибары дуг*
*Бирӕ куы уарзта...*
*Йӕхӕдӕг раджы*
*Ингӕнмӕ ацыд...*
*Цагъайраг дуджы*
*Цӕрын ӕм нал цыд...*[2]

Бекызӕ, зӕгъынц, аив цагъта скрипкӕйӕ, роялӕй. «Йӕ аив кафт, йӕ цъӕхснаг зардмӕ йын-иу адӕм ӕрыхъуыстой. Бекызӕйы фыст мелодитӕ ӕмӕ зарджытӕ ма абон дӕр цӕгъдынц ӕмӕ зарынц Тырсыгомы».[3] Уым куыста ахуыргӕнӕгӕй 30-ӕм азты кӕрон. Ӕмӕ Къостайыл цы зарӕг скодта, ууыл зыны, хъисфӕндыримӕ аив кӕй зӕлид:

*Рухсаг ӕрбауа*
*Ирон стъалы.*
*Иры дзыллӕ йын*
*Йӕ зарӕг зары.*

---

[1] Газет «Рӕстдзинад», 2000, майрӕмкуадзӕны мӕйы 5-ӕм бон.
[2] Уый дӕр уым.
[3] Авторты коллектив. Хорзӕй баззай, Ир! Дзӕуджыхъӕу, 1972, 26-ӕм фарс.

*Тæхуды, уый ма*
*Ægас куы уаид!*
*Нæуæг зарджытæ*
*Бирæ ныззарид...*

Уыцы зарджытæ æвзонг поэты, – уæд Бекызæйыл цыд бæрцæй 19 азы, – хъæуынц, цæмæй «Ирон стъалы» «Сæрибар дугмæ хъæлдзæгæй кæсид...» Фенид, нæ адæм «Ныр та сæ кæуын зарынмæ сивтой», «Советон дуджы хъæлдзæгæй цæрæм», «Нæ царды зæрдæ Уæрыккау кафы, Кусджыты парти Царды тын уафы»...

Уыдæттæ, – Бекызæйы фæндыдис æви нæ, уæддæр, – иугæр зарынмæ æрæвнæлдта, уæд сæ хъуамæ зарыдаид. Афтæ домдта паддзахад. Фæлæ æмткæй зарæг ирон стъалыйыл йæ зæрдæйæ кæй цæуы, уый бæрæг у æрмæст йæ кæронæй дæр:

*Зæгъын дын æргом:*
*Тынг дæ куы мысæм,*
*Æмæ дын дæ ном*
*Зæрдæйы фыссæм.*
*Мах ‘хсæн дæ ном*
*Æнусмæ цæрдзæн...*

Уыцы схемæйы фæлгæтыл нывæст у Бузойти Кермены æмдзæвгæ «Тæходуй, Къоста!» дæр.

Поэт адæмы тыххæй кæй бахордта йæхи, æмæ йын йæ амæлæты фæстæ йæ раттæг дзыллæ уый тыххæй стыр кад кæй кæнынц, йæ ном сæ зæрдæтæй кæй не ‘фты, уый уынæм Ходты Хазбийы æмдзæвгæ «Къостайæн»-ы: «Адæмы мæстæй нæ зарæджы гуырды Ингæнмæ барвыста саузæрдæ низ. Уый тыххæй дзыллæтæн абон æхсарæн Нароны буц ном сæ зæрдæты ис».

Хазби æндæр æмдзæвгæ «Бæллиц» бынтон æндæрхуызон композицийыл снывæста. Йæ хъæйтар йе ‘взонг уд хъæры йæ райгуырæн бæстæн, йæ сæр ын хæссы нывондæн. Зоны йæ, æппæтдæр йæ къухы ис – йæ бæстæ, йæ ис; уæддæр æм уый фаг нæ кæсы, æмæ агуры, цæмæй фæфида йæ Фыдыбæстæйы хæрзтæ. Æмæ йæ риуы сæвзæры æндæр бæллиц:

*Тæхуды, Къостайау,*
*Дзырдарæхст æвзаг...*
*Ныццæлхъ кæн, æрвнæрдау,*
*Дæ зæрдæйы уаг,*

*Дæ зарæджы комæй*
*Дæ дзыллæйы ‘рхон,*
*Æнустæм дын хорзæй*
*Куыд мысон дæ ном.*[1]

Раст уыцы аз, 1940-æм азы, Хæмыцаты Георгимæ дæр уыдис бæллиц. Ахæм, фæлæ цъус æндæрхуызон. Уый та къæмдзæстыггæнгæ дзырдта йæ адæммæ, йæ зæхмæ – «мæ намысджын дзыллæ, мæ хурæнгæс зæхх». Фæндыд æй, Хетæджы фырт куыд уыдис, афтæ Кавказы цæргæс фестын, цæмæй уый дæр йæ сисæй гæрстаид æгайнæг къæдзæх.

Бекъойты Амыраны æмдзæвгæ «Къостайы цырт»-ы лирикон хъайтары зæрдæ буц у, поэты цырты цур цы булæмæргъ зары, уый хъæлæсæй. Æмæ дзы куыннæ хъуамæ уыдаид сæрыстыр, кæд ын зарынмæ æмбал нæ уыдис, уæд! Уымæн æмæ зарыди сæрибары мыртæ. Уымæй дæр «уый къутæртæй куы бахызти Къостайы рухс цыртмæ». Зæлланг кодта йæ «буц хъæлæс» æмæ æрдхæрæнæн «баззади йæ диссаджы æвзаг».

Фæлæ адæм æнæхъуаджы нæ акæнынц, хуыздæрæй хуыздæртæ бирæ ис, зæгъгæ. Æмдзæвгæйы лирикон хъайтар сæрыстырæй уый тыххæй зæгъы мæлгъæвзаг булæмæргъæн:

*Фæлæ уæддæр куы нæ ‘ййæфта*
*Нæ поэты æппын:*
*Хуыздæр зарыд нæхи Къоста,*
*Гъе, уый дæр уын зæгъын.*

Ирон литературæйы цы фысджыты ног фæлтæр рахъомыл, уыдон æнæнхъæлæджы нæ бæллыдысты Къостайы хуызæн кæнæ уымæй хуыздæр зарынмæ. Уыдысты ног, социалистон дуджы хъæбултæ. Сæхи пролетарон фысджытæ

[1] Авторты коллектив. Джебогъ æмæ сисæй. Сталинир, 1959, 65-æм фарс.

суæвынмæ кæй æууындзыдтой, уыдон домæнтæ кæй фæзмыдтой, уый тыххæй сæм афтæ кастис – алцыдæр уыдоны къухы уыдзæнис. Литературæйы бæрзæндтæй дæр уыдон хъуамæ кæсой.

Æмæ уый, чи зоны, æвзæр нæу. Донæн уыцы фарс дæхи куынæ хонай, уæд дæ ардыггаг дæр нал фæуыдзæнис. Фæлæ сæхицæй ахæм хъуыдыйыл хæст кæй уыдысты, хицауад сæ æрвылбонон проблемæтæ скъуыддзаг кæнын кæй домдта, Къостайы ном зæды номæй хуымæтæг зæххон адæймаджы номмæ уымæн хаудта.

Дуджы комулæфтæй «атеисттæ» уыдысты. Фæлæ сæ рох кодта Д. Дидройы хъуыды: «Религия мешает людям видеть, потому что она под страхом вечных наказаний запрещает им смотреть».[1] Афтæмæй уыдон та Уæллæгты тасæй нæ уæндыдысты нæ Хуыцауыхайы йæ номæй хонын.

Фæлæ сæ рæстæджы лозунгтæй сæхи уæлбикъонтæ кæй æнхъæлдтой, уый тыххæй сæ уырныдта, Хетæджы-фырты хуызæн кавказаг цæргæстæ кæй фестдзысты:

*Мæ намысджын дзыллæ, мæ хурæнгæс зæхх,*
*Куы фестин, Къостайау, кавказаг цæргæс,*
*Чи гæрста йæ сисæй æгайнæг къæдзæх...*[2]

(«Ард»)

Уый сæ æцæгæй фæндыд. Тырнгæ дæр æм кодтой. Рæстæг дæр сыл сагъта хæлын базыртæ. Уæд зæдты дуг нал уыд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, се ‘ппæт иухуызон кæм уыдысты. Нæдæр иуыл æнхъæлдтой сæхи Къостатæ.

Стыр æмæ рухс фидæн уыдаид поэт Кочысаты Мухарбегæн. Фæлæ Фыдыбæстæйы хæсты азарæй уымæн дæр йæ цард аскъуыд бынтон æвзонгæй. Æххæст йæ гъæйттмардзæ лæппуйы кармæ нæ ахæццæ – знаджы нæмыгæй фæхъуыд 1944-æм азы, дæлæ нæм нæ фыдбоны сыхæгтимæ ныццæгъдынмæ æххуырст хæстонтæй чи фæцæуы, уыцы украинæгты сахар Ямполы сæрыл тохты.

---

[1] Д и д р о Д. Избр. атеист. произв. М., 1956, 286-æм фарс.
[2] Авторты коллектив. Джебогъ æмæ сисæй. Сталинир, 1959, 36-æм фарс.

Йæ зынгхуыст, диссаджы курдиатджын æрвад-хо Розæйæ уый дæр бирæ фылдæр нæ рацард. Уæддæр йе ‘мдзæвгæ «Къоста Херсоны» йæ арæзтæй дæр, йæ афыстæй, йе ‘взагæй æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ хъуыдыйæ дæр цæхгæр хицæн кæны, йе ‘мдугон поэттæ нæ Хуыцауыхай Къостайыл цы уацмыстæ фыстой, уыдонæй.

Æгæрыстæмæй йæ 19-аздзыд поэт афтæ снывæста, æмæ йæ уымæй бирæ азты фæстæдæр фæцис ноджы фæзмджытæ йе стыр, курдиатджын æмсисонтæй дæр. Фæлæ уыдоны кой – фæстæдæр. Ныр та лæмбынæгдæр æркæсæм уацмысæн йæхимæ.

Мухарбег йе ‘мрæстæгон поэттæй хъауджыдæр сфæлдыста сюжетон æмдзæвгæ. Нæ йæ асайдта зæрдæскъæф лирикæ йæ фæдыл. Фæлæ афтæ зæгъæн нæй, ома уацмыс æцæг аивадон уымæн рауад, æмæ сюжетон кæй у. Йе ‘мдзæвгæтæ «Фыдыбæстæ», «Сау цæстытæ», «Мыййаг, хæсты быдыры искуы...» æмæ æндæртæ сюжетон не сты, фæлæ уый тыххæй зæрдæ нæ агайынц!

Иуæй-иу литературæиртасджытæ лирикæ æмæ эпикæ сæ кæрæдзийы ныхмæ кæй февæрынц, уый тыххæй Дзуццаты Хадзы-Мурат дзырдта: «Сюжет, архайд, цау – адон рагæй фæстæмæ характерон сты ирон адæмон дзургæ сфæлдыстадæн. Историон æгъдауæй ирон адæм фылдæр ахуыр уыдысты эпикæйыл, эпикон эстетикон хъомылад истой. Фæлæ уый афтæ нæ амоны, æмæ ирон зæрдæйæн лирикæ æцæгæлон у, лирикон-философон поэзи нæ исы хæстæг. Уымæ гæсгæ эпикæ æмæ лирикæ кæрæдзийы ныхмæ æвæрæм, иу дзы хуыздæр хонæм, иннæ та – æвзæрдæр, уый бархи субъективизм уыдзæн. Эпикæ кæнæ лирикæ, эпикон кæнæ лирикон жанртæ антагонисттæ не сты, сæ кæрæдзийæ дард нæ лидзынц, фæлæ сæ кæрæдзиимæ æмгуыст кæнынц, æххуыс кæнынц сæ кæрæдзийæн.

Гъе, уымæн нæм ис лиро-эпикæ, лиро-эпикон жанртæ».[1]

Æнæдызæрдыгæй афтæ у. Мухарбеджы «Къоста Херсоны» сюжетон кæй у, уымæй не ‘мбулы, йæ алыварс цы

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ. Цхинвал, 1966, 89-æм фарс.

уацмыстæ ис, уыдон æхсæн, фæлæ йæ аивадон миниуджытæй лæууы бæрзонд.

Иуæй, йæхи бахызта штампæй, схемæйæ: иннæмæй та, спайда кодта, йæ размæ æндæр поэттæ Къостайы фæлгонц равдисыны тыххæй цахæм цаутæ æмæ деталтæй нæ пайда кодтой, уыдонæй. Афтæмæй уацмыс рауад оригиналон.

Уацмыс райдайы Херсоны æрдзы тадзгæ-баргæ афыстæй:

*Æхсæв бæстыл сау нымæт æмбæрзы.*
*Кæс Херсонмæ – тарф фынæй хуыссы.*
*Ам Тарас Шевченкойы цъæх фæзты*
*Днепр хъазгæ, абухгæ бырсы.*
*Бæстæ – сабыр. Стъалытæ нæ зыныц.*
*Æрдз ныссабыр, ног чындзау, ныхъхъус.*
*Фæлмы иууыл хæдзæрттæ ныгъуылынц,*
*Фæлæ ʻрттивы иу хæдзарæй рухс.*[1]

Æрдзы сабыр, иугъæдон афыст, стæй – «Фæлæ ʻрттивы иу хæдзарæй рухс»-мæ цæстытыл ауайы Къостайæн йæхи «Сидзæргæс». Ауайы бæлвырдæй, зæрдæуынгæггæнгæйæ:

*Халон баргъæвст сындзыл...*
*Уад тымыгъ хæссы...*
*Сау айнæджы рындзыл*
*Нары хъæу хуыссы...*

*Даргъ æхсæв фыдбонæй*
*Цард удæн – хуыздæр...*
*Рухс цæуы кæронæй –*
*Бадынц ма кæмдæр...*[2]

Ома æнæнхъæлæджы уой: «...ʻрттивы иу хæдзарæй рухс» æмæ «Рухс цæуы кæронæй»?

Адæймаг æнхъæл кæмæн нæ вæййы, ахæм хъуыддæгтæ нæ уыйбæрц дæр куы хъæуид. Фæлæ алцæмæн дæр вæййы йæхи аххосаг. Къостайы сидзæргæс æгас хъæуы уæлдай

[1] Кочысаты Мухарбег. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1977, 46-æм фарс.
[2] Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2002, 52-æм фарс.

фæсвæд цы зæронд скъæты аззад, уый дзыназы йæ фондз стонггуыбын æмæ бæгънæг сидзæры тæригъæдæй.

Мухарбегмæ та Къоста, тар æхсæвы рухс цы хæдзарæй æрттивы, уым тайы йæ адæм æмæ йæ бæстæйы тæригъæддаг уавæрæй.

Къостайы сидзæргæс æрмæст йæ сабитыл риссы, Мухарбеджы Къоста, царды куыд уыдис, афтæ – сидзæргæс æмæ йæ сабитыл, стæй – æнæхъæн Ирыстоныл.

*Цæстыл уайы райгуырæн хъæу Нар:*
*Арф уынгæг ком, Сау айнæджы фахсæй*
*Нар бынмæ æргъæвст цъиуау кæсы.*
*Уад нынниуы стонг сырдау, йæ разæй*
*Сисы мит, фæлдзæгъдæнтæ хæссы.*
*Уад дзыназы, уад æнцой нæ зоны,*
*Коммæ ‘фцæгæй рацæйхæссы мит.*
*Куы бындзарæй къæйдуртæ ыстоны.*
*Куы ныккæны, сау калмау, æхситт.*
*Хъустыл уайы сидзæрты дзыназын*
*Тар ыскъæты стонг æмæ сыдæй.*
*Мад йæ цæссыг цуайнагмæ ызгъалы,*
*Зæрдæ риссы сабиты мæтæй.*

Уæддæр, æнæнхъæлæджы ницы вæййы. Мухарбег Къоста æмæ Сидзæргæсы иу уавæры кæй æрæвæрдта, уый дæр æнæнхъæлæджы нæ уыд.

Нæ уыд æнæнхъæлæджы, фашизмы ныхмæ удуæлдай тохмæ цы бирæ ирон лæппутæ цыдысты, уыдон хуыздæр æмбал æмæ хуыздæр ныфсæн семæ «Ирон фæндыр» кæй хастой, уый дæр. Сæ кады чиныг сын уым цы æххуыс уыдаид, уый Цæгæраты Гиго æвдисы декларативон-патетикон хуызы, фæлæ йын йæ хъуыдыйады символон нысаниуæгæй хорз хатæм, æнæ «Ирон фæндыр» сын куыд зын уыдаид сæ цыфыддæр знаджы ныхмæ тох кæнын, æмæ уым ис йе ‘нтыст:

*«Ирон фæндыр» – Къостайы чиныг*
*Æз хæсты быдырмæ фæхастон.*
*Æмбæлттæй чи нæ каст, уый, чи нæ,*
*Хæстонтæ йæ, салдатау, уарзтой.*

*Уый мемæ знагмæ цыд æдæрсгæ,*
*Мах иумæ знагыл пиллон уагътам.*
*Уый мемæ тымыгъты лæгæрста,*
*Мах иумæ акъоппытæ къахтам.*

*«Ирон фæндыр» — Къостайы чиныг*
*Æз хæсты быдырмæ фæхастон.*
*Æмбæлттæй чи нæ каст, уый, чи нæ,*
*Хæстонтæ йæ, салдатау, уарзтой.*
*Уый мемæ иу уидыгæй хордта,*
*Мах иумæ иу къусæй нуæзтам.*
*Уый мемæ иу уынаффæ кодта,*
*Мах иумæ ихджын къæвда хоста.*[1]

«Ирон фæндыр» уыд йе 'мхæстон: йемæ «сгарæг цыд фынафон», «зæххæн хаста амонд», йемæ «бахæццæ Берлинмæ»...

Цыбыр дзырдæй, чиныг ын у удæгас буар — сæ цин æмæ сæ хъыг сты иу.

«Ирон фæндыр» удгоймаг уыд Кочысаты Мухарбегæн...

Чысыл ма бахъæуа «дæр» зæгъон.

Мухарбеджы хуызæттæ «дæр»-тæ не сты. Уыдон раздзогтæн райгуырынц. 19-аздзыдæй Къостайы фæлгонц афтæ чи сныв кодта, уымæ бирæ хорз цæмæдæрты æнхъæлмæ кæсæн уыдис. Тугкалæн хæсты дæр уыдис раздзог-афицер. Фæлæ йын Ныхыдзуары хуызæн та уыд «Ирон фæндыр», кæд æй уыцы тугкалды чиныг кæронмæ нæ бахъахъхъæдта, уæддæр.

Зынгæ ирон поэт Дзаболаты Хазби афтæ уымæн фыста: «Поэт Кочысаты Мухарбегæн йæ зынг ахуыссыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Фронтмæ ахаста Къостайы «Ирон фæндыр» æмæ дзы йæ амæлæты онг нæ фæхицæн».[2]

Уымæн æндæр гæнæн нæ уыд. Мухарбег йæ сæр йæ Райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау хаста нывондæн, æмæ йæ хæсгæ дæр æркодта. Ирыстон куыд уарзта, уый диссаг уыд:

---

[1] Журнал «Мах дуг», 1979, №10, 45-æм фарс.
[2] Дзаболаты Хазби. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1974, 270-æм фарс.

*Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййынц*
*Йæ бинонтæ, йæ мад!*
*Лæгæн зынаргъ куыннæ вæййы*
*Йæ рæзгæ бонты цард!*
*Фæлæ уæддæр, ныййарæг зæхх,*
*Дæуæн æмбал кæм и!*
*Дæуæй зæрдæйæн адджындæр,*
*Зæгъ-ма мын, чи у, чи?!*[1]

(«Фыдыбæстæ»)

Ирыстонимæ хорзæй цыдæриддæр уыди баст, уыдон йæ зæрдæйыл хуыд уыдысты. Къостайы фæлгонц, йе 'мрæстæгонтæй хъауджы, аивдæрæй саразын уымæн, уый тыххæй бафтыдис йæ къухы. Йæ алы хъуыды йæ зæрдæйы рæбынæй лæдæрст. Къоста йын уыд «Ирон фæндыр» — Ирыстоны судзаггагдæр сагъæсты чиныг. Уыимæ йын æнцондæр уыдис цæрын дæр, тох кæнын дæр, аивад фæлдисын дæр æмæ алы хорз, бафæзминаг хъуыддаг аразын дæр. Къостайы «Ирон фæндыр» йæ сæрмæ хаста тохы тырысайы хуызæн. Дзырдта йæм уырдыгæй: «Мæ хæлар, мæ уарзон! Дæлзæххæй, уæлзæххæй, Кæмдæриддæр дæ, — тагъд мæ хъæрмæ фæзын... Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, — куы бамбæхсай барæй, Уæд усы кæрдæны маггагмæ фæхæт!..» («Катай») æмæ не 'мбæхст Мухарбег — йæ тохы тырысаимæ цыд размæ. Къоста æмæ йын «Ирон фæндыр» лæвæрдтой уæйыг лæджы тых. Дзаболаты Хазби уымæн загъта:

*Куы хæссай зæрдæйы æмбуар*
*Дæ Иры сагъæстæйконд чиныг,*
*Уæд нæй тæппуд уæвынæн бар,*
*Уæд нæй мæлæтдзаг тохы чиуæн.*

*Куы уа хæстон фæндæгты даргъ*
*Поэты сонт хъæлæс æвзарæг,*
*Уæд у зæрдæбын дзырд зынаргъ,*
*Уæд судзы тугдадзинтæ зарæг!*

*У адджын рухс хуры тæмæн,*
*Фæлæ кæд къаддæр вæййы риссаг,*

[1] Кочысаты Мухарбег. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1977, 73-æм фарс.

*Йæ хъæдгом сгаргæйæ, фæлмæн*
*«Ирон фæндыр»-ыл къух куы риза!*

*Мæлæт! Кæй дæм фæнды бæллын,*
*Æдзард цæхæр туджы мæцгæйæ?*
*Фæлæ æнцондæр у мæлын*
*Дæ Иры сагъæстыл хæцгæйæ!*[1]

(«Куы хæссай зæрдæйы æмбуар»...)

Гафезы ирон салдат размæ æвзыгъдæй уымæн уади. Йæ Фыдыбæстæн уыд хъæбатыр хæстон. Æнцон ын нæ уыдис, фæлæ, Александр Твардовскийы загъдау, æнусы дымгæ йæ фарс уыд: «Нелегок путь. Но ветер века — Он в наши дует паруса».[2] Æмæ «йæ зæрдæ тохы сгуыхтæй ради». Уымæн æмæ, йæ адæм, йæ Фыдыбæстæйы раз æххæст кодта йæ хæс — зæрдæзæгъгæ хайад иста фашизм дæрæн кæныны.

*Фæлæ, хъыгагæн, саг дæр кæлы.*
*Æваст æрхауд, йæ туджы малæй*
*Æгасæй сахуырсти йæ гуыр...*
*Фæлæ ма систа уый йæ тарæй*
*«Ирон фæндыр».*[3]

(«Ирон фæндыр»)

Уацмысы фылдæр хатт куыд вæййы, афтæ нын поэт æмбарын кæны, кæм ын уыдис уыцы чиныг — «Ирон фæндыр». Цы йын уыд. Цæмæн æй хъуыдис.

Афтæмæй базонæм, Ирæй йæ кæй рахаста. Йæ ныфсыл ын æфтыдта ныфс, йæ тыхыл — тых. Уый фæрцы дзæбæхæй, æнæфыдбылызæй ахызти фашистты сæйраг ахстон — Берлинæй. Дзæбæхæй фæцыд суанг Эльбæмæ. Зæгъæн ис, «Библи» йæм «Ирон фæндыр»-ы цур нымады дæр нæ уыд:

*Æвнæлдта йæм узæлгæ къухæй,*
*Йæ цинæй карз тохмæ бырста,*
*Æмæ йæ алы ран æдзухæй*
*Йæ цæсты гагуыйау хызта.*

---

[1] Дзаболаты Хазби. Уацамонгæ. Дзæуджыхъæу, 1974, 270-æм фарс.
[2] Твардовский А. Т. Собр. сочин. в 6 т. Т. 3, М., 1978, 315-æм фарс.
[3] Гафез. Адджын у цард. Сталинир, 1948, 61-æм фарс.

*Фælæ йын ныр фыддæр фæтарсти:*
*«Мыййаг мын ма ныскъуыдтæ уæд».*
*Йæ цæф, йæ тугкалдмæ нæ касти,*
*Уыди йæ чиныгыл йæ мæт!*

*Фælæ ма цы? Фыдгулы къухæй*
*Йæ астæу ахызти нæмыг,*
*Æмæ дзы иу сыф дæр йæ тугæй*
*Нæ уыд æнæахуырст, нæ уыд.*

*Салдат ма йын йæ сыфтæ тагъд-тагъд*
*Фæлдæхта адæргæй, бæргæ,*
*Æмæ ма бакасти фæстаг хатт:*
*«Дæ мæсыг амайын фæдæ!»*

Фæлæ ирон хæстонæн – Фыдыбæстæйы хъахъхъæнæгæн «Ирон фæндыр»-имæ цæрын дæр, хæцын дæр æмæ мæлын дæр уыдис бирæ æнцондæр.

Фашист ирон хæстонимæ уымæн мардта «Ирон фæндыр»-ы дæр. Зыдта, ирон салдатæн «Ирон фæдыр» йæ уд у – марын æй уырдыгæй хъæуы. Хæсты рæстæджы Ирыстоны адæм сæхи фæрæзтæй цы танкты колоннæ сарæзтой, уый æнæнхъæлæджы не схуыдтой Къостайы номæй.[1]

Мæлын æнцон никуы уыд. Фæлæ «Ирон фæндыр» – Ирыстоны сагъæсты чиныгыл, тырысайау хæцгæйæ, ирон поэттæм æнцондæр амæлæн каст Фыдыбæстæйы хæсты. Æмæ сæ бæллиццаг æвзонг царды бонты афтæмæй сæ мæлæт ардтой. Хæстæй нал æрыздæхтысты, сæ фыццаг сфæлдыстадон къахдзæфтæй дæр абон нæ литературæ сæрыстыр кæмæй у, уыцы æдзард, курдиатджын фысджытæ Калоты Хазби, Кочысаты Мухарбег, Абайты Бекызæ, Бекъойты Амыран, Тъехты Барис, Ходты Хазби æмæ бирæ æндæртæ, æдæппæт 60-йæ фылдæрæй.

Уыйфæстæ ирон поэттæ бирæ тых бахардз кодтой æмæ хардз кæнынц Къостайы фæлгонц æххæстдæрæй саразыныл. Фæлæ уый æндæр ныхас у.

[1] Газет «Рæстдзинад», 1944, кæрдæджы мæйы 16-æм бон.

**Ӕ х с ӕ з ӕ м  с ӕр**

## ЦАРД ӔМӔ ПОЭЗИЙЫ РӔСТДЗИНАД

Царды, историйы 40 азы уыйбæрц цыма ницы ахадынц. Уæддæр сын хицæн адæймæгты, стæй адæмты царды ис стыр нысаниуæг. Къостайы амæлæтæй Фыдыбæстæйы хæсты фæудмæ æндæр рæстæг нæ рацыд, фæлæ нæ кад, нæ намыс, нæ Хуыцауыхайы фæлгонц ахæм цыбыр рæстæджы уыйбæрц ивддзинæдтимæ кæм цыдис æвдыст, уымæн уыдис бындур. 20-æм азтæй, уæлдайдæр, троцкизмы дуджы тæсæй ирон поэзи ныллæууыд мæнг — рогвад фæндагыл. Уæззау дуджы уæззау цард, зæрдæ æмæ хъуыдыйы арф психологон рассæнд-бассæнд аивады фæрцы алыварсонæй æвдисынæй йын «соцзакъазы» рог фæхъæртæ æнцондæр фæзмæн уыдысты. Къостайы фæлгонцыл дæр поэттæ бынмæ, сæхи æмвæзмæ уый тыххæй хæцыдысты. Схемæтæм гæсгæ фыссын традици уымæн кодта.

Фæлæ æнæтрадицион «традицийæн» абон уа æви сом — æнæивгæ нæй. Нæдæр зын ныппырхгæнæн вæйййы. Ӕрмæст дæм сæйраджы-сæйраг хъуамæ уа ныфс æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, курдиат.

20-æм—30-æм азты нæм курдиæттæ куыннæ уыд, фæлæ сæ Ирыстоны знæгтæ, ирон адæмы знæгты нæмттæ сыл сæвæрдтой, афтæмæй бындзагъд фæкодтой 37-æм азы. Иннæтæн, уæлдайдæр, æвзонгдæртæн се уæнджы мæлæты тасæй мигъ сбадт, сæ ныфс саст уыд.

Уыцы ныфс — нæ поэзийы мæнгвæд фæндагæй поэтикон фæндагмæ ракæныны ныфс сæйраджы æрмæстдæр разынд, Фыдыбæстæйы хæсты æнæуромгæ уæз се ‘взонг уæхсчытыл чи фæхаста, мæлæты ныхмæ лæгæй-лæгмæ чи тох кодта, уыцы хæстдзагъд лæппутæм. Уыцы хъуыддагæн æнæрцæугæ нæ уыд, фæлæ йæ уыдон айстой сæхимæ.

Уый тыххæй Джусойты Нафи афтæ зæгъы: «Мæ мидсагъæсæй рæвзæрд иу бæлвырд хъуыды: ирон поэттæ хæсты размæ куыд фыстой, афтæ фыссæн нал ис. Нæй дзы зæрдæйы рæстдзинад æмæ хъуыдыйы æрдзон тых, хуымæтæг рæстдзинад æмæ æцæг драматизм. Хæдарæзт уæздандзинад, сентименталон бибитæ æмæ формæйы иударон джипп амардтой поэзи».[1]

Уыцы хъуыдымæ æнæрцæугæ нæ уыд. Цасфæнды куы ахастаиккой уыцы «традицитæ», уæддæр, гæдыйы къах цыбыр кæй у, уымæ гæсгæ сын бирæ цæрæнбон нæ уыдис. Ахæм хъуыдымæ æрмæст Нафи уымæн не 'рцыд.

Байхъусæм ын йæхимæ: «Раздæрау фыссæн нал ис (хæсты размæ куыд фыстон, афтæ), уый бæрæг уыд, фæлæ дарддæр куыд фыссын хъæуы, уый ирон поэттæй алчи йæхæдæг хицæнæй агуырдта æмæ ардта. Æз сын ницыма зыдтон сæ куыстæн. Уырыссаг лирикæ хорз поэтикон скъола уыд, фæлæ мæн хъуыд ирон аив дзырды фæлтæрддзинад, цæмæй, цы фæндаг равзæрстон, уый раст кæй уыд, ууыл бауæндыдаин. Æрæджиау рабæрæг (хæсты рæстæджы ирон поэттæ цы ныффыстой, уыдон мыхуыры цæуын куы райдыдтой, уæд) – Плиты Грис, Калоты Хазби, Гафез, Мыртазты Барис æмæ ма ноджы цалдæр поэты уыцы фæндагыл раджы кæй райдыдтой цæуын æмæ сын бирæ кæй бантыст».[2]

Афтæ уыд æнæдызæрдыгæй. Нæ аив литературæ ногæй ныллæууыд раст, реалистон фæндагыл. Цард æвдисын райдыдта реалонæй. Уæдæ, уыцы литературæйæн бын чи æрæвæрдта, уый фæлгонц – Къостайы фæлгонц нывгонд куыд цыдис, уымæ куыннæ хъуамæ фæхæццæ уыдаид се 'рмдзæф!

Хæццæ йæм кодта æмæ кæны. Стæй, алы мыггагæн, алы хъæубæстæн йæхи кувæндон куыд ис, афтæ Къостайы фæлгонц дæр нæ поэттæй алчи аразы йæхимæ гæсгæ. Æмæ уый æнæуый дæр афтæ хъуамæ уа.

Фæлæ, зæгъгæ, нæ Хуыцауыхайы лæггæдтæ, чи йыл цас ныффыста, уымæй фидгæ сты (æмæ уымæй фидгæ дæр цæмæннæ сты!), уæд нæ поэттæй уыцы хъуыддаджы Хъайтыхъты Геор, Джусойты Нафи æмæ Хъодзаты Æхсары ни-

---

[1] Джусойты Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Цхинвал, 1966, 12-æм фарс.

[2] Уый дæр уым.

чима аййæфта. Сæ бон куыд уыд æмæ куыд у, афтæ йæ уарзын кодтой æмæ кæнынц ирон адæмæн. Хъуамæ нæ макуы æмæ макæцы уавæры рох кæна, æнæ Къоста нæ алы ирон адæймаг æмæ æмткæй ирон дзыллæ мæгуырдæр, стæй бирæ мæгуырдæр кæй уаиккам. Нæ монон тых кæд Къостайæ нæ райдайы, уæддæр сæйраджы-сæйраг уый фæрцы фæфылдæр, æмæ нын уыцы хъуыддаг зæрдылдаргæ у.

Абайты Васо уымæн загъта: «Любой народ, чтобы стать с достоинством в ряду других народов, нуждается в том, чтобы иметь людей, которые могли бы быть его национальным символом. До Коста у осетин не было такого человека-символа. Таким человеком стал Коста. Более счастливые народы могут назвать не одно, а несколько имен, символизирующих его духовный потенциал. Коста у осетин – один, и этим он особенно дорог народу».[1]

Нæ поэттæ уыцы хъуыддаг кæй нымайынц сæ сæйраг хæсыл, æнтысгæ дæр сын уымæн кæны.

Хъайтыхъты Геор цæмæннæ хъуамæ зарыдаид Къостайыл, кæд æмæ Ирыстон-Мады сæрæнгуырдтæн «Къоста у сæ тæккæ лæгдæр», «йæхицæй фылдæр та Ирыстоны уарзта» æмæ йыл æхсæзыссæдз азы кæд сæххæст, «зæронд нын нæ кæны уæддæр» («Къостайы зарæг»).

Къоста йын æрмæст удæгас нæу, фæлæ йын Хъазыбеджы хохæй лæууы уæлдæр, æмæ у нæртон, «сыгъзæрин хæххон». Кæд «ис ахæм фысджытæ нæ Иры; фæхъавынц, цæмæй-иу æрцахсой» Къостайы бынат («Къостайæн»), уæддæр царды уæззау уаргъ йæхæдæг фæхаста æмæ йæ бынаты дæр йæхæдæг хъуамæ бада.

Геор сæрыстыр у Къостайæ. Уымæн æмæ:

*Равдыста махæн нæ хъару, нæ зæрдæ.*
*Стырæй, чысылæй нæ ракодта размæ...*
*Лермонтов, Пушкин – нæ хæрзты хуыздæртæ...*
*Уыдонæн бады цытджынæй сæ фарсмæ.*[2]

(«Нары хъæуæн»)

---

[1] Абаев В. И. Избранные труды. Т. 1,Владикавказ, 1990, 553-æм фарс.
[2] Авторты коллектив. Ирыстоны кад. Сталинир, 1959, 38-æм фарс.

Къоста кæд къахæй цыдис, Георы лирикон хъайтарæн у йе «скъæфæг та реактивон», йæ «тæхæн – мигътæй дæр уæлдæр», уæддæр æй не 'ййафы. Уый тыххæй йын у Хетæджы-фырт хорз ахуыргæнæг:

*Мæ хорз ахуыргæнæг Къоста у мæнæн дæр,*
*Йæ «Додой», йæ «Катай» фæкæсын хъæрæй...*
*«Цæй ирон дæ! –*
*Бауайдзæф кодтон кæмæндæр, –*
*Дæ хæдзары мæнæ «Ирон фæндыр нæй!..»*[1]

(«Мæ хорз ахуыргæнæг»)

Раст уайдзæф у. Тынг раст. Ноджы йæ аразы царды рæстдзинад. Ирон лæг Къостайæн куыд аргъ кæны, уымæй базонæн ис, Ирыстонæн цахæм патриот у. Фæлæ мæм уыцы рæстдзинадæй йе 'ннæ æмдзæвгæйы – «Къоста – Ирыстоны зынаргъ лæг» – фыццаг строфайы фæстаг дыууæ рæнхъы поэтикондæр кæсынц.

Æмæ афтæ дæр у:

*Къоста – Ирыстоны зынаргъ лæг,*
*Нæ куыст, нæ хъуыддæгты цæрæг...*
*Зæгъынц, куы, дам, фыста йæ зарæг,*
*Уæд кодта зарæгмæ хæлæг.*[2]

Поэт йæ зарæгмæ хæлæг кæна, ома уый мæнæй фылдæр фæцæрдзæнис, уый царды рæстдзинадæй бынтон фидар нæу, фæлæ йæ ферох кæнæм поэтикон дзырды æрра сулæфтæй.

Фæстаг дыууæ рæнхъы цы поэтикон «æррадзинад» ис, уый, зæгъгæ, улæфы, поэт Къостайыл цы уацмыстæ фæфыста, уыдонæй алкæмæй дæр, уæд арвæндиссаг фæуыдаиккой. Фæлæ йæ, хъыгагæн, авторы бон ам дæр нæ бацис æххæстæй раргом æмæ райтынг кæнын.

Ирон поэттæ йæ нæ дзурынц, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, сæ кæрæдзийы æхсæн быцæу кæнынц: нæ, æз хуыздæр зарæг

---

[1] Хъайтыхъты Геор. Æмдзæвгætæ. Дзæуджыхъæу, 1981, 19-æм фарс.

[2] Хъайтыхъты Геор. Æвзæрст уацмыстæ 2 томæй.Т. 2, Дзæуджыхъæу, 1976, 70-æм фарс.

снывæндон Къостайыл; нæ æз... Поэт æмæ нæ царды йæ бынатыл уымæн сагъæс кодтой, сæ аив дзырд йæ рухс номимæ уымæн бастой Епхиты Тæтæри, Плиты Харитон, Беджызаты Уасо, Хъороты Хъазыбег, Джиоты Дауыт, Плиты Илья, Чехойты Сæрæби æмæ бирæ æндæртæ.

Ирыстоны, ирон адæмы, Къостайы уарзтæй æнустæм судзыны тыххæй поэты цырты раз иууыл æвæджиаудæр дзуринæгтæ æргом кæнын, ард ын хæрын нæ поэттæн ссис традицийы хуызæн.

Гафезы лирикон хъайтарæн, «нæ горæтыл куы фæтых вæййы фын», æмæ куы ‘рсабыр вæййы бæстæ, уæд мæйрухс æхсæвы «æхсидгæ куысты фæстæ» æхцон вæййы уынгты азилын. Æхцон нæ, фæлæ йæм бæлгæ фæкæны. Уæддæр уымæ ис ноджы стырдæр тых:

*Фæлæ цахæмдæр сусæг тых фæсайы*
*Æрвыл хатт дæр, поэт, дæ цурмæ мæн;*
*Фæфæнды мæ, æнусбонтæм куы уаин*
*Цырагъдарæг дæ цырты раз дæуæн.*[1]

(«Мæйрухс æхсæв куы ‘рсабыр вæййы бæстæ»)

Тохы быдыры Фыдыбæстæйы сæрвæлтау мæлæты ныхмæ «Ирон фæндыр»-имæ чи тох кодта, сæ туг иумæ кæмæн калд, уый ныхасыл дызæрдыггæнæн нæй. Æгæрыстæмæй, уалдзæджы хъæбысы «хуры зæрин дзыкку царды хос» куы тауы, æмæ поэты лирикон хъайтары худын æмæ хъазынæй дарддæр куы ницы мæт ис, уæддæр цæттæ у, Къостайы цырты раз цы стонг сæныкк хизы, уымæн йæ зæрдæйы тæгтæ йæ хъуыры атъыссынмæ дæр.

Фæлæ йæ авторæн йæхицæй рæсугъддæр ничи зæгъдзæни:

*Уалдзæг.*
*Мæ сонт зæрдæ, худ æмæ хъаз!*
*Хуры зæрин дзыкку*
*царды хос тауы.*
*Мæнæ Къостайы бæрзонд цырты раз*
*Стонг сæныкк хизы зæрдиагæй тауыл.*

---

[1] Авторты коллектив. Ирыстоны кад. Сталинир, 1959, 42-æм фарс.

*Гъе, мардзæ, зæххау куы фестин нæртон!*
*Туггарз куы нæ дарин ме ссаргæ исмæ,*
*Ацы дзыгыйæн*
*дæ зæрдæйы тæгтæ æртон,*
*Науæд дæ*
*риуыл адджынæй уый хизæд.*[1]

(«Уалдзæг»)

Поэт разы у, цæмæй йе ссаргæ исмæ туггарз ма дара, æрмæст ын уыцы дзыгы йæ зæрдæйы тæгтæ дæр хæрæд, йæ «риуыл адджынæй уый хизæд». Уымæн æмæ уый хуымæтæджы сæныкк нæу. Уый, «Къостайы бæрзонд цырты раз» цы «стонг сæнықк хизы зæрдиагæй тауыл», уый у. Æмæ поэтау Къостайы тыххæй садджын, сзынаргъ вæййы чиныгкæсæгæн дæр.

Гафезау бирæты бæллиц у нæ Хуыцауыхайы раз цырагъдарæй лæууын — Ирыстон æмæ йын йæ адæмæн йæ бирæ лæггæдтæ уымæй уæддæр бафидын.

Поэт Нартыхты Михал дæр лæууы Къостайы цырты раз. Лæууы нымд æмæ æфсæрмдзæстыгæй. Зоны йæ, генион раздзогæн стыр лæггæдтæ æмбæлы. Фæлæ ахæмæн балæггад кæнынæн дæхимæ ссардзынæ фаг тых, ууыл дæр æмбæлы асагъæс кæнын. Æмæ йыл сагъæс кæны Михалы лирикон хъайтар. Гафезы хъайтары Къостайы раз цырагъдарæй лæууын фæнды, фæлæ Михалы æмдзæвгæйы лирикон хъайтармæ уый фаг нæ кæсы:

*Лæууын та дæ разы æдзынæг æмæ дæ*
*Куыд уарзын, уый ‘нæмæнг амназтæ дæр хатынц...*
*Ныффысс ыл æмдзæвгæ, — зæгъы мын мæ зæрдæ, —*
*Фæлæ мын, хъыгагæн, уый никуыма бантыст.*

*Дæ кады аккаг мæм ныхæстæ нæ разынд,*
*Фыссæг хъæуы уымæн, æмæ йыл цы дзурон.*
*Уадз, ‘нæисты сдзургæ, фыруарзтæй дæ разы,*
*Мæ ахсджиаг Къоста, цырагъау фæсудзон!*[2]

(«Поэты цырты раз»)

---

[1] Гафез. Цардбæллон. Цхинвал, 1974, 200-æм фарс.
[2] Нартыхты Михал. Уацмыстæ. Цхинвал, 1968, 20-æм фарс.

Поэты йæ ахсджиаг Къостайы цырты раз фæсудзын фæнды цырагъау. Уымæн æмæ йын æрмæст поэт нæу, фæлæ у йæ ахсджиаг дæр. Ахсджиагæй æввахсдæр та зæрдæмæ, æгæрыстæмæй, хи туг æмæ стæг дæр нæу.

Нæ ахсджиаг Къостайæн цырагъдар лæууын, уый тыххæй цырагъау судзыны бæллиц æрмæст Гафез æмæ Нартыхты Михалмæ нæй, фæлæ тынг бирæ ирон поэттæм.

Уыцы поэтикон бæллиц – поэтикон фæлгонц иу фæлтæрыл не скъуыйы. Уый дæр цæуы иу рæстæгæй иннæмæ.

Дзугаты Георги та, «Нæуæг чындзау – æфсæрмдзæстыг, æнцад Тебердайы фæлмаст, цъæхдзаст æхсæв», «нæхи мæгуыр Къоста, цыма йæ «хид» цы къуыбырыл фыста», уый агуры. Къостайы диссаджы арæзт ныв «Æрдзон хид» кæм райгуырд, уый базонын æй фæнды. Йæ лирикон хъайтар зилы уыцы алæмæттаг бынæттыл. Æмæ поэт уый фæрцы, стæй аив фæлгонцы фæрцы æмдзæвгæйæн ссардта рæсугъд кæрон:

*Æмæ уынын: ыскæсæг хур фæсидт,*
*Дыууæ рагъыл уый авæрдта зынг хид.*
*Сæурайсом кæд Къоста систа йæ худ,*
*Фыруарзонæй йæ мидбылты фæхудт,*
*Йæ даргъ фындзыл æрызгъордта йæ хид –*
*Ысныв кодта рæсугъд сомбонмæ хид.*[1]

(«Къоста Тебердайы»)

Нæ мæгуыр ирон адæмыл, Ирыстоныл Къостайæ, Къостайы мидбылхудтæй раджы скаст хур. Йæхæдæг цæргæцæрæнбонты уарзтæн куыд табу кодта: «...Любовь – моя святыня» («Я не пророк...»), æрмæст йæ ном дæр нын суанг йæ удæгасæй дæр афтæ ссис табуйаг, æмæ ирон зæрдæйы уыцы рухс æнкъарæнтæ, поэтмæ нæ ахаст зыны ацы æмдзæвгæйы.

Стæй æрмæст зынгæ нæ кæны, фæлæ нæ æфтауы нæ сæрхъызой, нæ хуыздæрæй разы уæвын, сæрыстыр уæвыныл. Уынæм дзы, Къостайæ нын алцыдæр зынаргъ кæй у.

[1] Дзугаты Георги. Уацмыстæ 3 томæй. Т. 1, Цхинвал, 1971, 52-æм фарс.

Дзугаты Георги йыл фæстæдæр снывæста легендæ «Стъалытæ». Уацмысы, ирон дзыллæ сæ ахсджиаг, сæ раздзоджы куыд æгæрон уарзтæй уарзынц, йæ амæлæтыл куыд тынг фæрыстысты æмæ риссынц, уый зыны ирддæрæй.

Легендæ у æлвæст æмæ зæрдæмæдзæугæ:

*Лабæ... Фæци нæхи Къоста,*
*Ысластой йæ йæ сау сынтыл,*
*Ныр фервæзти йæ сау зынтæй.*
*Мæ Ир йæ сæр куыд ныххоста! –*
*Ныууарыдис цæссыгты зæгъ,*
*Ысмалтæ ис нæ ихсыд зæхх,*
*Æмæ уыцы зынг цæссыгтæй*
*Сæвзæрд арвыл ыстъалытæ –*
*Æрттивдзысты æнус-æнус.*
*Мæйрухсы дæр ʻмæ тары дæр*
*Рæвдауы мах сæ тæмæн рухс.*[1]

Æцæг, æххæст бæлвырд нæу иу хъуыддаг. Раст у, Къостайы амæлæтыл нæ Ир йæ сæр ныххоста, «Ныууарыдис цæссыгты зæгъ, Ысмалтæ ис нæ ихсыд зæхх»,фæлæ стæй, уыцы зынг цæссыгтæй куыд «сæвзæрд арвыл ыстъалытæ»? Æгæр мæнг поэтикон у.

Кæд, мыййаг, уыцы «зынг цæссыгтæй» арвы айдæн рарттывта? Йе та, чи зоны, арв уыцы диссагмæ мин-мин, æрдзæмин зынг цæстæй ныккастис?

Фæлæ уыдæттæ нæ зынынц легендæйы.

Ахæм хабæрттæ – ома поэтмæ нæ адæмы уарзт тыхджындæр равдисыны тыххæй нæ хатт айрох вæййы, аивадон уацмыс кæрæдзийыл логикон æгъдауæй фидар баст кæй хъуамæ уа, уый. Æмæ уый, логикæ, Плиты Грисмæ у бабæллинаг.

Бæрзонд романтикон ныхас Грисæн æцæгæлон нæ уыд. Зыдта йын йæ зæгъын дæр æмæ дзы адæймаджы куыд æрцахстаид, уый дæр. Уæддæр, Къостайы фæлгонц зæххон, реалистон ахорæнтæй раныв кодта, цы гекзаметр ыл ныффыста, уым:

[1] Дзугаты Георги. Стъалытæ. Кæс: журнал «Фидиуæг», 1979, №10, 52-æм фарс.

*Нæртон бæгъæмвад лæппу*
*Хетæджы айнæгыл байрæзт,*
*Кæмтты уæлыгæс фæцыд,*
*Рæгътыл фæхатти фыййауæй,*
*Хаста сæгъдзармæй хызын,*
*Æмæ фысдуцæн — хъæзын къус.*
*Рахъомыл, рацыди лæг,*
*Адæмтыл, бæстыл æрзылди:*
*Базыдта дзыллæйы маст,*
*Сагъæсæй зæрдæ фæхъæстæ.*[1]

(«Нарон»)

Логикæ дзы ис. Хъыгагæн дзы уадиссаг поэзийæ ницы ис, фæлæ дзыллæйы маст чи банкъара, дзыллæйы сагъæсæй кæй зæрдæ фæхъæстæ уа, уымæн æвæлмастæй бадынæй мауал тæрс. Къоста йæхæдæг «Додой»-ы цæйау загъта: «Адæмы фарнæй къæдзæх дæр ныннæры...». Æмæ уæд, туг æмæ стæгæй чи у, йæ дзыллæйыл цæрддзу чи кæны, уымæн цы аразгæ у?

Нæ табуйаджы тыххæй йын поэт ссардта ахæм зæрдæмæдзæугæ кæрон:

*Раздæхти, айнæгмæ схызт,*
*Райста йæ фиййауы уадындз*
*Æмæ ныззарыд Къоста...*
*Джихæй йæм дунетæ хъусынц.*

Иуцъус схематикæйы ад кæны, иуцъус — символикæйы, иуцъус — романтикæйы, фæлæ сæ иууылдæр ныббынæй ласы цард æмæ поэзийы рæстдзинад.

Уыцы рæстдзинад — цард æмæ поэзийы рæстдзинад фæсхæст агуырдта йæ фæд æмæ нæ Хуыцауыхайы фæлгонц схематикон хуызы æвдисынæй хызтис реалистон хуызмæ.

Грис ыл æцæг рæсугъд, æцæг зæрдæмæдзæугæ æмдзæвгæ ныффыста фæстæдæр. Хуыйны «Æлвæст æхсаргард», æмæ уацмыс йæхæдæг дæр бирæ цæмæйдæрты у æлвæст æхсаргарды хуызæн:

---

[1] Плиты Грис. Уацмыстæ 2 томæй. Т. 1, 1973, 318-æм фарс.

*Куывды уай, хъазты, йе та хисты,*
*Æнцойбон уа, йе кусай исты,*
*Дæ зæрдæ рухс уа, йе тыхст уа,*
*Йе бадай де 'мбæлтты ныхасы,*
*Хур худа, науæд та хъызт уа –*
*Æлвæст æхсаргардау, дæ разы*
*Фæлæууы джихрæсугъд Къоста.*

*Пахуымпар, рæстæгæн йæ сæрты*
*Фæлгæсыд фидæны фæлтæртыл,–*
*Цы маст, цы удхæрттæ быхста!*
*Куыд бырста бархимæ Кавказы,*
*Æмæ йæм цас уыди ныфс та! –*
*Лæууыд цагъарадæн йæ разы,*
*Æлвæст æхсаргардау, Къоста.*

Ахæм кæй уыдис, Грисы цæстæнгас ног æмæ ногæй уый тыххæй æлвæста йæхимæ. Плийы-фырт ын, – дзыллæйы раз дзырд зæгъын хъæуа, æмдзæвгæ йыл фысса æви драмон уацмыс, – нæ æмæ не 'фсæстис йæ гениалондзинадыл дис кæнынæй. Алы хатт дæр-иу бацархайдта поэты зæрдæмæ, цас гæнæн ис, уыйбæрц арфдæр ныккæсынмæ æмæ нын йæ лæджыгъæд лæмбынæгдæр радзурынмæ:

*Лæджыгъæд циу, тырныдта уымæ:*
*Батрадз – хуыцæуттимæ хæцынмæ,*
*Ацæмæз – зарын æй кæм хъуыд,*
*Уырызмæг – бархъомыс ныхасы;*
*Фæлæ тыхмимæ знаг æрцыд –*
*Æлвæст æхсаргардау, йæ разы*
*Къоста, цæхæркалгæ, лæууыд.*
*. . . . . . . .*
*Мæстæфхæрд – йе 'нæрайы дугæй,*
*Фæлæ уæддæр зæрдæйы тугæй*
*Йæ зарæг артуадзгæ фыста...*
*Бон ивта боны, аз та – азы.*
*Æмæ ныр хур уа, йе, хъызт уа,*
*Æлвæст æхсаргардау, нæ разы*
*Фæлæууы джихрæсугъд Къоста.*[1]

---

[1] Плиты Грис. Æлвæст æхсаргард. Кæс журнал «Фидиуæг», 1979, №10, 13-æм фарс.

Ирон адæмон сфæлдыстадмæ гæсгæ, нарт уæларвон сыгъдæг удтимæ æмвынг уыдысты. Сæ ныхмæ хæцын дæр иу уый тыххæй уыдис сæ бон. Æмæ иугæр Къоста уыд «Батрадз – хуыцæуттимæ хæцынмæ, Ацæмæз – зарын æй кæм хъуыд, Уырызмæг – бархъомыс ныхасы», уæд æй, нарты хъайтартимæ баргæйæ, поэт, зæгъæн ис, хоны зæххон зæд. Уæддæр, фылдæр у реалон царды мæлинаг уд. Йæ амæлæты фæстæ йæ ирон поэттæ цы бынатмæ систой – зæды бынатмæ, уырдæм æй ныр иу ныццæфæй сисын нал уыд сæ бон. Фæлæ йæ зæххон царды йемæ искæй абарынил хъуыды кæнæн дæр кæй нал уыдис, уый та разынд ногæй. Грис æй нæртон уымæн хоны.

Нигер йæ уац «Фыдыбæстæ уарзын æмæ знаджы ныхмæ хæцын – нарты кадджыты ахсджиагдæр миниуæг», зæгъгæ, уым афтæ зæгъы: «Цардуд йæ адæмимæ баст вæййы, йæ адæмы пайдайыл фæкусы, æмæ йæ адæм царды рухсæй хайджын куы вæййынц, уæд йæ зæрдæ урс уæрыккау фæкафы. Ды дæ адæмæн сæ хуыз нал æвзардзынæ, сау мылазон мигъ сыл æрбаддзæнис, æмæ уымæн, дæ сæры магъз хъуыдыйæн нал уыдзæн, дæ зæрдæ – хатынæн, æмæ нырхæндæг уыдзынæ. Цагъары хъысмæт афтæ у. Æмæ адæймаг цагъайрагæн нæ равзæрди. Æмæ кæддæриддæр адæмы фæлтæртæ цагъардзинадæй сæхи хъахъхъæдтой æмæ бæллыдысты сæрибар цардмæ. Æмæ тох кодтой цагъардзинады ныхмæ, сæрибары сæраппонд. Дуне-дзыллæйы хуыздæр эпостæ махæн æвдисынц уыцы хъуыддаг. Цагъардзинады ныхмæ та уæд тохгæнæн ис, æмæ дæ бæстæ, дæ адæмы куы уарзай, семæ уарзондзинады рæхыстæй баст куы уай, æрвылбон дæхи куы цæттæ кæнай тохмæ ‘мæ знаджы ныхмæ хæсты дæ удыл куы нæ ауæрдай».[1]

Ахæм разындысты нарт. Хуыцæуттимæ æмвынг дæр уымæн уыдысты. Ахæм уыд Къоста. Фæлæ 30-æм, 40-æм азты «сау мылазон мигъ» æххæстæй нæма сыстад, æмæ кæд хъуыды кæнын, цыдæртæ хатын райдыдтам, уæддæр ныр-ма бынтон дардыл нæ. Фæлæ фестæм зæххон хъуыддæгтæн аргъ кæнынхъом.

Нæ хистæр фысджытæй иу, Къостайы номыл цæргæ-цæрæнбонты æнувыд чи у – Хацырты Сергей уымæн загъта:

---

[1] Н и г е р. Уацмыстæ 3 томæй. Т. 3, Дзæуджыхъæу, 1968, 364-æм фарс.

*Талынг... Хæхтæм уад лæбуры...*
*Хъуысы кæмттæй судзгæ хъарæг.*
*Чидæр бартыл карзæй дзуры,*
*Чидæр systa тохы зарæг!*

*Уый нæ куырыхон Къоста у,*
*Дуджы рис йæ риуы хаста.*
*Абон дæр хæрзиуæг тауы,*
*Æмæ ‘рттивы, хурыскастау.*[1]

(«Сæрхъызой»)

Къоста мардæй дæр удæгæстæй удæгасдæр кæй у нæ мæгуыр ирон адæмæн, уый хорз зонынц нæ поэттæ. Уый тыххæй æппынæдзух хъуамæ уа немæ. Уыимæ нын æнцондæр у цæрын, стæй царды хъæнты ныхмæ тох кæнын. Цырыхаты Михал уымæн катай кодта, раудæгасгæнæн ын кæй нал ис. Фæлæ йæ фæндыд, цæмæй нæ фидæнмæ æмдзу кæна немæ.

Мыртазты Барис Къостайæн йæхи этнографион очерк «Особа»-йæ спайда кодта æмæ, чысыл лæппу былæй куыд фæцæйхауд, йемæ Ирыстоны ныфс куыд фæцæйсæфт, фæлæ йæм фыдæн къухæй бавналæн куыд нæ уыд æмæ йын йæ хæдоны фæдджийыл куыд æрлæууыд, уый ранывæста поэзийы хуызы.

Цæрукъаты Алыксандрмæ йæ цард æнæ Къостайы аивад, æнæ Къостайы поэзи царды хуызæн дæр нæ каст. Уыдон байсын ын, хуры хъарм адæмæн куыд байсай, уый хуызæн уыд. Козаты Исидор уымæн зæгъы, ома Къоста куы райгуырд, уæд йæ мад Гуыбаты Мариа уымæн амард æмæ, гени раттынæн йе ‘ппæт хъару чи бахардз кæны, уымæн æнæ бахус нæй.

Къоста ахæм гени кæй уыдис, Исидор ын уымæн никуы æвгъау кодта йæ зæрдæйы райст-бавæрд зæгъинæгтæ. Саби цы дæсныйадыл хæст уыдзæнис, зæгъгæ, уый развæлгъау базоныны тыххæй йын йæ райгуырдыл иу аз сæххæсты бон йæ разы алы мигæнæнтæ куы æрæвæрдтой, уæд:

---

[1] Хацырты Сергей. Кæс: журнал «Фидиуæг», 1999, №5, 60-æм фарс.

*Саби сыл йæ цæстæнгас æрхаста,*
*Хæдон фехста, тæрхъусæй фæтарсти.*
*Стæй «Ирон фæндыр»-ы чиныг систа*
*Æмæ йæм æмбаргæйау ныккасти.*

*Фынджы хистæр бадты сæрæй сыстад*
*Æмæ райхъуыст хорз дзырдтæ йæ дзыхæй:*
*– Ды дæ къухмæ Иры намыс систай,*
*Макæд ыл уæд сау ыстъæлф дæу тыххæй!*[1]

(«Райгуырæн бон»)

Исидор нæ хуыздæр поэттæй уыд, æмæ цыма уыцы «хистæры» арфæ (æви фæдзæхст?) дардта йæ зæрдыл – дзырд ын уыд, уд кæм ис, ахæм буар. Нæ йыл цыд сайдæй. Æмæ фидарæй зæгъæн ис, уымæй Иры намысыл кæй нæ уагъта сау стъæлф абадын. Къоста æмæ йын йæ «Ирон фæндыр» уыдысты Хуыцау æмæ Хуыцауы кувæндоны хуызæн. Табу сын кодта æмæ сын не 'фсæстис табу кæнынæй. Къоста йын аивады уыдис иууыл бæрзонддæр хохы хуызæн. Уый зарджытæм ын тад цъити дæр. Йæхæдæг та æрмæстдæр зарыд уымæн, æмæ зыдта – Теркæн цас фылдæр къабæзтæ уа, уыйас тыхджындæр кæй уыдзæнис («Ме скаст – хохмæ»). Къостайау, йæхицæн дæр кæд йæ «тæргайдон» нæ хæхтæ сты, уæддæр ын: «Ды – булæмаргъ, æз та – дзылы мæ хъузджы», æмæ йæхицæн цард куынæуал фæкæны адджын, уæд йæ хъуыды æрæнцайы Къостайы генийыл æмæ, кæрддзæмы кардау, абады йæ гаччы. Йæ лирикон хъайтары фыццаг куывд фынгыл Ирыстоны тыххæй уымæн у, Ирыстоны нуазæн Къостайæн уымæн вæййы («Къостамæ кæсгæйæ»).

Козайы-фырты сагъæс у, хæмпæлгæрдæг, рувæстæ æмæ алы зианхæсджыты мыггæгтæ фылдæрæй-фылдæр кæй кæнынц. Уыйхыгъд нæм «булæмаргъ фæтæргай, стæм хатт ма ныййазæлы йæ лирæ...» Фæцагътам нæ хæхты фидыц – дзæбидырты. «Сæрджын сагæн ма агурæм йæ фæдтæ...», æмæ ахæм рæстæджы диссаг никæмæуал кæсы: «Къостайы уæхскыл абадти дзæгъындзæг, йæ къæрры-къæрры ацарыдта хъустæ...».

---

[1] Козаты Исидор. Æрвæрттывд. Сталинир, 1960, 7-æм фарс.

Диссаг никæмæуал кæсы, фæлæ йыл поэт дис кæны, æмæ нын æй дзуры, цæмæй йæм мах дæр аздахæм не 'ргом:

*Ныхджын цы у, нæ фæкæны уый уисæн,*
*Хæрамдзинадмæ аздахы йæ тыхтæ.*
*Нæй байсæфынæй никæд тас хæрисæн,*
*Ныссагъта фæрæт тулдз-къохы йæ ныхтæ.*

*...Кæсын, фæлгæсы дзæгъындзæг Къостайæ,*
*Ома нæ дæн зæрватыккау буарсау.*
*Куы нал æвзарæм рувасы ыстайæ,*
*Уæд баййæфтам, æвæццæгæн, дзуарса...*[1]

(«Уæд баййæфтам дзуарса...»)

Исидор йæхæдæг тынг хорз кæй æвзæрста «рувасы ыстайæ», уый тыххæй, дунейыл цы бæрзæндтæ ис, уыдонæй «рагъгæс» лæууыдис дыууæйæн: «Ирыстон – мæ цин æмæ мæ рис, æмæ Къоста – нæ номы сæр, нæ сагъæс!..» («Къоста Очаковойы»)

Козайы-фырты поэзийы сæйраг дзуринаг уыдис Ирыстон. Ирыстон та йын сæйраджы сæйраг фидыдта Къостайæ. Уыцы дыууæйыл – Ирыстон æмæ Къостайыл куыд тад æмæ руад, уый зыдта æрмæстдæр йæ уд. Мах æй хатæм, цы диссаджы аив рæнхъытæ æмæ æмдзæвгæтæ гуырдысты уыдоны тыххæй йæ зæрдæ æмæ йæ зонды, уыцы æнкъарæнтæй. Æгæрыстæмæй нæм хорз поэт куы нал сгуыхы, уæддæр æм афтæ кæсы, Къоста нын йæ тугæй иу æртах куы ныууагътаид æмæ дзы судзинтæ куы саразстаиккам, уæд æндзыгау нал уаиккам. Фæхæццæ нæм уыдаид йæ уды цырв, æмæ адæммæ хæццæ кæнид нæ зарæг («Нæ фæразын»).

Поэт зæгъгæ афтæ кодта, фæлæ йæм фæхæццæ нæ раздзоджы уды цырвæй. Уый фæрцы йыл зарыд ныфсджынæй. Æмæ йын йæ фæлгонц иууыл ирддæрæй цы уацмысты равдыста, уыдонæй у æмдзæвгæ «Лæг-вулкан» дæр:

*Фæрсыс, вулканæй æз тæрсын?*
*Тæрсын зæххæнкъуыстæй нæ Ирæн?*
*Вæййы, æз хæхты 'рдæм кæсын:*
*Кæнынц, мыййаг, æртхъирæн?*

---

[1] Козаты Исидор. Хæрзбон. Цхинвал, 1989, 306-æм фарс.

*Уыдис, ыстыдта нæм кæддæр*
*Вулкан, ныр дæр нæ хуыссы.*
*Ыслæууыд Ресæй уый уæлдæр,*
*Бæстыл йæ нæрын хъуысы...*

*Ныннæрыд Наргомæй зæххыл,*
*Фыддуг цыди лæзæргæ.*
*Уæдæй æнкъусы уый бæстыл*
*Ыстырдæр хох – лæг-зæрдæ.*[1]

Къостайы тыххæй ма афтæ уарзгæйæ, афтæ арæх, æмæ йын нæ Ирбæсты царды алы ран йе стыр нысаниуæг арф æмбаргæйæ, дзырдта æмæ йыл зарыд Дзуццаты Хадзы-Мурат. Фыццаг-фыццаг дзы цыма æфсæрмы кодта – хызта дзы йæхи. Стæй йæ фæхуыдта йæ дыккаг чиныг «Романтикæ»-мæ («Къоста – мæ уазæг»). Йемæ фæныхас кодта Ирыстон æмæ дунейы тыххæй. Нæ ивгъуыд æмæ нæ абоныл фæтæрхæттæ кодтой. Къоста кæд рынчын уыд, уæддæр-иу, хаттæй-хатт кæй нуæзта, уый тыххæй ирон арахъхъæй фæкуывтой: «Дæуау, Ирыстонæн чи кæны намыс, уыдон бирæ цæрæнт!» – æмæ сæ банызтой.

Æмдзæвгæйы кæд хицæн зæрдæмæдзæугæ бынæттæ ис: «Нæртон Колумб, ды бакодтай фыццаг хатт Ирыстоны...»; «Дæ ном нын у куыд паспорт кæнæ визæ. Дæ номимæ нын алкæй дуар дæр – гом» æмæ афтæ дарддæр, уæддæр рауад схемæйон, сур ныхас. Фæлæ стæй æвзонг поэт сахуыр Къостайыл – кæс, æмæ та-иу йæ фæндаг акодта ууыл («Къоста», «Къоста – цыртдзæвæн», «Судзы Ног Афон», «Хиды гæзæнхъæдыл...», «Къоста марди...», «Дысон та...» æмæ æндæрты). Алы хатт-иу дзы нæ раздæхт рухсцæсгомæй, зæрдæзæгъгæ лæвæрттимæ. Алы хатт-иу нæ баци йæ бон йæ фæлгонц ын æххæстæй равдисын, фæлæ йæ тынг нæ хъыг кодта. «Судзы Ног Афон» хуымæтæджы не сси йæ хуыздæр æмдзæвгæтæй иу.

1899-æм азы Къоста Ног Афонмæ хаст куы уыдис, уæд фыста, ома йын йæ рæсугъд æрдзæн дæр нæ батæригъæд кæнин, бафтауин ыл арт, «уымæн æмæ дзы моладзантæ æнæвгъау эксплуатаци кæнынц адæмы æууæндаг зæрдæ».

[1] Козаты Исидор. Хæрзбон. Цхинвал, 1989, 198-æм фарс.

Афтæмæй ирон поэзийы Хадзыйы æмдзæвгæйы фæрцы фæирддæр вæййы Къостайы фæлгонц:

*Чи дæ?*
*Ардæм цæмæ 'рцыдтæ?*
*Хуыцауæн цырæгътæ*
*куынæ сты дæ бæрцытæ!*
*Чи дæ?*
*Моладзантæ дæм*
*се 'рфгуыты бынæй кæсынц,*
*дæ хъамайæ нæ, –*
*дæ цæстытæй дын тæрсынц.*
*Æмæ дæм сæ цæстытæй*
*æрбакæсынц бирæгътæ,*
*зыд бирæгътæ.*
*Эх, куыд дæ ныккæниккой*
*сæ дæндæгтæй фыдбырæгътæ!*

Æмдзæвгæ райдайы сабыр, иударон, æнкъард нывæй – фенæм, поэт куыд арæхстгай цæуы Хуыцауы цагъарты æхсæнты. Дис кæны, кипаристæ сæхи кæдæм ивазынц, уыцы мæнг арвмæ, сæ зонгуытыл лæугæ, цæмæн хъарынц сæ удтæ. Кæмæ, цæмæ лæгъстæ кæнынц? Æввонгæй сын чи цы æрæппардзæнис?

Уыдон та поэтыл дис кæнынц: афтæ мæллæг, афтæ къуылыхæй Хуыцауы раз зæхмæ цæуылнæ æрхæссы йæ ных? Афтæмæй уацмысы драматизмимæ тыхджынæй-тыхджындæр кæны йæ темпераментондзинад. Уацмыс, æмæ уыимæ Къостайы фæлгонц нæ цæстыты раз сысты эмоционæй, аивадонæй:

*Эх, куыд æхсызгонæй дын*
*моладзантæ*
*скъахтаиккой дæ цæстытæ!*
*Фæлæ сæм куы бакæсынц –*
*дæ цæстыты*
*Ног Афон судзы,*
*Ног Афон судзы,*
*Ног Афон судзы,*
*арты къухтæ сæфсæрынц арвмæ,*
*куыд кипаристæ - хъаматæ,*

*судзынц моладзанты*
*пæлæзтæ-къабатæ,*
*фæздæг пиллонæмхæццæ*
*ныффæйлауы хивæнд уылæнтау.*
*Судзы Ног Афон,*
*Ног Афон судзы,*
*судзы дæ цæстыты –*
*диссаг,*
*æнæнтау!*[1]

Тедеты Рюричы (Скифироны) лирикон хъайтар тыхсы царды зынтæй. Æнцон ын нæу «дæлдзиныгæй, фæлмастæй фæлидзын дардмæ». Чи зоны, уым йæ хъул сах абадид. Цуанонæн – сырдджын, цы комы нæ уыд, уый.

Æмæ алидзид. Фæлæ, хингондау, æппынæдзух йæ хъуыдыты зæлы Къостайы æнусон фæдзæхст; æнцой йын нæ дæтты, нæ йын дæтты йæ фыдызæххæй фæхицæн уæвыны фадат – «мæ хъустыл уайы:

«Уарз дæ бæстæ... Фæдзæхстау: ма йæ суæлдай кæн нæ фæстæ... Лæгъстæмхасæнау: ма дзы бафæллай...» («Ирыстон – Къоста. 1.»)[2]

Æмæ йын кæд зын у, уæддæр йæ фыдызæхх нæ уæлдай кæны, афтæмæй не 'мбæхсы:

*Кæмдæр мын æнцон у! Кæмдæр мын æнтысы,*
*Хъуыддæгтæ, дзинæдтæ æфсæрмæй, æхсарæй!*
*Кæмдæр æз æргъиуæй дæр фестын цæнгæт.*
*Фыдызæхх ныуудзын...* ***Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы!***
*Нæ мæ 'вдæлы уымæ...* ***Куы бамбæхсай барæй,***
***Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..***[3]

(«Ирыстон – Къоста. II.»)

Æмæ Скифироны лирикон хъайтар йæхи уды æхцондзинады тыххæй Ирыстонæй дард кæй нæ лидзы, æцæгæлон зæххыл адджын гуккутæ хæрыны тыххæй кæй не 'мбæхсы, фæлæ йæ фыдæлты арвы бын, йæ фыдæлты къонайы

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Биографи. Цхинвал, 1990, 29-æм фарс.
[2] Скифирон. Лирикæ. Цхинвал, 1973, 110-æм фарс.
[3] Уый дæр уым, 130-æм фарс.

зынг хуыссын кæй нæ уадзы, йæ арт ын кæй схъауы, уый уацмысы кæрон уынæм ноджы æргомдæр æмæ бирæ ирддæрæй. Уæлдай æхцондæр та зæрдæйæн у, йæ амæлæты бонмæ Ирыстоныл йæ зæрдæ кæй никуы сивдзæнис, уыцы фидар æнæфæцудгæ ныфс:

*Ирыстон, Ирыстон! Мæ цæссыг æрхъуызы!*
*Сæрфын æй дæ цинæй, дæ хъыгæй, дæ карæй!*
*Дæ зæхх уыд мæ авдæн, мæ ингæн дæр уæд!*
*Мæ уæнгты нæ сысы:* ***«Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы!»***
*Æрсуры мæ дардæй:* ***«Куы бамбæхсай барæй,***
***Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..»***

Афтæмæй фенæм, нæ Хуыцауыхай Къоста ныл йе 'нусон дунейæ дæр куыд ауды, куыннæ нын дæтты нæ фыдызæхх ныууадзыны бар, куыд нæ æфтауы раст фæндагыл.

Афтæ ирон поэттæ фæтырнынц, нæ Иры фарны уды хиæдтæй ма æнæ фенгæйæ, æнæ рафæлгъаугæйæ цы баззад, уый раргом кæныныл, адæмы рæгъмæ йæ рахæссыныл.

Плиты Феликсмæ афтæ кæсы: «Куы вæййы зæххæнкъуыст», уæд «Ирыстоны зæрдæ КЪОСТА цыдæр дудгæмастæй дзыназгæ нырризы Иры уæлмæрды!»[1] («Зæххæнкъуыст») Ирыстоны дурынвидар зæхх нызмæлын кæнын æрмæстдæр Къостайы бон у. Иу æмæ йæ дыууæ хатты куынæ нызмæлын кодта, мыййаг.

Поэт Гаджиты Георги уымæн загъта:

*Лæууыд Къоста йæ ахæсты æрхуымæй,*
*Нæ урс хæхтæм æрхæндæгæй нымдзаст.*
*Йæ хъахъхъæнæг æм дыуары зыхъхъырæй*
*Йæ иунæг цæстæй сохъхъыр зинау каст.*

*Кæмдæр та арв бæзджын мигътæй нæ зынд.*
*Кæмдæр та къæвда тугæмхæццæ уарыд.*
*Ирон жандарм та хъахъхъæнæг лæууыд,*
*Йæхинымæр Къостайы «Додой» зарыд...*[2]

(«Зарæг»)

---

[1] П л и т ы   Ф е л и к с. Хурхæтæн. Цхинвал, 1986, 21–22-æм фæрстæ.

[2] Г а д ж и т ы   Г е о р г и. Кæс: журнал «Мах дуг», 1979, №10, 49-æм фарс.

Замманайы поэтикон загъд: дурсæр пъæлицæйаг, ахæстоны кæй дары, уый тохы зарæг зары! Фæлæ... Ацы æнæрайы, фæлæ – раны «фæлæ»!..

Стыр испайнаг поэт Гарсиа Лоркайы фехстой фашисттæ.

Йе ‘мдзæвгæ «Арест Антоньито эль Камборьо на Севильской дороге» йын уырыссаг æвзагмæ поэт Николай Асеев куы раивта, уæд йæ арæзты поэтикæ баззад йæ уды. Æцæг поэтикон æгъдауæй дæр æмæ йæ трагикон хъуыддагæй дæр адæймаджы зæрдæйæ нал фæкомы ахауын.

Антоньито æнæмæтæй фæндагыл цыд, рæгъæд лимонтæ лыг кодта æмæ сæ æхста донмæ. Донæн райсын кодта сыгъзæрин хуыз. Стæй йæ пъæлицæ æрцахстой. Баппæрстой йæ ахæстоны.

*Меж тем лимонад жандармы*
*Пьют и вкушают отдых.*
*Его под вечер, в девять*
*Скрывают тюремные своды.*[1]

Уыцы поэтикон мадзал фæцыд Асеевы зæрдæмæ, – стæй, кæй зæрдæмæ нæ фæцæудзæнис, – æмæ 1956–1958-æм азты Лоркайы амæлæтыл æмдзæвгæ куы фыста, уæд дзы, кæд поэт афтæ нæ амард, уæддæр спайда кодта:

*Увели не к стене его,*
*не на площадь, –*
*увели, обманув,*
*к апельсиновой роще.*
*Шел он гордо,*
*срывая в пути апельсины*
*и бросая с размаху*
*в пруды и трясины;*
*те плоды*
*под луною*
*в воде золотели*
*и на дно не спускались,*
*и тонуть не хотели.*

[1] Асеев Николай. Стихотворения и поэмы. Л., 1981, 459-æм фарс.

*Будто с неба срывал*
*и кидал он планеты, —*
*так всегда перед смертью*
*поступают поэты.*[1]

(«Песнь о Гарсиа Лорке»)

Æмæ стæй – йæ тæккæ зæрдæ лопъогæнæн, адæймаджы æнæтугæй æргæвдæг рæнхъытæ:

*А жандармы сидели,*
*лимонад попивая*
*и слова его песен*
*про себя напевая.*

Цыбæлагмæ алчидæр бабæлдзæнис. Бирæ та йæм æрмæст цыбæл не суыдзæн, фæлæ йæ хъуамæ раскъæфа. Скæна йыл йæхи дарæс. Йæхи йæ бакæна.

Ахæм поэтикон фæлгонцмæ нæ фæлæууыд гуырдзиаг поэт Шота Нишнианидзейы зæрдæ. Æрбаскъæфта йæ йе 'мдзæвгæ «Лоркайы фæстаг монолог»-мæ.

Æцæг, фесæфта, уацмысы сæрæй кæронмæ, сырх æндахау, рæсугъдæй чи зыны, хуры тынау æй чи æрттивын кæны, уыцы лимоны фæлгонц. Жандармтæ поэты куы амарынц, уæд сын автор сæ къухты фæсадзы сæны кружкætæ:

*Со свистом и воплями ночью темною*
*Опорожняли кружки огромные.*
*И пели... пели... Вино распивали.*
*Гремели шпоры, как бубенцы.*
*А то, что стихи мои распевали,*
*Об этом не знали глупцы.*[2]

(В. Соколовы тæлмац)

Кæйдæр «жандармтæй» ирон пъæлицæйаг цæмæй дæлдæр лæууы?! Æмæ кæд нуазгæ нæ кодта, уæддæр уый та Гаджиты Георгимæ Къостайы «Додой» ныццæлхъ ласта.

Фæлæ уыимæ Георгийы æмдзæвгæйы уынæм царды æмæ

---

[1] Асеев Николай. Стихотворения и поэмы. Л., 1981, 222-æм фарс.
[2] Нишнианидзе Ш. Избранное. М., 1986, 289-æм фарс.

поэзийы рæстдзинад. Къостайы дзырд, сæхæдæг дæр æй не ‘мбæрстой, афтæмæй хæццæ кодта йæ сафджытæм дæр. Æмæ уый уынæм аивадон хуызы. Ома, поэты фæлгонц æрмæст дзырдтæй нæ, фæлæ арæзт цыд аивадон деталтæй.

Бестауты Гиуæргийы зæрдæйæн та æнцой нал лæвæрдта фыдохы фарст: уый цы ‘хсæв уыдаид, нæхи Къоста куы рамард? Æмæ йæ равдыста, йе сфæлдыстадæн характерон чи уыд, ахæм роматикон ахорæнтæй:

*Къæйтæ тъизынц... Арв æваст ныннæры,*
*Мигъты ’хсæн ныдздзортт-дзортт кæны мæй...*
*Дымгæ систа зæххы цъар йæ сæрыл:*
*Ахсæв хохæн ‘нæ ракæлгæ нæй.*

*Басыгъд цыма хин æмæ кæлæнæй, —*
*Дуне у сынты базырау сау.*
*Иу хæдзары рудзынгæй ма, мæнæ,*
*Рухс æрттивы, бирæгъы цæстау.*

(«Сау æхсæв»)

Къæйтæ кæугæ нæ, «тъизгæ» кæнынц. Мæй змæлгæ нæ, «дзортт-дзортт» ныккæны. Уымæй дæр «мигъты ‘хсæн». Дымгæ дæр дымгæ нæ кæны, «систа зæххы цъар йæ сæрыл», «...знæтæй дыуæрттæ ныххойы, Рудзынгæй æрбадзыназы уад...»

Æмæ куыннæ тъизой, куыннæ хойой знæтæй дуæрттæ, кæд æмæ, бирæгъы цæстау, рухс кæцæй æрттивы, уым йæ уд исгæйæ дæр Ирыстоны ныфсы лæг Къоста йæ хъуыдыты зилы йæ адæмыл; йæ фæстаг фæндагыл цæугæйæ дæр сулæфынтæ нæ фæразы уыдоны мæтæй. Фæлæ удхæссæг куырм у. Кæуылфæнды фæхæст уæд: саби уа æви зæронд, нæлгоймаг уа æви сылгоймаг, æгуыдзæг уа æви гени — йæ ныхтæ дзы ныссадзы. Нал ын вæййы аирвæзæн. Æмæ уыцы фыдæхсæв, уыцы сау æхсæв:

*Уæлæ мигътæй раленк кодта дзаг мæй:*
*Рынчыны зæгъын фæнды цыдæр.*
*Удхæссæг, æлгъыст фæуай мыггагмæ,*
*Иу уысм ма фæгæдзæ кæн ды дæр!*

*Сфæраза фæстаг ныхас йæ былалгъ,*
*Й‘ адæмæн фæстаг «Хæрзбон» зæгъа...*
*Уад нынниудта, ахуыссыдис цырагъ...*
*Дардæй райхъуыст сау сынты цъæхахст...*

*Зæхх ныррызт йæ мидбынаты ‘вирхъау...*
*Терчы сæрмæ рафæлдæхти хох...*
*Сау мæйдары тугæй ахуырст цирхъау*
*Арв ныртты̀вта... Мигътæн сытынг тох...*

*Чи цы зыдта, ‘рбабонмæ ма цас хъуыд?*
*Чи зоны, сæуæхсид нал уыд дард...*
*Уыцы ‘хсæв Къостайы зæрдæ аскъуыд,*
*Уыцы ‘хсæв Къоста фæцис йæ цард...*

Фæлæ Къостайæн, стæй Къостайы хуызæттæн мæлæт нæй. Йæ рæстдзинад, йæ рæстаг тох æмæ рæстаг хъуыддæгтæ, йе стыр аивад адæмы зæрдæты баззайдзысты цæргæйæ. Баззайдзысты æнустæм. Уыдонимæ цæрдзæнис поэт йæхæдæг дæр. Йæ удæгасæй куыд уыдис, афтæ хæхтæ рухс кæндзæнис цырагъау, цæудзæнис размæ — сæрибар дунемæ. Адæмы зæрдæйы чи цæры, уымæн нæй мæлæт, æмæ йæ раст ныхас йæ къухы æрттивдзæнис æлвæст кардау.

*Æмæ ‘рмæстдæр иу мæнг ныхас загъта, —*
*Тагъд, дам, адæм нал зондзæн мæ дзырд:*
*Ингæнæй æвзист талатæ суагъта, —*
*Уый кæны æнусты ‘мдзу йæ цырт.*[1]

Мах дæр раст куы зæгъæм, уæд æмдзæвгæ йæ композицион арæзт, йæ афыст, йæ хъæлæсы уаг, йе ‘взаг æмæ алцы æппæтæй дæр у хорз. Йæ поэтикæйæ бирæ цæмæйдæрты у бафæзминаг. Къостайы фæлгонц æвдисгæйæ нæ хизы цардьы рæстдзинады сæрты, æрмæст...

Ам дæр уыцы «æрмæст»...

Йæ композицион арæзт, йæ афыст, стæй хицæн деталтæй зæрдыл лæууын кæны Кочысаты Мухарбеджы æмдзæвгæ «Къоста Херсоны».

---

[1] Бестауты Гиуæрги. Уадтымыгъ. Сталинир, 1958, 50-æм фарс.

Цы ‘нгæс миниуджытæ сын ранымадтон, уыдонæй сæм, бирæтæм гæсгæ, цъус хæстæг лæууы Цæгæраты Гигойы æмдзæвгæ «Адæмы хъæбул» дæр. Æрмæст уым та мæлы Къостайы мад.

Чи зоны, куы ацагуриккам, уæд нæ поэттæй искæмæ разынид уыцы схемæйыл фыст æмдзæвгæ, Къостайы фыд кæм мæлы, ахæм дæр.Фæлæ сæ аивадон æгъдауæй Бестауы æмдзæвгæйы ничима æййафы.

Уыцы схемæтæм сæ æрсайы поэты уарзт. Уымæн æмæ, Гæбулты Мелитоны загъдау:

*Æнæ Къоста нæ уыдаид Ирыстон,*
*Æнæ Ир та нæ уыдаид Къоста.*[1]

(«Мæ райгæ бон, мæ царды ныфс, Ирыстон...»)

Фæстæдæр Дзуццаты Хадзы-Мурат дæр йæ уац «Ныхас Къостайы тыххæй»-ы уымæн дзырдта: «Ирыстон Къостайæ хуыздæр никæй радта æмæ Ирыстонæн Къостайæ фылдæр ничи радта. Цыдæриддæр Ирыстонмæ фенддаг æмæ бæллиццагæй уыд — се ‘ппæт дæр æрæмбырд сты иу адæймагмæ, æрцардысты йæм, сæхи равдыстой рæдауæй. Къоста у Ирыстоны ном æмæ кад, йæ зонд æмæ йæ уд, йе ‘хсар æмæ йæ уæздан».[2]

Нацийæн афтæ цы адæймаг у, уый, искæй фæнда æви нæ, уæддæр свæййы сæ зæд, сæ Хуыцауыхай. Къостайы йæ амæлæты фыццаг бон ирон поэттæ сыгъдæгуд, зæд уымæн схуыдтой. Фæлæ нæ уый рох кæнын райдыдта нæ мæгуырæй. Стæй та нын æй советон цардæвæрд, дины ныхмæ тох рох кæнын кодта.

Афтæ нæм каст — нæ царды фыддзинад нал ис. Иугæр афтæ уыд, уæд францаг философ-материалист Гольбахмæ гæсгæ мах Хуыцауыхай нал хъуыд: «Если бы в этом мире не было зла, человек никогда не помышлял бы о божестве».[3]

---

[1] Гæбулты Мелитон. Царды гуылфæнты. Сталинир, 1954, 25-æм фарс.

[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. Цхинвал, 1985, 3-аг фарс.

[3] Гольбах Поль Анри. Избр. произв. в 2 т. Т. 1, М., 1963, 358-æм фарс.

Фæлæ та Фыдыбæстæйы хæсты фæстæ адæмæн сабыргай сæ зæрдæтæй мæлæты тас куы ‘фтыд, уæд та ‘рымысыдыстæм, чи нын у Къоста.

Загътон ма йæ, ирон поэзийы æмæ литературæзонынады Джусойты Нафи тынг бирæ балæггад кодта æмæ лæггад кæны нæ хуыздæр Къостайæн. Ныффыста æмæ йыл фыссы йæ цардыл дæр, йе сфæлдыстадыл дæр бирæ хъæугæ уацтæ, монографитæ, æмдзæвгæтæ, снывæста йыл кадæг «Ирыстоны сагъæстæ...»

Нафи, афтæ чи дзуры: Къоста «ирон дзырдæн арæн ныссагъта, размæ ахизæн арæныл нæй!..» — уыдонимæ нæу разы. Хуыздæрæй хуыздæртæ бирæ ис, — зæгъы ирон æмбисонд. Нафийы хъуыдыйæ, — æмæ уый афтæ дæр у, — Къоста «йæ зард, йæ фæндыры цагъдæй царды ног балцы арæн ныссагъта», фæлæ уыцы арæн афтæ нæ амоны, æмæ дарддæр цæуæн нал ис.

Нæ, Нафи быцæу кæны йæ тæппуд оппоненттимæ, — «уый нæ фæндаджы райдиан у!»Уымæй фæстæдæр лæууын æцæг поэтæн худинаг у:

*Уый ыскодта йæ тугæй арæн*
*Æмæ загъта хæстон æмгарæн:*
*«Æтт, ирон лæг, цæуын дæ бар у,*
*Нæй фæстæмæ цæуынæн бар!»*

*Хъусыс, хорз лæг, Къоста цы загъта?*
*Ма скъуын: «Арæн! Арæн!» — дæ уд.*
*Уый йæ зарæг, йæ фæндыры цагъдæй*
*Царды ног балцы арæн ныссагъта —*
*Уый нæ фæндаджы райдиан у!*[1]

(«Къостайы арæн»)

Æнцон нæу Къостайæ дарддæр ацæуын. Къоста у нæ литературæйы иууыл бæрзонддæр цъупп. Цæргæстæ дæр стæхын кæдæм нæ уæндынц, ахæм цъупп. Фæлæ Къостайæн ирон литературæйы кæд йæ размæ ничи уыд, уæд уый сфæлдыстад Нафийæн та у трамплины хуызæн. Уымæ гæсгæ йæ ныхас рауад раст æмæ уыимæ — поэтикон.

---

[1] Джусойты Нафи. Изæры рухс. Цхинвал, 1987, 194-æм фарс.

Фыссæг æмæ литературæиртасæг Джыккайты Шамил дзы уымæн загъта: «Йæ рæстæджы бирæ хъаугъатæ расайдта æмдзæвгæ «Къостайы арæн» (1954 аз). Уæд сæрибар сфæлдыстадыл, уæззау къæйау, ныффæлдæхтой консерватизмы джипп. Йæ быны хуыдуг кодтой гыццыл тыхтæ, фæлæ æцæг курдиат уагъта билцъ æмæ тырныдта æгæрон тыгъдмæ. Æмдзæвгæ у полемикон, æмæ дзы ис риторикон аивтæ, фарстон æмæ хъæрон интонацитæ, уыдон ын тыхджын кæнынц йæ тохон пафос. Автор быцæу кæны, надвæдыл чи цоппай кæны, уыцы фыссæг пигмейтимæ. Уыдон Къостайæн табу кæнынæй æмбæхсынц сæхи сфæлдыстадон æнæбондзинад». Стæй дарддæр: «Нафи сыгъдæг уддзæф хаста аивадмæ, уымæй змæста сфæлдыстады æртдзых æмæ хуыссын нæ уагъта агурæн монцы зынджытæ. Уый æрæмных кодта поэт æмæ хæстоны хъуыддæгтæ æмæ домы, Къоста цы арæнмæ скодта фæндаг, уымæй фæстæмæ нæ, фæлæ размæ цæуын».[1]

Уыцы арæн аразын æнцон нæ уыд зæххон адæймагæн. Уый уæларвон бархъомыс домдта. Æмæ уый кæй зонд æрцахста, уый саразыны тых кæмæ разынд, уый йæхæдæг уæларвон кæй у, уыцы хъуыддаг Нафи хорз зоны:

*Сау цæстытæ, сау цæстытæ, сау!*
*Æхсæвау – сау, бæрзонд арвау – æнæбын.*
*Кæд искуы уыд зæххон лæгæй хуыцау,*
*Уæд арвмæ уый зæрин фæндаг фæрæдыд*
*Æмæ æрцард нæ сау хæхтæн сæ рæбын!*

Æмæ ныр кæсынц йæ сау цæстытæ, «сыгъдæг арвау, нæ Иры къуым, нæ цардмæ». Къоста йæ зæрдæйæ цы фæндыр скодта, уый цагъдмæ хъусынц «æгас дуне лæджы зæрдæйæ арвмæ». Уымæн æмæ уый у «зæххон лæгæй хуыцауы»-ы цагъд.

Фæлæ Къостайы тыххæй Нафимæ уый дæр фаг нæ фæкаст. Йæ ныхас нодджы фæнуарджындæр æмæ фæбæркадджындæр кодта æмдзæвгæйы фæстаг строфайы:

*Йæ зæрдæ – арт, цæхæр цæстытæ – сау,*
*Йæ зарджытæ – нæ бæллицтæ, нæ цинтæ,*

[1] Журнал «Фидиуæг», 2000, №1, 13-æм фарс.

*Нæ ивгъуыд бон, нæ ныры цард, нæ фидæн!*
*Гъе, ахæм уыд нæртон поэт — хуыцау, —*
*Лæгæй хуыздæр нæ уыд хуыцæуттæй иу дæр!*[1]

Æмдзæвгæ ныффыссыны рæстæг (1952) хуыцæутты кой кæныны дуг нæма æрцыдис — арв æмыр уыд, кувæндæттæ кæнæ пырх уыдысты, кæнæ сын сæ дуæрттæ сындзæрх раджы скодтой. Нафийы фæстаг рæнхъ, æвæццæгæн, уыцы хъуыддæгтæ расайдтой. Фæлæ поэтикон æгъдауæй дæр, хъуыдыйæ дæр, «политикон» æгъдауæй дæр, джиппы уагъдау, абадт уацмысыл.

Æмдзæвгæ фесгуыхт, æмæ нæ поэзийы дуæрттæ ногæй фегом сты нæ хуыздæры — Къостайы нæ Хуыцауыхай хонынæн.

Къостайыл иууыл стырдæр кæнæ, æндæр дзырдтæй зæгъгæйæ — иууыл даргъдæр поэтикон уацмыс фыццаг ныффыста Хъайтыхъты Геор — «Къостайы цардæй»,[2] зæгъгæ. У эпикон уагыл арæзт. У адæмон сфæлдыстады — адæм æнæзонгæйæн йæ кондмæ гæсгæ кæй аргъ кæнынц, уыцы хъуыдыйы бындурыл нывæст, кæд ын йæ арæзт фæивта, уæддæр.

Егъауæй егъау у, дыууæ цыбыр кадæгæй, чи зоны, егъаудæр. Фæлæ, æвæццæгæн, авторæн йæхи зæрдæйыл дæр мæнæ-мæнæ нæ сæмбæлд æмæ йæ рахуыдта радзырд.

Къостайы 100 азы юбилеймæ Нафи цы кадæг ныффыста, «Ирыстоны сагъæстæ», уым зынынц авторы хъуыдытæ Къоста-адæймаг æмæ Къоста-поэты тыххæй, дуджы тыххæй. Сæйраджы та сарæзта Къостайы фæлгонц — ныв æй кæны поэтæй, Ирыстоны сæрхъызойæ. Къоста йæ зæрдæ скодта йæ «адæмы хай», йæ «буар — фыдызæххы хай». Фæлæ нын автор «Ирыстоны сагъæстæ»-йы равдыста, Къоста ирон адæмы хуыцау кæй у, уый, æгæрыстæмæй, удхæссæг дæр кæй зоны.

Уадз, удхæссæг æй иронийы хуызы дзурæд. Къостайæ зæгъы:

---

[1] Джусойты Нафи. Æз райгуырдтæн хохы. Сталинир, 1960, 32-æм фарс.
[2] Журнал «Мах дуг», 1947, №8, 44-æм фарс.

*Дæхицæй мæлæты лæг ма кæн!*
*Ды æнхъæлыс, дæ хуыцау у адæм,*
*Дæ адæмы хуыцау та – ды!*[1]

Хуыцауæн табу хъæуы. Мыртазты Барисы зæрдыл дæр æрлæууыд, нæ Хуыцауыхай чи у. Æцæг, уæд Хуыцауы ном зæгъынæй адæймагæн йæ хай æнæ хæрдæй нал задис. Гъемæ, фергом кодта йæ хъуыды Къостайы тыххæй:

*Æз куы сдзырдтон: «Уæ фарн заманты ‘гас цæуæд!..*
*Къаннæг, фæлæ домбай Иры хуыздæр цæуæт,*
*Ныр кæй руаджы цæры хуры таучел хуындзау,*
*Ныр кæй руаджы цæры поэзийы Хуыцау,*
*Уыцы лæгтæн сæ ми у табуйы нысан,*
*Мад-хохыл сын налхъуыт стыр цыртытæ ныссадз!..»*[2]

(«Тырын былæй хауæны»)

Къостайы кæд æххæстæй дунескæнæджы номæй схонын нæ бауæндыдис, уæддæр нын у «поэзийы Хуыцау». Уымæй дæр бæрæг у, Къостамæ йæ амæлæты боны стыр ном куыд здæхт фæстæмæ. Чи йæ чъызгæйæ дзырдта, чи – сæрыстырæй.

Хъодзаты Æхсар та хауы, нæ ирон литературæйы зæгъинаг ныхасыл, «исчи мæм фæхъыг уыдзæни»-йы тыххæй фæстæ чи нæ хæцы, уыцы поэттæм. Йæ аивад сæрысуангæй раст къахыл лæуд у. Адæмæн хæссы кад æмæ цыт. Хъал нын кæны сæ хъуыды. Рæвдауы нын нæ зæрдæ. Æмæ, уæдæ, диссаг нæу, Къостайы фæлгонцмæ ног æмæ ногæй кæй æрыздæхы, æппынæдзух æй хъæздыгæй-хъæздыгдæр кæй кæны. Æппынæдзух. Азæй-азмæ. Йæ поэтикон æмбырдгæндтæй иу хонгæ дæр уый номæй ракодта – «Къостайы хæдзар».

Уыцы æнкъарæнтæ йæм цæуынц æрдзон хуызы. Бахсидынц йæ хъуыдыйы. Ратæдзынц йæ зæрдæйы рæбынæй. Æрмæстдæр сæ уæд раргом кæны, фидарæй йæ куы фæуырны, ныр цæуынц йæхи зæрдæмæ, фæцæуудзысты адæмы зæрдæмæ дæр.

Къостайы бæрæгбоны тыххæй «Къостайы бон» куыд уарз-

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Ирыстоны сагъæстæ. Сталинир, 1959, 76-æм фарс.
[2] Журнал «Мах дуг», 1979, №10, 47-æм фарс.

гæйæ, куыд цинзæрдæ æмæ циндзастæй ныв кæны, уый бæллицы, урс бæллицы аккаг у, уæдæ цы. Æмдзæвгæ кæсгæйæ уыцы урс бæрæгбонмæ бахауæм. Нал нæ фæфæнды ахæм æгæрон цинæй нæхи ратонын. Уацмыс каст фæвæййы, фæлæ нæ цæстæнгас уæддæр нæ фæкомы бæрæгбонæй йæхи ратонын.

Уый дзурæг у поэты ирд курдиатыл:

*Къостайы бон, æрцу та нæм æгас!*
*Дæ комулæфтæй а дуне фæхъæстæ:*
*сыгъзæрин доны сæвдылди нæ бæстæ,*
*дзыхъхъынног фестад – мадард æмæ уаз.*

*Нæ хæхтæм кæс: налхъуыт æмæ налмас,*
*фæрдыгдзых дæттæй сæрттывтой сæ фæхстæ.*
*Кæсы уæлæрвтæй сау цæргæс зынгцæстæй,*
*йæхи æруадзы хаттæй-хатт æввахс.*

Æрмæст йæ боны комулæфтæй бæстæ сыгъзæрин доны кæмæн сæвдылд æмæ дзыхъхъынног кæмæн фестад; хæхтæ налхъуыт æмæ налмасæй чи сфæлыста; дæттæ дæр фæрдыгдзых кæмæн фестадысты, уый, уагæр афтæ, йæхæдæг цы хъуамæ уа!

Æмæ уыцы цин кæцæй, растдæр зæгъгæйæ, кæмæй цæуы, уый нын поэт раргом кæны йæ аив сонеты кæрон. Раргом æй кæны бæрæгбонхуызы. Цæмæй дзы байрайа адæймаг. Æмæ дзы байрайæм. Уымæн æмæ нæ алкæмæн дæр æхсызгон у нæ Хуыцауыхайы Хурмæ нæхи тавын!

Байхъусæм ын йæхимæ:

*Æнхъæвзы ныл Къостайы рухс... Аллонтæ,*
*Къостайы фарнæй байдзаг уæнт уæ бонтæ!*
*Æгас та цу, Къостайы Хур, æгас!*[1]

Рухс кæмæй цæуы, йæхицæн Хур кæмæн ис, уый æрмæст иу адæм, иу бæстæ, иу паддзахады цæмæн хъуамæ уа? Ахæм адæймæгты Хуыцау сæдæгай, мингай азты иугæйттæй сфæлдисы. Ратты сæ æппæт адæймагадæн. Се стыр удыгъæд феххæссы алкæуыл, алы рæстаг адæймаг æмæ рæстаг хъуыддагыл дæр. Æрмæст сæм æй фæхъæуы хæццæ кæнын.

---

[1] Хъодзаты Æхсар. Хуыцауы бон. Дзæуджыхъæу, 1998, 41-æм фарс.

Уыцы стыр хъуыддаг – Стыр Лæджы Стыр хъуыддæгтæ адæммæ хæццæ кæнын йæхæдæг дæр у, истæимæ абарæн кæмæн нæй, ахæм æвæджиауы хæс.

Уыцы Стыр хæс Хуыцау бакæны фæстагæтты бæрны.

Афтæ куы зæгъон, Къостайы Стыр хъуыддæгтæ адæммæ хæццæ кæнын фылдæр йæ фæдонтæ – йе 'мсисонтæм хауы, кæд царды рахæцæнтæ сæ къухы не сты, уæддæр, уæд нæ фæрæдийдзынæн.

Æндæр хабар у, нæ Хуыцауыхай зæйæн кæй ласын кодта, уыцы хицæуттæ адæмы ныхмæ дуртæ куы фæтулынц, поэты хъуыддæгтæ куы зыгъуыммæ кæнынц.

Сусæггаг никæмæн у, нæ дуг фылдæр уæййаг æмæ æлхæныны дуг сси. Мæнгард æмæ кæрæф сайы, мырхы, стигъы. Ахæм рæстæджы лæгау-лæджы зонд боныгон цырагъы рухсæй агургæ у. Дунейы тыхст адæмæн дæр фæхос уаид Къостайы куырыхон зонд.

Æмæ Æхсар-поэты лирикон хъайтар, трилуанты хицау куы суаид, уæд фыццаджы-фыццаг цы стырдæр проблемæтæ ныллыг кæнид, уыдон Къостайы номимæ баст уымæн сты:

*Трилуанты хицау, гъæй-джиди, куы уаин, –*
*нæ Иры дзыхъæй рахæссин Къостайы –*
*нæ пехуымпары. Анæрид йæ ном*
*Евразийы, Амырычы: папуастæ,*
*бушментæ дæр æй зониккой (Цæвиттон,*
*йæхи загъдау, æгас дуне дæр фестид*
*йæ кувæндон, йæ фыдыбæстæ – арв)...*[1]

(«Сæнттæ»)

«Æгас дуне дæр фестид йæ кувæндон», зæгъгæ, уæд зæххы цъарыл æфхæрд адæймаг бæргæ нал уаид. Уæд фыдбылызæй хызт уаиккой йæ Ирыстон дæр, йæ адæм дæр. Уымæн æм бæллы Æхсар. Фæлæ уыдон бæллицтæ сты. Тыхст зæрдæйы рухс бæллицтæ. Ныр та уал æм Хъодзайыфырт дзуры, цы сыгъдæг рухс бадæн ссардта, йæ удæй æхсон цæгъдгæйæ, уырдæм:

---

[1] Хъодзаты Æхсар. Хуыцауы бон. Дзæуджыхъæу, 1998, 39-æм фарс.

*Къоста, дæ бадæн – зæдты фарсмæ ныр.*
*Дæ Иры дзыхъ дæм армыдзыхъау разынд.*
*Дзыхъ та дзыхъ у, цъыфджын æмæ сымæр.*
*Ам ирæттæ кæрæдзи цæгъдæг систы*
*уæцъæфы тыххæй. Нарты ‘взаг æрцыди*
*бынысæфтмæ, ныггаффутт и нæ фарн.*
*Æмæ фæрсын фырадæргæй дæхийау:*
*цы уыдзæни, куыд уыдзæни нæ фæстаг?*
*Зæдбадæнмæ дæм ницы зыны, ау?*[1]

(«Фæрсын Къостайы»)

Æмдзæвгæ цы зæрдæйы уагæй фыст у, уый бæрæгæй зыны. Автор ирон адæм, Ир æмæ Къостайы хъысмæт æнæнхъæлæджы нæ бæтты иумæ. Нæй сын фæхицæнгæнæн. Къоста уыцы зæдбадæнмæ сæйраджы-сæйраг йæ адæм, йæ Фыдыбæстæйы сæрыл тохгæнгæйæ схызтис. Зæды бынаты йæ уыдон æвæрынц. Туг æмæ стæгæй у уыдонимæ баст.

Уыдæттæ Æхсар тынг хорз зоны. Афтæ уарзгæ, афтæ хъынцъымгæнгæйæ сыл фæдзуры, æмæ баризын кæны чиныгкæсæжы зæрдæ уидагмæ:

*Мах – хъысмæтæй æлгъыст адæм,*
*дуртæн се скъуыдты цардыстæм,*
*Ир, Дæ дзыхъы фæцагъды стæм.*

*Кодтам къæйтыл мыггагыскъуыд:*
*чи-иу зæйы бын «бафынæй»,*
*чи-иу бабын ис сау рынæй.*

*Мах дыууæсæрон сау цæргæс*
*арф ныссагъта йæ сау ныхтæ,*
*уый нæ хуыздæрты сауыгъта.*

*Райгуырд Нары нæрæмон гуырд,*
*бахсыст арты йæ нæртон дзырд,*
*ныр хуыцауæй дæр нал тæрсæм.*[2]

(«Къостайы зарæг»)

---

[1] Хъодзаты Æхсар. Хуыцауы бон. Дзæуджыхъæу, 1998, 42-æм фарс.

[2] Хъодзаты Æхсар. Рухс. Дзæуджыхъæу, 1987, 192-æм фарс.

Ирон æвзаджы хуымæтæг, тасаг дзырдтæ. Поэт сæ кæрæдзийы фæдыл афтæ аив, афтæ хъавгæ равæрдта, æмæ цыма цæргæ-цæрæнбонты уымæ æнхъæлмæ кастысты. Ноджы, лабæйæгтæ Къостайыл цы кады зарæг скодтой, уым афтæ кæм зæгъынц: «Уæй, уæрæйдæ, махæн Къоста куы æрцыди, мах хуыцауæй дæр нал тæрсæм», уыцы дзырдтæй афтæ аив спайда кодта — «ныр хуыцауæй дæр нал тæрсæм», æмæ базонæм, Æхсар Хуыцауæй дæр Къостайы уæлдæр кæй æвæры.

Хъодзайы-фыртæн, Къостайы номимæ хорзæй чидæриддæр æмæ цыдæриддæр баст æрцыдысты, уыдон систы табуйаг. Йæ зæрдæ æнцой нæ зоны. Авгау ын æрхауынæй тæрсы йæхицæн дæр, йе сфæлдыстадæн дæр, йæ райгуырæн Нарæн дæр, йæ ингæнæн дæр, йæ уынгæн дæр, йæ хæдзарæн дæр...

Нæ Хуыцауыхайæн йæ уæлион æцæг царды фæстаг азты «йæ ис æмæ йæ низ» цы хæдзар уыдис, фæлæ йын саразын кæй нæуал бантыст, абон дæр кæйдæрты исбон чи у, ууыл катайгæнгæйæ, Æхсар афтæ зæгъы:

*Æнцой нæ зыдта: бонæй уа, æхсæвæй*
*йæ уарзты хурæй арæзта хæдзар.*
*Уыдаид хъуамæ Бонвæрнон йæ цар,*
*йæ бын — цъæхавг, йæ къултæ та — æргъæуæй.*

*Хæдзар... Хæдзар — йæ ис æмæ йæ низ.*
*Йæ уд цырагъау Иры дзыхъы батад,*
*æрхуыссыдис æнафоны, фæцис.*
*Йæ хæдзар, охх, æрдæгарæзтæй баззад.*

*Æрцæуын æм. Сæрныллæгæй лæууын,*
*табугæнгæ: нæ кувæндон у, н‘ аргъуан.*
*Æрцæуын æм. Къæмдзæстыгæй кæсын.*
*О, хъуамæ махæн аргъуанау зынаргъ уа.*[1]

(«Къостайы хæдзар»)

Ай-гъайдæр! Къоста кæд нæ Хуыцау у, уæд йæ хæдзар «нæ кувæндон у, нæ аргъуан». Йæ кувæндон, йæ аргъуан

---

[1] Х ъ о д з а т ы  Æ х с а р. Къостайы хæдзар. Дзæуджыхъæу, 1991, 189-æм фарс.

та адæмау адæм нæдæр æрдæгарæзтæй уадзынц, нæдæр æй искæй къæхты бын фæкæндзысты.

Æхсар-поэты зæрдæ Къостайы хæдзары – нæ аргъуаны тыххæй уымæн риссы, уымæн хъæрзы. Сиды нæм мæстджынæй, фæлæ лæгъстæгæнæгау:

*О ме 'фсымæртæ, цырд фæлæуугæм , цæй,*
*о ме 'фсымæртæ, равдисæм нæ хъазуат:*
*йæ хæдзарæн æнæ саразгæ нæй,*
*йæ хæдзар хъуамæ ма фæуа хæдзаруат.*

*Къостайы бындар ма фæуæнт æвæд,*
*Къостайы къона мин азты цæрæд!*
*Цæй, бахсидæм ын ахæм рæхыс, ахæм,*
*сарматтаг арвæй чи 'рæххæсса махмæ.*

*Нæхицæн, цæй, æнусмæ скæнæм ном:*
*кæд ацы хæхты нал фаг кæной дуртæ,*
*уæд фестын кæнæм урс дуртæ нæ удтæ,*
*æндон къулты сæ бавæрæм æнгом.*

Æмдзæвгæйы символикон хъуыды йæ кæны аивдæр, бæрзонддæр. Сиды нæм нæ хуыздæрæн æмбæлон кад кæнынмæ.

Къостайы кад нæ хъæуы – кад цух нæу. Кад æмæ ном мах хъæуынц. Къостайæн куыд арæм йæ ном, уымæй бæрæг кæны нæхи ном.

Джыккайты Шамилæн уыцы барæнæй баргæйæ, стæй æнæуый дæр, йæ ном бæрзонд у. Шамил хорз зоны, йæ зæрдæ æрцыты бын æхсонæй кæмæн сыгъд æмæ «йæ рухс нæ фæндагыл зæлдаг» кæмæн уыд; хъузгæй хурмæ сындзвæндагыл «нæ амондмæ фæндонæй» чи цыд; уым «нæ хъысмæты сыгъдонæй Сырдоны фæндыр» чи систа; «нæ хъомпал дзырдтæн уаг» чи скодта; сидзæрты мад чи сси, уый зæххон адæймаг нæу. Кадгæнгæ, табугæнгæ йын уымæн зæгъы:

*Ды – Иры зæд, нæ ном æмæ нæ кад,*
*Ды скодтай зарæг адæмæн сæ хъыгтæй,*
*Ды ссыгътай артдзæст къонайы фæныктæй.*[1]

(«Къоста»)

---

[1] Джыккайты Шамил. Сагъадахъ. Дзæуджыхъæу, 1980, 9-æм фарс.

Къостамæ уыцы номæй, зæды номæй дзурын Шамилæн у æгъдау. Уымæн æмæ йын ссис, адæм табу кæмæн кæнынц, кæмæ кувынц, ахæм сыгъдæг уд. Æмæ йын табу кæны. Кувы йæм. Фыны йæ æрхæндæгæй дуры сæр бадгæ куы фены, уæд дæр æм дзуры уыцы номæй:

*Æз æй фæрсын: «Нæ сæрхъызой, нæ зæд,*
*Цæмæн дæ ам? Цы дыл бафтыдта катай?*
*Кæнæм дын цыт, дæ рухс бынат — сыгъдæг,*
*Цæуынц дæ цыртмæ кувæндонау адæм.*[1]

(«Фембæлд Къостаимæ»)

Харебаты Леонидæн, — стæй æрмæст уымæн нæ, — Къоста, кæй зæгъын æй хъæуы, у гени. Фæлæ йæм уыцы ном фаг нæ кæсы. Тынг хорз зоны, Къоста нæ мæгуыр ирон адæмæн генийæ ноджы уæлдæр кæй лæууы. Æмæ Харебайы фыртæн дæр кæд Ирыстон æрмæст дидин æфтауы, «маст æмæ сагъæс» нал зоны, уæддæр сæрыстырæй зæгъы:

*...Ам цæмæн хуыссыс, гени, цæй-ма, райхъал у, ракæс.*
*Нал дæ бахъæудзæн Ирыл абон маст æмæ сагъæс.*

*Рабад, айхъус-ма хæхтæм, кады зарæг дыл зарынц,*
*Де стыр рухс ном дын, Къоста, Прометеимæ барынц.*[2]

(«Къостайы ингæны уæлхъус»)

Хаджеты Таймураз хæдбындур, хихуызæн поэт уыдис. Нæдæр æм искæй фæзмын цыд, нæдæр искæй фæдыл цæуын хаста йæ сæрмæ. Мæгуырæй хъал кæмæй акæнынц, ахæм: Ирыстон ын кæцыфæнды бæстæйæ фенддагдæр уыд; ирон адæм — зæдтæй уæздандæр, нартæй — гæрзифтонгдæр, фердæхтджындæр. Куы-иу «бамæстджын», уæд æм Къоста дæр мæнæ-мæнæ нымады нæ уыдис, фæлæ, уæддæр, æрмæст Хуыцау куыд хъуамæ уыдаид иунæг? Ау, Хуыцауæй хуыздæр нал ис гæнæн?

Хуыцау иууыл уæлдæр кæй у, уый нæ быхста йæ поэтон уд. Къостайы схæссæг мад Чендзейы номæй уымæн зæгъы сæрыстырæй:

---

[1] Журнал «Мах дуг», 1989, №10, 39-æм фарс.

[2] Харебаты Леонид. Цин æмæ сагъæс. Цхинвал, 1987, 27-æм фарс.

*Ацы цардæн поэт у æвгъау...*
*Кæд мæ зæрдæйы растæй*
*Уæлæ уыцы æвæлмон Хуыцау*
*Тарст мæ авдæны бастмæ.*[1]

(«Чендзе»)

Хуыгаты Сергейæн дæр æнцой нæ дæттынц, Къостайы хæдзар æрдæгарæзтæй кæй баззад («Къостайы хæдзар»); аккаг уынгтæ нæм кæй нæма ис йæ номыл («Къостайы уынг»); йæ фыд Леуаны æфсæрмы аххосæй кæй фæцæйсæфт æмæ нæ Хуыцауыхайæ æнæхуыцауыхай кæй кодтам («Нарон хабар»), æмæ бирæ æндæр фарстытæ. Фæлæ уыдонимæ поэт тыхсы, Къостайы схæссæг Чендзе нæ рохуаты кæй аззадис, ууыл, æмæ йæ цæстытыл уайы сылгоймаджы чындзы цæуæн бон:

*Лæууы бæрзонд цыллæбоцъо, æвзистсæр,*
*Йæ къухы кæхцы бæгæны фыцы.*
*«Фæндараст у, хæрæфырттæ нын дзы*
*Куыд рацæуа æмæ хызт куыд уой низтæй!»*

*Цы ма дын хъуамæ скуывтаид хуыздæр,*
*Цæмæй зыдта, дæу бахъæудзæни сæр –*
*Иры бындарæн дардзынæ дæ дзидзи?!*
*Дæ дзæбæхтæ куыд ферох кодтам мах,*
*Дæ уæлмæрдмæ дын иу доны æртах*
*Куыд никуы ‘рхастам, ууыл тыхсын, уый дз‘ и.*[2]

(«Къоста»)

Уыцы фарстмæ, Чендзейæн æмбæлон кад скæныны фарстмæ, фæстаг рæстæджы стыр хъусдард цæуы здæхт. Тагъд лыггонд хъуамæ кæй æрцæуа, уый дæр дызæрдыггаг нæу. Фæлæ дзырдтам, зæй зæйы хъæрмæ кæй цæуы. 50-æм азтæй фæстæмæ нæ поэттæ Къостамæ ногæй цæмæн райдыдтой зæды, сыгъдæг уды, Хуыцауы номæй дзурын, ууыл дзырдтам. Фæлæ сын уыцы зæд, сыгъдæг уд, Хуыцау

---

[1] Хаджеты Таймураз. Фæсизæр. Дзæуджыхъæу, 1995, 80-æм фарс.
[2] Хуыгаты Сергей. Хуры рæгъ. Дзæуджыхъæу, 2008, 171-æм фарс.

уæлæрвты нæ тæхы. Цæры немæ. Йæхимæ нын исы нæ хъыгтæ. Хæссы нын циндзинад. Æфтауы нæ царды раст фæндагыл.

Икъаты Владимир райгондæй, цингæнгæ уымæн зæгъы:

*О, бузныг хуыцаусæн, кæй нын радта фарнæн*
*Хетæджы мыггагæй æнустæм зæд-Лæг.*
*Мах уый номæй абон нæ лæгдзинад барæм,*
*Дунеты 'хсæн хорзæн нæ ном та – бæрæг.*

Стæй ноджы дарддæр:

*Нæ хотых – ирон дзырд. Къостайы æмдзæвгæ –*
*Нæ атом, нæ нейтрон – йæ «Ирон фæндыр».*
*Нæ фæтæг, нæ дин та Къоста у йæхæдæг,*
*Нæ хæзнаджын хох у, нæ хорджын быдыр!...*

*Æрцæуæм-иу алхатт, о, Иры дзыллæтæ,*
*Къостайы уæзæгмæ, нæ кувæндон – ам.*
*Цы айнæджы рындзыл ныууагъта йæ фæдтæ,*
*Уым Иры мыггагæн æмбæхст и йæ фарн!..*[1]

(«Нары»)

Дзырдæн нæм сау суарийы аргъ куынæуал ис, уæд кæйфæнды дæр хон паддзах, гени, зæд, сыгъдæг уд, Хуыцау. Поэтгæндтæ уыцы нæмттæй къæбæрæнæнхъæл иу æмæ дыууæмæ нæ бадзурынц.

Уæлдайдæр, иу хъæуы цуанон куынæуал баззад æмæ сæ гæдытæ рæйын куыд райдыдтой, афтæ нæ фысджытæн нæ фыддуджы аххосæй, сæ мæгуырæй чингуытæ уадзыны фадат нал ис. Бирæ амалхъом адæймæгтæ та, – зондæй мæгуыр къæйныхдæр у, – дзырды ад не 'мбарынц. Сæхицæй йæ чи сасламдæр кодта, уыдонæн сæ хуыргуыбынтæ бафсадынц, æмæ сын свæййынц хуыцæуттæ. Зарджыты номыл сыл цыдæр фидиссаггæнæг æмдзæвгæгæндтæ нытъ-тъæпп кæнынц.

Къоста зæды ном йæ уд æмæ йæ зонды хъаруйæ бакуыста. «Нæй фæстæмæ цæуынæн бар!» – ахæм хъуыдыимæ

---

[1] Журнал «Фидиуæг», 1989, №10, 21-æм фарс.

фыст цыдысты æмæ цæуынц нæ хуыздæры фæлгонцæвдисæг уацмыстæ, кæд «арæнæй» дарддæр нæ ацыдысты, уæддæр. Чидæриддæр ма бацархайдта Къостайы ном сæнусон кæныныл, – Гайты Евген у æви Хостыхъоты Зинæ, Тедеты Ефим æви Пухаты Алыксандр, Дзасохты Музафер æви Бахъаты Нугзар, Æлборты Хадзы-Умар æви Кокайты Тотрадз – ...иууылдæр сын Къостайы ном, адæмы сæрхъызой, раздзог æмæ зарæггæнæджы ном, у тырысайы хуызæн; уыцы тырыса хæссынц бæрзæндты æмæ йын табу кæнынц зæдау, сыгъдæг удау, Хуыцауау. Табу йын кæнынц зæрдæбынæй, сæ удтæ сыгъдæг кæнгæйæ.

## ФÆСНЫХАС

Ирыстонмæ йе стыр уарзт Къостайæ хуыздæр ничи раргом кодта. Ирон адæмы сагъæстæ уымæй хуыздæр ничи снывæста. Дунейæн сæ уымæй аивдæрæй ничи фехъусын кодта. Ирыстон Къостайæ тыхджындæр никæй бауарзта. Уымæй стырдæр курдиат нырма никæмæн радта.

Иугæр афтæ у, уæд, цалынмæ Ирыстон уа, уæдмæ Къостайы номæн фæцудæн нæй. Йæ фæлгонц ирон поэзийы кæндзæнис хъæздыгæй-хъæздыгдæр. Уымæн æмæ йæ алы сфæлдыстадон кусæг дæр æвдисдзæнис йæхи удыгъæдмæ гæсгæ. Йæхирдыгонау. Абайты Васо уымæн загъта: «Образ Коста удивительно целен. У него нет расхождения между словом и делом, между творческой и личной биографией. Его жизнь – как один неудержимый порыв, где все устремлено к одной цели. Поэт, публицист, общественный деятель – это не разные, сменявшие друг друга профессии, а разные стороны одного страстного порыва, порыва к свободе, к социальной справедливости, к лучшей доле для народа. Но какая-то искра этого порыва тлела в душе каждого честного осетина. И вот по этим лучшим струнам народной души и ударил Коста.

Тем и бесконечно дорог Коста для каждого осетина, что он видит в нем лучшую частицу самого себя».[1] Зæлыдисты æмæ зæлынц, стæй зæлдзысты алы ирон адæймаджы уды уыцы тæгтæ сæхирдыгонау. Алчи йæхирдыгонау æвдисдзæнис Къостайы фæлгонц.

Æцæг, Къостайы æз дæуæй фылдæр уарзыны тыххæй

[1] А б а е в В. И. Избранные труды. Владикавказ, 1990, 550–551-æм фæрстæ.

нæ тæвд тугæй хатт искæмæн уайдзæфтæ кæнынмæ дæр ахизæм. Уымæй дæр ын фæуайдзæфтæ кæнæм, уайдзæф æм кæмæй нæ фæхауы, уыдæтты охыл.

50-æм азты Хъайтыхъты Геор ныффыста æмдзæвгæ «Цæлыккаты Аннæйы ингæны уæлхъус». Дзуры, кæй фæзынд уырдæм «ахæм даргъ æнтæф бон», æмæ нымайы, Аннæ куыд уыдис хъомылгæнæг, куыд цард, стæй йын ахызт уайдзæфтæм. Уымæй дæр сылгоймагæн нæ, нæлгоймагæн дæр йæ цæстмæ бадарæн кæмæн нæй, ахæм уайдзæфтæм:

*Кæд дзы, мыййаг, дæ рухс фæндонтæ 'мбæхстай!..*
*Дæ зæрдæ кæд нæ поэтыл нæ тыхст!..*
*Фæфæрсон дæ... Цæуылнæ йын æмбæрстай*
*Йæ сагъæстæ, йæ бæллицтæ, йæ рыст?..*
. . . . . . . . . .
*Ирыстонæй æвæндонæй фæхицæн, —*
*«Хæрзбон уал, цæй!» — нæ нылвæста дæ къух.*
*Цæмæн фæтарстæ тухитæй дæхицæн?*
*Куынæ тарст уый мæлæтæй дæр æдзух!*

*Цæмæн ын дзырдта «ацу» та дæ ракаст?*
*Йæ уындæй дæ цæмæн кодта тæрсын?*
*Цæуылнæ загътай сахъ лæгæн: «Фæндараст!*
*Фæзын-иу тагъд, æнхъæлмæ дæм кæсын!»*
*Æви нæ зыдтай, тар æхсæв-иу бонмæ*
*Кæй æвдæрзта нæ поэты йæ маст?*
*Писмо дæр æм нæ ныффыстай Херсонмæ!*
*Ам абон дæу куыд рахонон уæд раст?*[1]

Поэты удмæ хæстæг адæймагыл ахæм æмдзæвгæ ныффыста Чехойты Сæрæби дæр, æмæ йæ Къоста йæхæдæг куы бакæсид, уæд, мæнмæ гæсгæ, фырæфсæрмæй зæххы скъуыды аирвæзид.

*Аннæ, Аннæ,*
*Диссаг дæ, æвæдза,*
*Фидæн та*
*Цæмæн фæкодтай рох?*

---

[1] Хъайтыхъты Геор. Хæхтæ райынц. Дзæуджыхъæу, 1960, 30–31-æм фæрстæ.

*Хорз ын ды*
*Куы бамбæрстай йæ адзал,*
*Уæд цæуылнæ*
*Бамбæрстай йæ тох?*
*Ахæм лæджы*
*Никуы хъуыди сайын.*
*Уый цы уæндыд,*
*Дæу хъуыди уæндын.*

Дарддæр йæ уайдзæфтæ кæнынц карзæй-карздæр:

*Уый дæм сидти*
*Алы хатт дæр размæ.*
*Ды та хатгай*
*Кодтай, Аннæ, джих...*
*Уæд цæуылнæ*
*'Рлæууыдтæ йæ фарсмæ?*
*Уæд дæ уыйбæрц*
*Чи уарзта, чи!*
*Дунейыл*
*Кæмæн хъуысти йæ зарын,*
*Уымæн ды*
*Цæуылнæ уыдтæ ныфс?*[1]

(«Цæлыккаты Аннæйы тыххæй»)

Рæстæг куыд цæуы, афтæ фылдæрæй фылдæр кæнынц ахæм æнæбындур уайдзæфтæ. Цыма уарзт дзаума цыдæр у – сис æмæ йæ кæйдæр къухы фæсадз: «Ды хорз дæ, мæнæ дын мæ уарзт!»

Махæн æнцондзурæн у. Уарзæм Къостайы æмæ разы стæм, йæ фæдыл цæуæм; зæды, Хуыцауы номæй йæм дзурæм. Уый лæггад у. Æмæ йын лæггад кæнынмæ махæй Аннæ, чи зоны, фондзыссæдз хатты цæттæдæр уыд. Сæрнывонд кæнын æмæ æмкъайы цардæй цæрын иу не сты, æмæ сæ хæццæ кæнын нæ хъæуы.

Æмткæй райсгæйæ, Цæлыккаты Аннæйы тыххæй кæмдæр Абайты Васо дæр Геор æмæ Сæрæбийы хъуыдыйыл

---

[1] Чехойты Сæрæби. Лирикæ. Дзæуджыхъæу, 1976, 155–156-æм фæрстæ.

хæст уыд, фæлæ Къостайæ загъта: «Человек для него был священным, а насилие над человеком – отвратительным и преступным».[1]

Къоста йæхæдæг йæ зындгонд æмдзæвгæ «Хæрзбон»-ы йæ лирикон хъайтары номæй йæ удмæ хæстæг адæймагæн уарзгæйæ мæнæ куыд зæгъы:

*Чи зоны, искуы æрæфта дæ зæрдыл*
*Иунæджы сагъæс, мæгуыры бæллын;*
*Чи зоны, искуы куы уайа дæ цæстыл*
*Уазал æхсæвы фæндагыл мæлын, –*

*Ма-иу фæтæрс, чызгай! Ахæм фыдфынтæ*
*Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр:*
*Исчи та исы дæхимæ йæ рынтæ,*
*Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр...*[2]

Æмæ уæдæ ахæм адæймаг сразы уыдаид, исчи йын йæ сæр нывондæн хæсса? Æз мур дæр нæ дызæрдыг кæнын, Къостайæн куы ской чындæуыдаид: «Ды нæ Хуыцауыхай дæ, æмæ дын Аннæ йæ сæр нывондæн хæссы!» – зæгъгæ, уæд сæм тынг кæй фæхæрам уыдаид, ууыл.

Къоста йæ хъуыдымæ дæр кæй никуы уагъта, уыдæттæ йыл тыхæй цæмæн мысæм?

Стæй, цæмæдæр гæсгæ, Къоста æмæ йæ дыккаг мад Сухиты Хъызмыдæ, йæ хо Ольгæ, йæ уарзон Цæлыккаты Аннæ (Аннæ Поповайы тыххæй дæр), йæ хæлар Байаты Гаппо æмæ æндæртæ нæ поэтмæ цы зæрдæ дардтой, уыдæттыл фæцахуыр стæм иу хуызы, уымæй дæр æвзæр хуызы хъуыды кæныныл. Ферох кæнæм, гæххæттæн дыууæ фарсы кæй вæййы.

Иннæты тыххæй ам ницы зæгъæг дæн, фæлæ Цæлыккаты Аннæйыл, – Къостайæ цæмæннæ смой кодта, зæгъгæ, – алы цъыфкалæнтæ кæй фæкæнæм, уый тыххæй – дыууæ дзырды.

Цæгат Ирыстоны зонад-иртасæн институты Къостайы

---

[1] Абаев В. И. Избранные труды. Владикавказ, 1990, 548-æм фарс.

[2] Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2002, 28-æм фарс.

фонды ис йæ удмæ хæстæг адæймаг В. Г. Шредерсы фыстæг. Сылгоймаг Къостамæ фыста катайгæнгæ: «Вообще, Коста, я боюсь за неудачу и не знаю, как Вы посмотрите. Неужели все-таки женитесь не любя, по выбору родных?! Бога ради, не делайте Вы этого, ведь всю жизнь свою сгубите. Мне пришло в голову, если Вы решили жениться не любя, то хоть женитесь на той, которая Вас любит, она и осетинка к тому же, да и мила очень, я говорю об Анюте Цаликовой».

Шредерсы хъуыды дарддæр у ноджы карздæр: «Но это все крайности, лучше подождите... Пожалуйста, не делайте глупостей, свойственных влюбленным. Я очень желала бы быть с Вами в это тяжелое для Вас время. Верьте, я очень желаю Вам успеха и понимаю Вас отлично, но поймите, не стоит же ни за что губить такого человека, как наш дорогой Коста. Право, Вы не вправе делать глупости ради Ваших друзей, которых у Вас большое количество».[1]

В. Г. Шредерс Къостаимæ кæд цыфæнды хæлар уыд, уæддæр уыцы ныхæстæ æндæр искуы æндæр искæимæ куы кодтаид, уæд сын, чи зоны, уыйбæрц нысаниуæг дæттын нæ хъæуид. Фæлæ сæ Къостайæн йæхимæ фыста. Йæхицæн ын Аннæйы уарзондзинады тыххæй лопъо гæдыныхæстæ кодта, уый цас бауырнинаг у?

Уымæй бирæ фæстæдæр, 30-æм азты Коцойты Арсен Къостайы тыххæй йæ мысинæгтæ куы фыста, уæд йæ зæрдыл æрлæууыд, 1898-æм азы сусæны мæйы Терчы облæсты хъæуумон ахуыргæнджытæн Дзæуджыхъæуы цы «мæйæмгъуыдмæ съезд» уыдис, уый. Æмæ хуымæтæджы — нæ: «...сусæгæй йе 'рвысты бынатæй ссыди Дзæуджыхъæумæ ирон адæмон поэт Хетæгкаты Къоста».[2]

Фæлæ æрмæст Къостайы ссыдыл нæ фæуд кæнынц Арсены мысинæгтæ. Арсен хорз зыдта, мысинæгты хатдзæгтæ аразынæй цаутæн фылдæр нысаниуæг кæй вæййы, фæлæ ам йæхи хъуыдытæ дæр æнæргомгæнгæ нæ уыди: «Ахуыргæнджыты съезды уыдысты иннæтимæ дыууæ ус-ахуыргæ-

---

[1] РХИЗИИ-ы архив, ф. 6, оп. 1 ед. хр. 12, л. 67-68.

[2] Коцойты Арсен. Уацмыстæ 2 томæй. Т. 2, Дзæуджыхъæу, 1972, 250-æм фарс.

нæджы – Юлия æмæ Аннæ – Цæлыккаты Алыксандры чызджытæ. Юлия уыди ацæргæ чызг, Аннæ дæр уыйас æвзонг чызг нæ уыди,– цыдаид ыл 28 азы. Уыдоныл иукъорд хæттыты фембæлдтæн Коцойты Афæхъойы (реалон скъолайы письмоводитель) хæдзары, – æнхъæл дæн, цыдæр хæстæг æййæфтой. Уым æз фехъуыстон, Къоста, дам, Цæлыккаты Аннæйы куры, фæлæ, дам, ын нæ комы. Ныр Къостайæн йæ писмотæм гæсгæ бæрæг кæны, уыцы кой раст кæй нæ уыди. Аннæ Къостайæн куымдта, фæлæ уыцы дзырдæй, Къоста куыд ныууадза йе 'хсæнадон æмæ литературон куыст æмæ хи царды сагъæсыл куыд ныллæууа; Къоста та йын уый дзырдта, зæгъгæ, æхсæнадон æмæ литературон куыстæн ныууадзæн нæй. Гъе æмæ æрмæст уымæ гæсгæ не сбастой уыцы дыууæ адæймаджы сæ цард иумæ».[1]

Мæ уды сæ иуы хъуыды дæр æмæ иннæйы хатдзæг дæр нымад сты. Мах фæнды æви нæ, уæддæр сылгоймаг амонд ссарын фылдæр йæ цард саразынимæ фæбæтты. Æмæ, уæдæ, Аннæйæн цæмæннæ хъуамæ уыдаид уыцы бар, уымæн дæр Хуыцау иунæг цæрæнбонæй дарддæр куынæ схай кодта, уæд? Фæлæ, адæм, æгъатыр стæм. Никæмæн нæ ницы фæнды ныххатыр кæнын. Нæ литератортæй дæр бирæтæ уымæн фæкæсынц Аннæмæ зул цæстæй. Уымæн ын схæцынц уайдзæфтæ кæныныл.

Тедеты Рюричы хъуыды Къоста æмæ Цæлыккаты Аннæйы тыххæй уыдис æргом: «В.Г. Шредерс, рекомендовавшая ему в качестве невесты А.А. Цаликову, якобы любившую его, опоздала и была не права. Опоздала – в том смысле, что уже за месяц до ее письма Коста Хетагуров написал первое свое письмо к А.А. Цаликовой. Была неправа – потому, что не она (Анна) его любила, а он ее. Правда, она колебалась, возможно, с сестрами устраивали шумные дебаты, обсуждая ее будущее. Она безусловно его уважала, даже питала к нему дружеские чувства, возможно, и сочувствовала, и жалела за его судьбу. Но в итоге, подобно Раисе Гайтовой, она предпочла вариант «шелковых подушек» и «полное бездействие ума и сердца», т. е. приняла

---

[1] Коцойты Арсен. Уацмыстæ 2 томæй. Т. 2, Дзæуджыхъæу, 1972, 253–254-æм фæрстæ.

предложение офицера М. Дзахсорова, который после помолвки скоропостижно умирает».[1]

Ӕнæуи, диссаг куыд нæ у: Къоста æргом цы чызджытыл сдзырдта, йæ цард æнæмæнг кæимæ хъавыд баиу кæнынмæ, — Попова Аннæ, Цæлыккаты Аннæ, Хуырымты Леля, — иу дæр сæ йæ амонд нал ссардта. Ома Къостамæ æцæгæй уыдис исты уæларвон тых?

Уырнон нæ дæн, кæд атеист нæ дæн, уæддæр, æмæ уыцы фарст мæ хъуыдымæ арæх æрцæуы. Чи зоны йæ иу-дæс азы размæ дины кусджытæ хуымæтæджы не схуыдтой «сыгъдæг уд».

Рюрик, — стæй Къостайы цард æмæ сфæлдыстадыл кусæг литературæиртасджытæ æмæ литератортæ, — хъыгагæн, æххæстæй разы не сты Арсены хъуыдыимæ. Афтæмæй аппаринаг нæу.

Рюрик зæгъы: «Можно принять догадки Арсена Коцоева», — стæй йæ хъуыдыйыл фæстейæ дон бакалдта. — «Но, как известно, легче отказаться от привычек, желаний бытового порядка, чем от внутренней сущности. Коста Хетагуров тоже в угоду любимой девушке не мог пойти добровольно на духовную смерть».[2]

Бæргæ, куы уаиккам иууылдæр Къостайы хуызæттæ, уыйау тыхджын æмæ зонджынтæ. Аннæ Къостайы хуызæн куы уыдаид, уæд ын йæ ном Къостайы номимæ æмбастæй нæ мысиккам.

Худæг дæр у: адæймаг цы нæ у, уый дзы цæмæн хъуамæ агурæм, йæ бон цы нæ у, уый тыххæй йæм азым цæмæн хъуамæ хæссæм?

Кæд Къостайы хуызæн, Къостайы æмсæр уæвын æнцон у, уæд нæхæдæг цæмæннæ стæм уый хуызæттæ?! Цæмæннæ цæуæм, Нафи куыд загъта, афтæ «Къостайы арæнæй» дарддæр?

Мæнæн Цæлыккаты Аннæ дæр, Аннæ Попова дæр, Хуырымты Леля дæр сты зæдты хуызæн. Уымæн æмæ нæ Хуыцауыхай Къостайæн басгуыхтысты Музæ. Йæ риуы уыдон

---

[1] Т е д е т ы Р. К. Жизнь Коста Хетагурова. Цхинвал, 1979, 83-æм фарс.

[2] Уый дæр уым, 83—84-æм фæрстæ.

уарзтæй цас æнæбауромгæ сыгъдæг æнкъарæнтæ гуылф-гуылф кодтой! Цас аивадон уацмыстæ йын сфæлдисын кодтой!

Кæй зæгъын æй хъæуы, Геор æмæ Сæрæбийы ацы æмдзæвгæтæ се скойы аккаг дæр не сты, фæлæ нæм ахæм «уацмыстæ» арæхæй-арæхдæр зынын кæй райдыдтой æмæ нæ поэты фæлгонцыл цъыф бакалæгау кæй зынынц, ома йæхæдæг мах фæкæсынхъуаг уыд, дзырд ууыл цæуы.

Къоста, куыд уынæм, афтæмæй сыгъдæгуд уыдис. Сыгъдæгуд æмæ уæларвон. Нæ Хуыцауы цæст нын æй бауарзта афтæмæй. Æвæццæгæн ын мах хуызæн зæххон адæймаджы цардæй цæргæ нæ уыд, æндæра, Хуырымты чызгмæ нысан куы радта, сæ чындзæхсæвы бон дард куынæуал уыд, Леля йæм йæ былы цъæрттæ куы хордта:

*Акæсут-ма, Къоста нæма æрбацæуы,*
*Тæхуды-тæхудиаг, йæ фæстæ кæсынæй куы бафсæстаин,*
*Æмæ йын йæ дæлфæдты къуыдыр куы фестадаин,*
*Хетæгкатæн чындзы митæй куы бафæлладаин, –*

уæд цардцухæй, куырдуаты бадгæйæ, цæссыг калгæйæ, цæмæн атагъд кодта йæ дзæнæты бынатмæ?

Нæхицæй кæд æппæтзонæг атеисттæ аразæм, уæддæр бирæ, тынг бирæ сты, адæймаг дзуапп раттынмæ кæмæн хъавы, фæлæ æмбæлон дзуапп кæмæн нæ ары, уыцы фарстытæ. Афтæмæй нын Къостайы феномен раргом кæнынæн куыд тынг феххуыс уаиккой! Æмæ сын поэзи йæхæдæг дзуапп дæтты йæхирдыгонау.

Къостайы фæлгонц ирон поэзийы адæймагæй, адæмы бартыл тохгæнæгæй сырæзт тырысахæссæг, зæд, Хуыцауы онг. Дарддæр рæздзæнис, ноджыдæр кæндзæнис рæсугъдæй-рæсугъддæр. Фæлæ, кæд поэзийы авналæнтæ æмæ гæнæнтæ æгæрон бирæ сты, уæддæр, иумæйагæй райсгæйæ, æвæццæгæн, рæздзæнис уыцы фæлгæты. Уымæн æмæ, Хуыцауæй уæлдæр ничи æмæ ницы ис.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРӔ


1. *Абаев Васо*. Избранные труды. Владикавказ, 1990-ӕм аз.
2. *Авторты коллектив*. Джебогъ ӕмӕ сисӕй. Сталинир, 1959-ӕм аз.
3. *Авторты коллектив*. Ирон литературӕ, 1-аг хай. Дзӕуджыхъӕу, 1982-ӕм аз.
4. *Авторты коллектив*. Ирыстоны кад. Сталинир, 1949-ӕм аз.
5. *Авторты коллектив*. Ныхас Къостайы тыххӕй. Цхинвал, 1989-ӕм аз.
6. *Авторты коллектив*. Мятежная лира горца. Владикавказ, 1981-ӕм аз.
7. *Авторты коллектив.* Уалдзӕггӕнджытӕ. Цхинвал, 1979-ӕм аз.
8. *Авторты коллектив*. Хорзӕй баззай, Ир! Дзӕуджыхъӕу, 1972-ӕм аз.
9. *Асеев Николай*. Стихотворения и поэмы. Л., 1981-ӕм аз.
10. *Ӕлборты Хадзы-Умар*. Ӕлборты Барысби. Цхинвал, 1986-ӕм аз.
11. *Ӕрнигон Илас*. Ӕрымыс-иу мӕн. Дзӕуджыхъӕу, 1979-ӕм аз.
12. *Багъӕраты Созыр*. Зӕрди дуар. Дзӕуджыхъӕу, 1949-ӕм аз.
13. *Бестауты Гиуӕрги*. Уадтымыгъ. Сталинир, 1958-ӕм аз.
14. *Брытъиаты Елбыздыхъо*. Уацмыстӕ 2 томӕй. Т. 1, Дзӕуджыхъӕу, 1981-ӕм аз.
15. *Гаглойты Рутен*. Радзырдтӕ, ӕмдзӕвгӕтӕ, публицистикӕ. Цхинвал, 1987-ӕм аз.
16. Газет «Казбек», 20.02.1905-ӕм аз.
17. Газет «Ног цард», 31.05. 1907-ӕм фарс.
18. Газет «Рӕстдзинад», 16.05.1944-ӕм аз.

19. Газет «Рæстдзинад», 05.08.2000-æм аз.
20. Газет «Рæстдзинад», 21.04. 2001-æм аз.
21. Газет «Северный Кавказ», 25.12.1894-æм аз.
22. Газет «Северная Осетия», 25.05.2002-æм аз.
23. Газет «Терек», 23.03.1916-æм аз.
24. Газет «Терские ведомости», 15.04.1906-æм аз.
25. *Гафез*. Цардбæллон. Цхинвал, 1974-æм аз.
26. *Гафез*. Адджын у цард. Сталинир, 1948-æм аз.
27. *Гæбулты Мелитон*. Царды гуылфæнты. Сталинир, 1954-æм аз.
28. *Гæдиаты Секъа*. Азау. Дзæуджыхъæу, 1981-æм аз.
29. *Гæдиаты Цомахъ*. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1959-æм аз.
30. *Гулуты Андрей*. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1951-æм аз.
31. *Джусойты Нафи*. Изæры рухс. Цхинвал, 1987-æм аз.
32. *Джусойты Нафи*. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Цхинвал, 1966-æм аз.
33. *Джусойты Нафи*. Ирыстоны сагъæстæ. Цхинвал, 1959-æм аз.
34. *Джусойты Нафи*. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990-æм аз.
35. *Джыккайты Шамил*. Сагъадахъ. Дзæуджыхъæу, 1980-æм аз.
36. *Дзаболаты Хазби*. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1974-æм аз.
37. *Дзугаты Георги*. Уацмыстæ 3 томæй. Т. 1, Цхинвал, 1971-æм аз.
38. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Бæрндзинад. Цхинвал, 1976-æм аз.
39. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Романтикæ. Сталинир, 1959-æм аз.
40. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Биографи. Цхинвал, 1990-æм аз.
41. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Рæстæг æмæ литературæ. Цхинвал, 1985-æм аз.
42. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Хæст æмæ зæрдæ. Цхинвал, 1966-æм аз.
43. Журнал «Зонд», 1907, №2.
44. Журнал «Мах дуг», 1935, №3–4.
45. Журнал «Мах дуг», 1947, №4.
46. Журнал «Мах дуг», 1947, №8.
47. Журнал «Мах дуг», 1979, №10.

48. Журнал «Мах дуг», 1989, №8.
49. Журнал «Мах дуг», 1989, №10.
50. Журнал «Фидиуæг», 1979, №10.
51. Журнал «Фидиуæг», 1989, №10.
52. Журнал «Фидиуæг», 1999, №5.
53. Журнал «Фидиуæг», 2000, №1.
54. Журнал «Чырыстон цард», 1916, №1–3.
55. Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. Цхинвал, 1977-æм аз.
56. Ирон адæмон сфæлдыстад 2 томæй. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1961-æм аз.
57. Ирон адæмон сфæлдыстад 2 томæй. Т. 2, Дзæуджыхъæу, 1961-æм аз.
58. Ирон æмбисæндтæ. Дзæуджыхъæу, 1976-æм аз.
59. *Клаузевиц Карл.* О войне. 1820-æм аз.
60. *Коцойты Арсен.* Уацмыстæ 2 томæй. Т.2, Дзæуджыхъæу, 1972-æм аз.
61. *Кочысаты Мухарбег.* Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1977-æм аз.
62. *Козаты Исидор.* Æмдзæвгæтæ. Сталинир, 1960-æм аз.
63. *Козаты Исидор.* Хæрзбон. Цхинвал, 1988-æм аз.
64. Коста в жизни. 2-аг чиныг. Цхинвал, 1989-æм аз.
65. *Коста Хетагуров.* Ростов-на-Дону, 1909-æм аз.
66. *Къоста.* Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1951-æм аз.
67. *Къоста.* Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2002-æм аз.
68. *Къоста.* Уацмыстæ. Цхинвал, 1979-æм аз.
69. *Крылов И.* Басни. М., 1983-æм аз.
70. *Кусов Генрий.* Вокруг Коста. Владикавказ, 1979-æм аз.
71. *Къубалты Алыксандр.* Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1978-æм аз.
72. *Малиты Георги.* Ирæф. Дзæуджыхъæу, 1973-æм аз.
73. *Мамсыраты Дæбе.* Уацмыстæ 6 томæй. Т. 6, Дзæуджыхъæу, 1971-æм аз.
74. *Мамсыраты Темырболат.* Ирон зарджытæ. Цхинвал, 1965-æм аз.
75. *Мамсыраты Темырболат.* Ирон зарджытæ. Дзæуджыхъæу, 1982-æм аз.
76. *Мæргъиты Къоста.* Зæрдæйæ-зæрдæмæ. Сталинир, 1956-æм аз.
77. *Нартыхты Михал.* Уацмыстæ. Цхинвал, 1968-æм аз.

78. *Нишнианидзе Ш.* Избранное. М., 1986-æм аз.

79. *Плиты Грис.* Уацмыстæ 2 томæй. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1973-æм аз.

80. *Плиты Феликс.* Хурхæтæн. Цхинвал, 1986-æм аз.

81. РХИЗИИ-ы архив, Къостайы фонд.

82. *Скифирон.* Лирикæ. Цхинвал, 1973-æм аз.

83. *Твардовский А.Т.* Собр. сочин. в 6 т. Т. 3, М., 1978-æм аз.

84. *Тедеты Р.К.* Жизнь Коста Хетагурова. Цхинвал, 1979-æм аз.

85. *Токаты Алихан.* Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1973-æм аз.

86. *Тугъанты Махарбег.* Литературное наследие. Владикавказ, 1977-æм аз.

87. *Тыбылты Алыксандр.* Уацмысты æмбырдгонд. Цхинвал, 1988-æм аз.

88. *Хаджеты Таймураз.* Фæсизæр. Дзæуджыхъæу, 1995-æм аз.

89. *Харебаты Леонид.* Цин æмæ сагъæс. Цхинвал, 1987-æм аз.

90. *Хозиты Яков.* Терчы зарджытæ. Дзæуджыхъæу, 1982-æм аз.

91. *Хъайтыхъты Геор.* Æвзæрст уацмыстæ 2 томæй, Т. 2, Дзæуджыхъæу, 1976-æм аз.

92. *Хъайтыхъты Геор.* Æмдзæвгæтæ. Дзæуджыхъæу, 1981-æм аз.

93. *Хъайтыхъты Геор.* Хæхтæ райынц. Дзæуджыхъæу, 1960-æм аз.

94. *Хъодзаты Æхсар.* Къостайы хæдзар.Дзæуджыхъæу, 1991-æм аз.

95. *Хъодзаты Æхсар.* Рухс. Дзæуджыхъæу, 1987-æм аз.

96. *Хъодзаты Æхсар.* Хуыщауы бон. Дзæуджыхъæу, 1998-æм аз.

97. *Хъороты Дауыт.* Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1990-æм аз.

98. *Цæголты Георги.* Избранное. Владикавказ, 1959-æм аз.

99. ЦИЗИИ-ы архив, Къостайы фонд.

100. *Цхурбаева Ксения.* Некоторые особенности осетинской народной музыки. Владикавказ, 1959-æм аз.

101. *Чибиров Людвиг.* Встречи с Васо Абаевым. Владикавказ, 2000-æм аз.

102. *Чехойты Сæрæби.* Лирикæ. Дзæуджыхъæу, 1976-æм аз.

# *Хъарæгæй заргæ*

*Нигеры поэтикæйæ*

## РАЗНЫХАС

Ирон нывæфтыд литературæмæ куы ‘ркæсæм, уæд æнæфæхатгæ нæ фæуыдзыстæм, 30-æм азты аивад бæрæг мæллæгдæр кæй зыны, уæлдайдæр, йæ дыккаг æмбис. Йæ уацмыстæ иу-стæмтæй фæстæмæ – фæлурс, бæгънæг, дзыбырдзыбыр кæнынц, норст зынджы цæстау. Дымгæмæ йæ сдар, уæд ын йæ фылдæр хай фæхæссид æфсиргай.

Афтæмæй нæм цасæй фæлвæрдтой фыссыныл! Цасæй хъавыдысты æнæдомд æфсургътыл идæттæ бафтауын, сæргътæ сæвæрынмæ! Литературæйы тæссаг хæтæнты стæры цæуынмæ!

Фæлæ...

Чи æфсургъы мыр-мырæй фæтарст, кæмæн идон димыкъбосимæ фæхæццæ. Фæдисмæ чи рацыд (Литературæмæ фæндаг алы хатт дæр фæдисмæ цæуæгау у), уыдон дæр поэтикон бæхцæттæйæ – голладжы къуымы абази.

Уый хуымæтæджы нæ уыдис, мыййаг. Алцæмæн дæр вæййы аххосаг. Уыцы аххосæгты аххосагдæртæй иу хорз рахатыд Нигер, 1939-æм азы Къостайы поэтикæйы тыххæй цы уац ныффыста, уым: «Нæ фæрæдидзынæн, афтæ куы зæгъон, зæгъгæ, ирон аив литературæ йæ рæзыны хъуыддаджы тынг бакъуылымпы ис, поэтикон техникæйы фарст иуварс кæй аззадис, уый руаджы, уæд».[1]

Уыцы тæвагæй нырма дæр бирæйæ судзынц ирон фысджытæ. Бирæйæ цы, иу-стæмæй фæстæмæ – иууылдæр. Нæ уацмыстæ уыцы низæй кæй сæйынц, уымæ кæсынæй зæрдæ джитæнтæ кæны.

---

[1] Н и г е р. Уацмысты æххæст æмбырдгонд 3 томæй. Т. 3, Дзæуджыхъæу, Ир, 1968, 263-æм фарс. Дарддæр Нигерæй цитатæтæ амынд цæудзысты уыцы рауагъдæй.

Цæмæн?

Поэзи сæйраджы у, М. Горький «Песня о Соколе»-йы «безумство храбрых» кæй схуыдта, уый — сонт, æнæрцæф зæрдæйы срæмыгъдтытæ. Æнæрынцой зæрдæйы зарæг, æнæнхъæлæджы ныццæвæнтæ, поэтикон æррадзинадмæ та æмхиц вæййы æвзонг уд. Адæймаг уæларвон сæнтты базыртыл куы фæтæхы, уыцы дуг. Махæн нæ фысджыты æвзонгад (Мæскуыйы Литинститутмæ бахауыны амонд дзы кæмæ æрхауы, уыдоны кой нæ кæнын) æгасæй ацæуы литературон аивады сусæгдзинæдтæ бар-æнæбары субъективон хуызы ахуыр кæныныл.

Уый стыр æмæ уæззау фарст у. Æнæмæнг аскъуыддзаг кæнын кæй хъæуы, фæлæ нæм абон дæр скъуыддзаггонд чи нæма у, ахæм фарст.

Кæй зæгъын æй хъæуы, поэтикон аивадмæ ахуыргонд, хъуыдыгæнæг адæм раджы æрдардтой сæ хъус. Рагбердзенаг стыр философ Аристотель йæ зындгонд трактат «Поэтикæ» нæ эрæйы агъоммæ IV-æм æнусы сфæлдыста. Махмæ æрмæст йæ фыццаг чиныг æрхæццæ, фæлæ уым дæр бæрæгæй зыны, куыд лæмбынæг æвзары трагедийы жанр. Къаддæр цымыдисаг не сты, иумæйаг фарстатыл кæм ныхас кæны, уыцы бынæттæ.

Йæхæдæг йæ куысты тыххæй афтæ загъта: «О поэтическом искусстве как таковом и о видах его; о том, каковы возможности каждого вида; о том, как должны составляться сказания ( mythoi), чтобы поэтическое произведение было хорошим; кроме того, из скольких и каких оно бывает частей; а равным образом и о других предметах, подлежащих такому же исследованию, — обо всем этом поведем нашу речь»[1].

Стыр хъуыдыгæнæг, ахуыргонд уыцы фарстатæ хуымæтæджы нæ равзæрста. Адæймаджы царды, стæй æрдзы иууыл стырдæр фæзындтæм хауы аивад. Æнæаивад адæймаг куырм æмæ къуырма у. Йæ зонды цæст кæмæн уыны, йæ зæрдæйы хъусты къæрмæджытæ кæмæн нæй, уыдон аивадæн табугæнæг уымæн свæййынц.

Аивады стыр, хъомысджын, тæлфгæ фурды дзырдаивад раздзог кæй у, уым диссагæй ницы ис. Дзырдæн йæ бакастæй

[1] А р и с т о т е л ь. Сочиненитæ 4 томæй. Т. 4, М., 1984, 649-æм фарс.

йе ‘вæræнтæ бирæ фылдæр сты. Йæ сусæгдзинæдтæ йын чи базоны, уыдон дæр бынтон цъус нæ разынынц. Æмæ аивады алы кусæг дæр фæтырны, йæ уд цæмæн фæнывонд кæны, уым рæсугъд фæд ныууадзыныл. Фæлæ уый сæйрагдæр баст вæййы, Хуыцауы комулæфт уыцы аивады кусæгмæ цас бæрцæй хæццæ кæны, ууыл. Уыцы «комулæфт» ииуыл тынгдæр кæуыл æмбæлы, уымæн йæ фыдæбон алыварсондæр æмæ æрттивагдæр разыны, дзырд дæр ыл нæй, йæ поэтикæйы фæрцы. Уый йæ скæны оригиналон æмæ цымыдисон.

Хуыцауы комулæфт ирон литературæйы æцæгæй кæуыл сæмбæлд, уыдоны фыццæгтæм хауы Нигер (Дзанайты Иван). Зынгæ ирон фыссæг æмæ литературæиртасæг Джусойты Нафи уымæн зæгъы: «Нигер йæ лæппуйы бонтæй фæстæмæ, ома йæхимæ поэтикон хъару куы бафиппайдта æмæ йыл куы бауæндыд, уæдæй фæстæмæ йæхи цæттæ кодта поэты стыр нысæнттæм, поэты æхсæнадон æмæ аивадон миссимæ. Раст цыма ард бахордта адæмы раз: æз уыдзынæн поэт æмæ поэты æвæджиау зын, фæлæ кадджын фæндагæй фæсвæд никуы ахиздзынæн!.. Æмæ йæ мæлæты бонмæ йæхи хъардта уыцы ардбахæрд цæсгомджынæй æххæст кæныныл. Поэт уæвын кæмдæриддæр æмæ кæддæриддæр – уый уыд йæ царды иунæг æмæ бæрзонд нысан. Æмæ уыцы нысанæн снывонд кодта æппæтдæр – канд йæ хъару æмæ йæ царды бонтæ нæ, фæлæ йæм æрвылбоны цардæй цы хæрзиуджытæ æмбæлд, уыдон дæр».[1]

Хи уды æппæт æхцондзинæдтæй йæхи поэзийы сæрвæлтау чи цух кодта; карьерæ, кады асинтыл йæ къух чи ауыгъта, уый йæ идейæйæ куыд хъуамæ фæиппæрд уыдаид, æмæ йын «...уыдис иу фæндаг æхсæндзарды быдыры – поэзийы фæндаг, æмæ уым Нигер кæддæриддæр тырныдта æппæты разæй уæвынмæ, раздзог, тырысахæссæг уæвынмæ. Йæ тырысайыл та уыд Къостайы удæгас сурæт, аргъæутты æргъæуæй конд», – зæгъы Нафи æмæ, поэты сфæлдыстадыл хъуыды кæнгæйæ, йæ хатдзæг у раст æмæ фидар. «Нигеры уацмыстæ, науæд, æрмæст йæ лирикон бынтæ чи зоны, уый æнæмæнг рахатдзæн – поэт нын ныууагъта зæрдиаг хъуы-

[1] Д ж у с о й т ы Н а ф и. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990, 18–19-æм фæрстæ.

дыйы æмæ тыхджын æнкъарæнты вазыгджын къуыбылой. Уый райхалын хъæуы сындæггай, арæхстгай, науæд ныссуйтæ уыдзæн, æмæ йын йе ‘цæг хуызæн ницы базондзыстæм».[1]

Уымæ гæсгæ уæлдай оригиналондæр уыд æмæ у, поэт æппынæдзух йæ дзырды уæзмæ йæ хъус кæй дардта, уый фæрцы. Алкæмæн дæр бæлвырд у, 20–30-æм азты, æмткæй дугивæн азты æмæ соцзаказты аххосæй нæ литературæ куыд ныллæг æрхаудта, фæлæ Нигер йæ равзæрст фæндагыл цыд æнæфæцудгæйæ.

Уый фæдыл йæхæдæг, йæ рæстæг æмæ йæхи тыххæй, иууыл растдæр зæгъы йæ трагикон кæнæ йæ Нафи куыд хоны – «йæ иууыл трагикондæр æмдзæвгæ… «Æнкъард дæн æз, тыхст у мæнæн мæ зæрдæ...»-йы:

*Æнкъард дæн æз...*
*Тыхст у мæнæн мæ зæрдæ.*
*Цæрæд, кæй хъæуы, уый.*
*Мæнæн нæу хъауджыдæр –*
*цæрон æви мæлон.*
*Æрмæст ма уый зæгъын:*
*кæдмæ кæса мæ цæст,*
*ингæны сыджыт мæ*
*нылхъива цалынмæ бынтон,*
*уæдмæ æз дзурдзынæн æргом*
*рæстдзинад дунетыл хъæрæй.*
*Æмæ сæрæй*
*æз не ‘ркувдзынæн никæд, нæ,*
*лæджы фыртæн.*
*Æлдармæ макуы ратт дæ бар,*
*сæргуыбырæй*
*дæхицæн адджын ма кæ цард,*
*фæлтау – мæлæт!*
*Гъе, уый фæдзæхсын æз,*
*кæд мæм ис хъусæг, уæд.*
*Æмæ хъуамæ уа –*
*мæнг хъæргæнæг нæ дæн.*

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990, 19–20-æм фæрстæ.

*Дæн уацхæссæг!*
*О, о, дæн уацхæссæг*
*æрцæуинаг дугæй!..*[1]

Æрмæст æмдзæвгæйы фæстаг хъуыдыйыл куы дзурæм, – ныртæккæ нæ хæс у уый, – уæд афтæ зæгъынмæ йæ ныфс бахæсдзæнис æцæг поэт кæнæ, бæрндзинад чи не 'нкъары, ахæм адæймаг. Нигер дуджы раз цы бæрндзинад æнкъардта, уый уацмысæй бæрæг у, фæлæ æрцæуинаг дугæй кæй уыдис уацхæссæг, уый йыл æвæрдта фылдæр бæрн.

Поэт тынг хорз зыдта, цæмæй фидæны аккаг сфæлдыстад ныууадзай, уый тыххæй иубонон эстетикон адæнкъарынад æмæ этикон æмвæзад фаг не сты. Уый тыххæй фыццаджы-фыццаг дæхæдæг хъуамæ уай æрцæуинаг дуджы аккаг. Уымæй дæр, æрмæст зондахастæй нæ, фæлæ – зæрдæйæ, удыгъæдæй, æддаг бакастæй дæр.

Нигер, – кондæй уа, зондæй уа, – æцæг Хуыцауы ратгæ адæймаг. Уыдис ын фидар æмæ бæлвырд нысан – поэзийы бæрзæндмæ цæуын, æмæ уыцы рухс хъуыды лæдæрст йæ уды фарнæй. Уды фарнæй чи цæуы, уый адæмы фарнæн у. Фыдгæндимæ йын иумæйагæй ницы ис. Фæлтæртæ йæ уымæн адæттынц сæ кæрæдзимæ, нæ поэт, цыфæнды тухæнтæ æвзаргæйæ, уымæн тырныдта размæ:

*Арвы сæртæг гæрах хъусты фæныхсти.*
*Фесхъиудтон... Цæстæнгас размæ фæуырдыг,*
*Рухсы хæрдгæхуыз хал цæстытыл сæмбæлд,*
*Цæсты ысмидæг и, зæрдæйы аныхст.*
*Катай фæмынæг, мæ зæрдæ фæцырд ис.*
*Дзуры мæм риуæй: «Гъæйтт, гъæйтт-мардзæ,*
*размæ!»*
*Бæрзæй фæкъуырдта, æндон цъæтау, сæры.*
*Зæнгтæ, хъандзæлттау, куы фесхуыстой размæ...*
*Гъæйтт, уæдæ, размæ,*
*размæ 'мæ*
*размæ!*[2]

[1] Н и г е р. Т. 1, 180-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, 190-æм фарс.

Рагон бердзенаг пахуымпартæ поэзи зæдтæ, дауджыты æвзаг хуыдтой. Зæдты æвзаг дзæнгæдайæ бирæ цæмæйдæрты хицæн кæны. Цы бирæ сусæг æмæ дзы аив фæзилæнтæ ис, уыдон æвзонг адæймагæн æрмæст йæ цæхæр зонд æмæ цырд цæстæнгас рахатдзæнис. Уымæй дæр — сæ кæцыдæр хай.

Уыцы амонд нæ фысджытæй æрмæст иу фæрнджынмæ æрхауы. Иннæтæ бар-æнæбары, хус сыфтæртау, фезгъæлынц аивады бæласæй. Æгæрыстæмæй йæм чи бахæццæ вæййы, уыдонæй дæр зæгъын.

Нигер, нæ куырыхон хистæр æмæ стыр поэт, уыцы аххосæгтæй иу раджы рафæлгъуыдта, рахаста йæ адæмы рæгъмæ, уæддæр æм абоны онг нæ хъус, куыд æмбæлы, афтæ нæма æрдардтам. Не ‘ппæт дæр зонæм, нæ литературæйы классиктæм стыр идейон æмæ аивадон æгъдауæй æххæст уацмыстæ кæй ис, фæлæ цы сты сæ сæйраг миниуджытæ, цы сусæг мадзæлттæй пайда кодтой, се ‘нæмæлгæ чингуытæ фысгæйæ, сæ къухты цæй руаджы æфтыдис ахæм æнтыст, уыдонæй иу дæр кæронмæ никуыма рафæлгъуыдтам. Æнæ уыдон та фыссæджы сфæлдыстад, стæй йæ удыгъæдæн дæр нæй кæронмæ бамбарæн æмæ равдисæн. Уымæн æмæ, уыдон иууылдæр æддæг-мидæг баст вæййынц фыссæджы курдиатимæ. Уый, курдиат, ног ныццæфтæй аивады ног фæндæгтæ гом кæны. Цыфæнды курдиатджын фыссæг дæр литературон аивады фæзилæнтæ, ома йæ аивтæ йын куынæ зона, стæй сæм йæхи удæй цæугæ сусæг рахæцæнтæ куынæ æфтауа, уæд уымæй цæй аивады кусæг уаид, растдæр зæгъгæйæ та — цæй аивады адæймаг уаид.

Фыссæджы сфæлдыстадыл дзургæйæ æнæмæнгхъуыддаг у йæ уацмысты идейæимæ йын йæ аивадыл дзурын дæр. Сур, уæлæнгай дзырдтæй нæ, фæлæ бæстон, лæмбынæгæй.

Фыссæгæн уый у йæ поэтикæ.

## I

Ирон поэттæй кæд искæй поэтикæйæ раппæлæн ис, уæд сæ фыццæгтæм хауы Нигер. Уымæн ын бантыст, мæнмæ гæсгæ, ирон поэзийы афтæ бирæ саразын. Поэтикон дзырд æнæ поэтикæ поэтикон схонæн нæй, кæд, поэтикон фæлгæттыл нæм фыст цы æрцæуы, уыдон, хъыгагæн, иуылдæр поэзи фæхонæм, уæддæр. Адæймаг йæ армы дзыхъхъы æвæрдау куы кæса адæмы зæрдæмæ, куыдфæнды куы ахса дуджы уæззау цалхы змæлд, уæддæр йæ дзырд æнæ поэтикæ уадиссаг никæмæ бахъардзæни.

Ирон фыццаг, æцæг литературон критик Тыбылты Алыксандр афтæ цæмæн фыста: «Цы цард æмæ цы адæм æвдисай дæ уацмысты, уыдон хъуамæ лæмбынæгæй зонай. Кæннод дæ нывтæ раст нæ уыдзысты, кæннод царды хабæрттæ сгакъон-макъон кæндзынæ»[1], — уый Нигер хорз, æгæр хорз дæр æмбæрста. Фæлæ йæ уацмыстæ ирон адæмы комытæфæй кæй улæфынц, аивады уыцы бæрзæндмæ кæй схызтысты, уымæн сын иууыл тынгдæр æххуыс кæнынц поэтикæйы алыхуызон сусæг фæзилæнтæ. Йæ уац «Цы у, цавæр у аив литературæ æмæ хæрз цыбыр ныхас нæ критиктæм»-ы уымæн зæгъы: «... зæрдæ арф ныгæд у, фидар æхгæд у риуы фæйнæгæй, лыстæг сты йæ тугдадзинтæ! Йе скъахынæн даргъ ныхтæ хъæуы; йæ байгом кæнынæн — лæмбынæг хъавæг, цæхæрцæст хъавæг! Уыдон куынæ уой — никуы 'мæ ницы.

Додойæ-сарæй зæрдæ нæ тæлфы; сонт тæлтæг хъæртæй зæрдæ нæ тæрсы; зонды стъæлфæнæй зæрдæ нæ судзы, былæлгъты ныхас уымæ нæ хъары; аразгæ худтмæ йæ хъус

[1] Тыбылты Алыксандр. Уацмыстæ. Цхинвал, 1988, 165-æм фарс.

нæ дары; кæнгæ æууæлтæй йæхи нæ сайы; æмдзæгъды хъæрмæ зæрдæ нæ кафы!

*Зæрдæ куы тæлфы тарфуынгæг хъæрзтæй,*
*Зæрдæ куы тæрсы сабыр арф дзырдæй,*
*Зæрдæ куы судзы зæрдæйы зынгæй,*
*Зæрдæмæ хъары зæрдæйы ныхас,*
*Зæрдæ ныхходы зæрдæйы худтмæ,*
*Йæхи рæвдауы аивджын нывтæй.*

Кафын æй кæны фæндыры хъæлæс, фæндыры буц цагъд, фæндыры зарæг, фæндыры тарф худт!

Аив литературæйы хъуамæ алцыдæр уа аивтыл арæзт».[1]

Йæ уыцы «аивтæ» хъуамæ равдисой тарфуынгæг хъæрзт, сабыр арф дзырд, зæрдæйы зынг, зæрдæйы ныхас, зæрдæйы худт, фæндыры хъæлæс, фæндыры цагъд, «фæндыры зарæг, фæндыры тарф худт».

* * *

Нигерæн, алы фыссæгæн дæр куыд вæййы, афтæ йæ уыцы аивты сæйрагдæр уыдис дзырд. Йæ зæрдыл хорз лæууыд «Библи»-йы райдайæн: «Фыццаг уыд дзырд. Дзырд уыд Хуыцау». Дзырд ын табуйаг уыд. Æмæ йын табу кодта.

Нæ поэзийы фæтæг Къоста йыл куыд æууæндыд, ныфс дзы куыд æвæрдта, фидæны цæстæй йæм куыд каст: «Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд!..» («Додой»), ахæм ныфсы мæсыг, цæугæ мæсыг уыдис Нигерæн дæр. Хорз зоны, «кæмдæр та æвæлмастæй хъазы бæндæнтыл кафæг...» («Цы дзурон?»), фæлæ махæн уый фæзмгæйæ нæу. Махæн æндæр у нæ хъысмæт. «Нæ риуты нывæрдта æндæр зæрдæйы нып нæ рафæлдисæг». Уый хъуамæ ма рох кæнæм. «Мах хъарæгæй зарæм». Поэты «О, мæ фæндыр!..»-ы «сусæг хъарджытæ» кæй домынц, цардуалдзæджы кæй никуы федта «хуры рухс тынты», «хъазгæ бонты» кæй «утæхсыд» «судзгæ сау рынты», йæ фæндырæн йæ зæрдæйы тæгтæй уымæн сарæзта тæнтæ, уымæн сæ рафыхта йæ туджы, цæмæй уый дæр дзура, «цы дзырдта рæсугъдæй» йæ «размæ

[1] Н и г е р. Т. 3, 8—9-æм фæрстæ.

фæтæг». Йæ размæ та нæм Къостайæ рæсугъддæр никæцы фæтæг дзырдта, æмæ кæд Нигер æфсæрмы охыл зæгъы:

*Цы дзурон? Куыд зæгъон? Ныхгæдта мæ хъæлæс.*
*Нæ тулы та ме ‘взаг мæ комы дзæбæх.*
*Дзырд арынмæ рагæй куы дæн æз æвæрæз,*
Зæрдæйæ – цъæх денджыз, ныхасмæ – къæдзæх, –[1]

уæддæр уынæм, уыцы «ныхасмæ – къæдзæх», уырзæй æвзарæгау, куыд æвзары дзырдтæ, Дзодзийы дурау сæм алырдыгæй куыд кæсы. Æппынæдзух архайдта, цæмæй сыл уæз цæуа, аивтыл арæзт уой. Адæмы зæрдæтæм арой фæндаг.

Уыцы фæндаг кæй арынц, уый тыххæй дзы зæгъы Джусойты Нафи, «Нигеры сфæлдыстад ирон адæмы иумæйаг хæзна у»,[2] зæгъгæ. Поэты сфæлдыстадыл хъуыдыгæнгæйæ, Джыккайты Шамил, Нигерæн йæхийау романтик кæй у, уый тыххæй фæэмоционалон кодта йæ ныхас: «Нигеры лирикæ у, Нарты Сослан Мæрдты бæсты цы къуыбылой федта, уыйау: у бирæхуызон, нæй йын кæронмæ райхалæн, æвидигæ сты йæ сусæгдзинæдтæ».[3] Æлборты Хадзы-Умар та ирон поэтикон уацмысты формæты тыххæй афтæ зæгъы: «... ирон æвзаг у фаг хъæздыг æмæ тасаг алыхуызон поэтикон формæтæ æмæ техникон амæлттæн. Канд силлабо-тоникон кæнæ хицæнæй тоникон æмдзæвгæйæн дзы нæй фадæттæ, фæлæ ма уыдоны алы хуызтæн дæр. Уымæн нын æвдисæн – Нигерæн йæхи поэтикон сфæлдыстад. Уым ирон æмдзæвгæйы авналæнтæ, силлабо-тониконæй райдай æмæ суанг ныриккон верлибры онг, сты уæрæх».[4]

Æмæ æрмæст уыдон – нæ, цыдæриддæр хъуыдыгæнæг литературæиртасджытæ йын æрæвналынц йе сфæлдыстадмæ, йæ курдиаты алыварсондзинад, йе ‘мдзæвгæарæзты сусæгдзинæдтæ йын æнæ банысангæнгæ нæ фæвæййынц. Нигер сын сæ цæстæнгас рагæй фæстæмæ бирæ цæмæйдæрты здахы йæхимæ. Уыдис æмæ дзы ис, зонгæ-зонын ыл цъыфкалæнтæ чи кæны, ахæмтæ дæр. Стæй цъус нæ.

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 75-æм фарс.

[2] Газет «Рæстдзинад», 1997, майрæмкуадзæны мæйы 21-æм бон.

[3] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. Дзæуджыхъæу, 1996, 167-æм фарс.

[4] Газет «Рæстдзинад», 2000, æртхъирæны мæйы 23-æм бон.

Фæлæ хъазыл дон куыд нæ хæцы, афтæ сæ цъыфкалæнтæй нæ поэтыл ницы аззайы. Адæмæн кæны уарзонæй-уарзондæр. Уый у йе сфæлдыстадыл, стæй йæхи стырдзинадыл дзурæг.

Ахæм бæрзонд сæ чи систа, уыдонæй иу у дзырд. Нигер дзырдыл куыд куыста, уый диссаг уыдис. Йæ уацмыстæ фысгæйæ, дзырдмæ, налхъуыт æвзарæгау, куыд æвнæлдта, йæ удмæ йын арфдæр ныххæссыныл куыд архайдта, уый тыххæй бирæ цæвиттонтæ ис æрхæссæн. Уымæн æмæ-иу æй хицæн дзырдтæ, хицæн рæнхъ кæнæ рæнхъытæн бахъуыд цалдæргай варианттæ аразын дæр.

Æмдзæвгæ «Мæ ном»-ы кæрон цалынмæ балхынцъ кодта, уæдмæ йын арæзта алы æмæ алыхуызон варианттæ. Иу сауфысты у афтæ:

*Уый – мæхæдæг,*
*Уый –мæ бæстаг,*
*Фæрсут ма мæ,*
*Уæд – «тыуаллаг».*

1917 аз. Æрыдон. Семинар.

Фæлæ афтæмæй нæ фæцыд йæ зæрдæмæ. Цæмæн «нæ фæцыд», уый йæхицæй дарддæр чи зоны. Фæлæ æнæзонгæ чиныгкæсæгæн цы дæтты дзырд «тыуаллаг»? Гæвзыкк, «æфхæрд ироны» тыххæй æмдзæвгæйы цы мæгуырдзинæдтæ фæнымадта, уымæй йæ æмдзæвгæйы кæрон нал бæрзонддæр кæны.

Агуры йын ног вариант. Стæй, чи зоны, цал хатты. Хъуыдыйы чи сæвзæры цалдæр хуызтæй, уыдон, кæнæ кусæгон варианттæ иууыл чи хъуамæ февæра? Мах дзы зонæм ноджыдæр иу:

*Гъе, уый дын æз,*
*Мæ иубæстаг,*
*Фæрсут ма мæ,*
*Гъе, уæд – «тыуаллаг».*

1914 аз. Æрыдон. Семинар.[1]

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 414-æм фарс.

Ævастхъæр «гъе»-йы фæрцы цыма уацмысы кæрон фæтыхджындæр кæнын йæ къухы бафтыд. Фæстаг рæнхъы уæнгтæ кæй фæфылдæр сты, ритм кæй фæивта, уый зонгæзонын арæзт у. Поэзийы ахæм барвæндæй «рæдыдтытæ» цъус нæ вæййы, фæлæ йæ фыдуынд, æнæзæрдæмæдзæугæ, мыййаг, нæ фæкæнынц. Уый Л. Сенека[1] фыдæлты рафæлгъуыдта. Нигер уыдæттæ хорз зыдта.

Æмдзæвгæйæн ма ноджы æндæр вариант кæй уыдаид, уыцы хъуыдыйыл адæймаджы æфтауы, йæ ныффыссыны аз ын дыккаг варианты кæй ахахх кодта, 17-æм азы бæсты 14-æм аз кæй бафыста, уый. Уыцы фæстаг нымæц кæцæй рахаста, уым, ай-гъай, поэты хъуыдымæ гæсгæ, йæ ныффыссыны аз растдæр уыдаид.

Фæлæ та уыцы вариант дæр нæ сæмбæлд поэты зæрдæйыл. Дзырд «тыуаллагыл» ницы уадиссаг уæз æрæнцад, æмæ æмдзæвгæйы кæрон æмдзæвгæ æмткæй фæбæрзонддæр кæна, разæй дзы кæй уынæм, уыцы мæгуырдзинад фæарф æмæ фæконкретондæр кæна.

Уый разынд, æмдзæвгæйæн абон мыхуыр чи цæуы, чиныгкæсджытæ кæй зонынц, уым, кæд кæройнаг иу строфайы бæсты дыууæ строфайы рацыд, уæддæр:

*Кæд мæ фæрсыс, —*
*Бæстондæрæй*
*Зæгъон дын æз*
*Уæд ме 'цæг ном:*

*Хæмпæлзачъе*
*Туаллаг лæг,*
*Дзæкъулæргъом,*
*Сæмпæрчъиджын.*

Дзырдтæ афтæ æвзарын, сæ ад сын тынг хорз чи æнкъары, æрмæстдæр ахæмы бон у. Нигер æй æгæр хорз дæр æнкъардта. Æнкъардта йæ æмæ дзы пайда кодта. Тынг хорз дзы пайда кодта. Кæд хицæн дзырдтæ, уæлдайдæр, рæнхъытæ æмæ куплеттæн халдихтæ агурын, сæ кæрæдзийыл сæ

[1] Сенека Луций Анней — нæ эрæйы агъоммæ I æнусы римаг фыссæг.

рабар-бабар кæнын, хуыздæр варианттæ æвзарын, æдде бакæсгæйæ куыд зыны, афтæ æнцон нæу, уæддæр. Фæлæ сæ аивады сæрвæлтау, ирон поэзийы сæрвæлтау, æз ма зæгъин – ирон адæмы сæрвæлтау арæзта.

Æмдзæвгæ «Тæхуды!»-йæн *(«Хъазы мæй арвыл йæ цалхы хæрз дзаг»)* нæ къухы ис цалдæр варианты:

А. 1-аг вариант (*урсфыстæй*) – 23–24-æм рæнхъытæ:

*Р у х с мæй, тæхуды, дæуыл куы цæрин,*
*Кæд æлдар нал уынин æз мæ цæстытæй!*

Æ. 2-аг вариант (*урсфыстæй*) – 23–24-æм рæнхъытæ:

*Р у х с мæй, тæхуды, дæуыл куы цæрин,*
*Нал уынин æлдæртты д ы у у æ цæстæй.*

Б. 3-аг вариант (*мыхуыр у*) – 23–24-æм рæнхъытæ:.

*О, мæй, тæхуды, дæуыл куы цæрин,*
*Нал уынин æлдæртты гъеуæд цæстæй.*

Кæнæ-ма æркæсæм æмдзæвгæ «О, мæ фæндыр!»-мæ, кæддæра йын цал варианты сарæзта:

А. 1-аг вариант (*урсфыстæй*) – 29–32-æм рæнхъытæ:

*Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн*
*Ф и д а р ф æ д з æ х с т æ й:*
*Бахъахъхъæнут сонты бонтæ*
*Х æ й р æ д ж ы у æ х с т æ й.*

Æ. 2-аг вариант (*урсфыстæй*) – 29–32-æм рæнхъытæ:

*1. Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн,*
*Д æ р ы н б а х æ р о н:*
*М а у æ ‘ р с у р æ д æ в æ р æ з æ й*
*У æ ц а р д ы к æ р о н.*

*2. Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн,*
*Д æ р ы н б а х æ р о н:*
*С о н т ы д у г æ н м а ч и а г у р æ д*
*Т а г ъ д - т а г ъ д й æ к æ р о н.*

*3. Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн,*
*Дæ рын бахæрон:*
*Сонты дугæн ма тагъд кæнут*
*Агурын кæрон.*

Б. 3-аг вариант (*урсфыстæй*) – 29–32-æм рæнхъытæ:

*1. Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн,*
*О, дæ фæхъхъау фон:*
*«Ма уæ фæндæд сонты дугæн*
*Агурын кæрон».*

*2. Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн,*
*О, дæ фæхъхъау фон:*
*«Ма уæ фæндæд сонты дугæн*
*Арын тагъд кæрон».*

В. 4-æм вариант (*урсфыстæй*) –29–32-æм рæнхъытæ:

*Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн,*
*Дæ рын бахæрон:*
*«Ма уæ фæндæд сонты дугæн*
*Арын тагъд кæрон...».*

Г. 5-æм, фæстаг вариант – 29–32-æм рæнхъытæ:

*Бафæдзæхс-иу фæсивæдæн,*
*Дæ рын бахæрон:*
*«Ма уæ фæндæд сонты дугæн*
*Тагъд арын кæрон...»*

Афтæ алы уацмысæн дæр дзырдтæ агуырдта, æвзæрста сæ, сыгъзæринагурæг æнæхъæн змис-хохы сыгъзæрины къæрттытæ куыд фæагуры, афтæ. Цы дзырд æй хъуыд, уый хъуамæ ссардтаид, хъуыдыйады йыл уæз фылдæр кæм æнцайа, ахæм бынаты йæ хъуамæ æрæвæрдтаид.

«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»-ы фыццаг редакцийы 81-æм рæнхъ мæнæ цы хуызты арæзта:

*а. О хъуытазхъæлæс, о мырмырагдзыхтæ...*
*æ. Мырмырагдзых чызджытæ,*
*о нæ саударджытæ...*
*б. Хъуытазхъæлæс чызджытæ,*
*мырмырагдзых чызджытæ...*

Стæй фæстагмæ æрлæууыд, чиныгæй кæй зонæм, уыцы вариантыл:

*в. Хъуытазхъæлæс æмæ мырмырагдзых чызджытæ.*

Ацы рæнхъ агургæйæ нæдæр ритмыл тыхст, нæдæр рифмæйыл. Æмдзæвгæ «Цы дзурон?..»-ы хуымæтæджы нæ загъта: «Мах хъарæгæй зарæм». Уацмыс адæмон сфæлдыстады кадæджы (стæй хъарæджы дæр) фисынтыл амады хуызæн у. Строфайы фыццаг æмæ æртыккаг рæнхъытæ нæ рифмæ кæны. Нæдæр дзы классикон ритм хъахъхъæны.

Уæдæ, цымæ, поэты цæмæн бахъуыд, чызджытæм, ирон чызджытæм цы номæй бадзура, уый афтæ лæмбынæг æвзарын?

Мæлæг æфсæддон, хæдæфсарм ирон сæм дзуры, цæмæй сын йæ кой фæуа «быдыры фæндырæй цæгъдинаг», «хохы та уадындзæй уасинаг». Уæдæ сæм мæлæг æфсæддон куыд дзурдзæнис «о»? Афтæ йæ гыццимæ дзуры: «О, гыцци, о, гыцци...», «О, мæ ныййарæг...», «О, гыцци...».

Гыцци æмæ чызджытæм иухуызон, уадз, хицæн нæмттæй дæр, фæлæ иухуызон дзурæн нæй. Æмæ фыццаг варианты кæд «хъуытазхъæлæстæ» дæр, «мырмырагдзыхтæ» дæр ис, уæддæр Нигеры зæрдæмæ нал фæцыд.

Дыккаг вариантæй дæр уыцы барджын «о» нæ ракуымдта. Ноджы, лирикон хъайтар ирон чызджытæм иуугылдæр саударджыты номæй кæй дзуры, æвæццæгæн, поэтмæ уый дæр аив нæ фæкаст. Æмæ йын къух нæ радта дыккаг вариант дæр.

Поэты, Нигеры аккаг не сси æртыккаг вариант дæр. «Хъуытазхъæлæс» дæр дзы ис, «мырмырагдзых» дæр, фæлæ «чызджытæ», «чызджытæ» кæй фæлхат кæны, уый зæрдæйыл не ‘мбæлы. Хъус дзы фæллайы... Рог сидæн у.

Афтæмæй бирæ агурæнты фæстæ ссардта йæхи аккаг, зæлланггæнаг, мæлгæйæ дæр ирон хæдæфсарм хæстоны дзыхæй чи схаудтаид, ахæм рæнхъ: «Хъуытазхъæлæс æмæ мырмырагдзых чызджытæ».

Уый – урсфыстыты. Æмæ, махмæ чи не ‘рхæццæ, уыцы сауфыстыты цалгай варианттæ арæзтаид! В. Маяковский йæ уац «Как делать стихи?»-йы куыд загъы, афтæмæй йе

‘мдзæвгæ «Сергей Есенинæн»-ы иу рæнхъ – «для веселия планета наша мало оборудована»[1]-йæн сарæзта 12 варианты. Бирæ хæттыты-иу Нигеры кусæгон варианттæ къаддæр кæй нæ уыдысты, ууыл дызæрдыг нæ кæнын. Æрмæст оригиналон уацмыстæн нæ, фæлæ аивадон тæлмацтæн дæр, уырзæй æвзарæгау, афтæ æвзæрста дзырдтæ.

А.С. Пушкины «Дурын уазæг» тæлмацгæнгæйæ æрмæст сауфысты 83-æм рæнхъæн аразы цалдæр варианты:

*1. Æмæ, цæй, цы: йæ фæстæ дын уыдис æндæртæ.*

*2. Гъы, ‘мæ цы: йæ фæстæ дын уыди æндæртæ.*

*3. Гъы, цы: йæ фæстæ дын уыди æндæртæ.*

*4. Гъы, цы: йæ фæстæ уыд æндæртæ.*

Ахæм цæвиттонтæ цас ис поэты сфæлдыстадæй æрхæссæн!

Уыдон сты, дзырды дæсны, æцæг дзырды дæсны куыд арæхстгай хъуамæ æвнала йæ аивады сæйраг æрмæгмæ æмæ дзы куыд хъуамæ пайда кæна, уымæн иууыл хуыздæр цæвиттонтæ.

* * *

Нигер æнæдызæрдыгæй у ирон аив дзырды хуыздæр дæснытæй. «Æцæг поэты Музæ никæй хуызæн у, уый дунетыл дис æфтауы йæхи уындæй».[2] Дзырдтæ, æгæрыстæмæй, æвзæрста, цы рæстæгыл, цы темæтыл фыста, уымæ гæсгæ.

Уый афтæ хъуамæ кæнид алы фыссæг дæр. Хъæддзауæн йæ мигæнæн фæрæт куыд у, хосдзауæн – цæвæг, хæстонæн – хотых, афтæ фыссæгæн та йæ хæцæнгарз у дзырд. Фæлæ дзырд алыхуызон, фисынджын у. Зоны дзурын, худын, зарын, сагъæс кæнын, рæвдауын, æфхæрын, уарзын, кæуын... Йæ алы зæл дæр тæлфы, улæфы. Сæйраг у – фыссæг дзы куыд спайда кæна, цы армæй йæм бавнала. Бавналынмæ йæм чи арæхсы, йемæ архайын чи зоны, уымæн дæтты ком.

Сæ кондæй дзырдтæ алыхуызæттæ сты: аив æмæ дæр-

---

[1] Маяковский Владимир. Собр. соч. в 12 т. Т. 11, М., 1978, 264–265-æм фæрстæ.

[2] Джыккайты Шамил. Лирикон поэзийы поэтикæ. Кæс чиныг: Джыккайты Шамил, Гуæздæрты Азæ, Джыккайты Зæринæ. Ирон дзырдаивад. Дзæуджыхъæу, 2005, 18-æм фарс.

зæг, фæлмæн æмæ карз, иууидагон æмæ бирæкъабазджын... Адæймаг сæ йæ хъуыды равдисынмæ куыд сарæхсы, уый у сæйраг. Фаззæттæн сæ дзырдуаттæ иухуызон куы уой, уæддæр сæ æмхуызон нæ пайда кæндзысты. Æгæрыстæмæй, сæ кæрæдзи куы фæзмой, уæддæр. Уымæн æмæ, алы адæймаг дæр, искæй куы фæзма, уæддæр йæхирдыгонау фæхъуыды кæны, йæхи фæнда æви нæ. Афтæ у адæймаджы удыгъæд. Фыссæджы та, цæмæй йæ хъайтартæ, – уыимæ йæ лирикон хъайтартæ дæр, – фаззæтты хуызæн ма рауайой, уый тыххæй фæхъæуы йæ уацмысты персонажты æвзæгтæй алкæуыл дæр лæмбынæг хъуыды кæнын.

Фæлæ уый иу аивадон амал у. Зынгæ ирон фыссæг æмæ литературæиртасæг Джыккайты Шамил уымæн зæгъы: «...Метод ахъаззаг сфæлдыстадон фæрæз у, фæлæ аивады хорз æмæ æвзæр уымæй нæ рæзынц. Сæйраг рахæцæн у курдиат, сфæлдыстадон хъомыс».[1]

Уыимæ æнæмæнг зонын æмбæлы, цы дугыл фыссы, уыцы дуджы æвзаджы дзырдуатон скондæй бирæ цыдæртæ. Цас – фылдæр, уыйбæрц – хуыздæр. Уæд дзы арæхстджындæрæй пайда кæндзæн.

Æркæсæм-ма, Нигер иу æмдзæвгæйы, рагон хъæууон цард кæм æвдисы, ахæм æмдзæвгæйы цас бынатæвдисæг æмæ зæронд цардæвдисæг дзырдтæй-архаизмтæй пайда кæны:

*Дада сæнар фæкæрды.*
*Гыцци нымæт фæуæрды, –*
*Æз та сæнар фæисын*
*Æмæ гъеуый фæлухын.*
*Дада* ***мусы*** *фæкусы,*
*Гыцци цъынæр фæдуцы, –*
*Æз та* ***фыстæ*** *февзарын*
*Æмæ* ***уæрыкк*** *фæдарын.*
*Дада* ***фаджыс*** *фæласы,*
*Гыцци* ***гуымбыл*** *фæахсы, –*
*Æз та йын* ***арт фæдымын***
*Æмæ* ***сылы фæцымын.***

---

[2] Джыккайты Шамил. Лирикон поэзийы поэтикæ. Кæс чиныг: Джыккайты Шамил, Гуæздæрты Азæ, Джыккайты Зæринæ. Ирон дзырдаивад. Дзæуджыхъæу, 2005, 5-æм фарс.

*Дада* ***хуымтæ фæкæны****,*
*Гыцци* ***кæрдзын фæкæны,*** *–*
*Æз та* ***сугтæ фæсæттын***
*Кæнæ* ***сæрыл фæхæцын.***
*Дада* ***таугæ фæкæны,***
*Гыцци* ***асадгæ*** *кæны, –*
*Æз та* ***адæг*** *фæласын,*
*Кæнæ* ***цæндыл*** *фæхъазын.*
*Гыцци* ***хуымтæ*** *фæкæрды,*
*Дада х ъ и у т æ фæкæны, –*
*Æз та* ***угæстыл*** *зилын*
*'Мæ сæ дадамæ лухын.*
*Дада л а с æ н фæкæны,*
*Гыцци та н а й ф æ ц æ г ъ д ы, –*
*Æз та сын н а й ф е с к ъ æ р ы н*
*Æмæ ц ъ æ г ъ о г фæхæрын.*
*Дада* ***кæри*** *феппары,*
*Гыцци* ***хортæ*** *фæбары, –*
*Æз та* ***наййæгтæ хизын,***
*Къулы уазалæй ризын.*
*Дада а р в и с т о н цæгъды,*
*Гыцци ц æ к у ы т æ кæны, –*
*Æз та т æ с ч ъ ы т æ хæссын*
*Æмæ* ***фосмæ*** *фæзилын.*
*Дада г æ р к ъ а амайы,*
*Гыцци сывæллон найы, –*
*Æз та къуыммæ фæкæсын*
*Æмæ æ р ч ъ и фæрæхсын.*
*Дада с æ р б о с фæбийы,*
*Гыцци йын х æ з фæзилы, –*
*Æз та* ***родтæ*** *фæхизын,*
*Йе та* ***хъолотыл*** *зилын.*
*Дада* ***мæкъуыл*** *амайы,*
*Гыцци* ***тъыфыл*** *фæдæтты, –*
*Æз та* ***фосы*** *цур бадын*
*Æмæ «дæ-да-дæй» зарын.*[1]

(«Цæй, цæуыл мæ фæдомыс?»)

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 43–44-æм фæрстæ.

Ацы даргъ цæвиттон хуымæтæджы не ‘рхастон. Нигеры стиль дзы бирæ бæрцæй зыны. Уæдæ, цы цардыл фыссы, уый куыд бæлвырд зоны! Уæдæ цахæм хъуыдыйæдтæ аразы! Уæдæ, зæронд цард æвдисгæйæ, цас архаизмтæй пайда кæны!

Алкæуыл дæр сæ уыдзæнис дзырд, фæлæ цæвиттон сæйраджы архаизмты тыххæй æрхастон, æмæ-ма æркæсæм, рагон дуг равдисыны тыххæй уыцы иу скъуыддзаджы цас æмæ куыд алыхуызон сты: *сæнар, нымæт, мус, цъынæр, хъиутæ, цъæгъог, ласæн, най, арвистон, цæкуы, гæркъа, æрчъи, сæрбос, хæз...* Архаизмтæ чи систы, фæлæ ма абон дæр кæмæй пайда кæнæм, уыдоны кой нал кæнын. Нигер ирон, хохаг гæвзыкк адæмы тæригъæддаг цардыл, йæхи загъдау, «хъарæгæй» зарыд. Йæ уацмыстæ сæйраджы уыдоныл нывæста. Уыдоны цинтæ, уыдоны фыдохы маст æмæ æнæбауромгæ сагъæс, уыдоны удхайраг цард æмæ кæуинаг уавæр хаста адæмы тæрхонмæ. Уыцы царды кой кæм фæкæны, йæ уыцы уацмыстæ тынгдæр уымæн агайынц чиныгкæсæджы зæрдæ. Зæронд цардыл фысгæйæ куыд сæрибарæй хатыд йæхи, цы йæ фæндыдис зæгъын, уый куыд ныв кодта, ног царды фæткойтæ йын уый фадат нæ лæвæрдтой. В. Маяковский «социалон заказ» кæй хуыдта, уый сæрты ахизын, уæлдайдæр, ирон поэтæн, æнцон нæ уыдис. Йæ зæрдæ йæ зæронд цардмæ, æвæццæгæн, фылдæр уымæн хаста. Уыцы цард æвдисынæн та йын æнæмæнг хъуыддаг уыдысты архаизмтæ. Л.И. Тимофеевы хъуыдымæ гæсгæ: «Мы можем его понять и оценить, лишь поняв цель, которой он служит...».[1] Æмæ поэт зæронд лексикæйæ, архаизмтæй куыд арæхстджынæй пайда кодта, уый литературæиртасæгæн цымыдисаг фарст у.

Йæхæдæг афтæ дзырдта: «Æвзаг у ахæм фæрæз, хуызтæ индивидуализацигонд цæй фæрцы цæуынц. Фыссæг цы хуызтæ, цы нывтæ февдисы, йе ‘взаг дæр уыцы хуызтыл, уыцы нывтыл баст вæййы»[2]. Æмæ, уæдæ, диссаг нæу, архаизмтæ йæм афтæ бирæ кæй ис.

---

[1] Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. М., 1976, 260-æм фарс.

[2] Нигер. Т. 3, 274-æм фарс.

Ӕркæсæм дзы иу къордмæ.

1. Д з ы б ы р.

*Ифтонг **дзыбыримæ***
*Бонивайæны*
*Ралæудзыстæм иумæ*
*Фаджысджын хуымы.*

2. М а х с ы м æ.

*Бинонтæн – æнæвгъау*
*Хъарм хъæбæр кæрдзын,*
*Фаг къуымæл, **махсымæ***
*Хорз æрмтты фæрцы.*

(«Хуымгæнæг»)

3. С æ м п æ р ч ъ и, с и к ъ о.

*Радзур-ма мын, – сау тыуаллаг*
***Сæмпæрчъитимæ***
*Къасарайы куыд фæсиры*
***Сикъо** галтимæ.*

4. Х ъ у л о н б о с.

*Даргъ **хъулонбос** уый куыд бийы*
*Кард, хызын босæн.*

(«Дадамæ»)

5. Х у ы ч ъ ы т æ.

*Радзур-ма мын, – сидзæр саби,*
*Цардцух, къулæфцæг,*
*Салд **хуычъытæ** куыд фæкъахы*
*Саппыл рагуалдзæг.*

(«Дидинæг»)

6. Р æ х ы с.

*Ныххæлдтам мах фыдæлты къона,*
*Нæ **рæхыс** раппæрстам бынтон...*

(«Прометейы сынтæг»)

7. К ъ æ л æ т.

*Æз цагъайраг нæ дæн,*
*Æз нæ хæссын* ***къæлæт.***

(«Æз цагъайраг нæ дæн!»)

8. Е р æ д з ы п п.

*Æнкъардхуыз дзæбидыр мидбынат атылд:*
***Ерæдзыпп*** *бакодта хорзæй йæ кæнон.*

(«Хидыл»)

9. К ъ о н а.

*Фехæлдта, дам, нын нæ* ***къона*** *йæ бындзарæй;*
*Н' артыл нын ауагъта дон...*

10. М æ р д а д з.

*Номджынæй чи фæмард, номимæ чи амард,*
*Уыдон та рагæй нырмæ*
*Хъарджыты, мыййаг,* ***мæрдадзы*** *нæ фæмысынц,*
*Нæ, мæ мад, – байхъус мæнмæ!*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

11. У а г, ф æ л г æ т æ г.

*Разылд куырой.* ***Уаг*** *æруагътай,*
***Фæлгæтæгмæ*** *у дæ каст.*

12. Æ р м æ ф т а у.

*Куырой аривад:* ***æрмæфтау***
*Цас лæхуринаг у, цæ!*

13. С и д т в о с.

*Денджызы цæрджытæ – кæфтæ 'мæ кæсæгтæ, –*
*Сисджын дзыгъуыр кæфтæ, авджынцæст кæсæгтæ, –*
*Хъылдымтæ куы систой сурыл къæдзтæ-мæдзтæй,*
***Сидтвос*** *куы фесты нарты сывæллæттæн.*

(«Батрадз йæхи куыд байсæрын кодта»)

14. Ц ъ ы н æ р.

*Дада мусы фæкусы,*
*Гыцци **цъынæр** фæдуцы...*

15. А с а д ы н.

*Дада таугæ фæкæны,*
*Гыцци **асадгæ** кæны...*

16. Х ъ и у т æ.

*Гыцци хуымтæ фæкæрды,*
*Дада **хъиутæ** фæкæны...*

17. Л а с æ н.

*Дада **ласæн** фæкæны,*
*Гыцци та най фæцæгъды...*

18. Ц ъ æ г ъ о г.

*Æз та сын най фескъæрын*
*Æмæ **цъæгъог** фæхæрын.*

19. А р в и с т о н.

*Дада **арвистон** цæгъды,*
*Гыцци цæкуытæ кæны...*

20. Г æ р к ъ а.

*Дада **гæркъа** амайы,*
*Гыцци сывæллон найы...*

21. Х æ з.

*Дада сæрбос фæбийы,*
*Гыцци та **хæз** фæзилы...*

(«Цæй, цæуыл мæ фæдомыс?»)

22. Х æ л ы н, æ р ч ъ и.

*Нæ бæстæм, нæ бæстæм, мæ къæхтæ!–*
*Кæм кæны фыдызнаг фыдмитæ,*
*Кæм кæуынц нæ цардыл нæ хæхтæ,*
*Кæм дарынц **хæлынæй æрчъитæ.***

(«Фæлидзон – мæхицæн фæзæгъын...»)

23. Т ъ æ н д ж ы т æ.

*Баталынг, бамыр ис.*
*Нал уыныс развæндаг.*
*Уазал* ***тъæнджытæ*** *кæны.*

(«Фæндаггонмæ»)

24. Т æ с к ъ.

*Сæ цуры та бирæ чындздзон чызджытæ*
*Æккæйттæ куы кæнынц уæззау* ***тæсчъытæ.***

(«Фын»)

25. Ц ы м г æ.

*Ноджы дын гыццийæн*
*Афыцын кæндзынæн*
*Ахуыйæн кæрдзынæн –*
*Туагдоныл* ***цымгæ.***

(«Терчы цур»)

26. Ф æ с а л.

*Мах та уын* ***фæсалæй***
*Абийæм сæрбос.*

(«Хуымгæнæг»)

27. Х у ы н д æ г.

*Дур, уæдæ цы ардта*
*Хъазынæн уæд саби?!*
*(Ахæм хъазæн нал и*
***Хуындæджы*** *дæр ныр.)*

28. Х ъ а л а ц.

*Чъиритæ – тæнцъæрттæ,*
*Цыхт сæ мидæг хъазы.*
*Æфсин сыл царв уадзы*
***Хъалацы*** *дзыхæй.*

(«Терчы цур»)

Цас æмæ цас сты! Æрмæст иу æмдзæвгæ «Цæй, цæуыл мæ домыс?»-ы сæ нымæц цалмæ хæццæ кæны, æмæ поэты сфæлдыстады æмткæй цал хъуамæ уой! Иууылдæр сæ рафысс, чи сæ цы æмбарын кæны, уый хицæнæй бацамон, зæгъгæ, уæд æнæхъæн чиныджы фаг уаиккой. Куыд мын загътой, афтæмæй сыл куыстæуы. Уый арфæйаг куыст у.

Нæхæдæг дæр ма, зæгъæм, хорз зонæм ахæм дзырдтæ: «цъынæр», «асадын» (мигъ арв куыд фæасады, уый нæ), «хуы» (цæрæгой нæ), «хъиу», «цъæгъог», «арвистон», «тæскъ», «гæркъа», «хæз», «махсымæ», «хъулонбос», «ерæдзыпп», «къона», «уаг» (æгъдауыл нæ цæуы дзырд), «фæлгæтæг» æмæ бирæ, бирæ æндæртæ цы нысан кæнынц, уый? Афтæмæй нырма не 'рчъитæ нæ къæсты тыргъты ауыгъд сты. Æмæ сæ, уæдæ, кæстæртæ куыд хъуамæ зоной?

Нигеры дуджы чи рацард, Нигер фылдæр цы цардыл фыста, уый чи зоны, уыдон нырма бирæ сты, — фæрнджын уæнт, — фæлæ ма иудзæвгар рæстæг куы рацæуа, уæд зæронд дзырдтæ поэты сфæлдыстады уыдзысты, фæлæ сын сæ нысаниуæг ничиуал зондзæнис. Афтæмæй нæ поэт иу фæлтæры адæмæн куынæ у, мыййаг.

* * *

Нигер æвзагмæ куыд æвнæлдта, ирон дзырд-иу йæ комы куыд стасаг, уый бирæ фæсфæстагæттæн уыдзæнис цæвиттойнаг. Гафез æмæ дзы Джусойты Нафи æнæнхъæлæджы нæ загътой: «Нигер — большой мастер слова».[1] Йе стилæн никæй ныхасимæ ис фæхæццæгæнæн. Зæгъгæ, ирон æвзаг иууыл рæсугъддæрæй, иууыл алыварсондæрæй цы ирон фысджыты сфæлдыстады разынд, уыдон иу къухы æнгуылдзтыл нымайæм, уæд Нигер æнæмæнг уыдзæнис фыццæгтимæ. «Йе 'взаг хъæздыг у» зæгъын фаг нæу поэты уыцы стыр курдиат равдисынæн. Алы дзырд, алы дзырдбастыл, стæй хъуыдыйады равæрдыл лæмбынæг кæй куыста, йæхи джиппы йæ кæй уагъта, уый сын дæтты алæмæтон рæсугъддзинад. Адæймаджы цæстæнгас ыл фыццаг фæкастæй андæдзы, хъус æй фыццаг зæлтæй ацахсы, æмæ нæ ныл васы йæхимæ.

---

[1] Гаглоев Ф., Джусоев Н. Писатели Советской Осетии. Сталинир, 1957, 70-æм фарс.

Диссаг у, не ‘взагзонынады кусджытæ йæ зæлгай куыннæ бапирынц. Æцæг дзы уа «диссагæй» дæр ницы ис. Нигеры поэзийы æвзаг тæлфгæ-хаугæ æхсæрдзæны хуызæн у. Уым хи басхойыны хъару мæнæ нæй. Йæ рафæлгъауын, йæ сусæг æвæрæнтæм ын ныккæсын, йæ аивтæ йын фенын æнæмæнг хъуыддаг у нæ литературон æвзаджы райрæзтæн дæр, æмткæй ирон зæлланггæнаг æвзаджы рæзтæн дæр. Къостайау Нигерæн дæр йæ бон уыдис зæгъын:

*«. . . . . . . . . . . . . . . я каждое слово*
*Прежде, чем им поделиться с тобой,*
*Вымолил с болью у счастья былого*
И оросил непритворной слезой...».[1]

(«Я не поэт»)

Йæ зæрдæйы тæгтæй йæ фæндырæн уымæн арæзта тæнтæ, йæ туджы сæ уый тыххæй фыхта («О, мæ фæндыр!..»), цæмæй мæнгтæ ма цæгъдой, стæй сæ дзырд тæха тæмæнкалгæ.

Æмæ тæмæнтæ калынц.

Цæмæй тынгдæр æрттывтаиккой йæ зарджытæ, уый тыххæй-иу æй сæр куы бахъуыд, уæд йæхæдæг арæзта ног дзырдтæ. Афтæмæй хъæздыг кодта ирон литературон æвзаг, стæй ирон æвзаг дæр. Ахæм дзырдтæ, ома Нигер, ныййарæг мадау, нæ литературон æвзагмæ рæвдаугæ цы дзырдтæ æрбахаста, уыдон йæ уацмысты сты тынг бирæ.

Мæнæ дзы иудзæвгар:

1. С а х у ы с т а.

*Афтæ скуывта йæ фæдзæхст дуагмæ,*
*Кувинагæй дæр, куыд æмбæлы,* ***сахуыста.***
*Чъиритæ, авджыдзаг авæрдта хызыны,*
*Æмæ йæ гæрзтæ йæ уæлæ æрцауыгъта.*

(«Æфсати»)

Поэт дзырды райдайæн формæ «ацаходын» фæцыбыр кодта: «сахуыста», æмæ рамбылдта æртæ хуызы. Иуæй –

[1] Х е т а г у р о в  К о с т а. Собр. соч. в 3 т., Москва, 1974, 204-æм фарс.

дзырд фенцондæр дзурынæн. Иннæмæй – æмдзæвгæйы ритм æрбадт йæ гаччы. Аннæмæй – дзырд рифмæйæн бабæззыд.

2. Б а л л о н.

*«Цæрдзыстæм!..» Зон, фæцæры уаллон*
*Дæ цардæй, фаджысты йæ фаг*
*Фæабухы. Фæлæ дæ* ***баллон***
*Нæ дæн: æз хъуамæ уон æрдаг...*

(«Мулдар»)

Зонæм дзырд «бал» (къорд) – «иу балæй æрбалæбурдтой», «иу балæй фæхицæнтæ сты», «балбирæгътæ». Иу балы чи ис, уыдон та сты æмбаллонтæ, æмкъордонтæ, фæлæ йыл ахæм цыбыр хуызы фыццаг сæмбæлдыстæм Нигермæ – «баллон». Ис æм бирæон нымæцы дæр:

3. Б æ л т т æ.

*Бон йæ куысты хай фæкæндзæн.*
*Йе 'мбал – зиугусæг* ***бæлттæ.***

(«Гыцци»)

Иууылдæр зонæм, ирон æвзаджы дзырд бирæон нымæцмæ куы ахизы, уæд фæстаг уæнджы тыхджын хъæлæсон «а» та ахизы лæмæгъ хъæлæсон «æ»-мæ: «æмбал – æмбæлттæ», «хæдзар – хæдзæрттæ». «Бал» дыргъ дæр у. Йæ бирæон нымæц – «балтæ». Поэт æй цæмæй йæ уыцы омонимæй фæхицæн кодтаид, уый тыххæй йын равзæрста æндæр формæ – «бæлттæ». Афтæмæй æвзаджы грамматикон домæн дæр нæ фехæлдта. Йæхицæн ног дзырд бабæззыд рифмæйæн дæр: «бæлттæ» – «цæттæ».

4. Х ъ у а г д ж ы н.

*Мауал кæн дæхицæн*
*Хъарм хуыссæн уæд адджын,*
*Кæннæуæд* ***хъуагджын*** *–*
*Алцæмæй фæззæг.*

(«Терчы цур»)

5. Н а й й æ г т æ.

*Дада кæри феппары,*
*Гыцци хортæ фæбары;*
*Æз та* ***наййæгтæ*** *хизын,*
*Къулы уазалæй ризын.*

(«Цæй, цæуыл мæ фæдомыс?»)

6. К ъ о б о р г а л д ж ы н т æ.

*Курын мæхицæн æз иннæ хæрзтимæ*
*Иу ингæн мæгуыр* ***къоборгалджынтимæ.***

(«Ард дын хæрын...»)

Нигер, ног дзырдтæ аразгæйæ, æрмæст дзырдтæ нæ цыбыр кодта, ома æрмæст ахæм хуызы нæ арæзта ног дзырдтæ, фæлæ æмхиц уыдис дыгай дзырдтæ сæ кæрæдзимæ æфтауынмæ. Бирæ хæттыты-иу сын сæ хуызтæ ивгæ дæр нæ фæкодта. Сæ кæрæдзимæ сæ фæиу кæны дефисæй.

7. Х а у г æ-т у л г æ.

*Чидæр рахæссы æргъом:*
***Хаугæ-тулгæ****, риуæхгæдæй.*

(«Дæу цы домы!..»)

8. Г о м-æ г æ р ц ц.

***Гом-æгæрццæй*** *та*
*Къахынц бирæтæ*
*Уизза, салд хуычъы.*

(«Аскъуый, атъæпп у...»)

Ирон æвзаджы, куыд зонæм, афтæмæй ис дзырд «бæгънæг-бæгъæввад». Нысан кæны мæгуыр, гæвзыкк – бæгънæгæй, бæгъæввадæй чи цæры, ахæм мæгуыр. Уыцы дзырдарæзты бындурыл райгуырд Нигеры ног дзырд «Гомæгæрцц», æмæ уый дæр нысан кæны – мæгуыр, гæвзыкк, ома гомæй, æнæкæрц чи у, ахæм.

9. Т ъ æ п п-и в а з г æ.

*Кæнæ къулы сусæны мæйы*
*Боны бондæргъы*
*Уый куыд дуцы* ***тъæпп-ивазгæ***
*Гуымыдза сæгъы.*

(«Дадамæ»)

10. У æ р д æ х-р о н.

*Рувас уæрдæх-роны бынæй*
*Æрчъи айвазы...*

(«Хæхтæ ниуынц…»)

11. З æ р д æ-æ в æ р с и н.

*Нæ фæлæ цин дæр, æцæг цин,*
*Искæд куы февзæры фаг, –*
*Гъеуæддæр* ***зæрдæ-æвæрсин –***
*Цæстысыгæй сæрды йæ таг...*

(«Сау калмау риуыл куы ‘ртыхсы...»)

12. Ч ы з г г о н-и д æ д з.

*Хæрзбон у, о; мæ* ***чызггон-идæдз****,*
*Хуыздæрæй дыл цæуæд дæ бон...*

(«Дæ бонтæ хорз, мæ чызггон-идæдз...»)

13. Ф ы д-ц а р м х о р.

*... фæлæ мæм фездæхт:*
*«Гъæй, джауыр цъулбертæ,*
*Цъаммар, мæгуырты* ***фыд-цармхор****,*
*... Хæйрæджы æмцегтæ.*

(«Хохаг лæг сахары, кæнæ «Æз поэт дæн»)

14. Ц а р д-м æ с ы г.

*Бабайы фырт,*
*Нанайы чызг*
*Куы амайынц*
*Сæ* ***цард-мæсыг.***

(«Ноджы райгуырæн бæсты»)

15. Ц о н г-м æ ц ъ и с.

*__Цонг-мæцъисæй__ рыст, бæгънæгæй*
*Нал у, мæгуырæг, йæ бон.*

(«Дæу цы домы!»)

16. З а р æ г-х ъ а р æ г.

*Ды нæ зоныс, сæрæй,*
*__Зарæг-хъарæг__ мæнæн*
*Уæд уыдысты фæдзæхст,*
*Карз, лæмбынæг, фæлмæн.*

(«Æз цагъайраг нæ дæн!»)

17. Х у ы р-р ы г т æ.

*Æфхæрд, æгадæй уый цардимæ тохы*
*Ныpхæндæг, игæрæй __хуыр-рыгтæ__ мæрзы.*

(«Мæй арвыл куы хъазы...»)

18. А р ф-а р ф и д.

*Размæ – йæ цæстæнгас, размæ – йæ тындзыд,*
*__Арф-арфид__ фурдмæ – ныр уымæн йæ арæзт.*

(«Хидыл»)

Фæлæ поэт дыууæ, хицæн бындуртыл арæзт дзырдтæ куы баиу кæны, йæхи джиппы сæ куы ауадзы æмæ сын ног хуыз куы ратты, уæд зæрдæйыл – чиныгкæсæджы зæрдæйыл, стæй ирон дзыхæйдзурæджы зæрдæйыл фембæлынц тынгдæр.

19. З æ х д з а б ы р.

*Къухæй-къухмæ та*
*Уайы малусæг:*
*Цырд __зæхдзабыр__ æй*
*Фаг æрхæсдзæни!*

(«Аскъуый, атъæпп у...»)

Ис нæм тынг аив фразеологион дзырдбаст мæгуырдзинад равдисынæн: «Зæххæй дзабыр кæны, хурæй – хæдон». Алчидæр æй æмбары – зæхх дзабыры бæсты у ахæм адæй-

магæн, хур – хæдоны бæсты. Нигер æртæ дзырды: «зæххæй дзабыр кæны» ныллæмæрста, æмæ дзы рауадис ног дзырд – «Зæхдзабыр». У цыбыр. Дзурынæн – æнцон. Поэт йæ аразгæйæ ирон æвзаджы грамматикон æгъдæуттæ нæ фехæлдта. Уæдмæ дæр нæм æмбæлдысты æндæр ахæм хуызтæ: зæххы куыст кæнæг – «зæхкусæг», хъæды куыст кæнæг – «хъæдкусæг» æмæ афтæ дарддæр. Афтæ сты «зæхдзабыр», стæй – «хурхæдон» дæр.

Æнæбафиппайгæ нæй, поэт хур бирæ кæй уарзта. Фæцыд, æрцыд, æмæ та-иу хуры кой æнæракæнгæ нæ фæцис: «Хуры хурзæрин, мæ сæрмæ Мауал равдис ды дæ изæр!..» («Цæстытыл хуыссæг нæ хæцы...»); «Хур бæрзондæй кæсы Æмæ амонд хæссы...» («Хур бæрзондæй кæсы»); «Гъеныр, хур, дæ фæндон – дæхи бар» («Мамион Хъарадзау»); «Хур митæй нæ тæрсы, Нæ йæм хъары уазал, Хур уадæй нæ кæрзы – Нæу уымæй йæ адзал!» («Уадз хъуысæд мæ зарæг»)... Цыма А. Пушкины цинхъуыды: «Да здравствует солнце, да скроется тьма!»[1] – дарддæр кодта.

Æмæ цал æмæ цал хатты, цал æмæ цал уацмысы кæны хуры кой! Æрмæст йæ буар ын нæ тавы, фæлæ йæ зæрдæ дæр, разæнгард æй кæны цæрынмæ. Æрмæст сæ сæргæндтæ цы уацмыстæн сты хуримæ баст, уыдон дæр цас сты! Мæнæ дзы иу къорд: «Хур бæрзондæй кæсы», «Хурзæрин ракаст йæ диссаг цæстæй», «Хурмæ» («О, зæгъ-ма мын, хур»), «Хурмæ» («О, фæлæуу-ма, хур»), «Хур, о хурзæрин», «Хур – фæдисон», «Хуры тын», «Бон хурмæ нæ тæфсын уæ рисæй»...

Хур афтæ бирæ кæй уарзта, æвæццæгæн, йæ зæрдæйæн уымæн æхцон уыдис хуры номимæ баст ног дзырдтæ аразын. Æмæ сæ арæзта. Хъæздыгдæр кодта ирон æвзаг:

20. Хурхæдон.

*Никуы – **хурхæдон***
*Мигъы, къæвдайы.*
*Никуы – зæхдзабыр*
*Комы, дуры бын.*

(«Алчи ралæууыд ныр йæ куысты сæр...»)

---

[1] Пушкин А.С. Собр. соч. в 10 т. Т. 2, М., 1974, 33-æм фарс.

21. Х у р д з æ с т.

*Ныууагъта уый кæмтты, нæ хъусы сæ тох,*
*Бæрзондæй йæм* ***хурдзæст*** *йæ мидбылты худы.*

(«Уый царди уæлхохы...»)

22. Х у р æ р г о м.

***Хурæргом*** *æрбауа, хауæггаг æрбауа,*
*Уастæн, нæ сафæг, нæ рын!*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

Йæ алы хуры номимæ баст дзырд дæр æмбæлы чиныгкæсæджы зæрдæйыл. Афтæ нæм кæй фæкæсы, цыма нæм уыцы дзырд æнæмæнг хъуамæ уыдаид, Нигеры саразгæ ног дзырдтæн сæ хорздзинад уым ис.

23. М æ р д æ х с æ в æ р.

*Фæдис сараздзæн*
*Ахсæв салд мæрдтæн*
*Ныр* ***мæрдæхсæвæр****...*

(«Хур – фæдисон»)

24. Д з æ к ъ у л æ р г ъ о м.

*Хæмпæлзачъе*
*Туаллаг лæг,*
***Дзæкъулæргъом****,*
*Сæмпæрчъиджын.*

(«Мæ ном»)

25. Р а г ъ с æ р г æ р о н.

*Кæнæ къулы* ***рагъсæргæрон***
*Ривæды афон*
*Уый куыд дуцы тъæпп-ивазгæ*
*Гуымыдза сæгъы.*

(«Дадамæ», вариант)

26. К ъ у л æ ф ц æ г.

*Радзур-ма мын, – сидзæр саби,*
*Цардцух,* ***къулæфцæг****,*

*Салд хуычъытæ куыд фæкъахы*
*Саппыл рагуалдзæг.*

(«Дадамæ»)

27. Б ы н б æ г ъ æ в в а д.

*Сæ сæрмæ та фæзы æртæ лæппуйы*
*Сæ худтæй куы ахстой цъæх гæлæбуйы,*
*Нæ сыл уыд хæлæфтæ,* ***бынбæгъæввæдтæ****;*
*Сæ нарæг астæутыл – фæсалын рæттæ.*

(«Фын»)

28. Р а з т ы р г ъ.

*Ракæс, ракæс-ма,*
*Цæй, уæ* ***разтыргъæй****.*

(«Ис-ты Ф.»)

29. Т а у д з а р м.

*Цъаммар нæ кæмтты, нæ галуанты зилы,*
*Раст цыма хицау, йе барджын паддзах.*
*Сылтæн сæ* ***таудзарм*** *сæ зæвæттæй исы.*

30. З и у в æ д.

*Сыст æмæ ссарæм нæ фæтæджы* ***зиувæд****.*
*Цом та, фæцæуæм йæ цыртмæ куывды.*

(«Додой»)

31. Х ъ у л о н у а р з т.

*Мæ* ***хъулонуарзт*** *къæдзæх, нæ хуырджын*
*урс сæр,*
*Нæ бæсты уынд, фидауц, бæрзæндты кæсы.*

(«Тъепле»)

32. Р а г а у у о н.

*Донбылты, адæгты,*
***Рагауион*** *кæм кæны.*

(Фыййауы зарæг»)

33. Л æ г н ы в о н д.

***Лæгнывæндтæ*** *дæр ын, тæрхъусау,*
*Хæсдзынæн – мауал сын уæд хыгъд.*

(«Мулдар»)

34. Х ъ æ л с ы.

*Мидбылты бахуды, сысты, фæцæйцæуы,*
***Хъæлсытæм*** *акæсы айнæджы хъæлæсты:*
*Дзæбидыр сыкъатæй гуыпп кæны дуртимæ,*
*Сæгуыттæ сагтимæ ахъазынц цъæх фæзты.*

35. Х ъ æ л з æ н г.
*О, зæронд Æфсати, ракæс мæм, рафæлгæс,*
*Кувæг цуаноны рахизмæ бафæдзæхс,*
*Райсом раджы мын дæхи та фæрæдау кæн,*
***Хъæлзæнг*** *сионтæй мын иу та фæлæвар кæн.*

(«Æфсати»)

36. У т æ х с ы д т æ н.

*Хъазгæ бонты* ***утæхсыдтæн***
*Судзгæ сау рынты.*

(«О, мæ фæндыр!..»)

37. Х æ с т н а д.

*Æмæ та ногæй нæ* ***хæстнад*** *Ирыстоныл*
*Ракæсдзæн, ра, уæдæ, хур!..*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

38. Æ ф с ы м æ р м а р.

*Уадз, мæн ныр чидæриддæр хонæд:*
***«Æфсымæрмар»****, æлгъыст Мулдар».*

(«Мулдар»)

39. Æ р æ г.

*Поэзийæ дойны кæмæн у, уый мæн бафæзмæд. Фыдæнхъæл нæ фæуыдзæн. Чи зоны, мæнмæ та* ***æрæгæй***

*ардæм афтæ кæсы, æмæ лæгæн йæ дойны суадзæн æрмæст уыцы донгуырæн, уыцы суадонæй ис.*

(«Арвистон»)

40. Г о б о р.

*Гъе, цыма мæ къобор*
*Не скъæты мæ баздæхынмæ*
*Æнтыдæй* ***ныггобор.***

(«Хохаг лæг сахары, кæнæ «Æз поэт дæн»)

41. Х ъ у ы н а з æ р д æ.

*Фæлæ иу цъаммар –*
*Сау* ***хъуыназæрдæ*** *–*
*Бирæгъы лæбурд*
*Кодта алырдæм.*

(«Сырхæфсæддон дзурдзæн»)

Рагæй фæстæмæ кадылмард стæм. Кадмæ чи бæллы, уый æгад кæны. Къоста æнæнхъæлæджы нæ загъта: «Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм...».[1] Табуйаг нын чи у, йæ алы дзырд дæр нæ зæрдæты, нæ удты, нæ туджы уидаг кæмæн хъуамæ уадза, уалдзыгон бæласау, дидин кæмæн хъуамæ кала, нæ уыцы ирон æвзаг ратон-батонæн æппынфæстаг кæрон скæнын хъæуы. Афон у, аслам кадмæ, фæсарæйнаг цъæхтæй хъазгæйæ, махæн нæ уд – нæ мадæлон æвзагæй арвистон чи аразы, уыдонæн сæ ныхтæ бакъуырæм æмæ сын зæгъæм: «Ирон æвзаджы хъысмæт скъуыддзаг кæныны размæ дæ ком ранхъæвз, уымæ ныхилыны агъоммæ уал дæ къухтæ æрæхс».

Поэт раст у:

*Худинаг уæм куыд нæ кæсы*
*Æнцад бадын фыддæрадæн.*
*Иу уæ лæгау куыд нæ тæрсы*
*Фесæфынæй Иры ’взагæн.*[2]

[1] Х е т æ г к а т ы   К ъ о с т а. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1994, 48-æм фарс.

[2] Г æ д и а т ы   С е к ъ а. Равзаргæ уацмыстæ. Цхинвал, 1979, 193-æм фарс.

Ӕвзаг удӕгас буар у. Тыхмитӕй мӕлгӕ кӕны. Йӕ хъысмӕт гуымыдза зондмӕ цы ӕвзагӕн ӕрхауа, уымӕн фидӕн нӕй. Ӕвзаг, цӕугӕдонау, йӕхӕдӕг сыгъдӕг кӕны йӕхи.

Уыцы хъуыддӕгтӕ Нигер тынг хорз зыдта. Йӕ хъус дардта не 'взаджы диалекттӕм, ныхасыздӕхтытӕм. Ӕвзаджы, адӕмон ӕвзаджы къӕбицы йӕ цӕст хорзӕй цӕуыл хӕцыд, уыдон хаста литературон ӕвзагмӕ. Уадз, уӕнт синонимты, стӕй вариантты хуызы дӕр. Уыдонӕй ӕвзаг хъӕздыг кӕны. Нӕй сӕм уазал цӕстӕнгас дарӕн. Нигер сӕ уымӕн «хӕдзарон» кодта.

Зонӕм дзырдтӕ – «цӕмӕн», «цӕмӕннӕ», фӕлӕ уыдонимӕ поэт аивӕй пайда кӕны, хицӕн ныхасыздӕхтыты цы къуымон дзырдтӕ ис, уыдонӕй дӕр:

1. Ц ӕ у ы н н ӕ.

*О, зӕгъ-ма мын, хур,*
*Хъал* ***цӕуыннӕ*** *дӕ,*
*Ӕрдзӕн царды хос*
*Ды, ды куы дӕттыс?*

(«Хурмӕ»)

2. Ц е н н ӕ.

*Ӕмӕ стӕй разы*
***Ценнӕ*** *уат, нӕ зонын!*

(«Терчы цур»)

Афтӕ пайда кӕны, стӕй арӕхстджынӕй, бирӕ къуымон дзырдтӕй.

3. К ӕ н н о д.

*Ой-джиди, гыцци, дыккаг мард кӕд акӕнон,*
***Кӕннод*** *кӕд ферох уыдзӕн*
*Де 'фхӕрд, нӕ бӕсты 'фхӕрд,*
*не 'дзард фӕлтӕрты сӕфт*
*Ме 'мхуызон мӕрдты ӕхсӕн!..*

(«Мӕлӕг ӕфсӕддоны фӕдзӕхст»)

4. Ц а л ы н д ж ы.

*Хур* ***цалынджы*** *не скаст,*
*Изæрæй – цæгæтты,*
*Донбылты, адæгты,*
*Рагауон кæм кæны.*

(«Фыййауы зарæг»)

5. К æ м д æ р и д.

*Æз зонын, ирон лæг* ***кæмдæрид***
*Мæгуырæй йæ къахыл цæуы,*
*Гъе, уым, ома, цардæй фæцæрид,*
*Уый не знæгтæй никæй фæнды.*

(«Æз хъусын нæ Иры сагъæстæ»)

6. К æ д д æ р и д.

*Сæ зарæг йæ удæн* ***кæддæрид*** *æфстау*
*Хæларæй-иу кодтой куы сырдтæ, куы мæргътæ...*

(«Уый царди уæлхохы...»)

7. У и д.

*Уæд ракæнид хъарæг мæ мардыл,*
*Уæд нæ* ***уид*** *мæ ингæн дæр рох, –*
*Æз абон куы кусин йæ цардыл,*
*Йæ сæрыл куы самаин тох...*

(«Мæ хæлар, мæ бæстаг, мæ уарзон...»)

8. Х ъ у а.

*Хъуамæ бамбарон*
*Æз дæ сусæггад,*
***Хъуа*** *дын бацъирон*
*Æз дæ урс æхсыр!*

(«Хур, о хурзæрин»).

Поэт къуымон дзырдтæй зонгæ-зонын кæй пайда кæны, уый цæмæй бахахх кодтаид, уый тыххæй йын фыццаг æрхаста йе 'ххæст хуыз – «хъуамæ», стæй та, кæд поэтикон рæнхъы уæлдай дзырд фæзыны – «дын», æмæ йын уый

лæмæгъдæр кæныны хос у, уæддæр спайда кæны къуымон дзырд «хъуа»-йæ.

Тедеты Рюрик ын сæ хуыдта: «...расширение поэтического синтаксиса и лексики за счет диалектных оборотов речи».[1]

9. Ч е р д æ м.

*Сабитæ, гъе, уый уын...*
*Гъе, хуртæ, мæ хабар,*
***Чердæм** фæнды абар, –*
*Нæй зæгъæн гæды...*

10. Х ы н ц т а м.

*Бон, æхсæв нæ **хынцтам**, –*
*Гуыбын хус уæддæр.*

11. Ц о н.

*Рагæй дзы нæ уыдтæн,*
*Загътон: «Фенон – **цон!**»*

(«Терчы цур»)

Йæ прозæйæ фыст уацмыс «Нишы!» та сæйраджы фыст у къуыдайраг ныхасыздæхтыл.

Замтареттаг Кужи Садоны куыста æмæ афæдзы бæрц сæхицæй ницы хабар фехъуыста. Сæ хъæуккаг Пидойы куы ауыдта, уæд æй цингæнгæ афарста:

«–Шы хабæрттæ ис нæхирдыгæй?

– Нишы – æндæрæбон уæ гыччыл сау къæбила ныммарди.

– Æмæ йыл шы ‘ршыди?

– Нишы – уæ дынджыр сау галы уæны стæг йæ хъуыры ныссагъди.

– Æмæ нæ дынджыр гал шы кодта?

– Нишы – дæ мадæн æй хистæн аргæвстой.

– Уæ мæ хæджар куыд æрбайхæлд, гъе! – нырдиаг код-

---

[1] Т е д е т ы  Р. К. Осетинская советская поэзия. Цхинвал, 1975, 216-æм фарс.

та Кужи æмæ, цæстысыгтæ згъалгæйæ, ноджы фæрсы Пидойы: – Æмæ шæмæй æрбамард, шы кодта мæ мад?

– Нишы – уæ хæджар ныккалди, æмæ уый бын фæши».

Литературæйæ хатдзæгтæ аразгæйæ бæлвырд у Л.И. Тимофеевы хъуыды: «Весьма большое место в языке художественной литературы занимают диалектизмы. В широком смысле слова это местные слова, т.е. слова, имеющие распространение в какой-нибудь ограниченной области. Это новый источник слова для писателя».[1]

Æмæ Нигер нæ ахызт уыцы ног суадоны иувæрсты.

* * *

Æвзаг йæхи фæрцы куыд фæхъæздыгдæр вæййы, афтæ хъæздыгдæр кæны æндæр æвзæгты фæрцы. Ирон æвзаг кæд рагон æмæ рæсугъд у, уæддæр бирæ бæрцæй тыхджындæр кæны калькæты фæрцы. Ахæм дзырдтæ цъус нæй Нигермæ:

1. Чыр.

*Бирæ фæцæрат, не ‘мгусæг* ***чыртæ****, гъей!*

(«Гыцци»)

2. Хæдтæхæг.

*Уый райсы* ***хæдтæхæг****. Ыстæхы бæрзонд...*

3. Æфсæнбазыр.

***Æфсæнбазыр*** *уари Малойы хæссы,*
*Нæ тымыгъæй цуды, нæ уадæй тæрсы...*

(«Кончитæ Мало»)

Йæ уацмыстæм гæсгæ, Нигер тынг хорз зыдта, иу æвзагмæ æндæр æвзагæй дзырд ма ‘рбауадзыны тыххæй тæрхон куы чындæуа адæймагæн, уæддæр уыцы хъуыддагæн бауромæн нæй. Æмæ нæ лæууыд йæ ныхмæ. Æниу, кæй бон у йæ ныхмæ лæууын. Уый тыххæй æрбайсгæ дзырдтæй пайда кодта ныфсджынæй, сæ сæр æй кæм хъуыд, уым:

---

[1] Тимофеев Л.Н. Основы теории литературы. М., 1976, 237-æм фарс.

1. Ш а х т е р.

*Йæ фыдмæ фæуади, – йæ фыд уыд* ***шахтер.***

2. А э р о д р о м.

*Мадридмæ фæзынди, уым –* ***аэродром.***

3. П а р а ш ю т.

*Йæ* ***парашют*** *уайтагъд фæрæвдз кодта чызг, –*
*Лæбуры йæм дымгæ, кæны, кæс, æлхыскъ*
*Йæ фæрстæ Малойæн, фæхæссы йæ дард*
*Ызнаджырдæм, – уæвгæ, цæй бийæг дæ, цард!*

4. Т о р н а д о.

*Дымай, йе нæ дымай,* ***Торнадо*** *хъыхъхъаг, –*
*Нæ уыдис, нæ уыдзæн фæстæмæ фæндаг*
*Сæ уылæнтæн дæттæн: у фурдмæ сæ цыд,*
*Æнæкæрон фурдмæ – сæ арæзт, сæ цыд!*

(«Кончитæ Мало»)

5. С а п о н.

*Къухтæ аирд кодта* ***сапон****,*
*Нæу йæ хæринаг йæ мæт.*

6. К о л х о з.

*Фæлæ ис кæсæг дæ чызгмæ, –*
*Хъус – йæ ном хуыйны* ***колхоз****.*

7. Б о м б æ, м и н æ, т а н к.

***Бомбæ****,* ***минæ****, кард,*
***Танк****, джебогъ, нæмыг –*
*Алцыдæр йæ куыст*
*Кодта уыцы ран.*

(«Сырхæфсæддон дзурдзæн»)

8. С т а н.

*Нæ, гыццийы чызгæн абон*
*У æндæр йæ цины ран,*
*Зоны, зоны йын йæ афон,*
*Хоныц ын йæ ном та* ***стан.***

(«Гыцци»)

Нигер дзырдтæ куыд æвзæрста, куыд сыл куыста, ног дзырдтæ куыд арæзта, калькæтæ æмæ æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæй куыд пайда кодта, уый у, «адджын зарджытæ» («О, мæ фæндыр!..») æмæ «хъарæгæй зарджытæ» («Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст») кæй фæрцы нывæста, уыцы бирæ дæсгай аивадон амæлттæй æрмæстдæр иу.

* * *

Æвзаджы хъæздыгдзинæдтæй, стæй хъуыды куыд арфдæрæй равдисыны мадзæлттæй иу у афоризм. У нывæфтыд литературæйы аивадон амал дæр.

Афоризмæй дзырд аппарæн, стæй йæм дзырд бафтауæн хъуамæ ма уа. Дзырдтæн – уынгæг, хъуыдытæн – уæрæх, – ахæм хъуыдыйæдтæ адæймаджы æлвасынц сæхимæ. Æрмæст ныхас рæсугъд кæныны тыххæй, мыййаг, нæ вæййынц, фæлæ адæймаджы æфтауынц хъуыды кæнынмæ. Бирæтæн вæййынц ныфсы хос, фæндагамонæг.

Уымæ гæсгæ фыссæг, йæ курдиат æй куыд хуыздæр фæамоны, афтæ афоризмтæй арæхдæр фæпайда кæны. Афоризмон хъуыдытæ сæры магъзы фæрсудзгæ сты. Уый та алкæй бон нæу. Курдиатджынты бон у.

Къостамæ æнæхъæн æмдзæвгæ дæр ис афоризмтæй фыст: «Кæмæн цы...». Тынг бирæ æмæ тынг хорз афоризмтæ ис Гæдиаты Секъа, Брытъиаты Елбыздыхъо, Коцойты Арсен æмæ нæ иннæ классиктæм. Уыдонимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Нигермæ дæр:

*1. Хæстонæн зарæг – уартæмдых.*

(«Терк»)

*2. Цыбыр у цард – ыскаст æмæ ныккаст.*

(«Ызнон цыма уыд уый...»)

*3. У хæст нæ цард!*

(«Мулдар»)

*4. Зæххæй-иу царди,*
*Зæххæй, хуымгæнæг.*

*5. Æрцыди уалдзæг –*
*Куынæ байтауай, –*
*Гæдыйы уаст дыл*
*Кæндзысты а-змæг*
*Дæ цæуæт къуымтæй.*

(«Бадилон симд»)

*6. Фарон хъусæй хорз нæ хъусы.*

*7. ... зæрдæйæн ысбæттæн*
*Нæй – цыфæнды йын фæкæнай.*

(«Сатай-хан»)

*8. ... бæхы йæ къахæй*
*Нæ фæахстæуы,*
*фæлæ йæ барцæй.*

(«Æмзораты чысыл Æмзор æмæ
Дзлаты саурæсугъд»)

Нигерæн йæ поэзийау йæ уацты дæр ис тынг бирæ, уымæй дæр – тынг арфхъуыдыджын афоризмтæ:

*9. Аив литературæйы хъуамæ алцы дæр уа аивтыл арæзт.*

*10. Æнæ галæй кæвдæстæ бийын иттæг пайдайы куыст нæу.*

*11. Дугъæн дугъонбæх ыссарынц раздæр, тохæн – фæринк кард, арт ысцырын кæнынæн та – зынг.*

*12. Дугъон бæх хурыскæсæнырдæм дæр уайы æмæ хурныгуылæнырдæм дæр.*

*13. Фæринк кард æхсæв дæр лыг кæны æмæ бон дæр, рахизмæ дæр дзæнгæл кæны æмæ галиумæ дæр.*

*14. Зæрдæйы зынг хи дæр тавы, æддагоны дæр судзы, фæнык кæны.*

*15. Хæрисын кард лымæны дæр нæ фервæзын кæндзæни, фыдгулы дæр н'амардзæни.*

Ацы афоризмтæ иууылдæр сты иу ранæй ист – «Цы у, цавæр у аив литературæ æмæ хæрз цыбыр ныхас нæ критиктæм»-æй. Уымæй дæр 10-æй 14-æммæ иууылдæр æвæрд сты кæрæдзийы фæдыл. Афтæмæй сæ кæрæдзи хъыгдаргæ нæ, фæлæ æххæст кæнынц. Æмæ йæм цас ис ноджы ахæм афоризмтæ!

*16. Канд хъустæ 'мæ цæстытæй нæ, фæлæ ма хъуамæ зæрдæйы тугдадзинтæй дæр хъуса 'мæ уына поэт.*

(«Æдзард зынгхуыст»)

*17. ... театр æвзагаразæн бынат у...*

*18. Æвзаг æрмæст æвзаджы тыххæй никуы уыди.*

(«Брытъиаты Елбыздыхъойы драматургийы æвзаджы тыххæй»)

*19. Бирæ лæвæрд кæмæн вæййы, уымæй фылдæр фæагурынц.*

(«Дзесты Куыдзæг – «Хæхтыл»)

*20. Дзырд у аразыны фæрæз.*

(«Дзырды дæсны»)

*21. Адæмæн сæ аргъæуттæ, сæ таурæгътæ, сæ кадджытæ сты сæ хорз чиныг.*

*22. ... адæймаг цагъайрагæн нæ равзæрди.*

(«Фыдыбæстæ уарзын...»)

*23. Фæстауæрц чъындыйы нысан нæу.*

(«Ирон поэзи хæсты бонты»)

*24. Цард аивадæй хистæр у.*

(«Н. Г. Чернышевский»)

*25. Хи æмбарынад цы адæммæ нæ уа, уыцы адæмæн сæ фидæны бон нывыл уыдзæн, зæгъгæ, уый зæгъæн нæй.*

(«Иры дзыллæйы кад æмæ цæсгом»)

*26. Артист у драматурджы фæлурс ауuон.*

*27. Тых æмæ хъару тулдз бæласæн йæхимидæг сты.*

(«Арвистон»)

Афоризмтæ ныртæккæ бирæтæ сæрмагондæй фæфыссынц, фæлæ сæ адæймаг цæуыл ныхъхъуыды кæна, цы сæ райса, уый цырагъы рухсæй дæр не ссардзынæ. Нигеры къухы афтæ аивæй, Хуыцауы комытæф æм кæй хæццæ кодта, уымæн æфтыдысты.

Бестауты Гиуæрги сæрыстырæй загъта: «Чи 'руыгъта нæртон уадындзы схъистæ? — Зоныс, уый дæ фыдæл уыд — Къоста». («*Ныстуан мæ фæдонмæ*»).[1] Чи ма сæ баззад, уыдон та Нигер уыгъта.

* * *

Фыссæгæн æнæмæнг хъуыддаг у йæ хъус ныхасы рæсугъддзинадмæ дарын, ууыл æппынæдзух кусын. Уымæн æмæ йæ хæцæнгарз у дзырд. Куыд аивдæр, куыд хуыздæр æй зæгъа, афтæ арфдæр ныххиздзæнис чиныгкæсæджы зæрдæмæ.

Нигерæн уыцы хъуыды йæ сæрæй кæй нæ хицæн кодта, ууыл дзурæг сты йæ уацмыстæ сæхæдæг.

Уацмыстæ кæсгæйæ чиныгкæсæг æнæрахатгæ нæ фæуыдзæнис, æвзаг аив, нывæфтыддæр, ахадгæдæр кæй фæрцы у, адæймаджы хъусдард йæхимæ тынгдæр кæй фæрцы здахы, уыцы адæмон амæлттæ дзы бир-бирæ кæй ис.

Поэтмæ тынг арæх æмбæлæм æмбисæндтæ, æлгъыстытæ, арфæтæ, рæвдауæн дзырдтæ, сомытæ, фидистæ, æртхъирæнтыл. Уыдон ын йæ хæдхуыз, зæлланггæнаг хъæлæс кæнынц ноджы зæллангдæр æмæ зæрдæмæдзæугæдæр.

Иу къордмæ дзы куы 'ркæсæм, уæд бауæнддзыстæм уыцы хъуыддагыл.

I. Æ м б и с æ н д т æ. Ацы аивадон амал незамантæй фæстæмæ у адæмы 'хсæн зындгонд. Дæрдтыл дзургæйæ

---

[1] Б е с т а у т ы  Г и у æ р г и. Уацмыстæ 3 т. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 2003, 250-æм фарс.

адæймаджы бон зынтæй цы хъуыды бавæййы зæгъын, уый ирдæй разыны æлвæст, дурæй лæмæрст дзырдты.

Ирон дзыхы дзырдмæ дæ хъус лæмбынæг куы дарай, уæд, уæлдæр цы æвзаджы амæлтты кой скодтам, уыдоныл ма æмбæлай алы къахдзæфæн, уый гæнæн нæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, æмбисæндтыл дæр.

Æмбисæндтæй М. Шолохов афтæ: «Как на крыльях, они перелетают из века в век, от одного поколения к другому, и не видна та безграничная даль, куда устремляет свой полет эта крылатая мудрость...».[1]

Нигер сæм йæ хъус тынг лæмбынæгæй дардта. Æмæ сæ пайда кодта тынг арæхстгай, цæмæй сæ нысаниуæг ма фесæфтаид. Æрттигъ фатау, æхситгæнгæ, уымæн фæтæхынц нысанмæ:

*1. Зæдтæн табу хæс у.*

(«Фыццаг хуымы бон»)

*2. Тарст амалджын у.*

(«Сырхæфсæддон дзурдзæн»)

*3. Худинаджы бæсты мæлæт – хуыздæр.*

(«Германы хæсты зарæг»)

*4. ... асастæн, амардæн*
*Нал кæны хосгæнæг хос.*

*5. Сау дуг, фыд лæг, зæгъы, бирæ нæ фæхæссынц...*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

*6. ... куыст царддæн у фæрæз.*

*7. Æвдудон у, бæлвырд, мæгуыр.*

(«Мулдар»)

---

[1] Шолохов М. Сокровища народной мудрости. Кæс: Пословицы русского народа в 2-х т. Т. 1, М., 1984, 3-æм фарс.

*8. Рад ис алцæмæн дæр, рад.*

(«Гыцци»)

*9. Кæнæ æфсарм хъæуы, кæнæ – тас.*

(«Мæгуыр лæг æмæ æлдары фырттæ»)

Нигер æмбисæндтæй тынг арæх пайда кодта. Фæлæ æрмæст адæмон æмбисæндтæй нæ. Кæнæ-иу адæмон æмбисæндтæ æрмæст йæхи джиппы нæ ауагъта. Йæхæдæг дæр мысыд бирæ аив, æлвæст æмбисæндтæ. Дзырдтæн къуындæг кæм уыдис, хъуыдытæн – уæрæх, ахæм æмбисæндтæ:

*10. Нæ бæсты гакк –*
*Мæгуырдзинад.*

(«Мæ ном»)

*11. Нæ уалдзæг – мæгуыры рæвдауæг!..*

(«Уалдзæг»)

*12. Алцы æлдар у йæ цæрæн бæсты.*

(«Тæхуды»)

*13. Йе 'хсæвы фынтæ:*
*Галы тæбынгтæ*
*Сау къæбæлтимæ.*

*14. Йæ хуыздæр сæнттæ –*
*Йе 'рчъи рæхсæнтæ*
*Бур фæсалимæ.*

(«Зымæг нæ хохы»)

Бирæ, тынг бирæ сты нæ поэты сфæлдыстады æмбисæндтæ: адæмон сфæлдыстадæй кæй иста, уыдон дæр; адæмон сфæлдыстадæй-иу кæй систа æмæ-иу йæхи джиппы кæй ауагъта, уыдон дæр; йæхи зондæй-иу чи ратагъдысты, уыдон дæр.

Йæ иу æмбисонд: «У фадат – аразæг» лæууы иууыл популярондæр æмбисæндты æмрæнхъ.

Уый у поэты æнтыстыл дзурæг.

II. Æ л г ъ ы с т ы т æ. Ирон æвзаджы тынг бирæ ис æлгъыстытæ. Суанг, дыууæ, æртæ кæнæ фылдæруæладзыгон æлгъыстытæ дæр.

Æлгъыст, низ æмæ фыдбылызæй хорз нæй. Фæлæ уыдоныл нæ дзурдзынæн. Æз, мад, фыд, хæстæг-хиуæтты æнæфсарм дзыхæй куы фелгъитынц, уыцы æлгъыстыты кой нæ кæнын. Æниу, æнæ аххосæй хур дæр нæ кæсы. Йæ мардæрцыд уый у, ирон æвзаджы тынг бирæ æмæ алыхуызон æлгъыстытæ кæй ис, уый æнæбындур кæй нæу.

Нигерæн, куырыхон адæймаг æмæ куырыхон поэтæн, уыцы хъуыддаг зындгонд уыд. Æмæ сæ... «пайда кодта» зæгъын, æвæццæгæн, фаг нæу. Тынг арæх æмæ сæ тынг арæхстджынæй хаста йæ уацмыстæм. Адæймаджы зæрдæ сæ баризы.

Æлгъыст æппæрццаг æнкъарæнтæ гуырын кæны. Фæлæ Нигеры поэзийы цы алыхуызон æмæ судзгæ-уыраугæ æлгъыстытæ ис, уыдон æй цыма чиныгкæсæджы зæрдæмæ, адæммæ хæстæгдæр кæнынц, афтæ мæм кæсы.

Се 'ппæтмæ æркæсынæн бирæ бынат хъæуы, фæлæ дзы цæвиттонæн æркæсæм иу къордмæ:

*1. Махау се знæгтæн,*
*Афтæ æнæбары,*
*Тугисæг фæуой,*
*Нæ цард нын чи халы.*

(«Хæсты быдыры»)

*2. Куы бамбæхсай барæй,*
*Æлгъыстаг – дæ ном!*

(«Размæ»)

Зæрдыл лæууын кæны Къостайы зындгонд æмдзæвгæ «Катай»-ы рæнхъытæ: «Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы, – куы бамбæхсай барæй, Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..».[1] Фæлæ йæ Нигер ауагъта йæхи джиппы.

*3. Арвы цæфæй цавддур а-у*
*Хуры рухсмæ, раст!*

(«Аргъау»)

[1] Х е т æ г к а т ы  К ъ о с т а. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2002, 50-æм фарс.

*4. Махау, й' ахсджиæгты*
*Саумæр бамбæрзæд,*
*Махау баниуæд,*
*Махау бахъæрзæд, –*
*Арф мæ зæрдæйы*
*Чи мын атъыста*
*Ныр йæ хъæстæ фат,*
*Чи мæ ралгъыста...*

(«Б-мæ»)

*5. Тæхуды, ныййарæг, куы фенис мæ мард!*

(«Мæй арвыл куы хъазы…»)

*6. Аскъуый, басау у*
*Мах тæригъæдæй.*

(«Хурмæ»)

*7. Хурæргом æрбауа, хауæггаг æрбауа,*
*Уастæн, нæ сафæг, нæ рын!*

*8. Уе знаг æрбауа сæргой!..*

*9. Хауæггаг æрбауа, удæнцой ма фена,*
*Уастæн, нæ сафæг, нæ рын, –*
*Ацы рухс дунейыл мах чи нæ бауагъта*
*Адджын бинонтæй цæрын!..*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

*10. Ныммæл, ныссæф, джауыр тыхтона.*

(«Прометейы сынтæг»)

*11. Аскъуый, атъæпп у,*
*Тагъд, мæ сау зæрдæ,*
*Кæд æппынæдзух*
*Риу цы рæхойыс!..*

(«Аскъуый, атъæпп у…»)

*12. Уадз, рисса ызнагæн*
*Йæ зæрдæ мæ цинæй.*

(«Уадз, хъуысæд мæ зарæг»)

*13. Æнæнцой уæд, лæгæй фыццагдæр*
*Йæ бартæ чи радта лæгмæ!..*

*14. Дæ тæригъæдхæссæг – дæ уд.*

(«Мулдар»)

*15. Мæ куыдз – йæ нывонд...*
*16. Ныр хуысс уым комы,*
*Ныххау дæлæмæ!..*

(«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»)

*17. Дон ын доны ад*
*Мауал ракæнæд,*
*Хор та хоры ад,*
*Кæй фæзагъдæуы!..*

(«Сырхæфсæддон дзурдзæн»)

*18. Хурмæ баззайæд*
*Къуылых, саугуырмæй,*
*Махыл ацы бон*
*Ныр кæй тыххæй ис!..*
*19. Уастæн, бахæра,*
*Ба, рæхджы бонты,*
*О, йæ хъæбултæн*
*Уый сæ сау фыдтæ!*

(«Багъæц, ба!»)

*20. Уæ, аскъуыйа, уастæн, мæ зæрдæ,*
*Уæ, атъæпп уа, уастæн, мæ сæр...*

*21. О, ме стъалы арвæй æрхауа,*
*Мæ кæрдæджы хал та зæххыл*
*Æмбойны мæрдон хус æрбауа,*
*Мæрдон хус, мæрдон хус зæххыл.*

(«Бон хурмæ нæ тæфсын уæ рисæй...»)

Дзырд дæр ыл нæй, Нигер уыдон иууылдæр адæмæй иста, фæлæ-иу сæ афтæ равæрдта, ахæм хуызы-иу сæ загъта, æмæ кæм хъæуы, уым зæрдæ фæлмæндæр кæнынц; куы бахъæуы, уæд та йæ нырризын кæнынц уидагмæ: «Мæ кæр-

дæджы хал та зæххыл Æмбойны мæрдон хус æрбауа, Мæрдон хус, мæрдон хус зæххыл»... Фæлхат кæныны фæрцы адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма, æмдзæвгæйы лирикон хъайтары кæрдæг зæххыл мæрдон хус куыд кæны, уый уыны йæхи цæстæй.

III. А р ф æ т æ. Афтæ бирæ йæм сты арфæтæ дæр. Поэт, сæрзæдтæгæнæгау, арфæтæгæнгæйæ, цыма йæ сыгъдæг зæрдæйы дуæрттæ байтындзы. Кæд йæхи царды цины хабæрттæ бирæ нæ уыд, — йæ амæлæты фæстæ дæр ыл иуæй-иу критиктæ, род йæхи къæдзæхыл куы хафа, уыйау сæ рыг калынц, — уæддæр ын йæ арфæты фенæм фæлмæн, аудаг, æнкъараг зæрдæ. Фæсыгъдæг нын кæнынц нæ уд. Уый та у æцæг поэзийы сæйрагдæр хæстæй иу — уд сыгъдæг кæнын.

Кæй зæрдæ нæ бахъæлдзæг уыдзæнис, чи не сбазырджын уыдзæн ахæм арфæтæм:

*1. Хæлар дын æрбауæд —*
*Уымæлбынты кæрдæг.*

*2. Дæ сæрмæ уал уæд сагъд*
*Фæлвæрайы лæдзæг.*

*3. Фæлмæн дæм ракæсæд*
*Бæрзæндты хъазæг хур.*

(«Фыййау»)

*4. Цард æхсиды, куыд дон аджы.*
*Антысæд дын дзы дæ бæрц!*

(«Азæмæ»)

*5. Хæрзфынтæ фенæд, бон-изæрмæ*
*Хæрзномджын тохы чиу фæллад.*
*Йе чи нæ бахаста йæ сæрмæ*
*Æлдары ехс, æлдары над.*
*Рæсугъд сæм ракæсæд уæлвонгæй*
*Нæ хурзæрин, нæ хуры цæст,*
*Цæмæй сæ фæринк кард сæ цонгæй*
*Йæ кæнон бакæна æххæст.*

(«Мулдар»)

*6. Цæр! Хъæлдзæг, æвзыгъдæй бакус!*

(«Гыцци»)

*7. Се 'рцыдмæ фæцæрут,*
*се 'рцыдмæ, мæ хуртæ,*
*Ацы рухс дунейыл*
*хорз æмæ дзæбæхæй.*
*Уæ сæрæй æрду дæр*
*макуы æрхауæд.*
*Уæ къахы ных дæр*
*макуы ысриссæд!...*

(«Æмзораты чысыл Æмзор æмæ
Дзлаты саурæсугъд»)

IV. Р æ в д а у æ н д з ы р д т æ. Нигеры поэзийы арфæтау арæх сты рæвдауæн дзырдтæ. Æмæ сæм ныффæлмæнтæ вæййы адæймаджы зæрдæ. «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»-ы зымæджы хъæбысы хъæддзау лæг цы састбазыр зæрватыччы ссардта, кæй сдзæбæх кодта, зымæг-зымæджыдæргъы йемæ чи цард, уый йæм хъармбæстæй фæстæмæ куы 'ртахт, лæг æй куы базыдта, йæ ахстоны цурмæ куы фæуади «Æмæ «дзиба, дзиба!» – зæгъгæ», худæндзастæй маргъмæ куы дзуры, уæд уыцы иунæг дзырды цас уарзт, цас рæвдыд, цас аудындзинад бацис йæ бон бавæрын!.

Поэзи уыдæттæй фембулы. Цы хуызы, уый тынг хорз зыдта нæ куырыхон поэт. Æмæ сæ хъæздыг кодта йæ уацмыстæ:

*1. Уацилла, уæддæр та*
*Де 'рдæм азылдтам*
*Не 'ргом. Хохы д' арфæ*
*Хорзæн базыдтам.*

(«Фыццаг хуымы бон»)

*2. «О, уарзон цуанон, – зæронд æм радзырдта, –*
*Де схæццæ базыдтой абон мæ сырдтæ та».*

*3. Фæлæ дæуимæ нæ халын мæ дзырдтытæ.*
*Дзырд ис цуанонæй: чъиритæ, авджы дзаг,*

*Хъуамæ, стæй, алы хатт ратта æмбæлæггаг,*
*Зонæд æй – уæд уый æмбæлд у мæ хорзæхыл.*
*Ды дæ хæс фидаг дæ...*

(«Æфсати»)

4. *Цы кæрдæг бакайай,*
*Уый уыдзæн дын хæлар.*

(«Фыййау»)

5. *О, æгас нæм цæуай, Май!–*
*Бæстæ дæ куы сфидыдта.*

(«О, æгас нæм цæуай, Май!)

6. *Хур дæ тавы хорз йæ рухсæй:*
*Раст йæ тынтæй дын хæдон*
*Хурзæрины чызг фырбуцæй,*
*Рæвдзæй ахуыдта ызнон.*
7. *Хъаз уал, хъаз дæ авдæнимæ,*
*Цинæй буц дзидзи уал дæй...*

(«Азæмæ»)

V. С о м ы т æ, ф и д и с т æ, æ р т х ъ и р æ н т æ – стыр, даргъ цардвæндаг кæмæн ис, æцæгæлон адæмты 'хсæнты фыдæвзарæнты сæрты чи рахызт, уыцы æвзæгты иууылдæр бирæ сты. Сæ цардвæндаг – сæ историйыл дзурæг сты уыдон. Нæ адæмы ивгъуыдæй, ирон адæмы, æз ма зæгъин, ныры дугæй дæр уыдон бирæ цыдæртæ æргом кæнынц. Нигерæн йæхи загъдау, уымæн «арæхстджынæй дзы хъацы» йæ уацмыстæ.

Сомытæй уал æрхæссæм цæвиттонтæ:

1. *Æз цагъайраг нæ дæн.*
*Æз нæ хæссын къæлæт.*
***Фæлтау дардыл мæ туг,***
***Донау, уайæд, кæлæд!***

(«Æз цагъайраг нæ дæн!»)

2. ***Кæнæ дæхи дæ кардыл амар,***
***Кæннод та басæтт** – нæй фæрæз!*

*3. Æгъгъæд, æгъгъæд! Нæ цард ыссымæр*
*Ехсы цæфтæй.* ***Фæлтау мæлæт****!*

(«Мулдар»)

*4. Нæ,* ***мæ мард фенай****, Софи, кой дæр ма скæн уый – нæ мæ ’вдæлы!*

***5. Мæ мард фенæд, дæуырдыгæй ай йæ сывæллæттæн чи нæ ахæсса!***

(«Мæгуыр лæг æмæ æлдары фырттæ»)

Æмдзæвгæ «Сомы»-йæн та йæ ном йæ уæлæ ис. Фæстаг дыууæ рæнхъæй фæстæмæ у æмдзæвгæ-сомы:

***Уæд мын абонæй фæстæдæр***
***Мауал раттæд цард***
***Хохы дзуар*** *(æз нырмæ дæр*
*Нæ уыдтæн мæнгард),*
***Кæд нæ бæстæй, кæд нæ хæхтæй,***
***Сæмпъæрчъиджынтæй,***
***Йе мæ хъалæй, йе мæ мæстæй,***
***Йе та бонджынæй,***
***Искуы æз мæхи куы ласон***
***Дардмæ, тавынмæ,***
***Канддæр, искуы куы бауарзон***
***Ингæны былмæ***
***Искæй бæстæ, кæнæ амонд***
***Ацы тыхст фыд аз...***

VI. Ф и д и с т æ й дæр афтæ арæхстджынæй пайда кæны. «Афтæ арæхстджынæй», ома стыр æмæ куырыхон поэтæн куыд æмбæлы, уыцы æрмдзæф уынæм Нигеры алы къахдзæфы. Суанг фидистæ фысгæйæ дæр:

*1. Фæлæ гуыбындзæл дæ ды, ис дæ роны та дур,*
*Æмæ фынгыл къæбæр, зæгъгæ, нал ис –*
*Уæд æй уайтагъддæр ды, зонын, схонис фыдгул*
*Æмæ йæ талынджы искуы ныммарис.*

*Стæй та ‘ндæрæн уæд ды йæ фæдыл бырис,*
*Гæды, рувасхуызæй та йæм дзурис:*

*«Уый æз афтæ... Куыддæр... вæййы...*
*ма кæ мыл дис...*
*Ныр дæ уындæй мæ зæрдæ ысбуц ис!»*

*Æз мæ фыны дæр дæу, уастæн, бирæ цæрай,*
*Дæу, дæу уыдтон, æвдисæн – нæ хæхтæ!*
*Зонын, арæх вæййы царды, арæх, ай-гъай –*
*Раджы Байрон йæ куыдзæй цы загъта.*

2. *Ма кæс зулмæ дæр, ма, ды уæхсчы сæрты, цæй!*
*Æз дæ баскъæрин цъысымы, лагъзы,*
*Фæлæ афтæ мæ конд, зон, нæ фæци æрдзæй –*
*Цæргæс тыгъды бындзытæ нæ ахсы!*

(«Æз нæ хастон къæлæт...»)

3. *Æмбыддæндаг, æмбыдфæдджи,*
*Тъæпкъах æмæ ыскъуыдчъил,*
*Омдзæджы хос – цæсты сындз,*
*Уæлдайдæр та йæ бурхил...*

(«Симыны зард»)

4. *Гæвзыкк, мæгуырæй*
*Фæцард йæ куырм фыд.*
*Йæ мад сылыгур*
*Цыди мæ мадмæ.*
*Фыдæй-фыртмæ дæр*
*Сæнычы хъусæй*
*Туг никуы суагътой.*
*Æртæ сæбæччы*
*Зæд, дуаджы номыл*
*Сæ къæй нæ федта...*

(«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»)

5. *Дун-дунейы фарн*
*Дæуыл рахатти,*
*Æмæ разынди,*
*Кæс, дæ сау ингæн!...*

(«Багъæц, ба!»)

VII. Æ р т х ъ и р æ н т æ бирæ ис Нигермæ. Адæймагæн хъуыддæгтæ фæивын йæ бон куынæ вæййы, фæлæ йын цыдæр ныфс куы фæтавы йæ уд, уæд æртхъирæнгæнаг у. Нигер хорз зыдта, фыдлæг æмæ фыддуг бирæ нæ хæссынц. Йæ лирикон хъайтары хурæн æнæразилгæ нæ уыд. Разилын-иу ын кæй нал æнтыст, хъайтар-иу æртхъирæнтæм уымæн ахызт. Се 'ппæт нæ нымайдзыстæм – æгæр бирæ сты. Хицæн æмæ дзы хицæн хуызты иу-цалдæрмæ куы 'ркæсæм, уæд уымæй дæр бæрæг уыдзæнис, ацы аивадон амал куыд тасаг æмæ коммæгæс уыд нæ поэтмæ:

*1. Додой, сар мын йæ уд,*
*Мæнмæ исчи, мыййаг,*
*Йе куы 'вдиса къæлæт,*
*Йе мæ хона уæййаг!..*

(«Æз цагъайраг нæ дæн!»)

*2. Кæлы рæзгæ туг*
*Донау алы ран...*
*Нæ, нæ! Хурзæрин*
*Уый нæ ныббардзæн!*

*3. Багъæц, ба, мæнгард,*
*Багъæц, ба, куыйдзых!*
*Зон, дæ мæлæн бон*
*Дард кæй нæуал у!..*

(«Багъæц, ба!»)

*4. Додой йæ къона – рæхджы бон сæргой кæндзæн,*
*Бауæнд мыл, бауæнд, фыдгул!*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

*5. Ныххæрдзæн рувас*
*Дæ хъуст æ ахсæв,*
*Дæ цæст дын сау сынт*
*Ыскъахдзæн райсом...*

(«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»)

Афтæ арæх æм сты у а й д з æ ф т æ: «Де 'гæр калай, о, фæсивæд, Уый куыннæ фæзмыс!» («Дзылы»), «Фæзынма, цы хуыссыс, Æлгъыстдзыд хæххон!» («Размæ!»); си-

дæнтæ: «Кæм ыстут, лæппутæ!» («Размæ!»), «Æтт, лæппутæ! Уæ хаст бæхты хорæй афсадут», «Нæ фехъуыстон мачи зæгъæд, мачи, хорз адæм!» («Сидт») æмæ ирон æвзаджы бирæ аив фæзилæнтæ.

* * *

Поэт йæ хъус æппынæдзух адæмон æвзагмæ кæй дардта, йæ аивтæ йын кæй хаста йе сфæлдыстадмæ, уый бирæ цæмæйдæрты бæрæг у – ирдæй зыны йæ поэтикæйы. Нигеры уацмысты æвзаг афтæ ирд у, æмæ тыбар-тыбур кæны. Уыцы хъуыддаджы йын тынг æххуыс кæнынц идиомæтæ, фразеологизмтæ. Бæрц дзырдтæ сæ кæрæдзиимæ афтæ баст вæййынц, æмæ февдисынц æгæрон стыр хъуыды, ныххæссынц уды æрфытæм, баризы сæм зæрдæ, цæсты никъуылдмæ нæ разы февзæры диссаджы хуыз.

Уыдон æвзарын, кæм æмбæлы, ахæм бынæтты сæ æвæрынæн бирæ зонын æмбæлы. Нигер зыдта афтæ бирæ, йæ къухы уымæн æнцонæй æфтыдысты, дæсныйæ сæ уымæн пайда кодта:

*1.* ***Ох-хай, цы ма кæнон, цы!..***

*2.* ***Дæ-дæ-дæй, цæстытыл сау тар куы***
***бафта, куы,***
***Гъеуæд цы кæндзынæн, цы!..***

*3.* ***Гъæй-йæй, цы кæндзынæн уæд!***

*4.* ***Судзгæ-уыраугæ бон диссаг у, мæ хуртæ,***
***Дойны басæттынæн уый!***

(«Уадултыл халас æвæрын куы байдыдта...»)

*5.* ***О, гыцци, о, гыцци, ‘нæ цæстыл хæцæгæй***
*Мæнæ* ***æдзардæй мæлын...***

*6.* ***Н’ артыл нын ауагъта дон...***

*7.* ***О, мæ ныййарæг, дæ фарн мæм,*** *цæй,*
***ма хъусæд...***

*8. Уый дæр ма гъа, фæлæ, о,* ***мæ зынг бахуысса...***

*9.* ***Иуырдæм акарстон, иннæрдæм афсæрстон...***

*10. Фæлæ йæ ‘ндæр æфсургъ рахаста тарф хæстæй –*
***Мæлæты саубазыр бæх...***

*11.* ***Игæры фæрчытæ зæхмæ æркалдысты...***

*12.* ***Хъуытазхъæлæс æмæ мырмырагдзых***
***чызджытæ...***

*13. Мæнæ уын* ***быдырты фæндырæй цæгъдинаг...***

*14. Уе* ***знаг æрбауа сæргой.***

*15. Мæнæ уын* ***хохы та уадындзæй уасинаг...***

*16.* ***Додой йæ къона*** *– рæхджы бон сæргой кæндзæн...*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

*17.* ***Хæднæргæ топп, хæдкæрдгæ кард,***
*уыдонæй – æххæст.*

*18.* ***Хъазхъуыр рæсугъд,*** *ракæс-ма нæм...*

*19.* ***Сапон-æхсад, айк-æвдылд бæх***
*быдыртæм кæсы*
***Топпы фатау*** *йæ барæджы*
*размæ куы хæссы.*
***Зилгæ дымгæ, тулгæ тых уад***
*сыстад, ацæудзæн,*
***Куый-дур,*** *зæгъы,* ***куый-хъæд,*** *зæгъы,*
*знаджы бакæндзæн!..*

(«Сидт»)

*20. Мæ ныфс, мæ тых,* ***мæ царды рухс, чызгай!..***

(«Хæсты быдырæй»)

21. ***Мæ цыллæ дзыкку –***
***Мæ фæсонты дзаг.***
***Мæ хъуымбыл дзыкку –***
***Мæ фадхъулты онг.***

22. *Иу* ***рыны фæллад***
*Мæн куы фæхаста.*
***Мæ цыллæ дзыкку –***
***Уымæн фæлмæн баз.***
***Мæ хæмпус къухтæ –***
***Ныр йæ нывæрзæн...***
***О, æллæх, дуне,***
***Ныр ма цы кæнон?!***

(«Чызджы зарæг»)

23. ***Йæ нывонд фæуон,***
***Йæ сæрылхаст уон!***
***Мæ уды гага,***
***Мæ дыууæ цæсты –***
***Æвзыгъд сау лæппу,***
***Хъæбатыр хæстон.***

(«Ирон зарæг»)

24. ***Æлвæстастæу, гуырвидауц чызг***
***Тасгæ-уасгæ фæцæуы.***
***Хъуымбылдзыкку, хъамбулуæраг***
*Кæй зæрдæмæ нæ цæуы!*

25. ***Цæй-ма, уæдæ,*** *уæнгрæуæгæй*
***Тымбыл симдæй*** *æрсимæм...*

(«Симыны зард»)

26. ***Титыччы фæрдыг –*** *Сатай-хан,*
***Дойныйæн æй аныztaид***
*Адæймаг – уыд, раст, гъе, ахæм!..*

27. ***Арвы ‘рттывдау уыд йæ фæзынд,***
***Хуры тынау уыд йæ бахудт.***

(«Сатай-хан»)

*28.* ***Уæнтæхъил, сæргуыбырæй***
*фæстæмæ здæхтысты*
***Адæмы хæрзæджытæ***
*Дзлаты мæсыгæй.*

*29.* ***Йæ дæллагхъуыр Бонвæрнон***
***тыбар-тыбур кодта,***
***Арв дзы йæхи уыдта,***
***мæйтæ дзы хъазыди,***
***Хуртæ дзы худтысты –***
***бæстæ ныррухс ис.***

*30.* ***Денджызы хъазау***
*Дзлаты* ***саурæсугъд...***

*31.* ***Хуримæ куы худы,***
***арвимæ куы хъазы...***

*32.* ***Йæ пылыстæг къухтæ***
*æрттивынц чызгæн.*

*33.* ***Уæ сæрæй æрду дæр***
***макуы ахауæд,***
***Уæ къахы ных дæр***
***макуы сриссæд!..»***

(«Æмзораты чысыл Æмзор æмæ
Дзлаты саурæсугъд»)

Ахæм аив фразеологизмтимæ, ритм, рифмæ куынæуал уа, уæддæр сæхи сæхæдæг ахæсдзысты. Æмæ хæсгæ дæр кæнынц, Нигер сæ дæсныйæ кæй пайда кæны, уый тыххæй.

Гафез æмæ дзы Нафи уымæн загътой: «Четкость и стройность композиции его произведений, сжатость и ясность мыслей, богатство рифм и разнообразие строфики и метров характерны для поэзии Нигера».[1]

---

[1] Гаглоев Ф., Джусоев Н. Писатели Советской Осетии. Сталинир, 1957, 70-æм фарс.

* * *

Ӕвзаджы, уæлдайдæр, ирон æвзагау, рагон æмæ хъæздыг æвзаджы къабæзтæ æмæ æвæрæнтæ иу адæймаджы зæрдæфысты нæ фæцæуынц. Нæдæр сыл хъуыды феххæссы. Уымæ гæсгæ дзы алчидæр фæагуры æмæ йæ зæрдыл фæдары, цæрынæн, кусынæн æй чи фæхъæуы, йæ хъуыдыйы чи баззайы, уыдон.

Адæймаджы зæрдæмæ фæндаг ссарынæн бирæ бæрцæй ахъаз кæны æвзаг йæхæдæг дæр. Цас зæлланггæнагдæр, цас зырнæйзылд æмæ лæгъздæр вæййы, уыйбæрц зæрдæмæ æнцондæрæй хизы. Ӕнцондæрæй дзы æрбынат кæны. Уыдон æвзаджы амæлттæ сты. Цас фылдæр уой, уыйбæрц æвзаг рæсугъддæр кæнынц.

Ирон æвзаг ахæм амæлттæй – рæсугъдгæнæнтæй хъæздыг у. Цы бирæкъабазджын дзырдтæ нæм ис, уыдонæн вæййы цалдæргай нысаниуæгтæ. Хицæн æмæ сæ хицæн дзырдбæстыты фæхъæуы æндæр æмæ æндæрхуызон æмбарын.

Исчи искæмæн куы зæгъа: «Дæ сæрыл хаст фæдæн», – уæд уый афтæ нæ нысан кæны, æмæ æцæг уый сæрыл йæхи æрхаста. Уæд удæгас нал уаид. Фæлæ йæхи кæй сæрыл хæссы, уый тыххæй йæ уд кæй уæлдай кæны, уый нæм æрттивы дзырдты ауунæй. Ома уый тыххæй йæ удæй арт цæгъды. Ӕмæ «арт цæгъдын» йæхæдæг дæр у ахæм бирæкъабазджын дзырдбаст. Ис ын ахæсгæ нысаниуæг. Нигер сæ йæхæдæг хуыдта «дæлгоммæ дзырдтæ».

Ахæм бирæкъабазджын дзырдтæ нывæфтыд литературæйы сты ахсджиаг аивадон мадзæлттæ. Фыссæг сæ куыд аивдæрæй фæпайда кæны, афтæ йæ уацмысты æвзаг æмæ ахадындзинад вæййы хуыздæр. Уымæ гæсгæ сæм алчидæр фæтырны, йæ курдиат æй куыд фæаразы, афтæ.

Нигер рæвдз уыдис бирæкъабазджын дзырдтæм. Ӕппынæдзух сæ хъæздыг кодта йе сфæлдыстад. Фæлæ сын зыдта бæрц. Цæххыл цæхх кæнæгау цæмæй ма уыдаиккой. Чиныгкæсæгæн æнцонæмбарæн куыд уой, уацмысы хæрзгъæддзинадæн – ахадгæ.

Ӕркæсæм Нигеры сфæлдыстады м е т а ф о р æ т æ м:

1. *Дудгæйæ бадæм дæ уды мæрдæй.*

*Дудгæйæ бадæм дæ уды мæрдæй,*
*Ирыл ысирвæзт сырх зынг.*

(«Къостайы коймæ»)

2. *Хæдзар байхæлын.*

*Мæ хæдзар байхæлди—*
*Сау зилгæ нæмыг мын*
*Мæ риу басыгъта.*

(«Хæсты быдыры»)

3. *Хуры хай.*

*Ма тæрс, ма мын тæрс,*
*О, мæ хуры хай!*

(«Ма мын тæрс!»)

4. *Дæ гуыбын де 'ккой скодтай.*

*Ды уæнгæл дæ мæнæн –*
*Дæ гуыбын де 'ккой скодтай!*

(«Ды уæнгæл дæ мæнæн!»)

5. *Уыргæфтыд фæдæн.*

*Мæ сонты бонты æз уыргæфтыд*
*Фæдæн кæйдæр æргъæмтты бын.*

(«Мулдар»)

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы метафорæты лирикон хъайтар æцæгæй нæдæр дудгæ фæбадт искæй мæрдæй, нæдæр йæ «хæдзар байхæлди», нæдæр исчи у йе 'цæг «хуры хай», ничидæр йæ гуыбын хæссы йе 'ккой æмæ ничидæр уыргæфтыд фæци. Фæлæ йæ ахсджиаг кæмæн амæлы, уый, дудгæ чи фæбады, уый уавæры вæййы, уæдæ куыд. «Зилгæ нæмыг» кæй «Риу басыгъта», уымæн дæр йæ хæдзар хæлд у, уæдæ цы у. Æмæ дын, хуры фендау, æхцон кæй фенд уа, уый дæ хуры хайæ хуыздæр, аивдæр, адджындæрæн æндæр цы схондзынæ? Йæ зæрдæ йын хуыздæр цæмæй

балхæндзынæ? Хъусæг уымæй хуыздæр дæ зæрдæйы арфмæ цы дзырдтæй ныккæсдзæнис?

Афтæ сты, йæ гуыбын йе ‘ккой чи скодта æмæ гуыбындзæл чи хиты, уый дæр, «кæйдæр æргъæмтты бын» йæ сонты бонты уыргæфтыд чи фæцис, уый дæр, æмæ поэты сфæлдыстады ноджы цы бирæ æмæ бирæ метафорæтæ ис, уыдон иууылдæр.

Фæлæ, кæй кой скодтам, уыдон Нигеры уацмыстæм коммæ цæуынц адæмон сфæлдыстадæй. Поэты уацмысты та æмбæлæм æндæр хуызы метафорæтыл.

Поэт бирæ хæттыты метафорæ райсы адæмон, мадæлон æвзагæй, æрмæст æй бахсиды йæхи куырдадзы, ауадзы йæ йæхи сæрмагонд джиппы, æмæ метафорæ фæивы йæ хуыз, стæй фылдæр хатт — йæ мидис дæр:

1. *Зæрдæйы тæгтæй фæндыры тæнтæ скæнын, туджы сæ рафыцын.*

*Зон, мæ зæрдæйы тæгтæй дын*
*Сарæзтон тæнтæ,*
*Рафыхтон сæ стæй мæ туджы...*
*Макуы цæгъд мæнгтæ.*

(«О, мæ фæндыр!»)

«Нарты кадджыты» Сырдон йæ сабиты æнамонддзинадæй — йæ хъæбулты стджытæ æмæ нуæрттæй скодта фæндыр.[1] Поэт — лирикон хъайтар та йæ фæндырæн тæнтæ аразы йæ зæрдæйы тæгтæй. Рафыцы сæ йæ туджы. Афтæмæй метафорæ адæмон формæйæ хизы субъективон формæмæ, кæд йæ хъуыды æнæаивгæйæ баззайы, уæддæр.

2. *Найы мæй йæхи.*

*Туджы кæлæнты*
*Найы мæй йæхи.*
*Туг уа, дон уа, уый*
*Мæйæн нæу уæлдай!*

(«Сырхæфсæддон дзурдзæн»)

---

[1] Нарты кадджытæ. Дзæуджыхъæу, 1975, 166-æм фарс.

Хур куы фæкæсы, афтæмæй куы уары, уæд адæм фæдзурынц: «Уый къæвда нæу – хур йæхи найы». Фæлæ афтæ куы зæгъай æргом: «Хур йæхи найы», – уæд, дам, дæм хур фæхъыг уыдзæнис, зæгъдзæн: «Æмæ ды цы кæныс, де ‘фсымæрты тугæй найын мæхи?»

Нигер – къæрцхъус, цырддзаст поэт – спайда кодта уымæй. Мæйрухсы адæймаджы туг куыд уары, куыд зыны алкæмæ дæр, фæлæ йæ æруромæг куыннæ ис, уый тыххæй йæ ауагъта йæхи джиппы.

3. *Ф æ н ы к   ф е с т ы н .*

*Зæрдæ, мæ тарф зæрдæ,*
*Сау фæнык фестдзæни,*
*Фæлæ дзы норст уыдзæн,*
*Зонут, сырх-сырхид зынг.*

(«Зæрдæ, мæ тарф зæрдæ...»)

4. *С у д з г æ   ц æ х æ р т æ   к а л ы н .*

*Дæлæ комы хæрæ мигъ фæзынди,*
*Æмæ арв ныннæрыд, арв нырттывта,*
*Судзгæ цæхæртæ зæхмæ куы кæлы,*
*Зæхх ныррызти, зæхх нынкъуысти, уæдæ.*

(«Германы хæсты зарæг»)

Ам, «хæрæ мигъ фæзынди» дæр, «арв ныннæрыд, арв нырттывта, Судзгæ цæхæртæ зæхмæ куы кæлы, Зæхх ныррызти, зæхх нынкъуысти» – иууылдæр сты метафорæтæ. Ирд, ахадгæ метафорæтæ.

5. *Д ы к к а г   м а р д   а к æ н ы н .*

*Ой-джиди, гыцци, дыккаг мард кæд акæнон,*
*Кæннод кæд ферох уыдзæн*
*Де ‘фхæрд, нæ бæсты ‘фхæрд,*
*не ’дзард фæлтæрты сæфт*
*Ме ‘мхуызон мæрдты æхсæн!..*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

Нигер йæ хъус лæмбынæг дардта адæмон сфæлдыстадмæ. Зыдта йын йæ тых, йæ ахадындзинад. Фæлгъуыдта йын

йæхи дæр, йæ аивадон амæлттæ дæр. Стыр аргъ сын кодта. Бирæ цыдæртæ дзы хаста йе сфæлдыстадмæ. Куыд уынæм, афтæмæй метафорæтæ дæр. Фæлæ йæхæдæг мысыд, адæймаджы зæрдæмæ фæндаг чи ардта, ахæм метафорæтæ:

1. *Æнæнамыс, гуылæвзæгтæ.*

*Нæ адæмæй*
*Цы раппæлон:*
*Æнæнамыс,*
*Гуылæвзæгтæ...*

(«Мæ ном»)

Лирикон хъайтары адæм æцæгæй «Æнæнамыс, Гуылæвзæгтæ» не сты, фæлæ уымæй автор зæгъы, ома сæ намыс сын хъуыды дæр ничи кæны. Стæй, никæй дæр хъæуы. Сæхицæн та уæздан зæгъын нæу сæ бон. Нæ сахуыр сты уæздандзинæдтæ æмæ рæсугъд дзурыныл.

2. *Уыг — цæстытыл хæцæг.*

*Айнæгæй йæм рагæпп ласта*
*Фæлурс удхæссæг.*
*Уыг æрбаци мады бæсты*
*Цæстытыл хæцæг.*

(«Хæхтæ ниуынц»)

Уыг кæцæй уыдзæнис марды цæстытыл хæцæг. Фæлæ хæхтæ куы ниуынц, дуртæ куы тулынц, мæгуыр, иунæг фыййауы «Уынгæг комы Сау дурты цæндыл» куы æрæййæфта уыцы æрвхауд, æмæ йæм айнæгæй куы «рагæпп ласта — «фæлурс удхæссæг», уæд «Сæры фахсæй, хъусы цурæй Уазал туг цæуы», фæлæ дзæгъæл марды койгæнæг нæй. Æхсæвдзу уыг ын кæд æрхæца йæ цæстытыл, æндæр ничи йæ цуры ис, никæй зæрдыл лæугæ кæны, æмæ поэт ног метафорæйæн спайда кодта уымæй.

3. *Сæг ын сæхгæдта йæ хъустæ.*

*Фарон хъусæй хорз нæ хъусы,*
*Сæг ын сæхгæдта йæ хъустæ.*

(«Сатай-хан»)

«Фарон хъусæй хорз нæ хъусы», æцæгдæр. Уый афтæ у. «Сæг ын сæхгæдта йæ хъустæ». Фæлæ йæ мардæрцыд, абон та ноджы къуырмадæр кæй баци, уый у. Ирыстоны мах алы æрра митæм дæр æвдæлы, æрмæст нæ ма бахъæуæд нæ хæзнаты хæзнатæ – нæ мадæлон æвзаг, нæ Фыдыбæстæ, адæм кæмæй стæм, нæ уыцы аивадмæ æркæсын. Ахæм литературæ нæм ис, æмæ хъуамæ дунейы нæрид, махæн та... Нигер зæгъид: нæхимæ дæр нæ хъуысы, сæг нын сæхгæдта нæ хъустæ.

* * *

Æвзагæн йæхи æгъдæуттæ, йæхи хуызтæ æмæ фæзилæнтæ ис. Баст вæййынц дугимæ, цауты фæзындимæ. Цæрæццаг сæ чи вæййы, уыдон ныффæразынц рæстæджы раууил-бауулитæн. Свæййынц æвзаг ирддæр, нуарджындæр, зæлланггæнагдæр кæнæн амæлттæ.

Ирон æвзаджы аивтæн кæрон дæр нæй. Поэт Ходы Камал уымæн зæгъы: «Ирон дзырды æнæрцæф фидыц махæн Кæуынæн дæр, фæзарынæн дæр – фаг» («Поэзи»).[1]

Дзырды рæсугъддзинад æвдисын, уæлдайдæр, поэтикон æвзаджы рæсугъддзинад æвдисыны ахæм ахсджиагдæр амæлттæм хауы э п и т е т. Исты кæнæ искæцы цау, фæзынды цæмæй, мах чи хъæуы, уыцы миниуæг бæлвырддæрæй равдисæм, уый тыххæй эпитеты руаджы цæстæнгас, хъусдард уыйæрдæм аздахæм тынгдæр.

Фæлæ ууыл дæр нæ фæвæййы эпитеты лæггад. Эпитет цыма, цы дзырды хиад фембарын кæны, уыимæ иу туг-стæг фесты, – фылдæр хатт сиу вæййы йемæ. Фæкæны йæ эмоционалондæр, хъуыдыджындæр. Адæймаджы цæстыты раз æй авæры ирддæрæй. Уымæн æмæ, дзырдтæ, уыдонимæ та ныхас кæны фæлгонцджын. Афтæмæй зæрдæмæ фæхизы арфдæр:

*Фæндон хæрзтæ кæм и!*
*Æгъатыр у мæлæт.*
*Фæдæ, бецау, Арсен,*
*Æмæ дын, мадау, ныр*
*Ирон сыджыт фæуæд!*

(«Фæндон хæрзтæ кæм и!»)

---

[1] Х о д ы  К а м а л. Мыртæ. Дзæуджыхъæу, 1992, 180-æм фарс.

Коцойты Арсены амæлæтыл æнæхъæн Ирыстон фæмаст кодта. Нигеримæ та иу Фыдыбæстæйы, иу литературæйы уæззау æфсондз хастой. Уæлдайдæр, социализмы иууыл фыдæвзарæндæр дуджы. Æмæ йæ бабыны тыххæй поэты зæрдæйæ цы фыдохы рæнхъытæ схаудтой, уыдоны мæнæ цы равдыстой нысаныдæмбæлæг эпитеттæ.

Мæлæт æгъатыр у, уый иууылдæр зонæм. Цыма æмдзугæнæг систы, афтæ зыны – «æгъатыр мæлæт». Фæлæ-ма æркæсæм фыццаг рæнхъмæ: «Фæндон хæрзтæ кæм и!»

«Хæрзтæ» ис. Уыцы хæрзтæй, хъуыдыйады куыд зыны, афтæмæй Арсен дæр уыд хайджын. Æмæ «хайджын» кæй уыд, уый базонæм эпитет «фæндон»-ы руаджы. Æнæ эпитет уыдаид, – «хæрзтæ кæм и!», – æмæ æмбæрстаиккам, Арсен царды хæрзтæй кæй ницы федта, йæ иувæрсты кæй аивгъуыдтой. Афтæ ма эпитет «ирон»-ы фæрцы базонæм, нæ фыссæгæн мадау æрмæстдæр «ирон сыджыт» кæй фæуыдзæнис.

Сæ тых ис, поэт сæ цы дзырдты æмбарын кæны, уыдонимæ кæй иу кæнынц, æмдзæрин кæй сты, уым. Джыккайты Шамил дзы уымæн зæгъы: «Нигер арф æмбæрста аивады æрдз, йæ миниуджытæ».[1]

Ахæм эпитеттæ Нигермæ арæх æмбæлы йæ поэзийы. Уый хуымæтæджы нæу. Зоны сын поэт сæ тых, уыны сын сæ ахадындзинад æмæ сæ пайда кæны цæстуарзонæй. Хатт иу поэтикон рæнхъы спайда кæны дыууæ кæнæ фылдæр эпитеттæй, фæлæ, кæм фæхъæуынц, чиныгкæсæг афтæ куыд зæгъа, куы йæ сисай, уæд рæнхъы цыдæр цух у, ахæм рæттытæ. Уый тыххæй сæ нæ фæллайы хъус. Цы дзырд фембарын кæнынц, уымæн æрмæст йæ кæцыдæр хиæдтæ нæ февдисынц, фæлæ йæ кæнынц хъæздыгдæр:

*1. Хъарм дымгæ сусæгæй рудзынгыл хъазы.*

*2. Саудалынг къуымы лæг хъæмпыл æрхуыссыд.*

*3. Уазал рæхыстæй ныцъцъæх и, ныррæсыд.*

(«Ахæст»)

---

[1] Джыккайты Шамил. Ирон литературæйы истори. Дзæуджыхъæу, 2002, 271-æм фарс.

*4. Фæхæцыди д з а г цæст нæ рæгътыл.*

(«Уалдзæг»)

*5. Кувинаг с а у къæйыл буцгомау авæрдта.*

(«Æфсати»)

*6. Уæ, ма байрайат уæ р æ с у г ъ д чызгæй.*

(«Кафты цагъд»)

*7. С а у - с а у и д мигътæ згъорынц дзыгуыртæй.*

*8. Арв сыл ызгъалы йæ с у д з г æ цæхæртæ.*

*9. Арф-арфид денджыз – ныр уымæн йæ фысым...*

(«Хидыл»)

*10. Нæ с æ г æ й д з а г хæдзар, фæзындтæн дæ хуындмæ.*

*11. Нæ сæнары мæсыг ныффæлдæхт бындзарæй.*

*12. Æ ц æ г æ л о н зæрдæ.*

(«Фæстаг хъæбыс»)

*13. Ме знаг абухта*
*Раст ц ъ а м м а р сырдау.*

*14. Ой, куыд рæдывта*
*Уый мæ у р с дзыкку!*
*Ой, куыд мыл цыди*
*Уый йæ ц ъ ы ф къæхтæй!*

(«Фыдохы бон»)

*15. С ы н д з д ж ы н фæндагыл мæйдары хатти.*

*16. Т у х г æ уад фæзынди бæстыл.*

(«Ирыстон»)

Ацы цæвиттонты эпитеттæ иууылдæр сты иугæйттæ. Кæд сæ сæрмагондæй не ‘взæрстон, – уæд цыма нæ ныхас иувæрсыг уыдаид, – уæддæр дзы тынг хорз цæвиттонтæ ис:

«хъарм дымгæ», «дзаг цæст», «арф-арфид денджыз», «сæгæйдзаг хæдзар», «æцæгæлон зæрдæ», «сындз-джын фæндæгтæ», «тухгæ уад»… Ис æм йæ иумæйаг ном – «торнадо»,[1] – фæлæ йын пайда кæны йæ ирон аив номæй дæр.

Эпитеттæ афтæ тыхджын сты, цы дзырдтæ æмбарын кæнынц, уыдонимæ афтæ сиу сты, æмæ уыдонæй сæхæдæг ирддæрæй разынынц.

Нигеры поэзийы аивтæ иууылдæр нæ диссаджы рæсугъд æмæ хъæздыг мадæлон æвзагæй цæуынц. Сæ бындур нæ мадæлон æвзаг у. Хъусгæ, уынгæ сæ иууылдæр кæнæм. Хъуыддаг сæ равзарын, сæ равæрын вæййы. Цы бынæттæ сын раттай, уымæй бирæ аразгæ у.

Уыдæттæ, куыд акæнынц, йæ фондз æнгуылдзау зыдта Нигер. Йæ эпитеттæ зæрдæйыл уымæн æмбæлынц.

Фæлæ цы цæвиттонтæ федтам, уым эпитеттæ сты иугæйттæ. Нигермæ та арæх фембæлæм, кæрæдзийы фæдыл цы дзырдтæ цæуынц, уыдонæй алкæмæн йæхи эпитет куы вæййы:

*1. Зæронд лæг сырдцарм кæрц уæнгтыл*
*æрытыдта.*

*2. Рухс цæстæй акасти уæнгрæуæг сычъитæм.*

*3. Стæй дын уæд даст сæрæй сæгъдзарм*
*худ фелвæста.*

(«Æфсати»)

*4. Йæ сау цæститæ – хæнт сау фæрдгуытæ.*

*5. Сынты базыртæ – йæ даргъ*
*æрфгуытæ.*

*6. Йæ даргъ дзыккутæ, йæ урс дæллагхъуыр.*

(«Кафты цагъд»)

[1] Кæс ацы чиныджы 46-æм фарс.

*7. Хъуымбылдзыкку, хъамбулуæраг.*

*8. Æмбыддæндаг, æмбыдфæдджи.*
*9. Арвы фæзы, хæхты рындзтыл.*

(«Симыны зард»)

Эпитет аивадон фæрæз у. Аив цы у, уымæ арæхстгай æвналын хъæуы. Зынг рæсугъд у, фæлæ къух судзы. Мæнæ «нырыккон ирон поэзийæ» иу рæнхъ: «Ды дæ бæллиццаг идеал».

«Бæллиццаг» у эпитет. Идеал дæр у бæллиц. Уæдæ, сæ кæрæдзиимæ цæмæй баст сты, стæй «идеалы» йæ эпитет «бæллиццаг» бæллиццагдæр кæны?

Нигерæн уæлдæр уыцы цæвиттонтæ систон æрмæст æртæ æмдзæвгæйæ. Фæлæ дзы иу иннæйы нæ хъыгдары. Исы йæ бæрзонддæр. Кæны йæ æргомдæр.

Æмæ, фæд-фæдыл цы дзырдтæ цæуынц, уыдон эпитеттæ сты. Ноджы ма сæ æндæрхуызон эпиттетæ цас ис! Фæлæ сæ кæрæдзийы нæ хъыгдарынц. Уацмыстæ кæнынц эмоционалон. Уымæн æмæ Нигер зыдта, эпитетæй куыд пайда кæнын хъæуы, уый.

Цы цæвиттонтæ æрхастам, уыдонæй дарддæр ма йæм ис, иу дзырдæн цалдæр эпитеты куы вæййы, сæ кæрæдзи куы феххæст кæнынц, фæлæ сын иу бынат къуындæг куынæ вæййы:

*1. Йæ нарæг астæу, йæ нарст фæлмæн гуыр.*

*2. Даргъ сау æхсæв мæ хуыссын нæ уадзынц...*

(«Кафты цагъд»)

*3. Æлвæстастæу, гуырвидауц чызг*
*тасгæ-уасгæ фæцæуы.*

*4. Æлвæст лæппу, æвзыгъд лæппу.*

*5. Æнæуынон, рыны фæллад —*
*Уæгъд тæн лæппу, тыппыр рус.*

*6. Х у р ы  х о р з  фырт Хæмæтхъаныл*
*Куы фæкæны, куы, суртæ.*

(«Симыны зард»)

*7. С а п о н - æ х с а д,  а й к - æ в д ы л д  бæх быдыртæм кæсы.*

*8. З и л г æ  д ы м г æ,  т у х г æ  т ы х  уад сыстад,*
*ацæудзæн...*

(«Сидт»)

*9. Ды нæ хъусыс, уад куыд ниуы,*
*Т а р д, м æ л л æ г  з æ р о н д  куыдзау.*

(«Дæу цы домы!»)

Бирæ уацмысты, уæлдайдæр, бирæ поэтикон рæнхъы иунæг эпитет дæр æмпъузæны хуызæн вæййы. Нигерæн та фæд-фæдыл уыйбæрц эпитеттæ свæййынц поэзи нывæндыны мадзал.

Мæ зæрдыл хорз лæууы, скъолайы дæлдæр къæлæсты куы ахуыр кодтон, уæд-иу ме 'мкъласонтимæ кæрæдзийæн искæцы фыссæджы сфæлдыстадæй дзырдтам скъуыддзæгтæ. Кæй фыст у, уый-иу базонын хъуыд. Къостайы «Ирон фæндыр» æмæ Нигеры æмдзæвгæтæй стæм исчи кæнæ, литературæ бынтондæр чи не 'мбæрста, уыдон рæдыдысты.

Уый зæрдаивæй нæ уыдис.

Цалдæр азы размæ Ирыстоны цæгат хайы Кировы хъæуы базонгæ дæн иу сыгъдæгзæрдæ, æнæхин лæгимæ. Йæ ном — Къоста. Къадзатæй. Фæстæдæр мын куыд загътой, афтæмæй у поэт Къадзаты Станиславы хистæр æфсымæр. Фæлæ сæйраг йе 'фсæрмдзæстыг ахаст æмæ ныхас сты.

Хетæгкаты Къостайы «Ирон фæндыр», куы йæм хъусай, уæд æнæкæсгæйæ зоны. Нырыккон поэтты æмдзæвгæтæй — хицæн дзæбæх рæнхъытæ, скъуыддзæгтæ.

Уыцы къæмдзæстыгæй, уыцы хатыркургæ мын дзырдта, Къостайы æмдзæвгæтæ, дам, сæрмагондæй æнæкæсгæйæ нæ ахуыр кодтон, афтæмæй сæ хъуыды кæнын; ныры поэтты æмдзæвгæтæ сахуыр кæнын, фæлæ мæ ферох вæййынц, зæгъгæ, æфхæрдта йæхи. Мæ хъуыды нал бæззы, хъаст кодта.

Мæнмæ гæсгæ, сæйраг аххос йæ хъуыдымæ нæ хауы.

Кæддæр-иу дунейы æмдзæвгæты æхсæн Къоста æмæ Ни-

геры уацмысты скъуыддзæгтæ куы базыдтам, уæд мæм афтæ каст — Хетæджы-фыртты æмдзæвгæты фылдæр хай æнæкæсгæйæ кæй зонæм, уымæй æмбулы. Дис, Нигеры æмдзæвгæтæ-иу куыд базыдтам, ууыл кодтон. Ау, зæгъын, куыд ис уый гæнæн, уацмыс макуы бакæсай, макуы йæ фехъусай, афтæмæй йын йæ фыццаг рæнхъытæй базонай йæ авторы?

Уæд нæ хатыдтон, алцыдæр поэтты стилы «аххос», ома поэтты стилæй аразгæ кæй уыдис.

Къостайы поэтикон дзырдтæй иу куы сзыгъуыммæ кæнай, уæд æнæхъæн рæнхъ хæлы. Фыццаг дзырды фæдыл иннæ дзырдтæ афтæ æмбаст сты, æмæ ирон æвзаджы æгъдæуттæ иууылдæр хъахъхъæнынц. Сæ иу куы фехæла, уæд иннæмæн дзуапп нал дæтты. Æнцон бахъуыдыгæнæн цæй тыххæй сты, уыцы миниуджытæй иу уый у.

Нигеры стиль бынтон æндæрхуызон у. Хæдхуыз æмæ оригиналон. Уымæн цас тых, цас хихуызон уæвын, диссаджы æрдзон курдиат хъæуы, цæмæй дæ уацмыстæн нæ, фæлæ фæд-фæдыл дæ бæрц хъуыдыйæдтæн дæр макæй хъуыдыйæдтимæ уа схæццæгæнæн! Адæймагæн ахæм миниуджытæ раттыныл æрдз рæдау никуы уыд. Стæм хатт дзы рантысынц. Фæлæ уыцы курдиат нæ бахæлæг кодта Нигерæн. Нæ йын бацауæрста стыр дæсны поэты æвзаг. Булæмаргъы зарæгæн иннæ мæргъты цъыбар-цъыбуримæ куыннæ ис схæццæгæнæн, афтæ Нигеры «хъарæгæй зарын» дæр йæхи сæрмагонд хиæдтæй бæрæг зыны ирон поэзийы.

Цас алыхуызон æмæ нæм стыр поэттæ ис! Уæддæр Нигеры хъæлæс никæцы поэты хъæлæсимæ иу кæны. А. Фадеев 1939-æм азы Къостайы сфæлдыстадыл дзургæйæ нæ фæрæдыд, афтæ куы загъта: «Цæсты гагуыйау хъæуы хъахъхъæнын æмæ аргъ кæнын, Ирыстоны ма ныртæккæ дæр цы фысджытæ цæрынц, ирон литературæйы ивгъуыд заманæн удæгас æвдисæнтæ чи сты, уыдонæн дæр. Уыдон ивгъуыд заманы цард иу кæнынц нæ абоны цардимæ, уыдон фыссын райдыдтой зæронд заманы æмæ сты æцæг адæмон фысджытæ, — æз дзурын Коцойты Арсен, Нигер æмæ æндæрты тыххæй».[1]

---

[1] Фадеев А. Адæмты æфсымæрдзинад. Кæс чиныг: Авторты коллектив. Ирыстоны кад. Сталинир, 1959, 4—5-æм фæрстæ.

Нигеры поэзи у бынтон оригиналон. Ӕрмӕст йӕ хъуыдыкӕнынадӕй нӕ не 'фтауы дисы, фӕлӕ йе стилистикӕйӕ дӕр. Йӕ хъуыдыйӕдты стилистикӕ у бынтон ӕндӕрхуызон. Уый раргом кӕнын, йӕ сусӕг миниуджытӕ йын рафӕлгъауын у зын, фӕлӕ ахсджиаг хӕс.

Уыцы хъуыддагыл ӕппӕты фыццаг дзырдтон 1971-ӕм азы Хуссар Ирыстоны паддзахадон педагогон институты студентты зонадон конференцийы мӕ доклады: «Нигеры поэтикӕйы тыххӕй». Йӕ тезистӕ уӕдмӕ мыхуыр ӕрцыдысты. Мыхуыры дӕр ыл фӕзынд уӕлӕнгай уацтӕ, фӕлӕ нын Нигеры ӕвзагӕй абон дӕр ницыма раргом кӕнын бантыст.

Нигеры синтаксисы фыццӕгтӕй, мӕнмӕ гӕсгӕ, хъус ӕрдарыны аккаг у дзырдты инверси, ома дзырдтӕ хъуыдыйӕдты сӕ бынӕттӕ куы ивой. Уый йӕм арӕх ис.

Ирон ӕвзаджы, адӕмон сфӕлдыстады, стӕй иуӕй-иу фысджытӕм (зӕгъӕм, Къубалты Алыксандрмӕ) хаттӕй-хатт фембӕлӕн ис бӕрӕггӕнӕныл бӕрӕггӕнинаг дзырдты фӕстӕ, ома эпитет вӕййы, цы дзырды хиӕдтӕ ӕвдисы, уый фӕстӕ. Зӕгъӕм: хъӕбатыр лӕппу – лӕппу хъӕбатыр, сау карк – карк сау. Нафийы хъуыдымӕ гӕсгӕ: «Бӕрӕггӕнӕн дзырд номдары фӕстӕ – уый скифты 'вззаджы нормативон фӕтк уыдис».[1] Ӕцӕг йӕ хъуыды ницӕмӕй бӕлвырд кӕны. Куыдфӕнды ма уӕд, уӕддӕр афтӕ зӕгъӕн нӕй, ӕмӕ уый, ныртӕккӕйы ирон ӕвзаджы синтаксисы фидар бынат чи 'рцахста, ахӕм миниуӕг у.

Кӕд нӕ поэттӕй искӕй сфӕлдыстады скойы аккаг у, уӕд иууыл тынгдӕр фыццаджы-фыццаг Нигеры. Уый тыххӕй йӕхӕдӕг зӕгъы: «Бӕрӕггӕнӕн дзырд бӕрӕггӕнинаджы фӕстӕ ӕвӕрд куы 'рцӕуы, уӕд рауайы ӕнахуыр синтаксисон конструкци. Ныртӕккӕ ирон поэзийы ахӕм конструкци ӕрцахста уӕрӕх бынат, ӕмӕ хорз у, ӕвзӕр у, – уый тыххӕй ницыма зӕгъинаг дӕн...».[2]

Ацы хъуыдыйӕ зӕгъӕн ис афтӕ, ӕмӕ Нигеры уыцы хъуыддагмӕ, ома бӕрӕггӕнӕн ӕмӕ бӕрӕггӕнинаг дзырдтӕн сӕ бынӕттӕ фӕивын нӕдӕр ӕмдзӕвгӕйы фӕлгӕттӕ,

---

[1] Газет «Рӕстдзинад», 2003-ӕм азы сусӕны мӕйы 19-ӕм бон.
[2] Н и г е р. Т.3, 288-ӕм фарс.

нæдæр æмдзæвгæйы ритм æмæ рифмæ кодтой, фæлæ йæм афтæ хуыздæр кастис, æмæ йæ уый тыххæй арæзта. Æууæндыдис ын йæ фидæныл, æмæ дзы уымæн ницы зæгъинаг уыд, зæгъгæ, куыд дзы пайда кæнын, ууыл мæ фæстæ дзурæг уыдзæнис.

Нырма дæр ирон æвзаджы тынг нæ рауæрæх ахæм формæ. Уæддæр зæгъын хъæуы уый, æмæ ныртæккæ цасдæр бæрцæй нæ мадæлон æвзагмæ кæй цæуы ахæм инверси, уæлдайдæр, поэтикон æвзагмæ. Фæлæ æркæсæм Нигерæн йæхи поэзимæ, кæддæра йæ уый куыд аив арæзта:

*1. Уым бæрз бæлас, – у р с з æ н г, д о н д з а с т, зади.*

*2. Кæрц – й æ  к ъ æ р и д – уыд æмпъызт тæбынæй.*

(«Æмæ зарыд булæмæргъ...»)

«Урсзæнг, дондзаст бæрз бæлас», «йæ къæрид кæрц», æндæрхуызон нæ, фæлæ. Æмæ йæм ахæмтæ цас сты!

*3. Уый æвиппайды,*
*Зæгъ, цы фенкъард дæ,*
*Ды, мæ гуырæн зæхх –*
*У р с с æ р,  у р с д з ы к к у?*

(«Фыдохы бон»)

*4. Уый нæ ныббардзæн*
*Никæд а бæсты –*
*Кæс, куыд сыстади*
*Адæм – т у г и с æ г!..*

(«Багъæц, ба!»)

*5. Нæ фæлæ цин дæр, æцæг цин,*
*Искæд куы февзæры фаг, –*
*Гъеуæддæр зæрдæ-æ в æ р с и н –*
*Цæстысыгæй сæрды йæ таг...*

(«Сау калмау риуыл куы ‘ртыхсы…»)

*6. Мæ нау уыд – гъе уыцы чызг, с ы р х у а д у л...*

(«11 декабрь, 1939 аз»)

*7. Æмбалæн йемæ*
*Уыдис хуыздæрæн*
*Йæ иунæг æрдхорд –*
*Хъасбол, м æ н г а р д л æ г.*

*8. Уыд ноджы йемæ*
*Йæ куыдз цуанон, –*
*Силæм к ъ у ы б ы р х ъ у с.*

*9. Силæм – м æ у а р з о н,*
*Фæ-у хъæргæнæг*
*Ды тагъд мæ мадмæ.*

*10. Хъæр-ахст ныккодта*
*Хъасбол ф ы д-з æ р д æ...*

(«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»)

*11. Дзырдта сæрхъилæй*
*Афай Б а д и л о н.*

*12. Æрхауди дуртыл*
*Фацбай – æ д з а р д у д.*

(«Бадилон симд»).

Ахæм цæвиттонтæ Нигеры сфæлдыстады– уыйбæрц дæр нæ куы хъæуид.

Æнæбанысангæнгæ нæй иу хъуыддагæн: цы цæвиттонтæ федтам, уыдонæй бирæтæн поэт раздæр цы варианттæ арæзта, уыдоны дзырдтæ æвæрд сты ирон грамматикон æгъдæуттæм гæсгæ сæ ахуыр бынæтты.

«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»-ы сауфыст автографы кæсæм:

*Уыд ноджы йемæ*
*Йæ уарзон æмбал –*
*Йæ цуанон урс куыдз*
*Къуыбырхъус Силæм.*

Фæстæдæр та: «Мæ уарзон Силæм», «Силæм, мæ уарзон» нæ фæлæ. Автор сæ, мыхуыр куыд сты, ахæм бынæтты сæвæрдта зонгæ-зонын.

Ӕмæ нæ фæрæдыд. Уыцы миниуæг – поэтикон амал, ирон литературон æвзаг лакъон нæ кæны. У йын эмоцидæттæг. Ӕцæг фыссæг алы хатт дæр, зындгонд аивадон амæлттæй пайда кæнгæйæ, фæагуры ног аивадон амæлттæ.

Нигер хауы уыцы фысджытæм.

* * *

Нывæфтыд литературæйы зынгæдæр мадзæлттæй иу у абарст. Уый дæр цæуы адæмон сфæлдыстадæй. Дзурæг цæмæй, кæй кæнæ цæй кой кæны, кæнæ цы ‘мбарын кæны, уый бæлвырддæрæй, ирддæрæй равдиса, уый тыххæй йæ абары æндæр ахæм истæимæ. Афтæмæй хъусæджы (чиныгкæсæджы) цæстытыл æнцондæрæй андæдзы, йæ зæрдæмæ тагъддæр æмæ арфдæр ныххизы.

> ***Сау калмау,*** *риуыл куы ‘ртыхсы*
> *Маст, о, зæрдæхалæн маст,*
> *Гъеуæд цæстысыг куы ‘рыхсы*
> *Мастæн йæ хъæстæ æваст.*
>
> («Сау калмау риуыл куы ‘ртыхсы…»)

Зæрдæхалæн маст риуыл куы ‘ртыхсы, уæд уый дудгæбон у, фæлæ ма йыл ноджы калмау, уымæй дæр «сау калмау… куы ‘ртыхсы», уæд уый бынтон æрдиаггаджы хъуыддаг у. Афтæмæй сау калмы æртыхстимæ абарыны фæрцы уайтагъд фæхатæм, зæрдæхалæн маст адæймаджы риу куыд ацъиры, æмæ «мастæн йæ хъæстæ æваст» куыд æрæхсы цæстысыг.

Уыцы хабар Нигермæ æрдзон æгъдауæй кæй цæуы, йæ тых уым ис. «Поэзийæн тыхаразгæ митæй сæфы йе ’рдзон хъæд, йæ уырнинаг æмæ зæрдæмæхъаргæ хъæру».[1]

Абарстæн ахæм тых кæй ис, уый алфæн дзы арæх пайда цæуы дзургæ-дзурын, адæмон сфæлдыстад æмæ нывæфтыд литературæйы. Фæлæ алы ран иухуызон бæрц æмæ аивæй нæ. Сæ бæрц æмæ сæ аивдзинад баст вæййынц, дзурæг æвзагæй куыд арæзт уа, ууыл. Стæй ма уыимæ, сæ

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рæстæг æмæ литературæ. Цхинвал, 1985, 115–116-æм фæрстæ.

кæрæдзийыл кæй кæнæ цы бары, уыдон æнгæсдзинæдтæ кæнæ хицæндзинæдтæ цас иртасы, ууыл дæр.

Нигер стыр поэт уыдис. Ирон æвзаг, ирон зæрдæ, ирон цардыуаг ын, йе сфæлдыстадæй куыд зыны, афтæмæй лыстæггай зындгонд уыдысты. Ирон аив литературæйы куыд æвдыст уыдысты, стæй дарддæр цы аразгæ уыдис, уый тынг хорз зыдта йæ уацтæм гæсгæ. Аразгæ дæр æй кодта. Æмæ уыцы хъуыддаджы йæ уарзондæр аивадон амæлттæй иу уыдис абарст.

Нæ поэтмæ абарстытæ сты арæх. Арæх æмæ бирæ. Бирæ æмæ хъæугæ. Адæймаджы зæрдæйы чи баззайы, ахæмтæ. Уыцы абарстытимæ йæ дзуринæгтæ нæ зæрдæтæм ссарынц фæндаг.

Æркæсæм дзы иукъорд абарстмæ:

*1. Цас рацыди, чи зоны!*
*Фæлæ тад æмæ ‘руад,*
*Х а л а с д з ы д  д и д и н æ г а у,*
*цæхæрцæст Æмзор.*

(«Æмзораты чысыл Æмзор æмæ Дзлаты саурæсугъд»)

*2. К æ с г о н  н ы м æ т а у, æхсæв хъæды*
*Йæ быны батыхта бæстон.*

(«Мулдар»)

*3. А р в ы  ‘р т т ы в д а у – йæ цæстæнгас,*
*Февналынмæ – а р т,*
*К а р д ы  к о м а у – йæ дзыхы дзырд,*
*Хъазы уæнгты цард.*

(«Терчы цур»)

*4. И х у а р æ г а у ныл*
*Боны бондæргъы*
*Калди ‘ндон цæхæр.*

(«Сырхæфсæддон дзурдзæн»)

Нигер хорз зыдта, цы предмет кæнæ архайд бара искæцы предмет æмæ архайдимæ, уыдон йæхицæй, ома кæй бары, уымæй бæрзонддæр, цæстыахадгæдæр хъуамæ уой, кæнæ та – иннæрдæм. Уæд аивдæрæй сысты чиныгкæсæджы раз. Зыдта йæ æмæ йæ арæзта.

5. *Ӕнæмæт, æдасæй бæрзондæй фæлгæсыдтæн,*
*у а р и й а у, дардмæ.*
(«Сæнтты бæсты»)

6. *О, ныббар мын æй,*
*Кæд дæ цæсты сыг*
*Искуы м' ахносæй*
*Д о н а у акалди.*
(«Н-мæ»)

7. *Дымгæ баниуы*
*Кæмтты, сау кæмтты,*
*Уынгтæ амæрзы,*
*Х о р з н æ у æ г ч ы н д з а у.*

8. *Ф а т а у баныхсы*
*Уый фæлмæн риуы.*
*К а л м а у атыхсы*
*Уайтагъд зæрдæйыл.*
(«Фæззæг»)

9. *Дымгæ рудзгуытæ ныххойы.*
*Куы ныххуды, куы нынниуы,*
*Хатгай зарынмæ фæвæййы,*
*Куыд æ м д ы х х о с д з æ у т т æ з и у ы,*
*Йе, к у ы д з а у, нæ кæрты срæйы,*
*Мидæмæ лæбуры, тоны.*
(«Цæстытыл хуыссæг нæ хæцы...»)

10. *Хох. Бæрзонд хох. Рындзы тигъыл*
*Бадын, ц а в д д у р ы х у ы з æ н.*
(«Рындзыл»)

Ацы абарстытæ поэты сфæлдыстадмæ фольклорæй кæй цыдысты, ома адæмæй сæ кæй иста, уый зын фæхатæн нæу. Сау цæстытæ – сау фæрдгуытæ, даргъ æрфгуытæ – сынты базыртæ, риуы фатау аныхсын, зæрдæйыл калмау атыхсын – уыдæттæ адæмон сфæлдыстады уайтагъд ацахсдзæн дæ цæст. Фæлæ сæйраг, куыд сæ сарæхсдзынæ спайда кæнынмæ, уый у. Нигер та, Ардасенты Хадзыбатыры

загъдау, уыд: «…крупный художник и литературовед, педагог и переводчик, общественный деятель и публицист».[1] Æмæ, куыд уынæм, афтæмæй сæ Нигер арæхст аивæй ранывæндынмæ. Уый нæ, фæлæ хъуыды кодта бынтон оригиналон аив абарстытæ:

*11. Уæлартыл æхсыр дæр аджы*
*Б а й д ы д т а ф у р д а у г у ы л ф - г у ы л ф.*

(«Фыййау»)

*12. Æз нæ хастон къæлæт, æз нæ уыдтæн цагъар,*
*Æз сæрибар мæ у д ы й а с уарзтон.*

(«Æз нæ хастон къæлæт...»)

*13. Чидæр бавдæлди – мæ галы*
*Бахордта с æ н ы к к а у.*

(«Хохаг лæг сахары, кæнæ «Æз поэт дæн!»)

*14. С а у г æ д ы й а у дæ йæ ныхтæ*
*Цард куы ныссадза, тæрсын...*

(«Азæмæ»)

Уыдонæй дарддæр ис æппæрццæг абарстытæ дæр. Æппæрццæг абарстыты исты кæимæ барынц, уый нæ уæлдæр кæнынц, фæлæ йыл хæцынц дæлæмæ. Цæмæй, йемæ йын кæй барынц, уый разына хуыздæр.

Ахæм абарстытæм нæ литературæ æмхиц нæу. Фæлæ сыл уæддæр Нигермæ æмбæлæм арæх:

*1. Уый хъæды к ъ æ р н ы х т æ нæ бадынц,*
*Йе с у г д з а у не ‘ндзары, мыййаг, –*
*Цæхæрцæст фæсивæд æд уадындз*
*Сæрибар агурынц сæ фаг.*

(«Мулдар»)

*2. Цы сты, цы, Н а р т æ!*
*Цы уыди Н а р т æ м?*

[1] Авторты коллектив. Очерк истории осетинской советской литературы. Владикавказ, 1967, 165-æм фарс.

*Хуыздæр цæмæй уыд*
*Æ х с æ р т æ г к а т æ н*
*Сæ хæдзар, цæй-ма?!*
*Сылтаныхъ... Марадз*
*Æппæлæнт Н а р т æ*
*Сæ З и л а х а р æ й ...*
*Цы нæры дардыл*
*Сæ кой ныр Н а р т æ н?!*
*Æндæр у рæстæг:*
*Мæ бон у абон!*

(«Бадилон симд»)

3. *Дæлæ комы хæрæ мигъ фæзынди,*
*Æмæ арв нынниæрыд, арв ныртгтывта,*
*Судзгæ цæхæртæ зæхмæ куы кæлы,*
*Зæхх ныррызти, зæхх нынкъуысти, уæдæ.*

*Уый хæрæ мигъ куынæ у, хæрæ мигъ,*
*Уый арв куынæ нæры мигъты 'хсæнæй,*
*Уый арвы 'рттывд куы нæу, арвы 'рттывд,*
*Æмæ арвы цæхæртæ куынæ сты, –*

*Уый нæм залиаг калм æрбабыры,*
*Залиаг калм Германы бæстæй,*
*Авдсæрон маргхæссæг залиаг калм,*
*Хæлбурцъыгæнгæ, хæлбурцъыгæнгæ, уæдæ.*

(«Германы хæсты зарæг»)

Уыимæ ма фæстаг абарст у дывæлдах абарст дæр. Поэтмæ фаг нæ фæкасти, фашизм æрмæст хæрæ мигъимæ кæй абарста, арв кæй нæрыд мигъты 'хсæнæй, судзгæ цæхæртæ зæхмæ кæй калы, зæхх кæй ризы æмæ æнкъуысы. Уый тыххæй йæ фæкарздæр кодта – «Уый хæрæ мигъ куынæ у, хæрæ мигъ», «Уый нæм залиаг калм æрбабыры». Уымæй дæр – «Авдсæрон маргхæссæг залиаг калм, Хæлбурцъыгæнгæ, хæлбурцъыгæнгæ, уæдæ».

Абарстытæ бирæ æмæ алыхуызæттæ сты. Нигер дæр бирæ алыхуызон абарстытæй пайда кодта. Уым цыма уадиссагæй ницы ис. Диссаг цы у: ис æм ахæм стыр скъуыддзæгтæ кæнæ

æмдзæвгæтæ, æнæхъæнæй абарстытæй – цаутæ абарстыты хуызы дæлгоммæдзурæгау кæм кæны. Æркæсæм æмдзæвгæ «Зæрдæ, мæ тарф зæрдæ»-мæ:

*Зæрдæ, мæ тарф зæрдæ,*
*Сау фæнык фестдзæни,*
*Фæлæ дзы норст уыдзæн,*
*Зонут, сырх-сырхид зынг.*

*Куывды куы рабадат,*
*Фæнык-иу базмæнтут:*
*Уыцы зынг расхъиудзæн,*
*Артæн уын бабæздзæн.*
*Иунæг зынг цас лæууы –*
*Фестдзæн æртхутджытæ...*
*Фæлæ арт анхъæвздзæн,*
*Пиллон ыскалдзæни...*

*Тавынæй, судзынæй –*
*Артæн циу хъауджыдæр?!*
*Зарæг уа, хъарæг уа –*
*Ист'-иу мыл ракæнут!..*

Лирикон хъайтары зæрдæ фæныкау кæй ныууыдзæнис, фæлæ ма дзы норст зынджытау кæй æрттивдзысты уæддæр цыдæртæ, уый афтæ равдыста, æмæ йæ абарстытæ ахызтысты символикон ныхасмæ. Афтæ дæсны уыд нæ поэт аивадон амæлттæй пайда кæнынмæ.

* * *

Аивадон уацмыс кæсгæйæ чиныгкæсæг цæмæй чиныгæй ма иппæрд кæна, уый тыххæй бирæ мадзæлттæ ис, аивадон мадзæлттæ. Чиныгкæсæг æй хатгæ дæр нæ фæкæны, афтæмæй йæ автор ныббæтты уацмысмæ. Фæкæны йæ иу рæнхъæй иннæмæ.

Фæлæ уал иу ныхас.

Уыцы аивадон амæлттæ æрмæст уый тыххæй нæ вæййынц, æмæ чиныгкæсæджы дæ фæдыл сайай. Чиныг бакæсын кæй нæ фæнды, уый цыфæнды ма расай-басай кæн,

уæддæр æй аппардзæнис. Фæлæ, уацмыс æхсызгонæй кæса æви зивæггæнгæ, уый авторыл баст у. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ уацмысæй.

Æмæ, цæмæй чиныгкæсæг уацмысы хъуыдыйæ ма фæиппæрд уа, уымæй йæ чи хъахъхъæны, уацмысы æвзаг эмоционалон чи кæны æмæ хъайтары зæрдæйы уаг бæлвырдбæрæгдæрæй чи 'вдисы, уыцы ахсджиаг аивадон амæлттæй иу у æ в а с т х ъ æ р.

Нигер фыста: «Иу хицæн фæзилæн ис Къостамæ, ирон поэзийы æппындæр чи нæ ис, кæнæ дзы арæх чи нæ ис, ахæм. Мæнмæ гæсгæ дзы уырыссаг поэзийы дæр Къостайы хуызæн ничи пайда кодта æмæ кæны. Уый у æвастхъæр».[1]

Ацы миниуæг Къостамæ Нигерæй раздæр ничи рахатыд. Æмæ уый æнæнхъæлæджы нæ уыд. Нигеры уацмыстæ лæмбынæг чи кæса, уый афтæ ницæй тыххæй зæгъдзæнис, йæ поэзийæн ацы аивадон амал æцæгæлон уыдис, зæгъгæ. Адæймаг искæмæ, йæхимæ цы миниуджытæ ис, уыдон æнцондæрæй фæхаты. Афтæ мæм кæсы, цыма Нигер йæхæдæг йæ уацмысты тынг арæх пайда кодта æвастхъæрæй. Къостамæ дæр ыл уымæн тагъд æрхæцыд йæ цæст.

Æвастхъæртæ Нигермæ, чи зоны, æгæр бирæ дæр сты. Æниу, хорзæй бирæ нæ вæййы. Поэт сæ афтæ аив пайда кæны, æмæ сæ иу иннæйы никуы фæхъыгдары. Сисæм дзы иукъорд æвастхъæры – æндæр æмæ æндæрхуызон æвастхъæртæ:

*1. Уый фæстæ срæвдз кодтон, **гъæйтт-мардзæ**,*
*схъæл цæвæг!*
(«Фæллойгæнæг»)

*2. **О**, гыцци, **о**, гыцци, 'нæ цæстылхæцæгæй*
*Мæнæ æдзардæй мæлын!*
(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

*3. **Гъæйтт**, тохмæ, фæсивæд, хъæлдзæгæй!*
(«Фæлидзон, – мæхицæн фæзæгъын...»)

[1] Н и г е р. Т.3, 284-æм фарс.

*4. **Гъей-джиди**, искуы мæ сæрæн куы суаин!*

(«Тæхуды...»)

*5. Усыл абон дæр æвдисæн*
*Алы уд кæны,*
*Æмæ хъæлдзæгæй йæхицæн,*
***Гъæйдæ-гъа**, цæры.*

(«Аргъау»)

*6. **Гъе**, уым-иу мæ баныгæн арфдæр,*
*Куыд зына мæ сау ингæн Нармæ...*

(«Фæдзæхст»)

*7. **Йе**, хъустæ кæуыл ис, уый никуы фехъуыста,*
*Цы дзырдта рæсугъдæй мæ размæ фæтæг?*

(«Цы дзурон?»)

*8. **Цæй**, фæзын мæм, кæм дæ!*

(«Бон фæмынæг кæны»)

*9. **Ау**, æмæ нал зоныс Хетæджы Къостайы?!.*

(«Цымæ цы дзуры уый ныхасы зæронд лæг?»)

*10. **Гъæй**, цы ми кæнут, цы, ам...*

(«Гъæй, цы ми кæнут, цы, ам...»)

*11. Катай фæмынæг, мæ зæрдæ фæцырд ис.*
*Дзуры мæ риуæй: **«Гъæйтт,***
***гъæйтт-мардзæ**, размæ!»*

(«Хидыл»)

*12. **Уæ**, тагъддæр-ма, уазал,*
*Ды зæххы нылвас!*

(«Дуртæ»)

*13. ... **Ах**!*
*Цы мæгуыр у пигмей!..*

(«Нæ тæрсын æз»)

14. *Бон фæтынг ис, хур кæсы,*
***Ой-дæ, ори-ра!***

(«Лæппуйы зарæг»)

15. *Æлдарыл абон*
*Ыскодта сау бон.*
***О, рæйдæ, рæйдæ!***

(«Æндæр Хъуыбады»)

16. *Мæлæт – дурзæрдæ,*
***Ой**, дæлдзæх фæуа...*

(«Фыдохы бон»)

17. ***Оххай-гъе**, цы ‘руадтæ русыл,*
*Судзгæ ‘ртах, мæ цæстæй!..*

(«Амыр ис заргæ зæрдæ»)

18. *Зырзыраг фестыс æмæ ‘ртасыс*
*Гыццыл уæлдæфæй дæр.* ***Уæуууæй! Уæуууæй!..***

19. ***Дæдæй! Дæдæй!** Куы разынай, – мæ боныл! –*
*Дæ фарнæй дæр ды ахæм.* ***Ой, æллæх!***

(«11-æм декабыр, 1939 аз»)

20. *Уадултыл халас æвæрын куы байдыдта –*
***Оххай**, цы ма кæнон, цы!..*

21. *Хъазинаг уын куы суон,* ***о** мæ буц бындартæ, –*
***Гъæй-йæй**, цы кæндзынæн уæд!*

(«Уадултыл халас æвæрын куы байдыдта...»)

22. ***Ой-джиди**, гыцци, дыккаг мард дын акæнон,*
*Кæннод кæд ферох уыдзæн*
*Де ‘фхæрд, нæ бæсты ‘фхæрд, не ‘дзард*
*фæлтæрты сæфт*
*Ме ‘мхуызон мæрдты æхсæн!..*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

*23.* ***Æйтт****, лæппутæ! Уæ хаст бæхты*
*Хорæй афсадут...*

(«Сидт»)

*24.* ***Гъæйтт-ма****, уæдæ, нæртон симдæй,*
*Нæртон симдæй æрсимæм.*

(«Симыны зард»)

*25. Фæлæ ...* ***уæу-уæй****, уæддæр куыд бары,*
*Цагъарæй чи ‘рвиты йæ цард!*

(«Мулдар»)

*26. Зонын, арæх вæййы царды, арæх,* ***ай-гъай****.*

(«Æз нæ хастон къæлæт...»)

*27. Дыккаг бон изæрæй,*
***Адæ-гъа****, куыддæртæй,*
*Тард куыдзæй фыддæртæй*
*Ам уыдтæн, мæ хур.*

(«Терчы цур»)

Кæрæдзи чи нæ фæлхат кæны, ахæм æвастхъæртæ бирæ æрхастам. Фæлæ нæ поэты сфæлдыстады уыдоныл нæ фæуд кæнынц. Уым бирæ фылдæр сты. Стæй, æндæр æмæ æндæр уавæрты фæлхат чи цæуы, уыдон дæр.

Нæ бон фидарæй зæгъын у: Нигер нывæфтыд литературæйы æвастхъæрæн стыр нысаниуæг лæвæрдта. Æууæндыд ын йæ тыхыл. Йæ уацмыстæм сæ хаста, куыд ахсджиаг аивадон амал, афтæ.

* * *

Фыссæгæн йæхи, стæй йæ хъайтарты ныхасы уаг баст вæййы уацмысы цаутыл. Уæлдайдæр, уыцы уацмыс поэтикон куы уа, уæд. Афтæмæй хъуыддаг дæр, хъайтарты зæрдæты уаг дæр хуыздæр æмбæлы чиныгкæсджытыл.

Уыцы миниуæгæн стыр аргъ кодта Нигер. Цас ахадыдта, уый йын нымад уыд. Æмæ йын алы хатт дæр агуырдта поэтикон амæлттæ. Куыддæр сабыр интонацийæ ахизы (уый вæййы арæх), афтæ, уацмысы дзырд цы цауыл фæцæуы,

уыдонмæ гæсгæ райдайы ивын йæ хъæлæсы уаг. Йæ фарстытæ, йæ дзуаппытæ, æмткæй йе 'взаг йæ алыхуызон фæзилæнтимæ свæййы, хъуытазау, зæлланггæнаг.

Уымæн, ома йе 'взаг кæй зæлы, уымæн ын æххуыс кæнынц, литературон æвзаджы цы бирæ аивадон амæлттæ ис æмæ Нигер кæмæй пайда кодта, уыдон. Коммæгæс ын уыдысты рæсугъд риторикон фарстытæ æмæ здæхтытæ, цъæхснаг риторикон фæхъæртæ.

Хицæнтæй сæм æркæсæм.

1. Р и т о р и к о н ф а р с т. Ацы аивадон амал иууыл тынгдæр æмбæлы поэзийы.

Дзурæг йæ хъуыдытæ фергом кæны фарстыты хуызы. Фæлæ уыцы фарстытæ дзуаппытæ нæ фæдомынц. Æрмæст эмоционалондæр, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, рæсугъддæр кæнынц поэтикон ныхас.

Нигер хорз зыдта сæ уыцы миниуæг, сæ ахадындзинад; зыдта, аивад сæйраджы кæдæм здæхт хъуамæ уа, уый, æмæиу сæ уыцы цæф ныккодта зæрдæ:

*1. Кæм, кæцы ран дæн?*
*Чи ис м' алыфарс?*
*Куыд, цы бакæнон?..*

(«Сырхæфсæддон дзурдзæн»)

*2. Де ссад авгæдтай. Цы фаг у?!*
*Фæлгæтæг дæр ма сæрфыс...*

(«Гыцци»)

*3. Сæнттæ цæгъдын, сæрæй.*
*Уæдæ цы, цæй, æндæр?*
*Кæдæм хъуысы мæ хъæр!*
*Кæдæм, кæдæм?*

(«У фадат – аразæг!..»)

*4. Кæй уыдзæн дæ зæрдæ, дæ къух,*
*Дæ сау цæст кæмæ-иу кæсдзæн?*

(«Кæй уыдзæн дæ зæрдæ...»)

*5. Куыд æнцад уыд зæрдæ, куыд хорз уыд мæ удæн!..*
*Цæмæн ма райхъал дæн, цæмæннæ амардтæн*
*æз уыцы рухс бæсты?*

(«Сæнтты бæсты»)

*6. Уыд тых, хъару:*
*Мæ зæрдæ та – сырх зынг.*
*Фæлæ ... Цы, цæй?!*
*Фæндтæ ... Фæндтæ кæй хъæуынц?*

(«Цæуы мæ цард...»)

*7. Цымæ, ныр та кæй рад у,*
*Кæмæ бауасыд халон?..*

(«Цымæ, ныр та кæй рад у...»)

II. Р и т о р и к о н з д æ х т. Ацы аивадон амалы фæрцы дзурæг кæд æцæгдæр йæ ныхас кæмæдæр кæнæ цæмæдæр фездахы, уæддæр уый вæййы кæнгæ хуызы. Фæлæ уыйхыгъд ныхасæн фæдæтты цины, фыдохы, иронийы кæнæ æндæр исты ахæм хуыз.

*1. Бонæй, æхсæвæй,*
*Буцæй, фыддзæфæй*
*Нæу мæнæй рох*
*Райгуырæн хох.*

(«Уарзын дæ, хох!..»)

*2. «О, æгас нæм цæуай, Май!*
*О, Май, мæйы сæр фæуай!*

(«О, æгас нæм цæуай, Май!»)

*3. «Зæрдæ, фæливæг дæ, зæрдæ, бийæг дæ,*
*Зæрдæ, ды галиумæ зилыс мæныл.*

(«Зæрдæ, фæливæг дæ...»)

*4. Кæс, æркæс нæм, хур;*
*Тав нæ, батав нæ...*

(«Уалдзæг»)

5. *Уæ, мæ уарзон зæхх,*
*Уæ, мæ ныййарæг,*
*Уæ, мæ уромæг,*
*Уæ, мæ цæсты рухс, —*

*Ма тæрс мæнгæрдтæй,*
*Ма тæрс куыйдзыхтæй!..*
*Лæуу æндон хохау!*
*Цæв фыдызнаджы!*

(«Багъæц, ба!»)

III. Риторикон фæхъæр. Ацы аивадон амалы фæрцы ныхас фæхъæр кæныны хуызы афтæ арæзт æрцæуы, æмæ дзы æрмæст йæ эмоционалондзинад нæ разыны, фæлæ йæ поэтикон уæлтæмæн дæр.

1. *Дун-дунейы фарн*
*Дæуыл рахатти,*
*Æмæ разынди,*
*Кæс, дæ сау ингæн!*

(«Багъæц, ба!»)

2. *Хæрз фидар у сау Томы царм!*
*Фæци та уый йæ зылд...*

(«Хосдзау»)

3. *Бонмæ фæхуыссы дæлгоммæ,*
*Сусæг хъæрзт риуæй фæхъуысы,*
*Ингæн фæлæууы æнцад...*
*Марадз, ма, бакæса коммæ!*

(«Фыййау»)

4. *Хуыцау, зæгъгæ, фæкæнынц.*
*Зæронд цыдæр... Кæй хъæуы уый та!*

5. *Тыгъд æмæ Афон.*
*Æцæг ысты гъеуыдон, гъеуыдонæй мын зæгъ!*

(«Æнкъард дæн æз...»)

Ӕртӕ хуызы, ӕртӕ аивадон амалӕн дӕр – риторикон фарст, риторикон здӕхт, риторикон фӕхъӕрӕн Нигер поэзийы стыр аргъ кодта. Уыцы хъуыдыйӕн иууыл хуыздӕр ӕвдисӕнтӕ сты йе 'мдзӕвгӕтӕ ӕмӕ кадджытӕ. Стӕй ӕмткӕй йе сфӕлдыстад. Куы сӕм ӕркӕсӕм, уӕд ӕм стӕм уацмыс разындзӕнис, ацы аивадон амӕлттӕй кӕм не спайда кодта. Йӕ зӕрдӕйы ӕнкъарӕнтӕ ӕмӕ уыимӕ йӕ хъайтары зӕрдӕйы ӕнкъарӕнтӕ аивадон хуызы раргом кӕнын, чиныгкӕсӕгӕн ӕй хуыздӕр бамбарын кӕнынӕн ын ацы амӕлттӕ йӕ къух арӕзтой, йӕхи куыд фӕндыди, афтӕ. Уымӕн сыл ӕнувыд уыд.

* * *

Арӕх вӕййы афтӕ: аивады кусӕджы бӕлвырд уацмыс фысгӕйӕ бахъӕуы аивады цахӕмдӕр фӕзилӕнӕй спайда кӕнын. Уымӕ йӕ ӕркӕны кӕнӕ деталь, кӕнӕ цау, кӕнӕ ӕвзаджы хиад, кӕнӕ сюжет, кӕнӕ фӕлгонц... Аивад аразынӕн ӕфсон нӕ хъӕуы. Нӕдӕр – йӕ аивтӕ агурынӕн. Мӕн фӕнды хуымӕтӕджы хъуыды зӕгъын. Иу уацмысы цыдӕр аивадон амалӕй куы спайда кӕнӕм, уӕд нӕ фылдӕр хатт ӕндӕр уацмыстӕ фӕлдисгӕйӕ айрох вӕййы. Фӕлӕ алы аивадон амал афтӕ нӕу. Иу кӕнӕ дзы иннӕ авторӕн кӕцыдӕр фӕадджындӕр вӕййы, ӕмӕ уыцы аивадон амал йе сфӕлдыстадон куысты свӕййы йе 'мбӕлццон.

Нигеры ӕнкъараг, хъынцъымгӕнаг ӕмӕ риссаг удмӕ хӕстӕгдӕр цы аивадон амӕлттӕ уыдысты, уыдонӕй иу уыд а н а ф о р ӕ.

Ацы аивадон фӕрӕз фыццаг бакастӕй цыма цӕсты уыйбӕрц тынг нӕ ахады, фӕлӕ йӕ нысаниуӕг стыр у.

Автор уацмысы дыууӕ, ӕртӕ кӕнӕ та фылдӕр дзырды йе та рӕнхъы фӕхицӕн кӕны. Рӕнхъытӕ кӕнӕ та сӕ строфатӕ иухуызон бынӕтты февӕры, кӕнӕ та рӕнхъыты ӕмхуызон бынӕтты лӕууӕг дзырдтӕ фӕкӕнынц ӕмзӕлланг, ӕмӕ сӕм уый тыххӕй чиныгкӕсӕджы хъусдард аздӕхы тынгдӕр.

Гъемӕ, Нигеры поэзимӕ лӕмбынӕг ӕркӕсгӕйӕ, адӕймаг ӕнӕрахатгӕ нӕ фӕуыдзӕнис, ацы аивадон амалыл нӕ поэт ӕнувыд кӕй уыд. Йӕ зӕрдӕйы рыст-иу уый фӕрцы, цыма, ӕнцондӕрӕй ралӕмӕрста, ӕмӕ та-иу ӕй ног уацмыс

фæлдисгæйæ садджын кодта йæ удæн. Уыимæ сæ пайда кодта бæрц æмæ аивæй.

Поэты сфæлдыстады æмбæлæм цалдæр хуызы анафорæтыл:

1. Лексикон анафорæ.
2. Строфайон анафорæ.
3. Зæлон анафорæ.
4. Синтаксисон анафорæ.

Хицæнтæй сæм æркæсæм чысыл лæмбынæгдæр.

I. Лексикон анафорæ. Ацы анафорæтæ литературæйы сты иууыл зындгонддæр. Иу, дыууæ кæнæ та фылдæр дзырды йе та дзырдбасты фæлхат кæнынц поэтикон рæнхъыты кæцыдæр бæлвырд бынæтты:

*1. Дымгæ нынниуы, æххормаг бирæгъау,*
*Дымгæ ныррæйы куырм сау куыдзы рæйдæй,*
*Дымгæ къуыззитгæнгæ кæмтты куы зары,*
*Дымгæ рæдувы бæрзонд хохы къæйтæ!*

*2. Арф-арфид фурдмæ — ныр уымæн йæ арæзт,*
*Арф-арфид денджыз — ныр уымæн йæ фысым.*

(«Хидыл»)

Цæвиттонты уынæм анафорæтæ. Иугай дзырдтæй арæзт анафорæтæ лæууынц поэтикон рæнхъыты райдайæнты. Фæлæ Нигер поэтикон рæнхъыты райдайæнты пайда кæны дыгай, æртыгай кæнæ фылдæр дзырдтæй арæзт анафорæтæй дæр:

*1. Ракæс, ракæс-ма дæ цæстæй,*
*Ракæс, мауал у æнкъард!*
*Фен, куыд аивта нæ бæстæ!*
*Фен, куыд фендæр ис нæ цард!*

(«Гыцци»)

*2. Бауарзтон рагæй нæ сæнары фæздæг,*
*Бауарзтон рагæй нæ уазал цъæх фæззæг,*
*Бауарзтон Къасарагомы цæуджыты,*
*Бауарзтон ноджы нæ хæлд æрчъиджынты...*

(«Ард дын хæрын...»)

*3. Цом, цом ингæнмæ, мæ тыхст сæр!..*
*Цом, цом ингæнмæ, мæ зæрдæ!*
*Ам ныл аудæг нæ уыди.*

(«Иуæй иннæ бон – уырыддæр...»)

*4. Ард дын хæрын æз нæ Ирæй, нæ бæстæй,*
*Ард дын хæрын æз нæ цъитиджын хæхтæй,*
*Ард дын хæрын æз нæ бæсты дауджытæй,*
*Ард дын хæрын æз нæ фыдæлты стджытæй,*
*Ард дын хæрын æз нæ фæтæджы цыртæй,*
*Ард дын хæрын æз йæ фæдзæхстгонд дзырдæй,*
*Ард дын хæрын æз нæ Хетæджы дзуарæй.*

(«Ард дын хæрын...»)

Къæрцхъус чиныгкæсæг фæхатыдаид, иугай дзырдтæй арæзт анафорæты тыххæй цæвиттонтæ куы хастам, уæд дыккаджы поэтикон рæнхъыты астæу дæр кæй ис анафорæтæ: «Ныр уымæн йæ...». Æмæ раст у.

Æмткæй поэтикон рæнхъыты астæу стæм хатт вæййы анафорæтæ, фæлæ сыл æмбæлæм Нигеры сфæлдыстады:

*1. Зындонмæ ч и здæхы барæй йæхæдæг,*
*Хи къахæй ч и цæуы ингæны хуылфмæ?*

(«Хидыл»)

*2. Уæ, аскъуыйа, у а с т æ н, мæ зæрдæ,*
*Уæ, атъæпп уа, у а с т æ н, мæ сæр,*
*Мæ ныгæнæг, ме ‘хсар кæстæртæ,*
*Куынæуал уын хъусын уæ хъæр!*

(«Бон хурмæ нæ тæфсын уæ рисæй...»)

*3. Куы скæсы хур,*
*к у ы ‘рнывæнды йæ тынтæ,*
*Уæд дæр дæ хуыз*
*к у ы фæзыны сæ хæлтты,*
*Æмæ уæд дард*
*к у ы алидзынц мæ зынтæ,*

*Мæ сæнттæ мæ*
*к у ы ахæссынц уæлæрвты;*
*Æмæ уæд цард*
*к у ы фæвæййы мæ хай...*

(«Хæсты быдырæй»)

Ацы бæрц цæвиттонтæй дæр бæрæг у, анафорæтæ поэтикон рæнхъыты куыд алыхуызætты æвæрдта Нигер, куыд сæ пайда кодта.

Поэт анафорæйæ арæх пайда кодта поэтикон рæнхъыты кæрон дæр. Анафорæйон дзырдтæ кæд фæстагмæ фæдзырдæуы, уæддæр сыл ахæм уæз æнцайы, æмæ сæм бар-æнæбары хъуамæ аздахай дæ цæстæнгас:

1. *Хъул-и у мын чи р а д т а? – А д æ м – м æ ф ы д.*
*Сгуы-и у мын чи р а д т а? – А д æ м – м æ ф ы д.*
*Аргъау мын чи кодта? – А д æ м – м æ м а д.*
*Гага мын чи хаста? – А д æ м – м æ м а д.*

(«Мæхицæй мæхимæ»)

2. *Дзуры мæм риуæй: «Гъæйтт, гъæйтт-мардзæ,*
*р а з м æ!»*
*Бæрзæй фæкъуырдта, æндон цъæтау, сæры.*
*Зæнгтæ, хъандзæлттау, куы фесхуыстой р а з м æ...*
*Гъæйтт, уæдæ, р а з м æ,*
*р а з м æ ‘мæ*
*р а з м æ!*

(«Хидыл»)

3. *Уыйхыгъд дын æз ахсæв*
*Къахдзынæн æ п п ы т æ,*
*Кæрдзыны æ п п ы т æ,*
*Хъæбæртæ та – мæн.*

(«Терчы цур»)

II. С т р о ф а й о н а н а ф о р æ. Ацы аивадон амалæй поэтикон уацмысы строфаты æмхуызон рæнхъытæ – строфайон анафорæтæй поэт пайда кæны бирæ уацмысты:

*О, ма тæрс, цъæх цъити, о, ма тæрс!*
*Дæ зæрдæмæ дзæгъæлы ма кæс.*
*Кæд хур дæм йæ гагуы ныццавта,*
*Уæддæр дын дæ уазал нæ байста.*
*Ды иууылдæр – уазал их, цъити,*
*Дæ иу къæртт дæр – цъити ‘мæ цъити!...*
*О, ма тæрс, цъæх цъити, о, ма тæрс,*
*Дæ тад ныр дæ зæрдæмæ ма хæсс!..*
*Дæ дон дын тæвд-зæрдæ ныуаздзæн,*
*Йæ дойны дзы судзгæ бон уадздзæн...*
*О, ма тæрс, цъæх цъити, о,ма тæрс!..*

(«Ма тæрс, цъæх цъити!..»)

Строфайон анафорæтæ ис æмдзæвгæтæ «Булæмæргъ», «Иронвæндаг», «Прометейы сынтæг», «Сывæллонмæ», «О, æгас нæм цæуай, Май», «Хæсты быдыры» æмæ æндæр уацмысты.

III. З æ л о н  а н а ф о р æ т æ. Зæлон анафорæты, ома поэтикон рæнхъыты æмхуызон бынæтты лæууæг дзырдты зæлтæ фæкæнынц æмзæлланг:

*1. Ф æ т æ р  т а, нырмæйау, цагъайраджы дуг,*
*Ц æ м æ й  т а  æркува дæ номмæ фыдгул!*

(«Тъепле»)

*3. Д а р д д æ р  мæ фæндаг, – нæ уынын, нæ хатын.*
*Т а г ъ д д æ р тæрхъусæй уæддæр у мæ зыввытт!*

(«Хидыл»)

*3. К æ д  æрцæуон ныгæд,*
*У æ д  мæ ингæнмæ ‘рцу.*

(«Мæнæ ам...»)

Поэзимæ бар чи дары, уыдонæй алчидæр зоны, æмрифмæгонд дзырдтæ поэтикон рæнхъыты кæрæтты æмзæлланг кæй фæкæнынц. Зонæм мидрифмæ дæр. Фæлæ ам æнæбафиппайгæ нæй, зæлон анафорæйæ пайда кæнгæйæ, Нигер нæ поэзийы кæй фидар кæны ноджыдæр иу ногдзинад – аразы разрифмæтæ. Рифмæ кæны поэтикон рæнхъыты раззаг дзырдтæ: «Фæлтæр та» – «Цæмæй та», «Дарддæр» – «Тагъддæр»; «Кæд» – «Уæд».

Фæлæ уый тыххæй чысыл лæмбынæгдæр зæгъдзыстæм, рифмæйы тыххæй дзырд куы цæуа, уæд.

IV. Синтаксисон анафорæ. Синтаксисон анафорæйы фæрцы дзырды нысаниуæг, йæ ахадындзинад фæарфдæр, фæвазыгджындæр вæййы:

*1. Æмæ кувгæ, табу æз нæ кодтон, мыййаг,*
*Бонджын, хъалæн, тыхджынæн, уый базон!*

(«Æз нæ хастон къæлæт...»)

*2. Æнæзивæгæй бæргæ цыд рухсмæ,*
*Бæргæ тырныдта ирон лæг цардмæ...*

(«Ирыстон»)

*3. О, буц хæдзаронтæ,*
*Фæрнджын хæдзаронтæ,*
*Ног азы арфæйæ*
*Бафсæдут амондæй!*

(«Ногбоны арфæтæ»)

* * *

Алы аивады кусæг дæр иу кæнæ иннæ аивадон амалмæ æмхицдæр кæй вæййы, уый зонæм. Нигеры размæ нæм кæд тынг стыр фысджытæ уыдис, уæддæр нæ поэзийы Нигеры размæ уый хуызæн ничи пайда кодта анафазийæ. Автор (кæнæ хъайтар) йæ хъуыды, йæ дзырд цæхгæр фæивы. Нигер дæр дзы арæхдæр пайда кæнын райдыдта йæ царды фæстаг азты. Уæлдайдæр, сæрибар формæйыл æмдзæвгæтæ фысгæйæ. Рифмæ кæм нæ арæзта, уыцы рæнхъытæ дæр зæлланг кæнын кодта уымæй, ома анафазийæ. Уый фæрцы йе 'мдзæвгæтæн лæвæрдта уæлдай эмоционалон тых:

*1. Мæ размæ чызг цыди хæрз цырд,*
*Йæ дарæс – урс, йæ цæсгом – ирд,*
*Йæ цæст ... зæгъон: «ыстъалы». Нæ!*
*Ыстъалы циу! Йæ цыд уыд сирд...*

(«Уыдис æхсæв...»)

*2. Бырсы, ыссæнды зонд,*
*мæ зонд, — лæджы зонд, — тыгъды размæ.*
*Фæлæ цы?!*
*Гоби ... гоби — нæ,*
*фæлæ мæ дзырд...*
*Нæ, нæ, фæкæнын дзургæ дæр*
*уæ фарсмæ,*
*мæ иубæстон адæм.*

*3. У фадат — аразæг!*
*Зындгонд у уый мæнæн.*
*О, о, зындгонд.*
*Зæгъын æй æз хъæрæй...*
*Хъæрæй... Кæй сайын ныр?*
*Цæмæн?*
*Хъæрæй...*
*Сæнттæ цæгъдын, сæрæй.*

(«У фадат — аразæг!»)

Ахæм ирд, зæллангæнаг, чиныгкæсæджы хъуыды йæхимæ чи аздахы, ахæм цæвиттонтæ цас сты поэты сфæлдыстады! Фæлæ, анафази куыд зыны йæ поэзийы, цы тых ын дæтты, уый бæрæг у ацы æртæ цыбыр скъуыддзагæй дæр.

* * *

Фыссæгæн уацмыс фысгæйæ йæ хæс у чиныгкæсæгыл хъуыды кæнын. Алы чиныгкæсæджы домæнтæ хынцын иу фыссæджы бон нæ бауыдзæнис. Уый гæнæн нæй. Уæд нæ иу фыссæгæй фылдæр нæ хъæуид. Алы уд йæхи бæллицтæй цæры. Фæлæ уæддæр алы фыссæг дæр фæтырны, цас гæнæн ис, уыйбæрц фылдæр чиныгкæсджыты хъусдард æрцахсынмæ.

Æндæр хабар у, уыцы хъуыддаг кæмæн куыд фефты йæ къухы. Дзырдаивадæн йæ ном йæ уæлæ ис. Дæ дзуринæгтæ хъуамæ аив снывæндай, æмæ дæм хъусæг уа!

Нæ поэт уыдæттæ тынг хорз зыдта. Зыдта, æмæ сæм йæ уацмысты йæ хъус дардта лæмбынæг. Нигер, цæмæй чиныгкæсæг ма фæлмæца æнæхъуаджы даргъ хъуыдытæй, уацмысы æвзаг уа æлвæст, фæлæ æнцонæмбарæн, уый тых-

хæй бирæ хæттыты хъуыдыйæдтæ арæзта иугай дзырдтæй. Афтæмæй уыцы аивадон амалы фæрцы разыны æмдзæвгæйы чем дæр:

*1. Асæст ... Ихæн ... Уад... Тымыгътæ*
*Сомбон, чи зоны, хæссы...*

(«Азæмæ»)

*2. Æхситт... къуыззитт...*
*Æмæ та, кæс, æмбырдæй –*
*Кæл-кæл, чыр-чыр, æвзыгъдæй хъултæ уилæм...*

(«Ызнон цыма уыд уый...»)

*3. Тар хъæд... Йæ бынты цыд дон.*
*Сатæг, рæууон дон, хæххон...*
*Дарæн. Йæ былыл – уæтæр...*
*Фыййæутты зарын, сæ хъæр...*

(«Нал ниудта – зарыди маргъ»)

Бирæ къæдзыгты бæсты æрæвæрæн ис тæпп кæнæ – тæппытæ, фæлæ афтæмæй дæр тынг хорз æвдисынц уацмысы змæлд, йæ уд. Поэт арæх æмдзæвгæйы хъуыдыйæдтæ фескъуыны зонгæ-зонын. Фæлæ йæ афтæ аразы, æмæ уацмысы хъуыды нæ сæфы. Уый – нæ, свæййы ноджы цымыдисондæр, зæрдæскъæфтдæр. Стæй – рæсугъддæр:

*1. Нæй амардæн хостæ, нæй асастæн хос!*
*Кæд байзæддаг искуы æрфæрса, – зæгъдзынæн:*
*«Баба афтæ царди, ныссæфти æд фос!..»*
*Ды аззадтæ фале... Ыздæхын фæстæмæ...*

(«Фæстаг хъæбыс»)

*2. Мæ риуы – арт, æндон мыртæ – мæ хъуыры.*
*Мæ сæры та... Цæй, ма мæ фæрс фæлтау.*

(«Æнкъард дæн æз...»)

*3. Ысдзырдтам нæ мыздыл, æрцыдис нæм тох,*
*Æмæ... Нæ, нæ уыдзæн уый никæддæр рох!*

(Кончитæ Мало»)

* * *

Нигеры поэзийы бирæ хæдхуыз миниуджытæ ис. Сæ иу у, фæрсæг дæр æмæ дзуапдæттæг дæр лирикон хъайтар йæхæдæг куы вæййы. Æркæсæм дзы цалдæр цæвиттонмæ:

1. *Цымæ цы 'рсырдта нæ хоты,*
*Цымæ цы сæмбæлд сыл абон?*
*Чи та æфснайы йæ сонты,*
*Чи та нæ фиды йæ хъалон?*

*Уый, – бæлвырд, – рындзыл æргъæвсæг*
*Райсомæй йе уæны касти,*
*Æмæ та уазал удхæссæг*
*Мæгуыры къуыммæ фæраст и...*

(«Марды хъæр»)

2. *Цымæ цы дзуры уый ныхасы зæронд лæг?*
*Цымæ кæй кой кæны кæстæртæн, лæппутæн?*
*Цымæ кæй хъарæг хъуыст мæрдадзы адæмыл?*
*Цымæ кæй зарджытæ дзурынц уый фыййæуттæ?*
*Цымæ кæй ныхæстæ фæзмынц уый сабитæ?*
*Цымæ кæй сагъæстæ мысынц нæ чызджытæ?*
*– Ау, æмæ нал зоныс Хетæджы Къостайы?!*
. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
*Бавдæл ды, бафæрс хох, комæн йæ уддзæфы, –*
*Уый дын фæдзурдзæни, чи уыди нæртон гуырд.*
*Дидинæджы хъусы ссар ды сæууон æртæх, –*
*Уый дын йæ сурæт дæ цæсты раз авæрдзæн.*
*Науæд, цæй, сæфтау мæ зæрдæ цыргъ хъамайæ, –*
*Разындзæн, бауæнд, Орфей уым æнæмæнгæй!..*

(«Цымæ цы дзуры уый ныхасы зæронд лæг?»)

3. *Чи у, чи цæры уæлхохы,*
*Хур кæмæ дары йæ цæст?*
*Уый нæртон лæг к' у 'мæ тохы*
*Сырдтау нал кæны йæ хæст!*

(«Чи у, чи цæры уæлхохы...»)

Куыд уынæм, афтæмæй ацы цæвиттонтæ æгасæй дæр фыст сты фарстытæ æмæ дзуаппыты формæйыл. Нигер уыцы аивадон амалæй бирæ уацмысты пайда кæны. Нæ ли-

тературæйæн уый æцæгæлон нæу. Цæугæ та адæмон сфæлдыстадæй кæны. Фæлæ адæмон сфæлдыстады фылдæр хатт, растдæр зæгъгæйæ та, бынтон стæм хаттæй дарддæр æндæр хуызы вæййы: фарст – дзуапп, фарст – дзуапп... Зæгъæм:

*– Уæлæ халон фæтæхы,*
*Дзедз æмæ дзедз.*
*– Йæ дзыхы та цы хæссы?*
*Дзедз æмæ дзедз.*
*– Йæ дзыхы та – хъæмпы хал.*
*Дзедз æмæ дзедз.*
*– Хъæмпы халæй цы кæны?*
*Дзедз æмæ дзедз.*
*– Ахстæттæ дзы ыскæна.*
*Дзедз æмæ дзедз...*

Фарст – дзуапп, фарст – дзуапп, – ахæм хуызы стæм хатт вæййынц Нигермæ. Фæлæ йæм уæддæр сты. Уыимæ – æлвæст, зырнæй зылды хуызæн хъуыдыйæдтимæ:

*Хъул-иу мын чи радта? – Адæм – мæ фыд.*
*Сгуы-иу мын чи радта? – Адæм – мæ фыд.*
*Аргъау мын чи кодта? – Адæм – мæ мад.*
*Гага мын чи хаста? – Адæм – мæ мад.*

(«Мæхицæй мæхимæ»)

* * *

Нигеры поэзийы аккаг бынат ис а л л е г о р и й æ н – конкретон хъуыддаг, чи цæуы кæнæ чи æрцыд, уыцы хъуыддаг цæмæй чиныгкæсæджы цæстытыл хуыздæр ауайа, уый тыххæй йæ абстрактон æмбарынадмæ ахæссы. Афтæмæй базонæм æрцæуугæ цау йе 'ппæт фæстиуджытимæ.

Ацы аивадон амалæй куыд арæхстджынæй пайда кодта поэт, уымæн ирд æвдисæн у æмдзæвгæ «Германы хæсты зарæг». Фашизм нæм куы 'рбацыд, йæ фæстæ туджы леуахитæ куыд уагъта, афтæмæй куыд æфсæрста размæ, уый тыххæй аллегорийæ мæнæ куыд пайда кæны поэт:

*Дæлæ комы хæрæмигъ фæзынди,*
*Æмæ арв ныннæрыд, арв нырттывта,*
*Судзгæ цæхæртæ зæхмæ куы кæлы,*
*Зæхх ныррызти, зæхх нынкъуысти, уæдæ.*

Стæй хæрæ мигъы фæзынд дæр, арвы нæрд дæр, арвы æрттывд дæр, йæ судзгæ цæхæртæ зæхмæ куыд калы, зæхх куыд ныррызти, куыд нынкъуысти, уый дæр фагыл нæ банымадта поэт. Æрцæугæ фыд-диссаг нæм цæмæй тынгдæр бахъара, уый тыххæй ахызт «хæрæ мигъæй» ноджы стырдæр, æгъатырдæр æмæ æнæфсисдæр фыдбылызмæ:

*Уый нæм залиаг калм æрбабыры,*
*Залиаг калм Германы бæстæй,*
*Авдсæрон маргхæссæг залиаг калм,*
*Хæлбурцъгæнгæ, хæлбурцъгæнгæ, уæдæ.*

Уыцы «авдсæрон маргхæссæг залиаг калм» дæр хуымæтæджы бырдæй нæ быры, фæлæ «хæлбурцъгæнгæ»:

*Йæ комы тæф сау мигъау куы сбадти,*
*Йæ хъæлæсæй цæхæртæ куы калы.*
*Йæ сау дзæмбытæй хъæдтæ куы цæгъды,*
*Хæхтæ куы гæрды, хæхтæ куы халы.*

Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы æнахъинон хабæрттæ цы залиаг калм аразы, уый никæмæн ныххатыр кæндзæнис. Алкæй дæр, алцы дæр аныхъуырдзæнис. Уымæй хи фæтылифгæнæн, аирвæзæн нæй.

Аллегорийы фæрцы поэтæн уыцы хъуыддаг йæ къухы куы бафты, уæд ныфсджынæй уымæн ныккæны фæдисы хъæр:

*Ой! Фæдис, фæдис, Иры фæсивæд!*
*Ма йæ ‘рбауадзæм, ма йæ ‘рбауадзæм,*
*Кæннод нæ хæхтæ фæнык фестдзысты,*
*Нæ рæсугъд быдыртыл арт ысирвæздзæн.*

Нигер аллегорийæ куыд спайда кодта, афтæмæй уыцы фæдис, ай-гъай, фехъуысдзæнис алкæмæ дæр. Махмæ ма æнусы сæрты дæр хъуысы.

Уый у аивады фæрцы.

Аллегори куы басгуыха, уæд марды рабадын кæндзæн йæ сынтыл. Афтæмæй А. Квятковский раст дзуры, зæгъгæ, бæлвырд фæлгонцы бæсты аллегори ацахсы æрымысæггаг идейæ.[1]

Уыцы аивады фæрцы нын Нигер хæссы диссагæн чысыл Гуыйманы цуан. Автор, аллегорийæ пайда кæнгæйæ, диссæгтыл йæхæдæг дæр «мæлы дисæй»:

*О, мæнæ диссаг:*
*Куынæ ис бæстыл*
*Æппындæр асæст*
*Йе мигъы сау цъупп,—*
*Уæд арв куыд нæры,*
*Куыд нæры хохы?*
*Йæ цæхæр афтæ*
*Куыд кæлы рындзтыл?!*

Чиныгкæсæг дæр фæгæмæлхъус вæййы: кæд «Æппындæр асæст Йе мигъы сау цъупп» никуы ис, «Уæд арв куыд нæры? Йæ цæхæр афтæ Куыд кæлы рындзтыл?!» Фæлæ уайтагъд базонæм, уый поэт аллегорийæ пайда кæны. Æцæгæй та:

*Уый арв нæ нæры:*
*Фæлдахы сырдты*
*Йæ хъримагæй*
*Гуыйман, чысыл лæг...*

Уыимæ ноджыдæр базонæм, Нигер куыд уарзта ацы аивадон амал æмæ дзы куыд арæхстджынæй пайда кодта.

* * *

Нигеры поэзийы аивадон амæлттæ бирæ æмæ алыхуызон сты. Се ‘ппæт ын кæд характерон нæ вæййынц кæронмæ, уæддæр баззайынц адæймаджы зæрдæйы.

А н т и т е з æ й æ — ныхæй-ныхмæ æвæрынæй — «Бадилон симд»-ы иу хуызы мæнæ куыд пайда кæны:

---

[1] К в я т к о в с к и й А. Поэтический словарь. М., 1966, 16-æм фарс.

*Уæлейæ бады*
*Сафар, сæ хистæр*
*Хъуыбаттæн, бакæс.*
*Б æ м б æ г у й е ‘в з а г,*
*С ы н д з т а – й æ з æ р д æ.*

Афтæмæй ацы аивадон амалы фæрцы автор равдисы цалдæр дзырдæй, æргомæй худгæ чи кæны, фæсвæдæй та нуæрттæ чи лыг кæны, ахæм адæймаджы фæлгонц. Æмæ нæ ноджыдæр бауырны апойнаг æмбисонд æмæ поэт Хъодзаты Æхсары æмдзæвгæйы рæстдзинад: «...нæ вæййы раст ныхас рæсугъд, рæсугъд ныхас нæ вæййы раст».[1]

Поэт «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»-ы дæр афтæ ныв кæны хæлæг, саузæрдæ адæймаг Гæдойы фæлгонц:

*Сыгъзæрин æхцайы кæри,*
*Ирд тæмæн калгæ куы федта,*
*Уæд фырхæлæгæй ысрызтис.*

*Афæлдæхт цъæх-цъæхид иууыл.*
*Ма мæ бамбарой, зæгъгæ, дын*
*Лæгæн арфæтæ куы кæны.*

*Арфæтæ кæны былалгъæй,*
*Фæлæ мидæгæй йæ зæрдæ*
*Уадзы арт, цъæх арт, хæлæгæй.*

Кæнæ «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»-ы Хъасбол йæхи æрдхордæй куыд æвдисы, мидæгæй та йæм хæлæгæй куыд мæлы, мæнгардæй йыл куыд разилы, уыдæттæ нын поэт равдисы ацы аивадон амалы фæрцы.

* * *

Нигерæн æнцон уыд г и п е р б о л æ-йæ пайда кæнын. Æмæ-иу ын ацы аивадон амалæй пайда кæныны фадат куы фæцис, уæд нæ ахызтаид, гæнæн уæвгæйæ, йæ иувæрсты.

Уый æнæмæнг афтæ хъуамæ уыдаид. Ирон адæмон

[1] Х ъ о д з а т ы Æ х с а р . Рухс. Дзæуджыхъæу, 1987, 112-æм фарс.

сфæлдыстадыл чи хъомыл кодта, ирон фольклоры аивтыл зæрдæхъæрмттæгæнгæ чи дзырдта, уый сæ йæхи сфæлдыстадмæ куыннæ хъуамæ хастаид! Адæмон аргъæутты йæ иу ссыр уæлдзæхы кæмæн ис, иннæ – дæлдзæхы, уыцы къулыбадæг ус; алы хъуахъхъæн галы агъд чи ныхъуыры, уыцы цæргæс; сæ кæрæдзи, фырытау, чи гуымс кæны, уыцы удæгас хæхтæ æмæ бирæ æндæр æнæрцæугæ хъуыддæгтыл чи нæ бадис кæндзæнис!

Нигерæн цæвиттойнаг, фæзмыны аккаг уыд адæмы фантази. Раст зæгъы Джыккайты Шамил: «Адæмондзинад – уый у Нигеры эстетикæйы сæйраг æмбарынад».[1] Йæ критикондзонадон уацты сæ кой иу æмæ дыууæ хатты, мыййаг, нæ кодта. Гиперболæ дæр æм уырдыгæй цæуы. Поэтæн-иу уыцы аивадон амалы фæрцы йæ бон баци, æвдисынмæ цы хъавыд, уый бæрæг стырдæрæй сныв кæнын, чиныгкæсджыты размæ йæ æмбисонды диссагæй рахæссын. Æмæ-иу æй рахаста:

*Цард Батыр йæ чызджы хурæй,*
*Уыййеддæмæ йыл ныттар ис*
*Хур, æрвон хур, – афтæ батад,*
*Афтæ базæронд ис, баруад.*
*Зокъо ма ныввæййы афтæ,*
*Сонт хурмæ фæстынд уæлæуыл*
*Искуы ку' аззайы, мæгуырæг!*

(«Сатай-хан»)

Нигер, гиперболæйæ спайда кæнгæйæ, Батыр, «сонт хурмæ фæстынд» зокъо куы баззайа, уыйау куыд батад, базæронд, баруад, уый нын афтæ сныв кодта, æмæ йын ма батæригъæд кæнай, уый гæнæн нæй.

Стæй поэт ацы цалдæр рæнхъы æрмæст гиперболæйæ нæ пайда кæны. Æркæсæм-ма сæм, цас аивадон амæлттæ дзы ис!

1. Рæвдауæн дзырдтæ – «цард... йæ чызджы хурæй», «мæгуырæг!..»...

2. Эпитеттæ – «чызджы хурæй», «æрвон хур», «с о н т хур»...

[1] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ирон литературæйы истори. Дзæуджыхъæу, 2002, 272-æм фарс.

3. Дзырд фæлхат кæнын – «хур, æрвон хур», «а ф т æ батад, а ф т æ базæронд»...

4. Синонимтæ – «батад, базæронд, баруад»...

5. Абарст – «зокъо ма ныввæййы афтæ»...

6. Риторикон фæхъæр – «Зокъо ма ныввæййы афтæ, (Сонт хурмæ фæстынд уæлæуыл) Искуы ку' аззайы, мæгуырæг!»

Ægæргæнæг æгæр кæны. Æз аивад аивады тыххæйы фарс нæ дæн. Нæдæр Нигер уыдис йæ фарс. Алы хатт дæр сын зыдта бæрц. Афтæмæй нын алыхуызон аивадон амæлтты фæрцы, – цыма никуы æмæ ницы, – нæ разы авæры Батыры уавæр.

Æмæ «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»-ы хæлæг, саузæрдæ, мæрддзæст Гæдойæн, йæ базыр кæмæн асаста, уыцы зæрватыкк цы æнахуыр тауинаг æрхаста, уый «æнахуыр нас» куыд рæзт, уый гиперболæйы фæрцы мæнæ куыд аныв кодта:

*Нас нæрсы, нæрсы фæйнæрдæм!*
*Иукъорд боны рацыд, афтæ*
*Къутуйæ дынджырдæр фестад.*

Ацы аивадон амалæй ноджы цымыдисондæрæй та, Гæдо куы «Тарсти, зæгъгæ, сыгъзæринтæ (Зæхмæ 'ркæлдзысты гæр-гæрæй), Æмæ йæ фæуыдзæн зонæг», афтæмæй «кардæй хъавгæ, хъавгæ насы дзуарæвæрд хæххытæ» куы «'ркодта раст йæ сæрæй суанг йæ бынмæ», уæд спайда кодта автор.

Гæдо цы фыдми бакодта – йæ сыхагмæ хæлæгæй барæй Хуыцауысконд зæрватыччы базыр кæй асаста, удхарæй йæ кæй мардта, уый тыххæй йын хатыр хъуамæ ма уа. Чиныгкæсæг æнхъæлмæ кæсы æгъатырæй йæ бафхæрынмæ. Æмæ та ам дæр поэтæн сæйраджы йæ къух сарæзта гиперболæ:

*Æмæ... мæнæ диссаг, диссаг:*
*Насы цъар дын змæлын систа,*
*Стæй цыппар дихы куы фæци.*

*Æмæ рахаудта тымбылтæй*
*Сау залиаг калм йæ хуылфæй.*
*Базмæлыд уылæны змæлдау,*

*Фелвæста йæ сæр уæлæмæ,*
*Басыф-сыф кодта дымгæйау,*
*Комхæлиу, æвзагæлвæстæй*

*Айвæзта йæхи бæндæнау*
*Æмæ атыхсти Гæдойыл,*
*Уайтагъддæр æртыхст Гæдойыл.*

«Нарты кадджытæй» йæхи поэтикон джиппы кæй ауагъта, уым гиперболæйы фæрцы цахæм фæлгонцтæ аразы, уыдоны кой нæ кæнын — комкоммæ адæмон сфæлдыстадæй цæуынц.

Адæмон сфæлдыстадæй, гиперболæйау, йæ зæрдæмæ хæстæг айста литотæ дæр. Хурбоны арв кæй гæрæхтæй нæры, рындзтыл цæхæр чи калы, сырдты чи фæлдахы, уый йын кæд у «Гуыйман, чысыл лæг», «чысыл Гуыйман». «Саухъæдрæбын æртæ рувасы» чи асырдта æмæ рацахста, сæ цæрмттæ сын чи фæхицæн кодта; стæй Мæздæгæй даритæ ласæг дзуттыты чырæ иунæгæй чи бастыгъта, дыууадæс цæдыл даритæ чи æрбаласта; Хъара-ногъайы рæгъау иунæгæй чи ратæлæт кодта, фæдисы сухты цагъд чи фæкодта, уæддæр мæлæтдзаг цæфтæй йæ фæфосгонд чи æрбатардта, уый дæр ын — «чысыл Æмзор», «чысыл Æмзор», «чысыл Æмзор»... Мулдар дæр ын кæстæр æфсымæр у. Кадджыты сæртæ дæр æм афтæ сты: «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман», «Æмзораты чысыл Æмзор æмæ Дзлаты саурæсугъд»... Раст ын цыма аргъæутты æнгуылдзыйас лæппу кæнæ уыдисн-рихи, уылынг-лæгтæ сты.

Англисаг философ Томас Гоббс цæйау загъта: «...из бесконечного разнообразия образов своей фантазии люди сотворили бесконечное количество богов»,[1] — уыйау Нигер дæр, йæ фантази æмæ литотæйæ пайда кæнгæйæ, иу диссаджы фæлгонц арæзта иннæйы фæдыл.

Поэт хорз зыдта, афтæмæй сæ чиныгкæсæджы зæрдæ тынгдæр исы. «Чысылтæ» кæй сты «мальчик с пальчик»-ы хуызæн, уый тыххæй нæм сæ хъæбатырдзинæдтæ арфдæр хъарынц. Се 'вæлтæрд, æууæндаг зæрдæтæй цы рæдыдтытæ æруадзынц, уыдон сын æнцондæрæй хатыр кæнæм.

---

[1] Гоббс Томас. Избр. произв. в 2 т. Т. 2., 1964, 314-æм фарс.

Уыдон иууылдæр сты литотæйы фæрцы. Ноджы растдæр зæгъгæйæ та: нæ поэт ацы аивадон амал тых хорз кæй зыдта, æмæ дзы, куыд æмбæлы, афтæ кæй пайда кодта, уый фæрцы.

* * *

Нигер иууыл арæхдæр пайда кодта дзырдтæ фæлхат кæнынæй.

Зонæм, адæймаг искæцы дзырд кæнæ хъуыдыйад арæх куы фæлхат кæна, уæд хъусæг афæлмæцы уыцы иухуызондзинадæй. Фæлæ, адæм цæйау акæнынц: «Бирæйыл хъисыны зæронд дæр фидауы». Нигер ирон æвзаджы хиæдтæ, йæ фæзилæнтæ йын тынг хорз кæй зыдта, уый тыххæй дзырдтæ афтæ æрыздухы, æмæ сæ кæрæдзи фæлхат нал фæкæнынц, фæлæ иу хъуыды, азæлдау, фæкæнынц дарддæр æмæ тыхджындæр. Афтæмæй хъус хъыгдары, зæгъгæ, афтæ зæгъæн нæй. Уыйхыгъд зæрдæмæ ссары фæндаг.

Хатт фæлхатгонд дзырдтæ фæлæууынц поэтикон рæнхъыты райдайæны:

*1. Р а к æ с , р а к æ с-ма...*

(«Ис-ты Ф.»)

*2. Ф æ з з æ г, ф æ з з æ г, цæй тыхст дæ махмæ.*

(«Фæззæг»)

*3. А х у ы с с, а х у ы с с уал æдасæй,*
*Зæхмæ мама тындз дæ базæй.*

(«Сывæллонмæ»)

Фæлхатгонд дзырдтыл æмбæлæм хъуыдыйады астæу дæр:

*4. Сæ кæрæдзимæ*
*æ р б а т а с ы д ы с т ы,*
*Æ р б а т а с ы д ы с т ы*
*дыууæ бæласы.*

*5. Æмæ уæртæ м æ с ы г æ й*
*Дзлаты м æ с ы г æ й*
*Рахызти æддæмæ*
*Д з л а т ы саурæсугъд.*

(«Æмзораты чысыл Æмзор æмæ
Дзлаты саурæсугъд»)

Арæх фæлхатгонд дзырдты æхсæн фæкæны æндæр, бæттæг дзырд, æмæ уæд хъуыды ноджы фæирддæр вæййы. Уацмысы æвзаг та кæны зæллангæнагдæр:

*6. Хур, о хурзæрин...*

(«Хур, о хурзæрин...»)

*7. Цæгъдын с æ б а й д ы д т а,*
*цæгъдынтæ, у æ д æ...*

*8. Никуыцæйуал ф æ з ы н д,*
*никуыцæйуал, у æ д æ.*

(«Æмзораты чысыл Æмзор æмæ
Дзлаты саурæсугъд»)

Ацы аивадон амалыл дзургæйæ филологон зонæдты кандидат, профессор Медойты Боболкæ рафæлгъуыдта: «Фæлхаты хуызы Нигер ирон æвзагмæ бахаста ног хуызы æмхасæн-бæрæггæнæн. Æмхасæн цы дзырды фæбæрæг кæны, уымæн йæхицæй саразы æмхасæн, йæ размæ йын бæрæггæнæг-æмбарынгæнинаг дзырд æрæвæргæйæ, уыимæ вæййы иртæстгонд æмхасæн. Уыцы æмхасæны формæ аразгæйæ дæр æмдзæвгæйы нысаниуæг фæтыхджындæр вæййы, зæрдæйы тæгтæ тынгдæр банкъуысын кæны».[1]

Поэтмæ ахæм фæлхатæнтæ сты арæх:

*9. Мит фæлдзæгъдæнæй*
*Уары сау кæмтты.*
*Мит, у æ д з а л т ы м и т,*
*Бæстæ бамбæрзта,*

[1] Журнал «Фидиуæг», 1997 аз, № 11, 97-æм фарс.

*Æхсæв, т а р  æ х с æ в,*
*Бартæм бахызти.*
*Дард æрытыдта*
*Хæхтыл фæдджитæ.*

*Чындз, х æ р з  н æ у æ г  ч ы н д з,*
*Арт æрныуæрста...*
*Гæды къонайыл*
*Тарф æрфынæй ис.*

(«Хур – фæдисон»)

Кæй æрхастон, уыцы æртæ строфайæ дæр бæрæг у, ацы аивадон амал нæ поэты зæрдæмæ куыд хæстæг лæууыд, уый. Лæууыд æмæ дзы пайда кодта аивæй. Стыр поэтæн куыд æмбæлы, афтæ аивæй.

Уыдонæй дарддæр ма йæм æмбæлæм дзырдтæ фæлхат кæныны æндæр хуызыл, ома э п а н а ф о р æ й ы л:

*Рацу-ма, рацу, мæ уарзон, –*
*Уалдзæг кæй æрцыд, уый  б а з о н,*
*Б а з о н  æмæ дæ æз  у а р з о н,*
*У а р з о н  дæ æмæ нуазон*
*Царды суадонæй фаг дон.*

(«Уалдзæг æрбалæууыд кæрты...»)

Дыккаг, æртыккаг æмæ цыппæрæм рæнхъытæ арæзт сты хицæн хуызы – раззаг дзырд цы дзырдыл фæвæййы, уымæй райдайы йæ фæстæлæууæг рæнхъ, æмæ поэтикон рæнхъытæ сæ кæрæдзиимæ бæтты рифмæтау. Чи зоны, рифмæтæй тыхджындæр. Уымæн æмæ æмдзæвгæ кæнынц хæдхуыздæр. Афтæ арæх сæ уымæн пайда кæны.

Мæнæ иу æмдзæвгæйы цас сты:

*1. Æрцыд, æртахт н æ  ц ъ æ х  у а л д з æ г,*
*Н æ  ц ъ æ х  у а л д з æ г, нæ худæндзаст.*

*2. Хæххон уддзæф, фæлмæн дымгæ,*
*Кæс, нæзытыл  к у ы  с æ м б æ л д и,*
*К у ы  с æ м б æ л д и, куы ныууыгъта,*
*Гъе, уыдоны тыхджын.*

*3. Сæ мæрдхуыссæг куы астъæлфыд,*
*Куы асхъаудтой с æ ц æ с т ы т æ,*
*С æ ц æ с т ы т æ рæвдзæй.*

*4. Нæуæг улæфт, нæуæг уынæр*
*Мæ рыст хъустыл к у ы с æ м б æ л ы,*
*К у ы с æ м б æ л ы, куы ацæуы*
*Мæ къабæзты мæнæн...*

Æмæ та кæронæй ноджы:

*5. Æрцыд, æртахт н æ ц ъ æ х у а л д з æ г,*
*Н æ ц ъ æ х у а л д з æ г, нæ худæндзаст.*

(«Æрцыд, æртахт нæ цъæх уалдзæг...»)

Нигермæ уыцы аивадон амалæй, ома дзырд кæнæ дзырдтæ фæлхат кæнынæй дарддæр арæх æмбæлæм чысыл æндæрхуызон поэтикон амалыл. Уым та сæ кæрæдзийы фæдыл æрнымайы синонимтæ кæнæ синонимон дзырдбæстытæ:

*1. Æлдар лæбуры,*
*Х æ с т, т о х куы куры,*
*Къæхтæ йыл базад...*

(«Æндæр Хъуыбады»)

*2. Л и д з ы н, ы з г ъ о р ы н... Мæ хъусæй нæ хъусын.*

(«Хидыл»)

*3. К æ н т о х, л æ б у р, æ р г æ в д, ы с с æ н д:*
*Туг у хæзна зæххæн йæ цъарæн.*

(«Мулдар»)

Ахæм цæвиттонтæ йæм бирæ ис.

Куыд уынæм, стæй синонимтæн куыд æмбæлы, афтæмæй сæ хъуыды цыма иу у. Фæлæ сæ поэт куыд æрнымайы, афтæмæй йæ хъыгдаргæ нæ кæнынц, фæлæ сæ сызмæлы уацмысы архайд. Поэтикон дзырд чиныгкæсæджы фæразæнгарддæр кæны уацмыс кæсынмæ.

* * *

Ӕвзаг, адæмон æвзаг, дæсгай кæнæ та сæдæгай, стæй фылдæр æнустæ кæуыл цæуы, адæмон ахæм хъæздыг æвзаг диссаг у. Ӕнусты дæргъы цыдæр фæзилæнтæ ныффидар кæны дзурæджы хъуыдытæ йæхирдыгонау ранывæндыны тыххæй, æмæ сыл дисæй амæлдзынæ. Уыцы амæлттæ тынг бирæ æмæ тынг алыхуызæттæ сты. Литературон æвзаджы сæ зынгæдæртæй иу у анжанбеман. Рапарахат францаг дзырд «enjambement»-æй, нысан кæны ахæссын. Пайда дзы кæнынц поэзийы. Ӕнæхъæн синтаксисон фразæйы кæцыдæр хай хаст æрцæуы иу поэтикон рæнхъæй иннæмæ. Афтæмæй, поэтикон рæнхъы кæрон цы ритмикон паузæйыл сахуыр стæм, уый æмæ синтаксисон (хъуыды куы фæвæййы) паузæ нал ацахсынц сæ кæрæдзи. Поэтикон рæнхъы кæрон хъуыды не сулæфы, ахизы иннæ рæнхъмæ:

*Хæцы фæранкау цъыф, салд, сур зæххыл*
*Хæднæргæ топпæй. Фыдгулы зæрдæ*
*Джебогъыл исы æмæ йæ фæстæ*
*Обæуттæ уадзы фашистты мæрдтæй.*

(«Ирыстон»)

Куыд уынæм, афтæмæй ацы цæвиттоны алы рæнхъæй дæр хъуыды хизы ног рæнхъмæ. Афтæмæй, поэзийы фылдæр хатт куыд вæййы – поэтикон рæнхъы кæрон паузæ нæ аразы. Поэтикон рæнхъ сафы йæ ахуыр интонацион кæрон.

Поэзийы анжанбеманæн иуыл популярондæр хуызтæ сты æртæ, æмæ æртæ хуызыл дæр æмбæлæм Нигермæ. Бадзырдон хуызы сæ схонæм нæхирдыгонау:

1. Райдайæны анжанбеман – хъуыды поэтикон рæнхъ æнæхъæнæй куы бацахсы æмæ ног поэтикон рæнхъы райдайæны куы фæвæййы.

*Чи у, чи фæци уæлахиз*
*Ӕрдзыл.*

(«Чи у, чи цæры уæлхохы...»)

2. Ӕмбисы анжанбеман – хъуыды иу поэтикон рæнхъы кæрон куы райдайы æмæ ног рæнхъы райдайæны куы фæвæййы.

*Лидзын, ызгъорын... У æ д х и д æ н й æ а с т æ у*
*Х ъ æ д ы с æ й р а г ы л ф æ к а л д т æ н. Д æ л г о м м æ*
*А х а у д т æ н. Иудзæвгар уадзыгау адæн.*

3. Кæроны а н ж а н б е м а н – хъуыды поэтикон рæнхъы кæрон куы райдайы æмæ ног рæнхъы кæрон куы фæвæййы.

*Афтæ мæ ми дæр, гъе! Лидзын... К æ д æ м у*
*Д а р д д æ р м æ ф æ н д а г, – н æ у ы н ы н,*
*н æ х а т ы н.*

(«Хидыл»)

Поэт анжанбеманы æртæ хуызæй дæр иумæ куыд аивæй, куыд зæрдæмæхъаргæйæ пайда кæны, уымæ æркæсæм:

*Рагæй у, рагæй цæттæ*
*Махæн нæ фылдæр. Цъæх арт*
*Уадзы фырмæстæй. Нæ ард,*
*Стæй уæд нæ сомы дæуæн*
*Адæмы номæй бæттæм.*

(«Хъуысы нæ хохæй дæдæй...»)

Ацы цæвиттонæй чиныгкæсæг фæхатдзæнис, æртыккаг хуызы анжанбеман кæй ахызт строфайон анжанбеманмæ. Æртыккаг поэтикон рæнхъы кæрон цы хъуыдыйад райдыдта, уый цыппæрæм рæнхъы кæрон нæ фæци, фæлæ – фæндзæм рæнхъы кæрон. Афтæмæй строфайон анжанбеман – хъуыды иу строфайыл куынæ фæвæййы, фæлæ куы ахизы иннæ рæнхъытæм – поэтикон рæнхъытæн у эмоци дæттыны хос, кæд зарæджы нæ фидауы, уæддæр:

*О, æгас нæм цæуай, Май! –*
*Бæстæ дæ куы сфидыдта.*
*Мæйты хуыздæр нын фæуай, –*
*Махмæ уалдзæг чи ‘рхуыдта.*

*Зилгæ дымгæ, тухгæ уад*
*Нал цæудзæн нæ бæсты ныр,*
*Цины бонтæ – уарзон цард*
*Ралæудзæн сæ бæсты ныр.*

(«О, æгас нæм цæуай, Май!»)

Ацы аивадон амалыл, ома анжанбеманыл, куыд æмбæлы, афтæ ирон поэзийы фыццаг хатт цæст æрхæцыд Нигеры сфæлдыстады. Поэтмæ æнæнхъæлæджы фæзынд нæ уыдис, фæлæ дзы пайда кодта зонгæ-зонын. Стæй — зæрдæйыл куыд æмбæлой, афтæ.

Ис уæнгон анжанбеман дæр, — поэтикон дзырд уæнгыл фæдих кæн æмæ йæ афтæмæй рахæсс дыккаг рæнхъмæ:

*Афтæмæй мæм*
*Хъавгæ дзурыс,*
*Цыма мæ дæ-*
*хицæй сурыс.*

*Ноджы мын фæ-*
*кæныс пъатæ,*
*Уымæн дыл кæ-*
*нын æрратæ.*

*Уарзын дæ фыл-*
*дæр фæсауон...*[1]

(«Хур ныл тауы...»)

Фæлæ уыцы аивадон амал æмткæй поэзийы, уæлдайдæр, ирон поэзийы тынг нæма æрфидар, кæд дунеон литературæйы классиктæй бирæтæм ис, уæддæр. Ирон поэзийы дæр ыл тынг стæм хатт ис фембæлæн. Нæма уыд Нигеры рæстæджы дæр.

* * *

Цæргæ-цæрæнбонты æнæрифмæ æмдзæвгæ æмдзæвгæйыл чи нæ нымадта æмæ нымайы, стæй рифмæ нымады дæр кæмæ нæ уыд æмæ у, уыдоны нымæц дæсгæйттæ, сæдæгæйттæ æмæ минтæ нæ, фæлæ милуантæй дæр раджы ахызтис. Мæ быцæутæ æвæрын цух не сты. Æрмæстдæр уый зæгъæг дæн: рифмæ у ахсджиаг поэтикон амал. Уæлдайдæр, «классикон» формæйыл фысгæйæ. Рифмæтæ бийынмæ куыд арæхсы поэт, уый бирæ цæмæйдæрты дзурæг у йæ курдиатыл.

Нигер йæхæдæг Къостайы тыххæй афтæ загъта: «Къос-

---

[1] Роксалан. Алдымбыд. Чъреба, Цыкура, 2000 аз, 8–9-æм фæрстæ.

та «классикон» рифмæйæн стыр аргъ нæ кодта. Мæнæ куыд фыссы: «Æмдзæвгæ хъуамæ арæзт уа уагмæ гæсгæ... Рифмæйы кой нæ кæнын, – уый иттæг ахсджиаг нæу». Ацы ран Къостайы хъуыды у Пушкин, Байрон, Маяковский æмæ иннæты хъуыдыйы хуызæн»,[1] – зæгъы поэт æмæ хуыздæрæн æнцой кæны Пушкины хъуыдыйыл: «Думаю, что со временем мы обратимся к белому стиху, рифм в русском языке слишком мало, пламень тащит за собою камень, из-за чувство выглядывает искусство, кому не надоели «любовь» и «кровь».[2]

Къостайы хъуыды æргом у.[3] Пушкин дæр ахæм зондыл хæст уыд.[4] Нигер йæхæдæг кæд æргом нæ зæгъы, рифмæйы тыххæй цы хъуыдыйыл хæст у, уый, уæддæр дæлтекстæй уынæм: цы генитæй хæссы цæвиттонтæ, уыдонимæ разы у. Иууыл хуыздæр æвдисæнтæ нын сты йæ уацмыстæ. «Классикон» рифмæтæ куы фæаразы, уæд дæ цæвиттонтæн хуыздæртæ агурын нæ хъæуы. Фаухæссæг сæм фау не 'рхæсдзæнис:

*Ныууадз мæ, ныууадз мæ: æнкъард дæн;*
*Нæу зарæг мæ удæн æхцон.*
*Æрхæндæг зæрдæйæн ныфс раттæн*
*Нæ вæййы, нæ вæййы æнцон!*

*Фæлтау-ма дæ фæндыр æрæвæр,*
*Лæмæгъдæр ын ауадз йæ хъис, –*
*Мæ зæрдæ фæкæндзæн æртывæр*
*Йæ ниуын: уæд хæлы йæ рис.*

*Дæ къух мын æрæвæр мæ ныхыл,*
*Мæ риумæ æвваxсдæр æркæн,*
*Тых бафтдзæни гъеуæд мæ тыхыл,*
*Мæ зондыл, мæ ныфсыл мæнæн.*

(«Ныууадз мæ, ныууадз мæ...»)

---

[1] Нигер. Т. 3, 311-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, 316-æм фарс.
[3] Хетагуров Коста. Собр. соч. в 3-х т. Т.3, М., 1974, 272-æм фарс.
[4] Шкловский Виктор. Собр. соч. в 3-х т. Т. 3, М., 1974, 90-æм фарс.

Поэт кæд мивдисджытæ дæр арифмæ кæны, уæддæр классикон рифмæйы æгъдæуттæ нæ халы. Рифмæгонд дзырдтæ йæм æрмæст хъæлæсон зæлтæй нæ кæнынц æмзæлланг, фæлæ, цас гæнæн ис, уымæй, — æмхъæлæсонтæй дæр. Æнæхъæн æмдзæвгæ фыст у æхгæд рифмæтæй. Иунæг хатт дæр сæ нæ байгом кодта, кæд æм ахæм рифмæтæ арæх сты, уæддæр.

Æркæсæм æндæр цæвиттонмæ:

*Нæ сысыд йæ риуы йæ сонт туг,*
*Нæ хæлди йæ уæнгтæн сæ конд.*
*Куыд диссаг у, диссаг, чызггон дуг,*
*Куыд коммæгæс вæййы, куы, зонд!*

*Нæ домдта уый никæд нывæндтæ,*
*Фæливын нæ зыдта æппын.*
*Куыд сыгъдæг уыдысты йæ фæндтæ,*
*Куыд райгæ уыдис-иу йæ фын!..*

(«Нæ сысыд йæ риуы йæ сонт туг...»)

Фыццаг строфайы рифмæтæ: «йæ сонт туг» — «чызггон дуг», «конд» — «зонд» — иууылдæр кæд æхгæд рифмæтæ сты, уæддæр дыккаг строфайы афтæ нал у. Уыцы хъуыддаг дыккаг æмæ цыппæрæм рæнхъытæ бахъахъхъæдта, фæлæ фыццаг æмæ æртыккаг рæнхъыты рифмæтæ байгом сты: «нывæндтæ» — «йæ фæндтæ», дзырдтæ фæуд кæнынц хъæлæсонтыл.

Ирон литературæзонынады кæд сæ кой арæх кæнæ та бынтондæр нæ вæййы, уæддæр Нигеры поэзийы æмбæлæм алыхуызон рифмæтыл: нæлгоймагон (рифмæгонд дзырдты фæсте ранымайгæйæ цавд фæхауы фыццаг уæнгыл), сылгоймагон (рифмæгонд дзырдты фæсте ранымайгæйæ цавд фæхауы дыккаг уæнгыл), дактилон (рифмæгонд дзырдты фæсте ранымайгæйæ цавд фæхауы æртыккаг уæнгыл), гипердактилон (рифмæгонд дзырдты фæсте ранымайгæйæ цавд фæхауы цыппæрæм уæнгыл) æмæ ноджы æндæр алыхуызон рифмæтыл.

Алкæмæй дæр дзы æрхæссæм иугай цæвиттонтæ:

1. Н æ л г о й м а г о н   р и ф м æ.

*Уыдис æхсæв хъуынтъыз, æ х г æ д.*
*Куыдта мыл арв, дзынæзта з æ х х.*

*Мæ фарсмæ тар лæууыди х ъ æ д*
*Сæдазыккон. Нæ зынд сæ ц ъ æ х...*

(«Уыдис æхсæв...»)

2\. С ы л г о й м а г о н р и ф м æ.

*Кæнын æз мæ к а д æ г ,*
*Мæ бæстæ, дæ к а д æ н.*
*Кæнын æз мæ з а р æ г,*
*Мæ бæстæ, дæ р а д æ н.*

(«Уадз, хъуысæд мæ зарæг»)

3\. Д а к т и л о н р и ф м æ.

*У арæзт йе 'взаг а-б е-т æ й.*
*Куынæ йæм кæсай, уæд*
* Æдылыдæр у к ъ а м б е ц æ й,*
*Йæ дзых та —'мыр, æхгæд.*

(«Чиныг»)

4\. Г и п е р д а к т и л о н р и ф м æ.

*Тæрǽзтæй барстон*
*Мæ мáды бæсты;*
*Сиóны зæйæ*
*Нæ кóм куы 'хгæны.*
*Мæ рǽзгæ уарзон*
*Гермáны хæсты*
*Ирóн дзыллæйæн*
*Цæсгóм куы кæны.*

(«Ирон зарæг»)

Нигеры поэзи алыварсон æгъдауæй афтæ хъæздыг у, æмæ дзы ахæм «хуымæтæг» рифмæтæй сæмбæлæм алыхуызæттыл — омонимон, антонимон, синонимон æмæ паронимон рифмæтыл. Уымæй дæр сæ поэт афтæ арæзта, æмæ кæсæг хатгæ дæр нæ фæкæны, цы 'рцыдис, уый. Уымæн æмæ йæ ныхас у æхсæрдзæны сæх-сæхау. Йе 'хцон зæлланг баззайы нæ хъусты. Нæргæ ацæуы нæ зæрдæйы къуымты. Цыдæр тых нæ фæисы йæ базыртыл. Фæлæ цы, уый нæ фæзонæм.

Уыцы тыхы комулæфт тыхджындæр кæны, цыма поэт

бынтондæр нысаниуæг кæмæн нæ лæвæрдта, цыма йæм уырзы бæрц дæр нымады чи никуы уыдис, уыцы рифмæ.
Æркæсæм дзы ноджы цалдæр хуызмæ:

1. О м о н и м о н р и ф м æ.

*Иу цæстыныкъуылдмæ гæххæтт*
*Сау хъулæттæ ф е с т а д.*
*Анызуызта йæ йæ дзыппы,*
*Худ æркодта, ф е с т а д.*

(«Хохаг лæг сахары, кæнæ «Æз поэт дæн!»)

2. А н т о н и м о н р и ф м æ.

*Мæгуыры сагъæстæ ‘мæ сидзæры х ъ а р æ г,*
*Нæ фыдæлты низтæ ‘мæ зæхх,*
*Зæрдæйы бæллынтæ, фыййауы буц з а р æ г...*
*Цы дæ фæнды, хæлар, уый зæгъ!*

(«Ныббар мын мæ митæ...»)

3. С и н о н и м о н р и ф м æ.

*Дзæбæх куы ныфсæдынц дæ к у ы с т æ й,*
*Дæ туджы фæллойæ, йе м ы з д æ й...*

4. П а р о н и м о н р и ф м æ.

*Фæлæ куы фæтыхсай фыд азы,*
*Дæ уд куы сцæйхауа сæ разы, –*

*Уæд сын – хæрæг, йе зулкъ, йе у а л л о н,*
*«Дæлдæрты» лæтæрæй, с æ б а л л о н.*

(«Мæгуыр дæ, о!..»)

Ирон адæмон поэзи, стæй æмткæй ирон адæмон сфæлдыстад нырма ахуырадон æгъдауæй, куыд æмбæлы, афтæ зындгонд нæу. Уынæм æй æнæбакуыстгонд зынаргъ дуры хуызæнæй. Уый ныссыгъдæг кæн, йæ æцæг аивтæ йын фен æмæ равдис, уæд нæм разынид налхъуыт-налмасы хуызæнæй. Цæстæвæрæн фæуаид дунейы адæмæн.
Æгæрыстæмæй, рифмæтæй дæр!

Нæ адæмон сфæлдыстады цы дывæлдах, æртывæлдах, цыппарвæлдах тетрарифмæтæ, стæй ассонансон рифмæтæ ис, уыдон диссаг сты. Мах сæ абон дæр рæстмæ нæма зонæм, афтæмæй сæ йæ уацмыстæм хаста Нигер.

1. Дывæлдах рифмæ, ома æмрифмæгонд рæнхъыты фæстаг дыгай дзырдтæ æмрифмæ куы фæкæнынц.

*Кæм уыл кæлы арвæй цæхæртæ,*
*Кæм цæут, кæм хилут цæфтæй?!*
*Уæ, фехæлой, уастæн, мæ фæрстæ!*
*Кæм хъæрзут, кæм мæлут чыртæй?!*

(«Бон хурмæ нæ тæфсын уæ рисæй...»)

Рифмæ кæнынц: «хилут» – «мæлут», «цæфтæй» – «чыртæй», афтæмæй сæ рæзы иу дывæлдах рифмæ: «хилут цæфтæй» – «мæлут чыртæй». Æмдзæвгæ «Булæмæргъ»-ы («Тагъд-тагъд рацæйтахти булæмæргъ нæ рæзты...») та поэт сæрæй кæронмæ тырны дывæлдах рифмæтæ аразынмæ. Уый хуымæтæджы нæу. Аразы йæ зонгæ-зонын. Стæй йæм ахæм рифмæтæ бирæ рæтты ис.

2. Æртывæлдах рифмæ, ома æмрифмæгонд рæнхъыты фæстаг æртыгай дзырдтæ рифмæ куы фæкæнынц.

*Бæсты æрхонæм нæ зиумæ,*
*Хадмæ æрсидæм, уæд Хиумæ.*

(«Уалдзæг æрбалæууыд кæрты...»)

Рифмæ кæнынц: «æрхонæм» – «æрсидæм», «нæ» – «уæд», «зиумæ» – «Хиумæ». Иумæ та сæ рæзы æртывæлдах рифмæ: «æрхонæм нæ зиумæ» – «æрсидæм, уæд Хиумæ».

3. Тетрарифмæ, ома æмрифмæгонд рæнхъыты фæстаг цыппæргай дзырдтæ æмрифмæ куы фæкæнынц.

*Фæлæ цардтæн, ды зон, æз мæ туджы мыздæй,*
*Цардтæн ме 'рмтты фæллойæ мæхицæн,*
*Æмæ кодтон хъæувæтк æз мæ хъæуы рæвдзæй,*
*Кодтон мардыкæнд, цины куывд хицæн.*

(«Æз нæ хастон къæлæт...»)

Ацы цæвиттоны дæр фыццаг æмæ æртыккаг поэтикон рæнхъыты фæстаг цыппæргай дзырдтæ: «æз мæ туджы мыздæй» — «æз мæ хъæуы рæвдзæй» кæнынц æмрифмæ æмæ уыимæ аразынц тетрарифмæ дæр. Фæлæ Нигермæ уыдонæй дарддæр арæх æмбæлæм ассонансон рифмæтыл.

Классикон рифмæйы кæройнаг дамгъæтæ хъуамæ æмбæлой кæрæдзийыл. Фæлæ уыцы фæтк Къоста дæр æппынæдзух нæ хъахъхъæдта. Нигер та ассонансон рифмæтæ Къостайæ арæхдæр аразы.

4. Ассонансон рифмæ.

*Æмæ хæраймаг нæ дæ — цæй, цы кæнай æндæр?*
*Ды дæ кæнæг дæхæдæг нæ у ы д т æ.*
*Фæци афтæ дæ конд, æмæ хæр, æмæ цæр,*
*Æмæ хъал кæн дæхæдæг дæ у ы н д æ й.*

(«Æз нæ хастон къæлæт...»)

«Дæхæдæг нæ уыдтæ» æмæ «дæхæдæг дæ уындæй» æртывæлдах рифмæ сты, фæлæ уæддæр «уыдтæ» æмæ «уындæй» классикон рифмæ нæ аразынц, сæ кæрæттæ кæй нæ иу кæнынц, уый тыххæй.

Къостайы рифмæтыл ныхас кæнгæйæ Абайты Васо йæ уац «Светоч народа»-йы ахæм ассонансон рифмæйы тыххæй афтæ загъта: «Коста рифмует «бирæ» и «бирæгъ». По канонам русского стихосложения эпохи Коста такая рифма была бы признана некорректной. «Правильной» считалась тогда рифма, где налицо буквенное совпадение окончаний, а не общий ассонирующий эффект, как мы это находим в новейшее время у Маяковского или Евтушенко.

Но у Коста, помимо школы русского стихосложения, была другая школа: школа родного фольклора. А в осетинских народных песнях рифмы-ассонансы — явление не редкое. Например, в песне «Беккуызарты Саукуыдзы зарæг»:

*Иу уидагæй дзы — дыууæ бæласы,*
*Иу гæрахæй дзы дыууæ фæласынц.*

Рифма «бирæ» и «бирæгъ» такого же точно типа, как «бæласы» и «фæласынц»[1].

---

[1] А б а е в В. Избранные труды. Т. 1 Дзæуджыхъæу, 1990, 556–557-æм фæрстæ.

Нæ куырыхон лæг æмæ ахуыргонды дзырды дон нæ тæдзы. Нигерæн та ирон фольклорæй дарддæр Къоста æмæ Маяковскийы сфæлдыстад дæр уыдысты скъола. Васо цалынмæ уыцы хъуыды загъта, – уæд Нигер удæгас нал уыдис, – уæдмæ аивæй пайда кодта йе «скъолайы» зонындзинæдтæй.

Уымæн æм арæх у мидрифмæ дæр.

Ирон поэзимæ йæ фыццаг æрбахаста Къоста. Кæд рифмæйæн уыйбæрц стыр аргъ нæ кодта ( «æмдзæвгæ хъуамæ арæзт уа уагмæ гæсгæ... Рифмæйы кой нæ кæнын – уый иттæг ахсджиаг нæу...), уæддæр фидарæй зыдта, рифмæ æмдзæвгæ аивгæнæнтæй кæй у, зæлланггæнагдæр æмæ йæ æнцон бахъуыдыгæнæндæр кæй кæны. Сабитæн цы æмдзæвгæтæ сфæлдыста, уыдоны уæлдай арæхдæр уымæн æмбæлæм бирæ аив мидæггагон рифмæтыл:

1. *Æ н г у ы р д а р – д з ы в ы л д а р ,*
*Кæм хæтыс зымæг?*[1]

(«Дзывылдар»)

2. *Й æ ф æ д ы л н æ х ъ æ д ы л*
*Фæхæцыд сыфтæр...*

3. *Ц ы р д л æ п п у г æ л æ б у*
*Æрцахста... Зæгъ ын:*
*Н æ у а л д з æ г – д æ у а з æ г ,*
*Ныууадз æй цæрын!*[2]

(«Уалдзæг»)

4. *Х у р с у д з ы ... У ы р ы д з ы*
*Хæрынæн бæззы...*
*Ч и х ъ æ д æ й р æ г ъ æ д æ й*
*Сырх мæнæргъ хæссы...*

5. *Х у ы с к ъ æ л æ й , æ х с æ р æ й*
*Кæм цæуынц рæтты!*[3]

(«Сæрд»)

---

[1] Хетæгкаты Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1994, 192-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, 200-æм фарс.
[3] Уый дæр уым, 202-æм фарс.

Цæмæй æмрифмæгонд дзырдтæй ма йедзаг кодтаид æмдзæвгæ, уый тыххæй-иу поэтикон рæнхъ кæройнаг рифмæйæ ссæрибар кодта, мидрифмæ кæм арæзта, уыдоны. Абайты Васо, чысыл раздæр ын цы уацы кой скодтам, уым хуымæтæджы нæ загъта: «... лишь недавно обратил внимание на виртуозность его рифмы... А с каким искрометным блеском и мастерством написана поэма «Хъуыбады!» Какая легкость, свобода и богатство рифмы!»

Нигер рифмæдзуан нæ кодта. Уый йыл Къостайæ уæлæхохдæр уыдис. Ирон поэзийы урс стих æмæ сæрибар стих, кæд сæ фыццаг уый не 'рбахаста, уæддæр фыццаджы-фыццаг бынтон æргомæй уый сфæлдыстады рарттывтой. Федтам, куыд алыхуызон рифмæтæй пайда кодта, уый дæр. Нæ ахызт мидрифмæйы иувæрсты дæр. Æрмæст уый не 'взары, сабитæн фыст у, пейзажон æви æнæуи æмдзæвгæ. Зоны, рифмæ уацмыс зæлланг кæныны хос у, æмæ йын куыддæр амал фæвæййы æмæ йæ бафæнды, афтæ дзы спайда кæны. Зæгъæм:

1. *Уæддæр уыдзæни ц а р д, хæстæг уа, д а р д .*

(«Нæ тæрсын æз»)

2. *Ф æ х ъ а з ы н , ф æ н у а з ы н, хæрын.*

(«Нæ зонын»)

3. *Хызтысты къæрцхъусæй дыууæ сæныччы.*
*Р æ д ы в т о й, æ х с ы д т о й мæцкъуыйы хъæдтæ.*

(«Фын»)

4. *З æ р д æ, ф æ л и в æ г д æ, з æ р д æ, б и й æ г д æ.*

(«Зæрдæ, фæливæг дæ...»)

5. *Картофтæ х ъ е н т æ 'мæ м е н т æ .*

6. *Мæнæу з æ б у л т æ 'мæ к ъ у л т æ .*

(«Дауджытæ ралæвар кодтой...»)

7. *Ц и н т æ, д и н т æ .*

(«Н-мæ»)

*8. Ды хъал дæ, т ы з м æ г  д æ, ц ъ а м м а р  д æ,*
*æ в з æ р  д æ.*

(«Мæ зæрдæ мæ риуы ныррæсыд...»)

*9. Р ы н - с о н  д æ  н æ  з ы д т о н,  и с - б о н м æ*
*н æ  к у ы в т о н.*

(«Сæнтты бæсты»)

*10. Дæ бонæй уай, рæсугъд чызгай,*
*К у ы д  х ъ æ л з æ н г  д æ,  к у ы д  х ъ æ л д з æ г  д æ!*

(«Сæнттæ»)

Æмæ йæм цас æмæ цас сты! Стæй сæ куыд арæхстджынæй, цæсты куыннæ бахауой, афтæмæй куыд пайда кæны! «Мæ зæрдæ мæ риуы ныррæсыд...»-ы та аразы дывæлдах мидрифмæ: «ды хъал дæ» – «цъаммар дæ», «тызмæг дæ» – «æвзæр дæ», «Сæнттæ»-йы – æртывæлдах рифмæ: «куыд хъæлзæнг дæ» – «куыд хъæлдзæг дæ».

Фæлæ уæддæр иууыл зындæр аразæн æмæ рифмæйы иууыл уæлдæр къæпхæныл лæууынц рæнхъытæ-рифмæтæ, ома панторифмæтæ нæ. Амад рифмæ нæу, фæлæ поэтикон рæнхъытæ дзырдæй-дзырдмæ алчи йæхи къаимæ куы рифмæ кæна. Уыцы хуыз нæ поэзимæ нæ адæмы диссаджы сфæлдыстадæй цæуы. Цæмæй нæ цæвиттонмæ дæрдты зилын ма бахъæуа, уый тыххæй ногæй æркæсæм «Беккуызарты Саукуыдзы зарæг»-мæ:

*Иу уидагæй дзы – дыууæ бæласы.*
*Иу гæрахæй дзы дыууæ фæласынц.*

Ам кæд бирæ дзырдтæ фæлхат цæуынц, уæддæр дыууæ поэтикон рæнхъы дзырдтæ, чи сæ цы бынаты лæууы, афтæ иууылдæр кæнынц æмрифмæ, æмæ сты рæнхъытæ-рифмæтæ.

Уымæй дæр нæ поэзийы фыццаг Къоста спайда кодта. «Скъолайы лæппу» æнæхъæнæй уыцы аивадон амалæй фыст у.

Цымæ, 1939 азы Нигер Къостайы поэтикæйы тыххæй куы фыста, уæд æм нæ фæхатыд уыцы миниуæг? Æмæ уæд цæмæннæ ракодта йæ кой? Ау, ахæм ногдзинад зæгъын æй нæ бафæндыд?

Æвæццæгæн, хъуыды кодта: мах, ирон адæм, нæ хионы æнтыстыл цин кæнын нæ зонæм, æмæ тарст, хæлæгмæ та йыл исчи дуртæ куы тула, фыццаг æй ды цæмæн фæхатыдтæ, зæгъгæ. Чи зоны... Фæлæ уый – хъазгæйæ. Æцæгæй та Нигер йæхæдæг арæзта рæнхъ-рифмæтæ. Мæнæ уый ахæм бафæлвæрд у :

*Зилгæ дымгæ, тухгæ уад*
*Нал цæудзæн нæ бæсты ныр,*
*Цины бонтæ – уарзон цард*
*Ралæудзæн сæ бæсты ныр.*

(«О, æгас нæм цæуай, Май!»)

Дзырд дæр ыл нæй, бирæ чидæртæ зæгъдзысты, ома уый æнæнхъæлæджы хабар у. Уыцы хъуыддаг Нигер развæлгъау ма зыдтаид, уый гæнæн нæй. Нæ адæмы удыгъæд йæ армы æвæрдау уыдта. Æмæ 1945-æм азы бавдæлд, æмæ рæнхъытæ-рифмæтæй снывæста æнæхъæн даргъ æмдзæвгæ. Уымæй дæр, бынтон стæм рæттæй дарддæр рæнхъытæ-рифмæтæ никуы халы.

Цæмæй чиныгкæсæг тагъддæр, стæй æнцондæрæй фена уыцы хъуыддаг, уый тыххæй æмдзæвгæмæ æркæсæм æнæхъæнæй.

## ИРОН ЗАРÆГ

### ***Фæндыры цагъдмæ***

*Мæ рæзгæ уарзон –*
*Германы хæсты,*
*Йæ нывонд фæуон,*
*Йæ сæрыл хаст уон!*
*Мæ уды гага,*
*Мæ дыууæ цæсты –*
*Æвзыгъд сау лæппу,*
*Хъæбатыр хæстон!*

*Цæй, сæгътæй базон*
*Ды мадæл сæгъы,*
*Æмæ дын – лæвæрд*
*Ирд телы дисын.*

*Мæ рæзгæ уарзон*
*Уæд афтæ зæгъы:*
*Мæ бæсты æфхæрд*
*Гитлерæй исын!*

*Телауаг сау куист –*
*Уæллаг Мызуры;*
*Симоны сæнык –*
*Хъæриуы æлхæд.*
*Гермайнаг фашист*
*Уæд афтæ дзуры:*
*Ироны нæмыг*
*Мæ риуыл сæмбæлд.*

*Фæрæтхъæд фастон*
*Æз арф цъæх пыхсы;*
*Æхсинаджы мард –*
*Телийы хуырты.*
*Мæ рæзгæ уарзон*
*Уæд афтæ фыссы:*
*Æрзилдзынæн тагъд*
*Берлины уынгты.*

*Тæрæзтæй барстон*
*Мæ мады бæсты;*
*Сионы зæйæ*
*Нæ ком куы ‘хгæны.*
*Мæ рæзгæ уарзон*
*Германы хæсты*
*Ирон дзыллæйæн*
*Цæсгом куы кæны.*

*Цæгатаг бæлас*
*Уæд, ма ракæла,*
*Уæд, ма ракæла,*
*Рæсугъдæй лæууа.*
*Мæ удылæууæн*
*Макуы амæла,*
*Уæлахизæй мæм*
*Уæд тагъд æрцæуа!*

Фыццаг æмæ фæстаг строфаты 1–5, 3–7 рæнхъытыл куынæ дзурæм, уæд иууылдæр рифмæ кæнынц 1–5, 2–6, 3–7, 4–8-æм рæнхъытæ. Дзырдæй-дзырдмæ. Уымæй дæр цахæм рифмæтæ сты: «Телауаг сау куист» – «Гермайнаг фашист», «Уæллаг Мызуры» – «Уæд афтæ дзуры», «Симоны сæныкк» – «Ироны нæмыг», «Хъæриуы æлхæд» – «Мæ риуыл сæмбæлд»!..

Фыццаг строфайæ дарддæр иннæ строфаты фыццаг цыппæргай рæнхъытæ фæстаг цыппæргай рæнхъытимæ хъуыдыйæ сæ кæрæдзи нæ ахсынц. Æрмæстдæр хъæуынц рæнхъыты æмзæллангæн, ома рифмæйæн. Æмæ сыгъдæг рæнхъ-рифмæтæ кæм нæ аразынц, уым та сты амад рæнхъ-рифмæтæ.

Ахæм цæвиттонтæ æрхæссæн ис Къостайы сфæлдыстадæй. Стæй цъус нæ:

*Лæджы, дам, бас куы басудзы,*
*Уæд фу кæны йæ доныл дæр...*
*Лæг сусæгæй куы нымудзы,*
*Уæд нал сæтты йæ номыл дæр.*[1]

(«Æхсины лæг»)

Сты Секъамæ:

*Бæхтæн мæ бæхгæс уæд хъæуы,*
*Сырхбарц бæх сæм куынæ уа.*
*Чызгæн мæ лæгъстæ уæд хъæуы,*
*Æхца дæм бирæ куынæ уа.*[2]

(«Дæдадæйы зарджытæ»)

Ацы цæвиттонты дæр ис рæнхъ-рифмæтæ.

Сæ иувæрсты нæ ахызт Нигер дæр. Цæугæ та ирон адæмы сфæлдыстадæй кæнынц æмæ мыдау тайынц зæрдæтыл:

*Бæгъиатæ сæ кардæй хъæдтæ самадтой,*
*Тæгиатæ мæнгардæй лæгтæ рамардтой.*[3]

(«Плиты Хату»)

---

[1] Хетæгкаты Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1994, 218-æм фарс.

[2] Гæдиаты Секъа. Равзаргæ уацмыстæ. Цхинвал, 1979, 42-æм фарс.

[3] Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. Цхинвал, 1977, 63-æм фарс.

Ацы цæвиттонтæ æрхастон рæнхъ-рифмæты тыххæй дæр. Фæлæ Нигер рифмæтæ аразгæйæ йæ хъус æрмæст хъæлæсон мыртæм нæ дардта, фæлæ-иу архайдта, цæмæй æмхъæлæсон зæлтæ дæр кæной æмзæлланг.

Поэтмæ æмрифмæгонд рæнхъытæ æвæрд вæййынц алыхуызæтты. Дамгъæтæй нысангæнгæйæ сты ахæмтæ: а а б б, а б а б, а б б а, а а в б б в, а б б б а, а б в г а б в г, а б а б в а б а б в æмæ афтæ дарддæр. Фæлæ се 'хсæн цахæмфæнды дæрддзæг ма уæд, уæддæр фæахсынц сæ кæрæдзи.

Уымæн сын æхххуыс кæны, æмхъæлæсон зæлтæ дæр кæй рифмæ кодта, уый. В.Маяковский йæ уац «Как делать стихи?»-йы хуымæтæджы нæ дзырдта: «Рифма возвращает вас к предыдущей строке, заставляет вспомнить ее, заставляет все строки, оформляющие одну мысль, держаться вместе... Рифма связывает строки, поэтому ее материал должен быть крепче, чем материал, пошедший на остальные строки».[1]

Уыдæттæ Нигерæн тынг хорз зындгонд уыдысты. Æмæ рифмæйыл кæд никуы уадиссаг тыхст, — йæ хуыздæр уацмыстæй тынг бирæ æнæрифмæйæ фыст сты, — уæддæр-иу æй куы арæзта, уæд йæ къухы æфтыдысты рогæй. Стыр поэты къухы куыд фефтынц, афтæ. Фæлæ рифмæ кæм нæ фæаразы, уыцы æмдзæвгæтæй дæр бирæты æндæр поэтикон амалæй афтæ сбæтты, æмæ дзы рифмæ ис æви нæ, уый адæймаг хатгæ дæр нал фæкæны. Æмдзæвгæ «Багъæц, ба!»-йы æвастхъæртæй мæнæ куыд бæтты рæнхъытæ:

*Уæ, мæ уарзон зæхх,*
*Уæ, мæ ныййарæг,*
*Уæ, мæ уромæг,*
*Уæ, мæ цæсты рухс, —*

*Ма тæрс мæнгæрдтæй,*
*Ма тæрс куыйдзыхтæй!..*

Ацы ран æвастхъæртæ систы разрифмæтæ. Сæхимæ исынц рæнхъыты уæз. Чиныгкæсæгмæ иу фæкастæй афтæ фæзыны, цыма йæ къухы рифмæгонд æмдзæвгæ ис.

[1] Маяковский В. Собр. соч. в 12 т. Т. 11, М., 1978, 159–160-æм фарс.

Кæнæ-ма æркæсæм «Хæсты быдырæй»-мæ. Æвзонг хæстон дзуры, хæсты быдыры цы дудгæбæттæ уыны, уыдон: знагмæ куыд фæцæйбыры йæ фазыл – «йе æз, йе ды»; йæ цæстытыл куыд ауайы, мыййаг, куы фæцæф уа; хæствæлладæй йæ нывæрзæн куыд акæны цъæх дур... Автор æмдзæвгæйы хицæн цаутæ тæлытæй æлхъивæгау кæны поэтикон рæнхъæй: «Мæ ныфс, мæ тых, мæ царды рухс, чызгай!»

Уыцы рефрен æмдзæвгæйы кæронмæ фæлхат кæны цауæй цауы æхсæн, æмæ йæ нæ уадзы пырх кæнын.

Уый дæр у нæ поэты стыр курдиатыл дзурæг.

* * *

Нигер йæ уацмыстæ æдзух цы аивадон амæлттæй рæсугъд кодта, уыдонмæ æнæдызæрдыгæй хауынц уæзданы а л л и т е р а ц и æмæ э м о ц и й ы «д ы н», «м ы н»-тæ. Хъыгагæн-иу сæм (æниу ын «хъыгагæн» схонæн арæх ис?) сæрмагондæй не 'рæвнæлдта. Ахæм стыр æмдзæвгæ – «Ирон зарæг» – рифмæтæ-рæнхъытæй чи ныффыста, уый бон ацы аивадон амæлтты цъус нæ бауыдаид. Уый дæр, æнæмæнг, Маяковскийы хъуыдыйыл уыдис хæст: «Дозировать аллитерацию надо до чрезвычайности осторожно и по возможности не выпирающими наружу повторами... Я прибегаю к аллитерации для обрамления, для еще большей подчеркнутости важного для меня слова».[1]

Ахæм хуызы сæ пайда кодта Нигер дæр. Уæзданы аллитерацийæ дæр. Эмоцийы «дын», «мын»-тæй дæр.

I. А л л и т е р а ц и. Иу зæл кæнæ æнгæс зæлтæ иумæ куы райхъуысынц, сæ кæрæдзи куынæ фæхъыгдарынц, афтæмæй цъыбар-цъыбур куы фæкæнынц, уæд уый вæййы æхсæрдзæны кæнæ сæурайсомы булæмаргъы зардау. Хъусыс æм æмæ йæм хъусынæй не 'фсæдыс. Рагæй фæстæмæ йæм адæм, фыццаг фольклоры, стæй та литературæйы ног æмæ ногæй уый тыххæй здæхтысты.

Æркæсæм-ма адæмон сфæлдыстады «Уациллайы зарæг»-мæ:

---

[1] М а я к о в с к и й В. Собр. соч. в 12 т. Т. 11, М., 1978, 265-æм фарс.

***Хор-Уацилла***, *дæ хорзæхæй*, ***уæ-уæй***!
***Уацилла*** *нын* ***хор*** *дæтдзæни*, ***уæй***!
***Фæлвæра*** *нын фос дæтдзæни*, ***уæй***!

***Уæлæ*** *бæрзондыл бадгæ кæныс, уæй!*
***Уæ-уæй***, ***æмæ*** *дæ* ***хорзæх***, *уæ, уæдæ,*
***Уæ-уæй***, ***уæдæ***, ***хорз Уацилла***, ***уæй***!

***Уæ-уæй***, ***æмæ***, *дæ* ***хорзæхæй***, ***уæй***!
***Ракæс æмæ уæд рафæлгæс***, ***уæ-уæй***,
*Дæ* ***хорзæхæй***, ***Хор-Уацилла***, ***уæй***.[1]

Иугæр дзырд Уацилла æмæ хорыл цæуы; иугæр Уацилла æмæ хоры тыххæй кувынц, уæд зарæджы дзырдтæ хæрз стæмтæй дарддæр иуубылдæр, адæм цæйау зæгъынц — «бæзбæз» кæнынц, *у, х, р, л, а, о* æмæ сæм хæстæг чи лæууы, уыцы зæлтæ кæм сты, ахæм дзырдтæй.

Ацы зарæг нæ адæмон сфæлдыстады иунæг ахæм зарæг нæу. Уыцы бабуцы, уæзданы зæлты зæлланг æрмæст уырдыгæй нæ хъуысы. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ поэтæн стыр скъола уыдис. Фæлæ уыдон куынæ уыдаиккой, уæддæр Нигер стыр поэт æмæ ахуыргонд адæймаг уыдис. Хорз зыдта Гомер, Данте, Шекспир, Пушкин, Лермонтов æмæ дунейы æндæр стыр поэтты сфæлдыстад. Цæгат Ирыстоны паддзахадон институты литературæ æмæ литературæйы теорийæ каст лекцитæ. Куыд ацыдаид хъуамæ йе сфæлдыстад ацы аивадон амалы иувæрсты!

Æмæ нæ ацыд. Мæнæ йæхæдæг цы зæгъы уый тыххæй, ома аивадон уацмысы æмхуызон зæлты тыххæй: «...ныхасгæнгæйæ, мах мыртæм нæ хъус нæ дарæм. Сæйрагдæр у ныхас бамбарын, уыййеддæмæ, мырты ‘рдыгæй куыд арæзт у, уый махæй рохуаты баззайы. Бынтон æндæр хъуыддаг у аив ныхас. Мыртæ хаттæй-хатт уацмысы йе ‘ннæ миниуджытыл фæтых вæййынц. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ ныхасы мыртæм ис цавæрдæр, адæймаджы йæ уацары чи бакæны, ахæм «кæлæнгæнæг» тых, — йæ хъуыды бафидар кæныны тыххæй цæвиттонтæ æрхаста Лермонтовæй, Пушки-

---

[1] Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. Цхинвал, 1977, 4-æм фарс.

нæй, стæй дарддæр зæгъы, – мырты уацары бирæ поэттæ бафтынц. Райсæм-ма ноджыдæр Пушкины:

*... куда как весело:*
*Вот вечер, вьюга воет.*

Кæнæ, зæгъæм, Бальмонты:

*Вечер. Взморье, вздохи ветра,*
*Величавый возглас волн.*

Мыртæ иуырдæм дæр æмæ иннæрдæм дæр ахадынц. Зындзурæн мыртæ куы скъорд вæййынц, уæд уый стыр зиан хæссы аив уацмысæн. Уымæ гæсгæ фыссæг хъуамæ цырддзастæй кæса ацы хъуыддагмæ æмæ мырты æдзæлгъæддзинадæй бахиза йæ уацмыс».[1]

Нигер йæхæдæг цырддзастæй кастис ацы хъуыддагмæ. «Мырты æдзæлгъæддзинадæй» хызта йæхи. Аллитерацийæ пайда кодта, хъæугæйыл æй куыд нымадта, афтæ. Поэты уацмысты йыл сæмбæлæм рæстæгæй-рæстæгмæ:

*1. Не **з**наджы **с**ау **з**æрдæ*
***С**ау **к**æрдæн **к**уыд **к**æной...*

(«Ногбоны арфæтæ»)

*2. Цæй æмæ фæцæ**у**он уæлæ **у**æлар**в**мæ,*
***У**æлæ **у**æлар**в**мæ, **Ку**ырдалæгонмæ...*

*3. **Ку**ырд **Ку**ырдалæгон – **у**æлар**в**он д**у**аг!*

(«Батрадз йæхи куыд байсæрын кодта»)

Æмдзæвгæ «Мæгуыр дæ, о! Мæгуыр, мæгуыр дæ!..» кæсгæйæ та аллитерацийы тæвагæй, мæгуырæг, мах мæгуыры мæгуырдзинады мæтæй мæрдтыл æфтæм:

*Мæгуыр дæ, о! Мæгуыр, мæгуыр дæ!..*
*Фыдбон – дæ цард, æнкъард – дæ фынтæ.*

---

[1] Н и г е р. Т.3, 19–20-æм фæрстæ.

*Бæгънæг — дæ ус, бæгънæг — дæхæдæг,*
*Дæ фыд фыдвадатæй нырхæндæг.*

*Ыстонг — дæ чызг, ыстонг — дæ лæппу,*
*Æгад — дæ ном, дæ уд — гæлæбу.*

*Куы кусай, уæд дæ ном — сæ дзыхы,*
*Дунейы фарн — æппæт дæ ныхы.*

*Фæлæ куы фæтыхсай фыдазы,*
*Дæ уд куы сцæйхауа сæ разы, —*

*Уæд сын — хæрæг, йе зулкъ, йе уаллон,*
*«Дæлдæрты» лæтæрæй сæ баллон.*

*Дзæбæх куы ныфсæдынц дæ куыстæй,*
*Дæ туджы фæллойæ, йе мыздæй,—*

*Æрмæст уæд не ‘фсæдынц дæ койæ:*
*Дæ был дын айсæрдынц дæ сойæ...*

*Мæгуыр дæ, о! Мæгуыр, мæгуыр дæ!*
*Фыдбон — дæ цард, æнкъард — дæ фынтæ...*

Æмдзæвгæйæн йæ райдайæнæй йæ кæронмæ аллитераци аразæг мыртæ ивынц сæ кæрæдзи, цæмæй сæ адæймаг ма фæлмæца. Афтæмæй поэты бон баци йæ уацмысы мыртæ æдзæлгъæддзинадæй бахизын.

II. Э м о ц и й ы «д ы н», «м ы н»-тæ ... арæх сты нæ поэты сфæлдыстады. Арæх æмæ — зæрдæмæхъаргæ.

Æмткæй, ирон æвзаджы бирæ аив æмæ алыхуызон фæзилæнтæ ис. Уыдонмæ хауынц ныхас иугæнæг дзырдтæ: «дын», «мын», «нын», «уын» æмæ афтæ дарддæр. Фыццаг бакастæй цыма нæ фæхъæуынц, уæлдай дзырдтæ сты, фæлæ æцæгæй та æвзаг кæнынц эмоционалондæр, хъусдард æм здахынц тынгдæр.

Къостайы сфæлдыстады уыцы аивадон амал дæр фыццаг Нигер рафæлгъуыдта. Рафæлгъуыдта йæ æмæ дзы йæхæдæг дæр арæхстджынæй пайда кодта.

*1. Æмæ д ы н к‘ уа хæрз зын, цыфæнды зын!..*

(«Хæсты быдыры»)

*2. Бакодта мæ ногзад фысмæ,*
*Асдæрдта м ы н уый мæ сæр.*

*3. Зымæг, систа т а нæ де ‘хситт.*
*Де ‘хсæв т а куыд даргъ у, куы!*

*4. Ракæс, ракæс-м а дæ цæстæй!*

(«Гыцци»)

*5. Фехæлдта, дам, н ы н нæ къона йæ бындзарæй;*
*Н‘ артыл н ы н ауагъта дон...*

*6. Мæнæ у ы н хохы та уадындзæй уасинаг...*

(«Мæлæг æфсæддоны фæдзæхст»)

*7. Циу д æ дидинæг йæ цуры.*
*Циу, цы, д е стъалы йæ фарсмæ!*

(«Сатай-хан»)

Иу бакастæй сын цыма ницы уадиссаг нысаниуæг ис, фæлæ поэты стиль хæдхуыз кæнынæн, йæ дзырд ын эмоционалондæр кæнынæн сæ нысаниуæг у тынг стыр.

* * *

Диссаг, тынг диссаг у Нигеры æвзаг. Æрмæст йæ поэтикон æвзаг нæ, фæлæ йæ критикон, зонадон, публицистон уацмысты æвзаг дæр. Æнцонæмбарæн, зæрдæйы рæбынтæм хизæг, хъуыды цæвæг æвзаг. Цыфæнды стыр, цыфæнды вазыгджын хъуыдытæ афтæ ранывæнды, ахæм хъуыдыйæдтæй сæ абийы, æмæ сæ чифæнды дæр бамбардзæнис. Фæлæ бахаудзæн сæ рæсугъддзинады уацары дæр. Уымæй дæр тырныдта, цас гæнæн ис, уымæй цыбыр хъуыдыйæдтæ аразынмæ. Æппынæдзух æвзаджы рæсугъддзинадыл кæй хъуыды кодта, уый тыххæй-иу фылдæр хатт архайдта хъуыдыйады искæцы уæнг фæуадзыныл. Арæхиу уыцы уæнг уыд зæгъинаг. Йæ бæсты йын, грамматикон æгъдæуттæм гæсгæ, æвæрдта тире:

*Хуымтæ сты хуырджынтæ,*
*Тауинаг – цъæмæл.*
*Сикъотæ – нæ галтæ,*
*Дзыбыр та – къæцæл.*

(«Фыццаг хуымы бон»)

«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»-ы бæрц дзырдтæй мæнæ куыд аразы йæ хъайтары фæлгонц:

*Хызын – йæ фарсыл,*
*Æрчъитæ – къæхтыл,*
*Йæ уæнтыл – цухъхъа,*
*Сæныкдзарм – худæн.*
*Хъримаг ифтонг*
*Æфтыд – йæ уæхскыл,*
*Йæ фарсыл – хъама,*
*Лæдзæг – йæ къухы, –*
*Гъе, уый – йæ фæлыст.*

Ахæм аивадон амалæй йæм ис æнæхъæн уацмыстæ фыст дæр:

*Æз федтон зæхх, æз федтон ком:*
*Ингæн – йæ уынд, зындон – йæ ном.*

*Цæрæг дзы ис – мæлæтæмбис.*
*Сæ цæрæн сæм нæ кæсы дис.*
*Къæвда сын – сой, дымгæ – фæндыр.*
*Сæ дарæс – мит, сæ ис та – хуыр.*
*Хур, мæйæ – рох, дзыллæйæ – ‘фхæрд.*
*Хуыскъæл, хуычъы – фылдæр сæ хæрд.*
*Сæнар – сæ уд, нæ дзы ис суг.*
*Уый у зæйнад, зæйхост Зыруг!*

(«Æз федтон зæхх, æз федтон ком...»)

Уый – æнæхъæн æмдзæвгæ! Æмæ, уыцы стилыл цалдæр уацмысы чи бакæса, уый йæ бахъуыды кæндзæнис, уæдæ цы.

Поэт уыцы хъуыддаг, кæй зæгъын æй хъæуы, сæрмагондæй арæзта. Йæ уац «Цы у аив тæлмац æмæ куыд ивд у ирон æвзагмæ «Интернационал»?-ы афтæ зæгъы: «Ныхасы

ærmæг хъуамæ дæсны амад уа. Æнæуый, хуымæтæджы ныхас кæнгæйæ мах, бæгуыдæр ма, зонæм дзырдтæ кæрæдзийыл ныхасын. Фæлæ уый иу хъуыддаг у. Æндæр ахсджиагдæр хъуыддаг та уый у, æмæ нæ ныхас зæрдæмæ цас арф хъары, цас нывæфтыд æмæ цас аив у нæ дзырд. Бирæ цыдæртæ хъæуы зæрдыл дарын, дзырдтæ нæ фæд-фæдыл аив равæрын куы бахъæуа, уæд. Се 'ппæтыл ам ныхас кæнын фадат нæй. Фæлæ æз иу чысыл æвдисæн æрхæссынмæ хъавын, цæмæй, дзырд дзырдыл ныхасын цас ахсджиаг хъуыддаг у, уый дзæбæхдæр æмæ бæстондæр бамбарæм.

*Шепот. Робкое дыханье,*
*Трели соловья.*
*Серебро и колыханье*
*Сонного ручья.*
*Свет ночной, ночные тени,*
*Тени без конца.*
*Ряд волшебных изменений*
*Милого лица.*

Феты æмдзæвгæйы скъуыддзаджы иу мивдисæг дæр нæй; нæй дзы иу зæгъинаг дæр. Æнæуый, æрвылбон цы 'взагæй дзурæм, уым ыстыр аиппыл нымайæм ахæм хъуыддаг, фæлæ аив, нывæфтыд ныхас, куыд уынут, афтæмæй, уыцы 'гъдауæй æмбулгæ цы ракодта, æндæр цауддæр нæ фæци».[1]

Хъуыдыйад цæмæй цыбырдæр, Нигеры стилмæ хæстæгдæр рауадаид, растдæр зæгъгæйæ та – цæмæй дзы поэты стиль ирдæй зындаид, уый тыххæй-иу æй арæх бахъуыд бæттæг дзырдтæ фæуадзын дæр. Æркæсæм дзы иу-цалдæрмæ:

1. *Хæрын дын мæ рухс хохæй ард –*
*Æдзухдæр дæ фæдыл хæтын...*

(«Кæй уыдзæн дæ зæрдæ...»)

2. *Гом-æгæрццæй къуымты ризæм,*
*Суг кæм и, сæнартæ судзæм.*

(«Зымæг»)

[1] Н и г е р. Т.3, 18–19-æм фæрстæ.

*3. Хур сæмбæлд хæхтыл,*
*Тæмæнтæ калы*
*Рæууон, рæсугæй*
*Бæрзондæй цъити.*
*Æрттивынц хуыртæ*
*Æртæхæй дардмæ,*
*Æхситтæй зарынц*
*Рагъ, рындзтæй зымтæ.*
*Фæцæуы дагъы*
*Хъасбол уæлæмæ,*
*Гуыйман дæр цъассæй*
*Фæлгæсы рындзтæм...*

(«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»)

Æрмæст фæстаг цæвиттоны цал хъуыдыйады ис æмæ дзы цал бæттæджы фæуагъта поэт! Дзырдтæ афтæ ранывæнды, æмæ нæм афтæ фæкæсы, цыма дзы бæттæг хъæугæ дæр нæ кæны. Уымæн æмæ йын уыцы фæзилæн ссис поэтикон амал.

Ацы миниуæг аивадон уацмысы змæлд кæны рæвдздæр. Æлвасы йæ. Йæ хъуыды кæны цыргъдæр. Цасдæр бæрцæй свæййы эмоционалондæр. Фæфылдæр вæййы йæ мидтых.

Ацы аивадон амалæй йæ уацмысты тынг пайда кодта Къоста. Уымæ æнæхъæн цалдæргай строфаты иунæг мивдисæг кæнæ бæттæг дæр нæ вæййы. Æмдзæвгæ «Кæмæн цы...» æнæхъæнæй фыст у афтæ:

*Алы куыстæн — рад,*
*Дзидзидайæн — мад;*

*Хорз фыййауæн — фос,*
*Бирæ фосæн — хос;*

*Хоры кæндæн — зад,*
*Хоры хæрдæн — кад;*

*Сонт рæдыдæн — барст,*
*Хорз зæрдæйæн — уарзт;*

*Рагон мастæн — тад,*
*Загъдкъахæгæн — над;*

*Магусайæн – цæф,*
*Цырд лæппуйæн – кæф!*[1]

Фæлæ йын, мыййаг, уый, ома зæгъинæгтæ æмæ бæттæгтæ кæй фæуагъта автор, уыцы хъуыддаг йæ ахадындзинад дæлдæр нæ кæны. Уыцы конструкцийы фæрцы Къостайы, стæй Нигеры поэзи, уæлдайдæр, лирикон æмдзæвгæтæ поэзиуарзджыты зæрдæтæм хизынц арфдæр.

Афтæ ма сæ зæрдæмæдзæугæдæр кæнынæн æмæ, уацмыс цы чемыл фыст у, уый чиныгкæсæгмæ адæттыны тыххæй арæх фæпайда кæны æндæр аивадон амæлттæй – цас гæнæн ис, уыйбæрц цыбыр хъуыдыйæдтæ аразынæй, хъуыдыйад æрдæгыл фескъуынынæй кæнæ – дзырдтæхъуыдыйæдтæй. «Бадилон симд»-ы мæнæ куыд æвдисы, куывд цы уалдзыгон райсом уыдис, уый:

*Уыд уалдзæг... Райсом...*
*Тæмæнтæ калы*
*Сæ хъæу Хъуыбаттæн.*

*Чызгæй, лæппуйæ*
*Кæнынц æмæрттывд.*
*Чыргай ивылынц*
*Афайтæм адæм.*

Фæлæ цин дæр æмæ хъыг дæр, ома уацмысы, стæй хъайтары зæрдæйы уаг уæлдай тынгдæр разынынц, хъуыдыйæдтæ куы фескъуыны, уæд. Уый тыххæй Нигер йæхæдæг афтæ дзырдта: «Зæрдæйы цин кæнæ маст куы уа, уæд ныхас даргъ вæййы, фæлæ цыма æваст фескъуыйы, афтæ рауайы. Хъуыдыйадæй бирæ дзырдтæ ахауы æмæ фæцыбыртæ вæййы. Мæстджын кæнæ цингæнæг адæймаджы æвдисгæйæ, ахæм конструкци тынг аив кæны поэтикон ныхас».[2]

Æмæ дзы нæ поэт йæхæдæг дæр æнæдызæрдыгæй «тынг аив кæны» йæ «поэтикон ныхас»:

---

[1] Хетæгкаты Къоста. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 1994, 186-æм фарс.
[2] Нигер. Т.3, 295-æм фарс.

*1. Фæлæ... бонтæ цæуынц,*
*Ивы зæрдæ йæ уаг...*
*Æмæ уыцы амонд*
*Нал уыд махæн нæ фаг...*

(«Мæнæ ам...»)

*2. Араст дæн, ныццыдтæн...*
*Уым уыд иу хъæу – Къардиу...*

(«Терчы цур»)

*3. Никæй бандæвта ‘ппындæр йæ рынчын.*
*Адаргъ и... Систа йæ уд...*

(«Мæгуыры мæлæт»)

Афтæ аив пайда кæны дзырдтæ-хъуыдыйæдтæй дæр:

*1. Ныууадзут! Уæ зарæг*
*Уæхуыдтæг кæнут.*

(«Æз зарын нæ зонын»)

*2. Донгуырæн. Хохæн йæ хæдбын.*
*Цъити йæм бæрзондæй худы.*

(«Фыййау»)

*3. Дымдта. Фыд дымд. Ныннызгъуылдтæн.*
*Мæ туг рызти. Рызти ‘мæ ‘руад.*
*Дымдта. Йæ фат æппæрста арв...*

(«Уыдис æхсæв»)

Цас æмæ цас сты! Иууылдæр æвдисынц уды змæлд. Туджы цавд. Чиныгкæсæг æй хатгæ дæр нæ фæкæны, уацмысы хъайтары зæрдæйы уаг æм куыд рахизы. Афтæ дæсны уыд Нигер дзырдтæ сæ кæрæдзийыл ныхасынмæ. Хъуыдыйæдтæ аразынмæ.

* * *

Аивадон амæлттæ бирæ æмæ алыхуызон сты. Аивадæн лæггадгæнджытæн сæхийау.

Фæлæ аивадæн лæггадгæнджытæй иутæ уыцы куыст, стыр ахсджиаг куыст, зонгæ-зонын кæнынц, иннæтæ йæ

сæхæдæг нæ фæхатынц. Нигер æнæнхъæлæджы, ома авд хатты кæй не сбарстаид, ахæм хъуыддаг лыг кæнынмæ не 'рæвнæлдтаид. Фæлæ йын æз ам дзурын æрмæстдæр йæ аивадон амæлтты характерондæртыл. Уыдонæй иу у фын. Ома фыны хуызы аивадон уацмыс фæлдисын.

Ахæм уацмыстæ Нигеры размæ дæр, йæ рæстæджы дæр, уый фæстæ дæр бирæ чидæртæ фыстой æмæ фыссынц. Вæййы афтæ дæр, аивады кусæг фыны аивадон уацмыс федта, æмæ куы райхъал, уæд æй ныффыста.

Нигер фыны хуызы уацмыс фыссын сæрмагондæй арæзта. Уый йын уыдис уацмысы формæ. Аивадон амал.

Æркæсæм æмдзæвгæ «Фын»-мæ. Цыма 1917-æм азы æртхъирæны мæйы 28-æм бон Саратовы æрцыд фыст. Фыццаг хатт мыхуыры та фæзынд поэты æмдзæвгæты чиныджы 1936-æм азы. Зæгъæн ис – ссæдз азы фæстæ. Æмæ дзы автор цы æвдисы: лирикон хъайтар фыны уыны нæхи хохбæстæ. «Хъæуы фæстæ» æнæ худæй бады æмæ:

*Æнæвгъау мæ хъæбысмæ цæссыг мызти,*
*Мæ зæрдæ фырмæстæй ыскъуыди, рызти.*
*Нæ цæгатмæ кастæн,– нæ цæгат ныссау,*
*Хæрз талынг фæззыгон хæххон æхсæвау.*
*Фыдæлтыккон уымæл нæртон хизæнтæ*
*Куы сысты ныр иууыл цъæх дуры цæндтæ.*

Зæхх кæм нæй, уым цæрæн нæй. Лирикон хъайтарæн йæ цæстысыг æнæвгъау уымæн мызти, йæ зæрдæ фырмæстæй уымæн скъуыд. Мæцкъуыйы хъæдтæ цы дыууæ сæныччы «рæдывтой, æхсыдтой», æрмæст уыдон нæ мардысты стонгæй, фæлæ æнæхæлаф бынбæгъæввæдтæ дæр:

*Сæ тæккæ бын, донбыл, æндæр мæгуыр ус*
*Къуымбилтæ куы тауы: нæ йын кæнынц хус.*
*Йæ комкоммæ иукъорд бæгъæмсар лæджы*
*Æгуыппæгæй абухынц бур æлыджы.*
*Сæ цуры та бирæ чындздзон чызджытæ*
*Æккæйттæ куы кæнынц уæззау тæсчъытæ.*

Уыдæттыл катайæ згъалы поэт йæ цæссыг донау. Æмæ сæм йæхи хæстæг куы æрцæйиста, уæд фехъал.

Тынг хорз, алцæмæй æххæст æмдзæвгæ. Фæлæ дызæрдыг æвзæрын кæны иу хабар – кæд 1917-æм азы æрцыд фыст, уæд æй ссæдз азы бæрц цæмæннæ мыхуыр кодта автор?

Дзырд, уыйбæрц рæстæг æй кæй нæ мыхуыр кодта, ууыл нæ цæуы. Мах, ирон адæм, нæ фыррастæй царды хæрзтæй пайда дæр никуы скæнæм. Советон дзæнæты дæр иу стæмтæй фæстæмæ мæгуыры бонтæ æрвыстам. Фæлæ ма исчи йæ кой скодтаид. Уæлдайдæр, аивадон уацмысы!

Аивад хæринаг у æви нуазинаг, уый чи не 'мбары, уыдон дæр æм стыргæнæн æвгтæй кастысты – кæд ын йæ автормæ исты азым æрхæссиккой. Ныр дæр хуыздæр нæ фестæм. Ахæм аивадон уацмысы тыххæй дын иунæг бынатылæг дæр нæ райстаид æмæ райсдзæнис дæ къух. Фæлæ уæд уыдис иу бæлвырд фæтк: революцийы размæ алцыдæр æвзæр уыдис, революцийы фæстæ алцыдæр хорз у. Нигер дæр кæд йæ уацмыс уымæн схуыдта революцийы размæ фыст?

Куыдфæнды куы уа, уæддæр поэт, мард æмбæрзæнæй æрæхгæнæгау, æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды дзæгъæл цæстæнгасæй бахизыны тыххæй æрнорста аивадон амалæй – ф ы н æ й, ома уацмысæн фыны формæ раттынæй.

Ахæм фынамалы формæйы бындурыл фыст сты, ахуыргæнæн чингуытæй нын нæ сæрты тыхтъыст кæй фæкодтой æмæ кæнынц, зæронд цардæй ног цардмæ хизыныл дзурæг, æнæуый та æцæг философон æмдзæвгæ «Хидыл», стæй – «Æз бадтæн дуры сæр æнцад», «Уыдис æхсæв»... Хуымæтæджы нæ раивта ирон æвзагмæ Омар Хайямы æмдзæвгæ «Æмæ мæ хъустыл ауад хъæр», прозæйæ фыст æмдзæвгæтæ – И.Тургеневы «Æрдз», Лу Сины «Куыдз» æмæ «Зондахаст». Уыдон дæр сты ахæм амалæй фыст.

* * *

Нигер тынг арæхстджынæй пайда кодта, – уацмыс уацмысы, – зæгъæгæ, уыцы аивадон амалæй. Æнæхъæн куывдтытæ, зарджытæ, хъарджытæ, таурæгътæ-иу бавæрдта йæ уацмысты. Афтæмæй сæ кодта оригиналондæр, хъæздыгдæр, алыварсондæр.

Ахæм цæвиттонтæ, стæй алыхуызон цæвиттонтæ бирæ ис æрхæссæн, фæлæ æгæр стыртæ кæй сты, уый тыххæй мæ хъуыды бафидар кæндзынæн фæйнæ дæнцæгæй:

1. К у ы в д у а ц м ы с ы.

*Лæдзæг æрсагъта, йæ топп ыл æрцауыгъта,*
*Кувинаг сау къæйыл буцгомау авæрдта,*
*Йе стыр фæлтæрд къухæй авджы сæр асæрфта,*
*Стæй дын уæд даст сæрæй сæгъдзарм худ фелвæста:*
***«О, зæронд Æфсати, ракæс-ма, рафæлгæс,***
***Кувæг цуаноны рахизмæ бафæдзæхс,***
***Райсом раджы мын дæхи та фæрæдау кæн,***
***Хъæлзæнг сионтæй мын иу та фæлæвар кæн».***
*Афтæ ыскуывта йæ фæдзæхсæг дуагмæ,*
*Кувинагæй дæр, куыд æмбæлы, сахуыста.*

(«Æфсати»)

2. З а р æ г у а ц м ы с ы.

*Хъазынц сабитæ – нæ дарæг.*
*Хур, сæууон хур сæ хынцы;*
*Дардыл айхъуысы сæ зарæг,*
*Хæхтæм, быдыртæм тындзы:*

***«Тав нæ, хур,***
***худ нæм, хур!***
***Мах ыстæм***
***амондгур.***
***Ма тæрс, ма,***
***ма нын тæрс –***
***Мах дын – гæс –***
***мах – дæ гæс –***
***Хуры рухс,***
***рухс тынтæй***
***Ацæудзæн***
***царды зæй***
***Бæстæтыл,***
***дунетыл.***
***Зæрдæ дар***
***сабитыл!***

***Сабитæ –***
***ног фæлтæр, –***
***Айрæзæм***
***хъæлдзæгдæр! –***
***Гыццитæ,***
***мадæлтæ,***
***Дарут ныл***
***зæрдæтæ.***
***Акусут***
***ерысæй!***
***Акусут***
***ерысæй!***
***Иу, дыууæ,***
***иу, дыууæ,***
***Иумæ цом***
***иууылдæр.***
***Уæд æртæ,***
***уæд цыппар,***
***Иумæ цу,***
***рæзгæ бал!»***

*Айхъуыст зарæг дардыл. Быдыр –*
*Райдзаст. Кæс – гыццийы чызг*
*Кусы ерысæй. Йæ фыртыл*
*Уый нæ калы цæстæй сыг.*

(«Гыцци»)

3. Х ъ а р æ г у а ц м ы с ы.

*Куырой, къада куырой, зилы.*
*Кæс, æнæбары – йæ зылд.*
*Гæркъæраг йæхи ныттилы.*
*Байхъус, бамбар сын сæ дзырд:*

***«Уæй! Хыррытт, хыррытт, цæй, иумæ.***
***Уæй, хыррытт! Мæгуырæг ус,***
***Рухс нæ ныккæсдзæн дæ риумæ,***
***Цасфæнды фæллой кæн, кус.***

***Сар – дæ сæр, дæ уæнгтæ – ’нтъыснæг,***
***Гом-æгæрц – дæ саби сонт.***
***Уæй, хыррытт. Мæрдон – дæ хуыссæг,***
***Хъарæг дын фæци нывгонд!..»***

*Сау ус бакæуы, дзыназы:*
***«Гъыкк... мæ бон, мæ сæры бон,***
***Гъыкк... Дæдæй! Ыстонг фыд азы,***
***Саумæр, айс-иу мæ бынтон,***

***Кæннод нал дæн, нал, мæ сæрæн.***
***Судзгæ сау фыдты тыхсын!»***
*Нал ис бауромæн хъæрæн.*
*Хъарæг куыройыл тыхсы...*

(«Гыцци»)

4. Т а у р æ г ъ у а ц м ы с ы.

«Сатай-хан» æнæхъæнæй у 267 рæнхъы. Йæ райдайæны 23 æмæ йæ кæроны 5 рæнхъæй дарддæр иннæ у таурæгъ, поэт æй йæхæдæг куыд хоны – хæххон таурæгъ. Автор ын сарæзта нырыккон райдайæн æмæ кæрон. Æгæр стыр кæй у, уый тыххæй йæ цæвиттонæн ардæм нæ хæсдзыстæм.

Нигер Къостайы, стæй Къостайы сфæлдыстад афтæ бирæ уарзта, æмæ нæ фæллад йæ кой кæнынæй. Фыста йыл. Фæлгъуыдта йын йæ сусæгдзинæдтæ, йæ аивтæ. Фæлгъуыдта сæ æппынæдзух. Нæ Хуыцауыхай – Къостайы мотивтыл æрмæст аивадон уацмыстæ нæ фыста, фæлæ йын йæ уацмыстæй, адæмон сфæлдыстадау, хицæн скъуыддзæгтæ комкоммæ хаста йæ поэзимæ. Уый йын ссис аивадон амалы хуызæн. Куывдтытæ, зарджытæ, хъарджытау, Къостайы поэзийæ мæнæ куыд пайда кæны «Ирыстон»-ы:

*Нæ фæсивæдæн сæ тырысайыл*
*Йæ туджы ’ртахæй Къоста ныффыста:*

*«Цæйут, æфсымæртау,*
*Раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ,*
*Иры лæппутæ!*

*Скæнæм нæ тыръса*
*Дзыллæйы номæй,*
*Рухсмæ æнæзивæг*
*Цомут æнгомæй!*

*Растдзинад уарзынæй*
*Скæнæм нæ фæндаг.*
*Гъе-мардзæ, магуса,*
*Фесæф, нæуæндаг!..»*

Кæнæ Къостайы «Кæуæг айнæг»-æй куыд пайда кæны:

*Нæ хæхты тигътыл, нæ хæхты систыл,*
*Нæ хъæуты уынгты, нæ рухс горæтты,*
*Нæ цæуæнрæтты, нæ кусæндæтты*
*Къостайы дзырдтæ æрттивынц иууыл:*

***«Тугæйдзаг хид калгæйæ,***
***Æгъатыр знагæн***
***Цагъайраджы куыст***
***Цæйнæфæлтау кæнай,***
***Фæлтау сæрибарæй***
***Амæлын хуыздæр у!»***

Нигер йæ хъус тынг дардта Къостайы сфæлдыстадмæ. Ахуыр æй кодта. Иста дзы бирæ хорздзинæдтæ æмæ сæ амыдта кæстæртæн. Уый бæрæг у, йе сфæлдыстадыл ын цы бирæ æмæ ахадгæ уацмыстæ ныффыста, уыдонæй. Йе сфæлдыстадон куысты дзæвгар рæстæджы уыдис Къостайы æндæвдады бын. Уыцы æндæвдадæй, ома зонгæ-зонын кæй арæзта, уыцы æндæвдадæй ныффыста æмдзæвгæтæ: «Мæ ном», «Гъей-джиди...», «Аргъау», «Додой», «Цæр!» æмæ æндæртæ. Йæ кадæг «Æндæр Хъуыбады» фыст у, Къостайы кадæг «Хъуыбады»-йы хъайтары хъысмæт Октябры революцийы дугмæ рацаразгæйæ.

Къостайы æргом фæзмгæйæ Нигерæн æнцондæр уыдис царды хъæнтыл дзурын:

Къостамæ у:

*Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ,*
*Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!*
*Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ,*
*Иу-ма уæ фезмæлæд искуы лæгау!..*

(«Додой»)

Нигермæ та:

*Додой фæкæнат дыккаг хатт нæ хæхтæ,*
*Сау фæнык фестат, ыссæуа уыл зынг.*
*Мæнæ та ноджы уæ тæрхоны лæгтæ*
*Бацæттæ кодтой уæ хистæн сæ фынг.*

(«Додой»)

Къостайы сфæлдыстадæй пайда кæнын ма Нигерæн ссис ахæм аивадон амал, æмæ-иу ын йæ уацмыс цыма иннæрдæм рафæлдæхта. Къостайы Хъуыбады Адай-æфцæгыл Дыгурмæ куы ахызт, уæд «Ирæй, Кæсæгæй Фæндырдзæгъдæгæй Кæм нæ фæхатти», æмæ дзы поэт кæронæй зæгъы:

*Йæ къах нæ фæллад,*
*Йæ зард нæ фенад*
*Йæ цæугæ царды...*
*Æрмæст нæ хъæумæ*
*Куырмæй фæстæмæ*
*Æрцыд Хъуыбады...*

*Сæрдæй, зымæгæй,*
*Гуыбыр, тызмæгæй*
*Йæ къæрид кæрцы*
*Ныхасы бады*
*Зæронд Хъуыбады, –*
*Нæ йæ зоныс, цы?..*

Нигеры Хъуыбады къаддæр бæстæтыл нæ ахатти: «Туапсемæ афтыд Фæндаджы куыстмæ», «Фæцыд Сыбырмæ», «Карпаты хохы Æлдæртты тохы Йæ туг фæкалди», «Германы хæстæй Нæхимæ – гъæйда!», «Дон, Бургъустанæй Сырх партизанæй Кæм нæ тылд туджы!..»

*Æмæ фæстæмæ*
*Æрцыд нæ хъæумæ,*
*Сырх орден – риуыл...*
*Йæ ном куы хъуысы*
*Хъазуаты куысты*
*Нæ Ирыл иууыл...*
*Сæрдæй, зымæгæй*
*Фæлыст, хъæлдзæгæй*
*Колхозы кусы.*
*Фæскуыст фæзары*
*Æмæ рæвдауы*
*Йæ цот, йæ усы.*
*Изæрыгæтты*
*Кæсы газеттæ,*
*Йе клубы бады...*
*Йæ ном ын базон –*
*Хуыйны мæ уарзон*
*«Æндæр Хъуыбады».*

Бирæ хæттыты-иу Къостайæ райста æрмæст уацмысы ритм. Æргом, зындгонд ритм. Æмæ-иу ууыл снывæста ног уацмыс, йе 'мдзæвгæ «Аргъау» Къостайы «Лæскъдзæрæн»-ы ритмикæйыл куыд снывæста, афтæ.

Нигер уыцы ивындзинæдтæ зонгæ-зонын арæзта рæстæгмæ, дуджы комулæфтмæ гæсгæ. Уыцы æндæвдад ыл æвзæрырдæм уымæн нæ фæзындис. Куырд куырдыл ахуыр кæны, æмæ йын, чи зоны, Къостайы хуызæн Стыр Хохы Стыр Аивад куынæ бацамыдтаид сæуæхсидмæ фæндаг, уый йын куынæ раттаид хъару æмæ ныфс, зонд æмæ фæлтæрддзинад, уæд нын не сфæлдыстаид ахæм бирæ диссаджы хорз уацмыстæ. Чи зоны... Фæлæ мæ ныртæккæ æрмæстдæр уый зæгъын фæнды, æмæ Нигер, Къостайы фæзмгæйæ, тынг кæй тырныдта, йæ уацмысты æвзаг æлвæст цæмæй уыдаид, æмæ йыл уый бирæ бæрцæй кæй бандæвта хорзырдæм.

Нигер Къостайы фæзмыдта æмдзæвгæйы арæзтæй дæр, параллелизмтæй дæр, мидæггагон рифмæтæй дæр æмæ æндæр аивадон амæлттæй дæр. Фæлæ-иу сæ ауагъта йæхи джиппы. Афтæмæй, зæгъæн ис, Нигер Къостайы ссадвæ-

дыл кæй нæ цыдис, Къоста цы аивадон амæлттæй пайда кодта, уыдон уый удмæ дæр хæстæг кæй лæууыдысты бирæ цæмæйдæрты. «Фæзмын» уый тыххæй зæгъын, æмæ Нигеры размæ ирон поэзийы фыццаг, куыд аивадон амæлттæ, афтæ æрмæст Къостайы сфæлдыстады кæй уыдысты, æрмæстдæр сæ уый кæй пайда кодта барджын æмæ арæхстджынæй.

Æцæг, дзуары цырагъ дæр дыууæ лæджы къухы æндæр æмæ æндæрхуызон фæсудзы. Поэзи та поэзи у. Алы зæрдæйæн йæхи поэзи ис. Аивадон амæлттæй дæр алчи йæхирдыгонау фæпайда кæны. Йæхи джиппы сæ ауадзы.

Арæх Къостайау, ома уый «адæмы» æмæ «мах» цард æмæ уавæр кæрæдзийы ныхмæ куыд æвæрдта, афтæ Нигер та кæрæдзийы ныхмæ æвæрдта зæронд цард æмæ ног цард, хъæздыджыты æмæ мæгуырты. Уыцы хъуыддаг ирдæй зыны æмдзæвгæтæ «Дæу цы домы?..», «Хидыл», «Фæстаг хъæбыс», кадджытæ «Æндæр Хъуыбады», «Гыцци» æмæ æндæр уацмысты. Фæлæ сæ дыууæ поэты дæр пайда кæнынц æндæр æмæ æндæр хуызты. Къостамæ цæуынц сæ кæрæдзи ивгæ: «адæмы» цард, «мах» уавæр, «адæмы» цард, «мах» уавæр...

*Адæмæн сæ рæсугъд уæттæ*
*Хъармæй, райдзастæй лæууынц,*
*Махæн та нæ сывæллæттæ*
*Уазал лæгæтты кæуынц...*

*Адæмæн сæ чындзхонты хъазт*
*Хæхтæ, къæдзæхтæ хæссы,*
*Махæн та нæ гæдыты уаст*
*Мардыл кæуæгау хъуысы...*

(«Мæгуыры зарæг»)

Нигермæ бынтон стæм хаттæй фæстæмæ афтæ никуы вæййы. Уый ратты уацмысы иу хай зæронд цардæн (кæнæ мæгуырты цардæн), иннæ хайы та февдисы ног цард (кæнæ – хъæздыджыты цард), æмæ сæ ахæм хуызы æвæры сæ кæрæдзийы ныхмæ. Йæхи тынг хизы диалогтæй дæр. Кæд æм цыбыр хуызты æмбæлынц, уæддæр. Æвæццæгæн, по-

эзийы диалог, уæлдайдæр, стыр диалогтæ хорзыл нæ ныма́дта.

Чи зоны, диалогтæ хъуыддаг дардмæ кæй акæнынц, уый тыххæй. Чи зоны. Поэзи æнæуый дæр нæ уарзы диалог. Фæлæ уымæ æнæмæнг бафтауын хъæуы, поэт дзурыны бæсты фылдæр хъуыды кæй кодта. Йæ поэзийы, мæнмæ гæсгæ, уый тыххæй ис бирæ сусæг, мах кæй нæма зонæм, ахæм æвæрæнтæ, стæй ныхмæвæрд хъуыдытæ дæр.

Æмткæй райсгæйæ, Нигерæн йе сфæлдыстадау йæ царды дæр ис бирæ ныхмæвæрдтытæ, æмæ ныртæккæ нæ ныхасмæ уый нæ хауы. Фæлæ уыйбæрц кæй тыххæй дзурæм, уый цардмæ чысыл уæддæр ма æркæс, уæд, мæнмæ гæсгæ, аив нæ уаид.

## II

Алы адæммæ не ’рхауы ахæм амонд – сæ аив литературæ йæ фыццаг уацмыстæй фæуа цæстæвæрæн. Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад, уæлдайдæр «Ирон фæндыр», æнæхъæн æнусты æмæ нацийы цæсгомæвдисæг у. Къубалты Алыксандры «Æфхæрдты Хæсанæ»-йæ нырма бирæ фæлтæртæ рæвдаудзысты сæ зæрдæтæ. Стæй нæ литературæмæ ноджы сæ кæрæдзийы фæдыл цæуын райдыдтой амæй-ай хуыздæр фысджытæ. Уый тыххæй Джусойты Нафи афтæ зæгъы: «В эпоху Коста Хетагурова объективные условия осетинской действительности не позволили поэту завершить так блистательно начатое им дело, несмотря на его огромный и всесторонний творческий потенциал.

В начале XX века объективные условия уже созрели, больше того, насущные задачи национального и социально-освободительного движения в эпоху огромной политической активности народных масс, быстрого роста самосознания их требовали, а сравнительно широкое распространение грамотности подготовило появление драматургии и театра, прозы и публицистики на осетинском языке. Выдающимися художниками осетинского народа в этот период его истории явились Сека Гадиев, Елбасдуко Бритаев, Цомак Гадиев и Арсен Коцоев. Творчеством этих писателей и их современников завершается процесс окончательного оформления национальной литературной традиции и литературного языка»[1].

Раст уыдоны комкоммæ фæдон æмæ аивад дарддæргæнæг уыдис поэт, прозаик, драматург, критик, литературæ-

[1] Джусойты Нафи. История осетинской литературы. Т.1, Тб. 1980, 17-æм фарс.

иртасæг, тæлмацгæнæг, æхсæнадон архайæг æмæ куырыхон зондамонæг Нигер (Дзанайты Уасилы фырт Иван). Нигер уыд йæ фæсномыг, фæлæ йын раивта йæхи ном. Фæсномыг, йæ литературон фæсномыг йæ аргъуаны номæй фæуæлдæр.

Уый, йæ лæггæдтæ ирон литературæ, ирон адæмæн æгæрон кæй сты, уый тыххæй. Адæмы уарзт æй систа бæрзонд. Æмæ уыцы уарзт райдыдта фыццаджы-фыццаг поэтæн йæхицæй. Фыссæг æмæ литературæиртасæг Тедеты Рюрик уымæн дзырдта: «В осетинской поэзии 20-х и первой половине 30-х годов важную роль сыграл Нигер (1896—1947) — общепризнанный преемник Коста Хетагурова. В 1966—1968 гг. вышло собрание сочинений поэта в трех томах. В 1 том включена лирика поэта (оригинальная и переводная), притом частью публикуемая впервые. Широко известно высказывание В. Брюсова о том, что «величие поэта измеряется количеством неопубликованных при жизни рукописей». Если в этом есть какая-то справедливость, то она в полном объеме относится и к Нигеру.

К его поэзии, по выражению того же Брюсова в статье о Тютчеве, можно подходить с трех разных точек зрения: можно обратить внимание на выраженные в ней мысли, можно постараться выявить ее философское содержание, можно, наконец, остановиться на его чисто художественных достоинствах».[1]

Рюрикы хъуыдымæ гæсгæ, — стæй йæ хъуыды æнæбындур нæу, — Нигеры сфæлдыстадыл æрмæст Тютчевы æндæвдад нæ фæзындис хорзырдæм, фæлæ йын уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæты классикты сфæлдыстадæй бирæ уацмыстæ уыдысты цæвиттойнаг. Æндæр æмæ æндæр рæстæджыты И.С. Крылов, А.С.Пушкин, А. Кольцов, М.Ю. Лермонтов, Ф.И. Тютчев, А.А. Фет, Гораций, Марциал, Омар Хайям, Хафиз, И.В. Гете, Г. Гейне, Лу Сины хицæн æмæ хицæн уацмыстæ, И. С. Тургеневы прозæйæ фыст æмдзæвгæты æнæхъæн цикл æмæ бирæ æндæр æмдзæвгæтæ кæй тæлмац кодта ирон æвзагмæ, уый йæхи сфæлдыстадыл

---

[1] Тедеты Р.К. Осетинская советская поэзия. Цхинвал, 1975, 159-æм фарс.

ма зындаид хорзырдæм, уый гæнæн нæ уыдис. Йæ дæсныйад хуыздæр кодта, бирæ гениалон поэттæ цы алыхуызон аивадон амæлттæй фидауцджын кодтой сæ уацмыстæ, уыдонæй.

Дзырдтам ма, нæ фысджытæн фыссæджы дæсныйады сусæгдзинæдтæ райсын фылдæр сæхимæ æрхауы, æмæ Нигер зыдта, кæм сæ хъæуы агурын. Уæдæ, диссаг нæу, нæ поэт йæ фыццаг поэтикон фæлварæнтæй фæстæмæ уайтагъд йæ гаччы кæй æрбадт. Рюрик уымæн загъта: «Нигер относится к художникам, у которых творческая зрелость наступает довольно скоро после первых проб пера, — стæй ноджы дарддæр: — Уже в них наметились общие свойства его поэзии, которые он развил в 20-е и 30-е годы. Темы, образы, интонации, которыми впоследствии прославился Нигер, получили уже в ранних вещах первоначальную интерпретацию»[1].

Йе 'взонджы бонты аивады кусæг раст фæндагыл лæуд куы фæуа, йæ фыццаг къахдзæфтæй йыл адæм сæ цæст куы æрæвæрой, уæд йæ лæгау-лæджы кары та цы хъуамæ уа?!

Æцæг, нæ поэтæн, куыд æмбæлы, афтæ рацæрын — зæры бонмæ рацæрын дæр нæ бантыст.

Нигер райгуырдис 1896-æм азы Джиуæргуыбайы мæйы 2-æм бон Алагиры районы Наргомы — хохаг хъæу Сындзысæры мæгуыр бинонты æхсæн.

Ирон хохаг лæг рагæй фæстæмæ йæ цыбыр къухæй февзары уæззау царды дудгæбæттæ. Уасилы бинонтæ дæр сæ ирвæзт нæ уыдысты. Нигер æй йæ лирикон хъайтары номæй ирдæй равдыста:

*Æфхæрд ирон,*
*Фæсхохбæстаг,*
*Фыдцъылызбын,*
*Æнæмыггаг,*

*Нæ бæсты гакк —*
*Мæгуырдзинад.*
*Нæ царды уаг —*
*Æппын æнад.*

---

[1] Тедеты Р. К. Осетинская советская поэзия. Цхинвал, 1975, 160-æм фарс.

*Нæ цæрæнтæ –*
*Цъыф ыскъæттæ,*
*Уæд не скъæттæ –*
*Хæрз лæгæттæ.*

*Æгъдауæй дæр,*
*Куы йæ зæгъон,*
*Нæ адæмæй*
*Цы раппæлон...*[1]

(«Мæ ном»)

Æмæ кæд, Къостайы загъдау: «Дзурынц, æвзæр, дам, æппæлы йæхицæй, хорзæй фæзæгъынц, æппæлы йæ тудж-джынæй, чи та – йæ фыдæлтæй, чи та – йæ чындзæй...»[2] – уæддæр нæ поэт комкоммæдзырд у. Йæ иубæстон адæмы æмæ уыимæ йæхи цард æвдисы, æцæгæй куыд уыдис, афтæ. Афтæмæй та дзы ницы ис цыбæлагæй. Уый нæ, фæлæ йæм чиныгкæсæджы зæрдæ бамæгуыр вæййы. Уæлдайдæр, сæ мæгуырæй куыд рыгъд сты, уыдæттæ кæсгæйæ:

*Æнæнамыс,*
*Гуылæвзæгтæ,*
*Æнкъард, фæлмæст –*
*Сывæллæттæ.*

*Фыдæлтæй сын*
*Бегарайæн*
*Рад баззади*
*Зæйы сæфтæн.*

*Кæд мæ фæрсыс, –*
*Бæстондæрæй*
*Зæгъон дын æз*
*Уæд ме 'цæг ном:*

*Хæмпæлзачъе*
*Туаллаг лæг,*
*Дзæкъулæргъом,*
*Сæмпæрчъиджын.*

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 11-æм фарс.
[2] К ъ о с т а. Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2002, 236-æм фарс.

Ӕнахъом сабимæ цас хъомылад æнхъæлмæ каст ахæм æхсæнады. Уымæн дæр, иннæ сабиты фылдæр хайау, кæрдзыны къæбæр – йæ сæйраг сагъæс. Цумайы лæппу – хистæртæн. Фыййауы лæдзæг – йæ хуыздæр кусæнгарз.

Фæлæ Нигеры цахъхъæн æвзонг, хохаг лæпputæн уый уыдис сæ иууыл хуыздæр мигæнинаг. Ӕмæ адæймаг куы уына, йæ алыварс чи ис, уыдоныл дæр йæхицæй хуыздæр бон нæй, уæд фæбыхсы йе 'фхæрд, ссæст уавæрæн. Ӕмæ фидæны поэт йæ гæвзыкк уавæрыл уыйбæрц нæ хъуыды кодта, ома афтæ æмбæлы. Суанг йæ лæгау-лæджы кары дæр уыцы бонтæ мысыд, йæхи атонын нæ уыд йæ бон йæ «райгуырæн зæххы хуызтæй». Йæ поэзийы сæм иу æмæ дыууæ хатты не здæхтис. Уыдысты йын поэтикон дзырды уæлтæмæн.

Йе 'нæфæуд кадæг «Замирæ»-йы æргом зæгъы, цæмæн æнувыд у Нарыл, ома сæ комбæстыл: «Гъе, уымæн æй кæнын хæрзуарзт, Гъе, уымæн æй нæ кæнын рох». Фæлæ нæ Иры хур – Къостайы тыххæй Нар алы ирон дæр уарзы. Алкæмæн дæр дзуарбадæн у. Нигерæн та дыууæ хатты, фондзыссæдз хатты адджындæр уыдис. Уымæн æмæ «райгуырæн сыджыт рæхджы нæ кæны, нæ, мынæг зæрдæйы».

Цæмæн афтæ у, уый поэтæн сусæггаг нæ уыд: фыццагдæр боны рухс уым – райгуырæн уæзæгыл сæмбæлы цæстыл; сабийæн ныййарæг мад фыццаг хатт фæлмæн пъа уым акæны, уый адæн та царды дзырдтæй зæгъæн нæй: фыццаг хатт уым ахъазы «хъæлæй, йе хъулæй, йе кæнæ лыхъхъæй», – æмæ уыдонæй хуыздæр ницы баззайы адæймаджы цардæй зæрдæйы. Ӕмæ йын уыцы уæзæг, уыцы бонтæ, цыфæнды дудгæбæттæ сæ куы бавзары, уæддæр свæййынц рухс мысинаг.

Байхъусæм бирæ фыдтæ фенæг, фæлæ куырыхон поэтæн йæхимæ:

*Мæ райгуырæн сыджыт мæнæн*
*Мæ цæстыл бафтыдта йæ хуыз.*
*Мæ царды райсом, – нæй гæнæн, –*
*Ӕз бирæ фæбадтæн æртгуыз*
*Нæ къонайыл æмæ уыдтон,*
*Куыд фыцы задын, йе дзæрна.*
*Куы-иу сæм уад мæ комыдон.*

*Фæлæ рæдау нæ уыд нана –*
*Кæм дзы æнтыст; æмæ цыдтæн*
*Æз саппыл сæрд лæджирттæгдзуан.*
*Кæннод та æмбырдтыл зылдтæн…*
*Æмæ хуыдтон мæхи буц, хъан, –*
*Ысгуы-иу мæм куы 'рхауди, уæд;*
*Кæд нæ, уæддæр нæ кодтон мæт;*
*Кæрдæг æз ардтон бирæ, фаг*[1].

Æнæфæхатгæ нæй, поэт кадæджы рифмæтæ, фылдæр – зæлланггæнаг рифмæтæ, кæй аразы цыппаррæнхъон строфатæм гæсгæ, фæлæ йæ строфатыл нæ дихтæ кæны. Уымæн æмæ, кæд рифмæтæ аразын, стæй силлабо-тоникон æмдзæвгæныбæсты афтæмæй ритм хъахъхъæнын зындæр у, уæддæр йæ хъуыдыйæдтæ нæдæр рæнхъыты кæрæтты фæуд кæнынц, нæдæр, строфатæ сæ куы арæзтаид, уæд уыдон кæрæтты. Афтæмæй зын кæсæн уыдаид чиныгкæсæгæн, фæлæ нæ поэт бахызта уыцы зындзинадæй:

*Сæрд – рæгътыл зарыдтæн, зылдтæн;*
*Зымæг та – аргъæуттæ; сæ таг*
*Æхсæвæй бонмæ 'ххæст. Лыстæн*
*Ызмæстон, æмæ-иу баба, –*
*Кæд хъæлдзæг уыд, гъе, уæд мын – пъа.*
*Науæд та – хафт, кæнæ ысхуыст,*
*Кæннод та – тъæпп æмæ рæхуыст.*

Къостайы «Чи дæ?» æмæ Секъайы «Иунæг»-ы лирикон хъайтарты, æгæрыстæмæй, литературæйы ахуыргæнджытæй бирæтæ схæццæ кæнынц авторты ***Æз***-имæ. Афтæмæй, уацмысы автор æмæ лирикон хъайтарæй чи кæцы у, уый адæймаг æнцонæй нал фæхицæн кæны.

Йæ сæйраг аххосаг вæййы, адæймаг аивадон уацмыс кæронмæ кæй нæ фембары, уым. Фæлæ уыцы рæдыды вæййы аивадæн йæхи «аххос» дæр. Мæнмæ гæсгæ, уыцы «аххосаджы» кой скæнын уæлдай хъуыддаг нæ уыдзæнис.

Цæвиттон, фыссæг йæхи цасфæнды фæхизæд, уæддæр, йæ хъайтартæм, уæлдайдæр, йе 'вæрццæг хъайтартæм йæхи

[1] Н и г е р. Т. 2, 196-æм фарс.

уды хъармæй (уазал дæр фестæд) мацы фæхæццæ уа, уый гæнæн нæй. Ноджы автобиографион куы вæййы, уæд та, дзырд дæр ыл нæй, бирæ цаутæ дзы бавæры йæхи цардæй. Фæлæ уæддæр уыцы аивадон уацмыс автобиографи нæ вæййы.

Æцæг, ныртæккæ бирæтæ, уæлдайдæр, стыр къæлæтджынтæ чи фæахсы, уыдонæй тынг бирæ автобиографиты бæсты фæфыссынц автобиографион биографитæ — сæ цард ныффыссыны бæсты, цæмæй стыр æмæ фæрнджын зыной, уый тыххæй сæхиуыл æрымысынц, цы уыдис æмæ цы нæ уыдис, уыдæттæ. Афтæмæй уый у автобиографион уацмысы аивадон мадзал. Аивадæн йæ ном йæ уæлæ ис — хуымæтæджы хъуыддаг дæр саивадон кæны. Фæлæ алы аивадон деталь, цау, проблемæ, идейæ нæ фæхъæуы авторы биографимæ тыхласт кæнын.

Кадæг «Замирæ»-йы ныстуаны Нигер бабайы тыххæй афтæ кæм зæгъы: «Кæд хъæлдзæг уыд, гъе, уæд мын — пъа, Науæд та — хафт, кæнæ ысхуыст, Кæннод та — тъæпп æмæ рæхуыст», — уый комкоммæ поэты фыд Уасилмæ хæссын нæ хъæуы. Нæ фыдæлтæм хъæбулмæ сæ уарзт æргом æвдисын худинаг уыд, фæлæ Уасил йæ фыртмæ цы ахаст дардта, уый бæрæг уыд, йæ зæрдæйы йæм цы ’нкъарæнтæ æвзæрдысты, уыдонæй.

«Отец Нигера, будучи неграмотным, решил во что бы то ни стало дать сыну образование»[1] — Нигеры фыд Уасилы тыххæй уыцы дзырдтæ уарзгæйæ уымæн загъта литературæиртасæг Ардасенты Хадзыбатыр.

Фидæны поэтæн кæд йæ сабибонтæ тыхст æмæ уырыд уыдысты, уæддæр йæ уæзæгмæ, йæ адæммæ йе ’гæрон уарзт уырдыгæй уымæн рахаста. Ахуырмæ кæй тырныдта йæхæдæг дæр, стæй йæ йæ фыд, цыфæнды куы уыдаид, уæддæр ахуыры фæндагыл кæй æфтыдта, уый хуымæтæджы нæ уыдис. Нигеры сабибонты Къостайы кады ном Ирыстоныл нæ, фæлæ æнæхъæн Кавказыл айхъуыст. Кæй нæ фæндыд йæ кæстæрæн ахæм фарн. Æмæ йæм, уæдæ, Нары комæй куыннæ бæллыдаиккой Уасил æмæ йæ чысыл фырт Иван — фидæны стыр поэт?!

---

[1] А р д а с е н о в Х. Нигер. — В кн.: Коллектив авторов. Очерк истории осетинской советской литературы. Владикавказ, 1967, 165-æм фарс.

Уыцы фарнмæ фæндаг уыд скъолайыл, фæлæ йыл цæуын æнцон нæ уыд. Уымæн æмæ, арвыл мæй «йæ цалхы хæрз дзаг» куы хъазы æмæ «Алы ран рухс цард, сæрибардзинад Зæрдæ куы хаты бæрзонд рухс æрвты», уæд поэт та уыны æндæр цард, æмæ кæрзы йæ зæрдæ:

*Махмæ та? Айхъус дæ фæйнæфарсмæ:*
*Хъарæг, дзыназын, рыст зæрдæйы хъæрзт.*
*Бонджын куы уайы мæгуыры размæ,*
*Агуры, домы фыдбылыз, фыд хæст.*
*Алы ран фидар цагъайраджы 'фсондз*
*Бæрзæйы нуæрттæ куы тоны, сæтты.*
*Алы ран адæмы туг æмæ рондз,*
*Терчы цъæх донау, суадон кæны.*
*Акæс-ма, акæс: æлдары фæрцы*
*Уазал быдырты 'мæ талынг хъæдты*
*Адæймаджы фырт йæ туджы мæцы,*
*Рæзгæ мæгуыр уд мæлæтæн дæтты*[1].

(«Тæхуды!»)

Фæлæ, куыд акæнынц, зынтæн лæг хъæуы. Уасил бацархайдта йæ кæстæры ахуыры фæндагыл ныллæууын кæныныл – радта йæ Нары аргъуаны скъоламæ. Каст æй фæцис 1908-æм азы.

Зæрдæргъæвд лæппуйæн, скъолайы йæ ахуыргæнджыты амындтытæй цы иста, уымæй дарддæр йæ зæрдæфысты, дæсны нывгæнæджы арæзт нывтау, сæ фæд уагътой хохæгты фыдцард – рæсугъд æмæ æгъатыр æрдз, бæрзонд рындзтæ æмæ æнæбын сæрсæфæнтæ, нæргæ зæйтæ æмæ хъуытазхъæлæс æхсæрдзæнтæ, даргъ зымæгон æхсæвтæ æмæ боны хуызæн мæйрухс изæртæ, хохæгты тадзгæ-баргæ ныхас æмæ нарты алæмæтон кадджытæ, адæмы уыргхафæн тухæн æмæ сæ рухс бæллицтæ... Никуы йын лæвæрдтой удæнцой. Кодтой йын ногæй-ногдæр. Йæ тæккæ лæппулæджы кары, 1922-æм азы, хауд-зæрдæйæ уымæн хъынцъым кæндзæнис:

---

[1] Н и г е р. Т.1, 30-æм фарс.

*Ды нæ хъусыс, уад куыд ниуы,*
*Тард, мæллæг зæронд куыдзау.*
*Ды нæ зоныс: зæрдæ риуы*
*Уыцы ниуынæй ныссау.*

*Ды нæ уыныс уынгæг комы*
*Их, хъæпæнæвæрд фæндаг.*
*Ды нæ уыныс, дæу цы домы!*
*Нæй дæ уымыты хъуыддаг.*

*Ды нæ уыныс, уым сынæгæй*
*Чидæр тулы ныр уæрдон.*
*Цонг-мæцъисæй, рыст, бæгънæгæй*
*Нал у, мæгуырæг, йæ бон.*

*Ды нæ уыныс: уартæ хъæдæй*
*Чидæр рахæссы æргъом;*
*Хаугæ-тулгæ, риуæхгæдæй,*
*Уæнгтæ риссынц, къæхтæ — гом.*

*Зæй йæ 'рсуры. Тымыгъ сæмбæлд*
*Раст йæ ныхыл... Бузныг, зæй!*
*Айстай æргъом. Ныр æрæнцад*
*Мæгуыр удхары куыстæй*[1].

(«Дæу цы домы!..»)

Уацмысæй зыны, лирикон хъайтары оппоненты уыцы дудгæбæттæ уынын æмæ хъусын фæндгæ дæр кæй нæ кæны. Уый уацмыс кæны карздæр, драматикондæр.

Адæймаг уæлион цард мæлæтыл куы ива, мæрдты мæ удхарæй æрæнцайдзынæн, зæгъгæ, уæд уый иу уды трагеди нал у, фæлæ нацийы, стæй дардыл нымайгæйæ — дунейы адæмы трагеди. Æрмæст æй, хъыгагæн, иууыл не 'мбарæм.

Нигер æй æмбæрста. Æмбæрста йæ суанг йæ сабибонтæй фæстæмæ, æмæ уыцы фыдцард, æргом хъæдгомау, баззад йæ зæрдæйы:

[1] Н и г е р. Т. 1, 116-æм фарс.

*Ды нæ хъусыс: ус дзыназы –*
*Фондз сидзæрæн нæй кæрдзын.*
*Чи йæм дзуры, чи йæ ’вазы.*
*Къуымты – ниуын, тарф хъæрзын...*

*Ды цы уыныс, дæу цы домы:*
*Галуан – райдзаст, хъарм, сыгъдæг.*
*Къух нæ атулдзынæ доны,*
*Фæндаг – раст æмæ быгъдæг.*

*Суг дын ласт, хæринаг – афтæ...*
*Гауызтæ... дари... бæмбæг...*
*Бон-изæрмæ – хъазгæ, кафгæ.*
*Уалдзæгау дын у зымæг...*

Фидæны поэт хорз æмбæрста, æндавгæ æмæ домгæ кæй ницы кæны; райдзаст, хъарм, сыгъдæг галуанты адæмы тугвæллойæ чи цæры; сæ къухтæ доны дæр чи нæ тулы, уыдоны æфсондзæй æрмæстдæр зонды фæрцы кæй ис фервæзæн. Зонд та фылдæр чиныгæй цæуы, æмæ йæ сæр чингуытыл уымæн бафтыдта.

Нигер Нары скъола фæуыны фæстæ иу аз йæхи фæцæттæ кодта, цæмæй Дзæуджыхъæуы дины ахуыргæнæндонмæ бацыдаид, уый тыххæй. Бахауд æм 1909-æм азы. Уыцы аз йæ ахуыр адарддæр кодта Ирыстоны рухсады артдзæсты – Æрыдоны духовон семинары. Ацы ахуыргæнæндон Ирыстоны дзыллæйы лæгтæй бирæты зæрдæтæм тагъта арты рухс æртæхтæ. Фæстæдæр нын чи басгуыхт «уацхæссæг æрцæуинаг дугæй», уымæн дæр фæцис æвдадзы хос. Нæ фидæны стыр поэт аив литературæ йæ зæрдæмæ иууыл тынгдæр исын райдыдта уым. Йæ курдиат йæхи æргом кæнын райдыдта йæ фыццаг æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, фельетонтæ æмæ уацты.

Æрыдоны семинары ахуыргæнинæгтæ сæхи хъæппæрисæй сарæзтой литературон къорд. Уым уыдысты аив дзырдмæ æмхиц фæсивæд. Нывтимæ сæхæдæг уагътой къухфыст журнал «Фидиуæг». Уым базонгæ уыдаис æрыгон ахуырдзау литературон фæсивæды фыццаг уацмыстимæ.

Фидæны поэт уыцы литературон змæлдæй иуварс нæ

баззад. Раст фыццаг хатт уыцы къухфыст журнал «Фидиуæджы» йæ публицистон уацтимæ фæзынд нæ поэт йæ фæсномыгимæ, йæхи, стæй йын адæмы зæрдæмæ афтæ тынг чи фæцыд, уыцы фæсномыгимæ – Нигер.

Курдиатджын лæппу йе 'ргом нывæфтыд литературæмæ кæй здæхта, уый йыл æвæрдта æнæфысгæ хæс – хъуамæ зыдтаид литературон змæлд, аивады сусæг фæзилæнтæ. Æвзонг лæппу йæ хъус лæмбынæг æрдардта уырыссаг, стæй дунеон литературæйы классикты зынгæ уацмыстæм. Йæ сæрибархъуыдыкæнынад, цардмæ йæхи цæстæнгас рæзын кæнынæн ын бирæ баххуыс кодта, ныртæккæ модæйы чи нал сты, фæлæ уæд æппынæдзух сусæг-æргом сæ кой кæмæн кодтой, – стæй хуымæтæджы нæ, – уыцы уырыссаг революцион демократтæ Виссарион Белинский, Николай Чернышевский æмæ æндæр удуæлдай адæймæгты уацмыстæ сусæгæй кæй кастис, уый. Фæстæдæр сæ бирæты цард æмæ сфæлдыстады, царды сæ нысаниуæджы тыххæй фыста уацтæ, йæ зонадон куысты сын пайда кодта сæ уацмыстæй, стыр аргъ сын кæнгæйæ.

Ахуыргæнæндоны фæсивæдæн уырыссаг революцион демократты, стæй сæрибар хъуыдыйыл хæст фысджыты уацмыстæ нæ, фæлæ æнцон ссарæн нæ уыдысты ирон фысджыты бынтæ, стæй æмткæй ирон чингуытæ. Йæ сæйраг аххосаг уыдис, Ирыстоны бæрц скъолаты ирон æвзаг æвзæр кæй ахуыр кодтой, уый. Ирон аив литературæ бынтондæр нæ ахуыр кодтой. Нæдæр сæ йæ ахуыр кæнын уагътой.

Фæлæ студенттæ цы, æнахуыргонд адæмæй дæр бирæтæ зыдтой Къостайы æмдзæвгæтæ. Цъус нæ уыдысты, «Ирон фæндыр» сæрæй-кæронмæ æнæкæсгæйæ чи зыдта, уыдон дæр. Истой дзы царды цин, тохы монц æмæ фидæныл æууæнк.

Поэт фæстæдæр, 1923-æм азы, сæрыстырæй æмæ уарзгæйæ уымæн дзырдта:

*Цымæ цы дзуры уый ныхасы зæронд лæг?*
*Цымæ кæй кой кæны кæстæртæн, лæппутæн?*

Нигеры фæндыд, цæмæй базонæм, чи нын у Къоста, кæдæм нæ кæны, цы нын амоны. Стыр поэт тынг хорз

зыдта, рухс фидæнмæ æрмæстдæр Къостайы амынд фæндагыл кæй фæхæццæ уыдзыстæм. Фæлæ уал æй уый тыххæй хъуамæ базонæм.

*Дидинæджы хъусы ссар ды сæууон æртæх, —*
*Уый дын йæ сурæт дæ цæсты раз авæрдзæн.*
*Наусæд, цæй, сæфтау мæ зæрдæ цыргъ хъамайæ, —*
Разындзæн, бауæнд, Орфей уым æнæмæнгæй!..[1]

(«Цымæ цы дзуры уый ныхасы зæронд лæг?»)

Рагирыстонæй нырмæ, ныр æртыккаг æнус, — XIX-æм æнусы кæронæй XXI-æм æнусы райдианмæ, — Къостайæн æрмæст йæ номæй дæр цы ироны зæрдæ нæ бакæны цины хъыдзы, уымæ иронæй ницы ис. Джусойты Нафи уымæн зæгъы: «Къостайы поэзи нæ саби-бонтæй фæстæмæ ахъардта не уæнгты мады ’хсырау. Бацыд нæ зæрдæмæ æнæхъæнæй йæ сагъæс, йæ эмоционалон уылæн, æмæ нæм ныр афтæ кæсы, цыма æрмæст йæ иу рæнхъæй дæр нæ цæсты раз февзæры йæ дуджы царды ныв æнæхъæнæй. Йæ иу стих дæр нын, камертонау, нæ зæрдæйы сыстын кæны Къостайы «Ирон фæндыр»-ы цагъд, нæ уд нын нырризын кæны йæ сагъæсты æмæ æнкъарæнты æвидигæ хъаруйæ»[2].

Æмæ уыцы хъуыды ноджы арф æмæ алыварсондæрæй аивады хуызы равдыста Нигер йе ’мдзæвгæйы. Аив дзырды фæрцы нын фенын кодта, «ныхасы зæронд лæг» «кæй кой кæны кæстæртæн, лæппутæн», «кæй хъарæг хъуыст мæрдадзы адæмыл», «кæй зарджытæ зарынц уый фыййæуттæ», «кæй ныхæстæ фæзмынц уый сабитæ», «кæй сагъæстæ мысынц нæ чызджытæ», — уый Ирыстоны иууыл уарзондæр, иумæйаг хъæбул Къоста кæй у, æмæ уддзæф дæр уый тыххæй кæй фæдзуры, сæууон æртæхы дæр кæй зыны йæ сурæт.

Поэты фæлгонц ахæм аивадон хуызы равдисынæн хъуыдис æцæг курдиат. Æмæ разынд Нигермæ.

Нигерæн æппæты фыццаг Къостайы уацмыстæ байтыгъ-

[1] Нигер. Т 1, 129-æм фарс.
[2] Джусойты Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Цхинвал, 1966, 59-æм фарс.

той йæ зæрдæйы дуæрттæ ирон зарæг æмæ хъарæгæн, Фыдыбæстæйы уарзтæн, раттæг адæмы сæрвæлтау хи нывондæн хæссыны æнкъарæнтæн. Къостайы фæзмгæйæ, уымæн зарыд хъарæгæй, Æрыдоны ма куы ахуыр кодта, уæд йе 'мдзæвгæ «Æз хъусын нæ Иры сагъæстæ»-йы:

*Æз хъусын нæ Иры сагъæстæ,*
*Æз зонын нæ царды æгъдау.*
*Æз зонын, нæ мæгуырæг бæстæ*
*Кæй агурынц рагæй фыййау.*

*Æз зонын, нæ иунæг, нæ сидзæр*
*Кæй не 'ййафы рагæй рæвдыд,*
*Мæгуырæн йæ райсом, йæ изæр*
*Кæй ничи нæ кæны бæлвырд.*

*Æз зонын, ирон лæг кæмдæрид*
*Мæгуырæй йæ къахыл цæуы.*
*Гъе, уым, ома, цардæй фæцæрид,*
*Уый не знæгтæй никæй фæнды.*

*Нæ зæронд хуыцаумæ дзыназы,*
*Нæ дауджытæй куры æххуыс.*
*Куыддæртæй ма тухи фæразы,*
Фæлæ йæм куынæуал ис ныфс[1].

Стæй, Къоста «Додой»-ы «исчимæ» куыд сиды, афтæ Нигер, уый фæзмгæйæ, — йæ алыварс ныфсы лæг кæй ничи уыд, — йе 'ргом аздæхта Исчимæ:

*Уæ, исчи, кæм дæ 'мæ цы фæдæ!*
*Чысыл ма нæ хъæуы, фæкæс!*
*Фæхъæбæр кæн, мардзæ, дæ зæрдæ,*
*Дæ сæрыл бæрзонддæр ысхæц!*

Фæлæ фæндонæй цард нæй. Исчи нæ зынд. Æмæ Нигер ныллæууыд йæ рагон бæллиц — уæлдæр ахуыр райсыныл. Æрыдоны семинар фæуынмæ йæ иу аз хъуыд, афтæ 1917-

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 16-æм фарс.

æм азы ацыд Саратовмæ. Университеты фæлварæнтæ радта историон-филологон факультетмæ. Ахуыр кæнынмæ æрæвнæлдта зæрдæбынæй. Йæ уыцы рæстæджы тыххæй Джусойты Нафи зæгъы: «Саратовы университеты Нигер æрмæст иу афæдз фæцахуыр кодта, фæлæ дзы уæддæр райста æвзаг æмæ литературæ иртасыны уарзондзинад æмæ арæхст. Фæстæдæр, уæлдæр ахуырдзинад йæ къухы куы бафтыд, уæд ын уыцы уарзондзинад æмæ арæхст тынг фæахъаз сты ирон литературæйы истори, фольклор æмæ æвзаджы иуæй-иу фæзындтытæ зонадон æгъдауæй иртасынæн. Филологон зонæдтæм æвзыгъддзинад Нигер, кæй зæгъын æй хъæуы, æрдзæй рахаста, фæлæ йын университеты ахуыр дæр фæахъаз йе ’рдзон æвзыгъддзинад райтынг кæнынæн. Уыцы рæстæджы Саратовы университеты филологон дисциплинæтæ студенттæн амыдтой фæстæдæр зындгонд ахуыргæндтæ В.М. Жирмундский, Н.К.Пиксанов, М.Р. Фасмер æмæ æнд.

Нигер поэты курдиат æрдзæй рахаста, литературон-сфæлдыстадон куыстмæ æвзыгъддзинад дæр раджы равдыста, суанг ма Æрыдоны семинары куы ахуыр кодта, уæд, æмæ университеты дæр йæ уарзон предметтæ уыдысты уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæтæ. Университеты Нигер уыдис «Нывæфтыд литературæ æмæ аивæдтæ уарзджыты къорд»-ы уæнг. Литературæйы æмрæнхъ Нигер зæрдиагæй ахуыр кодта æвзæгтæ дæр, уæлдайдæр та – латинаг, рагон бердзенаг, немыцаг æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уырыссаг æвзаг[1].

Æвзонг лæппу, уæлдайдæр, фыццаг курсы студент æвзаг æмæ литературон куыстмæ стыр уарзт æмæ курдиат æрдзæй кæй рахаста, ууыл дзырд дæр нæй. Æндæр хабар у, уыцы курдиат райхæлынæн ын университеты фадат кæй нæ фæци.

Нигер йæхæдæг «Мæ царды цыбыр фыст»-ы куыд загъта, афтæмæй 1918-æм азы уалдзæджы улæфтыты рæстæг æрцыд сæхимæ Сындзысæрмæ. Буц уыд йæхицæй, йæ бæллиц кæй æххæст кодта, уæлдæр ахуыргæнæндоны, уымæй дæр, университеты кæй ахуыр кодта, уый тыххæй. Сæрыс-

---

[1] Джусойты Нафи. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990, 11–12-æм фæрстæ.

тыр дзы уыдысты йæхиуæттæ, хъæубæстæ. Фæлæ рæстæг зæрдæзæгъгæ нæ уыдис. Октябры революци адæмы æддæгмидæг ауайын кодта. Марæг æмæ сурæгæй чи кæцы уыдис, уый бæрæг нал уыд, æмæ бынтон æнаххос адæм дæр æвзæрстой дудгæбæттæ.

Æвзонг студентæн фæстæмæ йæ ахуырмæ ацæуыны фадат нал фæци. Мидхæст йæ тынгыл кæй уыдис, уымæ гæсгæ æхгæд æрцыд Саратовмæ фæндаг, æмæ лæппу баззад йæ фыды хæдзары.

Революцийы цæлхъыты цæхæрæй Ирыстон кæддæриддæр йедзаг æмæ арыд уыдис. Уыцы аз дзы Советон хицауад æрфидар. Адæм хызтысты социалистон царды бындуртæм. Нигер дæр ныллæууыд рæзгæ фæлтæры хъомыл кæныныл. Фæлæ та большевиктæй урсытæ байстой хицауад. Йæ цыбыр автобиографийы Нигер йæхæдæг афтæ фыссы: «1918-æм азы фæззæджы куыстон Нары райдайæн скъолайы хицауæй æмæ дзы фæдæн 1919-æм азы – бæлвырд æй нал хъуыды кæнын, фæлæ, æвæццæгæн, мартъийы мæймæ, кæнæ та апрелмæ. Мартъийы мæйы (кæнæ та апрелы) мобилизацийы бахаудтæн æмæ мæ урс æфсадмæ акодтой. Фондз мæйы бæрц дзы фæдæн писырæй»*.

Уыцы судзгæ-дудгæ рæстæджы адæмы тæригъæдæй – дуртæ дуртæ сты, фæлæ уыдон дæр фæрчытæй хаудтой, æмæ поэты зæрдæ цы кодтаид. Ноджы, æвзонг Нигерписыр алы фыдтæ уыдта йæхи цæстæй, алы информаци куыннæ хъуыстаид! Æмæ поэт, стæй æмткæй Ирыстон цы уавæры уыдис, уый тынг бæлвырдæй зыны йæ уæды фыст æмдзæвгæ «Къостайы коймæ»-йы:

*Сыст-ма, нæ фæтæг, дæ сау ныккæндæй,*
*Бахъуыди та нæ дæ сæр мах ныр тынг.*
*Дудгæйæ бадæм дæ уды мæрдæй,*
*Ирыл ысирвæзт сырх зынг.*
*Сагсур фæсивæд æфхæрд у, æбон,*
*Сæфы далæ кæмдæр…*
*Сыст-ма, æмæ нæм фæстæмæ æрхон*
*Рагон амонд ды уæддæр.*

---

[1] Н и г е р. Т. 3, 590-æм фарс.

*Раджы, дам, дуне нæ номæй рызти,*
*Хастам бæрзæндты нæ сæр.*
*Адæмы астæу нæ ном, дам, уыди,*
*Хъуысти хæрз дардыл нæ хъæр…*
*Фен-ма нæ бæстæн сæ арæнтæ ныр:*
*Сау хох бынтондæр ныддур.*
*Зæрдæты мары бынтон та быдыр,*
*Уыйау куы фæуид фыдгул…*
*Сыст-ма, фæзын нæм, нæ иунæг фæтæг!*
*Сæфæм æнæ дæу… Сыст тагъд!*
*«Уарзут кæрæдзи, мæ Иры зæнæг!»*
*Иу хатт ма бафæраз загъд.*[1]

Æнæмæнг исчи зæгъдзæнис, ома йе 'взонджы бонты фыст æмдзæвгæтæ йын цæмæн хæссыс цæвиттонæн. О, кæд сæ æргомдзырд, хурæргом зæрдæ ис, уæддæр сæ Нигеры лæгау-лæджы кары поэтикон фæлтæрддзинад нæй. Уыйхыгъд сыл йе 'рмдзæф мыхуырæвæрдау зыны. Сæ сæр та нæ бахъæуы, кæцы дугмæ цахæм поэтикон цæстæнгасæй кастис, уый базоныны тыххæй.

Мобилизацийы куы бахаудта æвзонг поэт, урс æфсадмæ йæ куы акодтой, уæд уый уыд йæ царды зындæр рæстæджытæй. Афтæ уымæн дзырдта: «Сентябры мæйы кæрон уыдаид, æвæццæгæн, æви октябры райдайæн, уæд ралыгъдтæн æфсадæй æмæ æмбæхстæй цардтæн Нары комы».[2]

Цард, кæд йæ хæстæджытæм, зонгæтæм, хъæдты, абырæгау рамбæхс-бамбæхс кæнын цард хуыйны, уæд. Æндæр гæнæн та йын нæ уыдис. Урсытыл сайдæй кæй рацыд, кæй сæ ныууагъта æмæ ралыгъд, уый тыххæй йæм, сæ къухмæ ногæй куы бахаудаид, уæд цы 'нхъæлмæ каст, уый иунæг Хуыцауæй дарддæр ничи зыдта.

Ахæм мылазон бонтæ æмæ йын мæйтæ ахастой 1920-æм азы тæргæйтты мæймæ, стæй баиу, Уæлладжыргомы урсыты ныхмæ цы хæстон къорд тох кодта, уыдонимæ. Сæвзæрстой йæ Уæлладжыргомы ревкомы бæрнон нымæрдарæй. Цыбыр рæстæгмæ – иу мæймæ Ирыстоны ногæй фæ-

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 62-æм фарс.
[2] Уый дæр уым, т. 3, 590-æм фарс

уæлахиз революци, æрфидар Советон хицауад. Нигер ныллæууыд ног цард аразыныл. Йæхæдæг куыд зæгъы йæ царды цыбыр афысты, афтæмæй, Сырх æфсад Ирыстонмæ куы ссыд, уæд хъæутыл Советон хицауад æрфидар кæныны тыххæй æрвыст лæгтимæ зылд Нигер дæр. Зылд Ног хицауады номæй.

Уыйфæстæ дæр куыста бирæ бæрнон бынæтты. Уыд сæ хъæуы ревкомы бæрнон нымæрдар. Куыста районы æххæстгæнæг комитетты. Нысан æрцыд Иры æххæстгæнæг комитет æмæ адæмон ахуырады коллегийы уæнгæй. 1921-æм азы йæ баурæдтой Уæлладжыры зылды æххæстгæнæг комитеты бæрнон нымæрдарæй, ноджы — Уæлладжыры зылды ахуырады хайады хицауæй æмæ аф.д.

Фæлæ, кæмфæнды куыстаид, алы ран дæр йæ зонындзинæдтæ, йæ хъару никуы æвгъау кодта адæмы тыххæй. Афтæмæй йын æнцой никуы лæвæрдта, йæ ахуыр æрдæгыл кæй баззад, уыцы хъуыды. Йæ хъуыддæгтæ куысты ’рдыгæй, уæлдайдæр, куыд хъомылгæнæг, ахуыргæнæг, афтæ цыма æвзæр нæ цыдысты, йæ зæрдæ сæ радис, фæлæ фидæны стыр поэт йæ сæнтты йæ уд цы хъуыддагæн нывонд кодта, уыцы аивад дзы домдта, цæмæй йæхи ратыдтаид комы цъассæй, ныллæууыдаид чиныджы фæндагыл.

Уыцы фарст аскъуыддзаг кодта авд азы фæстæ: «1927-æм азы фæззæджы курдиат балæвæрдтон, цæмæй мæ мæ куыстæй суæгъд кæной æмæ мын, фараст азы фæстæ, дарддæр ахуырæн фадат фæуа. Мæ курдиатыл мын сразы сты, æмæ бацыдтæн уæды Хæххон пединститутмы ирон æвзаг æмæ культурæйы хайадмæ»[1]. Афтæмæй рацыд Дзæуджыхъæумæ.

Саратовы университеты иу курс кæй фæцис каст, уый дæр ын банымадтой æмæ йæ айстой дыккаг курсмæ. Уæлдæр ахуыргæнæндоны йæ хъуыддæгтæ куыд цыдаиккой, уый бæрæг у — лæппулæг йæ цæрæнбонты йæ бæттæнтæ тыдта ахуырмæ, æмæ ма йыл фæстæмæ цы хъуамæ хæцыдаид. Нафи раст зæгъы: «Ахуырмæ Нигер æрæвнæлдта тынг зæрдиагæй. Студент уæвгæйæ Нигер йæ тыхтæ æвзарын райдыдта зонадон филологийы дæр. Равдыста бæрæг æвзыгъддзинад, æмæ йыл йæ цæст æрæвæрдта профессор

[1] Н и г е р. Т. 3, 590-æм фарс.

Ӕлборты Барысби. Уый фæндонмæ гæсгæ Нигер, институт каст куы фæци, уæд, 1930-æм азы, ист æрцыд аспирантурæмæ æмæ уым дарддæр куыста ирон литературæйы истори æмæ ирон æвзаджы зонадон проблемæтыл. Бæрзонддæр кодта йæ иумæйаг цæттæдзинад дæр, йæ методологион æмæ теоретикон æмвæзад дæр»[1].

Уыимæ зæрдыл дарын хъæуы, Нигерæн ахуыры фæстæ институты ассистенты бынат кæй радтой, æмæ дзы уыцы аз аспирантурæ куы байгом, уæд райдыдта уым ахуыр кæнын. Аспирантурæйы ахуыргæнгæйæ, дыккаг азæй кодта ахуыргæнæджы куыст дæр[2].

Нигер аспирантурæ каст фæцис 1933-æм азы. Баззад институты ирон литературæйы лекторæй 1944-æм азмæ. Уæдмæ ахуыргæнæндоны ном фæивтой Цæгат Ирыстоны Паддзахадон институтæй, æмæ дзы лекцитæ каст литературæйы теорийæ. Къорд азты уыд зæронд бердзенаг æмæ ромаг литературæ, ирон фольклор æмæ ирон литературæйы ахуыргæнæг.

Уыцы иу рæстæджы Нигер 1936-æм азæй фæстæмæ куыста Цæгат Ирыстоны ахуыр-иртасæн институты литературон хайады сæргълæууæгæй. Куыста ирон аив литературæйы бирæ проблемæтыл æмæ ирон литературæйæ цæттæ кодта аспиранттæ. Зæгъæн ис, Нигеры рæстæджы ирон литературæйы, — суанг ирон литературæ скъолаты æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты ахуыр кæныны онг, — иунæг ахæм вазыгджын фарст дæр нæ уыд, Нигер йæ аскъуыддзаг кæныны активон хайад кæмæн нæ райстаид. Фæлæ сæрныллæг адæймаг уый тыххæй йæхицæй сæрыстыр никуы уыд. Кодта, куыд акæнынц, дæллаг галы куыст.

Стæй сæйраг цы уыд — йæ фæллой кæд йæ зæрдæйы арфæй цыд, уæддæр дзы фаг æхцондзинад никуы иста: «Наукон-иртасæн куысты мæхи фыцаг хатт бафæлвæрдтон, студент ма куы уыдтæн, уæд. Фæлæ мæ къухы исты стыр хъуыддаг саразын бафтыд, зæгъгæ, уый зæгъæн нæй. Суанг ме 'взонджы бонтæй нырмæ дæр мæ зæрдæмæ хæстæгдæр

---

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990, 13-æм фарс.
[2] Н и г е р. Т. 3, 590-æм фарс.

уыд æндæр хъуыддаг – поэтикон куыст, фæлæ, мæ наукон æмæ педагогон куысты хуызæн, уый дæр рæстмæ нæ фæци»[1].

Уæдæ, йæ игæрæй зæхх кæй хафта, уый йæ бинонты фæрныгадæн дæр никуы уыдис. Æппынæдзух йæ уд хъард-та не 'фхæрд, ссæст, фæлæ сæрыстыр адæм æмæ гæныстон Ирыстоны рухс фидæны тыххæй. Цы арæзта, цы фыдтæ уыдта, уыдон иууылдæр уыдысты, Ирыстонил афтæ æну-выд кæй уыд æмæ йæм йе стыр курдиаты тыххæй хæлæг æмæ сау лæгты цæстытæ кæй хаудтой, уый аххос.

Æмбисондæн хъæлдзæг ныхасы хуызы баззад, иу фыд-боны литераторгонд, дам, ыл куыд фыста дамтæ, цæмæй йæ æрцахстаиккой. Йæ дамтæ та схуыдта: «Цъаммар Ниге-ры тыххæй».

Поэты куынæ æрцахстой, уæд ыл ныффыста дыккаг хатт, æмæ уæд та йæ цъыфкалæнтæ рахуыдта: «Иу хатт ма цъам-мар Нигеры тыххæй».

Уæддæр не 'рцахстой поэты. Æнæбонымгъуыд адзал нæй, æмæ йыл алы цъыфкалæнты зæй рауагъта æртыккаг хатт ахæм сæргондимæ: «Ноджыдæр цъаммар Нигеры тыххæй».

Алы цъаммæртты, æнаккæгты, фыссæггæндты цъыфка-лæн дам-думты тыххæй поэт цытæ ныббыхста, уый йæхæ-дæг чингуыты фыссинаг у, фæлæ махæн нæ ныхас æндæр у. 30-æм азты дыккаг æрдæджы, – «абон мæ æцахсдзыс-ты, сом мæ фехсдзысты»-йæ, – цæмæнты ныффæрæзта, уыдонæй дойнагдур фæнык фестадаид. «Уæд ирон литера-турæйы сфæлдыстадон кадртæн сæ фылдæр æмæ хуыздæр хай репрессигонд æрцыд. Нигерæн йæхи хъысмæт дæр æрдуйыл хæцыд æмæ уыцы уæззау уавæр æвзæрын кодта поэты зæрдæйы хаттæй-хатт трагикон хинкъарынад. Фæлæ фæци уыцы заман дæр. Цард цыди размæ йæ донвæдыл æмæ домдта ног куыст, ног сгуыхтдзинæдтæ. Афтæмæй уæд, 30-æм азты та, Цомахъ æмæ Мысосты мæлæты фæстæ ирон литературæйы Нигерæй курдиатджындæр æмæ номдзыддæр архайæг нæ уыд. Уыдис ма Коцойты Арсен, фæлæ уый æгæр фæзæронд, рагæй нал уыд йæ дуджы литературон процессы активон кусæг, йæ фæдыл литературон фæсивæ-

[1] Н и г е р. Т.3, 591-æм фарс.

ды акодтаид, уый йæ бон нæ уыд. Йæ бæрзонд авторитет баст уыд йæ раздæры сфæлдыстадон сгуыхтдзинæдтыл»[1],— зæгъы Нафи, Нигеры цард æмæ сфæлдыстадыл цы монографи ныффыста, уым.

Арсен æнæуый дæр сæрхызт адæймаг уыдис. 30-æм азты цытæ цыд, йæхи цæстæй цы тугтæригъæдтæ уыдта, уыдæтты фæстæ йæ бон нæ уыд адæймагæн йæ зæрдæ байгом кæнын, йе ’ууæнк ыл бафтауын. Иу стæмтæй дарддæр йæ хъуыдытæ йæ зæрдæмæ ныдздзурын дæр ничи уæндыд мæлæты тасæй.

Нафи раст зæгъы: «Нигер уыд литературæйы раздзог, 1939 азæй фæстæмæ ацы хабар дызæрдыггаг нæ уыд адæмы ’хсæн дæр æмæ литературон æхсæнады дæр. Ацы хъуыддаг уæлдай тынгдæр фæбæрæг Фыдыбæстæйы стыр хæсты азты. Уæд ирон литературон фæсивæд иууыл фронты уыдысты, æмæ уырдыгæй сæ зæрдæбын сагъæстæ кæмæн кодтой, уый уыди иунæг Нигер. Ныр зæрдæ барухс æмæ бауынгæг вæййы, Нигермæ Плиты Грис, Калоты Хазби, Кочысаты Мухарбег цы фыстæджытæ æрвыстой, уыдон кæсгæйæ. Уæлдай зæрдæмæхъаргæ та у Нигерæн йæхи реакци уыцы фæсивæды (ома, хæсты быдыры чи уыд, уыдон се ’ппæты) хъысмæт æмæ сагъæсты фæдыл»[2].

Сфæлдыстадон фæсивæдмæ Нигер цы зæрдæ дардта, уый бирæ уацмысты равдыста æргом. Зындгонд у ирон чиныгкæсæгæн. Разæнгард сæ кодта стыр аивад фæлдисынмæ. Сæ чингуытыл сын фыста разæнгардгæнæн рецензитæ. Уыдис сын æнцой. Хъамбердиаты Мысостимæ сæ хæлардзинад арвæндиссаг баззадис.

Хурæргом курдиат цардцухæй куы бамынæг, уæд ыл нæ хистæр æфсымæр Нигер цы æгомыг, æмбæхст цæссыг фæкалдта, уый удæй хъæуы хатын, уый йын бæрц дзырдтæй цы аргъ скодта, уый — ничима: «Мысост, цы уыди, уымæй уæфт уыдис аивады хæрдгæ хæлттæй.

Аив — йæ ацыд, аив — йе ’рбацыд, аив — йе сныхас, аив — йе схудт, аив, бынтон аив та — йæ зард. Мæ зæрдæ мæм

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990, 14—15-æм фæрстæ.
[2] Уый дæр уым, 15-æм фарс.

афтæ дзуры, æмæ Ирыстоны хæхтæ советон дуджы Мысосты зарæгæй аивдæр зарæг нæма фехъуыстой сæ рагон сæгæйдзаг хъустæй. Мысосты зарæгæй адджындæр зарæг нæма бахызти сæ зæронд митæвдæрзт риутæм»[1].

Йæ мысинæгтæ Мысосты тыххæй афтæ фæуд кæны: «Ыссыдтæн æм. Бакастæн, цы уаты хуыссыд, уырдæм. Сынтæгæй нал зынди; батади, баруадис, цæсгом хилæй нал зынди. Куы мæ федта, уæд ма базмæлыныл афæлгъуыдта, фæлæ… нал. Бæрæг уыд, йæ кæрон кæй æрхæццæ ис, уый. Мæ зæрдæ суынгæг ис, æмæ рацыдтæн. Райсомæй мын раджы фехъусын кодтой йæ амæлæты хабар…»[2].

Уый – иунæг Мысосты тыххæй. Фыдыбæстæйы хæсты та Нигеры кæстæртæ, æвзонг ирон фысджытæ, адæмы сæрвæлтау сæ сæртæ нывондæн хастой дæсгæйттæй. Æмæ сыл куыннæ хъуамæ скъуыдтæ кодтаид Нигеры æнкъараг зæрдæ:

*Бон хурмæ нæ тæфсын уæ рисæй,*
*Æхсæв мыл нæ хæцы хуыссæг.*
*Мæлæтдзаг рынчын дæн уæ низæй,*
*Мæлæты хай баун æцæг!*

*Уæ, аскъуыйа, уастæн, мæ зæрдæ,*
*Уæ, атъæпп уа, уастæн, мæ сæр,*
*Мæ ныгæнæг, ме ’хсар кæстæртæ,*
*Куыннæуал уын хъусын уæ хъæр!*[3]

(«Бон хурмæ нæ тæфсын уæ рисæй…»)

Поэт нæлгоймаджы зды цæссыгтæ хуымæтæджы не ’ппары. Нæлгоймаджы куыдæй уымæн кæуы йæ сæрыл, æмæ зоны, йæ кæстæр æмсисонтыл, йæ ахуырдзаутыл цы бон ис уыцы æгъатыр, æнæадæймагадон тугкалды:

*Кæм уыл кæлы арвæй цæхæртæ,*
*Кæм цæут, кæм хилут цæфтæй?!*
*Уæ, фехæлой, уастæн, мæ фæрстæ!*
*Кæм хъæрзут, кæм мæлут чыртæй?!*

---

[1] Н и г е р. Т. 3, 93-æм фарс
[2] Уый дæр уым, 104-æм фарс.
[3] Уый дæр уым, т. 1, 283-æм фарс.

*Кæд искуы уæ зараг хъæлæстæм*
*Ныр радгай ызгъæлынц, мыййаг,*
*Уæ пылыстæг фидар дæндæгтæ,*
*Æрбауат мын, уастæн, æрдаг.*

*Кæд афонмæ кафæн къабæзтæ,*
*Уæ кафæн къабæзтæ, дæдæй,*
*Уæнджы сæрæй тугхъулон фæрстæм*
*Æркалдысты састæй, цъæлтæй...*

*О, ме стъалы арвæй æрхауа,*
*Мæ кæрдæджы хал та зæххыл*
*Æмбойны мæрдон хус æрбауа,*
*Мæрдон хус, мæрдон хус зæххыл.*

Адæймаджы зæрдæйы тугтæ тæдзынц поэты уынгæгхъуыр кæуынмæ. Йæ цæссыгудæст рæнхъытæ: «Кæм цъитут, мæгуыртæг, къæвдайы, Кæм ризут, кæм сийут зымæг? Ыздыйы уылæн уæ кæм найы...» æмæ афтæ дарддæр, — зæрдыл æрлæууын кæнынц Гæдиаты Секъайы диссаджы аив, классикон æмдзæвгæ «Цъиу йæ лæппыныл хъарæг кæны»:

*Ныр мæ сау зæрдæ цæгаты мигъмæ*
*Æхсæвæй-бонæй кæугæ дзыназы;*
*Ныр дæм сау цæргæс кæд кæсы тигъмæ,*
*Йæ къæдз цыргъ ныхтæй кæд дæуæй хъазы...*

*Кæд дæ сау тæнхъуын цыбыр коцора*
*Цæргæс бындзыггай йæ ныхтæй исы:*
*Кæд дæ сонт буар, додой мæ къона,*
*Цæгаты бæсты ихæнæй ризы!..*

*Кæд дæ урс буар искуы ихы бын,*
*Æндондзæхх дурау, уарынæй тайы;*
*Кæд дæ сонт зæрдæ, уæ мæ хуры тын,*
Фысы уæрыккау, ме 'рдæм æхсайы!..*

---

[1] Гæдиаты Секъа. Равзаргæ уацмыстæ, Цхинвал, 1979, 94-æм фарс.

Куыд зонæм, афтæмæй ацы зæрдæхалæн, фæлæ поэтикон æгъдауæй алцæмæй æххæст æмдзæвгæ Секъайы удæй цæссыгау ратагъд, йæ ихуыл уарзондæр хъæбул Цомахъы йын йæ революцион куысты тыххæй Сыбырмæ куы ахастой, æмæ куы базыдта, йæ удæгасæй йын йæ фенын нал бантысдзæнис, уæд.

Дзырд дæр ыл нæй, ныййарæг йæ хъæбулыл хъуамæ афтæ тайа æмæ руайа, уæдæ куыд! Фæлæ, Нигер афтæ тынг кæй уарзта, бон хурмæ кæй рисæй нæ тæфсыд, мæлæтдзаг рынчын кæй низæй уыд, йæ фæрстæ кæй тыххæй хæлдысты æмæ йæ сæрыл кæй тыххæй додой кодта, уыдон йæ туг æмæ йе стæг нæ уыдысты. Ирыстоны иумæйаг хъæбултыл афтæ кæй мæт кодта, уыдоны тыххæй йæ сæр нывондæн æрхæссынмæ цæттæ кæй у, уыцы хъуыды уацмыс исы уæлдæр. Уацмысимæ — йæ авторы дæр.

А. Пушкин ахæм уацмыстæй загъта:

> *«И выстраданный стих, пронзительно-унылый,*
> *Ударит по сердцам с неведомою силой».*[1]

Æмæ цæвы зæрдæтæ.

Нигер хорз зыдта, литературæйæн йæ фидæн ис, цахæм ног тыхтæ йæм цæуой, уыдоны: алы ног фæлтæры поэтты, хи хъæбултау, хъомыл кæныныл-иу афтæ зæрдиагæй уымæн архайдта. Æвæццæгæн, хæстмæ дæр ацыдаид семæ, фæлæ йæ кар нал амыдта.

Æниу, фæсчъылдым дæр иу ран нæ бадтис. Æппæтдæр арæзта хæцæг адæмæн исты баххуыс кæныны тыххæй. Уыд кусæг батальоны командир. Уæле цы бардзырдтæ истой, уыдон æххæст кодтой цахæмфæнды уавæрты дæр — къахтой траншейтæ, акъоппытæ. Фашисттæн æрбацæуынæй тас кæм уыдис, уымыты Сырх Æфсады хæстонтæн арæзтой хæцæн бынæттæ.

Фашистты Дзæуджыхъæуы цурæй махонтæ фæстæмæ дæрæнгæнгæ куы ахастой, уæд Нигер уыдис фрицты фыдракæндтæ бæрæггæнæг комитеты уæнг. Фæлæ уыцы фыддугты дæр йæ сæйраг дзуринаг — поэзи нырттывта ноджы цæхæркалгæдæрæй. Йæ амæлæты бонмæ нæ ныууагъта йæ

---

[1] Пушкин А. Собр. соч. в 10 т. Т. 2, М., 1974, 231-æм фарс.

зонадон куыст дæр. Йæ хорз сфæлдыстадон æмæ зонадон куысты тыххæй йын 1944-æм азы Цæгат Ирыстоны автономийыл 20 азы сæххæсты бонмæ лæвæрд æрцыдис хицауадон хорзæх — орден «Кады нысан».

1946-æм азы поэтыл сæххæст 50 азы. Уыдис йæ тæккæ сфæлдыстадон тыхыл. Фæлæ йæ цыбыр царды стыр фыдтæ æмæ дудгæбæттæ поэты æнкъараг зæрдæйыл се 'гъатыр фæд уагътой згæ сындз телы тындтытау. Нæ сын уыд æгасгæнæн. Æвдæрзтой йæ æрвылбон.

Йæ азтæм гæсгæ нæ уыд йæ хуыз. Æддаг бакастæй йæ карæй бирæ хистæр зынд. Æмæ уый уыдис, æппынæдзух æй хæлæджы цæст кæй хордта, ууыл дзурæг. Фæстагмæ кæд йæ зонд æмæ йæ курдиаты фæрцы йæ фæндæгтæ асыгъдæг кодта алы фæдысмудджытæ æмæ цъыфхортæй, йæ юбилейы кæд бирæ арфæтæ фæиста стыр адæмæй дæр, хицауадæй дæр, уæддæр фыдцард бакодта йæхион — Нигеры æнкъараг, стъæлфгæ зæрдæ йæ кусынæй банцад йæ 50 азы юбилейæ раст æрдæг афæдзы фæстæ — 1947-æм азы кæрдæджы мæйы 3-æм бон.

Фæмаст ыл кодтой Иры дзыллæ. Поэттæ йын йæ рухс ном ардтой фыдохы æмдзæвгæтæй. Гулуты Андрей хъынцъым кодта:

*Фæндырдзæгъдæг, нæ уарзон æмбал Нигер,*  
*Сæуæхсиды зæрин тæмæн куы скалд,*  
*Йæ рухс тынтæй куы сæрттывтой нæ хæхтæ,*  
*Уæд бамынæг дæ фæндырæн йæ цагъд*[1]*...*

Мах, ирон адæм, аккаг æмæ æмбæлон лæггад æрмæстдæр мардæн кæй зонæм, — уый дæр алы хатт нæ, — уый тыххæй Нигер йæ амæлæты фæстæ ноджы феввахсдæр адæмы зæрдæтæм. Æмæ уым диссагæй ницы ис. Нигер нын æрмæст йе сфæлдыстадæй нæ, фæлæ йæ цардæй дæр æнустæм уыдзæнис фæзминаг. Уымæн æмæ, цы арæзта, цы фæлдыста, уыдон, тыхмитæй йын цытæ аразын кодтой, уыдонæй дарддæр, иууылдæр цыдысты йæ зæрдæйæ. Йæ зæрдæ та уыдис сыгъдæг æмæ адæмы фарнмæ здæхт.

---

[1] Гулуты Андрей. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1951, 39-æм фарс.

«Вклад его в осетинскую литературу огромен. Такого мягкого, задушевного и вместе с тем психологически очень сложного лиризма, как у Нигера, не было в осетинской поэзии до него, не говоря о Коста Хетагурове, который был поэтом первооткрывателем всех путей осетинской национальной культуры. Предельно гибкий стих, прозрачность и чистота стиля, многообразие стихотворных размеров, способов композиции, рифмовки, расширение поэтического синтаксиса и лексики за счет диалектных оборотов речи, слов бытового обихода, названий растений, местностей, птиц, зверей, животных, всевозможных вещей и сельскохозяйственного инвентаря, смелое использование синонимов, идиом, прочих лексических богатств осетинского языка и многое другое — вот что можно сказать вкратце о его вкладе в осетинскую поэзию, — фыста Тедеты Рюрик, Нигеры 20-æм азты лирикæ æвзаргæйæ. — Он был певцом крестьянского труда, нелегкой сельской жизни. Его поэзия явилась барометром, по которому сегодня можно оценивать те или иные общественно-экономические явления в жизни осетинского аула 20-х годов. Его противоречия — это противоречия того времени[1].

Уый, Рюрик, æрмæст 20-æм азты ирон поэзийы кой кæй кодта, уымæн афтæ загъта. Чиныгæй цæвиттон цы сæрæй систам, уый æнæуый дæр афтæ хуыйны: «Аульская действительность 20-х годов и ее поэтическая летопись (Нигер)».

Æнæуый та Нигер уыдис йæ дуджы азфыссæг æмæ ирон цардæвæрд æмæ литературæйы барометр. Æгæрыстæмæй, йæ удыгъæдмæ гæсгæ рæстæджы хуыдымы ныздухын кæй нæ бакуымдта, уымæй дæр. Поэт хорз зыдта, зæронд цардæй ног царды æхсæн хидыл хизынæй царды философийы ныгъуылын цас зындæр у. Уый фæнды мæ, нæ мæ фæндытæй аразгæ нæ уыд, фæлæ цыфæнды уавæрты дæр йæ алы къахдзæф баст уыдис ног сфæлдыстадон агурæнтимæ. Ирон поэзийы ног аивадон фæзилæнтæ алчи кæй не ’мбæрста, уый та сæ арæхстджынæй кæй пайда кодта, уымæн æм кастысты бирæтæ зулмæ.

Поэты поэзи хуымæтæг кæм зыны, уым дæр йæ бирæ

---

[1] Тедеты Р.К. Осетинская советская поэзии. Цхинвал, 1975, 216-æм фарс.

ӕнӕтрадицион фӕзилӕнты тыххӕй ахизы, ахуыр кӕуыл стӕм, уыцы фӕлгӕттӕй, ӕмӕ бирӕтӕн свӕййы, куыд ӕй нал фембарынц, ахӕм вазыгджын. Ноджы, нӕргӕ романтизм ӕмӕ ӕгъатыр реализм кӕм фӕиу вӕййынц, уый ӕууылд комдзагыл ахуыр чиныгкӕсӕджы фӕиппӕрд кӕны йе 'нцадӕнцой хъуыдытӕй. Фыссӕг ӕмӕ литературӕиртасӕг Джыккайты Шамил уымӕн зӕгъы, зӕгъгӕ, Нигеры лирикӕйӕн нӕй «кӕронмӕ райхалӕн, ӕвидигӕ сты йӕ сусӕгдзинӕдтӕ.

Афтӕ кӕй у, уымӕ гӕсгӕ дзырддаг уыдысты ӕмӕ сты поэты сфӕлдыстады хицӕн фарстытӕ. Уыцы «къуыбылойы» раз йӕ заманы критиктӕ лӕууыдысты уыргъуыйауӕй, кастысты йӕм джихӕй, дис кодтой йӕ рӕсугъд ӕрттывдтытыл, фӕлӕ сӕ бон нӕ уыд йӕ мидис бамбарын. Рувас сӕнӕфсирмӕ куынӕ феххӕссы, уӕд ӕй цъӕх фӕхоны. Ӕнӕсӕрфат критиктӕ, сӕ бон раиртасын цы нӕ уыд, уый тыххӕй мысыдысты мӕнг ныхӕстӕ, кодтой зыгъуыммӕ хатдзӕгтӕ».[1]

Ӕрмӕст йӕ заманы «ӕнӕсӕрфат критиктӕ» нӕ, фӕлӕ абон дӕр Нигеры сфӕлдыстад ӕнцон ӕмбарӕн нӕу – йе 'ппӕт ӕрттывдтытӕ ӕмӕ аивадон фӕзилӕнтӕ сты лабиринтты хуызӕн. Бацӕуын сӕм дӕуыл баст у; Хуыцауы фӕндӕй ма ӕнӕнхъӕлӕджы фӕстӕмӕ фӕндаг куы ссарай, уӕддӕр ын йӕ равӕрд нӕ базондзынӕ.

Уыцы хъуыддаг цӕуы поэты заманӕй. Уый замана кӕй уыд, революциимӕ стыр фӕфӕлдӕхтытӕ, туджы леуахитӕ ӕмӕ зӕрдӕнкъуысӕн хъуыддӕгтӕн кӕрон кӕй нал уыдис, уыцы уавӕр хъуыдыгӕнӕг адӕмы ныхъхъусын кодта сӕ зӕрдӕтӕм. Заманы заманайы лабиринттӕй рацӕуӕн кӕй нӕ уыд зӕрдӕйы фӕндиаг, поэт Ирыстонӕн, хатыркурӕгау, уымӕн дзуры:

*Ныббар мын, Ирыстон, – мыййаг, кӕд дӕ рынӕй*
*Мӕ сау зӕрдӕ искуы бынтон дзаг нӕ уыд.*
*Кӕд искуы йӕ хъалӕй дӕуимӕ цӕрынӕй*
*Фӕлмӕцыд мӕ сонт туг, хъыг кодта мӕ уд...*[2]

(«Ныббар мын, Ирыстон!..»)

---

[1] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. Дзӕуджыхъӕу, 1996, 167-ӕм фарс.
[2] Нигер. Т. 1, 256-ӕм фарс.

Дзуры йын «ныббар мын», фæлæ йын йæ «уазал урс сæрæй» йæ «хъæбул ныр, абон, йæ сомы бæтты», зæгъгæ, «йæ сонт туг куы банцайа уæнгты йæ хъæрæй», уæддæр йæ хъæбул «Чысанæй Лабæмæ дæ мæгуыр сабитæн Æнæвгъау куы скæндзæн йæ лæмбынæг зард».

Фæлæ уый, дзырдтæй куыд зæгъгæ у, афтæ æнцон аразæн нæу. Поэт уæвын барвæндæй тохы быдырмæ цæуын у. Нигеры дуджы поэтæн фондзыссæдз хатты зындæр кæй уыдис, уый тыххæй цæвиттонтæ хæссынæн дардмæ цæуын нæ хъæуы. Йæ алы уацмысæй дæр нæм разынынц йæ дуг æмæ йе 'мрæстæгонты æнкъард, фæллад, фæлмæцыд цæсгæмттæ, кæд сæ поэт фылдæр лирикон хъайтары номæй фæдзуры, уæддæр. Æмæ уымæн уыдис йæхи аххосаг:

*Иуæй иннæ бон уырыддæр –*
*Афтæ, гъе, мæ цард æрвитын.*
*Тайын, руайын æмæ джитын.*
*Бон, æхсæв – мæлæтмæ сидын.*
*Зилы сагъæсæй мæ рыст сæр...*

*Æрдз мын ракодта лæвæрттæ.*
*Цардмæ рауадтæн ныфсджынæй.*
*Риуы арт сыгъди цырынæй.*
*Загътон, хиздзынæн фыдрынæй*
*Æз сымах – нæ митæвæрдтæ...*

*Фæлæ никуы æмæ ницы:*
*Хъуыры сцæнд ысты мæ фæндтæ.*
*Нæй, нæ сын фæци цæуæнтæ*
*Цардмæ, афтæмæй мæ уæнтæ*
*Дудынц, утæхсынц фыд низы...*[1]

(«Иуæй иннæ бон уырыддæр...»)

Ахæм фыддуджы адæймаджы риуы цахæмфæнды рæсугъд æмæ парахат зæрдæ ма тæлфæд, рæстæджы судзгæ уазалмæ, Нигерæн йæхи загъдау, тайы, руайы æмæ джиты. Йæ бирæ рæсугъд æмæ ахсджиаг дзуринæгтæ фæмæлынц сæ кæрæдзийы фæстæ.

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 256-æм фарс.

Уæлдай зындæр вæййы, адæймаджы уавæрты, адæймаджы азмæлæнты аххосæй зонд æмæ зæрдæ куы ныллæуынц сæ кæрæдзийы ныхмæ. Сæ иу рæстæджы ныхмæ фæтох кæны, иннæ йын, — иу армæй иннæйыл хæцæгау, — æрцахсы йæ рохтæ. Фæлæ, куыдфæнды уæд, уыцы æнæмсæр, фыдтох поэтæн йæ зæрдæйы йæ дзуринæгтæ фæмары, нæма райгуырынц, афтæмæй.

Уыдæттæ нæ поэттæй алкæмæй хуыздæр Нигер зыдта. Адæймаг, уæлдайдæр, поэт, йæхи рагъыл цы бавзары, уый нал фæхауы йæ зæрдæйæ, æмæ йæ уацмысты алы чысыл стъæлф дæр фæхъæуы йæ удæй. Нæ поэт катайгæнгæйæ уымæн зæгъы:

*Ой, цы мыртæ уыд мæ риуы!..*
*Ой, цы хæзна уыд мæ сæры!..*
*Фæлæ арв зымæг нæ нæры,*
*Уæд æрмæст ыстонг сырд ниуы...*

*Бонтæ уайынц æмæ згъорынц,*
*Мæн мæ сау ингæнмæ хонынц...*
*Цæй, хæрзбон, хæрзбон, мæ сæнттæ!..*
*Цæй, хæрзбон, хæрзбон, мæ фæндтæ!..*

*Цом, цом ингæнмæ, мæ тыхст сæр!..*
*Цом, цом ингæнмæ, мæ зæрдæ!*
*Ам ныл аудæг нæ уыди,*
*Уым ныл саудалынг æртыхсдзæн!..*

Поэтæн йæ мыртæ йæ риуы куы мæлой, йæ сæры цы хæзна ис, уый раргом кæнын дуджы аххосæй куынæ уа йæ бон, йæ рухс сæнттæ æмæ фæндтæн æй хæрзбон зæгъын куы хъæуа, уæд ын, ай-гъай, сау ингæнæй дарддæр фæндаг никуыдæмуал вæййы. Ардасенты Хадзыбатыр Нигеры 20-æм азты сфæлдыстадон фæндаджы тыххæй уымæн зæгъы: «Нередко в стихах поэта той поры выражаются чувства неуверенности, растерянности, пессимизма, — стæй йæ хъуыдымæ кæронæй афтыдта: — Но не они определяли идейную сущность его творчества. Его поэзия звала к борьбе, и главными чертами ее были мотивы любви к народу, к исстрадавшейся родине»[1].

---

[1] Авторты коллектив. Очерк истории осетинской советской литературы. Дзæуджыхъæу, 1967, 167—168-æм фæрстæ.

Нигеры тыххæй ахæм хъуыды нæдæр фыццаг уыд, нæдæр фæстаг у. Мах диссаджы адæм стæм – афтæ нæ бафæнды, булæмæргъы къах къæбæлмæ куы бабæттиккам, милмæ йæ куы исиккам, уый та нын дæдадæйы зарджытæ куы кæнид.

Мæлæты размæ – алæмæтон зарæг!

Хорз зæлланг кæны, фæлæ алы буары дæр иу уд вæййы. Уый гæдыныхас у, гæдыйæн авд уды ис, зæгъгæ. Йæ удфæразондзинады тыххæй йыл æй æрымысыдысты, фæлæ мах нæ уырны. Кæй фæмарынц, уыдон-иу,– цыма сын æвдгай удтæ ис; амардтай йæ æмæ та раудæгас уыдзæнис, – æцæгæй заргæ куы кæниккой! Никуы нæ бафæнды искæй уавæрыл ахъуыды кæнын, йæ цармы нæхи удтæ бавæрын.

Нигерæн æй йæхицæй хуыздæр ничи загъта æмæ зæгъдзæнис: «У фадат – аразæг!» Æмæ адæймаг цасфæнды йæ хъиутæ хæра, уæддæр йæхи сæрты нæ агæпп кæндзæн. Æндæра, поэты бæллицтæ дардыл уыдысты æмæ сты:

*...мæ риуы судзы арт,*
*æхсиды туг, мæ туг,*
*æмæ мæ хоны дард.*
*Фæйнæрдæм тарф фæлгæсын æз,*
*ныгъуылы арф мæ цæстæнгас æдзух*
*йæ риуы æрдзæн.*
*Æз пæлæз*
*мæхицæн бахуыдтон йæ тынтæй хурæн.*
*Ыссыдтæн æз бæрзонд, бæрзонд.*
*Сæрибармæ – мæ сидт.*
*Фæлæ мæ дзурæн*
нæй.[1]

(«У фадат – аразæг!..»)

Кæсаг афтæ – дзуринæгтæ мын бирæ ис, фæлæ мæ дзых донæй йедзаг у. Мах æй уæддæр куы дзурын кæниккам. Алы азымтæ йæм, хъæуа æви нæ хъæуа, уæддæр куы хæссиккам.

Фæлæ фыццаджы-фыццаг поэтæн йæхимæ фæхъæуы байхъусын. «Слово – полководец человечьей силы»,[2] –

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 212-æм фарс.
[2] М а я к о в с к и й В л а д и м и р. Собр. соч. в 12 т. Т. 4, М., 1978, 13-æм фарс.

æмæ уый раргом кæны æппæтдæр. Уæлдайдæр, чындзы чи ацыд, чындзы митæ уый фæзоны:

*Бырсы, ыссæнды зонд,*
*мæ зонд, — лæджы зонд, — тыгъды размæ.*
*Фæлæ цы?!*
*Гоби... гоби — нæ,*
*фæлæ мæ дзырд...*
*Нæ, нæ, фæкæнын дзургæ дæр*
*уæ фарсмæ,*
*мæ иубæстон адæм.*
*Æрмæст нæ хъуысы дард,*
*сымахæй дарддæр ын*
*нæ уыд цæуæн мæ дзырдæн.*

Стæй дарддæр:

*Дунейыл адæмтæ, æвзæгтæ цал ис, цал!..*
*Фæдæн дзы иу къордæй æз дæр.*
*Æрцыд истори хорз йæ цъыф къæхтæй мæныл,*
*Фæхицæн ме 'взаг. Дард мæ хъæр,*
*Гъе, уымæн нæ хъуысы гъеныр.*

Поэты фадат, йæхимæ гæсгæ, растдæр зæгъгæйæ та, поэты лирикон хъайтары фадат не сси йæ зæрдæйы фæндтæ саразын, фæлæ йæ ис ныфс, кæстæртæн сæ дуг уыдзæн æндæр, æрцæудзæнис сын сæ бæллицтæ аразыны фадат.

Æниу, ирон адæймагæн, хъыгагæн, уыцы фадат фылдæр нæхи аххосæй никуы æрцæуы. Джыккайты Шамил раст зæгъы: «Къуындæг бæстæ, гæвзыкк æмæ тыхст цард фадат нæ дæттынц афоныл фаг зонындзинæдтæ райсынæн, ирон фыссæгæн йæ тых басæтты ахуырад райсыныл, æнæбары æрхæндæг æмæ иугъæдон куыстæй, мамæлайы къæбæры мæтæй, бинонты сагъæс æмæ ирон æгъдæутты уæзæй, ницы уыны дунейы диссæгтæй, æмæ æгъуыз царды нæ райрæзы йе сфæлдыстадон хъару, æрмынæг вæййы йæ поэтикон фантази, кусы фæлмаст æмæ зæрдæсастæй, æмæ йын фаг не 'нтысы уыдæтты аххосæй. Уыны æрмæст йæ бæстæ, йæ адæм æмæ йæхи мæгуырдзинад, æмæ уыдон сты йæ дзуринаг. Уыцы «æрмæгæй» та нæй дæсгай æмæ сæдæгай томтæ

сфæлдисæн, нæй уымæй фæрныг адæмты фысджыты аййафæн».[1]

Нигер искæй аййафынмæ нæ хъавыд. Фæндыдис æй, йæ риуы цы бирæ алыхуызон мыртæ ныттымбыл сты, уыдонæн арвы рухс фенын кæнын. Фæлæ йын уый фадат нæ уыд. Æгæрыстæмæй, 1936-æм азы цы æмдзæвгæты чиныг рауагъта, уый разныхас дæр, разныхас кæд фылдæр чиныг æмæ авторы пропагандæ кæныны фæрæз у, уæд Нигеры уацмысты разныхас та у поэт æмæ йæ чиныгыл цъыфкалæн. Разныхасыл йæ къух чи нæ бафыста, уыцы фыдбоны авторы цырд цæстæй «ницы ирвæзы». Фидарæй зæгъы: «Октябры революцийы фæстæ фыссæг ницыуал бамбæрста дуджы хъуыддæгтæн. Уымæ гæсгæ Нигер сагъæстыл фæци; цардмæ æмæ, дуджы цы хъуыддæгтæ цыди, уыдонмæ каст лыстæгбуржуазон интеллигенты цæстæнгасæй, националистон хъуыдытæ дæр æм арæх цыди», — стæй йæм, — критикмæ! — уый дæр фаг нал фæкасти, йæхи йын скодта соцзаказтæ дæттæг: «...зæгъын хъæуы, æмæ ирон кусæг, колхозон æмæ фæллойгæнæг чиныгкæсæг цы домы, ахæм арф æмдзæвгæтæ нæма ныффыста Нигер социалистон арæзтадыл».[2]

Чиныджы редактор Бæдоаты Хъазыбег кæй уыдис, уымæ гæсгæ разныхасы авторы тыххæй Æлборты Хадзы-Умар зæгъы, ома уый фыст у: «Æнæуый дæр ыл бæрæгæй зыны, уæд Хъазыбегæн характерон чи уыд, уыцы дæрзæг ныхасыхъæд».[3]

Æмæ уæд ног цардаразæджы номæй нæ хуыздæртимæ чи нæ кодта дæрзæг ныхас?! Йæ хæдзары уидыгмæ рады чи лæууыд, уыдон дæр-иу раст сты æмæ дыууæ капеччы гонорар райсыны тыххæй нæ фысджытыл цъыфкалæнтæ кодтой, алцыдæр уыдоны аххос у, зæгъгæ, æмæ сæ фехсут. Æмæ сæ æхстой. Афтæмæй бабын кодтой нæ хуыздæрты — Барахъты Гино, Къубалты Алыксандр, Æрнигон Илас, Малиты Георги, Тыбылты Алыксандр, Беджызаты

[1] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. Дзæуджыхъæу, 1996, 175-æм фарс.

[2] Нигер. Æмдзæвгæтæ. Дзæуджыхъæу, 1936, 3—4-æм фæрстæ.

[3] Æлборты Хадзы-Умар. Ирон литературон критикæ 30-æм азты, Дзæуджыхъæу, 1987, 63-æм фарс.

Чермен, Хъуылаты Созырыхъо, Фæрнион Къоста, Гаглойты Рутен…

Нымайæм ма сæ?

Æмæ, иуæй, мæрдтæ нымайын нæ фæтчы, иннæмæй та сæ цыма куыдхуыздæрæй æвзæрстой, æмæ сæ алкæй æдзард ном зæгъгæйæ дæр адæймаджы зæрдæ цыдæр фæрæхойы. Фæлæ уыдоныл цъыфкалджытæ æмæ марджытæн цæмæй зæрдætæ уыдис? Науæд сæ уыйфæстæ уæддæр цæмæннæ исчи æрдомдта дзуапп? Чи зоны, æбæрæг ныгæд сæ кæм бакодтой, уыдон нын уæддæр бацамыдтаиккой.

Гъе, æмæ уыцы тыхмæрдтытимæ Нигер кæй нæ уыдис, уый бирæтæн нæ лæвæрдта удæнцой. Уыцы саулæгтæн, удæгас æмæ йæ куыстхъомæй кæй уыдтой, уый цавта сæ зæрдætæ къуымых кардæй. Лæгхоры хъуыддаг афтæ у, кæмæ не 'ххæссы, уый йæ цæсты ныхсы.

Литературæ нæм æцæгæй чи зыдта æмæ иртæста, уыдон стыр аргъ кодтой Нигерæн. 1934-æм азы журнал «Фидиуæджы» (7—8 чиныджы) Тыбылты Алыксандр дзырдта: «Курдиатджын æмæ культурон фыссæг Нигерæн йæ фæд «арфдæр æмæ уæрæхдæр» зыны ирон советон литературæйы. Нигеры поэтикон уацмыстæ æххæст вæййынц эмоционалон удæй, йæ хъуыдытæ, йæ æнкъарæнтæ ахæм джиппы ауадзы, æмæ зæрдæйы хъустæ ныццæвынц, адæймаджы уæнгты ахъарынц».[1] Уымæн æмæ Алыксандр æцæг литературон критик æмæ литературæиртасæг уыдис. Тынг хорз зыдта, Нигеры поэзи кæдæм цæвы, уый.

Дзанайты Сергей журнал «Мах дуджы» фыццаг номыры Нигеры тыххæй чъызгæ кæй фыссы, уый нæ фæцыд Алыксандры зæрдæмæ. Зæгъы фæндвидарæй: «Нигеры кой арæх хъæуы, æмæ Сергейау къæзгæйæ нæ, фæлæ нæртон æвзагæй».[2]

Ахæм стыр аргъ ын кодтой йæ уацмыстæн фыццаг æмбæлон аргъ скæнæг, зынгæ фыссæг æмæ литературæиртасæг Гæдиаты Цомахъ, стыр ирон нывгæнæг Тугъанты Махарбег, стæй, аив литературæ чи 'мбæрста, уыдон иууылдæр. Фæлæ нæ гæды патриоттæм, аив литературæ цы у, уымæн

---

[1] Т ы б ы л т ы   А л ы к с а н д р. Уацмысты æмбырдгонд, 1988, 193-æм фарс.

[2] Уый дæр уым, 194-æм фарс.

мур дæр чи ницы 'мбæрста, уыцы критикгæндтæм уый фаг нæ кастис. Уыдон сæхи, мæнг, æнæбындур тæрхон хастой стыр фыссæгæн, æмæ сын «макæ» зæгъæг нæ уыдис. Мæлæты тас йæ бон калы.

Æлборты Хадзы-Умар дзуры: «Комкоммæ дзырдхæссыны æууæл кæмæн уыд æмæ литературон-критикон анализмæ чи ницы бар дардта, ахæм уацтæ бакæсæн ис поэты тыххæй уыцы азты газетты. Мамиты Гр. газет «Пролетарий Осетии»-йы фыста: «Ахæм фысджытæ, куыд Коцойты Арсен, Къубалты Алыксандр, Нигер, ницы аразынц, нырма уа-диссагæй ницы радтой советон чиныгкæсæгæн, нæ нын æвдисынц нæ амондджын цард. Цымæ сæ цы хъыгдары, цæмæннæ сæ фæнды нæ рæсугъд райгуырæн бæстæйы амонджын цард равдисын?» Автор фарст цы хуызы æвæрдта, уымæй бæрæг уыд йæ дзуапп дæр, ома кæй нæмттæ ранымадта, уыцы фысджытæ барæй не 'вдисынц нæ амондджын цард, нæ сæ фæнды йæ равдисын. Ахæм æнæбындур азымтæ цы стыр зиан æрхастой нæ литературæйæн, уый абон зындгонд у – уыцы хахуырты амæттаг фесты æнæазым фысджытæ»[1], – зæгъы Хадзы-Умар.

Алцыдæр æргом у. Ома цы фысджыты кой кæнын, уыдон немæ не сты. Немæ чи нæй, уыдон сты нæ ныхмæ. 1937-æм азы «нæ ныхмæ» цы фысджытæ уыдысты, уыдоныл цы бон æркодта, уымæй абон дудæм æмæ судзæм.

Ахæм цъыфкалджыты нæ поэт бæргæ хуыдта «ультрабдительные» люди», худт сыл Крыловы дзырдтæй: «Услужливый дурак опаснее врага», фæлæ уымæй йæ удæн æнцондæр нæ кодта. Æдзæсгом адæймаг æфсæрм нæ зоны æмæ, Нигерыл дам-думгæнджытæ, Къостайы дзырдтæй дзургæйæ, цъæх хæрæгау, ту нал сæрфтой сæ цæсгæмттæй («Æхсины лæг»). Поэтæн тыхæй бырыдысты йæ фыдæй цармы 'хсæн. Йæ бинонты цард дæр ын зыгъуыммæгондæй хастой адæмы рæгъмæ, цæмæй йыл сæвæрдтаиккой худинаджы гакк.

Цæвиттонтæм дардмæ цæуыны бæсты байхъусæм Æлборы-фыртмæ: «Поэт йæ цардæмбалæй кæй ахицæн, уый тых-

[1] Æлборты Хадзы-Умар. Ирон литературон критикæ 30-æм азты. Дзæуджыхъæу, 1987, 64-æм фарс.

хæй йæ сæ уацты æвдыстой суанг «сылгоймаджы цагъаргæнæгæй», «сылгоймаджы талынггæнæгæй», «сылгоймагыл гадзрахатæй цæуæгæй», контрреволюционерæй. Мыхуыры оргæнтæй йæм дзырдтой, уынджы дæр зæрдæ кæмæй хæццæ кæны, ахæм ныхæстæй, сидтысты æхсæнадмæ, цæмæй йын рахастаиккой сæ карз тæрхон. Æмæ йыл цал хатты фыстой, уал хатты та-иу Нигеры бахъуыд лыстæггай йæ бинонты царды хабæрттæ æмбарынгæнæн фыстæджы фæнымайын алы инстанцитæм. Ахæм худинаджы уавæр Нигеры психикæйыл æндæвта æвзæрырдæм, йæхимидæг æй æхгæдта, мæстæлгъæдæй-иу дзурын дæр нал фæрæзта. Хахуыргæнджытæ та сæ кæнон нæ уагътой: газет «Рæстдзинад» 1937 азы 24 июлы ныммыхуыр кодта ахæм æрмæг: «Дзанайты Иваны цæсгом», йæ автор – Х.А. Уæлдæр, зæрдæхæццæгæнæн кæмæй загътон, фылдæр ахæм дзырдтæй нывæст. Йæ фæдыл уым ноджы Едзиты Цинийы уац дæр, «Фысджыты цæдисы æмбырды», зæгъгæ, уый дæр – уый халдих. Уыцы автор Фысджыты цæдис хуыдта либералон æмæ йæ критикæ кодта, Нигеры хъæбæр кæй нæ нæмынц, уый тыххæй: «Дзанайы-фырты æцæг цæсгом, уый цъаммар цъыфкалæн митæ кæронмæ раргом кæнынæн хъуамæ баххуыс кодтаид Фысджыты цæдис», фæлæ, уыцы автор куыд зæгъы, афтæмæй цæдисæн уый бакæнын йæ бон нæ уыд, уымæн æмæ, Нигеры цы хъуыддагæй æфхæрдтой, уымæй азымджын уыди Фысджыты цæдисы сæрдар Боциты Барон йæхæдæг дæр, уымæн та, дам, йе 'фсин æнахуыргонд у, ницы фадæттæ, дам, ын сарæзта»[1].

Ахæм уавæрты, дзырд дæр ыл нæй, поэт куыд нæ хъуамæ хъуыстаид йæ зæрдæмæ. Æмæ-иу уыцы зæрдæйыуаг йæхи равдыста поэты æмдзæвгæты:

*Æз нæ хастон къæлæт, æз нæ уыдтæн цагъар,*
*Æз сæрибар мæ уды йас уарзтон.*
*Кæд-иу искуы, мыййаг, мæ цард нал уыд мæ бар,*
*Уæддæр зæхмæ мæ уæраг нæ уагътон.*

[1] Æ л б о р т ы   Х а д з ы - У м а р. Ирон литературон критикæ 30-æм азты. Дзæуджыхъæу, 1987, 64–65-æм фæрстæ.

*Æмæ кувгæ, табу æз нæ кодтон, мыййаг,*
*Бонджын, хъалæн, тыхджынæн, уый базон!*
*Мæнмæ ницы и ’лхæд, нæй мæм ницы уæййаг,*
*Бийын, сайын мæ сæрмæ нæ хастон!*

*Фæлæ цардтæн, ды зон, æз мæ туджы мыздæй,*
*Цардтæн ме ’рмтты фæллойæ мæхицæн,*
*Æмæ кодтон хъæувæтк æз мæ хъæуы рæвдзæй,*
*Кодтон мардыкæнд, цины куывд хицæн.*

*Уарзын сгуыхт лæджы æз, уæд йæ фæхъхъау мæ сæр,*
*Кад, æгъдау ын кæддæрид кæндзынæн:*
*Уæд йæ цæрæнбон бирæ! Куы нал уа, уæддæр...*
*Цæй, цыртæн ын æз дуртæ хæсдзынæн![1]*

(«Æз нæ хастон къæлæт, æз нæ уыдтæн цагъар...»)

Нигер хорз зыдта, «цæргæс тыгъды бындзытæ нæ ахсы», æмæ йыл цъыф чи калдта, уыдоны онг никуы æруагъта йæхи. Кæронмæ баззадис лæджыгъæдæн кадгæнæгæй. Фыдыбæстæйы стыр хæсты хъайтартыл дывæр хъаруйæ уымæн ныззарыд. Адæймаджы сгуыхт хъуыддæгтæ йын радтой уыйбæрц тых, æмæ йæ курдиат ныццæхæр калдта йе ’ппæт хуызтæ æмæ хъаруйæ. Ирон хæцæг салдат, сæрибархæссæг салдаты фæлгонц систа, æппынæдзух ыл рухс кæдæм хъуамæ ныдзæва, ахæм бæрзæндмæ.

Нигеры сфæлдыстады зынгæ бынат ахсынц æмæ зынгæ нысаниуæг ис йæ кадджытæн. Поэт сæ сфæлдыста хицæн æмæ хицæн рæстæджыты, уымæ гæсгæ, сæ афыстау, сæ тематикæ, сæ сюжетон арæзт дæр сты æндæр æмæ æндæрхуызæттæ. Фæлæ сæ иууылдæр, дзырд дæр ыл нæй, бæрæгæй зыны поэты фидар æрмдзæф. Йæ аив, хæдбындур поэтикæйæ цух не сты. Йе ’мдзæвгæтау уыдоны дæр æвæры æмæ лыг кæны алыхуызон социалон æмæ этикон фарстатæ.

Кадджыты зынгæ хай адæмон сфæлдыстады бындурыл амад у, кæнæ сæ фольклоры аивтæй фæлындзы, уымæ гæсгæ диссаг нæу, эпикон фæрæзтæй кæй пайда кæны, уый.

---

[1] Н и г е р. Т. 1, 331-æм фарс.

Хъæрмуд сын сты карз конфликттæ, драматикон сюжеттæ, романтикон хъуыддæгтæ, арф психологон мидсагъæстæ æмæ зæрдæйылæмбæлæг монологтæ.

Поэт йæ кадджытæй æппæты фыццаг ныффыста «Мулдар» (1929) – романтикон-эпикон кадæг стыр лирикон монологимæ.

Кадæджы сæйраг хъайтар Мулдар у, романтикон хъайтарæн куыд æмбæлы, афтæ – хъаруджын, æнæрцæф, фæлæ – мадзура: «Йæ риумæ цин нæ цæуы ‘мгæрон. Йæ зæрдæ сагъæстæй ныддур», фæлæ цы у йæ масты сæр, йæ зæрдæ йын цы сагъæстæ хæрынц, уый ничи зоны. Æмæ йæм уæд, æд уадындз фаг сæрибар кæимæ агуры, æрдæгæхсæв хъæды арты фарсмæ цы сагсур балимæ бады, уыдон ныххатынц:

*«Мулдар, цы у дæ сагъæс, циу?*
*Æркур-ма тагъддæр уæртæ уадындз,*
*Сæдæ лæгæй цы домы иу!*
*Дæ цæсгом бон – æхсæвæй тардæр,*
*Æхсæв дзы рухсдæр у ингæн.*
*Æнæкæрон нæ вæййы цард дæр –*
*Уæд та дæ хъæстытæ фæкæн».*[1]

(«Мулдар»)

Уыдон иуылдæр – æрдæгæхсæв хъæды «сагсур бал» кæй бады, «бæрзонд мæра бæлас», Мулдары æмбæхст сагъæс, – иууылдæр сты романтикон бæрджытæ, æмæ чиныгкæсæджы развæлгъау бацæттæ кæнынц сæйраг хъайтары романтикон монологмæ.

Æмæ, æцæгдæр, Мулдар йæ царды хабæрттæ куы райдайы дзурын, уæд уымæ хъусгæйæ адæймаджы зæрдæйы тугтæ фæтæдзынц. Уымæн æмæ, йæ монолог-кадæджы сæйраг хай иууылдæр амад у, адæймаджы хъуыды чи ныззмæлын кæны, ахæм романтикæйыл.

Хъайтары ныхасæн йæ райдайæнæй йæ кæронмæ архайд цæуы, тæрккъæвдайы ивылд донау, тыхджынæй-тыхджындæргæнгæ:

---

[1] Н и г е р. Т. 2, 7–8-æм фæрстæ.

*Фæлахс, хæрз ихсыд у нæ зæхх.*
*Йæ фæззæг – ниуд; ингæн – йæ зымæг,*
*Сæрд, уалдзæг дæр нæ кæны цъæх.*
*Йæ цард – гæвзыкк, æдых – йæ адæм...*
*Гъе, ахæм ран фæзындтæн æз.*
*Фысты кæвдæс уыди мæ авдæн,*
*Мæ авдæнгæс – нæ Мила-куыдз.*
*Мæ фыд мæнæн уыди тызмæг лæг...*
*Фæлæ йæ не суагъта йæ цард.*
*Æххуырсты куыстытæй нырхæндæг –*
*Кæйдæр кæрты æрцыд йæ мард.*

Фыды фарн мæрдтæм нæ цæуы. Сæгъæй сæныкк гуыры, фысæй – уæрыкк. Мулдар æмæ йе 'фсымæрмæ дæр уыцы хъысмæт æнхъæлмæ каст. Уымæн æмæ, цагъайрагæн йæ цот дæр сæ ныййарджыты хал ахæрынц – цагъайрæгтæй райгуырынц, цагъайрæгтæй фæцæрынц æмæ цагъайрæгтæй ацæуынц ацы дунейæ.

Афтæ кæй уыдаид, ууыл дызæрдыггæнæн нæй. Уыцы хъуыддаг ирдæй зыны, сидзæртæн сæ цардвæндаг куыд райдыдта æмæ куыд уыдис, æппæт уыдæттæй:

*Кæрдзыны къæбæр-иу мæ цæстæй*
*Нæ федтон 'гас къуыри, фылдæр.*
*Æфсæнбын лæдзæгимæ хаттæн,*
*Хуычъы йе уизза – уый мæ хæрд.*
*Йæ ад нæ базыдтон æз артæн,*
*Лæгæт мæ уат – фæззæг, уæд сæрд.*
*Зымæг-иу ыскъæтмæ æрæфтыд*
*Мæ рыст буар, мæ хус гуыбын.*
*Мæ сонты бонты æз уыргæфтыд*
*Фæдæн кæйдæр æргъæмтты бын...*
*Ысхъомыл дæн уæддæр куыддæртæй:*
*Æвдудон у, бæлвырд, мæгуыр...*

Фæлæ Мулдары монолог, уыимæ уацмысы кульминаци схæццæ вæййы, фыд аз, фыд заман сыл куы скодта, æппындæр сæм хор куынæ æрзад, адæм стонгæй куы скъуыдысты, сæ туг-иу сæ цæстытæй куы згъордта, афтæмæй сæм

ӕлгъаг хъалонисӕг куы фӕзынд ӕмӕ, цыма Мулдар уыдис йӕ байраг, йӕ ехс лӕппуйы бӕрзӕйыл куы ӕртыхст.

Мулдар мӕгуыр, фӕлӕ сӕрыстырӕй схъомыл. Ӕнӕрцӕф уыдис. Ӕнӕрцӕф та, уӕлдайдӕр, романтикон хъайтар, ӕфхӕрд нӕ быхсы, ӕмӕ уый куыд ныббарстаид ахӕм ӕгъатыр ми! Лӕг ӕм фӕкаст куыдзӕй ӕгаддӕр. Йӕ туг ысфыхт, йӕ зонд фӕтары, ӕмӕ йӕ къухы ферттывта йӕ кард.

Романтикон хъайтарӕн куыд ӕмбӕлы, Брытъиаты Елбыздыхъойы Хъырым («Худинаджы бӕсты – мӕлӕт»), Фӕрнион Къостайы Цӕрай («Уады уынӕр») ӕмӕ ӕндӕр хъайтартӕ куыд бакодтой, афтӕ уый дӕр хъуамӕ амара ӕфхӕрӕджы, ӕмӕ йын баззайдзӕнис ӕрмӕстдӕр иунӕг фӕндаг – абырӕг алидзын.

Фӕлӕ Нигер Нигер уымӕн у, ӕмӕ, йӕ размӕ цы фысджытӕ уыдис, уыдонӕй дарддӕр ацӕуынмӕ кӕй тырныдта ӕмӕ-иу цӕугӕ дӕр кӕй акодта. Ӕцӕг, адӕймаджы зӕрдӕ кӕмӕй нырризы, ахӕм ӕгъатыр хуызы ацыд ам йе 'мсисонтӕй дарддӕр.

Романтикон хъайтар йе 'фхӕрӕджы куы хъуамӕ амара, уӕд йе 'фсымӕр февзӕры йӕ разы ӕмӕ йын рацахсы йӕ къух. Афтӕмӕй аирвӕзы ӕфхӕрӕг. Фӕлӕ, «цагъайраг дуг цӕмӕй уа къаддӕр», уый тыххӕй нал аирвӕзы ӕфхӕрӕджы хъахъхъӕнӕг – Мулдар амары йе 'фсымӕры. Йӕхӕдӕг афардӕг вӕййы абырӕг.

Фӕлӕ ууыл не 'рлӕууы романтикон хъайтар:

*Циу мад йе 'фыд, кӕннод ӕфсымӕр,*
*Куы 'вӕрой удыл уаргъ, къӕлӕт?!*
*Ӕгъгъӕд, ӕгъгъӕд! Нӕ цард ыссымӕр*
*Ехсы цӕфтӕй. Фӕлтау – мӕлӕт!*
*О, о, мӕлӕт, мӕлӕт ӕлдарӕн!..*
*Кӕн тох, лӕбур, ӕргӕвд, ыссӕнд:*
*Туг у хӕзна зӕххӕн йӕ цъарӕн.*
*Лӕгӕн – мӕсыг ыстджыты цӕнд…*
*Гъеуый – мӕ дин, гъеуый – мӕ хуыцау,*
*Сӕрибармӕ гъеныр – мӕ куывд.*
*Лӕг-нывӕндтӕ дӕр ын, тӕрхъусау,*
*Хӕсдзынӕн – мауал сын уӕд хыгъд!*

Романтикон хъайтары уыцы ӕгъатыр романтикӕ рагӕй фӕстӕмӕ поэты сфӕлдыстад иртасджыты нӕ уадзы иу хъуыдыйыл ӕрлӕууын.

Нафи разы нӕу Мулдары царды философиимӕ: «Мулдар йӕхи сӕрибарыл тохгӕнӕг хоны, фӕлӕ сӕрибарӕй мур дӕр ницы ис йӕ зонд ӕмӕ йӕ тохы формӕйы. Уый у примитивон индивидуализмы цагъайраг. Хъалонисӕг ӕй ехсӕй ныццавта, ӕмӕ йӕм ӕрмӕст уӕд бахъардта социалон цагъардзинады маст, афтӕмӕй хъалондар уыди йӕ фыд дӕр, йӕхӕдӕг дӕр йӕ райгуырдӕй фӕстӕмӕ. Ныр йӕ цӕфмӕ хъуамӕ амара хъалонисӕджы, фӕлӕ йӕ йе 'фсымӕр баиргъӕвта, ӕмӕ йе 'фхӕрӕг удӕгасӕй аирвӕзт... Хуымӕтӕджы рӕстмӕ зонд кӕмӕ уыдаид, уый ӕрдзон реакци уыдаид ӕнӕромантикон экзальтацийӕ: ацы хатт аирвӕзтӕ, фӕлӕ дард нӕ фӕцӕудзынӕ, абонӕй фӕстӕмӕ дӕ фӕдыл зилдзынӕн!..

Мулдар ныллӕууыд, ирон адӕм рагӕй кӕуыл худынц, ахӕм фӕндагыл: кӕмӕндӕр йӕ бӕхыл йӕ бон нӕ цыди ӕмӕ йӕ саргъы надта! Уый дӕр йе 'фсымӕры амардта хъалонисӕджы бӕсты. Ӕмӕ цы зондӕй: хъалонисӕг ӕмӕ йе 'фсымӕры иу тӕрхӕгыл авӕрдта! «Дыууӕ фыдӕй ныр ӕз мӕ кардӕй Сӕ иуы бафснайдтон...».[1]

Нафи куыд адӕймаг ӕмӕ литературӕиртасӕг, афтӕ Мулдарӕн хӕссы йӕ карз тӕрхон: «Мулдар примитивон тугмондаг эгоист у, ӕндӕр ницы. Романтикон индивидуалист, иууыл агрессивондӕр фыд-зондыл хӕст. Кӕддӕр Пушкины кадӕджы ахӕм индивидуалистӕн зӕронд цигайнаг загъта: «Оставь нас, гордый человек... Ты **для себя лишь хочешь воли**!» Мулдарӕн та адӕм рахастой хъодыйы тӕрхон... – стӕй ноджы дарддӕр: – Ахӕм террористон фыд-зонд сӕрибармӕ ницы бар дары»[2].

Нафийы хъуыдыйӕн цӕхгӕр йӕ ныхмӕ у Шамил: «Нӕй сразы уӕвӕн ахӕм хатдзӕгимӕ. Бӕгуыдӕр, лӕг марын ӕвзӕр ӕмӕ тӕригъӕд хъуыддаг у, уӕлдайдӕр та ӕфсымӕры марын. Фӕлӕ аивадон уацмыс тӕрхондон нӕу, фыссӕг та тӕрхонгӕнӕг. Ам факт нӕу сӕйрагдӕр, фӕлӕ, цы 'рцыд,

---

[1] Д ж у с о й т ы  Н а ф и. Нигер. Дзӕуджыхъӕу, 1990, 208–209-ӕм фӕрстӕ.

[2] Уый дӕр уым, 210-ӕм фӕрстӕ

уымæн йæ аххосæгтæ, йæ мотивтæ», — Шамил йæхæдæг романтик у æмæ йæ ныхасыл дæр æмбæлы романтикон уддзæф. Уæддæр йæ дзырд бафидар кæнынæн агуры дæнцæгтæ: «Æфсымæр марыны мотив рагон у, цæуы Библийæ. Каин амардта Авелы æмæ йæ ном сси лæгмар. Фæлæ Байрон, Нигеры уарзон поэт, уыцы хабармæ æркаст æндæр хуызы, Каинæй скодта романтикон хъайтар, бунтарь. Авель Хуыцауæн хæссы тугнывæндтæ, кувы йæ зонгуытыл, æмæ йын Хуыцау йæ куывд исы. Каин у сæрыстыр, туг не суадзы Хуыцауы номыл, æмæ йын уый дæр йæ куывд ницæмæ дары. Каинмæ ахæм ахаст кæсы хæрам, æнæраст хъуыддаг, уыйадыл Хуыцауы фыдæнæн халынмæ хъавы Авелы куывддон. Авель йæ разы слæууы æмæ фæмард вæййы Каины цæфæй. Æнгæс уавæр ис Нигеры поэмæйы дæр.

Нигерæн æмхуызон æнæуынон уыдысты цагъар æмæ æлдар, йæ уæнгæл уыди цагъары психологи. Цагъар куынæ уаид, — уæд нæ уаид æлдар, — афтæ у поэты хъуыды, афтæ у йæ хъайтары зондахаст. Мулдары æфсымæрæн ис цагъары зæрдæ, цагъары психологи; уымæн æгад æмæ æфхæрдæй цæрын зынаргъдæр у кады мæлæтæй, уый æгад кæны адæймаджы ном, уый табу кæны æлдары тыхæн æмæ æлдар уымæн ис, хъалонисæг ныфсхаст æмæ уæндаг уымæн у. Цагъар æмæ æлдар сты дыууæ фыды, дыууæ низы, Мулдар йе 'фсымæры «хъалонисæджы бæсты» нæ мары, уымæн «дыууæ фыды» дæр сафинаг сты, æмæ дзы иу сæфт æрцыд, иннæмæн дæр йæ тæрхон конд у: «Йæ хицау дæр мæнæн мæ ехсæн нæ ацæудзæни, зонут, дард».[1]

Нафийы хъуыды сæйраджы æнцой кæны, ома Нигер æцæг цæхæрцæст фæсивæд хоны, Мулдар кæимæ баиу, уыдоны. Поэт афтæ кæй зæгъы: «Фæдзæхсын æз нæ худгæ хурыл, — Сæрибаргур: кæцы у 'цæг», — уый, дам, Мулдары тыххæй у: «кадæджы адæмæй «мæнг сæрибаргур» схонæн ис æрмæст Мулдарæн. Иннæ «цæхæрцæст фæсивæдмæ» ахæм ном ницы хуызы хауы»,[2] — афтæ у Джусойы-фырты хъуыды.

[1] Гуæздæрты Азæ, Джыккайты Шамил. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1996, 26-æм фарс.

[2] Джусойты Нафи. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990, 211-æм фарс.

О, фæлæ сæ поэт кадæджы райдианы нæ дихтæ кæны æцæг æмæ мæнг Сæрибаргуртыл, стæй уацмысы кæрон бынтон æргом загъдæуы:

*Хæрзфынтæ фенæд, — бон-изæрмæ*
*Хæрзномджын тохы чиу фæллад.*
*Йе чи нæ бахаста йæ сæрмæ*
*Æлдары ехс, æлдары над.*
*Рæсугъд сæм ракæсæд уæлвонгæй*
*Нæ хурзæрин, нæ хуры цæст,*
*Цæмæй сæ фæринк кард сæ цонгæй*
*Йæ кæнон бакæна æххæст!*

Кадæджы комкоммæ Мулдарæй дарддæр никæуыл цæуы дзырд — тох дæр уый кæны, уый «нæ бахаста йæ сæрмæ æлдары ехс, æлдары над», уымæн нæма бакодта йæ фæринк кард йæ кæнон. Мулдар йæхæдæг зæгъы: «Дыууæ фыдæй ныр æз мæ кардæй Сæ иуы бафснайдтон уæддæр...», — фæлæ йæ фæринк кард, йе 'фсымæры кæмæй амары, уыцы кард нырма хъуамæ «йæ кæнон бакæна æххæст». Романтикон хъайтар æй йæхæдæг æргом куы зæгъы: «Йæ хицау дæр мæнæн мæ ехсæн Нæ ацæудзæни, зонут, дард».

Нафи цы рæнхъыты кой кæны: «Фæдзæхсын æз нæ худгæ хурыл, — Сæрибаргур, кæцы у 'цæг», уый сау къухфыст нын ноджы ирддæрæй æвдисы йæ хъуыды: «Фæдзæхсын æз нæ хурзæриныл, Йæ бонтæ чи 'рвиты рыстæй». Ноджы ирддæрæй та æндæр варианты зыны: «Фæдзæхсын æз нæ хурзæриныл, Сæрибаргурæй чиу фæллад».[1] Рыст æмæ фæллад у Мулдар.

Поэты хъуыды бынтон хæццæ кæнынц, уыцы иу хъуыдыйады цы æртæ грамматикон рæдыды ис, уыдон — «фæдзæхсын æз нæ худгæ хурыл, — Сæрибаргур, кæцы у 'цæг: Ныссабыр хъæд...» Дзырд «сæрибаргур»-æн нæдæр йæ размæ хъæуы тире, нæдæр йæ фæстæ æмбæлы къæдзыг æвæрын. «'Цæг»-ы фæстæ дыстъæлф кæцæй февзæрд, уымæн та бамбарæн дæр нæй.

Сæрибаргуры фæстæ цы къæдзыг ис, уый ахæм «сау

[1] Н и г е р. Т. 2, 424-æм фарс.

куыст» кæны, цыма нæ поэт уырыссаг æвзаджы номивæг «который»-ы иу хуыз ирон æвзагмæ раивта: «Я тот, которому внимала Ты в полуночной тишине...»; «Я тот, кого никто не любит...».[1]

Æниу æй ирон æвзагмæ кæнæм тыхласт: «Номивæг у ахæм ныхасы хай, кæцы фæзæгъæм номдары, миногоны кæнæ нымæцоны бæсты»[2].

Фæлæ Нигермæ «кæцы» ахæм тыхарæзт хъуыдыйады нæй, æмæ иу къæдзыг сафы дзырдты нысаниуæг.

Кæй зæгъын æй хъæуы, цыфæнды уавæрты дæр æфсымæры амарын нæ ирон адæммæ æнæрцæугæ хабар у. Фæлæ рох кæнын нæ хъæуы, уыцы æвирхъау сюжет Библийæ кæй цæуы. Нигерæн йæ кадджыты фылдæр хайы бындур фольклор у. Иннæ кадджыты дæр адæмон сфæлдыстады аивтæ цæхæртæ калынц.

Нигер библион сюжеты бындурæй кæй спайда кодта æмæ дзы йæхи афтæ кæй атыдта, цæмæй чиныгкæсæг дыууæ æфсымæры зындгонд трагеди мауал хата, уый поэты стыр курдиатыл дзуры, стæй йын у хъæбатырдзинад.

Æмæ ма ноджы иу хъуыддаг. Мулдар æмæ йе 'фсымæр æрмæст иу туг æмæ стæг не сты, фæлæ сæ поэт йæ кадæджы скодта сæрибар æмæ цагъары символтæ. Кадæджы хъайтар Мулдар йе 'фсымæр æмæ хъалонисæджы ныхмæ куыд у, афтæ Мулдары номæй сæрибар тох кæны цагъар æмæ цагъаргæнæджы ныхмæ. Уыцы конфликты æнгæстæн — иугæйттæн нæ, фæлæ æрвылбон дæр дæсгæйттæн стæм æвдисæн — иракаг патриоттæ цæгъдынц, сæ хотæ æмæ æфсымæртæй АИШ-ы тугмондаг режимы фарс чи у, уыдоны дæр.

Ахæм æгъатыр сюжет кæй равзæрста поэт, уый дзуры, ацы уацмыс куы сфæлдыста, уыцы дуджы-иу поэт йæ зæрдæйы иууыл хуыздæр уагыл кæй нæ уыдис, йæ цардмæ гæсгæ бирæ кæуылдæрты æмæ цæуылдæрты кæй æнæуиуæнк кодта. Стæй æнæбындурæй нæ.

Нæ ныхасæн æвдисæн — æмдзæвгæ «Æнкъард дæн æз...».

---

[1] Лермонтов М. Ю. Соб. соч. в 4-х т. Т. 2, Л., 1980, 390-æм фарс.

[2] Гæбæраты Н. Я. Ирон æвзаг. Цхинвал, 1983, 106-æм фарс.

Уым поэт нымайы ӕнӕуууӕнк дуджы ӕнӕуууӕнк митӕ. Ахӕм зӕрдӕйыуагимӕ адӕймагӕн йӕ хъуыддӕгтыл кӕй нӕ фӕцӕуы йӕ бон фидар хӕцын, уый сусӕггаг нӕу. Уыцы зӕрдӕйыуаг хизы Мулдармӕ дӕр.

Поэты ӕмдзӕвгӕйы лирикон хъайтар зӕгъы:

*Ӕнкъард дӕн ӕз...*
*Тыхст у мӕнӕн мӕ зӕрдӕ...*
*Нӕ уырны мӕн ӕппындӕр ницы, ницы.*
*Хуыцау, зӕгъгӕ, фӕкӕнынц.*
*Зӕронд цыдӕр... Кӕй хъӕуы уый та!*
*Фӕзӕгъынц «уарзон...»*
*Зӕронд Вакхы фӕдон —*
*хӕтӕд йӕхицӕн.*
*Куы мӕ хъӕуа, мыййаг —*
*мӕхӕдӕг ӕм зындзынӕн.*
*Лымӕн... Нӕй, нӕй лымӕн!*
*Фӕлывд, бийын — гъе, уыдон*
*ысты хуыцау зӕххыл.*
*Куы дӕм дзура дӕ фыд,*
*дӕ къухмӕ дын куы дӕтта*
*уый хъазынӕн бӕндӕн, —*
*ма, ма йӕ райс —*
*уый калм у, калм, ӕдылы.*
*Куы дын дара дӕ мад*
*дӕ авдӕны йӕ дзидзи, —*
*ысом ӕй тагъд фӕстӕмӕ —*
*уый марг уадзы дӕ риумӕ.*[1]

Фӕлӕ уыцы фыдтыл нӕ фӕуд кӕны йӕ нымад. Адӕймагӕн йӕ удмӕ иууыл хӕстӕгдӕр чи лӕууы, уыдон ын иууыл тӕссагдӕр кӕй сты, иууыл стырдӕр фыдтӕм ын цыма уыдон фӕхъавынц, афтӕ цӕуы ӕвдыст. Ӕмӕ сӕм бӕстон ӕркӕс, уӕд, Мулдар йе 'фсымӕры, цагъар уӕвыныл разы кӕй у, уый тыххӕй фыдмард куыд акӕны, уый аззайы фӕсте.

Байхъусӕм поэтӕн йӕхимӕ:

[1] Н и г е р. Т. 1, 178-ӕм фарс.

*Куы дæм худа дæ хо,*
*куы дыл узæла искæд, —*
*фæлидз йæ разæй тагъд.*
*Ызнон, йе дысон, зон,*
*уый узæлыд раст афтæ*
*дæ карз фыдгулыл, о!*
*Дæ карз фыдгулæн уый*
*куы кодта пъа æмæ хъæбыстæ.*
*Кæсы дæм уартæ чидæр,*
*фæхоныс де 'фсымæр ды уый,*
*ома, дам, иу пецы*
*ысфыхтыстæм кæддæр.*
*Бецау дæ бон, цæй мæгуыр дæ,*
*уæвгæ дæр!*
*Цыргъ кодта абон кард*
*дæ марынмæ уый дурыл.*

Куыд дарддæр — ноджы фыддæр. Æмæ уæдæ, Мулдар сæрибары сæрвæлтау æфсымæрмарæг кæй ссис Каинау, уым диссагæй ницы ис. Ирон литературæиртасджытæ дæр сæ быцæутæ дарддæр кæндзысты. Стæй искуы раргом вæййы рæстдзинад. Нырма та хурæргом у иу хъуыддаг: ирон поэзиуарзджытæ кадæгыл йæ фыццаг фæзындæй сæмбæлдысты цинимæ. Абоны онг ыл сæ зæрдæтæ никуы сивтой. Дарддæр афтæ кæй уыдзæнис, уый дæр дызæрдыггаг нæу.

Уыцы хъуыддаг дзурæг у кадæджы, ома поэты æнтысы-тыл. Сæрибармæ йæ тырнындзинадыл.

Ахæм стыр æнтыст уыдис æмæ ис Нигерæн йæ дыккаг кадæг «Гыцци»-йæн дæр. Æмæ уый хуымæтæджы нæу. Поэты зæрдæйы ныййарæг мадмæ цы хъарм уарзт уыдис, уый равдыста алыхуызон аивадон фæрæзты фæрцы.

Куыд зонæм, афтæмæй уацмыс конд у дыуу æ хайæ. Фыццаг хайы лирикон хъайтарæн йæхи гыццийы уынæм фыдцарды заманы. Дыккаг хайы автор æвдисы советон дуджы сылгоймаджы уавæр.

Дыууæ дуджы. Социалон æгъдауæй дыууæ хицæн цардæвæрды. Дыууæ фæлтæры хъысмæттæ. Контрастон дугтæ. Контрастон цард. Контрастон характертæ. Фæлæ уæддæр

поэтæн йæ бон бацис уацмыс идейон-эстетикон æгъдауæй бæрзонд сисын. Фыццаг хай, даккагимæ абаргæйæ, аивадон æгъдауæй бирæ рæвдздæр кæй у, уым диссагæй ницы ис. Коцойты Арсен, Беджызаты Чермен, Хъуылаты Созырыхъо, стæй уыцы дуджы фысджытæй бирæтæн се 'цæг курдиат æргом кодта æрмæстдæр зæронд цард æвдисгæйæ. Арсенæн зæронд дуг нымаинаг уыд: «Стыр зонды скъола у ивгъуыд рæстæг – фæкæсын æм-иу хъæуы хаттæй-хатт фæстæмæ».[1]

Уыцы хъуыдыйыл лæуд уыд Нигер дæр:

*Ивгъуыд бонтæ зонын*
*Хос у, хос, æвдадзау –*
*Фидæн бонтæм раздзау*
*Уæд рæвдздæр у цыд.*[2]

(«Терчы цур»)

Æцæгæй та, ивгъуыд дуг æвдисгæйæ, сæхи сæрибарæй кæй хатыдысты: цард, сæ курдиат сæ куыд амыдта, афтæ кæй æвдыстой, уым уыдис се 'цæг æнтыст. Зæронд дуджы адæймаджы уды хъизæмæрттæ æвдисыны тыххæй сæм азым ничи æрхастаид.

Стæй сæйраг, дæ хъайтары хæтæнтæ цы дуджы уой, уый нæу, фæлæ, цы æвдисыс æмæ йæ куыд æвдисыс, уымæ хъæуы кæсын. Дзуццаты Хадзы-Мурат уый тыххæй дзырдта: «Ивгъуыд цардæй Нигер æвдисы ахæм цаутæ, ахæм фæлгонцтæ, абоны чиныгкæсæгæн йæ удыгъæд чи рæсугъд кæны, стыр æмæ бæрзонд идеалтыл æй чи ардауы. Аивады ивгъуыд цард фылдæр хатт абоны цард у, абоны домæнты цæстæй йæм фæкæсы адæймаг».[3]

Стæй – фидæны цард дæр. Уымæн æмæ, фыссæг кæцыфæнды рæстæг æвдисæд, уæддæр æм йæ дуджы цæстæй кæсы.

Нигер иу азмæ, 1935-æм азы, ныффыста дыууæ кадæ-

---

[1] Коцойты Арсен. Уацмыстæ 2 томæй. Т. 1. Дзæуджыхъæу, 1971, 228-æм фарс.

[2] Нигер. Т. 2, 42-æм фарс.

[3] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Ирон поэмæйы историйæ. Кæс: Известия ЮОНИИ, XIV-æм рауагъд. Цхинвал, 1965, 36-æм фарс.

джы – «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман» æмæ «Бадилон симд». Дыууæ уацмысы дæр бацархайдта, ивгъуыд дуджы ирон адæймаг цы социалон уавæры уыдис, уый равдисыныл, æмæ йæ нысан йæ къухы бафтыд. Нæ поэтæн ноджыдæр бантыст иу-цалдæр аив, гуырахстджын уацмысы сфæлдисын, фæлæ ацы куысты мæ сæйраг хæсыл уыдоны нысаниуæгыл дзурын кæй нæ нымайын, уый тыххæй æрмæстдæр банысан кæндзынæн, Нигерæн йæ бон кæй уыдис йе 'рмæг, доны цыдау, нывæндын.

Æмæ сæ нывæндгæ дæр кодта:

*Фæуади рындзмæ*
*Гуыйман цæхæрцæст;*
*Кæсы, 'мæ дагъы*
*Æппындæр ницы.*
*– Сæрæй, нæ зыныц, –*
*Хъасбол та дзуры, –*
*Хæстæгдæр бахиз,*
*Цæй, тагъддæр рындзмæ;*
*Æз дыл хæцдзынæн –*
*Æри дæ фæдджи...*
*Дæлæмæ рындзæй*
*Фæлгæсы дагъмæ,*
*Фæлгæсы дагъмæ*
*Гуыйман цæхæрцæст.*[1]

(«Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»)

Чысыл цæвиттон нæу, æмæ дзы æрмæстдæр иунæг ран æмбæлæм, кавказаг адæмтæм арæх цы хъæбæр зæлтæ ис, уыдонæй иуыл – «хъ»-йыл. Уый дæр – «Хъасбол, мæнгард» лæджы номы.

Поэты аив дзырдтæ, æхсæрдзæны æрттивгæ æртæхтау, къæрцгæнгæ кæй тæхынц, уый сæ кæны æхцонмыр, зæрдæскъæфт, зæлланггæнаг.

Уыцы аив мадзал йæхигъæдæй не 'фтыд йæ къухы, уый тыххæй бирæ аразын, стыр куыст æмбæлд. Йæхæдæг афтæ дзырдта: «Мыртæ иуырдæм дæр æмæ иннæрдæм дæр аха-

---

[1] Н и г е р. Т. 2, 25-æм фарс.

дынц. Зындзурӕн мыртӕ куы скъорд вӕййынц, уӕд уый стыр зиан хӕссы аив уацмысӕн. Уымӕ гӕсгӕ фыссӕг хъуамӕ цырддзастӕй кӕса ацы хъуыддагмӕ ӕмӕ мырты ӕдзӕлгъӕддзинадӕй бахиза йӕ уацмыс».[1]

Ӕмӕ нӕ поэт каст цырддзастӕй, «мырты ӕдзӕлгъӕддзинадӕй» хызта йӕ уацмыстӕ, фӕлӕ-иу ӕй бар-ӕнӕбары йӕ поэтикон дунейӕ бахъуыд йӕхи атонын. Поэт йӕ цард ӕмӕ йӕ курдиаты зынгӕ хай, стӕй бӕрӕг зынгӕ хай, снывонд кодта зонадӕн. Ирон литературӕ, ирон фысджыты тыххӕй Нигер цы хъуыдытӕ, цы ахсджиаг хъуыдытӕ загъта, уыдон дзы ӕрмӕст йӕхи дуджы тыххӕй нӕ рантыстысты, фӕлӕ ӕнӕмӕнг хынцинаг сты махӕн, стӕй фидӕнӕн дӕр. Ирон фысджыты цард ӕмӕ сфӕлдыстадыл дзургӕйӕ Нигеры хъуыдыты иувӕрсты ахизын аив нӕу.

Къостайы тыххӕй дзырдта: «Къоста уыд ӕмӕ ныр дӕр у ирон адӕмы тӕккӕ егъаудӕр поэт. Уый сарӕзта ирон литературон ӕвзаг ӕмӕ быцдур скодта ирон аив литературӕйӕн. Къоста уыд хӕдхӕцӕг паддзахы цыфыддӕр знаг. Къоста уыд мӕгуырты зарӕггӕнӕг»...[2] «Къостайы хуызӕн нырма ирон литературӕйы адӕмон сфӕлдыстадмӕ хӕстӕг ничима бацыд. Къостайы сфӕлдыстады ӕвдыст цӕуы адӕмы ӕцӕг цард: сӕ тухитӕ, сӕ мӕгуыр цард, се 'фхӕрд, паддзахы заманы кӕй ӕвзӕрстой, уый. Къоста дзуры ӕцӕг адӕмы 'взагӕй. Къоста басгӕрста ирон ӕвзаджы ӕвӕрӕнтӕ, йӕхи бакодта ирон ӕвзаджы бирӕ хъӕздыгдзинӕдтӕ. Къоста систа ирон ӕвзаг тынг бӕрзонд.

Къоста уыдис стыр курдиатджын поэт, йӕ хъуыдытӕн ардта аккаг формӕтӕ, йӕ алы дзырд дӕр лӕмӕрста йӕ зӕрдӕйы тугдадзинтӕй».[3]

Цал ӕмӕ цал уацы ныффыста нӕ Хуыцауыхайы тыххӕй ахӕм уарзӕгой, зӕрдӕагайгӕ хъуыдытӕй.

Брытъиаты Елбыздыхъойы тыххӕй зӕгъы: «Къостайы фӕстӕ Елбыздыхъо у ирон аив литературӕйы тӕккӕ курдиатджындӕр минӕвар. Уый схызт драмон аивады тӕккӕ бӕрзонддӕр къӕпхӕнмӕ... – стӕй ноджы дарддӕр: –

---

[1] Н и г е р. Т. 3, 20-ӕм фарс.
[2] Уый дӕр уым, Т. 3, 186-ӕм фарс.
[3] Уый дӕр уым, 193-ӕм фарс.

…Ирон литературæйы Пантеоны Къоста дæр иунæг нал у, йæ фарсмæ ис ирон адæмы ахсджиаг хъæбул – Брытъиаты Елбыздыхъо…

Елбыздыхъо уыд стыр курдиаты хицау, уый æнæкæрон бирæ уарзта йæ бæстæ, уый уыд æнæзæрдæхудт æмæ æнæнцой кусæг йæ адæмæн. Елбыздыхъо æрæвæрдта фидар бындур Иры драматургийæн. Уый сарæзта ирон театр»[1].

Сæ курдиат, се сфæлдыстад, литературæйы сæ нысаниуæг афтæ бæлвырд æвдисы Мамсыраты Темырболат, Гæдиаты Секъа, Коцойты Арсен, Гæдиаты Цомахъ æмæ æндæр фысджытæн. Суанг-иу æвзонг фысджыты сфæлдыстадон фидæныл дзургæйæ дæр никуы рæдыд. Уымæн æвдисæн сты Дзесты Куыдзæг æмæ Хъамбердиаты Мысосты тыххæй йæ уацтæ.

Нигеры уды бирæ цæвиттойнаг, бирæ фæзминаг миниуджытæ уыд, – йе сфæлдыстад та, æрмæст æвзонг адæмæн нæ, хистæртæн дæр æгасæй у зонды скъола, – фæлæ хатыд ахæм стыр бæрндзинад, æмæ цæмæфæнды æрæвнæлдтаид: æмдзæвгæ, кадæг, аргъау, уац, зонадон куыст – йæ алы дзырд, йæ алы хъуыды цыд йæ зæрдæйы тугдадзинтæй. Йæ æвзонгæй куырыхон зондæй хатыд, æрмæст иу фæлтæр, иу æнусы тыххæй кæй нæ рантыст не Скæнæгæй. Цæсгомджынæй фыста, адæмы раз йæхиуыл цы хæс хатыд, уый. Рæстæджы цыдимæ йæ ном бæрзондæй бæрзонддæр уымæн хизы. Æмæ йын уыцы бæрзæндмæ хизæн асины къæпхæнтæй уыдысты йæ аивадон амæлттæ дæр.

* * *

Адæм адæм сты, æмæ сæ зæрдæты цы уарзт фæуылæнтæ кæны, сæ бæллицты цы хæтæнты фæтæхынц, уыдон куырыхон зондимæ куы сиу вæййынц, уæд адæймаджы бон аргъæутты диссæгтæ саразын свæййы. Дуне сæ цæст кæуыл æрæвæрдтой, уыцы алæмæттаг эпос «Нарты кадджытæ» чи сфæлдыста, зæдты кафт «Симд» кæй уды фарнæй райгуырд, гениалон Къоста, Тугъанты Махарбег, Абайты Васойы чи радта, уыцы адæм курдиæттыл æлгъин никуы уыдысты æмæ не сты. Абон сæрыстыр кæмæй стæм, нæ адæм,

[1] Уый дæр уым, 158–159-æм фæрстæ.

нæ Райгуырæн бæстæ æгæрон уарзтæй уарзынмæ нæм чи сиды, царды иууыл рæсугъддæр бæллицтыл нæ кæй сфæлдыстад æфтауы, нæ Ир-бæсты уыцы фысджыты раздзогтæй иу у Нигер.

Цард йæхæдæг куыд хъулæттæ конд у: рухс æмæ талынг, хорз æмæ æвзæр, хæрзæбон æмæ тыхмийы æхсæн æнæаскъуыйгæ тох куыд цæуы, æппынæдзух афтæ уыд Нигерæн дæр йæ цард, стæй йе сфæлдыстад.

Ирон литературæйы бирæ нæй ахæм цæвиттонтæ, фыссæг йæ фыццаг фæлварæнтæй куы ссары чиныгкæсæджы зæрдæ, йе сфæлдыстады раст фæндагыл лæуд куы фæвæййы. Фæлæ уыдоны æхсæн ис Нигер.

Уыимæ æппынæдзух уыд ног хъуыдытæ, ног фæлгонцтæ, æгæрыстæмæй, ног дзырдтæ агурыны фæндагыл. Уый йæ куысты сæйраг æрмæг – дзырдæй куыд пайда кодта, хъуыдыйæдтæ-иу йæхи джиппы куыд ауагъта, се 'мбæхст фæрстæ-иу сын куыд разынын кодта, йе 'рмдзæф куыд никæимæ хæццæ кæны, уый ирон дзырдаивады цæрæнбонтæм уыдзæнис фæзминаг.

Йæхæдæг йæхицæй куыд дзырдта: «Æхсызгон зарджыты тыххæй, Фылдæр цæмæй кæнынц намыс... Æрвыст нæ дæн ныр цардмæ æз» («Æхсызгон зарджыты тыххæй...»), уыйау ма, «æхсызгон зарджытæн» гуырд нæ фæци. Царды бирæ зилдухæнтау, йе сфæлдыстады бирæ хъуыдыты æхсæрдзæнтæ кæнынц цæвæнтæ кæм æргомæй, кæм æмбæхстæй кæнæ символикон хуызы, фæлæ йæ зæрдæмæ иууыл судзагдæр хуызы иста, цы фæлдзæуæн дуджы цардис, уыцы заманы не 'фхæрд, ссæст Ирыстон æмæ хæххон зæхкусæджы тæригъæддаг хъысмæт. Катайгæнгæйæ уымæн дзырдта: «Мæгуыр адæм – мæ мад, мæ фыд».

Зæххы цъарыл хъæбулæй адджындæр ницы ис, æмæ фæллойгæнæг адæм йæ мад, йæ фыд кæмæн вæййынц, уымæн ферохгæнæн никуы ис.

Мад, фыды рæвдыд кодта йæхæдæг дæр суинаг фæлтæры. Аудгæ рæвдаугæ цæстæнгасæй сæм кастис, æууæндын сæ кодта сæ хъаруйыл, цардмæ, аивадмæ сын амыдта фæндæгтæ.

Уый нæ литературæйы æрттивагдæр стъалытæй иу – Хъамбердиаты Мысосты авгау æрхауынæй куыд хызта, карк йæ лæппыны йæ базыры бын куыд дара, афтæ йын хурæй

судзынæй куыд тарст, къæвдайы ныххуылыдзæй, уый бирæ цæвиттонты фаг у. Не 'ппæт дæр афтæ куы уаиккам, уæд, æвæдза, нæ хуымты Фæлвæра галты сæрбосыл хæцæг уаид, Уастырджи – хуымгæнæг, Уацилла – хуымтауæг.

Фæлæ нæ уый алкæй бон нæу.

Нигеры бон уыд.

Йæ хуыздæрты чи нæ рох кæны, уыцы бæстæйы фидæн рæсугъд у, йæ хъæбултæ йæ æрхауын никуы бауадздзысты.

Нæй Ирыстонæн дæр фæцудæн. Уæлдайдæр ын Нигеры хуызæн хъæбултæ куы уа, уæд. Æмæ фидæны рухс цардмæ нæ поэт уыд фæндагамонæг.

Байхъусæм ын уый тыххæй йæхи философон хъуыдымæ:

*Кæс, ис тулдз бæлас дæ цуры,*
*Астæуæй – мæра, хырыз.*
*Ницæмæйуал домы хуры.*
*Уалдзæг нал ивы йæ хуыз.*
*Фæлæ раст йæ тæккæ фарсмæ*
*Ног тала фæзынди – кæс.*
*Уый æнæмæнг азæй-азмæ*
*Тынг рæвдзæй хæсдзæни рæз…*
*Буц мæнæуы нæмыг зæххы*
*Бамбыд, бампылди йæ цъар,*
*Фæлæ хур куы 'ртава рæгъты –*
*Фендзынæ йæ хъусы 'взар…*
*Цæй, цы дын дзурон, цы, бирæ! –*
*Æрдзы ивгæйæ у рад!*
*Цард дæм сиды. Цæй, хур, цъир æй,*
*Базон, бамбар ын йæ ад…*
*Кæд, куыд ахизай къæсæрыл,*
*Уый нæма зоныс, мыййаг,*
*Рацу уæд, мæ хур, мæ фæдыл –*
*Бацамонон дын фæндаг.*[1]

(«Бонтæ бонты фæдыл уайынц...»)

Нигер стыр фыссæг уыдис. Пушкин, Лермонтов, Къоста, Секъайау уый дæр йæ хъус лæмбынæг дардта адæмон

[1] Н и г е р. Т. 1, 222–223-æм фæрстæ.

сфæлдыстадмæ. Нарты кадджытæй поэзийы хуызы цас рацарæзта, ууыл куынæ дзурæм, уæддæр ын адæмон сфæлдыстады сюжеттæй пайда кæнын ссис аивадон амал. Æрмæст дзургæ сфæлдыстады бындурыл кæй ныффыста — «Æфсати», «Лæппуйы зарæг», «Чызджы зарæг», «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау», «Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман», «Æмзораты чысыл Æмзор æмæ Дзлаты саурæсугъд» æмæ æндæрты бæрæгæй зыны, Нигер сын кæй ардта оригиналон хуыз. Адæмон сфæлдыстад ын фадат лæвæрдта йæ уацмысты идейæ æмæ хъайтарты зæрдæйы уаг, удыгъæд æргом кæнынæн, æвзаг хъæздыг æмæ рæсугъд кæнынæн, зæгъæм, хицæн дзырдтæ æмæ фразæтæ фæлхат кæнынæн, синонимтæ фæд-фæдыл дзурынæн, æртæхаттонадæн, хъайтарты реалон-романтикондзинадæн… Стæй йæ хъайтартæ, аргъæутты куыд вæййы, афтæ фылдæр хатт вæййынц æвзонг. Чысыл Гуыйман, æвзонг Науыр, чысыл Æмзор, кæстæр æфсымæр Мулдар…

Уый хуымæтæджы нæ уыд. Æртынæм азты кæрон йæ арвистоны фыста: «Мæнæн амæй фæстæмæ æрмæстдæр иу фæндаг ис: «Адæмон сфæлдыстадмæ!»

Æз цæуын, æвзаджы æппæт дæснытæ цы ’рттивгæ галуантæ сарæзтой, уыдонæй, æмæ мæхицæн аразын халагъуд поэзийы æвидигæ суадоны цур. Уыцы суадонæн йæ ном у: «Адæмон сфæлдыстад».

Поэзийæ дойны кæмæн у, уый мæн бафæзмæд. Фыдæнхъæл нæ фæуыдзæн, чи зоны, мæнмæ та æрæгæй ардæм афтæ кæсы, æмæ лæгæн йæ дойны суадзæн æрмæст уыцы донгуырæн, уыцы суадонæй ис».[1]

Æмæ Нигер æххæст кодта йæ ныхас. Поэзийы йæ дойны уагъта адæмон сфæлдыстадæй. Цы хуызы, уый та хъæуы ноджыдæр фæлгъауын æмæ фæлгъауын.

Уый зæгъын ма мæ фæнды, æмæ Нигер йæ царды фæстаг азты поэзийы сæрибар формæйыл цы уацмыстæ фыста, уыдон кæй сты идейон æмæ аивадон æгъдауæй бæрзонд æмæ æххæст. Банысан кæнын æмбæлы, Нигеры уацмысты бынæттон колорит æвдыст кæй цæуы бæлвырд æмæ растæй. Уый дæр у æрдзурыны аккаг.

---

[1] Н и г е р. Т. 3, 591–592-æм фæрстæ.

# ФÆСНЫХАС

Хох дардмæ хуыздæр зыны. Нигер ирон поэзийы цыфæнды хохæй стырдæр у. Йæ зæххон цард нæ куыд дардæй-дарддæр кæны, афтæ йæхæдæг та нæ цæсты стыræйстырдæрæй зыны. Уый хуымæтæджы нæу. Нигер цы стыр аивады денджызы ленк кодта, уый æнæбын æмæ æгæрон у. Йæ сусæгдзинæдтыл нæдæр зонд æххæссы, нæдæр — цæст. Сæ рафæлгъауын та æнæмæнгхъуыддаг у.

Нигер йæхæдæг цахæм куырыхон адæймаг, стыр поэт æмæ ахуыргонд уыдис, æмæ, Къостайы поэтикæйыл ныхас кæнгæйæ, кæронæй загъта: «Къостайы поэтикон дæсныдзинадыл кæронмæ æрдзурын мæ къухы не 'фты — нæй мæм уыйбæрц хъару. Уымæ гæсгæ кæнын кæрон».[1]

Уыцы дзырдтæ комкоммæ хауынц Нигерæн йæхимæ дæр. Хæхтæ афæлдахынмæ дæр чи æрхъавы, уыцы романтикпоэт æмæ драматург, публицист æмæ ахуыргонд Джыккайты Шамил хуымæтæджы нæ загъта: «Нигеры лирикæ у, Нарты Сослан Мæрдты бæсты цы къуыбылой федта, уыйау: у бирæхуызон, нæй йын кæронмæ райхалæн, æвидигæ сты йæ сусæгдзинæдтæ»[2].

Афтæ æвидигæ у йæ поэтикæ. Фæскъæвда зокъотау дзы иумæ ды кæсыс, иннæ дын «къутæры» хæдбынæй дæхи хъахъхъæны. Суадонау сты уæле æргомгæнгæ, бынæй — ахадгæ. Райдайæн сын ис, фæлæ сæ кæрон нæ зыны. Уыцы «кæрон» агурын ноджы вазыгджындæр кæны, Нигеры фæндаг, æхсаргарды æрцъыккау, иу цæфæй кæй нæ цыд, фæлæ поэт хъарæгæй кæй зарыд, уый. Уæддæр цæрæнбонты æрхы дзыбыр-дзыбыргæнаг доны хуыссынæй иу хатт денджызы знæт уылæнтæм хи баппарын стырдæр амонд у.

Нигер æмæ йе сфæлдыстад æцæг денджыз сты. Уымæн æмæ

[1] Н и г е р. Т. 3, 313-æм фарс.

[2] Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Ныхасы фарн. Дзæуджыхъæу, 1996, 167-æм фарс.

Нигер уыдис æцæг поэт – йæ хъысмæтæй, йе сфæлдыстадæй. Поэт цыхуызæн вæййы, уый тыххæй йæхæдæг афтæ: «Поэт, æппæты фыццагдæр, хъуамæ уа къæрцхъус. Канд хъустæ 'мæ цæстытæй нæ, фæлæ ма хъуамæ зæрдæйы тугдадзинтæй дæр хъуса 'мæ уына поэт. Адæмыл кæд дыгай цæстытæ 'мæ дыгай хъустæ ис, уæд поэт хъуамæ æппæтæй дæр уа цæстытæ 'мæ хъустæ. Кæд адæймаг судзины бын уыны, уæд поэт хъуамæ мæлдзыджы зæрдæйы тугдадзинтæ уына. Адæймаг кæд адæймаджы ныхас хъусы 'мæ 'мбары, уæд поэт хъуамæ хъуса 'мæ 'мбара, адæймагæн йæ ныхбынты тугдадзин куыд цæвы 'мæ цытæ дзуры, уый. Поэт хъуамæ хъуса, уына 'мæ 'мбара адæмы цин, сæ сусæг улæфт, дымгæйы хъаст, йæ тырныхдзинад, сыфтæрты сыф-сыф, суадоны сыр-сыр, дидинæджы базмæлд, æртæхы ферттывд, хуры цин, мæйы мидбылты худт, фароны низтæ, абоны домын, райсомы нывæст»[1].

Нигер йæхæдæг уыдис ахæм поэт. Зынгæ ирон поэт Цæрукъаты Алыксандры хъуыдыимæ æнæсразы нæй: «Нигер – интеллектуалон поэт, философ.

Дыккаг ахæм поэт зын ссарæн у хистæр фæлтæры, уыйау дугты, заманты æрвнæрд æмæ цæхæртæ йæ зæрдæйыл афтæ карзæй кæмæн æруадысты; дугты, заманты уаддымгæтæ ахæм зилахар кæй риуы систой. Æнцонæй нæ хызт аивады бæрзæндтæм. Йæ мидхъуырдухæнтæ, ныхмæлæуддзинæдтæ, къуырцдзæвæнтæ æвзæрдысты, йæхи поэтикон хигъæд хъæлæс агургæйæ. Уымæ гæсгæ йе сфæлдыстад иууылдæр у ног æфцджытæм хизыны хъиамæт, фыдæбон. Ахæм лирикæ – зæрдæйы къуымтæ æддæмæ фæлгъауын, дуне йæ хуылфы куыд нывгонд æрцыд, уый раргом кæнын»[2].

Фæлæ, зæрдæйы къуымтæ æддæмæ фæлгъуыд кæм цыдысты, дуне йæ хуылфы куыд нывгонд æрцыд, уыдон йе сфæлдыстады бындур кæй сты, йæ аивады бирæ сусæгдзинæдтæ æнцонæй раргом кæнын уый тыххæй нæ комынц.

Нигеры поэзи цæргæ-цæрæнбонты йæхимæ бирæ поэзиуарзджыты æмæ куырыхон лæгты зонд здахдзæнис.

Гъе, æмæ, табу Хуыцауæн!

---

[1] Н и г е р. Т. 3, 93–94-æм фæрстæ.

[2] Г у æ з д æ р т ы  А з æ,  Д ж ы к к а й т ы  Ш а м и л. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1996, 35-æм фарс.

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ


1. *Абаев В. Избранные труды.* Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1990.

2. *Авторты коллектив*. Очерк истории осетинской литературы. Дзæуджыхъæу, 1967.

3. *Ардасенов Х*. Нигер. – В кн.: Коллектив авторов. Очерк истории осетинской советской литературы. Дзæуджыхъæу, 1967.

4. *Аристотель*. Сочиненитæ 4 томæй. Т. 4, М., 1984.

5. *Æлборты Хадзы-Умар*. Ирон литературон критикæ 30-æм азты. Дзæуджыхъæу, 1987.

6. *Бестауты Гиуæрги*. Уацмыстæ 3 т. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 2003.

7. Газет «Рæстдзинад». 1997, майрæмкуадзæны мæй, 21-æм бон.

8. Газет «Рæстдзинад». 2000, æртхъирæны мæй, 23-æм бон.

9. Газет «Рæстдзинад», 2003, сусæны мæй, 19-æм бон.

10. *Гаглоев Ф., Джусоев Н.* Писатели Советской Осетии. Сталинир, 1957.

11. *Гæбæраты Н.Я*. Ирон æвзаг. Цхинвал, 1983.

12. *Гæдиаты Секъа*. Равзаргæ уацмыстæ. Цхинвал, 1979.

13. *Гоббс Томас*. Избр. произв. в 2-х т. Т. 2, М., 1964.

14. *Гуæздæрты Азæ, Джыккайты Шамил*. Нигер. Дзæуджыхъæу 1996.

15. *Гулуты Андрей*. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1951.

16. *Джусойты Нафи*. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Цхинвал, 1966.

17. *Джусойты Нафи*. Нигер. Дзæуджыхъæу, 1990.

18. *Джыккайты Шамил*. Ирон литературæйы истори. Дзæуджыхъæу, 2002.

19. *Джыккайты Шамил*. Ныхасы фарн. Дзæуджыхъæу, 1996.

20. *Джыккайты Шамил, Гуæздæрты Азæ, Джыккайты Зæринæ*. Ирон дзырдаивад. Дзæуджыхъæу, 2005.

21. *Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Ирон поэмæйы историйæ. – Известия ЮОНИИ, XIV, 1965.
22. *Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Рæстæг æмæ литературæ. Цхинвал, 1985.
23. Журнал «Фидиуæг», 1934, №8.
24. Журнал «Фидиуæг», 1997, № 11.
25. Зарджытæ, таурæгътæ, æмбисæндтæ. Цхинвал, 1977.
26. *Квятковский А.* Поэтический словарь. М., 1966.
27. *Коцойты Арсен.* Уацмыстæ 2 т. Т. 1, Дзæуджыхъæу, 1971.
28. *Лермонтов М. Ю.* Собр. соч. в 4 т. Т. 2, Л., 1980.
29. *Маяковский Владимир.* Собр. соч. в 12 т. Т. 4, М., 1978.
30. *Маяковский Владимир.* Собр. соч. в 12 т. Т.11, М., 1978.
31. Нарты кадджытæ. Дзæуджыхъæу, 1975.
32. *Нигер.* Æмдзæвгæтæ. Дзæуджыхъæу, 1936.
33. *Нигер.* Уацмысты æххæст æмбырдгонд 3 т. Т. 3. Дзæуджыхъæу, 1966–1968.
34. *Пушкин А.С.* Собр. соч. в 10 т. Т. 2, М., 1974.
35. *Роксалан.* Алдымбыд. Цхинвал, 2000.
36. *Тедеты Р. К.* Осетинская советская поэзия. Цхинвал, 1975.
37. *Тимофеев Л.И.* Основы теории литературы. М., 1976.
38. *Тыбылты Алыксандр.* Уацмыстæ. Цхинвал, 1988.
39. *Фадеев А.А.* Адæмты æфсымæрдзинад. Кæс чиныг: Авторты коллектив. Ирыстоны кад. Сталинир, 1959.
40. *Хетагуров Коста.* Собр. соч. в 3 т. М., 1974.
41. *Хетæгкаты Къоста.* Ирон фæндыр. Дзæуджыхъæу, 2002.
42. *Ходы Камал.* Мыртæ. Дзæуджыхъæу, 1992.
43. *Хъодзаты Æхсар.* Рухс. Дзæуджыхъæу, 1987.
44. *Шкловский Виктор.* Собр. соч. в 3-х т. Т. 3, М., 1974.
45. *Шолохов М.* Сокровищница народной мудрости. В кн.: Пословицы русского народа в 2-х т. Т. 1, М., 1984.

# *Ир æмæ ироны кадæг*

*Гафезы цард æмæ сфæлдыстад*

## РАЗНЫХАС

Фæстаг цæфæй фыццаг цæф фæкæнын зындæр вæййы. Гафезы хуызæн стыр фысджытæ, цæст кæуыл нæ феххæссы, ахæм адæммæ дæр ракæл-ракæл нæ фæкæнынц. Æз бирæ фысджытæ федтон æмæ зонын, фæлæ мах хуызæн бæрц адæмтæн Гафезы хуызæн фысджытæ æмæ адæймæгтæ къухы уырзтыл хæссинаг вæййынц сæ удæгасæй дæр... Мардæн та Ирыстоны алы хатт дæр уыдис æмæ ис кад. Кæд марды уыцы кад бынтондæр ницæмæнуал фæхъæуы, уæддæр.

Гафез йæ удæгасæй, стæй физикон æгъдауæй йæ амæлæты фæстæ дæр кадгæнæг лæг у. Уымæй дæр, цахæм кадгæнæг! Стæй кæмæн кад кодта æмæ кæны!

Цы адæмы зыдтон æмæ зонын, уыдонæй стырдæр лæгтæ, аивады зынгæ кусджытæ, нæ Фыдыбæстæйы æнувыд патриоттæ куыннæ уыдис æмæ ис, фæлæ Гафез куыд уарзта Ирыстон, йæ алы къахдзæф, йæ алы дзырд, йæ алы сулæфт дæр уый фарнæн, уый сæрвæлтау, уый дидинрафтыды тыххæй куыд уыдысты, афтæ никæй. Бакæс æм, цыма дзы хуры тынтæ иннæрдæм хызтысты. Дон-иу куы нозта, уæддæр, йæ хъуыры хъæлхъæлгæнгæ куыд згъордта, уый æддæмæ зынд. Бæрзонд, фæлæ – æлвæст буар, зæххыл цыма нызæвгæ дæр нæ кодта. Афтæмæй, йæхæдæг куыд загъта: «Мæ уарзон Ир мæ цæсты раз вæййы, Æмæ мын уый цахæмдæр ног тых ратты, – Антейау мын уæд нал вæййы мæлæт!».

Æцæгдæр, уыцы къæсхуыр буары Антейы удæй хъæбатырдæр уд уыдис. Антейæн æрмæстдæр кæд, зæххыл куы лæууыдаид, афтæмæй нæ ардта тыхгæнæг тых, уæд Гафезæн та йæ адæм, йæ Фыдыбæстæ æмæ рæстаг уды уарзт афтæ арф æвæрд уыдысты йæ риуы, æмæ сын скъахæн нæ уыдис – уыдон уарзтæй уыдис æппынæдзух тыхджын æмæ

æппæтхъом. Уыцы æгæрон уарзты фæрцы æфтыдис иу æнтыст иннæйы фæстæ йæ къухы.

Дурыл дур æрæвæрын, мæры тауинаг ныппарын, номы тырысайыл уæлæмæ схæцын алы хатт дæр хъæбатырдзинадыл нымад уыдысты, фæлæ уыдонæй ахсджиагдæр у — Фыдыбæстæм, адæммæ, рæстдзинадмæ адæмы зæрдæты уарзондзинады æвæджииауы арт ссудзын. Уыцы хъуыддаг æрмæстдæр иу стæм хуыцауыysконд адæймæгты къухы бафты. Адæймагмæ не Скæнæджы комытæф куынæ хæццæ кæна, уæд ахæм æнтыст тыхмитæй никæйма къухы бафтыд æмæ бафтдзæнис.

Гафезæн Хуыцауæй лæвæрд уыд.

Хуыцауæй лæвæрд æмæ — Хуыцауы бархъомысæй æххæстгæнгæ.

Адæймагæн Хуыцау хорзæй цы радта, уый, цы зæххыл æй рафæлдыста, ууыл æй парахатæй куы тауа, уæд ыл цæстæвæрджытæ уыдзæнис, йæ амынд фæндагыл чи ацæуа, ахæмтæ разындзæнис. Æмæ нæ литературæйы историмæ куы ’ркæсæм, уæд дзы иунæг фыссæджы фæстæ дæр, Гафезы фæдыл цас литературон фæсивæд цыди, йæ Фыдыбæстæйы, йæ раттæг адæмы уарзыныл уыйау йæхи чи ахуыр кодта, уыйбæрц иуы фæдыл дæр нæ уынæм.

Зынгæ ирон фыссæг æмæ литературæиртасæг Джусойты Нафи хуымæтæджы нæ загъта: «...æвзонг литератор цы ’хсæнад æмæ цы аивады атмосферæмæ бахауа йæ фæндаджы райдианы, уымæн стыр нысаниуæг ис. Уый йын кæм ифтонджы сæр разыны, кæм та къуылымпыйы хос.

Советон ирон фысджыты фыццаг фæлтæрæй Цомахъы куыстхъомæй чи æрæййæфта, уыдон дзы цæрæнбонтæм бузныг сты æмæ йæ хонынц сæ ахуыргæнæг. Фæстæдæры литературон фæлтæр ахæм бузныг сты Нигерæй дæр.

Фæсхæст Хуссар Ирыстоны цы литературон фæлтæр рахъомыл, уыдон та бузныг сты Гафезæй, йе сфæлдыстады ахъазгæнæг цæвиттон æмæ йæ лæгæй-лæгмæ æххуысæй. «Нæ ахуыргæнæг», канд мæхи тыххæй нæ зæгъын, фæлæ ме ’мбæлттæ æмæ мæнæй кæстæр литераторты номæй»[1].

---

[1] Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Цхинвал, 1966, 261—262-æм фæрстæ.

Фæлæ, уыцы хъуыды загъд куы æрцыдис, уый фæстæ Гафез æрмæст Ирыстоны хуссар хайы фысджытæн нæ, фæлæ цæгат хайы фысджытæй дæр бирæтæн ссис литературон фæндагыл цæвиттойнаг æмæ разамонæг. Адæймаг æй йæхæдæг дæр нæ фæхаты, йæ разæй тыриса хæсгæ куы фены, уæд йæ фæдыл куыд фæраст вæййы, уый.

Хъыгагæн, Гафезæн йæхицæн нæ уыдис йæхи хуызæн ахуыргæнæг. 1937-æм азы Ирыстоны фысджыты иууылдæр (уæлдайдæр, хуссар хайы) æд уидæгтæ куы сластой сæ раттæг зæххæй нæ адæмы знæгтæ, уæд нæм иу ахæм литератор нал баззад, аив дзырды ад кæй зæрдæйы хъустæ æнкъардтой, йæ тыбар-тыбур ын кæй зонды цæст ахста, рæзгæ фæлтæрæн æй чи банкъарын кодтаид. Алчидæр æй йæхæдæг агуырдта. Аивады сусæг фæзилæнтæ зонды цæстæй уынгæ сты, æмæ сын сæ дæгъæл искæй къухы куынæ фенай, уæд гуыдыры дæгъæлы хуызæн нæу æмæ йæ æнцонæй нæ рахатдзынæ. Уæддæр Гафезы къухы бафтыд. Æмæ йæ нæ хæлæг кодта йе 'мсисонтæн, уæлдайдæр, рæзгæ фæлтæрæн.

Йæ цард, йе 'мбæстагон удыгъæд æмæ нын йе сфæлдыстадæй, уæд дæр æмæ ныр дæр, уый тыххæй уыдис æмæ у цæвиттойнаг.

Æниу, йе 'мрæстæгонтæ æмæ, XX-æм æнусы фæстаг цыппæрæм хайæ фæстæмæ цы фæлтæртæ ис æмæ уыдзæн, уыдон иууылдæр Гафезы аивтæй цух сты æмæ уыдзысты, уымæн æмæ абон дæр, хъыгагæн, Гафезы сфæлдыстадимæ зонгæ не сты.

Ныртæккæ бирæтæн сæ царды сæйраг идейæ сæ дзыппытæ æмæ сæ уæцъæфтæ байдзаг кæнын куы ссис, уæд уыдонæн чиныг хъазæн хъулæй уæлдай нал у. Цытæ мыхуыр кæнынц се 'нæрхъуыдыдзинад фæстагæттæн ныууадзыны тыххæй, уымæн сæхæдæг дæр ницы зонынц. Фæлæ советон дуджы чиныг зонды куырдадз куы уыдис, йæ рауадзыны тыххæй паддзахад æппæтдæр куы арæзта, уæд, уыцы æнусон хъуыддаг кæмæ хаудта, уыдон ацыдысты сæ галиу зонды фæдыл – сæ лымæнтæ, æмфынгонтæн томтæ фæуагътой. Нæ классиктæ фылдæр рохуаты уыдысты.

Гафез та... Афтæ нæ зæгъын, чингуытæ нæ уагъта, фæлæ фысгæ дæр бирæ кодта, æмæ абон дæр йе сфæлдыстадимæ æххæстæй зонгæ нæма стæм, мæгуыр нæ бон...

Йæ царды фæстаг æртæ азы йæ æгъатыр низ сынтæгмæ кæд ныббаста, уæддæр ын æхсæв æмæ бон нæ уыдис, йæ зонды рухсæй нæ мæгуыр ирон адæмæн æнæрулæфгæйæ фыста поэтикон, прозæйы æмæ драмон уацмыстæ. Йæ раздæры бынтау сæ æвæрдта томгай. Фæлæ стырзæрдæ адæм стæм. Нæ мыхуыры фæрæзты никуы бандæвтой æмæ æндавынц. Нæма фæхæццæ сты чиныгкæсæгмæ.

Нæ фæстæ цы фæлтæртæ цæуы, уыдонмæ дæр нæ хæлæг кæнын. Цæмæннæ, уый уынгæгзæрдæ æмæ цæссыгдзастæй Джусойты Нафи мæнæй раздæр загъта Гафезы табæты уæлхъус: «Уырны мæ, фидæны фæлтæртæ йын махæй, чи зоны, бæрзонддæр аргъ кæной, фæлæ мæ нæ уырны, уыдон æй абоны æмгæрттæй æмæ хæлæрттæй фылдæр уарзой, уый. Уыдон никуы фендзысты Гафезæн йæ аив уæнгты айст ирон хъазты, ирон симды æмæ хонгæ кафты.

Уыдон никуы фехъусдзысты йæ зарæджы цъæхснаг хъæлæс ирон фынджы уæлхъус, нæдæр йæ узæлæн дзыхы дзырд; нæ сæ рæвдаудзæн йæ мыдгъуыз цæстыты фæлмæн рухс, нæ зондзысты йæ диссаджы æмгаруарзондзинад... Æрмæст уыцы хæрзиуджытæ зонæм мах, Гафезы нырыккон хæлæрттæ. Зонæм сæ æмæ сæ никуы ферох кæндзыстæм, йæ лирикæйы уæздан æнкъарæнтау, баззайдзысты немæ, нæ зæрдæты!..»[1].

Фыссæгæн йæ удыгъæд, йæ цард æмæ сфæлдыстад сæ кæрæдзийы мидæг каубыдæй æнгомдæр вæййынц. Дзурын дæр сыл иумæ хъæуы. Нæ фысджытæн, хъыгагæн, сæ цард дæр рæстмæ нæ фæзонæм, се сфæлдыстад дæр. Сæхæдæг дæр уый тыххæй ницы уадиссаг ныхас ныууадзынц официалон хус зонæнтæй дарддæр.

Æмæ, ай-гъай, уыйфæстæйы зæрдаив ныхас, — афтæ уыдаид, уфтæ уыдаид, — адæймагæн йæхи дæр нæ фæуырны. Стæй хъæугæ дæр кæны?..

Кæд зонадон уацмысмæ аивадон уацмысы цæстæй кæсын нæ хъæуы, уæддæр нæ фæфæнды нæ фантази кусын кæнын, куыд хъуамæ уыдаид æмæ цы хъуамæ уыдаид, уыдон сæцæг кæнын.

Ахæм хъуыдытæн аивадон уацмысты уæддæр бынат

---

[1] Газет «Хурзæрин», 2003, №92.

вæййы, фæлæ нæ къух нæ тасы уыдонмæ дæр. Дзадтиаты Тотырбег мæрдтæй сыгъзæрин талатæ суадзæд, иунæг уымæн бантыст нæ хуыздæртæй иуыл, уымæй дæр, æппæты хуыздæрыл — Къостайыл гуырахстджын уацмыс, роман «Хæххон стъалы» сфæлдисын.

Йæ рæстæджы фыссæг, журналист æмæ Къостайы сфæлдыстад æрбæстон кæныныл стыр куыст бакæнæг Дзасохты Гиго раст загъта: «По отношению к покойному поэту свой долг пока исполнила лишь его сестра — Ольга Левановна. В последние трудные минуты жизни Коста, больной, был всецело на ее попечении и она с честъю исполнила все обязанности сестры перед дорогим всей Осетии человеком»[1] (ныры́ккон уырыссаг æвзагыл æй рацарæзтон æз — *Хъ.М.*).

Дзадтиаты Тотырбег дæр ын бафыста йæ лæггæдтæ. Фæлæ уый нæ хæстæ не ’мбæрзы. Афтæмæй, зæгъæн ис, нæ аивады кусджытæй се ’ппæты раз дæр нырма стæм хæсджын.

Гафезы сфæлдыстад æххæстæй рухс куы фена, уæд ыл куыннæ фæуыдзæнис дзурджытæ, фæлæ, куыд акæнынц: «Къодах фыццаг цæфæй бæрæг у», — нæ кады лæг куыд адæймаг æмæ фыссæг, афтæ раджы ныррухс кодта нæ мæгуыр адæмы зæрдæтæ, æмæ йæм, удæгас куы уыдис, уæд æнæмæнг æмбæлд хъус лæмбынæг æрдарын. Йæхимæ дæр, йæ алывæрсыг сфæлдыстадмæ дæр. Нæ нын бантыст. Удæгас адæймагæн, Хуыцауы хъæбул куы феста, уæддæр кад кæнын нæ зонæм. Йæ амæлæтæй ссæдз азæй фылдæр рацыд, фæлæ йын йæ лæггæдтæ нæма бафыстам. Бæргæ, рухс ныхас Хуыцау куы зæгъид, фæлæ бацархайдзынæн, мæ къух мæ куыд самона, афтæ йын йæ цард æмæ йе сфæлдыстадмæ рухсы мынæг таг уæддæр ныддарыныл.

«Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы» (Къоста), — чи зоны, дзæнæты цъæх нæууыл ын кæд Аза-бæласы дидин нæ басгуыха, уæд дзы ногæфтыд æхсынцъыйы дидинæджы ад уæддæр банкъара. Уæд амондджын уаин! Фæлæ, кæд арвæй стъалытæ скъæфын хорз, тынг хорз хъуыддаг у, уæддæр алкæй къухы не ’фты. Ахæм рæстæджы, стъалы чи раскъæфа, уый бацырд кæнын дæр лæджыгъæд у.

Фенæм. Бон цæуы æмæ фарн йемæ хæссы.

---

[1] Коста Хетагуров. Сборник произведений. Ростов-на-Дону, 1909, 164-æм фарс.

### Фыццаг ныхас

## ГАФЕЗЫ ЦАРДЫ ТЫХХÆЙ

«Лæппухъæбыс фæу», – зæгъы ирон æмбисонд. Æмæ, æцæгдæр, Хуыцау кæуыл ауды, адæмы хъæр кæмæ хæццæ кæны, уый æрмæст йæхи, йæ бинонты тыххæй кæй нæ рантысы цардмæ, уыдæттæ куыннæ фæзоны. Стæй сæ æххæст дæр фæкæны. Нæ Иры зæххыл кæд исчи ирон адæмы фарнæн райгуырдис, нæ кад, нæ намысыл нын уæлдæр схæцыд, нæ сæрыстырдзинады æнкъарæнтæ нын хъал кодта, уæд уыдоны хуыздæртæм хауы поэт æмæ прозаик, драматург æмæ литературæиртасæг, публицист æмæ æхсæнадон архайæг Гафез.

Гафез (Гаглойты Федыр Захары фырт. Йæ фæсномыг арæзт у йæ мыггаг, йæ ном æмæ йæ фыды номæй: Га–Гаглойты, Фе–Федыр, З–Захар=Га+фе+з=Гафез) райгуырдис йæ Фыдыбæстæй дæрддзæг – Азербайджаны зæххыл Бакуйы сахары 1913-æм азы рухæны мæйы 11-æм бон службæгæнæджы бинонты æхсæн.

Ирон адæм рагæй фæстæмæ сæ цыбыркъухæй дунейы алы кæрæтты хуыздæр цард ссарынæнхъæл сæхи раппарбаппар кæнынц. Цуанон цы ком нæ басгары, уый сырдджын куыд æнхъæлы, мах дæр афтæ стæм, фæлæ нын иу сенæй сен нæй. Захар дæр æцæгæлон зæххыл хуыздæр цардæнхъæл балæууыд. Фыдæбон кодта нефткуыстгæнæнты кусæгæй. Йе 'мкъай Машо та хæдзары куыстытыл уыд. 1918-æм азы Октябры революци уæрæхæй-уæрæхдæр куы кодта, уæд уыдон дæр æрбаздæхтысты сæ Фыдыбæстæм – Дзауы район Уанелы хъæумæ. Уынгæджы бон сырдмæ дæр йæхи хуыкком æдасдæр кæсы, адæймаг та адæймаг у. Фæлæ мæгуыр лæгыл дур хæрдмæ тулы. Гаглойты бинонтæн сæ фыдæлты зæхмæ се 'рбалыгъд тæдзынæгæй цыхцырæгмæ цæуæгау фæци. 1920-æм азы лыгъды рæстæджы

Салыгæрдæны тифæй амард фидæны фыссæджы мад. Уыцы аз нæ фыдбоны сыхæгтæ Ирыстоны хуссар хайæн геноцид куы расидтысты, туджы леуахитæ æмæ йæ зынджы хай куы бакодтой, уæд ныддæрæн ластой Захары мæгуыр хæдзар дæр. Федыр аззад йæ фыдимæ уæзæджы къæйыл. Уыцы тыхст, уырыд дуджы цы хъуамæ кодтаиккой. Астаздзыд сидзæр лæппу 1921—1929-æм азмæ цыдис æххуырст фыййауæй. Растдæр зæгъгæйæ — искæйонæй. Поэт фæстæдæр уыцы рæстæг йе 'мдзæвгæ «50 азы»-йы куыд мысы, уый кæсгæйæ адæймаджы зæрдæйы тугтæ ныттæдзынц. Сидзæр уæвгæйæ тухитæй хызт кæй нæ уыд, бæгънæг, бæгъæввадæй кæй цыд, зымæг-иу æй кæд «къуркъа кодта хъызт», сæрд ын-иу хур кæй арыдта йæ фыдтæ, йæ къæхты къæдзæхты дуртæ кæй ныхстысты, ууыл-иу нæ тыхст, уый тыххæй-иу нæ уыдис æрхæндæг.

Адæймагæн йæ алыварс йæхи хуызæттæ бирæ куы вæййы, уæд йæхиуыл нал фæхъуыды кæны, афтæ йæм фæкæсы, цыма уый царды гакк у. Нæй дзы хи атонæн, фæлидзæн. Уый тыххæй фæбыхсынц милуангай цагъартæ сæ кæуинаггаджы ныхыфыст. Уый тыххæй фæлæгæрдынц æнæхъæн æфсæдтæ сæ кæрæдзийы хынцмæ мæлæты размæ.

Уый тыххæй ницæмæ дардта æнахъом Федыр йæ тухитæ.

Фæлæ, хъыгагæн, алцæмæн нæй быхсæн. Куы быхсай, уæддæр адæймаджы уд фæвæййы æрдæг. Йæхæдæг дæр æй нæ фæхаты, афтæмæй, къулыл хуыртæ æппарæгау, фезгъæлынц йæ царды бонтæ. Ноджы уыцы адæймаг рæзгæ уд куы вæййы, уæд та — фыддæр.

Уыцы фыдбойнаг, сыгъд æмæ уырыд дуджы Гафез иунæг нæ уыдис. Ахæмтæ дæсгæйттæ, сæдæгæйттæ нæ уыдысты, — минтæ, милуантæм хæццæ кодтой. Уыдæттæ, йæ алыварс кæсгæйæ, хатыд фидæны фысæг. Æмæ быхста. Цынæ быхсгæ йын уыд. Æнахъом сидзæрæн йæ тыхсты сæр æндæр уыдис:

*Æрмæст-иу мын æххормагæй уыд зын, —*
*Цы йæ 'мбæхсон, нæ фæрæзтон ыстонгæн.*
*Кæйдæр мад-иу йæ сабитæм куы зылд,*
*Куы сæ уыдтон кæрдзыны был ыстонгæ,*

*Уæд-иу... уæд-иу... куыд æй зæгъон, цы хуызы?*
*Фырмондагæй мæ ахсæн кодта хъыдзы...*
*Зын у, – фыййау гуыбыны хæлцыл цу!..*
*Æз фондз азы кæйдæр фосмæ фæзылдтæн.*
*Нæ зонын æз, цæмæй нæ уыдтæн цух,*
*Нæ зонын æз, куыд радзурон мæ зынтæ?*

Нæй ахæм зынтæн кæронмæ фæдзурæн. Уæлдайдæр сын нæй кæронмæ ныффыссæн. Уд цы зынтæ хаты, уыдон иууыл æвзагæн амонын, армæй ныв кæнын нæ комынц. Фæлæ «æнæ мадæй, æнæ рæвдыдæй» цæргæйæ дæр «цæстмæдарæн къæбæр адджынæн» хæргæйæ дæр, фидæны фыссæг тырныдта ахуырмæ, цамæдæр гæсгæ йæ уæддæр уырныдта, кæй фæзындзæнис цыдæр хæрзиуæг.

Адæймаг ныфсæй цæры. Ныфс дæм ис, уæд цыфæнды фыддзинад ныббырсын дæр бауыдзæнис дæ бон. Æмæ æвзонг, сидзæр лæппу йæ уд хъардта йæ зынтæ абырсыны тыххæй.

*Ыстонг. Бæгъæмвад. Цъитийыл цыдтæн...*
*Мæ къæхты цыма сындзытæ ныхстысты.*
*Бырыдтæн. Хаудтæн. Къæдзæхæй тылдтæн...*
*Мæ разы зæххыл базыртæ хылдысты.*

*Уый цæргæс арвыл кодта ме 'мдзу, тахт,*
*Цæмæй мæ искуы аива йæ сихор.*

(«8-æм июнь»)

Поэт йæхæдæг дæр, йæ лирикон хъайтарау, ахæм дудгæбæттæ æрвыста. Стæй æрмæст дугивæны нæ. Цыма йæ фыдæбон йемæ райгуырд, цыма йын уымæй йæхи атонæн нæ уыдис, йæ амæлæты бонмæ йын æнæмæнг уымæ цæргæ уыд, афтæ фæкæсы адæймагмæ. Æмæ уый, автор-лирикон хъайтарау, алы иронæн дæр сæйраджы-сæйраг цыдис Мидхæстæй, – нæ фыдбоны сыхæгтæ нын абонау 1920-æм азы цы сусæг геноцид расидтысты, уырдыгæй:

*Уæлладжыры ком фестади уæлмæрд,*
*Нæ хæдзарвæндаг бабын и, нывæстаг.*
*Нæ фæдæн хæстæн уæд, цæмæндæр, хæрд –*
*Зæронд арсау мæ холыйæн ныуæрста.*

*Цæмæй мæ абон фервæза бынтон –*
*Нæуæг, фыддæр хæст. Уыцы хæс мæ ма дом:*
*Цахæмфæнды мыл ма скæна зындон,*
*Дæ фыдæнæн мыл къух нæ сисдзæн амонд.*

*О, 8-æм июнь, туджы зæйтæй хаст,*
*Ирон лæджы сæрибар дзырды фидыц!*
*Мæ сонтæй мыл цы сæуæхсид ыскаст,*
*Æз уымæн ныр йæ хъармы хæстæ фидын.*

Уыцы «хъармы хæстæ фидын»-ы хъуыды йæ зæрдæйы ныххауд йæ сабибонтæй. Цæмæй йæ бæллиц йæ къухы бафтыдаид, уый тыххæй йæ хъуыдыйы скарста фидарæй – «фидæн чиныджы къухы ис». Æвзонг лæппу йæ алыварс цардмæ цырддзастæй каст æмæ уыдта, æнахуыргонд адæймагæн йæ зæрдæйы фæндтæм гæсгæ кæй не сты йæ авналæнтæ. Цас бæрзонддæр лæууай, уыйбæрц дæ адæм, дæ Фыдыбæстæйæн дæ бон фылдæр хæрзты бацæуын бауыдзæнис.

Æмæ сæрд фыййау цыдис, зымæджы та-иу сæ хъæуы райдиан скъолайы ахуыр кодта. Афтæмæй йæ каст фæцис æмæ ахуыр кæнынмæ бацыдис Сталиниры педагогон ахуыргæнæндоны цæттæгæнæн курсытæм, стæй та – ахуыргæнæндонмæ.

Царды тухитæ, сидзæры къæбæр бавзарæг æвзонг лæппу зыдта йæ бон æмæ йæ уд радта ахуырмæ. Цас фадæттæ йын уыдис, фæлæ рæстæг дзæгъæлы нæ сæфта. Йæ зæрдæргъæвдмæ йын кастысты, æмæ, 1935-æм азы ахуыргæнæндон каст куы фæцис, уæд æй арвыстой Ленингоры районы Орцъосаны хъæуы æнæххæст астæуккаг скъоламæ директорæй. Уым фæкуыста 1938-æм азмæ. Уыцы азты æвзонг поэтæн йæ уацмыстæ разæнгардæй цыдысты периодикон мыхуыры. Уæд троцкизм дæрæн кæныны æфсон Ирыстоны æддагон æмæ мидæггагон знæгтæ ирон фысджыты банай кодтой, стæй куы акастысты æмæ, мыхуыры кусæг куынæуал уыдис, уæд сын сæ бынæттæм кæнын бахъуыд æзонг, æвæлтæрд фæсивæды.

Гафезы Орцъосаны æнæххæст астæуккаг скъолайæ ракодтой газет «Коммунист»-ы («Хурзæрин»-ы) редакцимæ литературæйы хайады сæргълæууæгæй.

Æвзонг поэт йе ’ргом аздæхта литературæмæ. Йæ хъару йæ куыд амыдта, афтæ æрæвнæлдта аивадон уацмыстæ фæлдисынмæ. Фæлæ уыцы хъуыддаджы чи сфыхт, йæ рахæцæнтæ йын чи зыдта, стæй йын, гуылфгуылфгæнаг хуыдымау, æнæрынцой царды дæр йæхицæй хуыздæр фæндаг чи ацамыдтаид, йæ фарсмæ иу ахæм хистæр нал уыд.

Ахæм рæстæджы зын, тынг зын у æнæкъуылымпыйæ аивады фæндагыл цæуын. Уæддæр æвзонг лæппу æппынæдзух тырныдта размæ. Бирæ хæттыты-иу сбон кодта чингуытæ кæсгæйæ, дзырдты аивдæрты æвзаргæ æмæ халгæнгæйæ.

Уымæй уарзондæр ын куыст бæргæ нæ уыдис, фæлæ йæ æнæкъуылымпыйæ кодтаид, дуг ын уый фадат нæ радта — 1941 азы Дыккаг дунеон хæсты цæхæр ракалд Советон Цæдисмæ. Адæймаджы ном бæрзонд чи æвæрдта æмæ йæ сæрыстырæй чи хаста, уыдонмæ Фыдыбæстæ сидтис, цæмæй худинаг ма ’рхастаиккой сæ сæрмæ, бахъахъхъæдтаиккой сæхи дæр æмæ сæ раттæг адæмы дæр.

Федыры уыцы аз августы мæйы акодтой Сырх Æфсады рæнхъытæм. Уыцы аз фæзиан йæ фыд дæр. Йæ уарзон хъæбулы мысгæйæ systa йæ уд.

Журналист æмæ йæм поэты дæсныйад кæй уыд (1940-æм азы мыхуыр æрцыд йæ поэзийы чиныг «Фæндыры зæлтæ»), уый тыххæй йæ баурæдтой дивизион газеты инструкторæй. Фæстæдæр уыд Хъырымы 12-æм сæрмагонд бригадæйы батальоны политкъухдариуæггæнæг æмæ комиссар.

Бирæ удхæрттæ федта уæззау хæсты быдыры. Бирæ хæттыты фемдзаст æхсарджын лæппу æгъатыр мæлæты цæстытæм, фæлæ та-иу дзы йæхи атыдта. Йæ ирон удыгъæд ын нæ лæвæрдта лæмæгъ уæвыны бар. Хæсты фæстæ йæ публицистон чиныг «Хæстон намысы фæндæгтæ»-йы удуæлдай ирон хъæбатыр лæппу Дзотты Лавзæры тыххæй газет «Комсомольская правда»-йæ (1942 азы рухæны мæйы 11 бон) сæрыстырæй хуымæтæджы не ’рхаста цитатæ. Иу ран дзы кæсæм: «Ирыстоны цытджын поэт Хетæгкаты Къоста фыста: «Лучше умереть народом свободным, чем кровавым потом рабами деспоту служитъ». Уый æхсарджын хæххон адæммæ сиды, «æхсардзинад æмæ топпыхос бацæттæ кæнут», зæгъгæ. Æмæ ныртæккæ ахъаззаг хæстыты

сахат куы ралæууыд, уæд хъайтар ирæттæ дунейæн равдыстой, сæ хъæбатырдзинады сæраппонд уыдоны бон кæй у диссаджы æхсарджын хъуыддæгтæ æххæст кæнын. Ирон адæм сæ цыппар фырты бакодтой, мæлæт кæмæн нæй, уыдоны лагермæ, Советон Цæдисы хъæбатырты рæнхъытæм: Милдзыхы фырт, Карсаны фырт, Цоколайы фырт, Остъайы фырт зындгонд сты æппæт фронтты. Бирæ æмæ бирæ ирæттæн се сгуыхтдзинæдты тыххæй лæвæрд æрцыд ордентæ. Æмæ хæдæфсарм лейтенант Дзоты-фырт йæ ныстуанæй, зæрдæмæ арф чи хъары, уыцы ныстуанæй равдыста канд йæхи хъуыдытæ нæ, фæлæ йæ æхсарджын æппæт æрыгон фæлтæры хъуыдытæ дæр»[1].

Уыдон Гафезæн æрмæст æппæлæн ныхæстæ нæ уыдысты, фæлæ царды нысан, стæй царды скъола дæр: «Райгуырæн бæстæйы амондæн 1919 азы сæ цард чи радта, уыцы 17.000 хъæбатыры ингæны уæлхъус Цæгат Кавказы æппæт адæмты æрвыст лæгтæ цы ард бахордтой, уый зæлланг нæма банцад хæстыты быдырты сæрмæ: «Хур ма ракæсæд нæ сæрмæ, рухс ма фенæм, нæ сæртæ худинаг фæуæнт, мах æлгъыстаг немыцаджы Кавказмæ куы 'рбауадзæм, уæд». — Уыцы ардбахæрд æнувыдæй æххæст кæнынц Кавказы сæрыстыр фырттæ. Алы ран дæр, райгуырæн бæстæ уыдоны кæмдæриддæр æвæры, уым уыдон тох кæнынц æдæрсгæйæ, фидарæй, æхсарджынæй. Дзоты-фырты Кавказы хæхты рæбын нæ, фæлæ Доны былтыл тох кæнын кæй бахъуыд, уый цы нысан кæны? Ирон лæппу зыдта, йæ райгуырæн къонайы, йæ райгуырæн хъæуы хъысмæт лыггонд уым кæй цæуы, уый дæр. Æмæ уый йæхи æппæты фæстаг сулæфты онг радта Райгуырæн бæстæйæн».

Раст афтæ Федыр дæр йæ Ирыстоны хъысмæт, йæ адæмы хъысмæт лыг кодта не стыр Фыдыбæстæйы сæрыл тохы. Лыг æй кодта æхсарджынæй, удуæлдайæ, кæд æм дард уыдис, уæддæр. Ай-гъай дæр, фидарæй зыдта, фашист уым куынæ æрцыдаид дæрæн, уæд ын æнæрбацæугæ нæ уыдис поэты Ирыстонмæ дæр, йæ хъæумæ, йæ хæдзармæ. Йæхиуыл уый тыххæй нæ ауæрста.

[1] Гафез. Хæстон намысы фæндæгтæ. Ирыстон, 1978, 193-æм фарс.

Иухатт, 1942-æм азы майы мæйы, уæззау тохы фæмард сæ командир Семенов. Политкусæг Гаглойты Федыр ын уайтагъд йæ хæстæ райста йæхимæ. Хæстонты йæ фæдыл тохмæ акодта ныфсджынæй. Уыцы хъуыддаг комбриг Петришевский куы базыдта, уæд ын йæ бæрны бакодта сæрмагонд баталъон. Уæззау тохты йæхи арæхстджын æмæ æхсарджын разамонæгæй кæй равдыста, уый тыххæй æвдыст æрцыд паддзахадон хорзæхмæ.

Æмæ цас æмæ цас уыдысты уыцы хъæбатыр тохтæ!

«...Знаг цæхæры хай кæны Керчы æрдæгсакъадах. Зæхх æмæ арв зындоны арт фестадысты. Не 'фсæддонтæ баржæйыл хъуамæ аирвæзой денджызы фаллаг былмæ. Сæ иу хай уал уромы фашистты размæбырст. Командирæй, хæстонæй удуæлдай тох кæнынц. Ацы хъахъхъæнынадон хаххыл ис Гаглойы фырт дæр. Ныр пистолет нæ, фæлæ йæ къухы – автомат, афтæмæй йе 'мбæлтгимæ æнæаскъуыйгæйæ зынджы зæй уадзынц знагыл. Æнæхъæн æхсæв æмæ бон, æгайнæг къулау, лæууынц сæ ныхмæ.

Æваст артау ссыгъд Федыры галиу цонг. Хотых йæ къухæй асхъиудта. Исдугмæ ницыуал базыдта, йæ мидбынаты æрбадæгау кодта. Æркаст – йæ цæфæй йæ туг суадæттæ кæны. Йæ цонг æнæбары æртыхта йæ къухмæрзæнæй. «Æвæццæгæн, хæлæн нæмыг уыд», – агъуыды кодта йæхинымæры. Ныттугсур, цæстытæ тартæ кæнынц.

Хъахъхъæнынады хаххæй цæфты денджызы былмæ чи кодта, иу ахæм командир ыл схæцыд æмæ йæ траншейты дæлæмæ акодта»[1].

Фæлæ сæ баржæйыл куы ластой, уæд фæзындысты знаджы хæдтæхджытæ. Калынц сыл бомбæтæ: «Гаглойы-фырт цал æмæ цал хатты бахауд хæсты уадтымыгъты, цал æмæ йæ цал хатты баныгæдтой бомбæтæ, – сармадзаны нæмгуытæ йæ цæрдудæй цал хатты баныгæдтой, цас фæхуыссыд уæззау контузийы фæстæ Налцыччы госпиталы, фæлæ ныртæккæ цы зындоны арт уыны, ахæм никуыма бавзæрста. Йæ цæсты раз адæм згъæлынц арвмæ схъиуæг денджызы уылæнтæм».

---

[1] Авторты коллектив. Зæххыл рæстагон хæст цыди. Ирыстон, т.1, 1968, 152-æм фарс.

Стæй дарддæр: «Федыр ленк кæны йæ иу къухæй. Йæ алыварс, йæ фæстæ бирæ æндæр ленкгæнджытæ тъыбар-тъыбур кæнынц. Нал у йæ бон, тыхæй ма йæхи змæлын кæны». Фæлæ куыддæрты ахылд былмæ... Бахаудта Дербенты госпиталмæ.

Уæд Федыр йæ тæккæ тыхыл уыдис — 29-аздзыд лæппу, æнхъæлдта, адзæбæх уыдзæнис тагъд, аздæхдзæн йæ Фыдыбæстæйы цыфыддæр знæгты пырх кæнынмæ, фæлæ, уый куыд æнхъæлдта, афтæ æнцон дзæбæхгæнæн нæ разынд йæ цæф. Хъæбатыр хæстон нал ссис хæстмæ арвитыны аккаг.

«Хъæбатыр» мæ ныхас аивдæр рауайыны тыххæй нæ загътон. Федыр, Фыдыбæстæйы хæсты быдыры ирон фысджытæй иууыл хъæбатырдæрæй чи тох кодта, уыдонæй — иу. Йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй райста «Сырх стъалы»-йы орден æмæ цалдæр майданы. Бирæтау сæ хæсты фæстæ не 'ртымбыл кодта кæнæ сæ уыйфæстæ нæ фелхæдта, фæлæ йæ 1943-æм азы демобилизаци куы скодтой, уæд сæ æрхаста йæ риуыл.

Хæцæнгарзæй знæгты ныхмæ тох кæнынæн нал ссис, фæлæ йæ фæсчъылдымы улæфынмæ дæр нæ равдæлд. Ногæй кусын райдыдта газет «Коммунист»-ы редакцийы хъæууон хæдзарады хайады гæсæй.

1945-æм азы, фæсхæст, рухæны мæйы ногæй цæуын райдыдта журнал «Фидиуæг» æмæ Федыры уырдæм аивтой бæрнон нымæрдары бынатмæ æмæ дзы фæкуыста 1950-æм азмæ.

Йæ «Автобиографи»-йы йæхи къухæй фыст ис: «С 1950—51 год работал зав. с/х отделом ред. газеты «Коммунист» и освободился по состоянию здоровъя». Æцæгæй, Джусойты Нафийы загъдау, хæстæй «фæстæмæ æрыздæхт цъæлтæ æмæ æмпъызтытæй, мæлæты бонмæ ахсæны низæй хъæрзгæ...»[1], фæлæ ныр куыстæй «освободился по состоянию здоровъя» раст нæ уыд... Фысджытæм Хуссар Ирыстоны разамынад фыдыусы цæстæй касти æмæ сын нал уыд сфæлдыстадон куысты уавæртæ.

---

[1] Нафи. Газет «Хурзæрин», 2003, Джиуæргуыбайы мæйы 12-æм бон.

«Тыхст æмæ æвæд рæстæг разындысты 50–53 азтæ Хуссар Иры фысджытæн, æгæрыстæмæй, хицæуттæ сæ арм кæуыл дардтой, уыдонæн дæр. Мыхуырмæ сын фæндæгтæ гом уыдысты, фæлæ мыхуыр кодтой цæстмæхъус ныхæстæ, риторикон дзымандытæ, газетон информаци сымсымгæнаг ритмыл амадæй. Ахæм «уацмыстæ» нымад уыдысты аивадон сфæлдыстадыл, кæд сæ аивадæй ницы уыд, уæддæр. Ахæм кæй уыд нæ литературæйы уавæр, уый æнцон фенæн у, хицауады коммæгæс фысджыты куыстыл куы ахæссæм нæ цæст, уæд дæр»[1].

Нафи номгай нымайы уыцы «хицауады коммæгæс фысджыты». Гафез уыдон æхсæн уыдаид, семæ симдтаид, хицауады раппаргæ стджытæ æхсыдтаид, уый гæнæн нæ уыдис, æмæ нын уымæй хуыздæр чи хъуамæ æвдиса куыстæй ацæуынæн йæ «низы» аххосаг.

Фæлæ куыстæй ацæуын иу у, ныфс асæттын – бынтон æндæр. Нæ поэтмæ уыйбæрц хъару, зæрдæйы уыйбæрц сыгъдæгдзинад уыдис, æмæ цахæмфæнды зын уавæрты дæр йæ ныфс никуы саст. Уый йæ кодта размæ. Ныфс. Ныр дæр – афтæ. Дыууæ азы ницы бынат ахста, кæд сфæлдыстадон куыст тынг активонæй кодта, уæддæр. Нæ Ирыстоны та рагæй фæстæмæ фыссæг йе сфæлдыстадон куыстæй никуы цард, æвæгæсæг кæй стæм, уый тыххæй.

Гафезы цард æви утæхсæн никæй æндæвта. Æхсызгон дæр сын уыд, æппынæдзух æхсæнадмæ кæй нæ цыдис, уый. Иу «змæнтæгæй» чысыл ирвæзт уыдысты. Фæлæ уыдон куыд æнхъæлдтой, ахæм æнæхъуаджы бадт нæ кодта нæ фыссæг. Фыста аивадон уацмыстæ. Бæрзонддæр кодта йæ поэтикон дæсныйад.

Федырæй, уæлдæр ахуырад æм кæй нæ уыдис, уый рох никуы уыд. Уый размæ фæсаууонмæ бацыд Сталиниры паддзахадон пединститутмæ, фæлæ дзы дыууæ курсæй фылдæр нæ фæцис. «Фидиуæджы» редакцийы кусгæйæ йын уыд ахуыр кæныны фадат, æмæ 1948–1951-æм ахуыры азты фæсаууонмæ каст фæцис уыцы пединституты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайад, фæлæ 1951–53-æм азты сæй-

---

[1] Нафи. Газет «Хурзæрин», 2003, Джиуæргуыбайы мæйы 12-æм бон.

раджы куыста йæ поэтикон дæсныйад хуыздæр кæныныл. Æмæ нæ фæрæдыд – уыцы хъуыддаг ын стыр æххуыс фæцис йæ дарддæры сфæлдыстадон куысты.

Рæстæг цыд. Рæстдзинад, куыд акæнынц, мыстытæ нæ бахордтой – фысджыты рæнхъытæ ногæй сæ гаччы бадын райдыдтой.

«...53 азы, Сталины мæлæты фæстæ, Берияйы фехсты фæстæ Хуссар Ирыстоны æхсæндзард чысыл фæрогдæр, фæрухсдæр... Фæивта уавæр литературæйы дæр. 1954 азы райдиан Плиты Илья ист æрцыд «Фидиуæджы» редакторы бынатæй æмæ редактор сси Гафез», – зæгъы Нафи, цы уацы кой йын скодтам, уым. 1955-æм азы та йæ равзæрстой Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады бæрнон нымæрдарæй æмæ дзы фæкуыста 1972-æм азмæ».

Нæ фысджыты организацийы разамонæгæй уыйбæрц фæкусай, ахæм хабар нæма уыдис. Уыйбæрц рæстæг дзы никæй бон бацис, нæдæр Цæгаты, нæдæр – Хуссары, Гафезæй дарддæр. Фæлæ уый кæмæдæрты хорз нæ каст æмæ Нафи афтæ уымæн зæгъы: «17 азы дæргъы бирæ цыдæртæ бантыст Федырæн. Йæ фæндæттæй иу уыдис Хуссар Ирыстоны фысджыты сæрмагонд цæдис саразын, абхазæн куыд уыди, афтæ. Нæ сæххæст йæ фæндиаг, фæлæ йæм тырнгæ кодта. Нæ сæххæст йæ иннæ чысыл фæндиаг дæр. Фæндыд æй пенсийы ацæуын сæрдары бынатæй. (Сæрдар нæ уыд, фæлæ – бæрнон нымæрдар – *Хъ. М.*). Хъуыдис ма йæ 6 мæйы, фæлæ, фысджыты сæрдары æмæ «Фидиуæджы» редакторы бынатмæ чи хъавыд материалон пайдайы охыл, уыдон хъаст-хъыллист кæнынмæ фесты. Цынæ фæкодтой æмæ цынæ фæмысыдысты, фæлæ мæнг ныхæстæй куы ницы цыди, уæд та сæ арммæ райстой рагон хæцæнгарз – национализмы фау!».

Уый ныртæккæ нымайынц националисттæ сæхи хъайтартыл. Сæ алыварс цы зондæй къуыттытæ ис, уыдон сæ фæдыл рауай-бауай кæнынц – «Мæнæ цы зондджын æмæ хъæбатыр у!» Сæ иутæ дæр æмæ иннæтæ дæр нæ фембарынц, царды бирæ бæллæхтæ национализмæй кæй цæуынц. Сæ зонды цæст дардмæ нæ уыны. Иунæг бонæй фæхъуыды кæнынц. Сæ фæстаг сæфтмæ уымæн æрцæуы. Нал фембарынц, патриотизм æмæ национализмæй чи кæцы у, уый.

Советон дуджы национализм зынг уæхстæй сыгътой. Нафийы загъдау, — «уыдон» уый тыххæй райстой сæ арммæ рагон хæцæнгарз — «национализмы фау!». Уый тæссаг хотых уыд. «Уыдон» æй «уæззау артиллерийы» бæсты фæстаг тохæн хуымæтæджы не 'вæрдтой.

Федырмæ йæ хæлар Плиты Грис катайгæнгæ уымæн фыста Дзæуджыхъæуæй: «Цыдæр хабæрттæ хъусын, æвзæргæнджытæ дæ хъыгдарынц, зæгъгæ. Ам мын лæппутæ ссардтой дæ фыстæг Цъыфхор...-мæ[1] уырыссаг æвзагыл йæхи тæлмацæй. Бакастæн æй хъыгзæрдæйæ. Уайтагъд базыдтон, куыд æмæ цы хуызы хъуамæ ныффыстаис уыцы фыстæг, уый. Цалдæр хатты мæнмæ дæр фыста уыцы провокатор, фæлæ... йæ куыдзы хъуыды дæр никуы 'ркодтон. Хъуамæ ма ныффыстаис уымæ, уæлдайдæр, ахæм фыстæг (...).

Абон уынджы амбæлдтæн Хъайтухъовыл æмæ мын дæ хабæрттæ кодта, — Федыры къуыммæ бахастой, зæгъгæ, за пропаганду национализма. Уыцы цъыфхор, дам, дæ писмо сбирæ кодта машинкæйыл æмæ йæ байуæрста... (...).

Хъыг мын сты ацы хабæрттæ сегас дæр, фæлæ, ныр уый тыххæй хъуамæ дæ зæрдæмæ ныккæсай, мæт æмæ хъынцъымы бацæуай, дæ сæр хъуамæ æруадзай?.. Æтт, нæртон уæйыг, æмæ уæд нæ бирæ æвзæр фыдгулты циныл куы бафтаудзынæ, ды сæ ницыйæ тыхджындæр, ныфсджындæр куы фæкæндзынæ!..»[2].

Федыр, йæхи чи ауагътаид, йæ рæстдзинад чи не сбæлвырд кодтаид, уыдонæй нæ уыд. Быныбынтон къæсхуыртæ уыд. Æгæрыстæмæй-иу ыл хъæлдзæг ныхæстæ дæр æрымысыдысты.

Иухатт, дам, æй Знауыры районы Хъорнисы хъæумæ цыдæр фарсты тыххæй лекци кæсынмæ арвыстой уæллæгтæ. Советон дуджы афтæтæ дæр кодтой.

Адæмæн фехъусын кæнын хъуыдис. Адæм та — тæккæ куысты рæстæджы...

Æмæ адæмæн фехъусын кæныны хъуыддаг бахæс кодтой хуыцауыкъахæргæвдæг Дзутты Къошайæн.

Уый рацыд æмæ ныхъхъæр кодта:

---

[1] Йæ ном ын, не 'хсæн нал ис, уый тыххæй нæ фыссын (*автор*).
[2] Журнал «Мах дуг», 2003, №10,120-æм фарс.

– Уæ, хорз адæм! Фæстæ уæ мачиуал фæлæууæд! Мæнæ мæрдтыбæстæй иу лæг æрцыд, мæрдты хабæрттæ дзуры, æмæ, «нæ фехъуыстон» ма зæгъут!

Фæлæ уыцы мæллæг буары цард, Грисы загъдау, æцæг уæйыджы уд. Цард æмæ тох кодта цахæмфæнды фыдтыхы, фыдгæнддзинады ныхмæ. Ирыстон, ирон адæмы фарнæн цæттæ уыд алы удуæлдай куыстмæ дæр, алы цæф райсынмæ дæр. Ирыстонæн хуыздæр чи фæуыдзæнис, зæгъгæ, уыдонмæ уæлдай хъулон зæрдæ уымæн дардта.

Гафезæн йæхицæн йæ кæстæртæ амонддджындæр уыдысты – рæвдауæг, аргъгæнæг сын уыд. Фæлæ алыхатт тауинаг, куыд вæййы, ахæм тыллæг нæ ратты. Хистæры рæвдыдæй хъомыл кæстæрмæ дæр рæвдауынмæ фенхъæлмæ кæсы. Чи зоны, Гафезы фæстæ нæм иу йæхи хуызæн цæстуарзон хистæр уымæн ничиуал разынд. Хъыгагæн.

Адæймагæн æмбæлон аргъ скæнын рæстæгыл кæнæ та бынтондæр уымæн никуы базонæм.

Фæлæ уым дæр диссагæй ницы ис. Фыдырдæмзондылхæст адæм алыхатт дæр фылдæр вæййынц. Сæ хъуыддæгтæ æрвылхатт сæхи фæндиаг æрмæстдæр уый тыххæй нæ фæтулынц, æмæ, зылын къæцæлæн дард ленкгæнæн нæй. Гæдыйы къах цыбыр у.

Федыр уыдæттæй бæргæ æвæрдта йæхицæн ныфсытæ. Ныфс ын уыдысты йæ хæлæрттæ. Фæлæ йæм йæ ныхмæлæуджытæ фидарæй æрæвнæлдтой. Иугæр Гафез «националист» разынд, уæд хицæуттæ дæр фесты хъæстгæнджыты фарс. Æнæуи дæр, иу бынаты адæймаг æгæр бирæ куы фæкусы, уæд цæсты судзинау ныхсы.

Æмæ сæ хъул сах абадт. Бантыст сын Ирыстоны патриоты йæ бынатæй фæхауæггаг кæнын. Куыннæ йын уыдис зын, фæлæ æцæг хъæбатыр лæгæн куыд æмбæлы – йæ дæндæгтæ нылхъывта æмæ урæдта йæ маст.

Уый фæдыл йæхæдæг Джиуæргуыбайы мæйы 8-æм бон поэт Хъодзаты Æхсармæ фыста: «Æрæджы нæм æвзæрстытæ уыдис æмæ мæ уаргъ ме рагъæй аппæрстон – зæронд лæг йæхи нал фæфæразы æмæ ма искæй уæргътæ та кæцæй ахæсдзæн! Ныртæккæ раст цыма курорты дæн, афтæ æнкъарын мæхи. Æрмæст ацы æнæхайыры рафысс-бафысджытæ æмæ Биайы фырттæй æнцой нæма стæм: мæн æмæ

Нафийы ласынц национализмы цъымарамæ. Сæ хъавд цæмæ у, бæрæг у, фæлæ рæстæг хорз у – нæ сын бантысдзæни лæджы бахуыдуг кæнын»[1].

Уыцы хахуыргæнджытæн паддзахады къухæй нал уыд сæ тых «лæджы бахуыдуг кæнын», æндæра, сæхицæн сæ бон цас уыд, уымæй фæстæ нæ лæууыдысты.

Гафез кæд фысгæ афтæ кодта: «...раст цыма курорты дæн», уæддæр æнахъом сабийæ фæстæмæ æппынæдзух, кæм зындæр у, уым æфсондзы ифтыгъд чи уыдис, уыцы адæймаг йæхи æппæрста æхсæнадмæ. Æмæ та кусын райдыдта Хетæгкаты Къостайы номыл Хуссар Ирыстоны паддзахадон драмтеатры литхайады гæсæй.

Гафезы хуызæн стыр фыссæг æмæ куырыхон адæймаг уым кæй уыдис, уый нæ театрæн дæр кад æмæ ном уыд æмæ, уырдæм сценæйыл сæвæрынмæ сæ пьесæтæ чи хаста, уыдонæн дæр.

Фæлæ хахуыргæнджытæм уый бадзур!

Театры директорæй уæд снысан кодтой фыссæг Харебаты Леониды, æмæ арæх æрымысы, Федыр иухатт сæкæрнизæй куыд фæтыхсти. «Приступ» кæй фæхонынц, уый уыдис. Тыххæй ма, дам, æй бакодтам директоры кусæн хатæнмæ. Цыдæр хостæ уыд Гафезæн йæхимæ.

Фæлæ – Хуыцауы æлгъыст! Уыцы хахуыргæнджытæй иу, «драматург» Г....ты М.... театры уыдис, æмæ Гафезы хъуыддаг куы фехъуыста, уæд, фырцинæй цæхæртæ калгæ, йæхи сæппæрста директоры хатæнмæ...

Леонид фæдзуры, цалынмæ, дам, æй сургæ нæ ракодтон, уæдмæ, дам, ын уый цынæ фидистыл схæцыд, цынæ æртхъирæнтæ, дам, æм фæкодта!..

Уый Гафезы хуызæн Хуыцауысконд лæгæн – йæ низ æй цæмæй æрцахстаид ноджы тынгдæр! Йæ низ æй цæмæй ныххурх кодтаид ноджы тагъддæр!

Афтæмæй Федыр уыдис диссаджы аудаг хистæр æмæ хъомылгæнæг.

Мæ зæрдыл лæууы, 60-æм азты кæрон мын куыд дзырдта, цæмæй сын фысджыты хайады ног уацмыстæ бакæсон. Æруынаффæ сыл кæной, сæ фиппаинæгтæ мын зæгъой.

---

[1] Журнал «Мах дуг», 2003 аз, №9, 34-æм фарс.

Мæхимæ гæсгæ мæ хъуыддæгтæ прозæйы жанры цыма чысыл хуыздæр уыдысты. Мæ поэзийы тыххæй сын базонон сæ хъуыды, — скарстон æмæ йæм радтон иудзæвгар æмдзæвгæтæ. Бадзырдтам, кæцы бон, кæцы сахатыл хъуамæ сæмбæлæм æмæ сыл æрдзурæм.

Йæхицæй дарддæр сæ бакастысты Дзугаты Георги, Бестауты Гиуæрги, Хостыхъоты Зинæ, Æлборты Хаджумар. Рабадтыстæм. Иууылдæр — мæ хистæртæ. Дзугер мæ — 37 азы хистæр. Гафез — 35 азы... Куыннæ хъуамæ æфсæрмы кодтаин. Ноджы мæ куы æрфæрсиккой, цæмæй сын радзурон, куыд фæфыссын, уый.

Кæй зæгъын æй хъæуы, не сразы дæн. Æфсæрмы сæ кодтон.

Уый Зинæйæн, — дзæнæттаг уæд, — цы хъыг уыдис! Уæдæ, зæгъы, чызджытимæ афтæ æмæ уфтæтæ фыссынæй не 'фсæрмы кæныс! Цыдæр къæйных æмдзæвгæтæ дзы уыдис, æмæ мын мæ царм раласта; стæй, дам, куы дзурыс, ныр зæронд дæ, уæд кæй фæзмыс? Ноджы, дам, сылгоймæгты «сылтæ» куыд хоныс?

Хаджумар Зинæмæ куы байхъуыста, уæд ризгæ хъæлæсæй æмдзæвгæтæй цыдæр хицæн деталтæ, хъуыдытæ систа: «Мæнмæ дæр цыма кæмдæр сты...».

Бестау æмæ Дзугеры ныхас иннæты хуызæн карз нæ уыд, фæлæ æмдзæвгæты бæсты фылдæр мæ прозæ уыд сæ дзырды сæр. Прозæмæ куы арæхсай, уæд поэзимæ цæмæн хъуамæ æвналай, зæгъгæ. Æмæ, æвæццæгæн, раст уыдысты. Фæлæ уый — куы арæхсай. Стæй аивадæмхиц зæрдæйæн бардзырдтæй фысгæ у? Абон дæр нæ зонын, литературæйы кæцы жанрмæ хуыздæр арæхсын. Сæ иуы дæр удуæлдай фыдæбон хъæуы æмæ иннæйы дæр. Æндæр хъуыддаг у: сæ иу дæ фыссæн «фæйнæгмæ» фылдæр рæстæджы ныббæтты, иннæ — къаддæр.

Фæлæ уыдон æндæр дзуринæгтæ сты. Уæд та Гафезмæ хорз зæгъынæй ницæмæуал æнхъæлмæ кастæн. Мæхинымæры аскъуыддзаг кодтон: мæ фæсаууон сæ дзырд скарстой æмæ мын мæ хъуырыл дойнаг дур бæттынц...

Уымæн нæ бæззы развæлгъау хъуыддæгтæ чъепп кæнын.

Гафез — уыцы мæллæг, къуырфцæст лæг сæм йæ фыссæн фынгыл размæ рагуыбыр æмæ сын, мидбылхудгæ, са-

быр ныхасæй «сæ царм раласта». Мæхæдæг сæфсæрмы дæн.

– Зинæ, бирæ цæрай, дзырд «сыл» ацы дзæбæх лæппу, – æппæлгæ дæр ма мæ ракодта! Уæдæ! – не 'рымысыд, æмæ дзы дæ ныхтæ цы ныссагътай, бирæ цæрай?

Худт йæ мидбылты. Секъа, дам, сылгоймаджы сыл хоны, æмæ, дам, сыл йæ къухæй исты фыд æрцыд. Æндæр хъуыддаг, дам, у, чи йæ дзуры æмæ йæ кæд дзуры.

– «Цал чызгæн æрсенк кодтон йæ фæстæ» кæй зæгъы, уый тыххæй дæр æм ма хæц.

Кæд, дам, нæма «æрсенк» кодта, уæддæр, дам, æрсенк кæндзæнис. Æвæццæгæн, дам, æй ныфс ис: «Уæдæ сыл æмдзæвгæтæ куыд хъуамæ ныффысса, бирæ цæрай... – худт. – Лæппу чызджыты фæдыл куынæ «сенчытæ» кæна, уæд сыл цы хъуамæ ныффысса».

Æлборты Хадзы-Умарæн та, ды, дам, дæхимæ цахæм хъуыдытæ агурыс, уыдон, дам... суанг антикон литературæйы куыйтæ дæр нал хордтой.

Уый Бестаумæ цы худæг фæкаст! Æмæ Хаджумары хуызивæнтæй мæхæдæг стыхстæн.

– Афтæ у, афтæ, бирæ цæрай. Æмæ афтæ куы дзурæм, æз цы дзырд загътон, уый макæйуал дзыхæй схауæд, уæд нæ дзыхтыл хъуамæ цъуттатæ бакæнæм. Чи цы фыссы, уый йæхи бар у. Æндæр хабар у, куыд æй фыссы, бирæ цæрай... – æмæ мын, куыд фыссын, уый тыххæй мæ пакъуы иуæггай афтæ æртыдта, æмæ иунæг хатт дæр нæ фесхъиудтон. Фæлæ мын абон дæр судзгæ дудтæй дудынц. Чырыстон ссады хыссæйау, ныффæлмæнтæ дæн. Се 'ппæты фиппаинæгтæ дæр мæм Гафезы ныхасы фæстæ абон дæр раст кæсынц.

Кæд цы зæгъын æмæ аразын хъæуы, уый-иу куы зониккам, уæд адæмы амондæн æмбал нæ уаид. Гафез æй зыдта, æмæ иухатт (студент уыдтæн) Гуыцмæзты Алеш, – фæуд кодта, æнхъæлдæн, астæуккаг скъола, – Фысджыты цæдисы Хуссар Ирыстоны хайады йæ таурæгъ «Уæлзæххон саудзыдзыда» куы каст, уæд мæ хъуыдытæ æппæты фыццаг зæгъын кодта мæнæн, куыд кæстæр, Алешы æмгар, афтæ.

Æз фыццаг æфсæрмы кодтон, стæй цалдæр минуты февдыстон «мæ литературон цæттæдзинад». Таурæгъ мæ зæрдæмæ тынг фæцыд. Уæлдайдæр, йæ сюжеты нывæст æмæ

йе ’взаг, йæ идейæ. Таурæгъы фидары цы цаутæ æрцыдысты, уыдон мын мæ зæрдыл цы уацмыс æрлæууын кодтой, уый ном нынныхъуырдтон, фæлæ бæлвырд кæныныл ныллæууыдтæн, зæгъын, «саудзыдзыда» зындон нæу, фæлæ — саугуырм.

Бестауы зæрдæйы та, романтик кæй уыд, уый тыххæй уыцы дзырд æвиппайды ныххаудта. Кæд, дам, чындон нæу, уæддæр, дам, мæ, зындон афтæ куы хониккам, уый фæнды.

Уацмыс тынг фæцыд алкæй зæрдæмæ дæр. Айстой йæ мыхуырмæ. Фæлæ Алешимæ иумæ куы рацыдыстæм, уæд ын скодтон фидары хабæртты кой. Æрлæууыд. Æдзынæг мæм фæкаст йæ кæсæнцæстыты бæзджын æвгты ’хсæнты. Æртæ азы бæрц дзы уыдтæн хистæр, фæлæ ницы сдзырдта. Уыйфæстæ йæ куы хаста йæ фыццаг чиныгмæ, уæд ацархайдта йæ фæивыныл.

Уый та уацмыс ивын нысан кодта. Фæлæ йæ никуыуал бахаста уыйфæстæ йæ чингуытæм, уыцы бынат, дам, дзы цуркау æгæр нынныхст, мæ бон æй сæфтауын нал у, дзырдта.

Фæлæ мæ дзырды сæр уый нæу. Мæ фæстæ Алешы таурæгъы тыххæй чи ныхас кодта, уыдон-иу сæхи хуызы æрнымадтой сæ фиппаинæгтæ дæр. Гафез-иу, Фысджыты цæдисы хайады бæрнон нымæрдар кæй уыдис, уый тыххæй хатдзæгтæ йæхæдæг арæзта. Æмæ мын афтæ:

— Бирæ цæрай, фыссæг йæ хъуыды зæгъынмæ хъуамæ зивæг ма кæна. Кæсыс, ды цы загътай, уыдон иннæтæ дæр загътой. Мах та, уыдоны фæстæ куы загътаис, уæд цæмæй базыдтаиккам, дæхи хъуыдытæ дзурыс æви искæй, бирæ цæрай?

Диссаг, стæй сæрмагондæй дзуринаг у, кæстæртæм ын цы аудгæ ахаст уыдис, уый. Нафи мæнæ куыд зæгъы: «Нæ ирон фысджытæй хистæр æфсымæры рæвдыд кæмæй базыдтон, уыдон сты бæрцæй дыууæ адæймаджы — Гафез (Гаглойты Федыр) æмæ Плиты Грис. Мæнæй уый никуы уыдис рох. Мæнæ мæ ныгуылæн бонтæ æрхæццæ сты, фæлæ уæддæр мæ зæрдыл лæууынц, сæуæхсиды рухсау — рагуалдзæджы. Уый уымæн, æмæ уыцы рæвдыд æз бавзæрстон мæ литературон æвзонгады рæстæджы, ахæм рæвдыд æмæ æххуыс иууыл тынгдæр куы фæхъæуынц адæймаджы, уыцы дуджы. Мæ цардмысæн бонты мæ удрæбын рæсугъддæр мысинæгтæй цы ис, уый — Гафез æмæ Грисы рухсуадзæг

нæмттæ, уыдон фæлгонцтæ, адæймаджы иууыл хуыздæр, иууыл хуыцауыскондддæр миниуджытæй хæрдгæбыд удыгъæд… æвæццæгæн, мæрдты Барастыры раз дæр мæ фыццаг фæндиагæн дзурдзынæн: Гафез æмæ Грис кæм сты, уым раттут бынат мæнæн дæр, кæд зындоны хъизæмары æхсидæн у, уæддæр. Уыдон фарсмæ мæнæн зындоны тар дæр дзæнæты рухсæй адджындæр уыдзæн»[1].

Цæмæй дæ исчи, уæлдайдæр, Нафийы хуызæн дзырды ад чи зоны, ахæм фыссæг афтæ зæгъа, уый тыххæй адæймаг йæ зæрдæ йæ армы хъуамæ сиса. Стæй йæ кæнгæ «хаст» ма хъуамæ кæнай, фæлæ цырагъау судзын уа дæ туджы.

Гафезæн кæстæрты хъомыл кæнын дæр, хистæртæн лæггад дæр йæ туджы уыдысты. Суанг материалон æгъдауæй лæггад кæнын дæр. Нафи уымæн фыссы: «Хъуыды йæ кæнын, 1949 азы институт каст куы фæдæн, уæд ССРЦ Зонæдты академийы аспирантурæмæ æрвыстой Хуссар Ирыстонæй 7 адæймаджы. Уыдонæй æртæ уыдысты désinstitutes пединституты кусджытæ, зонæдты кандидаты ном кæмæн нæма уыди, ахæмтæ; æртæйæ – астæуккаг скъолайы ахуыргæнджытæ. Хъуыдис ма иу лæг, литературæзонынады специалист кæмæй рацыдаид, ахæм. Федыр æй базыдта æмæ ныффæнд кодта мæн уырдæм арвитын. Хицæуттимæ бадзырдта, Обкомы скъолайы хайады гæс уыд Гаглойты Михаил æмæ йын уыимæ дзурын æнцон уыд. Мæнмæ ныууырдыг: «Ацу, бирæ цæрай, æмæ исты базонай!..». Мæн нæ фæндыд, нымадтон: æз историйы факультет фæдæн каст, экзаментæ уырыссаг литературæйæ хъæудзæн дæттын, æмæ куынæ бахауон, уæд худинаг кæнын… Федырæн та æндæр æфсон æрымысыдтæн – иуы фæлыст пысулты куыд ацæуон, уæд та мæ хæлаф аскъуыд, уæд цы кæндзынæн æцæгæлон горæты?..

Федыр бацыд дзаумæтты скъапмæ, дыууæ райст-бавæрд костюмы йын уыд, сæ ногдæр райста æмæ мын æй мæ армы ныссагъта: «Гъа, æфсæнттæ мауал кæн, дæхи цæттæ кæн дард фæндагмæ». Цы гæнæн ма мын уыд, райстон уыцы дарæс æмæ 17 августы 1949 азы араст дæн Ленинградмæ экзаментæ дæттынммæ æртæ мæйы æмгъуыдмæ. Мæ балц фæрæстмæ».

[1] Газет «Хурзæрин», 2003, Джиуæргуыбайы мæйы 1-аг бон.

Стæй дарддæр: «Дыууæ адæймагæй иу лæджы чысыл мыздæй цардысты, фæлæ мын бæрæгбонты кæддæриддæр æрвыстой мæ «хæйттæ» Ленинградмæ. Мæнæ ныртæккæ дæр мæ разы иу гæххæтты сыф, йæ уæлæ къæрандасæй фыст: «Нафи, Ног аз æрлæууыд, æмæ дæ йæ хорзæх уæд! Æнæниз æмæ амонддджын у! Надя дын дæ ног азы хæйттæ æрвиты, стæй ма дын сæдæ сомы та иу къоппы дзаг бæгæныйæн. 19. 1. 51 аз». Уый æрвитæггаг асыччы уыди æвæрд æмæ йæ нæ аппæрстон, йæ лæвар Цхуырбианы æфсон кæй кодта, уыйадыл мæм хорз фæкаст. Æниу, мах, аспиранттæ, уæд сомæй дæс боны цардыстæм. Федыры мыздæй — 700 сомы! — сæхимæ дæр фылдæр нæ хауд: бон фæйнæ туманы...».

Цæвиттон æгæр даргъ у, фæлæ Федыры удыгъæдæй цыфæнды хуызы стыр æппæлдтытæй — мин хатты хуыздæр. Гафезæй дарддæр дыккаг чи бакодтаид æмæ чи кæндзæнис афтæ. Фæлæ Ир æмæ ироны уарзт йæ зæрдæйы билцъ уагътой æмæ йын æндæр гæнæн нæ уыдис. Хорзæй-иу цы сарæзта, ууыл хъуыды кæнынмæ-иу æй нал æвдæлд. Бирæтау-иу сæ йæ сæр бæрзæндты нæ хаста, фæлæ та-иу аныгъуылд йæ адæмæн æндæр исты хорз ракæныны хъуыдыты.

Къахыл лæууынæн ма куы уыдис, уæд уыцы фæстаг дуджы ресторан «Алан»-ы бадтыстæм. Кувгæ Букуылты Алыкси кодта, æмæ Ирыстоны тыххæй рауагъта рæгъ. Кæстæртыл бирæ дзурын кæй не 'мбæлы, уый тыххæй бакодтон:

— Æз æй поэты дзырдтæй зæгъдзынæн:

*Чи зоны, 'мæ чизонытæ цал ысты,*
*Ахæсдзынæн иунæг судзгæ мæт.*
*О мæ Ир, дæ фæдисонтæ бал ысты —*
*Чи дæ сайы, уый дæ нывонд уæд!..*

— Оммен! — мæхæдæг мæхицæн фæдæн омменгæнæг æмæ йæ анызтон.

— Иу хатт ма йæ радзур, иу хатт, бирæ цæрай, — Гафез мæм бахатыд уыцы ныллæг, лæмæгъ хъæлæсæй.

Лæгъстæ кæнын мын нæ бахъуыдис. Уый йæ цæстæнгас фынджы ныссагъта, стæй йæ сæр банкъуыста:

— Мæнæн дæр, бирæ цæрай, кæцæйдæр мæ зæрдыл лæууы, фæлæ йæ нал ахсын.

Æз фыццаг дис бакодтон, стæй — худгæ. Фæлæ дзы

диссагæй ницы уыд: куы загътон – цы-иу сарæзта, уымæй сæрыстырæй цæуынмæ-иу æй нæ равдæлд, ног, стырдæр проблемæтæ та-иу ыл æруæз кодтой. Ныр ын афтæ куы бакодтон, зæгъын, уыцы строфа де 'мдзæгæйæ ист у, уæд æй фыццаг нæ бауырныдта. Стæй схудт. Фефсæрм:

– Нæ фыдæлтæ-иу хуымæтæджы нæ акодтой: «Зæры кары цъæхцæстмæ дæр æнхъæлмæ кæс», бирæ цæрай.

О, æвæццæгæн, афтæ у. Æндæра, удыгъæдæй уый куыд фидар уыдис, афтæмæй йыл йæ низ – сæкæрниз куыд фæтых? Йæ царды фæстаг бонтæм æй бадон кодта. Æнæуый дæр æппынæдзух къæсхуыр хаста, фæлæ дзы ныр царм æмæ стджытæй дарддæр ницыуал баззад. Йæ арф цæсты къуырфытæй æрттывтой йæ цъæхбын гагуытæ. Йæ царды фæстаг азты йæ сынтæг нал иста, фæлæ иунæг бон дæр йæ куыст нæ ныуагъта, афтæ хъаруджын уыдис. Фанеркæйы гæбаз ын уыд фыссæн фынджы бæсты. Йæ тигъмæ йæ фыссæн – босæй баст, цæмæй-иу ын ма ахаудаид.

Йæ царды фæстаг азты йæ хъæлæс афтæ ныллæмæгъ, æмæ хатæнæй къæбицмæ йе 'мкъаймæ фæдзырдтаид, уый йæ бон нæ уыд. Æмæ, милиционермæ цахæм æхситгæнæн вæййы, ахæмыл бæттæн бафтыдта. Бакодта йæ йæ хъуырыл. Йе 'мкъаймæ дзурыны сæр-иу æй куы бахъуыд, уæдиу æм æхситт фæкодта.

Æмбисондæн баззад уыцы æхситгæнæн.

Гафезы табæт йæ ныгæнæн бон уынгмæ куы æристам, уæд æм йе 'мкъай Цхуырбаты Надя бацыд хъарæггæнгæ:

– Федыр, Федыр, мæнæ дын де 'хситгæнæн демæ æвæрын, фæлæ-иу мæм дзы уырдыгæй ма ныхситт кæн!..

Диссаджы лæг уыд. Æз йæ цуры сывæллон уыдтæн, фæлæиу æм искуыдæй-искуыдмæ куы бауадтæн, уæд-иу сæфсæрмы. Æнæ иу сыкъа бадаргæ мæ никуы рауагъта. Йæ разы-иу мын бандоныл фынг æрæвæрын кодта, йæхицæн йæ касы тæбæгъ – йæ риуыл. Йæ зæрдæ дзы фæхауд, фæлæ йын дохтырты амынд уыдис, æмæ афтæ баззад мæ хъуыдыйы, цыма æндæр никуы ницы хордта. Йæ урс æнгуылдзты-иу рызтис гыццыл арахъхъы агуывзæ. Арахъхъ-иу агуывзæйæ куыд зынд, йæ æнгуылдзты æхсæнты дæр – афтæ: рухс сæ калд.

– Федыр, ды ма баназ! Дæуæн нæ бæззы, – фæдзæхста-иу æй йе 'мкъай.

Никуы йæм байхъуыста. Бахудтис-иу: — Бæзгæ та мын цы кæны... — уыцы гыццыл агуывзæйы гыццыл арахъхъæй-иу уыцы гыццыл хуыпп акодта, цæмæй йын æз йæ куывд банызтаин.

Алы хатт дæр архайдта, цæмæй мæ истæмæй барæвдыдтаид. Фæлæвар-иу мын кодта йæ чингуытæ, уымæй дæр, зæрдæфидаргæнæн рæвдауæн фæндиæгтимæ. Нæ фыдбоны сыхæгты Хуыцау фесафæд, 1991-æм азы мын Уæллаг Отъреуы мæ хæдзар куы ныппырх кодтой æмæ ныххафтой, 1992 азы сыфтæры мæйы 11-æм бон та Чъребайы мæ фатермæ сæ ракетæ куы 'рбахаудта, уæд мæ чингуытæн се 'рдæджы 'рдæг дæр нал баззадис. Гафезы лæвæрттæй ма абонмæ æрхæццæ бæрцæй дыууæ чиныджы: «Добрый день, люди!» æмæ «За горами горы». Фыццагыл ныффыста: «Мæ дзæбæх курдиатджын кæстæр Мелитонæн зæрдылдарынæн. Автор. 29.11.75». Дыккагыл: «Ирон литературæйы фидæнæй ныфс кæмæй æвæрын, уымæн — Мелитонæн зæрдылдарынæн. Гафез. 17.7.82». Абон дæр ын йæ фидар æрмдзæфмæ куы æркæсын, уæд мын алы хатт дæр вæййы ныфсы хос.

Мемæ ныхасгæнгæйæ-иу бирæ хæттыты йæ мæллæг уадултыл æрлæдæрстысты йæ цæссыгтæ:

— Хæрзты кæмæн цыдтæн, уыдон мæ куы ферох кодтой, бирæ цæрай, уæд мæ ды цы дзæбæх зоныс. Дæуæн исты балæггад кæныны фадат мын нал фæци.

Бæргæ-иу ын дзырдтон, Ирыстоны кæй у, мæн уымæй стырдæр лæггад кæй нæ хъæуы, фæлæ-иу йæ къух ауыгъта. Надя хъæбæрсæрст уыд. Уый-иу Федыры æмбæлтты æрнымадта номгай:

— Афтæ-иу сын зæгъ, афтæ: уе 'хсæвæр нæ, уæ сихор дæр, зæгъ-иу мæ хæдзармæ куы хастат, уæд, зæгъ, уын ныр нал бæззы Федыр?!

— Ныууадз сæ, Цховребов (рæвдаугæ йæ афтæ хуыдта), алчи йæхи цардыл дæр не 'ххæссы.

— Уыдон афтæ æнхъæл сты, исты куы кæнай, уæд сæ къæсæрæй æрбахизын бауадздзынæн!..

Надя дзырдфæразон сылгоймаг уыдис. Йе 'ртхъирæнтæ кæмæ хаудтой, уыдон хъустыл ныдзæвдысты æмæ дзы æдас нæ уыдысты. Федыры зиан райсомæй куысты куы фехъуыстам, уæд рауагъдад «Ирыстон»-ы редактор уыдтæн. Талф-

тулфы иу чиныджы къухфыст типографимæ арвитын хъуыдис, кусджытæ, дам, æгуыст сты. Афтæмæй фæдисы цыд кодтам зианмæ, æмæ æнæхъæн цасдæр мæ дуаргæрон лæууыдысты – иунæгæй Надяйы размæ бацæуынæй тарстысты. Уæддæр сæм марды уæлхъусмæ баппæрста йæ уайдзæф. Бадзырдта сæм хъарæггæнгæ нæмттæй:

– ...Æ, уе 'гæр фæкалат, Федыр уæ уындмæ йæ былы цъæрттæ куы хордта, уæд ын иу хатт уæхи куыд никуы равдыстат?!

Мæ хæлæртты-иу мын, зæгъгæ, ма фæхъыг кæн – нæ байхъуыста Гафезы фæдзæхстмæ. Уый та æмгардзинадæн тынг стыр аргъ кодта. Цы чингуыты кой скодтон, уыдонæй мын дыккаг куы радта, уымæй иу мæйы бæрц фæстæдæр Гуыцмæзты Алешы дæр акодтон мемæ, Федырты цур «Фæскомцæдисы дуканийы» иу коньяк райстон (мæ къухы-иу исты куы байстон, уæд-иу мæ Надя къултыл фæцæйсæрста: «Мах афтæтæ ахуыр не стæм, нæ, дæ фæхъхъау фæуон, æмæ-иу ма 'фсæрмы кæн»), æмæ йæм уынæг бацыдыстæм. Цал æмæ нын цал хатты æркой кодта, цæмæй нæ кæрæдзийыл нæ зæрдæ макуы сивæм; царды æрдхорды цæуыл баивай, ахæм бынтондæр кæй ницы ис, æмæ афтæ дарддæр.

Цæргæ-цæрæнбонты йын йæ рæстæджы йæ цæстмæ дардтой, курдиатджындæр фысджыты хъулон уарзт кæй кодта, йæ кæрдзыны къæбæр æнæ уыдон кæй нæ хордта, уый. Уæддæр æй нæ басастой. Стæй йын йæ удыкондимæ нæдæр басæттæн уыдис.

Уыйхыгъд, театры йын йæ низмæ низ бафтауыныл йе 'лгъаг уд чи хъардта, уыдоны нымæц кодта фылдæрæйфылдæр. Æмæ сæ йæхиуыл фæстæ никуы ничи фæхæцыд, йæхиуыл сæ никуы ничи бацауæрста, цæмæй Гафезы йæ тыхст сахаты йæ низ æрцахса тынгдæр; сæппара йын, Ирыстоны, ирон адæмы афтæ æгæрон æмæ æнувыд уарзтæй чи уарзта, йæ уыцы уд... йе 'гъатыр низ.

Æмæ йæ æрцахста. Тынгдæр. Йæ царды фæстаг азты йын нал бауагъта йæ сынтæг сисын. Йæ хъару йын бонгай иста, фæлæ йын йæ фæстаг уысмы онг, – 1983-æм азы майрæмкуадзæны 12-æм бонмæ, – йе 'рхъуыды æмæ йæ парахат зæрдæ байсын не ссис йæ бон, æмæ фыссæн сис дæр йæ удисгæйæ йæ къухæй нæ хаудта.

Йе ’взæргæнджыты, кæнæ-иу æй мæсты кæнын кæмæ хъуыд, уыдоны тыххæй-иу худт: «Ныууадзут сæ, бирæ цæрат, фыс дæр æмæ сæгъ дæр Хуыцауы сфæлдисгæ сты».

Адæймагмæ цас хъару хъуамæ уа, цæмæй йæ уд иса, фæлæ ма уæддæр йæ фæстаг тыхтæ хъара йæ фæстагæттæн хорзæй исты ныууадзыныл?! Адæймагæн йæ зæрдæйы цахæм стыр æмæ сыгъдæг уарзт хъуамæ уа, цæмæй йæ йе ’взæргæнджытæн цауд ма фæнда?!

Гафезыл хъуыды кæнгæйæ, адæймаджы хъусты ныззæллангкæнынц, У. Шекспиры хъайтар Гамлет йæ фыдæн куыд аргъ кодта, уыцы дзырдтæ:

*Он человек был, человек во всем;*
*Ему подобных мне уже не встретить[1].*

Гафезы удыгъæд диссаг уыд. Цæнгæтæй конд адæймаг æй рахон, æмæ цæнгæт дæр ницы уыд йæ цуры. Йе ’мдзæвгæ «Тулдз»-ы раст цыма йæхи сныв кодта.

Кæрты лæууынц стыр тулдз æмæ наз. Кæнынц сабыр ныхас. Фæлæ фæзындис æгъатыр дымгæ, «Сырдау ыссонт æмæ ыскарз»:

*Стæй кæртмæ бабырста æхсарæй,*
*Ныккалдта бæлæстыл йæ маст.*
*Фæнды йæ, стона сæ бындзарæй,*
*Цæмæй ыссыгъдæг уа йæ раз.*

*Фæлæ йын тулдз сæттын нæ комы!*
*Фырау æм сарæзта йæ ных,*
*Йæ цæнгтæ йын фыддымгæ тоны,*
*Фæлæ уæддæр лæууы хъæддых.*

*Æрмæст дзы наз фæтарсти, дзуры:*
*«Дæ развæдыл – цыллæ, зæлдаг», –*
*Йæхæдæг ын йæ сæрæй кувы,*
*Йæ сæрыл ын дæтты фæндаг*

---

[1] Шекспир Уильям. Полное собрание сочинений в восьми томах. Москва, т. 6, 1960,20-æм фарс.

*Æз кад кæнын тыхæн, фæндонæн,*
*Нæ фæсивæд цæрæнт фæрнæй!*
*Нæ бон у, асæттæм, æндонау,*
*Фæлæ нын, назау, тасæн нæй!*

Диссаг у, кæцæй цыд уыцы къæсхуыр лæгмæ уыйбæрц хъару? Фыдуаг æмæ фыдлæгты ныхмæ йæ бон куыд уыди афтæ хъæбатырæй лæууын? Куыд никуы йæ бацис сæ бон фæтасын кæнын?

Гафез йæ хæстон хъæдгæмттæ йе 'нусон дунемæ дудгæ ахаста. Стæй æрдзæй ахæм тыхджын нæ рацыд, æмæ хохæй сой цъырдтаид, къæдзæхæй æхсыр цымдтаид. Суанг хъæбатыр нартæй дæр ахæм иунæг болат Батрадз уыдис. Фæлæ уымæй нарты гуыппырсартæй никæй кад хауы дæлдæр.

Уыйхыгъд Гафез ахæм ныфсы хицау уыдис, æмæ хæхты йæ бон уыд цъиититау дуцын; стъалытæм сæххæстаид; æврæгътæм йæ ныфсы фæрцы йæ бон цыд, хæхты фæдджитау, æвналын. Уый зæрдæбынæй цы хъуыддагмæ æрæвнæлдтаид, ууыл ма фæтых уа, уый гæнæн нæ уыдис.

Ахæм удыхицау кæй фæци, ирон æмбисонд, – «Лæджыгъæд дзыхæй нæу, фæлæ тыхæй», – йæхирдыгонау уымæн рацарæзта. Лæджыгъæд скодта дзырдæй аразгæ. Растдæр зæгъгæйæ та – дзырдæн радта йе 'ппæты фыццаг тых. Дзырдæй, ирон аив дзырдæй, сарæзта Хуыцау.

Джусойты Нафи йе 'мдзæвгæ «Фыстæг Гафезмæ»-йы хуымæтæджы нæ зæгъы:

*Дзырдтай мын: тæхуды, нæ адæмы зæрдæ*
*Куы уаид нæ дзырды аивы кæйттæй!*
*Куырмæй дæр æз базонин зæрдæйы нуæрттæй*
*Нæ быдырты сыджыт, нæ хæхты къæйтæ*[1].

Бирæ, тынг бирæ уыдысты, нæ фыссæджы цы фарстытæ домдтой, уыдон, фæлæ æппæт уыдæттæн æнæ Гафезы сфæлдыстад базонæн нæй.

[1] Джусойты Нафи. Изæры рухс. Цхинвал, 1987, 74-æм фарс.

## Дыккаг ныхас

# ГАФЕЗЫ ПОЭТИКОН ХÆТÆНТЫ ТЫХХÆЙ

Æнæ аххосæй ницы вæййы. Æнæ аххосæй дымгæ дæр нæ дымы. Æгæрыстæмæй, Къостайы загъдау — «Æнæ аххосæй Фыййауы фосæй Нæ хæссы бирæгъ!..». Æмæ, уæдæ, æнæ аххосæй æвзонг лæппу, — сывæллон нал, фæлæ, — куыд æрæвнæлдтаид аивадмæ.

Федыр 1932-æм азы æмдзæвгæтæ фыссын куы райдыдта, уæд нудæсаздзыд уыдис. Йæ уацмыстæ 1935-æм азы мыхуыры куы фæзындысты, уæд та усгур лæппу уыд. Фæлæ йæ цæмæй аивад йæ уæлныхты систаид, удæнцой йын мауал лæвæрдтаид, уымæн ын уыд бындур. Астаздзыдæй гуыбыны хæлцыл æххуырсты фыййауæй цæуын куы райдайай, стæй дæм лæппуйы бонты ахуыр кæныны амонд куы 'рхауа, уæд куыннæ хъуамæ цин кæнай!

Нæ фидæны поэтæн уыцы цин фылдæр тагъд йæ фыццаг æмдзæвгæтæй. Йæ размæ уæвæг поэтты фæзмгæйæ, æвдыста йæхи зæрдæйы цин. Йæ уыцы уацмыстæ йæхицæй æвæлтæрддæр кæй уыдысты, царды æмæ аивады æцæг цæуæнты æмæ хæтæнты кæй нæма ахæтыдысты, йе сфæлдыстадæн аргъгæнджытæ йын фыццаг уый бадарынц йæ цæстмæ. Уæлдайдæр, йæ фыццаг чиныг «Фæндыры зæлтæ»-йы тыххæй.

1963-æм азы поэты 50 азы юбилеймæ Джусойты Нафи фыста: «...уый фæлварæн куыст уыд, литературон ахуыры фæстиуæг»[1].

Цыппар азы фæстæ уыцы хъуыды фæкарздæр кодта Дзуццаты Хадзы-Мурат: «Поэты фыццаг чиныг «Фæнды-

---

[1] Нафи. Ирон аив дзырды сæрвæлтау, 1966-æм аз, 263-æм фарс.

ры зæлтæ» (1940) æвдисæн уыд уымæн, æмæ йæ автормæ кæй ис курдиат, æрдзон поэтикон удыгъæд, версификацион дæсныйад. Уый бæрæг уыдис хицæн аив рæнхъытæй, хицæн æмдзæвгæтæй («Мæсыг», «Æз уарзын дæу»). Фæлæ æмткæй чиныг цух уыд индивидуалон поэтикон миниуджытæй. Поэт нæма суæгъд, цы чингуытæ каст, цы поэттыл ахуыр кодта, уыдон уацарæй»[1].

Ноджы ма йыл уыцы аз цæхх акодта Дзугаты Георги: «Первый сборник стихов под названием «Звуки фандыра» Гафез (Федор Захарович Гаглоев) издал в 1941 году (æцæгæй чиныг мыхуыр æрцыд 1940-æм азы – *Хъ. М.*) – Это были сухие, декларативно-лозунговые стихи, наделенные формальными признаками поэзии, но поэтическую мысль и чувство в них трудно отыскать. Жизнь в них отражена бледно, поверхностно, приблизительно. В книге изредка встречаются стихи, в которых не чувствуется подражания кому-либо или которые увидели свет не под чужим влиянием. Поэт учился у разных поэтов. Но эта учеба еще не носила творческого характера, он еще не ощущал дыхание жизни»[2].

Раст цыма иумæ хъуыды кодтой кæнæ сæ хъуыдытæ иу ранæй сфыстой.

Фæлæ сæйраг уый нæу. Уыцы карз критикон хъуыдыимæ сæ алчидæр нысан кæны, поэтæн йæ фыццаг чиныджы дæр кæй фæзындис йæ курдиат æмæ кæй рарттывта йæ чиныг «Адджын у цард»-æй. «Хæсты тымыгъы та сдзырдта йæхи оригиналон хъæлæсæй, йæхи фæлтæрддзинады фæстиуæгæн, йæ зардæбын ныхас»; «Поэтикон бархидзинад Гафезæн радта Стыр Фыдыбæстæйы хæст»; «Но есть в книге стихи («Башни», «Я люблю тебя» и др.), убеждающие в том, что поэт ищет и найдет свой собственный путь в поэзии.

Участвуя в Великой Отечественной войне, Гафез проходил школу мужества. Зорче стал его взгляд, глубже постигает он сущность явления жизни. Суровые испытания закалили его духовно и нравственно, и поэт вышел из них окрепший и идейно, и творчески!»

---

[1] Авторты коллектив. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. Ирыстон, 1967-æм аз, 154-æм фарс.

[2] Авторты коллектив. Очерк истории осетинской советской литературы. Ц.И. чингуыты рауагъдад, 1967-æм аз, 344-æм фарс.

Растдæр уым ис йæ рахæцæн! Поэт йæ ног чиныджы лæгбæрц æмæ поэтбæрц кæй сырæзт, уый сæ сдзурын кодта æмхъæлæс æмæ фæндвидарæй. Æцæг, уыцы хъуыды сæвзæрд Дзуццаты Хадзы-Муратмæ йæ уац «Поэты фæндаг»[1] фысгæйæ, стæй билцъ ауагъта. Æнæбындурæй нæ.

Тауинаг Гафез йæхæдæг аппæрста йæ фыццаг дыууæ чиныгæй. Фæлæ цымыдисаг цы у? Гафезы критиктæ йæ фыццаг чиныджы «дзыхы акæнинагæй» цы дыууæ æмдзæвгæйы ссарынц, – «Мæсыг» æмæ «Æз уарзын дæу», – уыдоны дыууæйы дæр кæй æвдисы йæ уарзт йæ Райгуырæн бæстæмæ, йæ Фыдызæхмæ.

Ныртæккæ бирæтæм диссаг фæкæсдзæнис, ома уым æнæрцæугæ хабарæй цы ис, фæлæ нæ поэт уыцы уацмыстæ куы фыста, уæд нын нæ Райгуырæн бæстæ уарзæн кæй нæ уыдис, уый тыххæй 30-æм азты бирæ, тынг бирæ ирон патриотты цард æрдæгыл кæй фескъуыдтой, абон дæр та нæ сæ дæлбазыр бакæнынмæ чи хъавы, нæ уыцы фыдызнæгтæ, уый нæ ма хъуамæ рох кæна.

Гафезы биографийæ бæрæг у, йæ ныхмæлæуджыты бон ын куы ницы уыдис, уæд та йæм куыд райстой рагон хæцæнгарз – национализмы фау!.. Уый, фыдызæхх уарзын фыдракæндыл нымад куынæуал цыдис, уæд. Æвзонг поэт «Æз уарзын дæу»-ы йæ Ирыстонæн афтæ кæй загъта:

*Зон, цалынмæ æз исон мæ уæнгтæ,*
*Уæдмæ нывонд дын у мæ цард! –*

уый йын, Фыдыбæстæйы хæст куынæ райдыдтаид æмæ автор йæ дзырдтæ уым хъуыддагæй куынæ бафидар кодтаид, уæд куыд зынаргъ слæууыдаид, уый йæхæдæг дæр нæ зыдта.

Уыцы хъуыддæгтæ фæстæдæр, растдæр зæгъгæйæ, 1968-æм азы, кæрдæджы мæйы йе 'мдзæвгæ «Сурæт»-ы йæхæдæг тынг раст æмæ аивæй загъта.

Цæвиттон, парады цæуджытæ æфсæддон цъупп худы, кителы, стыр чины кæй сурæт хастой, уый фендыл нæ байрад: «Æндæртæ, уадз, цыфæнды дзурæнт, фæлæ дыл æз

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Знон æмæ абон. Ирыстон, 1964, 132-æм фарс.

нæ кæнын цин». Афтæмæй та йын, – диссаг куыд нæу, – табу кодта:

*Æцæг уыд уый, – дæ хурмæ рæзтæн,*
*Дæумæ, мæ Хуыцаумæ куывтон.*
*Мæ Ир – мæ адæмæн, мæ бæстæн,*
*Дæуæй æз рухс амонд куырдтон.*

*Дæ номæй кодтон æз атакæ,*
*Дæуæн ныводнд уыди мæ уд:*
*Нæ мад-зæххæн фæстаг пъа акæ,*
*Æмæ мæлæты ныхмæ цу!..*

*Æз федтон цин, æз федтон маст дæр,*
*Уыдтæн уынгæджы бон хæстон,*
*Фæлæ дæ сурæтмæ куы кастæн,*
*Уæд-иу æппæт фыдтæн быхстон.*

*Цы уыд, – уыдаид хъуамæ афтæ.*
*Цы нæ уыд, уый нæ уыд, нæ хъуыд...*
*Æндæр хъуыды мæ зондмæ бафта,*
*Дунейыл уый гæнæн нæ уыд.*

Дæсны фæрсын нæ хъæуы, поэт йе 'мдзæвгæ «Сурæты»-ы кæй кой кæны, уый базоныны тыххæй. Суанг ыл дунеон литературæйы дæр иу æмæ дыууæ уацмысы не 'рцыдис æмæ нæ цæуы фыст. Сæ авторта цыма æз хуыздæронæй сæ кæрæдзиимæ быцæу кæнынц, сæ иутæ йæ Хуыцауы цъупмæ исынц, иннæтæ йæ авд дæлдзæхы атъыссынмæ хъавынц. Уддзæфмæ гæсгæ дыууæрдæм дæр чи фæсимдта æмæ симы, ахæмтæ дзы цъус нæ уыд æмæ нæй. Фæлæ сæ фылдæрæн сæ дзырд нæ хъары зæрдæмæ. Алы дзырд, алы рæнхъы бынæй дæр кæлынц се 'нхъæлцау комыдæттæ.

Гафезы «Сурæт» сæ бырсы йæ царды рæстдзинадæй, йæ реалистон аив афыстæй:

*Мах алцæуыл уыдыстæм разы:*
*Ды кæм уай, уым æппæтдæр – раст!*
*Дæ митæм никуы 'рхаудзæн азым, –*
*Ард хордтам мах Хуыцауы раз.*

*Фæлæ нæй хи удæй æмбæхсæн:*
*Æхсæвы дуары къуырцц-къуырцц, тас...*
*Рæстæгæй тугкалды æнхъæвзæн,*
*Хæрам æнæууæнчы æнгас...*

*Лæгыл кæм ма уыди æууæндæн,*
*Фырт нал уыд фырт, мад нал уыд мад;*
*Фыд фыртмæ бадзурын нæ уæндыд,*
*Нæ зонды 'нæууæнчы фæлм бадт.*

Уый трагеди у, уæдæ цы! Ныййарджытæ хъæбултыл, хъæбултæ ныййарджытыл куынæуал æууæндой, уæд ма дæ уымæй трагедидæр цы хъæуы?!

Фæлæ Гафезы хуызæн фысджытæ æмæ патриоттæ фæхатынц æмæ фæуынынц уыцы трагедийæ трагедидæртæ. Æмæ кæд нæ цæвиттонтæ æнæхъæн стыр æмдзæвгæ хæссынц семæ, уæддæр, уыцы трагедийæ фыддæр трагеди цы у, уый тыххæй байхъусæм поэтæн йæхимæ. Йæхи хуызæн æй иунæг уд дæр нæ зæгъдзæнис:

*Мæ миднымæр æфтыдтæн дисы:*
*Ау, иу туг, иу ыстæг куы стæм, —*
*Дæхи куыннæ бафарстай искуы:*
*Куыд цæрынц Ир — æвыд, рыстæй?...*

Уæд сын куыд фыссын кодтой: «Нæ цард нæ къахæй ассон-ассон кæнæм», — афтæ нæ, фæлæ — «æвыд, рыстæй»... Поэт уымæн риссы. Поэт уымæн дуды. Поэт уымæн хъæрзы:

*Нæ, уый нæ уыди... Мах та кодтам*
*Æвæткæй сар æмæ фыдбон, —*
*Нæ уавæр нæ æвзыдта, домдта,*
*Куыд нæуал уа зæххыл нæ ном...*

Ахæм лæджы сурæт цахæмфæнды чинты куы фæзындаид парады, уæддæр ыл куыд хъуамæ бацин кодтаид Гафез кæнæ Гафезы лирикон хъайтар?

Уыдис рæстæг, æмæ-иу фысджытæ, рестораны бадгæйæ, фынджы уæлхъус Ирыстонæн æргом ракувын куынæ уæндыдысты. Уыйбæрц цæстдарджытæ-иу уыдис сæ фæдыл,

æмæ-иу сæ уайтагъд КГБ-йы (Паддзахадон ædасдзинады комитет) хъусты ацагътой. Æнæкувгæйæ-иу сыстадысты, æнæдзургæйæ-иу баныэтой сæ агуывзæтæ. Ирыстонæн-иу сæ кæй цы зæгъын фæндыдис, уый дзырдта йæхинымæры.

Чи зоны, поэты тæлфаг, æнæрынцой зæрдæйы цы уыдис, уый æргом дзурын кæй нæ уыд йæ бон, йе 'вæлтæрдæй йæхи уымæн раппар-баппар кодта иу фыссæджы уацмысæй иннæ фыссæджы уацмысмæ? Чи зоны, уыдон фæрцы-иу æй фæндыди йæ хъуыды фергом кæнын? Куыдфæнды ма нымайæм, уæддæр дзы уыцы хабар уыд — уæнгбаст цæргæсæн тæхæн нæй. Хъуылаты Созырыхъо уымæн дзырдта:

*Куыд зын у цæргæсæн,*
*Хъæбатыр цæргæсæн,*
*Куы вæййынц йæ базыртæ баст...*[1]

(«Баст цæргæс»)

Фæлæ йын Фыдыбæстæйы хæст райхæлдта йе уæнгты баст. Раргом ын кодта йæ зæрдæйы уарзт. Йæ зæрдæйы рухс рагуылф кодта æддæмæ. Уый иуварс аппæрста, цы иумæйаг, афтид, декларативон лозунгтæ йæм уыдис, уыдон. Йе 'мдзæвгæ «бæрзонд патетикæйæ» æрхызт реалистон цардмæ. Сур ныхасы бæсты йæ ныр æндавынц реалистон деталтæ, фæлгонцтæ, цаутæ. Ныр йæ бон у, æргом зæгъа, йæ зæрдæйы цы ис, уый. Уымæн æмæ æрмæст йæхи номæй нæ, фæлæ дзуры поэт-салдаты номæй: «Поэт, æмбæстаг, салдат нæ дуджы сты иу, нæй сын ахицæнгæнæн. Поэт у йæ Фыдыбæстæйы раззагдæр æмбæстæгтæй иу, цардаразæг æмæ тохы бон та — йæ сæрыл хъайтарон хæцæг, салдат»[2].

Гъе, уымæ гæсгæ поэт кæд йæхи номæй фæдзуры, уæддæр йæхи ном иу у 'нæбасæттæ салдаты номимæ.

Æмæ йын уыцы ном алы рæстæджы дæр дæтты бирæ бартæ. Уымæн æмæ йæ уд йæ Фыдыбæстæ, йæ раттæг адæмы тыххæй нывонд кæны:

---

[1] Хъуылаты Созырыхъо. Æвзæрст уацмыстæ. Сталинир, 1957, 411-æм фарс.

[2] Гафез. Адджын у цард. Сталинир, 1948 аз, Джусойты Нафийы разныхас, 3-аг фарс.

*Ир – мæ цæсты рухс, мæ сагъæс,*
*Ир – мæ уд.*
*Сис мæ цард æмæ йæ ахæсс,*
*Уый дæу у.*
*Искуы дын зын куы уа, рæстæг –*
*Уадау карз,*
*Фестдзынæн ызгъæр дæ фæрстæн,*
*Де ’рттæн – кард.*

*Зонын æй, æрцæудзæн м’ адзал, –*
*Разы дæн:*
*Рацæуæд ингæны уазал, –*
*Айсæд мæн!*

(«Ир – мæ цæсты рухс, мæ сагъæс»)

Поэт афтæ уарзы Ирыстон, æмæ йын æнæ уый ад ницы кæны. Æнæ уый, æнæ Ирыстон йæ цард цардыл нæ нымайы. Уый тыххæй йын нывонд кæны йæхи. Уый тыххæй у разы Фыдызæххы сæрвæлтау йæ уд раттыныл. Йæ райгуырæн Ир иунæг æмæ чысыл кæй у, уый дæр æй нæ тыхсын кæны – «иунæджы фылдæр фæуарзы мад» («Райгуырæн Ир...»). Поэт дæр йæ чысыл райгуырæн уарзы æгæрон уарзтæй. Фæлæ йын уыцы уарзт нæу иумæйагон, сур дзырдтæй уарзт. Уарзы конкретон æврæгътæ, къуылдымтæ, къæдзæхтæ æмæ афтæ дарддæр. Кæд йе ’гæрон уарзты тыххæй хатт арфæтæм, куывдтытæм ахизы, уæддæр цæстуынгæ деталты фæстæ фембæлынц зæрдæйыл:

*Райгуырæн зæхх,*
*уардигъуыз æврæгътæ,*
*’хсæрдзæнтæй –*
*уымæл къæдзæхы рухс,*
*галы рагъау,*
*къуыпп-дзыхъхъытæ – рæгътæ,*
*хæхты сæртæ*
*царды мæтæй – урс.*
*Райгуырæн зæхх...*
*райгуырæн хæхбæстæ,*
*дæу зæрдæйæн*
*риуы дарын æз.*

*Макуы фæкæл*
*карз тохы, фыд хæсты,*
*хæхты ’хсар*
*дæ ных,*
*дæ риуы хæсс.*

(«Райгуырæн зæхх»)

Райгуырæн зæхх кæд йæ риуы зæрдæйы бæсты хæссы, уæддæр уый афтæ нæ нысан кæны, æмæ йæ уым дуарæхгæдæй дара. Ма йæ æвдиса искæмæн. Макæй циныл цин кæна, макæй мастæй рисса. Райгуырæн бæстæ йын цины хос дæр у æмæ тыхы хос дæр. Йæ ныфс дæр у æмæ йæ сæрæстырдзинад дæр. Стæй дзы æрмæст йæхæдæг ма хъуамæ цæуа йæ сæр мигътыл хафгæ, фæлæ ныфсы хос уа тыхст удæн.

Дæхæдæг дæхицæн ныфс уай, уый хорз у, фæлæ дыууæ хатты кæнæ мин хатты хуыздæр у, исчи дæ куы уа ныфсджын.

Уыцы хъуыддæгтæ, ай-гъайдæр, хорз зыдта, царды æнтъæрæнты чи уыдис цæргæ-цæрæнбонты, æппынæдзух Дамоклы кард йæ сæрмæ ауыгъдæй чи хатыд, уыцы фыссæг, йæ Райгуырæн бæстæйæн йæ зæрдæйы фæндон хатыны хуызы уымæн зæгъы:

*Исчи кæд тыхсы*
*нæ цард, фыд хæстæй,*
*Домой искæй*
*рæстæг*
*кæнæ арв,*
*Бакæ уæд Иры дуæрттæ æххæстæй,*
*Д’ армы та*
*дæ хæлар зæрдæ дар.*

Ир йæ хæлар зæрдæ йæ армы кæй фæдары, уый тыххæй ныл бирæ фыдтæ фæцæуы. Срастгæнæн кæмæн нал вæййы, ахæм фыдтæ. Кæмæ бахудæм, уый нæ дæндæгтæ æрхъæуынц. Æмæ сæм æрæвналы æфтауынмæ. Стæй сæм уый дæр фаг нал фæкæсы. Хуыйы кæримæ куы бауадзай, уæд йæ сæрмæ хизы…

Мæ ныхасæн æвдисæн — нæ фыдбоны сыхæгтæ. Сæ уынгæджы бон сæ бавæрдтам — алантæ сæ Сау денджыз

æмæ Колхидæйы дæлвæзы æрцæрын кодтой, æмæ нын нæ зæххыты дзадждджындæртыл æрбадтысты[1]. Ныр сын уыдон дæр нал фаг кæнынц. Нæ фыдæлты уæлмæрдтæ нын байстой æмæ сæ хурмæ калынц. Нæ ингæнты бынæттæ исынмæ дæр нын æрхъавыдысты.

Фæлæ цас раст уаид дуарæхгæдæй, зæрдæхгæдæй цæрын. Уый лæгау-лæджы миниуæг нæу. Ахæм хъуыддаг ирон лæг йæ сæрмæ никуы хаста. Гафезы лирикон хъайтар, йæ цард æмæ фыдхæстæй чи тыхсы, рæстæг æмæ арв кæй домой, уыдонæн йæ Райгуырæн бæстæйы дуæрттæ уымæн тындзын кæны, йæ армы йын йæ хæлар зæрдæ уымæн дарын кæны.

Уый парахат уды хицау адæймаджы миниуæг у. Гафез та уыд раст ахæм адæймаг. Йæ лирикон хъайтар зæрондæй дæр йæ сæр бæрзæндты хæссы, ирон кæй у, уымæй. Сæрыстырæй зæгъы: «Ирон дæн æз». Фæлæ йын уайдзæфы хуызы куы дзурынц, ома «зæронд дæ», «ыссонт дæ», «Мах ног æхсæнад аразæм, ды та æдзух кæныс «Мæ Ир, мæ Ир», зæгъгæ, «Дæ зæрдæйы мыггаджы уарзт ныттагъд», уæд сæм мæсты нæ кæны. Æнæбары сын гом кæны йæ зæрдæйы уаг, йæ уды конд. Стæй йæ, «уайдзæф» ын чи кæны, уыдонимæ æмбарын кæны махæн дæр:

*Ныттагъди, о, куынæ йæ кæнын сусæг, —*
*Цы уа — æргомæй алы хатт дæр зæгъ.*
*Мæнг ныхасы бар нал ратдзæн мæ урс сæр:*
*Æз уарзын Иры тугæйæлхæд зæхх.*

*Æз ацы уарзт мæ мады ’хсырæй дадтон,*
*Йæ ало-лайæ сонт зæрдæмæ хызт.*
*Йæ цæстыты æбын хъыджы йæ ардтон,*
*Йæ хъарджытæй мæм, комулæфтау, хъуыст.*

*Цыди мæнимæ зарæгæй, хæстонæй,*
*Нæ развæндаг, хæсгарды комау, сиу.*
*Нæ тарстыстæм хæсты тымыгъ, фыдбонтæй, —*
*Мæ царды хай, мæ уды ’мбуар ысси.*

(«Ирон дæн æз»)

---

[1] Кæс, Кикодзе Геронти. Газет «Сакартвело», 1917 аз, №4.

Йæ Иры уарзт йæ «уды ’мбуар ысси» зæгъыны бар æрмæстдæр Гафезæн æмæ Гафезы хуызæттæн ис. Цыдæриддæр арæзта, уый – Ирыстоны тыххæй, Ирыстоны фарнæн, Ирыстоны фидæнæн. Фæлæ йæ зæрдæйы, алырдыгæй нæм, стонг куйдзыхтау, чи лæбуры, нæ бынтæ, нæ уæзгуытæй сæхи фæллойджын, паддзахадджын скæнынмæ чи хъавы, уыдонау, никуы дæр йæхæдæг, никуы дæр йæ лирикон хъайтар хъавыдысты сæ къухтæ, рæстаг адæймаг кæм судза, уыцы артмæ тавынмæ. Йæ Иры уарзы искæй дудгæ-боны тыххæй нæ, фæлæ сыгъдæг уарзтæй:

*Ныр уымæн нал ис атонæн мæ удæй,*
*Бæласæн нæй æнæ уидаг цæрæн.*
*Æрмæст мæ уарзт нæу искæй амонд судзæн,*
*Нæдæр ын у йæ фæндаджы гæрæн.*

Поэт йæ Фыдыбæстæ уыйбæрц уарзы… Уарзы зæгъын фаг нæу. Йæ Ирыстон афтæ бæрзонд æвæры, æмæ тæхуды кæны, йæ къæхтæн сæрдæн куы фестид, уымæ, цæмæй нын бырса «ифтонгæй, уæнгрогæй, æвзонгæй». Фæнды йæ, куы йын фестид цырагъ, цæмæй уый рухсæй йæ развæд уына алкæд. Уыимæ йæм дзуры алы рæвдаугæ дзырдтæй: «Ирыстон – мæ бæстæ, Ирыстон – мæ цард», «Ирыстон – мæ зæрдæ, Ирыстон – мæ мад»…

Уыцы тæхудиаджы бæллицтимæ ис йæ царды нысан дæр:

*Тæхуды, мæ зарды зæлтæ*
*Куы исид дæ фæлмас зæрдæ,*
*Дæ абон, дæ фидæн*
*Куы ’вдисиккой ирдæй,*
*Ирыстон – мæ бæллиц, Ирыстон – мæ кад,*
*Кæмæй кæнын сомы, кæмæй хæрын ард!*

(«Тæхуды, куы уаид гæнæн…»)

Фыццаг дыууæ рæнхъы кæд Къостайы «Тæхуды»-йы ритмикæйыл амад сты, уæддæр æй уый цæсты не ’фтауы.

Æрмæстдæр ахæм уарзæгой адæймаг батыхсдзæнис, искæй саби куы скæуа, уæд, ома «тæригъæд у». Æрмæстдæр ахæм уарзæгой адæймаг фæрисдзæнис искæй зианыл. Æрмæстдæр ахæм уарзæгой адæймаг судздзæнис кæрдæ-

джы халыл дæр; йæ бæстæйæн чи лæггад кæны, ууыл дæр... Æмæ уый зæронды нысан нæу. Адæймаджы æппæтдæр фендавы, йæ зонд куы æрцахсы, уæд: «Дæ бæстæ уарз, лæггад ын кæн!» («Æвæццæгæн, кæнын зæронд...»).

* * *

Йæ бæстæ чи уарзы, йæ бæстæйæн лæггад кæнын кæй фæнды, уый, гæнæн уæвгæйæ, хъуамæ уа йæ бахъахъхъæнынæн, æмæ Фыдыбæстæйы сæрыл туджы арт куы ныггуыпп кодта, уæд Гафез æнæ ракæ-бакæ йæ цæхæры уый тыххæй балæууыд.

Уымæн нæ, æмæ йæ искæй туг ныккалын фæндыдис кæнæ кæйдæр урссæр мад цæмæй саутæ скодтаид. Хæстмæ куы цыд, уæд суанг «æфсиртæ куыдтой, дидинтæ сæ хъуымбыл сæртæ 'руагътой». Йæ фæдыл «мæргътæ сæдæ 'взагæй дзырдтой: «Тагъд æрцу, кæй бæрны нæ ныуурагътай!» Фæлæ йын нæй æндæр гæнæн. Йæ уд кæд хъизæмæрттæ 'взары, кæд йæхи цæстытæй уыны, «бонтæ бонты фæстæ лидзынц æмæ мæрдты мæрдты фæстæ уидзынц», кæд сæ иу дæр нæ зоны «мад кæд ыскæндзæн йæ саутæ» («Бонтæ бонты фæстæ лидзынц...»), кæд фыццаг хæстмæ сонт сабийау фæраст, уæддæр дзы уыцы зæрдæимæ нал раздæхт: «Цардмæ æз æндæр цæстæй æркастæн, – Раздæхтæн дзы ацæргæ лæгæй» («Фыццаг хæст»)... Ацæргæ лæджы аудинæгтæ та алы хатт дæр фылдæр вæййынц. Поэт йæ лирикон хъайтары дзыхæй уымæн дзуры:

*Мысын кæмттæ, райгуырæн хæхтæ,*
*Къæдзæхты цыргъ тигътæ æмæ сæртæ,*
*Саппытæ, нæ бур-бурид рæгътæ,*
*Цъозатæ, сæнчытæ æмæ 'хсæртæ...*

(«Æз куы цыдтæн – æфсиртæ куыдтой»)

Æмæ йын уыцы конкретон «цыдæрты» уарзт ахизы ноджы стырдæр уарзтмæ – иумæйаг уарзт æмæ зæххы риуыл адæймаджы бæрндзинадмæ. Уымæн æмæ уыцы «иумæйаг уарзт» æмæ адæймаджы бæрндзинад «райдайынц» бæлвырд цæмæйдæрты. Уыцы бæлвырд цыдæртæ та нæ уаиккой æнæ

«иумæйаг уарзт» æмæ, адæймагыл царды цы бæрндзинад ис æвæрд, уый æххæст куынæ цæуид, уæд.

Поэт йе стыр бæллицы фæстæ йæ кой уымæн кæны:

*Иры дзыхъ, тæхуды, ныр цæстæй*
*Баузæл дæ чысыл къуымтыл дардæй!*
*Фæлæ не стыр Райгуырæн бæстæн*
*Хъахъхъæнын æз абон ам йæ бартæ.*

Адæймаг адæймаджы ном бирæ цæмæйдæрты хæссы. Сæ иу – цыфæнды уавæрты дæр цæссыгæй куынæ буц кæны йæхи, фæлæ царды амæлттæ куы фæары. Уымæй стырдæр хъуыддаг цы ис, адæймаг йæ амæлæтæй дæр удхæссæгыл фæуæлахиз кæнынмæ куы хъава.

Цыма уый гæнæн нæй. Фæлæ Гафезы удуæлдай салдатæн алцы гæнæн дæр ис. Уый, бонтæ бонты фæстæ кæй лидзынц æмæ сау мæлæт кæй кæнынц хæстæгдæр, мæрдты мæрдты фæстæ кæй уидзынц, уыдон æй, цыма, уыйбæрц не 'ндавынц. Уый хæсты æрмдзæф у. Æндæр æм ницæмæ ис æнхъæлмæ кæсæн. Æмæ дзы поэт ницы ныфс æвæры. Донласт йæ ауон куыд ацахса, уыйау æрмæстдæр разы у хæсты æгъатыр рæстдзинадæй:

*Хорз у ам – нæ зоны иу дæр,*
*Мад кæд ыскæндзæн йæ саутæ...*

(«Бонтæ бонты фæстæ лидзынц»)

Гафез мæлæты цæстытæм иу æмæ дыууæ хатты нæ кастис комкоммæ, æмæ чи чи, фæлæ уый хорз, æгæр хорз дæр зыдта – амæлыны бæллиццагæй ницы ис. Хорз у, адæймаг кæд амæлдзæнис, уый кæй нæ фæзоны. Бомбæйы бын лæугæйæ дæр æм афтæ фæкæсы, дуне сæфдзæнис, фæлæ уымæн мæлæн нæй. Царды зыд уый, уыцы хъуыды æвзæрын кæны адæймагмæ.

Фæлæ нæ поэты лирикон хъайтар уыцы оптимистон хъуыдыйæ ноджы уæлдæр лæууы, æмæ йæ иууыл стырдæр адæймагдзинад ис уым. Уый та у, цард æнгуырстуанæй кæй нæ бары, Хуыцауæй цы иу мæлæт дары, ууыл кæй нæ тъизы æмæ ризы. Уый йæхи цардæй фыдцарды фыдфилософи тынгдæр æндавы:

*Æз тæрсон æмæ дзыназон,*
*Уый сæр мæ нæ хъæуы.*
*Дæн æз халсискъау фæразон –*
*Зайын уырыл, нæууыл.*

*Фæлæ, хæст, цы дæ, цæмæн дæ?*
*Чи дæ скъæры размæ?*
*Тугæй дойны у кæмæндæр*
*'Мæ лæбуры карзæй.*

*Зæххы цъар хæры дæндагæй,*
*Дур нæ уадзы дурыл.*
*Йе змæст, тугхъулон фæндагæй*
*Мигътæ калы хурыл.*

(«Иу мæлæт Хуыцауæй дарын»)

Раст æй уый мары, «тугæй дойны у кæмæндæр», æмæ зæххы цъар кæй хæры дæндагæй. Уыцы «кæмæндæры» фæндаг хъæуы æрæхгæнын, фыццаджы-фыццаг уый сæр хъæуы басудзын, цы хæсты зынг бандзæрста, уым. Уæд иннæтæ уаиккой мæлæтæй ирвæзт. Æмæ поэты лирикон хъайтар йæхи цардыл нал хъуыды кæны. Патриотæн куыд æмбæлы, афтæ разы у йæ адæмы сæрыл йæ цард нывондæн æрхæссынмæ:

*Рацу, чи дæ?! Хæсты бардуаг,*
*Нуаз, мæ сау туг, бафсæд! –*
*Тъæпп фæхауис кæд мæ цардæй, –*
*Рацу æмæ байсæф!*

Романтикон фæхъæр у? Фæлæ лирикон хъайтары номæй цæуы поэты зæрдæйæ. Цæуы сыгъдæгæй. Цæуы æнæ ракæ-бакæ, æмæ йыл æуууæндæм. Дзуццаты Хадзы-Мурат уымæн дзырдта: «Хъуыдыгæнæг, зондджын салдатæн æцæгæлон ницы у адæймаджы миниуджытæй. Гафезы куы бафарстой, зæгъгæ, хæсты нæ тарстæ, уæд сын загъта: «Лæгæй-лæгмæ хæсты фыдызнагæй нæ тарстæн». Мæлæтæй дæр нæ тарст. Уæдæ цæмæй тарсти? Æцæгæлон зæххыл куы амæла, уымæй, ома йæ райгуырæн сыджыт ын куынæ айса йæ буар. Уым рæстдзинад ис – рагæй-æрæгмæ лæгæн йæ уæзæг адджын у, цæрын дæр æмæ йæ мæлын дæр уым

фæнды. Фæлæ «нæ тарстæ» фарстайæн ахæм дзуапп æрмæст йæ иу хай у.

Кæй зæгъын æй хъæуы, салдат хæцы йæ райгуырæн бæстæйы тыххæй æмæ йæ сæрвæлтау амæлынмæ цæттæ у. «Уадз, мæхæдæг, зæгъы, амæлон, æрмæст мæ фæстæ мæ райгуырæн бæстæ цæрæд»[1].

Ирон салдат зоны райгуырæн бæстæйы тыххæй йæ уд нывондæн æрхæссын. Нæу ын æнæзындгонд уый дæр, æмæ, цæмæй æдасæй цæра, хур ын уа хуры хуызæн, ма бакома «нæ фыдгулæн сæттын» («Хур дæр нал у хуры хуызæн ирддзæст...»), уый тыххæй хъуамæ «хæцæм, мæ хур, уæндонæй», «нæ зонгуытыл нын нæй æрхауæн: «Цæмæй цæрæм! Цæмæй зæххыл уа цард!» («Адджын у цард»).

Гафез хорз зыдта, стæй йæ базыдта йæ тæккæ лæппулæджы кары, уыдæттæ адæймаг иууыл хуыздæр, йæхæдæг туджы арты куы бахауы, уæд кæй базоны. Зыдта йæ æмæ йæ амыдта махæн дæр:

*Кæд абырсты размæ*
*Тамако нæ дымдтай, –*
*Нæ зондзынæ никуы*
*Тамакойы ад;*
*Кæд абырсты фæстæ*
*Ды дойны нæ кодтай, –*
*Нæ зондзынæ никуы*
*Уæд донæн йæ ад;*
*Кæд абырсты размæ*
*Нæ тыхстæ, нæ тарстæ, –*
*Нæ зондзынæ никуы*
*Уæд цардæн йæ ад.*

(«Кæд абырсты размæ...»)

Поэт уыдæттæ иууылдæр, хъыгагæн, бавзæрста йæхи сæрыл. Зыдта сын сæ судзаг дæр æмæ сæ цин дæр. Сидзæр, искæйоны царды фæлтæрддзинадмæ ноджы бафтыд фыдхæсты тæваг дæр. Бафтыд æрмæст йæхи сæрмагонд цардмæ, йæ дунембарынадмæ нæ, фæлæ йæ поэзимæ дæр.

---

[1] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Хæст æмæ зæрдæ. Ирыстон, 1966, 31–32-æм фæрстæ.

Гафезы поэзииртасджытæ, æмдзырд бакæнæгау, хуымæтæджы нæ бæлвырд кæнынц, зæгъгæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы æрмæст йæхæдæг нæ ахæццæ ацæргæ лæджы кармæ, фæлæ уыцы кармæ ацыд йæ поэзи дæр. Йæ зæрдæбындæр дзуринæгтæ уæд райдыдтой. Йе 'цæг хъæлæс уæд ныззæлланг кодта. Хæсты, æгъатыр тугкалды рæстдзинад ын зæгъын кодта царды рæстдзинад дæр. Зæгъын ын æй кодта оригиналонæй, йæхирдыгонау.

Гафезы поэт-салдат у тыхджын, лæджыгъæдджын, ныфсджын, фæлæ уыимæ – зæххон. Йæ фыццаг чиныджы цы бæрзонд патетикæ уыд, уый æрхызтис хуымæтæг, зæххон реалистон ахорæнтæм. Йе 'мдзæвгæтæн ис сæхи удыгъæд. Йæ хъайтартæ искæй нæ фæзмынц, фæлæ хъуыды кæнынц сæхи сæртæй, сæ алыварсуæвæг цы удмарæн æмæ цардсафæн цаутæ цыди, уыдоныл. Йæ лирикон хъайтар цард æнкъары æмæ йын аргъ кæны, куыд у, афтæмæй.

Куыд у, уымæй та адæймаджы зæрдæ нырризы, æмдзæвгæ «Фæцæуынц сабитæ уынджы» кæсгæйæ. Сабиты адæймаджы ном худинаггæнæг фрицтæ фæкæнынц уынджы, цыма партизанты æрцахстой, «цыма сæм уацары бахаудтой тохы».

Фæлæ цардхалæгæн, удмарæгæн цы уæлдай у, тохы йæм хæстон бахаудта æви æнæазым, хуыцауыскон бафтыд йæ къухы. Уымæн адæймаджы тугæй у дойны, æмæ цас сыгъдæгдæр туг нуаза, уыйбæрц дзы, æвæццæгæн, стырдæр æхцондзинад исы. Йе 'мбыд зæрдæйæн адджындæр вæййы:

*Фæкæнынц сабиты уынджы, –*
*æрцытæ сæм дарынц.*
*Фæлæ сæ ызмур удтæ*
*хъуыды дæр нæ кæнынц.*
*Æрмæстдæр сæ иу, –*
*уылынджыйас – бецъа*
*сæвнæлдта арцæн йæ фындзмæ,*
*хæцы йыл æмæ гаккæй цæуы,*

*цыма йæ мадæн*
*йе 'нгуылдз æрцахста,*
*нæ йæ уадзы, –*
*йемæ цæуы.*

Ахæм æнахъинон ныв бакæсгæйæ, зæххон æгъатырдзинад æмæ поэзийæ йæ тæккæ ’мдзаг уацмыс йæхицæй нал ауадзы чиныгкæсæджы фæхицæн кæнын. Æрцахсы йæ. Ныббæтты йæ адæймаджы зæрдæ æмæ къухтæй цæуæг фыддзинадмæ. Афтæмæй базонæм, «хъæу цъыбыртты сыгъд иууыл куы баци», уæд ма дзы фæсхæст фашисттæ æрмæст сабиты кæй баййæфтой – «чи ныккæнды уыд, чи йæ мадæн йæ марды цур бадт, чи хауд уыди зæххыл, чи – лæууыд». Æххæстæй нæдæр æмбæрстой, цы æрцыдис. Стæй, цы цæуы, уый дæр не ’мбарынц сæ тарст, æнахъом удтæ:

*Ныр сабиты уынджы кæнынц.*
*Кæдæм? –*
*Нæ зоны уый иу дæр.*
*Æрмæст уый цыргъ æрцытæ зонынц,*

*æмæ дурзæрдæ лæгтæ, –*
*æрцытæ кæй къухты ис, уыдон.*

*Фæкæнынц сабиты уынджы –*
*зырнæджытау адаргъ сæ хал.*
*Сæ фæстаг фæндаг у –*
*фæстаг къахдзæфтæ ма кæнынц,*
*фæстаг хатт ма сæ гæккытæ исынц,*
*ыстæй уæд –*
*ис разæй сæ мæлæт,*
*æмæ йæм цæуынц,*

*бабызы ’нæзонд лæппынтау.*
*Фæкæнынц сабиты уынджы, –*
*’нæмбаргæ бабызтау адаргъ сæ хал.*

Сабиты уынджы кæй фæкæнынц «зырнæджытау» «’нæмбаргæ бабызтау» кæй адаргъ сты, афтæмæй кæй цæуынц, ноджы ма «уылынджыйас – бецъа» фрицы арцы фындзмæ кæй сæвнæлдта, цыма йæ мады æнгуылдз у, афтæ йыл кæй хæцы æмæ афтæмæй кæй цæуы, уыдæттæ ноджы цæвынц зæрдæйы дуæртгæ, – зæрдæтæ кæмæн ис, уыдонæн, – батонынц сæ. Кæнынц æнуд цъæхахст: «Цы ми кæнут, адæм?!»

Уыцы хъуыддаг æппæтхъом поэзийы дæр алкæй бон

нæу. Алкæй бон нæ, фæлæ тынг стæм поэтты бон бавæййы æнæхъæн зæххы къорийыл дæр.

Гафезы хъайтар-салдат хатт æгъатыр, æнæбарон уый тыххæй вæййы, æмæ йæ, сабиты марджыты хуызæн, адæймаджы удхортимæ кæй ис хъуыддаг. Уыцы цыфыддæр знæгтæй нæ кæй хъахъхъæны, уымæн у æнæрынцой. Сабырдзинад, рухс фидæн уымæй аразгæ кæй у, уымæн æй не 'вдæлы йæ ныййарæг мадмæ дæр.

Фæлæ уыцы хъайтары уд кæд хæсты цæхæры физонæг кæны, уæддæр æй æппынæдзух йæ бæллицтæ скъæфынц фæсчъылдыммæ, йæ райгуырæн Ирыстонмæ. Уырдыгæй йын нæй фæхицæн, йе «стыр райгуырæн бæстæн» уый уарзтæй хъахъхъæны йæ бартæ. Афтæмæй реалон хæсты, реалон бæстæйы бартæ хъахъхъæны реалистон хуызы, реалистон литературæйы.

Æвдисы йæ йе 'ппæт фыдтæ æмæ цинтимæ, йæ уарзт æмæ йе 'нæуынон хабæрттимæ. Уыцы хъуыдыйæн ирд æвдисæн у поэты хæстон æмдзæвгæты хуыздæртæй иу «Адджын у цард».

*Фæсабыр æрдз. Куыддæр фæхъус и бæстæ.*
*Цыма ныртæккæ ам нæ уыди хæст,*
*Цыма ызнаг нæ лæбурдта æд гæрзтæ,*
*Æрвнæрæгау цыма нæ нæрыд æхст.*

*Фæсабыр æрдз. Чысыл фæирддæр бон дæр.*
*Хур фæззæджы æнкъардгъуызæй кæсы.*
*Ыззарыд маргъ, ысхъырныдта йын бон дæр.*
*Фæцæрдхъом æрдз, – йæ комулæфт хæссы.*

Поэт, йæ бон куыд у, афтæ ныв кæны фæсхæст æрдзы бакаст. Уыцы æрдзы хъæбысмæ «уæззаугай цатгомæй æддæмæ фæлладæй» рацæуы æмдзæвгæйы лирикон хъайтар, зæххон мæлинаг уд. Хæсты азарæй нырма дæр зилы йæ сæр. Йæ разы цады уыны йæ тар сурæт.

Мæлæты дзæмбытæй йæхи ратонæг хæстонæн, – фæлæ йæ чи зоны, кæдмæ? – йæ зæрдыл æрлæууы йæ мад. Йæхинымæры ныхас кæны йемæ. Ничи зоны, йæ царды кæрон кæд æрцæудзæнис, фæлæ ууыл йæ мад хъуамæ йæхи ма хæра. Уымæн æмæ уыйхыгъд йæ царды нысан сæххæст

уыдзæнис. Йæхи нывондæн цæй тыххæй хæссы, уыцы бæллиц æрцæудзæн:

*Нæ зонын æз, атакæйы хæдразмæ*
*Кæмæ цы фæндтæ февзæры – æрмæст,*
*Мæнæн мæ хъуыды атæхы Кавказмæ,*
*Мæ уарзон Иры ауыны мæ цæст…*

*Цæйнæфæлтау фыдгул ызнаг Кавказмæ*
*Йæ чъизи къах æрбавæра, фæлтау*
*Салдат æрлæудзæн риуæмбæрц йæ размæ*
*Æмæ йæ мæлæт райсдзæни лæгау.*

Гафезы салдат Фыдыбæстæйы сæрвæлтау цæттæ уыдис кæддæриддæр лæгау мæлæт райсынмæ Лæгау, хæстон лæгау, кæддæриддæр мысыд йæ райгуырæн уæзæг, йæ ныййарæг мады.

Дыккаг Фыдыбæстæйы хæсты ирон поэттæ-хæстонтæн характерон уыд мады фæлгонц ныв кæнын: афонмæ хæдзары къуымты, дæ хъæбулы мысгæ, рафт-бафт кæныс; афонмæ цыхт ахсыс, æмæ йын къусы инджыны хай æвæрыс, афонмæ – афтæ, афонмæ – уфтæ…

Гафезы салдат хаты йæ мадмæ:

*Мыййаг, цынæ и… чи зоны, цы ’рцæуа...*
*Æгъатыр æмæ дурзæрдæ у хæст.*
*Мыййаг дæ, гыцци, сау дарын куы хъæуа,*
*Уæд азтæ – нæ, уæд иу афæдз æрмæст…*

(«Мыййаг, цынæ и…»)

Салдат-хъæбулы фæнды, йæ мад йæ амæлæты фæстæ йæ хъæубæсты æхсæн ма уа сæргуыбыр, ма цæуа сауты. Æгæрыстæмæй йæм хаты, цæмæй йæхицæн бауырнын кæна, «фыд-зонд, фыдахин» хъæбул ын кæй уыд, йæ мады кæй ферох кодта æмæ йæхицæн кæмдæр кæй цæры. Афтæ хъуыды кæнгæйæ ныййарæг мадæн æнцондæр уаид.

Фæлæ цард цард у. Царды рæстдзинады сæрты ахизæн нæй. Уымæн нæ уырнынц салдатæн йæхи дæр йæ ныхæстæ. Æмдзæвгæйы кæрон уымæн хаты йæ мадмæ:

*Мыййаг, цы нæ ис... ма мæ схон тæсзæрдæ.*
*Бырсæм та ногæй. Сыстад тохы уад.*
*Дæ мæт мæ и... Хуыцау, æхсар ын ратт!*
*Зын дын уыдзæнис иунæгæй мæ фæстæ...*
*Хъæбулы мæлæт бауром, мæ мад!*

Æмдзæвгæ «Æз нал дæн гас, гыцци, æз мард дæн»-ы та салдат бафыста йæ хæс. «Æппæт рæстаг дзыллæты циардæн» æй «зæххыл нал ныууагъта хæст». Уæддæр йæ мæлæт нæ уырны мады. Æнхъæлмæ йæм кæсы æрыздæхынмæ. Дзуры йæм: «Хъæбул, раздæх!». Фæлæ уый гæнæн нæй. Салдат дунейы адæмтæн æрхаста йæ сæр нывондæн, «цæмæй сын хæстæй ма уа тас!».

Поэт-салдат йæ тугæй хуыссын кæны хæсты зынг. «Дуртæ дæр цъыбыртты сыгъд кæм кæнынц», «зæрдæ хъуамæ ’хсоны сау къæртт» кæм феста, уырдыгæй хæстон æмбæлттæй алчидæр фæфыссы: «Æрцæудзынæн, æнхъæлмæ-иу мæм кæс» («Гыццимæ»), фæлæ Гафезы лирикон хъайтар-салдат йæ гыццийæн нæ кæны мæнг зæрдæвæрæн, — хæсты цалынмæ нык-кæна йæ быны, уæдмæ йæм нæ хъæуы æнхъæлмæ кæсын.

Фæлæ уæддæр поэты къухы мады сурæт иууыл ирддæрæй равдисын бантысы, Райгуырæн бæстæ æмæ мады фæлгонцтæ куы сиу кæны, уæд.

Цæфтæ, хъæдгомриу хæстонтæ тохы фæз куы ныууагътой, фæстæмæ куы цæуынц, лирикон хъайтарæн йæ зæрдæ «сар æмæ фыдуд» куы кæны, уæд ыл «хæстоны ’фсарм» «сау цæхæр ысуагъта». Уымæн æмæ:

*Фыдызæхх дзуры: «Тагъд цæугæ, цæугæ!*
*Уæ бæсты уал зындзинæдтæ быхсдзынæн.*
*Уадз баззайæд фыдгулы мад кæугæ! —*
*Уæ тугтæ уын мæ цæссыгæй ныхсдзынæн».*

*Цæуæм...*
*Фæлæ цæй зын у, о, цæй зын,*
*Куы дæм хъуыса ныййарæджы хъæрзын,*
*Æгады ном дæ развæдыл куы тыхса,*
*Дæ фыдызæхх та знаджы ’фхæрд куы быхса!*

(«Ныййарæджы хъæрзын»)

Джусойты Нафи поэты хæстон чиныг «Адджын у цард»-ы разныхасы уымæн зæгъы: «Поэтæн йæ ныййарæг мады

фæлгонц нæ хицæн кæны Райгуырæн бæстæйы фæлгонцæй, уымæн æмæ йæ фыццаг уарзон у Фыдыбæстæ».

Æцæгæй дæр, Фыдыбæстæ – ныййарæг мад, иу æмæ дыууæ хатты йыл не 'мбæлæм Гафезы сфæлдыстады. Ныфсы хос, тыхы хос ын у йæ Мад-Фыдыбæстæ. Ууыл куы хъуыды кæны, уæд ын тыхгæнæг тых нæ ары. Нæй йын басæттæн. Мад-Фыдыбæстæйы уарзт æй кæны размæ.

Поэты-салдаты хъазгæйæ куы фæрсынц, ома хæстæгхион дын куынæ ис, уæд кæй тыххæй у дæ тугкалд, уæд сын уайдзæфы хуызы зæгъы:

*Ды раст зæгъыс, кæй нæ мын ис нæ хæхты*
*Æфсымæр, хо æмæ æндæртæ,*
*Æмæ сæрбахъуыды мæ хъæрмæ*
*Мæ хиуæттæй кæй нæ фæзындзæн иу дæр.*
*Фæлæ йæ зон, кæй ис мæнæн зынаргъ Мад, –*
*Уый у мæ цард, мæ бон æмæ мæ цин дæр, –*
*Уый у мæ Райгуырæн, мæ бæстæ...*

Гафезы лирикон хъайтарæн Мад-Фыдыбæстæйы фæлгонц нæ хицæн кæны йæ цæстæнгасæй. Нæй йын сæфæн йæ зæрдæйæ. Æппынæдзух тæлфы йæ хъуыдыйы.

Тох куы фæци, бæстæ куы ныттар, æхсæв хæстонты куы нымбæхста знагæй, уæддæр сæ цатыр нæу æмыр, Гитарæйы кæуынмæ ризы. Йемæ кæуы 'мæ риссы Гафезы салдаты зæрдæ дæр. Йе 'мхæстон фæмард. Йæ фæндыр ныр кæйдæр къухты дзыназы.

Дзыназынц йæ тохы æмбæлтты зæрдæтæ дæр. Ницыуал сæм хъары. Æмæ та поэты зæрдæ йæхи аппæрста Мад-Фыдыбæстæмæ:

*Пец ыссырх. Фæлæ нæ тавы,*
*Судзы рухс. Фæлæ у талынг.*
*Чидæр нын нæ ныфсы давы –*
*Тала 'взонг рæбыныл ралыг.*

*Немæ нал уыдзæн. Æвзонг мад*
*Сау кæрдæн æмырæй райсдзæн.*
*Мад-Ирыстон! Сыстад карз уад, –*
*Цал лæппулæджы дæ байсдзæн!*

(«Тох фæци»)

Кæнæ:

*Зæрæхсиды тынтæ мæнæн*
*Уыдысты авдæны бæттæнтæ.*
*Æвзист ыстъалытæ фæлмæн*
*Ыскъæфтой хъарм уатмæ тæмæнтæ.*

*Уызта мæ мигътæй растгæ уад*
*Æмæ мын хæхты сагъæс зарыд.*
*Мæнæн у хохбæстæ мæ мад –*
*Æз æм хъæбулы зæрдæ дарын.*

(«Зæрæхсиды тынтæ мæнæн»)

Уыцы фæлгонц, Мад-Фыдыбæстæйы фæлгонц йæ цæргæйæ æппынæдзух уыдис йемæ. Йæ зæрдæ йыл никуы сивта. Ныв æй кодта æппынæдзух. Дардта йæм хъæбулы зæрдæ. Кодта йæ хъæздыгæй-хъæздыгдæр, рæсугъдæй-рæсугъддæр. Уыцы Мад-Фыдыбæстæйы сæрыл æгъатыр тохы йæ уд нывондæн хуымæтæджы куынæ хаста, мыййаг.

* * *

Гафезæн йæ дуг æргом дзурыны бар кæй сæрыл нæ лæвæрдта, афтæмæй йын æвæджиаг чи уыд, йæ царды дæр, йæ аивады дæр кæуыл тад æмæ руад, уый уыдис нæ мадæлон æвзаг – ирон æвзаг.

Уымæн æндæр гæнæн нæ уыдис. Йæ Фыдыбæстæ мады бынаты кæмæн уа, йæ Фыдыбæстæйы тыххæй йæ уд нывондæн чи хæсса, йæ цард-цæрæнбонты уымæн лæггадгæнæг куы уа, уæд йæ мадæлон æвзаджы уарзтæй цырагъау куыннæ хъуамæ судза! Æмæ ирон æвзаг, ирон уарзтæй Гафез, – æнæуый дæр цырагъы хуызæн лæг уыдис, – сыгъд цырагъау. Æрмæст иунæг дзырд «ирон»-æй дæр поэтыл кæсы хур, рухс ын кæны йæ фæндаг, у йын ныфсы хос.

Зæххыл цы тохтæ уыд, уыдоны фыддæр куы ралæууыд, хотыхтæ иууылдæр æмбугæнæг куы систы, хæстонтæн сæ сæрмæ мигъ бады æви фæздæг, уый куынæуал хатынц, сæ удтæ зындоны куы балæууыдысты, уæд сын мæлæты мæт кæнæ сагъæсæн нал уыд рæстæг. Æмбæрстой иунæг хъуыддаг: «Хъуыдис ыстын... Дæ марæджы джебогъыл ахæсс. Хъæуы йæ хурх кæнын, æхсын». Æрмæстдæр сын афтæмæй

уыдис фервæзæн. Æмæ сæ гуыбынты цъарыл бырыдысты. Æрмæстдæр сын æрмхæсты бацæугæйæ уыдис рамбулæн…

*Æрмæст нæ уыди сисæн онтæн…*
*Æмæ бырæм… Фæлæ мæ хъус*
*Æрцахста иу ныхас: «Ирон дæн!» –*
*Æмæ зындонмæ бакаст рухс –*

*Нæ хæхтæ Джермугъ, Хъогъет, Сирнад,*
*Нæ хъæутæ – Уанел, Сидæн, Дзау…*
*Цыдæр æнахуыр уад мæ систа,*
*Æмæ фæзынд хæсты Хуыцау:*
*Æзды нæмыгау судзгæ тахтæн,*
*Мæ фæдыл батальон бырста.*
*Æмæ фыдгул, цы фыд ныууагъта,*
*Уый рондзæй, сау тугæй фыста.*

(«Уæззау хæсты»)

Поэт-салдатæн иунæг дзырд «ирон» лæвæрдта уыйбæрц хъару, уыйбæрц ныфс. Стæй æрмæст уæззау хæсты нæ, сабыр цард аразгæйæ дæр. Гафез кæд нæ интеллигенцийы иууыл раззагдæртæй уыдис, уæддæр йæ амæлæты бонмæ баззад нæ Фыдыбæстæйы поэт-салдатæй. Уыимæ йæ тыхæн нæ уыдис басæттæн – æппынæдзух æй хъомысджынæй-хъомысджындæр кодта ирон дзырдæй.

Поэт æгæр хорз дæр зоны, мадæлон æвзаджы хъармæй куыд рæзы адæймаг, Фыдыбæстæйы куыд рафтауын кæны дидин, дунемæ куыд фæзыны бæрзондæй æмæ йæ лирикон хъайтар цуанон лæг бады хъуазы сихы – æвзонг мады «фæрныг уаты». Кæсы, фысым куыд узæлы йæ чысыл фыртыл:

*Ацыцытæ ’мæ ло-лотæ,*
*Пъа, хъæбыстæ, зарын…*
*А-тæ, цинтæ æмæ о-тæ,*
*Урс æхсыр ын дарыс.*

(«Хъуазы сих»)

Уыдæттæм кæсгæйæ уазæджы цæстытыл уайы, саг йæ роды куыд фæхъомыл кæны. Уымæн йæ уды цыдæриддæр ис, уый раттыны тыххæй йæхи куыд рауæлдай кæны, цæмæй сабыр рæстæджы дæр, тæссаг уавæры дæр йæ туг уа йæхи бавæрынæн. Цæмæй алцæмæй дæр уа æххæст:

Æмæ катай кæны лирикон хъайтар:

*Саджы лæппынтæ сæ мадæй*
*Алы ’ууæл дæр райсынц.*
*Халæмдих вæййынц сæ уадæй,*
*Халæмдих – сæ уастæй.*

*Уæд сæ фырт та?*
*Уадз йæ мадæн*
*Сæххæст уæд йæ фæндон:*
*Уæд Фыдыбæстæн лæггадæн,*
*’Хсарджынтæн сæ фæдон.*

*Фæлæ цот цæмæй уой иумæ,*
*Ма сæ ссæнда се знаг,*
*Дар сын дзидзийы хъуырттимæ*
*Ды дæ намыс, де ’взаг.*

Поэт тынг хорз уыдта æмæ тынг хорз зыдта, сæхи нын æфсымæртæ чи хуыдта, уыдон нын сусæг-æргомæй алы æфсæнтты нæ комы не ’взаг куыд хус кодтой. Цæмæй нæ кæрæдзийыл ма хæцæм. Цæмæй нæ кæрæдзи ма ’мбарæм, цæмæй нæ сæ къæхты бын ссæндой æнцондæрæй.

Уыдæттæ тынг хорз зыдта поэт! Æмбарын æй кодта ирон мадæн. Стæй ирон фыдæн дæр. Фæлæ æвзаджы хиæдтæн бынтондæр чи ницы æмбары, афтæмæй абон ирон æвзаг, нæ фыдæлты рæсугъд, зæлланггæнаг æвзаг чи ратон-батон кæны, хъæутæ, къуымтыл æй чи дихтæ кæны, уыдонмæ Гафезы фыстытæ, йæ сагъæс Соросы доллæрты æрттывдæй нæ зынынц, æмæ не знаджы куыроймæ уадзынц дон.

Афтæмæй, фæнда дæ æви нæ, уæддæр поэтимæ хъуамæ кæнай æмсагъæс:

*Мæ нæртон æвзаг!.. А-зæххыл кæй уарзын*
*Æппæты фылдæр, чи мын у æрдаг,*
*Цæмæн сæвæрд уый базары тæразыл,*
*Цæмæн ысси кæмæндæрты дзырддаг?!.*

(«Ме ’взаг»)

Абон цæмæн лæууы «базары тæразыл, цæмæн ысси кæмæндæрты дзырддаг», уый армывæрдау разындзæнис, «Со-

росы фондæй» мингай, дæсгай мин доллартæ чи исы, уыдон æмæ сæ хæстæджыты, стæй ирон æвзаг «базары тæразыл» чи æвæры, уыдон номхыгъдтæ искуы æххæстæй мыхуыр куы æрцæуой æмæ сыл куы ахъуыды кæнæм, уæд.

«Цæмæн ысси кæмæндæрты дзырддаг», уымæн та Гафезы дуджы дæр æмæ ныр дæр йæ нысаниуæг у иу: рагæй фæстæмæ нæ чи хæры, уыдонмæ, нæ зæххытæй фыдæлтæй нырмæ цы фæтона æмæ 'взона кодтой, уый фаг нал кæсы – скуыстой сæ ахсæнтæ, – æмæ нæ аныхъуырынмæ хъавынц, нæ зæххытæ æмæ нæ истори сæхи бакæныны тыххæй. Не 'взаг нын къуыхтæ кæнынц, сæ хуылфы цæмæй дихтæ, лыгтæй æнцондæрæй батайæм.

Поэт уыдæттæ хорз зыдта, дзургæ дæр сыл кодта æмæ-иу ратæр-батæрты дæр бахаудта, фæлæ уæддæр йæ сагъæсы кæрон нæ зынд. Диссаг æм каст: рæстæджы фыдæвзарæнтæн чи ныффæрæзта, уый абон барвæндонæй куыд цæуы хуыдуг?

*Цы кæна уый ныр уалдзæджы къæсæрыл, –*
*Куы нæу, мыййаг, фыдвæтк тауæг, хæцæг?*
*Ысхæцыдысты дидинтæ сæ сæртыл, –*
*Цæмæннæ уадзæм, калой нын хæрздæф?..*

*Тындзыдта нæм фæздæгæй тыхт æнусты,*
*Зынвæндæгтыл мæлæты фæстæ хызт.*
*Куы скасти хур йæ къабæзтыл, йæ рустыл,*
*Куы фесæфтысты тар дуне, йæ хъызт,*

*Уæд иуæй-иутæ ауазынц йæ развæд,*
*Æвæрынц цъутта ме 'взагыл мæнæн.*
*Æз та зæгъын: мах размæ цæуæм, размæ!*
*Ирон æвзаг кæйдæр фæндæй нæ равзæрд,*
*Нæдæр ын и кæйдæр дзырдæй мæлæн!*

Æмдзæвгæ ныффыссыныл бирæ дæсгай азтæ рацыд. Уæддæр не 'взагмæ, хъыгагæн, нырма кæсæм фыды усы цæстæй. Куыд «лæгдæрæй» йæ раскъуын-баскъуын кæнæм, куыд «тыхджындæрæй» йæ нæхицæй дардмæ зыввытт ласæм. Фæлæ дзы нæхи атонæм, уый дæр нæу нæ бон. Ирон æвзаг нæ ивгъуыд дæр у æмæ нæ абон дæр, нæ фидæн дæр у æмæ нæ фарн, нæ сæрыстырдзинад, нæ хъæздыгад дæр.

Кæд бæрæг-бæлвырдæй нæма зонæм – кæм æмæ кæд райгуырдысты не ’взаджы зæллангтæнаг зæлтæ, «цы быдыры сæ систæуыд бæрзонд»; кæд махмæ не ’рхæццæ, ирон зарæджы зæлтæ «хъал равджы æви зындоны» «лæппу систа æви зæронд», хъæздыг æви мæгуыр, фыййау æви хæстон, уæддæр сæ хурварс бады Гафезы лирикон хъайтары зæрдæ:

*Ды дæ мæ цард,*
*мæ сулæфт æмæ зонд,*
*Мæ бæллицтæ,*
*мæ сагъæстæ,*
*мæ кайын,*
*Мæ удыгъæд,*
*Мæ рис*
*æмæ мæ конд.*
*Æнæ дæу æз*
*рæуæг сис дæн,*
*хъæмпы хал,*
*Дæуимæ та –*
*цæрдхъом æмæ*
*зæд дæн.*

(«Ирон зарæг»)

Цæрдхъом, уæлдайдæр, зæд кæй фæрцы дæ, уый дын чи ныууагъта, уымæй куыннæ хъуамæ уай сæрыстыр! Поэт сæрыстыр у йæ фыдæлтæ-скифтæй. Разы у сæ цардæй дæр, сæ тохæй дæр, сæ куыстæй дæр: «Кæд уыдис цард йæ фæндиаг лæгæн?» Скифæн дæр йæ «разы алкæд карз ызнаг лæууыд», абоны цард аразынмæ йæ не ’вдæлд, фæлæ тохы, стæй сабыр куысты æрдаг кæй уыдис, уымæй дзы бузныг у йæ дард фæдон. Ноджы разы та дзы у, царды иууыл сæйрагдæр цы у, уый нын кæй ныууагъта, уымæн:

*Ды нын ныууагътай царды сæр–æвзаг,*
*Æмæ æхсар – лæджы рæсугъддæр фидыц.*
*Хæссæм сæ мах,*
*Æндæртыл сæ нæ ивæм, –*
*Нæ карды бын*
*Сæргуыбыр у ызнаг.*

(«Скифмæ»)

Мадæлон æвзагæй мадæй уæлдай нæй. Йæ мадæлон æвзаг йæ уды æхцондзинадыл чи баива, чи йæ ауæй кæна, чи йæ аппара, уымæн зын нæу йæ мады баивын, ауæй кæнын, аппарын дæр. Мадæлон æвзагæн лæггад кæнын ныййарæгæн, Фыдыбæстæйæн лæггад кæнынæй ахсджиагдæр у.

Ирон æвзагæн æцæгæй чи лæггад кодта æмæ кæны, уыдонæн Гафезы зæрдæйы сæрмагонд бынат уыдис лæвæрд. Кæддæриддæр сæ хъулон уарзтæй уарзта, лæггад сын кодта. Йе сфæлдыстады дæр сын сæрмагонд бынат ис. Мыхуырмæ сын цæттæ кодта сæ чингуытæ. Се сфæлдыстад, сæ цардыл сын фыста уацтæ, æмдзæвгæтæ. Бирæты сæ скодта фыды хъомыл.

Йæ уацмысты сæм бирæ зæрдæйы хъарм нывæрдта. Ирон дзырдыл кæй аудыдтой, уый тыххæй сын уыд йæ зæрдæ гом, æмæ йæ æмбæхсын нæ уыдис фыддуджы дæр йæ бон. Абайты Васойæ уымæн зæгъы:

*Куы сыста арт Ирыстоны æрнæгыл,*
*Куы хуыдуг кæна адæймаджы хъызт,*

*Тас нæу уæддæр дæ дзырдамад мæсыгæн, —*
*Æнус-æнусты ’нæхæлгæ лæудзæн.*
*Ирон лæг ын йæ ирд тæмæн, йæ зынгæй*
*Йæ фæндаг ардзæн, онгрогæй цæудзæн.*

(«Абайты Васойæн»)

Æмæ диссаг куыд нæу – Хуыцауæй йæхицæн кæд никуы ницы ракуырдта, уæддæр, ирон æвзагæн æцæг хъæбулы лæггад чи бакодта, йæ цард ын æнæхъæнæй чи снывонд кодта, уый тыххæй поэт байтыгъта йæ тæрттæ æмæ йæ зæрдæйы дуæрттæ:

*Æз никуы куывтон дауджытæ ’мæ зæдтæм, —*
*Дæ тыхсты бон уром æмæ йæ быхс!*
*Фæлæ ныр кувын дунеты хуыцæуттæм,*
*Куыд дын раттой цæрæнбон æмæ тых.*

*Куыд кæна ’взонгдæр, рогваддæр дæ гени,*
*Куыд дæ хæсса æндæр ысгуыхттæм цырд.*
*Дæ рухс фæндтæ æххæстæй ды куыд фенай,*
*Куыд самайай дæ цардæгасæй цырт.*

Æмæ нæ зонады генийыл цыма æцæг поэты арфæ æрцыд.

Уый диссаг нæу. Иуæй-иу ахæм адæймæгты ратты нæ рафæлдисæг, — табу йæхицæн, — æмæ йæм фехъуысы сæ зæрдæбын дзырд. Мæн дæр уымæн уырны поэты зæрдæйы арфæй рацæугæ хъуыды:

*Ирон æвзаг кæйдæр фæндæй нæ равзæрд,*
*Нæдæр ын и кæйдæр фæндæй мæлæн!*

Уæддæр æмæ уæддæр, мадæлон æвзагæн хъæуы табу кæнын. Нæ фыдæлтæ, нæ мадæлон æвзаг нын чи ныууагъта, нæ уыцы фыдæлтæ, нæ адæм æмæ фæстагæтты, стæй ныл нæхи раз ис стыр бæрн, цæмæй нæ иууыл стырдæр хæзна — не 'взаг рæвдауæм æмæ йын аразæм рæзыны фадæттæ. Куы бахъæуа, уæд æй хъуамæ æвæрæм Хуыцауы цъуппыл дæр. Стыр хъыргъызаг фыссæг Чингиз Айтматов уымæн загъта: «Махæй алкæуыл дæр ис хъæбулы хæс, цы адæм нæ радта, тæккæ стырдæр исбон — æвзаг нын чи ныууагъта, уыдонæй: хъуамæ йæ сыгъдæг дарæм, хъуамæ йæ хъæздыгдæр кæнæм. Ахсджиаг хъуыддаг у гæнæн æмæ амалæй алыгъуызон æвзæгтæ фылдæр бахъахъхъæнын»[1].

Нæ мадæлон æвзаг уыцы бынаты чи æвæрдта, уыдон алыхатт дæр стыр нымады уыдисты Гафезмæ. Ирон адæймагæн, æцæг ирон адæймагæн, йæ зæрдæйы рæбинагдæр къуымы, йæ хъуыдыйы арфдæр бынаты фæлæууы, ирон дзырдтæ-налмастæй налхъуыттæ æмæ дзындзы фæрдгуытæ чи сарæзта, ирон дзырдтæй хуртæ æмæ мæйтæ чи скæсын кодта, ирон дзырдтæй фат æмæ æрдын скæнын кæмæн бантыст, нæ уыцы Хуыцауыхай Къоста. Иры зæххыл та кæд исчи æцæг иронæй фæцард, уæд сæ Гафез фæстæдæр никæмæй фæлæууыдаид, сæ разæй кæд нæ цыд, уæддæр. Къостайæн йæ риуы иууыл стырдæр бынат уымæн уыдис.

Поэт æгæрон уарзтæй уарзы йæ сахар. Фæнды йæ, æппынæдзух ыл куы цин кæнид, йæ уындæй куы сæттид йæ цæстыты дойны. Уæлдайдæр, æхсæвыгон, сахар куы ныссабыр вæййы, уæд. Алцыдæр ын дзы зынаргъ у. Фæлæ йæ иууыл тынгдæр фæскуыст йæ зæрдæ фæхæссы йæ уарзондæр бынатмæ.

---

[1] Кæс «Литературная газета», 1986, майрæмкуадзæны мæйы 13-æм бон.

Уый тыххæй йæхæдæг афтæ зæгъы:

*Фæлæ цахæмдæр сусæг тых фæсайы*
*Æрвыл хатт дæр, поэт, дæ цурмæ мæн;*
*Фæфæнды мæ, æнусбонтæм куы уаин*
*Цырагъдарæй дæ цырты раз дæуæн.*

(«Мæйрухс æхсæв куы ’рсабыр вæййы бæстæ...»)

Стыр адæймаджы цырты раз цырагъдарæй лæууын бынтон ног загъд нæу. Нæ поэт æй кæд фыдæлты загъта, уæддæр æй уый фæстæ тынг бирæ фæзмджытæ фæцис æмæ ис. Сюжет афтæ схематикон сси, æмæ диссæгтæ куы хауой дæ дзыхæй, уæддæр дæм нал хъардзæнис сæ рæстдзинад. Уыдон дæр дæм кæсдзысты шаблонау æгъуыз, æнад.

Фæлæ Гафезы дзырдтыл адæймаг нæ дызæрдыг кæны. Уæлдайдæр, литературæйы цы мæсыг самадта, уый рудзынгæй дæ бон чысыл бакæсын куы бауа, уæд: йæ царды æппынæдзух æцæгæй лæууыди цырагъдарæй Къостайæн.

Æрмæст йæхи, йе сфæлдыстадыл ын нæ кодта цæрддзу – нæ табуйаг адæймаджы номимæ цыдæриддæр уыдис баст, иууылдæр йæ удыл уыдысты ныхæст. Царддæттæг уалдзæджы сонт зæрдæйы худын æмæ хъазынæй дарддæр куы ницы æндавы, уæд уымæ та «Къостайы цырты раз» райгуыры диссаджы аив æмдзæвгæ. Цыбыр, фæлæ аив æмдзæвгæ. Гуыргæ та ракæны нæ поэтмæ йе стыр уарзтæй! Йæ кæрон у афтæ:

*Мæнæ Къостайы бæрзонд цырты раз*
*Стонг сæныкк хизы зæрдиагæй тауыл.*
*Гъе, мардзæ, зæххау куы фестин нæртон!*
*Туггарз куынæ дарин ме ссаргæ исмæ,*
*Ацы дзыгыйæн*
*дæ зæрдæйы тæгтæ æртон,*
*Науæд*
*дæ риуыл адджынæй уый хизæд.*

(«Уалдзæг»)

Иугæр «Къостайы бæрзонд цырты раз стонг сæныкк хизы зæрдиагæй тауыл», æмæ поэтау дæуæн дæр садджын, ды дæр дæ цæттæ дæ зæрдæйы тæгтæ йын æртонынмæ, уæд уацмыс æцæг фесгуыхт.

Ахæм æнтыст – аивадон æнтыст – йæ къухы æфтыд, æппынæдзух поэтикон хæтæнты кæй цыд, йе сфæлдыстадæн характерон чи уыдис, ахæм поэтикон деталтæ-иу кæй агуырдта æмæ аргæ дæр кæй кодта, уый тыххæй. Фæлгонцты фæрцы йæ бон уыдис чиныгкæсæджы хъуыды кæныныл æфтауын.

Къостайы цырт ын дур нæу, фæлæ зымæгон тымыгъы ивгъуыдæй абонмæ æрцæуæг минæвар. Йæ уæззау дуджы цæмæ бæллыд, уыдон абон куыд сæххæст сты, уымæ кæсгæйæ: «Къоста лæууы Ильичы тæмæн рухсы æмæ йæ цæссыг сусæгæй кæлы».

Дыууæ æмбаст деталы фæрцы, – «Ильичы тæмæн рухсы» æмæ «йæ цæссыг сусæгæй кæлы»-йы фæрцы, – базонæм поэты зæрдæйы уаг.

Нæ кад æмæ намысы тыххæй цы уацмыстæ ныффыста поэт, уыдонæй ахæм æнтыстыл банымайæн ис ноджыдæр «Ирон фæндыр».

Ирон салдат Фыдыбæстæйы хæсты æвзыгъдæй бæргæ уад размæ, знæгты цагъта, бирæ йæ нал хъуыдис стыр Уæлахизы бонмæ, фæлæ, удхæссæгау топпы нæмыг куырм у. Кæуыл сæмбæла, уымæн хатыр нæ кæны. Нæ батæригъæд кодта ирон салдатæн:

*Æваст æрхауд, йæ туджы малæй*
*Æгасæй сахуырсти йæ гуыр...*
*Фæлæ ма систа уый йæ тарæй*
*«Ирон фæндыр».*

Хуыздæр æмбал, хуыздæр уарт, хуыздæр хотыхæн æй фæхаста Ирыстонæй йемæ. Æмæ нæ фæрæдыд. Йæ ныффсыл ын æфтыдта ныфс, йæ тыхыл – тых. Цыфæнды æрдхордæй йын æрдхорддæр уыд. Уый тыххæй йæм æвнæлдта узæлгæ къухæй. Йæ цинæй карз тохмæ бырста. Цыма йæ цæсты гагуы уыдис, афтæ йæ хъахъхъæдта. Алцæмæй дæр ын тарст. Алцæмæй дæр æй хызта.

*Фæлæ йын ныр фыддæр фæтарсти:*
*«Мыййаг мын ма ныскъуыдтæ уæд».*
*Йæ цæф, йæ тугкалдмæ нæ касти,*
*Уыди йæ чиныгыл йæ мæт!*

*Фæлæ ма цы? Фыдгулы къухæй*
*Йæ астæу ахызти нæмыг,*
*Æмæ дзы иу сыф дæр йæ тугæй*
*Нæ уыд æнæ ахуырст, нæ уыд.*

*æруагътой сæ сæртæ сæ риуыл,*
*кæй нал ысты а-царды зиуы.*
*Дæ хоры æфсиртау куыдтой,*
*сыд хоры æфсиртау,*
*цæрæнбон куырдтой,*

(«Дзесты Куыдзæгæн»)

Æмæ сæхимæ карк дæр чи не 'ргæвста, уыцы Хуыцауы сконд адæймаг Дзаттиаты Пъаулейæн Сыбыры, хæсты рæстæджы, удæн циндзинад чи хæссы, уыцы наз бæлæстæ куыд калын кæнынц, ууыл цы зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæ ныффыста – «Дард Сыбыры»!

Кæуылфæнды фыстаид Гафез – Къоста, Абайты Васо, Дзесты Куыдзæг, Дзаттиаты Пъауле, Джусойты Нафи, Нартыхты Михал, Бестауты Гиуæрги... – бахъавыд-иу сæ алкæмæн дæр йæ уды хъулæттæ раргом кæнынмæ. Аргъ сын кодта, Ирыстон æмæ сæ ирон адæм, ирон æвзагæн чи цы лæггæдты цыдис, уымæ гæсгæ.

Æмæ уыимæ, уыдонæн кадгæнгæйæ, йæ раттæг адæмæн йæхæдæг кодта тынг стыр лæггæдтæ. Абон нæ адæм æххæстæй кæй нæма зонынц, афтæмæй нын æнæмæнгхъæугæ чи сты, ахæм лæггæдтæ.

* * *

Гафез царды дæр æмæ литературæйы дæр сæйраджы сæйраг уыдис реалист æмæ æвдыста реалон дуне. Зæххы цъарыл, стæй уæлдæфон тыгъдады дæр, адæймаг иунæг никуы уыдис æмæ нæу. Æмæ поэтæн, дунейы цыдæриддæр хорзæй ис, уыдоны уынд у æхцон. Хæссы сæ йæ уацмыстæм, цæмæй йæхийау махæн дæр хæссой цин. Æмæ йæ хæссынц:

*Фæцæуын æз иунæгæй. Бæстæ*
*У, раздæрау, сабыр, æнцой.*
*Ызмæлынц сæхимидæг хъæстæ,*
*Ызмæлы йæхимидæг цъой.*

*Мæ иувæрсты сонт суадон уайы,*
*Мæ зæрдæ мын хъыдзы кæны.*
*Рæуæгвад мигъ арвыл фæллайы,*
*Йæ цæнгтæ æруагъта мæныл.*

(«Фæцæуын æз иунæгæй»)

Ӕрдз йæхимæ æлвасы алкæй дæр, хæссы нын зæрдæйы æхцондзинад, дæтты нын æнæниздзинад, фæлæ алкæй бон нæ вæййы йемæ сæмуд уæвын, йæ цин æмæ йын йæ рис æнкъарын. Ӕнæуый та йын нæй æххæстæй æмбарæн, риуыдзаг цин дзы сулæфæн.

Зæххы къори йе 'ппæт дæттæ, хъæдтæ, хæхтæ, быдыртимæ у дун-дунейы цæсты гагуыйы хуызæн. Адæймаг — йæ иунæг иу хай, фæлæ дзы уыны йæхи.

Зæххы къори та адæймаджы зыны кæсæнау. Уыимæ, мах — адæм куыд алыхуызæттæ стæм, афтæ нæ зæххы къори зыны алыгъуызонæй, нæхæдæг дæр дзы зынæм алыхуызæттæй æмæ нæхихуызæттæй. Ӕрдзмæ нæ чи цы зæрдæимæ фæцæуы, йæхæдæг дæр афтæмæй æрбынат кæны нæ удты. Гафез Ирыстоны алæмæтон æрдз уымæн уыдта йæхирдыгонауæй.

Къæвда афтæ аныв кодта:

*Арв ныннæрыд,*
*Арвы рæхыс ферттывта, —*
*Райдыдта та Уацилла йæ хъазт:*
*Кæм æрхуыссынц,*
*Кæм ыссудзынц йе 'ртытæ, —*
*Ногсæрст рæхыс аскъуыдтæ, ныссаст.*
*Фæлæ суры, скъæры*
*Фосы дзугтæ — сау мигътæ,*

*Зæххы сæрмæ фестдзысты цыхцыр.*
*Стонг быдыртæ,*
*Фæзтæ æмæ хус тигътæн*
*Дуцдзæни мылаз мигътæй æхсыр.*

(«Арв ныннæрыд...»)

Алкæй уды дæр нæ æрдзы хуызтæ тæлфынц, улæфынц, фæлæ алкæмæ уыцы амонд не 'рхауы, æмæ сæ æнкъара йæ зæрдæйы хъустæй, уына сæ йæ зонды цæст. Зæххы цъарыл, æвæццæгæн, удæй æрдзимæ йæ бон сиу уæвын кæмæн у, йæхи æрдзы кæцыдæр нуарæй чи хаты, уымæй амондджындæр адæймаг нæй. Ахæм амондджын уæвын йæ бон æрмæстдæр свæййы, йæхи рисау æрдзы рис йæ зæрдæмæ арф чи фæисы, уымæн.

Уыцы амондджынтæм фыццаг хауынц сабитæ æмæ, аивады кусæджы зæрдæимæ кæй ратты не Скæнæг, уыдон.

Стыр уырыссаг поэт Михаил Лермонтов тынг раст дзырдта: «Удаляясь от условий общества и приближаясъ к природе, мы невольно становимся детьми: все приобретенное отпадает от души, и она делается вновь такою, какою была некогда и, верю, будет когда-нибудь опять»[1].

Нæ поэты бон уыдис, удæй æрдзимæ сиу уыдаид. Къостайы цæсты раз тауыл зæрдиагæй цы стонг сæныкк хызт, йæ лирикон хъайтары уымæн уый тыххæй фæнды йæ зæрдæйы тæгтæ æртонын, Дзаттиаты Пъаулейæн Сыбыры ахстæй уымæн нæ тасы йæ къух наз бæлас ракæнынмæ. Æрдз зæрдæйæ кæй æнкъардта, йæ аивтæ радæттын уымæн æфтыд йæ къухы:

*Фæгæмæх тигъ, фæбур и сыфтæр,*
*Фæлæ ма хъæд нырма у хъарм.*
*Мæ зонгæ æрдузмæ ыссыдтæн:*
*Æвзонджы рагбонтæ æнкъар.*
*Фæндыди мæ, кæддæрау, лидзын,*
*Хъæртæ, æрра митæ кæнын,*
*Сыфтæрты 'хсæн æхсæртæ уидзын,*
*Лæппын арсау — рыхын, кæлын.*
*Фæлæ мæм хъæд æркасти джихæй,*
*Уыдис йæ хуыз æрхæндæг, тар,*
*Зæнгæй-зæнгмæ улæфыд ихæн*
*Æмæ сæм хаста сусæг зард.*

(«Хъæды»)

Æмæ дарддæр раргом вæййы, лирикон хъайтары уыдæттæ кæнын цæмæн «фæндыди», аразгæ сæ цæмæннæ кодта; хъæд æм цæмæн æркаст джихæй; цæмæн «уыдис йæ хуыз æрхæндæг, тар»! Афтæ ма базонæм, бæласы зæнгæй-зæнгмæ цы ихæн улæфыд æмæ сæм цы сусæг зард хаста, уый дæр:

*Хур къалиутыл ныппырх, ныдздзæгъæл,*
*Æрхиза зæхмæ — тых фæци.*
*Æрдхæрæны фæлыст нызгъæлæн,*
*Цыма дзы тугкалæн хæст цыд.*

---

[1] Лермонтов М. Ю. Собр. соч. в 4 т. М., 1968, т. 4, 382-æм фарс.

*— Хъæд, «ало-ло кæ», — дзурын, зарын, —*
*Ды макуы у æмыр, æнкъард.*
*Дæумæ æвзонджы зæрдæ дарын*
*Æмæ зæрондæй баком зард.*

Поэт фæззыгон хъæд, фæззыгон хур æмæ зæры кар æрæвæрдта иу уавæры. Æвдисы нын, сæ фæндонмæ гæсгæ кæй нæ вæййы сæ хъару, фæлæ сæ зæрдæтæ уæддæр кæй вæййынц иу. Ома, сæ кæрæдзийыл сæ кæй фæфæнды фыццагау тайын æмæ руайын.

Поэт йæ Фыдыбæстæйы стыр патриот кæй уыдис, уымæ гæсгæ йын йæ фыдыуæзæгæй исты кæнæ искуы адджындæр суыдаид, ууыл адæймаг хъуыды дæр куыд акæндзæнис! Йæхæдæг уый тыххæй афтæ зæгъы:

*Нал дæн æвзонджы бонты… Рæстæг*
*Мæн ыскъæфта базыртыл цæрдæг.*
*Федтон хæхтæ, быдыртæ ’мæ фæзтæ,*
*Федтон дзаг хур, мæй — мæ гуылы ’рдæг.*
*Цал изæры арвыстон æз балцы,*
*Зæрдæ сæ куыннæ кодтаид рухс!*
*Мæргъты зард — сæдæхъæлæсон вальсы*
*Дард бæсты куыннæ ахстаид хъус?*
*Фæлæ æз… Æз не ’ппæлын мæ хъæуæй, —*
*Ахæм изæр ис æрмæстдæр ам.*
*А-зæххыл мæн хорзагæй цы хъæуы —*
*Уалдзыгон сæрдыгон изæр, хъарм.*

(«Уанелаг изæр»)

Гафез æрдз, æрмæст куыд у, афтæмæй, ома æрмæст объективонæй не ’вдыста, фæлæ йын æрдзы афыст ссис аивадон амал — уый фæрцы йын æнцондæр уыд йæ дзуринæгтæ æргом кæнын.

Райгуырæн зæхх ын æрмæст «уардигъуыз æврæгътæ, ’хсæрдзæнтæй уымæл къæдзæхты рухс, галы рагъау, къуыпп-дзыхъхъытæ рæгътæ, хæхты сæртæ царды мæтæй — урс» нæу. Йæ райгуырæн зæхх у йæ зæрдæ. Стæй йæ райгуырæн зæхх æрмæст йæхицæн, æрмæст йæхи удæн нæ хъæуы. Поэт кæд цардсафæг, марæг фашистмæ æгъатыр у, уæддæр ын йæ мæлæтыл нæ райы, у гуманист. Йæ цардæй,

фыдхæстæй чи тыхсы, рæстæг кæнæ арв кæй домынц, уыдон сæ хæлар зæрдæ сæ армы дарæнт, уыййеддæмæ бакæнæнт Иры дуæрттæ æххæстæй, цæмæй бафсæдой йæ рæсугъдæй («Райгуырæн зæхх»). Бурхох тар, тызмæг цæмæн у, мæлæт ын кæд нæй, уæддæр кæй тæрсы, уымæн ис æфсон – йæ разы атомы мигъ сыстад, æмæ йæ зæрдæ нал ары æнцой – «Ныр хæхтæ дæр сæрхъызой систы, – Сæ цоты рухс фидæн – сæ кой» («Бурхох»).

Афтæмæй Гафезæн йæ бон уыд æрдзы нывтимæ йæ зæрдæйы дзуринæгтæ адæмы размæ аивадондæрæй хæссын. Фыдыбæстæйы хæсты тæккæ тæмæны фыста зæрдæрисгæйæ:

*Хур дæр нал у хуры хуызæн ирддзæст,*
*Тарæрфыг, мæстæлгъæдæй кæсы.*
*Цыма йын фыдхæсты фестæм ивддзаг,*
*Наухæд нæм уæззау азым хæссы.*

*Туджы зæйтгæй райсомæй ысзыны,*
*Туджы ’ргпæхæй бон нывæнды тын.*
*Райдзаст хур, нæ хъыг æмæ нæ зыны*
*Ма баком нæ фыдгулæн сæттын!*

(«Хур дæр нал у хуры хуызæн ирддзæст»)

Поэт, æгæрыстæмæй, æрдзы искæцы афоныл куы фæфыссы, уæддæр æй бæтты царды змæлдимæ – исты цау кæнæ фæллоимæ. Афтæмæй уацмыс свæййы ноджы зæрдæмæдзæугæдæр. Уæлдайдæр æм зæрдæйы фаг куы фæкæсы поэтикон деталтæ æмæ ирд фæлгонцтæй, уæд. Уыцы аивадон фæрæзтæй пайда кæнынмæ Гафез арæхст сæрибарæй. Æмæ сæ пайда кодта.

Фæззæджы хæххон лæг кæд алы хатт дæр тыхст вæййы, йæ къухтæм æмхасæнтæ фæкæны, уæддæр ын поэт ссардта, йæ зæрдæмæ цы цины хур фæкæсы, уый, æмæ йын йæ тынтæй рухс кæны чиныгкæсджыты зæрдæтæ дæр:

*Кæри мусы æппары, фæйлауы,*
*Дымгæ хохæй йæ улæфт хæссы.*
*Ставд, сырх мæнæу йæ базыртæй дауы,*
*Хъазгæ, зилгæ ыскъæфы йæ сыг.*

*Мæнæу зæхмæ гагагай ызгъæлы,*
*Кæри размæ ызмæлы, быры,*
*Цыма чидæр фæрсудзы сыгъзæрин*
*Ногконд мусы зиллаччы гуырыл.*

(«Фæззæг, фæззæг...»)

Æмдзæвгæ, уадындзы зæлтау, уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр, зæлланггæнагдæр, аивадондæр кæнынц, цы «æнæнхъæлæджы» мидрифмæтæ дзы ис, уыдон, кæд бынтон ирд æмæ тыхджын не сты, уæддæр: «æппары» — «фæйлауы», «хъазгæ» — «зилгæ», «ызмæлы» — «быры»...

Гафезæн йæ æрдзыл фыст уацмыстæ æмбулынц уымæй дæр, æмæ йæм дæттæ, бæлæстæ, мигътæ, хур... алцыдæр, алцы — кæй зонынц хъазын, худын, улæфын, дзурын, зарын, уынын, риссын... Сæ цин, сæ сагъæс фæиу кæны нæ цин æмæ нæ сагъæстимæ. Æрдзы махæн уыйбæрц нысаниуæг нæй, мах царды æрдзæн цас нысаниуæг ис.

*Згъоры Леуахи быдырмæ.*
*Зары, хъазы, тындзы.*
*Хур ныггæпп кодта хуыдыммæ —*
*Доны авгыл нындзыг.*

*Лидзы быдырмæ уараджы —*
*Цымæ ц' агуры уым?*
*Цымæ иунæг цæмæн уадзы*
*Уарзон райгуырæн къуым?*

*Æви сонт уд нæма хаты,*
*Фæз æнцойад кæй у?*
*Уым ныммæлдзысты арф цады*
*'Взонгад, хъал зарæг, худт.*

(«Згъоры Леуахи быдырмæ...»)

Гафез уды æнцойдзинадмæ никуы тырныдта. Суанг йæ адзалы бонмæ. Йæ къухы иу æнтыст иннæйы фæстæ уый тыххæй æфтыдис. Æгæрыстæмæй-иу йæ æрдзыл фыст рæнхъыты дæр, ацы æмдзæвгæйы куыд уынæм, афтæ уымæн ахызт йæ адæм, йæ Фыдыбæстыл сагъæсмæ.

Æниу, кæм ис æнцойдзинад? Александр Блок æнæнхъæлæджы куынæ загъта, мыййаг:

*И вечный бой! Покой нам только снится*
*Сквозь кровь и пыль...*[1]

(«Река раскинулась. Течет, грустит лениво...»)

Царды уыцы ӕнӕрынцой тохӕй, Фаустау, ӕрмӕстдӕр удуӕлдай фӕллойы фӕрцы кӕй ис рацӕуӕн, уый хорз зыдта Гафез ӕмӕ уӕлахизӕй уӕлахизмӕ уымӕн цыдис.

* * *

Зӕхх ӕртӕ китыл лӕууы, акӕнынц. Цас раст у, уый сбӕлвырд кӕныныл нӕ дӕн. Фӕлӕ цард йӕхӕдӕг иунӕг китыл кӕй лӕууы, ууыл нӕ дызӕрдыг кӕнын. Иунӕг-иу китыл! Фӕлӕ цахӕм!

Уыцы хъомысджын китӕн йӕ ном хуыйны – уарзт!

Ӕнӕ уарзт нӕй Фыдыбӕстӕ. Ӕнӕ уарзт нӕй мадӕлон ӕвзаг. Ӕнӕ уарзт нӕй ныййарӕг... мадызӕнӕг... ӕмкъай, хъӕбул... Фӕндӕгтӕ иууыл Риммӕ нӕ цӕуынц, фӕлӕ хъуыддӕгтӕ иууылдӕр уарзтимӕ кӕй сты баст, ууыл дызӕрдыг кӕнын нӕ хъӕуы. Ӕрмӕст уарзт алыгъуызӕттӕ вӕййы: лӕмӕгъ ӕмӕ тыхджын, иумӕйаг ӕмӕ конкретон, сусӕг ӕмӕ ӕргом, вулгарон ӕмӕ уӕларвон...

Гафезы сфӕлдыстад ӕнӕхъӕнӕй лӕууы уарзтыл. Уый, уарзт, у йӕ цырв, йӕ бӕркад, йӕ уромӕг кит.

Ӕмӕ бирӕ чидӕртӕ бадис кӕндзысты, уыцы ӕнкъарӕнтӕй, зӕрдӕ ӕмӕ зонды ӕнкъарӕнтӕй быд адӕймаг йӕ уарзӕгой зӕрдӕимӕ куыннӕ ссис ирон интимон лирикӕйы суадон.

Поэты аивадиртасджыты фыццаг зынгӕдӕртӕй иу Дзуццаты Хадзы-Мурат афтӕ загъта: «Поэт хӕсты тымыгъты сыгъдӕгӕй хӕссы сылгоймаджы уарзт. Уый тыхджын ӕмӕ уӕздан у, амонджын ӕмӕ трагикон»[2].

Дзырд дӕр ыл нӕй, уыцы миниуджытӕ зынынц Гафезы интимон поэзийы. Ома лӕппу ӕмӕ чызджы, стӕй – нӕлгоймаг ӕмӕ сылгоймаджы 'хсӕн ахастытӕ поэтмӕ ӕмткӕй сты сыгъдӕг. Тыхджын ӕмӕ уӕздан уарзт никуы ӕруадзы дӕлӕмӕ. Никуыдӕр ӕй бынтон хурӕргом кӕны.

[1] Александр Блок. Собр. соч. в 6 т. Л., т. 2,1980, 85-ӕм фарс.

[2] Дзуццаты Хадзы-Мурат. Рӕстӕг ӕмӕ литературӕ. Ирыстон, 1985, 199-ӕм фарс.

Хъамбердиаты Мысосты лирикон хъайтар кæд æмдзæвгæтæ «Ныстуан Дзерассæмæ», стæй «Чызгимæ ныхас»-ы дыууынæм азты дæр йæ уарзон чызгæй домы, цæмæй рагон ирон æфсæрмытæ ныууадза, уа йæм æргомдзырд, æргомзæрдæ, кæд æй хæсты быдырмæ йемæ акæнынил дæр у разы, уæд Гафезы лирикон хъайтар стайæм азты дæр йæ уарзонмæ йе 'рфгуыты бынты зулаивæй кæсы. Нæ халы сылгоймаг æмæ нæлгоймаджы 'хсæн ахастыты рагон ирон этикет.

Поэты салдат йæ уарзон чызджы раз цы азымджын у, уый æрæджиау базоны: «Ныппæрстон дæ мæ судзгæ уарзты, мæхæдæг...», «Иувæрсты зылдтæн». Уыцы «азымы» тыххæй йын, хæстмæ цæугæйæ, хæрзбон куыд зæгъа, уый дæр йæ бон нæу. Æрмæстдæр чызджы ауон уыны рудзынгыл, æмæ йын фæстаг хæрзбон кæны йæ сурæтæн:

*Цæй, ракæс иунæг хатт, фæстаг хатт, —*
*Æз зонын, зулдзаст мæм дæ, тигъ.*
*Кæд дæ фæнды, дæ къух мæм ма ратт,*
*Æрмæст мæ ма бамбæхс дæхи.*

*Уыдзынæн уæд рæствæндаг. Амонд*
*Мæ разæй рухс тынæй цæудзæн,*
*Æмæ мыл никуы кæндзæн сау бон, —*
*Мæ уд зындоны дæр цæрдзæн.*

(«Ныфс»)

Уд æнæуый дæр фæцæры зындоны. Уæуу, уыцы цард, æмæ уый зæгъ. Фæлæ зындоны артмæ цæуай, æмæ æрмæст йæ фендæй дæр рæствæндаг кæмæн фæуай, цæмæй амонд дæ «разæй рухс тынæй» цæуа, уымæ тыхæй дæр ма балæгæрд æмæ йын хæрзбон ма зæгъ, уый у диссаг. Уæддæр Гафезы салдат-хъайтарæн йæхи удæй ирон æфсарм зынаргъдæр у. Уый тыххæй йæ нæ халы:

*Цæуын... Хæрзбон дæр дын нæ загътон, —*
*Фæсмонгондæн — æдзухдæр зын.*
*Дæ ауон рудзынгыл ныууагътон,*
*Дæхи та зæрдæйы хæссын.*

Æцæгдæр, уарзон чызджы сурæт салдаты зæрдæйы кæй цæры, уырны нæ уый, «Ныфс» — æмдзæвгæты цикл — кæс-

гæйæ. Уацмысты уынæм, лирикон хъайтарæн æнæ йæ уарзон чызг хæрз сидзæр кæй у йæ зæрдæ, уымæн ын кæй дзуры: «Нæй йын æнæ дæу а-зæххыл лæууæн». Уый бафхæрыны бæсты фæлтау йæхæдæг баййафæд æфхæрд. Æз дæр – «æфхæрд». Лирикон хъайтары «рæдыд» цæйнæфæлтау уый «æвзонг цардыл къæм» ныууадза, фæлтау хæсты быдыры знаджы къухæй мæлæт райсдзæнис: «Уастырджи, айс иуæрдæм дæ базыр, – Знаджы къухæй мæн дзыхъмард фæкæн!»

Салдаты уарзон чызджы маст кæй домы, уый йын сæтты йæ тых. Уыцы мастæй нæу йæ бон, куыд æмбæлы, афтæ тох кæнын. Уый йæ нæ уадзы йæ базыртæ йæ зæрдæйы фæндиаг айтынг кæнын.

*Æз иубазырон, сидзæр æмæ ’ргъæвст дæн.*
*Ды та кæм дæ, мæ хаудбазыр, ыстæх!*
*Æз хъахъхъæнæг уарт фестин уæд мæ бæстæн,*
*Йæ уæззау рыстæй фервæзид уæд зæхх.*

Салдат-хъайтар йæ мæлæтыл дæр нæ кæуы. Æгæрыстæмæй йæ, удхæссæгимæ хъæбысхæсты уый дæр нал æндавы. Æндæр у йæ бæллиц, йæ уарзон чызг фыдцау куы фехъуса, уæд, – йæ бар йæхи у, – фæлæ йын фæстаг хорзæх ма хъуамæ бахæлæг кæна: «Иу цæссыг æрæппар уæд дæ базыл, æмæ уымæй ссæудзæнис мæ маст».

Фæлæ æнæ йæ цард, йæ бон, йæ хуры хайы фенгæйæ амæлын дæр нæу йæ бон. Йæ уарзтæй ныфсджын кæй у, уый тыххæй йыл нæ цæуы удхæссæджы бон. Æнæ йæ уарзон чызджы фенгæ, куыдфæндыйæ дæр нæ ацæудзæнис а-дунейæ:

*Сар, фæсмон нæ кæнын,*
*Карз хæсты кæй сæрын,*
*Сау мæлæт кæй ары алы ран мæ фæд.*
*Уадз æмæ йæ арæд,*
*Уадз фырцинæй райæд, –*
*Нæй мын ’нæ дæ фенгæ мардæй дæр мæлæт!*

Циклы æдæппæт ис 17 æмдзæвгæйы. Се ’ппæт иугъуызон аив нывæст не сты. Се ’ппæт иугъуызон не ’мбæлынц

зæрдæйыл. Уæддæр бæлвырд у иу хъуыддаг: тугкалæн хæсты поэты зæрдæ нæ фехæлд, йæ уд æрдуйыл лæууы, фæлæ йæ зæрдæйы уарзт кæны тыхджынæй-тыхджындæр, æмæ уыимæ сындæгæй-сындæгдæр. Кæд иу композицийыл амад не сты, уæддæр сæ кæрæдзимæ бæтты мидсюжетон хахх. Чиныгкæсæгмæ афтæ фæзыны, цыма... Йæ рæстæджы йæ хорз фæхатыд Дзуццаты Хадзы-Мурат: «Ныфс» цикл нæу, – схонæн ын ис стыр уарзты къаннæг поэмæ».

«Ныфс» уарзтыл, сыгъдæг уарзтыл дзурæг æмдзæвгæты цикл у, фæлæ йе 'мдзæвгæты фылдæры сюжеттæ мидтæгтæй сæ кæрæдзиимæ баст кæй сты, уымæй йæ сабыр уылæнтæ æввахс кæнынц къаннæг кадæджы фисынтæм.

Уыцы хъуыды æрмæст ацы циклмæ нæ хауы. Гафезæн йæ хæстон æмдзæвгæтау, йæ сылгоймаджы уарзтыл фыст æмдзæвгæтæ дæр, куыд æмбæлы, афтæ куы равæрай сæ кæрæдзийы фæдыл, уæд дзы разындзысты вазыгджын кадæджы систæ йæхи алыгъуызон фæзилæнтимæ, уæладзгуытимæ, хъоргътимæ...

Фæлæ йæм сæйраг цы у: лæппуйы дуджы дæр, лæджы кары дæр, йæ царды фæстаг азты дæр уарзтыл сайдæй никуы цыд. Æвдыста йæ сыгъдæг æмæ тыхджынæй. Æвдыста йæ æппæтхъомæй. Никуы йын æвæрдта гæрæнтæ. Никуы йæ уагъта йæхи саразгæ цахæмдæр джиппы. Чиныгкæсæджы рæгъмæ йæ хаста, йæхимæ куыд цыд, æмæ йæм цы æнкъарæнтæ æвзæрын кодта, уыдонимæ:

*Æтт, мæ сау зынг куыд бахуыссыд!*
*Дæу куы нал уынон, бæстæ*
*Уæд мæ дæлфадæй ахъуызид,*
*Развæд нал уынин цæстæй.*

(«Æтт, мæ сау зынг куыд бахуыссыд»)

Уарзтæй йыл æрцæуы уалдзæг, уый цинæй зилы цъилау, æнæуарзт ыл ныккæны хъызт зымæг, йæ зæрдæйы ныххауы судзгæ низ («Æз федтон дæу»).

Гафез, бирæ поэттау, уарзт йæ уды сæрмагонд хæзнайыл нæ нымадта: фæнды дæ, нæ дæ фæнды, уæддæр хъуамæ мæн уай, зæгъгæ. Уарзт Хуыцауы ратгæ вæййы, Хуыцау та йæ арфæ адæмыл, – хъыгагæн æви хæрзæбонæн? –

æмхуызон нæ уары. Уый алфæн нæ уыд йæ бон тых хæссын искæй уарзтмæ.

Хуыцау æй кæмæн радта, уымæ дæ бон у, бæлгæ кæнай, фæлæ йын цæлхдур цæй тыххæй хъуамæ суай:

*Æтт, мæ зынгыл, уыцы сау цæстытæ,*
*Иу хатт ма куы федтаин сымах.*
*Сусæг уарзты судзаггаг мæстытæй*
*М' амонд уæд бæргæ абадид сах.*

*Нал уынын уæ зулаив хъæзтытæ, –*
*Ахуыссыди ме 'хсæвы цырагъ,*
*Æтт, мæ зынгыл, уыцы сау цæстытæ,*
*Æй, джиди, кæй рæвдаут сымах!*

(«Æтт, мæ зынгыл, уыцы сау цæстытæ»)

Гафезы уарзт æнæдызæрдыгæй уыдис тыхджын, сусæг, фæлæ уæларвон. Уарзт ын лæвæрдта ныфс. Уарзтæй иста тых. Уарзты фæрцы уыдис йæ уд сыгъдæг, кодта йæ рæстдзинадыл тохгæнæг æмæ æппæтхъом. Йæ уарзтыл фыст æмдзæвгæтæ уый тыххæй сыгъдæг кæнынц адæймаджы уд, рæзын кæнынц нæ фантази. Æмæ йæм уыцы æвæджиауы æнкъарæнтæ уыдысты йе 'взонджы бонтæй йæ адзалы онг. Пушкин раст цыма уымæй загъта: «Любви все возрасты покорны»[1].

Сыгъдæг, æнæлаз, рæсугъд уарзт æрмæст йæ интимон темæйыл фыст æмдзæвгæты нæй, фæлæ æмткæй йæ поэзийы.

---

[1] П у ш к и н  А. С. Сочинения в трех томах. М., т. 2, 1986, 326-æм фарс.

## Æртыккаг ныхас

# ГАФЕЗЫ КАДДЖЫТЫ ТЫХХÆЙ

Гафезы æмдзæвгæты хицæн циклтæ кæнæ хицæн темæтыл нывæст уацмыстæ кадæджы фæлгæттæм кæй æвазынц сæхи, уый хуымæтæджы нæу. Гафез уыд эпикон фæлгæттæм тырнæг поэт. Уый фæбæрæг, æвзонг ма куы уыд, уæд. Алы поэтау, уæлдайдæр, æвзонг поэтау, уымæн дæр æцæгæлон нæ уыд лирикон уæлтæмæн. Йæ лирикон æмдзæвгæты-иу разынд йæ зæрдæ. Фæлæ йын кæсыс йæ уацмыстæ æмæ, куыд поэт – хæдхуыз, курдиатджын поэт, афтæ иууыл хуыздæр рарттивы йæ сюжетон æмдзæвгæтæй.

Поэт сюжетон æмдзæвгæтæ фæлдисынмæ рæвдздæр кæй уыдис, йæ зæрдæйы хъарм æмæ-иу йæ зонды сыгъдæг уыдонмæ æрттивгæ кæй ралæдæрст, уый йын алы фадат дæр арæзта, цæмæй йæ хъус æрдардтаид поэзийы уæрæхдæр хуызтæм. Бавзарын æй хъуыдис уым йæ хъару. Хъуамæ дзы равдыстаид йæ курдиат.

Æмæ поэт нæ ауагъта уыцы рæстæг. Суанг æй йе сфæлдыстадон фæндаджы райдианы æлвæста йæхимæ поэмæйы жанр. Йæ фыццаг чиныгмæ, – «Фæндыры зæлтæ», 1940-æм аз, – цалдæр кадæджы хæсгæ дæр бакодта. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы, уыйфæстæ сабыр цард аразыны дуджы дæр ыл йæ зæрдæ никуы сивта. Фæлæ йæ фыццаг æмдзæвгæты цы риторикæ æмæ декларативондзинад уыдис, уый, хъыгагæн, бацыд йæ кадджытæм дæр.

Хæстон ирон чызгыл цы романтикон кадæг ныффыста, «Хъæды», зæгъгæ, уый кæсгæйæ чиныгкæсæг романтикон цаутæм нæ, фæлæ цыма бахауы нырыккон америкаг «боевик» Рембойы тохтæм. Хъæбатыр чызджытæ куыннæ уыдис æмæ ис Ирыстоны, фæлæ Федыры хъайтар знæгты хæдæхсæй куыд æрбацæгъды, уымæн дзы æмбал нæй.

Кæд, кадæджы романтикон удыгъæд дæлæмæ не 'руа-

дзыны тыххæй, æндæра йæ цæмæн бахъуыдис йæхи амарыны сæр? Кард кæй нæ кæрды, нæмыг кæй нæ хизы, уымæн чи цы хъом у? Феникcау, æртхутæгæй дæр стæхдзæнис.

Авторы уыцы æнæрцæугæ цаутæ, архæйдтытæм йæ фæдыл сайдта адæмон сфæлдыстад.

Дзырдæн, райсæм «Салдаты кадæг».

Поэт бацархайдта эпикон уацмысы фæлгæтты, цæмæй равдыстаид Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджыты æнæбасæттæ удыгъæд, адæмы фætæг Ленины æппæтхъом фæлгонц.

Æмæ йæ мæнæ куыд æвдисы:

*Сæргой куы кодтой дзыллæты сæртæ,*
*Ызнаг куы ’рбацыд Мæскуыйы цурмæ,*
*Куы нын бавнæлдта нæ бæсты хурхмæ, —*
*Æмæ мæрдон мигъ куы сбадт нæ сæрмæ,*
*Уæд, дам, мæ хуртæ, нæ маст, нæ сармæ, —*
*Дзырдтой йæ сегас — æппæт æфсæдтæ, —*
*Нæ уарзон Ленин сыгъди фырмæстæй,*

*Æхсæвæй-бонæй зылди нæ бæстыл.*
*Йæ тохы хъæрæй сыгъдысты хъæдтæ,*
*Йæ тохы хъæрæй рызтысты хæхтæ,*
*Æрвон тыгъдадæй лыгъдысты мигътæ,*
*Фæхсгай тылдысты къæдзæхы тигътæ...*

Поэтæн йæ дзырдтæ нæ уырнынц йæхи дæр æмæ йæ кæны дзурджыты аххос: «Дзырдтой йæ сегас — æппæт æфсæдтæ». Фæлæ, куыд акæнынц — «иугæр симды бацыдтæ, уæд симын хъæуы». Уымæн дæр «фæстæмæ раздæхæн нал ис», æмæ дарддæр салдаты ныхас кæны фыддæр:

*Æппæт дæр сæнкъуыст, ызмæлы алцы,*
*Æппæт дæр алцы ызмæлды бацыд,*
*Гъе, афтæ растад нæ фыдыбæстæ,*
*Нæ фыдыбæстæ намысы хæстмæ,*

*Намысы хæстмæ, фæтæджы фæстæ,*
*Фæтæджы фæстæ æд ифтонггæрзтæ.*

Нæ дзы уынæм конкретон цаутæ, деталтæ, фæлгонцтæ. Адæмон сфæлдыстад фæзмыны хуызы цæуы иумæйаг сур ныхас.

Полчъы хистæр кадæджы хъайтар Хæмæтмæ куы фæсиды æмæ йын куы дзуры, зæгъгæ, зонын æй, «нæ бæстæ уарзыс, — йæ лæггæдтæ йын дæ зæрдыл дарыс», «дæ буц уалдзæг ын» снывонд кодтай, фæлæ ныртæккæ знæгтимæ æнæмсæр тохы «Дæ домбай къæхтæ дæ быны цудынц! Æз та дæуæй дæн æдыхдæр», фæлæ нын мæлæт уыдзæнис: куынæ схизæм знæгты гæнахы сæрмæ æмæ дзы куынæ «'рсадзæм, тæмæнтæ калгæ, цытджын тырыса сырхæй, фæйлаугæ», æмæ йæм тырыса куы ратты:

*Æмæ мæм радта сыгъдæг зæлдагæй —*
*Нæ сырх тырыса — сырх хал æндахæй,*
*Йæ фарсæй Ленин æнкъардæй касти, —*
*Ыстæй мæм, цыма, куыддæр нымдзаст и…*
*Æз фефсæрмы дæн.*
*Мæ сæр æруагътон…*
*— Мæлæт хуыздæр у! — мæхицæн загътон, —*
*Цы ма саразон? — хъуыдытæ кодтон…*
*Чъызгæ-ризгæ та хæрдмæ ыскастæн, —*
*Фæлæ та Ленин æнкъардæй касти, —*
*Цыма мæм гъеныр тызмæг нымдзаст и…*
*Цы ма кодтаин, — бæрæг нæ зыдтон, —*
*Фыр адæргæй ма мæ былтæ 'хсыдтон,*
*Сыгътæн мæхимид æфсæрмæй, мæстæй:*
*«Фæтæг нæу райгонд нæ тох, нæ хæстæй?»*

Иунæг зæххон цау… Кæнæ æрмæст иунæг зæххон деталь: сырх тырысайы «фарсæй Ленин æнкъардæй касти», æмæ æнæхъæн кадæджы уый ахаста. Фæлæ, хъыгагæн, адæмон кадæджы фæлгæттæ атонын нæ бацис поэты бон. Æгæр æй ныббастой сæхимæ. Æмæ уацмысы нæ зыны реалон хæсты æгъатыр рæстдзинад.

Загътон ма йæ, ирон фыссæгæн аивады сусæгдзинæдтæ рафæлгъауын йæхимæ фæкæсынц, иу фæндагацамонæг ын нæ вæййы. Гафезæн дæр йæ фыццаг кадджытæ кæд мæнæмæнæ нæ басгуыхтысты, уæддæр сыл чиныгкæсæг æрæвæрдта йæ цæст. Йæхæдæг дæр сын федта сæ лæмæгъ бы-

нæттæ, йæ нуар фæфидар æмæ йæ уыцы хъуыддаг ноджы разæнгард кодта алыварсонæй æххæстдæр уацмыстæ фæлдисынмæ. Поэзиуарзджыты уырныдта, йæ тых фылдæр кæй у, æмæ йæм æнхъæлмæ кастысты стырдæр æнтыстытæм.

Поэты иузæрдион фæллойы фæрцы сæ бирæ æнхъæлмæ кæсыны сæр нæ бахъуыдис. Йæ зæрдиаг куыст 1947 азы равдыста зæрдæзæгъгæ фæстиуæг: Гафез фыст фæцис йæ реалистон егъау уацмыс, поэтикон уацау «Аминæт» (фæстæдæр æй рахуыдта «Хæхты чызг»). Рухс куыддæр федта уацмыс, афтæ чиныгкæсджыты 'хсæн цыд къухæй-къухмæ. Зæххон адæймаджы æрвылбонон стыр хабæрттæ сæ æлвæстой сæхимæ. Кæсын кодтой уацмыс цымыдисæй. Сæ зæрдæты сын уагъта кæм æнкъард, кæм — цин, фæлæ ныфсы фæд.

Уацау райдайы хуымæтæг хъуыддагæй. Рæсугъд, куыстуарзаг чызг Аминæт здæхы сахарæй. Уалдзыгон къæвда йæ æрæййæфта æмæ йæм йæ хæлæрттæ Ауызби æмæ Хазби хъазгæмхасæнты хæцынц, æнæ пæлæз, айдагъ туфлиты куыд ацыд? Уæд та дзы уазал бацыдис. Ауызби йыл йæ уæлæфтау кæны, Хазби — йæ цырыхъхъытæ. Афтæмæй хъазгæхудгæйæ æргом цæуы, дыууæ лæппуйы, дыууæ хæлары æгæрон уарзтæй кæй уарзынц чызджы.

Ахæм æртæкъуымон уарзт-иу раздæр, стæй ныр дæр, æркæны æнæуаг, фылдæр хатт, сæрмæхæссинаг чи нæу, ахæм хабæрттæм. Уый кæмæдæрты царды æгъдау кæсы.

Гафез нæ ныллæууыд уыцы «царды æгъдау» æвдисыныл. Æмæ тынг хорз бакодта. Деталгай, скъуыддзаггай, цаугай нын мидбылхудгæйæ уынын кæны, чызгæн дыууæ лæппуйы дидинджытæ куыд февæрынц йæ рудзынгыл, сæ кæрæдзийы æлхыскъ кæныныл куыд нæ ауæрдынц... Фæлæ чызг йæхи «нықъкъуырма кодта», — нæ сын хаты сæ зæрдæты рыст. Уарзы дыууæйы дæр. Иу дæр дзы, фæсвæд кæй авæрай, ахæм нæу. Уæддæр нæ тагъд кæны йæ зæрдæйы фæндон равдисыныл. Хъуыддаг уымæ куы фæцæйцæуы, уæд сæ афæливы — уарзæгой зæрдæ æнцон сайæн у, фæкæны сæ æндæр ныхæстыл. Раст цыма семæ цъындæмбæхстытæй хъазы.

Фæлæ хъуыддаг хъуыддагмæ куы æрцыд, дыууæ лæппуйы йæм куы бацыдысты æмæ дзы цæхгæр дзуапп куы æрдомдтой, уæд ын гæнæн нал уыдис. Равзæрста Ауызбийы.

Лæбурдтыты, туг ныккалыны дуг нæ уыд. Автор дыууæ æрдхорды, зæгъæн ис, æртæ æмбалы, бахызта уыдæттæй. Хазби сын арфæ цы ракодта, æндæр сын уарзты, стæй царды не сси цæлхдур. Се 'ппæтæн дæр цæлхдур ссис хæст, Фыдыбæстæйы Стыр хæст.

Нæлгоймæгтæ тохы быдырмæ ацыдысты сæ туг калынмæ, сæхи, се стыр Фыдыбæстæ знагæй бахъахъхъæнынмæ, иннæтæ фæсчъылдым æвзæрстой дудгæбæттæ.

Поэт кæд уыцы цаутæ фысгæйæ уацмыс бирæ рæтты тыхивæзт ныккæны, уæддæр дзы цъус нæй цæстуынгæ бынæттæ, æмæ йæ уыдон кæнынц зæрдæскъæф. Сылгоймæгтæ сæ куыстыл æрдзурынмæ куы æртымбыл сты, уæд уыцы колхозон æмбырд афтæ афыста:

*Байхъус сын сæ хъæр, сæ дзырдмæ,*
*Растдæр базарæй фыддæр.*

*— Хицауад нæ бæрны баззад, —*
*Хъазгæйæ зæгъы Госæ.*
*— 'Цæг у, 'цæг, — Симæ дæр фестад, —*
*Кæд ысуаин гæс æз дæр!*

*— А бæсты фæхъхъау æрбаут! —*
*Æртыккаг мæстæй зæгъы.*
*— Иучысыл æнцад æрбадут! —*
*Сæрдар дзæнгæрæг цæгъды.*

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дуджы ирон сылгоймаг цы удыгъæд равдыста, æрмæст сæхи, сæ сабиты нæ дардтой, фæлæ паддзахадæн, стæй сæ хæстонтæн цы стыр æххуыс кодтой, уыдæттæ бирæ бынæтты æгæр лæмбынæг дæр разындысты уацауы. Фæлæ уынæм фæсчъылдым баззайæг адæмы удыгъæд. Уынæм, фыддзинадæн куыд нæ куымдтой сæттын. Уынæм, сæ удтæ куыд уæлдай кодтой æмæ куыд куыстой сæхи æмæ се 'мкъæйтты бæсты дæр.

Аминæт куы райсы йе 'мкъайы цæвæг, уæд:

*Æрхæссы фыццаг уис, тыхсы:*
*Цæвæг кæрдæгæн йæ уæлæ*
*Абыры, куы та ныхсы.*

*Куы йæ къах фæцæйлыг кæны,*
*Стæппал ’вæлтæрдæй йæ къух,*
*Куы фæбыры, куы фæкæлы,*
*’Взары алы фыдтæ уд.*

*Хур ныккасти, уæнтæ судзы,*
*Сытынг ноджы уæнгты рис.*
*Фæрстæ тонынц, астæу дуды,*
*Фæлæ уый хæссы йæ уис.*

Уацмысы сæрæй кæронмæ хъайтарты æмдзу кæны фæлмæн юмор. Уый чиныгкæсæджы, маст кæм хъæуы, уым дæр гæзæмæ кæны мидбыл худын. Æмæ Ауызби хæсты кæй фæмард, уый нын нæ зæрдæтæ уыйбæрц нæ фæриссын кæны. Æгæрыстæмæй, цыма трагеди не свæййы Аминæтæн дæр.

Æмæ йын цæмæн суа? Ирон æмбисонд: «Лæгæн йæ ус нæ мæлы», — уымæн йæхи пайдайæн разынд — Хазби йын фæстауæрц уыдис.

Фæлæ йæ куыдфæнды нымайæм, уацау уæрæх фæндаг ссардта чиныгкæсджыты зæрдæтæм. Авторæн æрхаста стыр æнтыст. Акъахдзæф кодта Ирыстоны арæнтæй. 1956-æм азы мыхуыр æрцыд уырыссаг æвзагыл Сталиниры, 1958-æм азы та — Калачы. Уырыссаг чиныгкæсæг ыл сæмбæлд зæрдиагæй. Гафез аккаг бынат æрцахста ирон литературæйы. Уый та нысан кодта, чиныгкæсджыты, стæй Фыдыбæстæйы раз йæ бæрндзинад бæрæг кæй фæфылдæр æмæ йæм кæй æнхъæлмæ кастысты ноджы стырдæр лæггæдтæм. Бирæ кæй бон у, уымæй фылдæр домдæуы.

Поэтæн уый амонын нæ хъуыд. Æппынæдзух куыста, йæ уд хъардта йæ адæм æмæ йæ Фыдыбæстæйы сæраппонд. Фыдыбæстæ та, растдæр зæгъгæйæ, паддзахады разамынд фидарæй домдта аивады кусджытæй, цæмæй зарыдаиккой уæлахиздзау салдатыл, сабырдзинадыл, æрвылбоны фæллойыл, хъæлдзæгдзинадыл…

Гафез йæ дуджы хъæбул уыд. Нæ дзы уыдысты уыдæттæ рох. Фыста сыл. Фылдæр — æмдзæвгæтæ. Фæлæ йын нæдæр чиныгкæсæджы зæрдæ агайдтой, нæдæр йæхи зæрдæ. Уымæн æмæ, нæ уыд æрмахуыр уæрыкк. Йæ уд,

йæ быцъынæг тыдта кадæджы хуызтæм. Зæрдæ та афтæ у – тыххæй йæ кæдæм ласай, уырдæм нæ комы, йæхæдæг кæдæм æппара йæхи, уымæй та йын иргъæвыны хос нæй. Гафез уыцы иу рæстæджы ныффыста дыууæ кадæджы – «Фембæлд» æмæ «Ирон цагъд». Фыццаг кадæг – ирон лæг Уасдже æмæ нæ фыдбоны сыхæгтæй иу, Шотайы хæлар-дзинадыл. Кадæг цыма закъазæй фыст у, афтæ зыны, æмæ уымæ гæсгæ йæ тыхкæнгæ, сур ныхасæй не ссардта чиныг-кæсæджы зæрдæ.

Поэтæн дыккаг кадæг фысгæйæ йæ хъул сах абадт. 1951-æм азы ныффыста «Ирон цагъд» æмæ, фæндыры зæлтау, æмбæ-лы чиныгкæсджыты зæрдæтыл.

Æнæ бафиппайгæ нæй, кадæджы сæйраг мидис легендæ кæй у. Фæлæ йын автор сарæзта бацæуæн, æмæ легендæйæ рауад кадæг.

Ацы аивадон амал ног нæу. Гафезы сфæлдыстадæн та ссис характерон. Рагон легендæ кæнæ таурæгъæн-иу сарæзта нырыккон бацæуæн, кæнæ кæрон дæр, афтæмæй-иу чиныг-кæсджыты размæ рахаста кадæг. Уыцы аивадон амалæй æрмæст «Ирон цагъд» нæ ныффыста, фæлæ – «Хъилдур», «Ацырухс», «Мады цæссыг»... Уыцы амалы фæрцы нæ бон æнцонæй бавæййы рагон цард æмæ ныры дуг сæ кæрæ-дзийыл абарын, хатдзæгтæ сæ скæнын.

«Æндонфахс, цъæх мæсыг» фæйнæрдæм фæлгæсы. «Цагъайраджы рæстæг» ыл ныуагъта хъæдгæмттæ:

*Йæ дуртæ – кæм саст, кæм – æрдæг сау.*
*Йæ хъавæн бынæттæ, –*
*Йæ сæрыл рæнхъæвæрд дæндæгтæ, –*
*Фæхъæнтæ сты тохы,*
*Зынынц ма зæронд лæджы*
*Иугай дæндæгтау.*

Фæлæ адæмы цардмæ кæсгæйæ, цыма сæ дада у, райы. Изæрæй та фæсивæд æртымбыл сты мæсыгмæ: хъазт са-рæзтой «дари цъæх нæууыл». Уалынмæ ирон цагъды зæлтæ айхъуыстысты дардыл. Тайынц зæрдæйыл. «Æнæмаст фæл-тæрыл уæлтæмæны базыртæ садзынц».

Ирон цагъд цы лæппу, цы чызгæн не ’рхæсса хъæл-дзæгдзинад, уый цы хъуамæ уа! Уыдон нæ, фæлæ йæм байра-

дис иууылдæр бæстæ. Æрмæстдæр уыцы æгъуыстаджы зæлтæй нæ ради фыдтæфенæг мæсыг. Уымæн йæ сау маст æртæфсти, йæ зæрдæйы судзгæ хъæдгом байгом. Ырхæндæг.

*Цæмæй зонынц адон,*
*Æвæлмонæй чи кафы фæзы,*
*Фыдæлтыккон мæсыг*
*Цæй тыххæй, цы фыдæй ысхъæрзыд?*
*Кæм равзæрд,*
*Кæм равзæрди ацы рæсугъд цагъд?*
*Кæй къухтæ йæ 'рцагътой*
*Нæ ирон фæндырыл фыццаг хатт?*
*Кæй къæхтæ æрсимдтой*
*Йæ диссаджы зæлтæм фыццаг хатт?*

Фæлæ «кæмæн нæй фæдон æмæ ивæг», уыцы мæсыг сæ зыдта. Хъуыды кодта, уым кæй цард мæгуыр лæг Мæхæмæт. Адæмимæ цард æнæхъыг, æнæмæтæй. Йæ иунæг чызг Ацырухсы бакаст, æгъдау æмæ удæй сæрыстыр уыд. Фæлæ чызг чындзы нæ цыд — нæ йæ фæндыд йæ фыды иунæгæй уадзын.

*Мæхæмæт дæр, мæгуыр,*
*цыд а-бæстыл, дунейыл царди*
*Йæ хъæбулы тыххæй, —*
*фыдæбон, фыддуджы дæр ради:*
*«Æрмæстдæр мæ иунæг*
*Ссарæд йæ цард æмæ й' амонд,*
*Æуый у мæ бæллиц — æуый курын*
*а-зæххыл абон!»*

Фæлæ тыхы дон хæрдмæ суры. Æлдарæн куынæ радта фыд йæ чызджы, зæгъгæ, «Нæй амонд ыссарæн хъæздыгмæ мæгуырæн», Ацырухс дæр фидарæй куы аскъуыддзаг кодта: «Ам ничи ис махмæ, цагъайрагæн чи сбæзза, ахæм!», — уæд æй æлдар баппæрста — «Ныртæккæ æнкъардгъуызæй чи лæууы фæзы, — уæд ног уыди, фидар», — уыцы мæсыгмæ. Уæззау тулдз дуæрттæ йыл ныхгæдта. Зæгъгæ, «æнæ дон, æнæ кæрдзынæй дæ уым дардзынæн», æмæ мын лæгъстиаг фæуыдзынæ.

Фæлæ сæрыстыр чызг равзæрста кады мæлæт. Цæмæй

йын йæ утæхсæн ма хъуса саузæрдæ æлдар, уый тыххæй æрымысыд рæсугъд ирон цагъд. Афтæмæй Гафез æрдхæрæны Ирон цагъдимæ Ацырухсы фæлгонцы бæрзæндмæ систа ирон чызджы рæсугъд зæрдæ æмæ стыр удыгъæд. Бæрзонд цы вæййы, уый та дардмæ зыны. Æмæ поэты «Ирон цагъд»-ы зæлтæ айхъуыстысты Ирыстоныл. Æрыхъуыстой йæм ирон чиныгкæсджытæ.

Уыцы хъуыддаг поэты тыхыл æфтыдта тых æмæ та 1955–1956-æм азты йæ къухты бафтыд ног æнтыст – фæцис æмдзæвгæфыст уацау «Тулдзы къох».

Поэт «Хæхты чызг» цы фæлмæн мидбылхудгæ хъæлæсыуагæй сфæлдыста, уый разынд ацы уацауы дæр. Æмæ кæд бирæ хæттыты æгæр аслам вæййы, адæймаг дзы йæ мидбылты бахудыны æнгæс цæмæй бауа, уый нæ разыны, уæддæр иумæйагæй æлхæны зæрдæ.

Уацауы хъайтар Инал, поэт, фæцæуы йæхи хæдтулгæйыл хъæумæ. Уый йæ хъæумæ цæуы, хъуыдытæ та сæхигъæдæй йæ сæрмæ цæуынц. Афтæмæй уыцы хъуыдыты фæрцы базонæм, Инал Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хайадисæг кæй у. Фæстæдæр фæбæрæг вæййы, рейхстагæн «йæ хæбуздзыхъ фарсыл» кæй ныффыста ирон дзырд «Фарн».

*Ставд дамгъæтæй куы фыстон,*
*Уæд кæйдæр къухы хъæрм*
*Уæхскæй зæрдæмæ ахызт,*
*Хъустыл ауади зонгæ хъæлæс:*
*– Ноджы иу дзырд «Ирыстон»,*
*Ды дæ хорзæхæй афысс!*

Дзурæг кæд уыд Мурæт. Йæ фыды æфсымæры лæппу. Иумæ схъомыл сты. Хъомыл та сæ скодта сæ дада Тæга. Мæскуыйы онг дæр сæ хæстон фæндаг иу уыд, стæй фæсаджил. Фæстæдæр Мурæт скульпторы дæсныйадыл не сивта йæ зæрдæ, Инал та…

*Ме ’мкас, ме ’мхæстонтæй*
*Чи йæ хъæумæ фæцыд,*
*Æмæ йе ’взонг усæн,*
*Ныр лæппу дæр фæзынд.*
*Чи та заводы ис, –*

*Куысты номхæссæн у;*
*Чи та ’нæсаст зæххыл*
*Зилы тракторы руль.*

Фæлæ хæст фашистты тугæй куы æрцыд хуыст, уæд Инал «къуыммæ баппæрста арф» йе «стыр цырыхъхъытæ, æмæ – институтмæ». Йæхæдæг дæр æй нæ зыдта, цæмæн, фæлæ йæ бæллиц уыдис зарын:

*Кæд мæ фыды бæстæ*
*Æз кæй уарзын æгæр,*
*Зарын кодта уый мæн,*
*Домдта зарæджы хъæр?*
*Æви ме стыр дзыллæ*
*Хæсты ’хсарæй кæй цыд,*
*Уый мын радта хъæлæс,*
*Уый мæ зарды сæр уыд?*

Инал йæ Фыдыбæстæ бирæ кæй уарзы, йæ райгуырæн къуыммæ кæй æрыздæхт, зонгæ бынæттæ, зонгæ адæмы фенд æй сагъæсты, мысинæгтæ, бæллицтыл кæй æфтауынц, уый фæрцы Гафезы къухы, йæ хъайтарты цард æргомгæнгæйæ, æфты, Мидхæсты азтæй фæндзайæм азтæм Ирыстоны, стæй æмткæй Советон Цæдисы цытæ цыд, уыдæттæ кæм конкретонæй, кæм та иумæйагæй чиныгкæсæгмæ хæссын, æмæ йæ æфтауы хъуыды кæныныл. Иумæйаг афыстыты конкретон бынæттæ, конкретон хъуыддæгтæ æмæ дзуринæгтæ куынæ ныхасиккой сæ кæрæдзийыл, уыдон сæ куынæ цæрдхъом кæниккой, уæд, царды цытæ цыд æмæ цæуы, уыдоныл æмткæй дзургæйæ чиныгкæсæг уайтагъд фæлмæцид. Ноджы уацауы сюжетæн ивгъуыд дугмæ хъайтары мысинæгтæ-экскурстæ сты æндадзæны хуызæн. Нæ йæ уадзынц пырх кæнын. Уыцы мысинæгтæ æмæ конкретон хабæрттæ сæ кæрæдзийыл бастæй уацмысæн дæттынц царды хос.

Инал йæ райгуырæн хъæумæ куыд кæсы, йæ зæрдæ куыд райы ног скъолайæ, ног агъуыстытæй, «се ’хсæн астæрдджын уынгтæ уæнгрог хохæй быдырмæ» куыд уайынц, «сыхæй-сыхмæ сæ годзы къæхтыл телыхъæдтæ сæ кæрæдзи» куыд «сурынц ’мæ цы ’рцыди дунетыл, зæххыл, уыдон» алкæмæн куыд дзурынц, хъæу хуыздæр амондмæ бæлгæ

фæстæм куыд тындзы, уыдæттæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уæды агитацимæ гæсгæ хорз сты, фæлæ сæ кæсынæй адæймаг фæлмæцы. Æмæ йæм уæд «æххуысмæ» фæзынынц конкретон хабæрттæ:

*— О, кæдæм тæхыс! — фехъуыст мыл хъæр.*
*Æз фæхъил кодтон уайтагъд мæ сæр.*
*Йедзаг уæрдон йæ уæзæй æваст*
*Цæхгæр уырдыджы ме 'рдæм фæраст.*
*Галты ныхтæм æвзыста йæ уис*
*Æмæ згъорæгау чидæр цыдис.*
*Суадтæн галтæм.*
*— Дада куы дæ уый!*
*Уæрдон цавддурау фæзы фæци.*

Уацау хъæздыгдæр кæны, царды цыд, царды историмæ дзы уарзты рæзт, уарзты истори кæй уынæм, уый. Инал æмæ Азау, Мурæт æмæ Сонайы ахастытæ, се 'нкъарæнты рæзт цымыдис кæны чиныгкæсæджы, æлвасы йæ йæхимæ.

Гафезы хъайтартæй бирæты нæмттæ, стæй сæ равзæрд, сæ хъысмæт цымыдис æвзæрын кæнынц адæймагмæ. Зæгъæм, Ацырухс хъайтар æм æмбæлы цалдæр хатты. Йæ интимон темæйыл фыст æмдзæвгæты цикл «Ныфс» дæр хæлар кæны «А»-йæн. Уæдæ, «Тулдзы къох»-ы хъайтар Азау æмæ уацау «Цæссыгау сыгъдæджы» хъайтар Валяйы хъысмæттæ дæр сæ кæрæдзийы халдихтæ сты, стæй ирон чындзытæ бауыдзысты. Æвæццæгæн. Фæлæ уацмысты æвдыст не 'рцыд кæронмæ.

Чи зоны, æцæг сын уыдис прототиптæ? Фæлæ уый рафæлгъауинаг фарст у. Стæй уæд уыцы фарст йæ уацмысты æндæр хъайтартæм кæй æнхъæвзид, уый дызæрдыггаг нæу.

Уацауы поэтæн æргом фадат кæм фæвæййы, уым æнæмæнг спайда кæны пейзажæй.

*Уæртæ зонгæ нæзы*
*Слæууыд дурыл рæдæнгæй,*
*Буц, гуыбыр хæрис та*
*Хъазы доны йæ цæнгтæй.*

Кæнæ:

*Тигъыл ралæууыд хосдзауты бал, –*
*Кæрдæг дасынц бындзарыл:*
*Тæссар фæндагыл урс фос ныххал, –*
*Фыййау 'нæмæтæй зары.*
*Цыма цъалайы 'взист дон ныссалд,*
*Намæ акалд джынассу,*
*Кæнæ русыл цæстысыг æруад,*
*Хуры тынтæм нæма ссур,*
*Уыйау комы дон ардæм зыны*
*Æмæ калы тæмæнтæ.*

Гафезы уацмыстæн адæмон сфæлдыстады аивтæ æцæгæлон не сты. Алы хатт дæр сæ, гæнæн уæвгæйæ, рæсугъд кодта уыдонæй. Адæмон сфæлдыстады æвæугæ хæзнатæ йын уыдысты йæ уацмысты хъуыды, йæ хъайтарты удыгъæд ирддæрæй равдисыны хос. Бирæ адæмон уацмыстæйиу кадджытæ уымæн арæзта, кæнæ-иу æй уацмысы уымæн бавæрдта. Фæлæ йын, хъыгагæн, алы хатт адæмон сфæлдыстады аивтæ, куыд æмбæлы, ахæм къух нæ лæвæрдтой. Уæлдайдæр сæ йæхи комытæфæй кæй нæ бауагъта уд, кæй сæ нæ сæвæрдта йæхи джиппы, уыдонæй цъæх кæны адæймаджы зæрдæ. Ацы аив, æнæдызæрдыгæй стыр уацмыс «Тулдзы къох» дæр нæ аирвæзт уыцы низæй.

Уацауы хъайтар, поэт Инал æнæкъæмдзæстыгæй зæгъы йæ хæсты быдыры райгуыргæ зарæгæй:

*Уым нæ хызти нæмыг,*
*Уый нæ кодта дæлдон,*
*Уый нæ басыгъта арт.*
*Уый цæргæсау уæндон,*
*Фæздæг, мигъты бæрзонд*
*Хъазыд, ленкгæнгæ тахт.*

Иналы бæсты чиныгкæсæг йæхæдæг фæсырх вæйййы. Фæлæ, табу Хуыцауæн, уыцы бынæттæ бирæ не сты. Сæйраг у, Гафез цæмæ æрæвнæлдта – фæлтæртæ сæ кæрæдзийыл куыд баст сты, сæ кæрæдзийы æххуысæй куыд бырсынц царды зынтæ, куыд цæуынц рухсдæр фидæнмæ,

уый аивадон ӕгъдауӕй равдисын бафтыдис йӕ къухы. Уыцы фӕлтӕрты ӕмбаст равдыста тулдзы къохы хуызы:

*Уӕлӕ тигъыл зӕронд тулдз.*
*Уый фӕдыл та цӕуы*
*Тулдзы стыр къох – ӕвзонг у.*
*Цыма ахӕм хуызы*
*Тохмӕ уадысты иумӕ,*
*Уайгӕ-уайын ӕваст*
*Алчи алӕууыд иу ран,*
*Ӕмӕ ацы хъӕуӕн*
*Йе скаст, йе 'нтыст, йӕ амонд*
*Сабыр фарны дуджы*
*Иумӕ хъахъхъӕнынц абон.*

Тулдзы къохау, фӕлтӕртӕ сӕ кӕрӕдзийы фарсмӕ кӕм фӕлӕууынц, уыцы адӕмыл фӕуӕлахиз уӕвӕн нӕй. Уыдон сӕхӕдӕг уӕлахиз кӕнынц алы фыдтыл дӕр. Нӕ кӕрӕдзийы фарсмӕ, Тулдзы къохау, кӕй лӕууыдыстӕм 90-ӕм азты райдианты, басӕттын уымӕн нӕ бакуымдтам, дӕлӕ, кӕй ном нӕ дзырдӕуы, нӕ уыцы тугхор сыхӕгтӕн. Нӕ дарддӕры царды дӕр нӕ уый хъуамӕ ма уа рох. Уӕд нын фесӕфӕн никуы уыдзӕнис. Ахӕм хъуыдыйыл лӕуд нӕм чи у, уыдоны хъомыладыл ӕгӕрон у Гафезы ӕндӕвдад.

Йӕ удӕгасӕй йӕ царды дӕр, йӕ аивады дӕр уымӕ тырныдта Гафез. Фенын ӕй кодта «Тулдзы къох»-ы. Сиды нӕм иудзинадмӕ, фӕлтӕрты сӕ кӕрӕдзийы ӕмбарынмӕ. Йӕ уацмысӕн, рухс куы федта, уӕдӕй фӕстӕмӕ афтӕ стыр нысаниуӕг уымӕн ис.

Поэт йӕхӕдӕг, стӕй йын йе сфӕлдыстад чи зыдта, уыдонӕй «Тулдзы къох»-ы фӕстӕ дызӕрдыг ничиуал кодта, фыссӕджы курдиат фылдӕр кадджытӕм здӕхт кӕй у, уым кӕй рарттивы иууыл тынгдӕр. Цыма кадджытӕ фыссынӕй йӕхиимӕ быцӕу кодта, иу сӕ гуырд иннӕйы фӕстӕ. 1957-ӕм азы ныффыста «Хъилдур», «Мад», «Уадтымыгъ», «Фӕсмон», «Цардиппӕрд»; 1958-ӕм азы – «Ацырухс», «Ӕнӕном кадӕг», «Бӕсты сӕрвӕлтау», «Фыды артдзӕст»; 1959-ӕм азы – «Чызджы фарн», «Зарӕг цӕрӕнбоныл», «Мады цӕссыг», «Ныхас ӕмбалимӕ» ӕмӕ афтӕ дарддӕр.

Уыдонимæ, æндæр хуызты, стæй жанрты йæ куыст кæй никуы ныууагъта, уый куы бахынцæм, уæд фыссæгæн ахæм куыст сгуыхт нæ, фæлæ стыр хъæбатырдзинад у. Ноджы уымæ бафтауын хъæуы, Гафезæн æцæгæй йæ зæрдæйы арфæй цы уацмыстæ ратагъдысты, йæ курдиат æххæстæй кæм разындис, уыдон иумæ райсгæйæ сты Фыдыбæстæйы удæгас кадæг. Йæ æвæрццæг хъайтартæ кæд æндæр æмæ æндæртæ сты, кæд æндæр æмæ æндæр хъуыддæгтыл лæууынц, кæд сæ удыгъæд æмхуызон нæу, уæддæр сæ æмбырд кæны иу стыр хъуыддагæй – йæ зæрдæйы хъармæй, йæ арф хъуыдыйы змæлдæй. Æмæ нæм æй йæ хуыздæр рæнхъыты æрхаста фæринчы комыл хуры æрттывдау. Уыцы хуры æрттывд ын рухс кæны йæ хъайтарты зæрдæтæ, æфтауы сæ, адæймаг адæймаг цæмæй у, уыцы хъуыддæгтыл – фыдызæхх уарзыныл («Хъилдур»), адæймаджы ном бæрзонд исыныл («Уадтымыгъ», «Æнæном кадæг», «Бæсты сæрвæлтау»), ныййарæджы стыр ном дæлæмæ ма 'руадзыныл («Ацырухс», «Мад») æмæ бирæ æндæр бæллиццаг хъуыддæгтыл.

Хохаг фыййауы цард цастæ бæллиццаг хъуамæ уа. Цæлыфынгтыл нæ бадт, кæйдæртау йæ Фыдыбæстæйы сой нæ цъырдта. Фæлæ кадæг «Хъилдур»-ы хъайтар нæ хъаст кодта йæ цардæй. «Лыстæггай касти дидинджыты къусчытæм», æмæ мыдыбындз «мыд куыд цъырдта, ууыл-иу цин кодта», науæд та тыдта «'мæ хордта саунæмгуытæ, къабузæг». Фæлæ сæм туркаг паша куы фæзынд, сæ бур æрцытыл сау туг куыд тагъд, уый куы федта, уæд фыййау, – Гафезы уарзон хъайтартæн характерон чи у, – сабийы уыцы æнæхин зæрдæйæ, æдасæй фæлæууыд сæ ныхмæ:

> *– Цы дæ хъæуы?*
> *Цы уын баззади хæхты та?*
> *Куы ныннæмат, куы баихсийа зæххы цъар,*
> *Цы ма хæрдзысты хъомрæгъæуттæ, сычъитæ?*
> *Фæсалы мур кæм агурдзынæн ме 'рчъитæн?*

Æрмæст сæ рæгъæуттæ йæ не 'ндавынц, фæлæ хъæддаг сычъитæ дæр. Уымæн æмæ, нæ йыл хъуыды кæны йæхæдæг, фæлæ бæстыхицау у.

Лæппуйы сабыр ахаст æмæ бакастæй фæсаст тугхорты раздзоджы хъæстæ зæрдæ. Бахæлæг æм кодта. Ацамадта йын митын мæсгуытæ, зæгъгæ, мемæ рацу уацары. «Уыдзынæ ды мæхи хæдзары, кусдзынæ, Æвзæр ныхас дæ хицауæй нæ хъусдзынæ».

Чи зоны, ахæм барджын раздзоджы хъæздыг хæдзары хъал цардыл цасæй аивиккой сæ фыдæлты уæзгуытæ! Фæлæ фыййаумæ пашайы ныхæстæ диссаг фæкастысты – куыд ис уый гæнæн?! Уымæн ын зæгъы:

*Æз ацы бæстæн, ацы зæххæн райгуырдтæн,*
*Мæ цард лæвæрд у ацы сыджыт, ам уыртæн.*
*Æндæр бæстæ мæ цæрæн нæу, мæ мæлæн у.*
*Мæ мард дæр мын нæ ахæсдзæн дæ хæлæг уд!*

Æмæ йын æцæг нæ аласта йæ мард дæр. Фыййау йæ Фыдыбæстæйы уарзондзинадæй фестад цавддур. Фæлæ ууыл дæр нæ фæцис хъуыддаг. Йе знæгтæ, куыд æй цæвынц, афтæ æрызгъæлынц дуртæй. Афтæмæй нын поэт аивады хуызы фенын кодта, Фыдыбæстæйы уарзтæй адæймаг æппæтхъом кæй кæны. Фыййау-хъилдуры номæй уымæн зæгъы:

*«Цас йæ бон у иу лæгæн,*
*Куынæ уа уый*
*Уæйгæнæг*
*Æмæ*
*Дурзæрдæ!»*

Гафез йæхæдæг дæр Фыдыбæстæйы цæрайæ кæй цард, йæ амонд уый амондимæ кæй баста, йæ къухы иу æнтыст иннæйы фæдыл уымæн æфтыд.

Поэт-иу бирæ хатт систа цахæмдæр чысыл, фæлæ зæрдæйыл æмбæлгæ деталь, æмæ-иу æм сцымыдис кодта чиныгкæсæджы, стæй уыйфæстæ æрæвналы йæ зæрдæйы судзæгтæ дзурынмæ. Раргом кæны, уыцы деталь цæмæн æмæ кæцæй равзæрд, уый аххосæгтæ. Ахæм ахадгæ деталь у, «Фембæлд»-ы хъæйтартæй иу Уасджейы хъримагыл иу ран 60 уыгарды кæй ис, иннæ ран та – 5, уый. Куыд рабæрæг, афтæмæй фыццаг нымæц нысан кæны, цуаны цы сырдты амардта, уыдон нымæц; дыккаг та – йæ хæлар Магъаладзе

Шотайы марынмæ чи хъавыд, уыдонæй, гуырдзиаг меньшевиктæй, цал амардта, уый æвдисæг. Æмæ деталь кадæгæн йæхицæй разынд ахадгæдæр. Уымæн æмæ, 1920-æм азы гуырдзы ирон адæмæн цы геноцид расидтысты, уыцы трагедийы рæстдзинадхæссæг нæу. Тыххæлардзинадыл, Маяковский *соцзаказ* кæй хуыдта, ахæм темæйыл фыст у.

Ахæм деталь «Æнæном кадæджы» — Залдузы фæрдгуытæ.

Æмæ кадæг «Уадтымыгъ»-ы æвдайаздзыд Дзаммырз йæхи йæ фынддæсаздзыд æндон, фæлæ ихсыд кардимæ кæм бары, уыцы аив деталæй райгуырд æцæг аивадон уацмыс.

*— Оу, мæнæ диссæгтæ уынын!*
*Фынддæс азы цæры æрмæстдæр...*
*Æниу-ма зæгъ, лæджы уырны:*
*Цыма ныууырыди,*
*Ныммæстæг!*
*Æфсæйнаг у,*
*Æндонæй — сæрст,*
*Æмæ фынддæс азæн ысфаг и,*
*Дзаммырз та — удгоймаг æрмæст,*
*Æмæ æвдай азы фæцарди!*

Æмæ зæронд лæгмæ кæд ничи хъуыста, уæддæр ныхас кодта йæхицæн. Мысыд йæ царды бонтæ. Йæхицæй райгонд уыд, «кæй уыд, ыздыхт архау, мæстæг», фæлæ йæ зæнæгæй зæрдæзæгъгæ амонд кæй нæ фæци — æрмæстдæр иунæг бындар, ууыл тыхст. Йæхицæн ын æй не 'вдыста, фæлæ йын æппынæдзух, авгау, æрхауынæй тарст. Уæддæр ын хъуамæ тæппуд макуы уыдаид. «Уый та куыд?! Бабайы туг ын нæ ратдзæн уыцы бар...» Фæлæ лæппу «куы уыд фыдхæсты уады», уæд-иу цыма фыды зæрдæ их ныччынд. «Йæ кардау тасгæ нæ кодта, фæлæ сабыргай ихсыд».

Æмæ та ног деталь — йæ удмарæн хъуыдыйыл куы у, уæд йæ размæ сæрды æрхаудта бур сыфтæр. Нуарджын бæласы цъæх сыфтæртæ «Нæ уадзынц зæхмæ хурæй иу тын, — Рæудымгæмæ кæнынц æмдзæгъд», фæлæ уыцы сыфтæр бахус, æрхауд.

Цард æгъатыр у. Дзаммырзы зæрдæимæ баризы чиныгкæсæджы зæрдæ: куыд у Терчы был фашистты ныхмæ хæсты йæ иунæг хъæбул, полчъы булкъон?

Адæймаг цæмæй тæрсы, уый йæ æййафы. Фæссихор сæ кæртмæ æрбатылд йæ иунæджы сау машинæ.

*Дзаммырзы къæхтæ*
*Фæцудыдтой,*
*Хъандзæлттæ къух*
*Фæлæбурдта æрцдзæф зæрдæмæ.*
*Кæны хуыдуг, цыма ныххурх, –*
*Йæхи фæурæдта уæддæр,*
*Йæ цæссыг амбæхста кæмдæр,*
*Æрхауа? –*
*Не схаста йæ сæрмæ.*

*Æрбацыд чырынмæ:*
*«Лæппу!!! –*
*Фæлмæн, узæлгæйæ æрхаста*
*Йæ фырты ’нæдаст русыл къух*
*Æмæ йын иунæг ныхас загъта:*
*– Æгайтма ’гас хæдзар ыссардтай!..»*

Ам цыма уацмыс фæцис, схызт йæ кульминацимæ. Донласт йæхи ауuонил фæхæцынмæ дæр фæхъавы. Дзаммырзмæ разындис уыйбæрц хъару, æмæ йæ иунæг мардæй уæддæр кæй ссардта «’гас хæдзар», уымæй у разы. Фæлæ уæд кадæг иувæрсыг, уæлæнгай рауадаид. Фæуыдаид ирон æмбисондыл: «Хорз лæг йæ мард йæ хæдзармæ хæссы». Æмæ йын поэт ссардта зæрдæмæдзæугæдæр кæрон.

Дзаммырз тох кæны мастимæ. Амайы уисойæгтæ, æмæ «йæ карды асхуыстимæ маст йæ зæрдæйæ æртахгæй кæлы». Фæлæ, йæ иунæг ласгæмард кæмæн фæуа, уый мастæн куыд ис рафтæн, æмæ йын маст лæвæрттæн хæссы йæ «цæстытæн – мæйдарæй хыз», йæ «зæрдæйæн та – судзгæ сагъæс».

Уæддæр нæ фæтарст Дзаммырз мастæй. Кусæнгарз æмæ адæймаг хъуамæ куысты рафтой. Хус сыфтæр цы бæласæй æрхаудта, лæджы цæст та ууыл уымæн андæгъд:

*Дзаммырз та фатхъæдмæ ыскаст, –*
*Уый уыд нуарджын*
*Æмæ фидар.*
*Йæ сыфтæртæн –*

*Къæрццæмдзæгъд, хъазт,*
*Нæ уадзынц хурæй зæхмæ иу таг.*

*Æрбайста къалиутæ хæстæг.*
*Нæуæгæй та йæ кард ыскуыста.*
*Йæ нарæг, цардихсыд фæрстæ*
*Кæнынц цæхæр*
*Зынгхуыстæй.*

Афтæмæй Гафезы бон бацис Дзаммырзы удыгъæдæй царды нысан равдисын. Адæймаг цæрынмæ æрмæст йæхи уды тыххæй, æрмæст йæхи æхцондзинæдтæн нæ райгуыры, æмæ æрмæст йæхи мæт ма хъуамæ кæна. Адæймаг у царды кæцыдæр рыджы муры йас хай, æмæ йын стыр уадтымыгъæй – цардæй ницы хуызы ис фæхицæнгæнæн. Уæд ничиуал æмæ ницыуал уыдзæнис. Хъуамæ фæраза царды цахæмфæнды зилдухæнтæн дæр. Дзаммырзы кардау, хъуамæ ихсийа сындæггай. Фатхъæды сыфтæртæй иу бахус æнæрæстæджы. Æрхаудта. Фæлæ нæ фæцудыдта йæ фидар нуарджын зæнг. Йæ цинæй сыфтæртæ кæнынц къæрццæмдзæгъд, нæ уадзынц сæ дарæг зæххы хурæн судзын.

Уый у царды нысан. Уыцы тохæй фидауы цард. Æнæ уый æнæ ад, æгъуыз уаид. Цард нæ уаид царды хуызæн.

Æмзор, – кадæг «Бæсты сæрвæлтау»-ы хъайтар, – нæ бyхсы, цард царды уагыл чи нæ уадзы, уыцы æгъдау. «Ысхъиуæггаг нæмыджы судзгæ 'взаг» сын сæ къухæй хæлар æмгары кæй атыдта, уый тыххæй Æгъуызатæ Мулдартæй фæтудждҗын сты, æмæ сын «æмгары туг» «фестади ызнаг». Æгъуызатæ туджы фынг куы æрæвæрдтой, «æмсæрæмсæр, ныхæй-ныхмæ дывæлдах» куы «æрбадтысты Æгъуызатæ, Мулдартæ», æмæ куы «ысхид ысты дзæбидыртæ сæ балцы», уæд æрмæст нæ нуæзта æмæ нæ хордта Æмзор. «Цыдæр сагъæс, цыдæр мæт æй нæ уагъта».

Уыцы сагъæс, уыцы мæт раргом, фынджы хистæртæй, – кувæг йæ фыд уыдис, – ныхасы бар куы райста, уæд. Æмзор йæ зæрдæйы тыппыртæ скалдта йæ мæлгъæвзагæй. Ирд, бæлвырд цæвиттонтæй фенын кодта адæмæн, тугисын сæ кæй кæны бынсæфтмæ. Хицæн адæймæгтæ, хицæн нæлгоймæгтæ нæ, фæлæ уыцы рагон ирон æгъдау æнæхъæн Ирыстонæн кæй сси сæфты хос. Æмзоры фарст цæхгæр уымæн у:

*Зæгъут-ма нын, нæ хистæртæ, æргом,*
*Цæмæн зайы нæ фыдыбæстæ сидзæр?*
*Цæмæн зынынц йæ уадултæ мæрдон?*
*Цæмæн сæфы Иры хурыскаст, фидæн?*

*Цæмæн кæнæм æнæфæстаг, æвæд?*
*Цæмæннæ фестæм цавддуртæ, къæдзæхтæ?*
*Цæмæннæ фестæм тар, æгæндæг хъæд,*
*Цæмæй нæ мачи сыскъуына нæ зæххæй?*

*Цæмæй йæ къуымæй ма иртæса лæг,*
*Нæ мæсгуытæ куыннæ кæной ызгъæлæн,*
*Нæ хъæуы сæр куыннæ сыса фæздæг,*
*Куыннæ зайа нæ фыдызæхх дзæгъæлæй!*

Цæмæй адæм фесафой сæ цыфыддæр знаг – мыггаг æндонгæнæг, Иры зæхх æдзæрæггæнæг æгъдау тугисынæй, æмæ лæууой сæ кæрæдзийы фарсмæ, Ирыстоны хъомыс фидар кæной, йæ фарныл ын æфтауой фарн, ных сæм чи хæссы, уыцы æддагон знæгтæн æмдыхæй дæттой ныхкъуырд, Æмзор уымæ æрсидт, лæджы худ чи дары, намыс кæмæн ис, уыдонмæ:

*О, дыууæ Иры!*
*Хъауджыдæр уæ нæй,*
*Дыууæ фаззон, дыууæ ’фсымæры не стут?*
*Зæххыл зæрдæйæн хицæнгæнæн нæй,*
*Уæ маст, уæ хъæдгом иу цæссыгæй фехсут!*

*Мæ сагъæс дæр уæ рухс амондæн у,*
*Уыдзынæн æз æхсæны амонд Ирæн,*
*Лæгæй лæгмæ ма чи сиса йæ къух,*
*Уый адæмы ’хсæн саугуырмæй фæхитæд!*

Ахæм кæнæ та уыдон æнгæс ныхæстæ цъус нæ вæййынц. Уæлдайдæр, фынджы уæлхъус. Æмæ Æмзорæн дæр цæмæй йæ ныхæстæ сур, бонæддæдæрæн ма уыдаиккой, уый тыххæй лæппу йæ Ирыстон, йæ адæмы сæрыл йæхи уд æрхаста нывондæн. Фæтæн хъама ныссагъта йæ риуы, «æрмæст ма сыгъд фæтæн хъамайы сæр».

Фæлæ кадæг ууыл нæ фæвæййы. Дзаммырз, йæ цæссыгтæ нынныхъуыргæ, йæ ласгæмард хъæбулы чырынмæ куыд бацæуы æмæ цалдæр дзырдимæ йæ зæрдæйы маст куыд скалы: «Лæппу!!! Æгайтма ’гас хæдзар ыссардтай!..» – æмæ куыд равдисы æхсонвидар нæлгоймаджы удыгъæд, «Бæсты сæрвæлтау»-ы дæр уынæм уый. Æрмæст уыцы адæймагдзинад, йæ фырт кæстæр уæвгæйæ, ныхасы бар куы ракуырдта, уæд æм чи мæсты кодта, иунæг уыцы æнамонд фыдмæ нæ, фæлæ авторы фæндонæй разынд æгас адæммæ дæр:

*– Бæдæйнаг лæппу! –*
*Нал фæлæууыд фыд.*
*Æмæ, æвзонгау, фестади зæронд лæг.*
*Æрмæст æбæрæг иунæг хъуыддаг уыд:*
*Йæ раныхас йæ зæрдæмæ фæцыд*
*Æви, йæхи кæй æрхаста нывондæн?..*

*Цыма ныццавди адæмы ’хсæн арв,*
*Лæууыдысты сæргуыбырæй, æмдзастæй.*
*Сæ хотыхтæ ныссагътой нæууыл арф,*
*Сæ къæхтæй сæ ныссастой!*

Ирыстоны абон æмæ рухс сомбоны сæрвæлтау уый уыдис поэты бæллиц, æмæ йыл йæ зæрдæ никуы сивта. Дзырдта æмæ йæ æппынæдзух æвдыста йæ уацмысты.

Гафезы уацмысты хъайтартæ иууыл тынгдæр фидауынц, цыфæнды зынты дæр, æлвæст кардау, кæй ахизынц, сæ царды нысанмæ æнæдызæрдыгæй кæй фæцæуынц, уымæй. «Æнæном кадæджы» хъайтар Залдуз кæд йæ уарзон лæппу, Мидхæсты гуырдзиаг меньшевикты къухæй хъæбатырæй чи фæмард, уыцы Газаны туг тохы быдыры райста, йæ цæсгом ын нæ фæчъизи кодта, йæ номыл бадгæйæ баззад, йæ хойы лæппу Тасолтаны хи хъæбулы хъомыл фæкодта, кæд сæрыстыр у йæхицæй, уæддæр æм фæзыны йæ чызгон уд. Йæхи Газаны амæлæты фæстæ удæгасæй кæй бахордта æмæ баныгæдта, зæххыл сæйраджы цы нысаны тыххæй райгуырд, уый кæй нæ сæххæст кодта, уый йын нæ бары. У æгъатыр, фæлæ – раст:

*Цæмæн бадæ къуырма, æмыр?*
*Зæгъ-ма: кæцæй æрхастай бартæ,*
*Кæнай лæджы мыггаг цыбыр?*
*Зæгъ-ма, цæмæн фæдæ æвæстаг?*
*Дæ къухæй мад цæмæн у мард?*
*Кæнæ сæумæрайсом дæ фæстæ*
*Дæ уаты чи скæндзæнис арт?*

*Зæгъ-ма, цы сылгоймаг у уый та,*
*Сывæллон ма ратта зæххæн?*

Адæймаг хъуамæ йæ царды сæйраг нысанæй ма иппæрд кæна. Æмæ кадæгæй бæрæг у, поэт сылгоймаджы фыццаг æмæ сæйраг хæсыл кæй нымадта, — æмæ тынг раст кодта, — цæмæй фыццаджы-фыццаг уыдаид Мад. Фыдыбæстæ хуымæтæджы нæ баста мадимæ. Уымæй уæлдæр ничи æмæ ницы ис. Никæмæн ис уый бар, — æгæрыстæмæй, сылгоймагæн йæхицæн дæр, — æмæ йæ хъуыдыйы, йæ хуылфы амара мад.

Поэт æвзонг Залдузы номæй зæронд, иунæг Залдузмæ æфхæрд, мæстæйдзагæй уымæн дзуры:

*Сылыстæг алкæддæр фæзоны —*
*Цæ зæххыл царддæттæг у цард.*

Кæнæ — ноджы къæйныхдæрæй:

*Зæххыл ыстыр хæрзиуæг — Мадæй*
*Нæ фæци мисхал амонд дæу!*

Æнæуый та, хъæбул куынæ схъомыл кæна, уæд, зæгъæн ис, сылгоймаг цардмæ цæй тыххæй фæзынд, уыцы сæйраг нысан нæ бафтыд йæ къухы.

Гафезы Мад æмæ Фыдызæхх уый тыххæй сты иу. Сæ кæрæдзийæ сын нæй фæхицæнгæнæн. Æмæ уым ис царды философи, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, свæййы кадæджы философон хъуыды дæр. Уырдыгæй фæцæвы адæймаджы зæрдæ æмæ зонды уидæгтæ. Бафтауы нæ сагъæсыл, цинныл, хъуыды кæныныл. Аивадон уацмысы уый стыр, тынг стыр хъуыддаг у.

Аив, зæрдæскъæф легендæйы бындурыл снывæста поэт йæ кадæг «Ацырухс». Уынæм дзы мады, нæртон мад Ацырухсы æгæрон æмæ уаз уарзт йæ хъæбулмæ.

Нарт бæрзонд къæсæртæ аразын куы райдыдтой, зæгъгæ, нæ сæртæ ма гуыбыр кæнæм, æндæра Хуыцау афтæ фенхъæлдзæнис, мæнæн кувынц, уæд сыл Хуыцау, «кæй йын нал кодтой табу æмæ арфæ», уый тыххæй рахæтыд. Йæ бардуæгтæ æмæ зæдты сæм рарвыста: «Ныртæккæ Нартæн расидут фыдхæст!». Æнæхъæн афæдз фæхæцыдысты, фæлæ сæ бон нæ бацис Нарты бынсæфт фæкæнын. «Хуыцау уæд тынгдæр рахсыст æмæ смæсты», æмæ йæ цæссыгæй доны бабын кодта Нарты. Доны астæу ма уыд мад Ацырухс, «йæ сабийы бæрзонд йæ уæхскыл хаста». Хуыдуг кæны, æмæ йыл худы Хуыцау:

*«Дæ сывæллон*
*Дæ къæхты бынмæ акæ,*
*Æмæ дæхицæн фервæза дæ уд!»*

Фæлæ уæд мад Мад нал уыдаид. Уæд амардаид, дуне кæуыл лæууы, уыцы стыр уарзт. Æмæ йе скæнæджы уыцы къахæн зондамынд не схаста йæ сæрмæ. Мады, ныййарæг Мады стыр номыл нæ бауагъта къæм абадын. Йæхи уды бæсты нæ рауæлдай кодта, цардмæ сæйраджы сæйраг кæй тыххæй рантыст, уый æназым, уаз уд – хъæбулы уд.

*Мад цыд уæддæр*
*Фæйлаугæ доны размæ.*
*Æрмæст йæ хур,*
*Йæ сонт хъæбулæн тарст.*
*Нæртон зæхх каст*
*Бæстыл сыгъдæгдæр уазмæ*
*Æмæ тъæппытæ*
*Ахаудта æваст.*

*Дон айсæфти*
*Зæххы ыскъуыды,*
*Арф ран.*
*Лæугæйæ баззад*
*Уыцы хуызы мад…*

*Ӕрдз сабийӕн*
*Йӕ уынд, йӕ фӕлыст радта…*
*Ӕмӕ йӕм саби мард уӕхсчытӕй рад…*

Афтӕмӕй нӕртон Мад йӕ сабиимӕ йӕ кады ном йӕхицӕй систа ноджы уӕлдӕр. Стӕй – бирӕ уӕлдӕр. Кувын, табу кӕнын ӕм кӕдӕм ӕмбӕлы, уыцы бынатмӕ. Стӕй уыцы Мады кад, мыййаг, ӕнусты, ӕрдзӕ ӕнусты фӕстӕ нӕ баззад кӕнӕ йыл рӕстӕджы сӕг не сбадт. Кадӕджы автор ӕй сбаста нӕ фӕлтӕры Мадимӕ. Уацмысы райдиан, стӕй йӕ кӕрон бӕлвырд кӕны, Ацырухсы йӕхӕдӕг кӕй федта Сырх фӕзы цытджын парады: «Ӕд саби нӕм зӕронд Нартӕй ӕрцыд».

Поэт нын фенын кодта ирон, сыгъдӕг ӕмӕ уаз, рагон ӕмӕ ӕрыгон Мады ӕнусон фӕлгонц, ӕрмӕст ма йӕ дӕсны скульпторы ӕрмттӕй хъӕуы джиппы рауадзын, ӕмӕ йын, сыгъдӕг ӕмӕ уаз Мады-Майрӕмау, табу кӕм кӕнӕм, ахӕм бынаты йӕ сӕвӕрын. Ирыстоны фыдвӕд ӕмӕ ӕвӕдӕй бахиздзӕн ӕрмӕстдӕр ИРОН МАД. Йӕ алы хъӕбулӕй Ирыстоны цард дарддӕр кӕны, ӕмӕ йын – табу. Табу ИРОН МАДӔН!

Хъыгагӕн! Ирыстоны хицӕуттӕй ацы диссаджы аив кадӕг «Ацырухс»-ыл нырмӕ никӕй цӕст ӕрхӕцыд, ӕмӕ сӕ ирон Мадӕн цырт сӕвӕрын нырма никӕмӕн ӕрцыд йӕ фӕсонӕрхӕджы дӕр!

Уыцы мад, ирон Мад ӕрмӕст йӕ хъӕбулты тыххӕй нӕ цӕры, ӕрмӕст ӕй уыдон рухс фидӕн не 'ндавы (куыйдзыхты хъӕлӕсы иунӕгӕй куыд уыдзӕнис амондджын?), архайы, цӕмӕй адӕм иууылдӕр уой сыгъдӕгзӕрдӕ, фыддзинадӕн ма дӕттой ком.

Лидзыны къахыл куы сты, Мад ӕмӕ, йӕ бахъомыл хатгӕ дӕр кӕмӕн нӕ фӕкодта (Куыд рӕсугъд у… О, сар фӕуа мӕ сӕр! Мӕ хъӕбул куы у, иунӕг куы у цасдӕр, Уӕд ӕй нырмӕ куыннӕ зыдтон рӕстмӕ?), йӕ уыцы чызг Зӕлинӕ, уӕд сӕ тыргъы бӕхӕй ӕргӕпп кодта Ӕхсар. Йӕ сӕры цӕф бӕттыныл ын фесты мад ӕмӕ чызг. Лигъдӕттӕй баззадысты фӕстейӕ. Ӕхсар сӕ Чъехы нарӕгӕй куы фӕфале кодта, уӕд йӕхӕдӕг ӕрлӕууыд уым, цӕмӕй ныууромой гуырдзиаг удхор меньшевикты.

Æхсар æмæ Зæлинæйы зæрдæты цы уарзты арт цæвæнтæ кæны, уый лæууын кæны чызджы лæппуимæ:

*– Æмæ, Æхсар, уæд та æз дæр лæууон?*
*Тæппуд нæ дæн...*
*– Дæ мад та уæд?*
*– Æцæгдæр...*

(«Мад»)

Лæвæрдта сын йæ бæхы дæр, фæлæ «чызг цæйдæр тыххæй ныффæрск и». Цæмæн, уый фæхатыд Мад – кадæг фылдæр уый мидмонологæй цæуы: «Æвæццæгæн, йæ зæрдæйы уыди, цæмæй нæ тагъддæр раййафа йæ бæхыл...».

Уæддæр æй Мад тых «скъæрд» кæны размæ:

*– Фæллайыс?*
*– Нæ...*
*– Уæдæ, тындзгæ, тындзгæ!*

Кæнæ:

*– Цæугæ, цæугæ,*
*Ныр фæндаг – сурдæр, уыр!*
*Æнæсæрæнæн ’гады ном – æмбæлиццон.*
*Хуыцъейы сæрмæ ’рбахæццæ стæм ныр.*
*Нæ йæм кæсыс, хуыны гуылау – дæргъæццон.*

*– Цы мæ сайыс? Чысыл гыгы нæ дæн!*
*Кæд дæ фæнды, кæндзынæн дын ызгъоргæ...*
*Æрмæст куыддæр... Чысыл, зæгъын, кæд нæ...*
*Ох!.. Мад куы дæ! Куыннæ дын у уæд зонгæ?*

Фæлæ йæхи фæстæ-фæстæ кæй тыххæй урæдта, – Æхсары, – уый бæсты сæ æрбаййæфтой гуырдзыйы тугцъиртæ. Чъимасы дон афтæ сæрра, æмæ йыл цы хид уыд, уымæн нал баззадис йæ ныв дæр. Ноджы ’ууæрды дуртæ, «æдасæй йыл нæ атæхдзæнис маргъ».

Поэт Мад æмæ йе стдæсаздзыд чызджы раз æрæвæрдта фарст: кæнæ уæ, кæй ном нæ дзырдæуы, нæ уыцы тугхор сыхæгтæ хъуамæ æрбаййафой æмæ фæхудинаг кæной, кæнæ барвæндæй мæлæт хъуамæ равзарат.

Ам авторæн йæ бон уыд, схæцыдаид сур дзæнгæдайыл,

царды философийы фарстатæ скъуыддзаг кæныныл. Фæлæ ирон литературæйы истори уæдмæ дæр зыдта ахæм удмарæн, фæлæ ирон сылгоймаджы ном æмæ кад бæрзондсисæг цаутæ. Коцойты Арсены «Саломи»[1] ахæм уавæры йæ кæстæр чызджы йæхæдæг фесхуыста былæй, хистæры йæ хъæбысы аскъæфта мæлæты дзæмбытæм. Плиты Харитоны «Сæлимæт»[2] доны знæт уылæнтæм йæхæдæг нывзылдта йæхи.

Чиныгкæсæджы зæрдæ ныллæууы йæ кусынæй Гафезы хъайтартæ Мад æмæ йæ хъæбул Зæлинæйы зæрдæтау: цы бауыдзысты уыдон та? Иу уысм цыма доны был цыртытæ фестадысты, «…Кæнæ та зды арв уыдоныл æнцад, — Æрхауынæй йын тарстысты сæ Ирыл». Фæлæ рахъуыды-бахъуыдыйæн рæстæг нæ уыд:

*Сæ кæрæдзимæ бакастысты раст.*
*Цæуын сæ цыма нал фæнды гуыбырæй.*
*Æмæ ныллыг ис уыцы ’нгасæй фарст*
*Æнæ ныхас,*
*Æмуд æмæ æмырæй:*

*— Цæугæ! Цæугæ! Ды нал дæ ныр цыцыл!*
*Чызг бацыд фурды удæнцой, хъылындзæй.*
*Йæ къабайыл ысхæцыди чысыл,*
*Цыма йын тарсти æртæхы хуылыдзæй.*

Афтæмæй фенæм æнæрцæугæ трагеди — Мад йæ хъæбулы фæхудинаджы бæсты йæхæдæг æрвиты мæлæтмæ. Куы хъæуа, уæд мæлæт æмбæлы æвзарын. Уымæн æмæ, «Æнус нæ кæнынц марды тыххæй мæт, Æгады ном та алкæд дæр фæцæры!». Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, мæлæты хъæбысмæ цæугæйæ йæ къабайæн æртæхы ныххуылыдзæй чи тарсти, чысыл ыл чи схæцыд, — уæлиау нæ, уæд та йын исчи федта йæ гом зæнгтæ, фæлæ — чысыл, — уыцы адæймаг йæ сыгъдæгдзинад бахъахъхъæныны тыххæй куыннæ рауæлдай кодтаид йæ уд. Уыцы чысыл деталæй авторы бон баци йæ хъайтары барвæнд мæлæт нын бауырнын кæнын.

Ноджы диссагдæр та, Мад йæ чызджы мард куы федта — змæст дон æй «ачындз кодта фаллаг фарсмæ», уæд:

---

[1] Коцойты Арсен. Равзаргæ уацмыстæ, т.1, Ир, 1971, 248-æм фарс.

[2] Плиты Харитон. Уацмыстæ, Ир, 1972, 249-æм фарс.

*Фæхудти мад. Цыма йыл ракаст хур,*
*Ӕнахуыр цин йæ рыст зæрдæйы февзæрд:*
*– Мæ коммæгæс чызг, ме 'нæрцæф хъæбул!*
*Дæ мад йæ ныфсæн цардамондтæ фестæд!*

Ам чиныгкæсæг æнхъæл вæййы, Арсены Саломийау, Гафезы Мад дæр йæхи доны нывзилдзæнис йæ хъæбулы фæдыл. Фæлæ – нæ! Уый ноджы дарддæр ацыд.

Бафæндыд æй ирон æвæджиауы æгъдæуттæм гæсгæ æнаххос тугкалды фæндаг æрæхгæнын. Схызт дуры сæрмæ. Йæ тæрттæ байгом кодта Мад. Дзуры туджы æвдылд туджджынтæм. Ӕрбацæуой йæм. Уыдон дæр бадæйой, йæ чызг цы дзидзи дадта, уый. Сæ «зæрдæты кæд нал уаид хъæстæ, кæд фесæфид хæрамдзинад».

*Фæцæуы æхст.*
*Йæ риуыл туг æруад.*
*– Фидыдад, фарн!*
*Мæ цæфыл дæр хъæцдзынæн!*

*Ӕрмæст уæд фарн!*
*Урæд æрцæуæд хæст! –*
*Йæ сау кæрдæн бæрзонд йæ сæрмæ систа…*

Уыцы сау кæрдæн цыфæнды тугкалд дæр баурæдтаид уыцы уысм. Фæлæ уæздан æгъдæуттæн лæгхортæ хатгæ дæр ницы кодтой. Уый сæ ныр, нæ уыцы уæздан æгъдæутты, мах фæзмгæйæ сæ чингуытæм, сæ кинонывтæм тыхласт фæкæнынц, фæлæ сæ туджы не сты. Мадыл нæмыджы зынг уымæн бафтыдтой.

Поэт йæ кадæгæн нæ адæмон сфæлдыстады поэтикон амалæй сарæзта зæрдæхалæн, фæлæ аив кæрон:

*Йæ кæрдæныл æрхауд æвæндæй мад,*
*Цыма уыди йæ раттæг царды згъæрæй.*
*Йæ алыварс мыр-мыргæнгæйæ уад*

*Ӕхсары бæх,*
*Уæгъдидонæй,*
*Дзæгъæлæй.*

Гафез кадæджы жанрыл йæ зæрдæ никуы сивта. Кадджытæ фысгæйæ бакуыста йæхи сæрмагонд æрмдзæф, уæлдайдæр, сюжеттæ, — æгæрыстæмæй, лирикон, лироэпикон кадджыты дæр, — фæлгонцтæ аразгæйæ, царды проблемæтæ адæмы размæ хæсгæйæ. Уымæ гæсгæ йæ алы кадæгыл дæр ис сæрмагондæй æмæ лæмбынæг дзурæн. Уæлдайдæр сæ алкæмæн дæр фыссæджы сфæлдыстадон фæндаджы ис йæхи нысаниуæг. Фæлæ мæнæн мæ ныхас цæмæй уыцы иугъуызон æмæ бынтон даргъ ма рауайа, уый тыххæй ма йын ракæндзынæн, кæй йын зонæм, уыцы сфæлдыстадæй йæ фæстаг егъау поэтикон уацмыс — уацау «Базырджын сагъæстæ»-йы кой.

«Кæй йын зонæм», — уымæн зæгъын, æмæ фыссæг йæ фæстæ ныууагъта тынг бирæ æнæмыхуыргонд бынтæ. Уыдон дæр, дзырд дæр ыл нæй, уыдзысты йæ иннæ уацмыстæн кæцыдæр къабæзтæ, кæнæ сæ дарддæр кæндзысты. Йæ фæстаг æмдзæвгæфыст уацау «Базырджын сагъæстæ» куыд у, афтæ.

Гафезæн кадджытæ фысгæйæ йæхи аивадон амæлттæ уыд. Æмæ уый алы фыссæгæн дæр афтæ вæййы. Фæлæ йæ кадджытæ, уæлдайдæр, æмдзæвгæфыст уацаутæ фæлдисгæйæ, ныффидар кодта сюжет аразыны сæрмагонд схемæ.

Йæ хъайтар цыдæр фæаразы кæнæ кæдæмдæр фæцæуы, æмæ йæ уыцы иу рæстæджы йæ хъуыдытæ фескъæфынц ивгъуыдмæ. Ивгъуыд æмæ ныры хабæрттæн фæаргъ кæны йæхинымæры кæнæ фæдзуры мидмонологтæ. Афтæмæй нын раргом кæны царды рæстдзинад кæнæ æнæрæстдзинад. Бафтауы нæ цардæн философон æгъдауæй аргъ кæныныл. Сразæнгард нæ кæны Фыдыбæстæ, хи туг æмæ стæг, рæстдзинад уарзынмæ, æнæгъдау, æнаккаг æмæ фыддзинады ныхмæ æгъатыр тохмæ.

Раст ахæм у ацы уацау дæр. Йæ сæйраг хъайтар Алæгты Инал — Æхсæраты Æхсарæн куыстæй радтой путевкæ æмæ уадæгыл тындзы Карловы Варымæ:

*Тæхынц, цæуынц*
*(тъæпп-гуыртт, тъæпп-гуыртт),*
*уæззау цæлхытæ лидзынц.*
*Мæ зæрдæ ссыгъд,*
*кæны гуыпп-гуыпп, —*
*ивгъуыдмæ, рохмæ сиды.*

*Мæ размæ уайынц,*
*згъорынц цырд*
*бæрзытæ, раст нæзытæ.*
*Сæ цин, сæ хъæр:*
*– Æрцыд, æрцыд!*
*Куыд æрæгмæ фæзындтæ?*

Уацау кæй номæй цæуы, – фыст у фыццаг цæсгомæй, – уыцы хъайтар – уацмысы хъайтар, стæй Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъайтар дæр Инал-Æхсарæн уыцы улæфæндон йæ зæрдыл æрлæууыын кæны йæ уарзон бæстæ Дзауы. Фæлæ йæ æрмæст уый тыххæй куы уарзид, уæд йæ зæрдæ афтæ судзид, афтæ йын гуыпп-гуыпп кæнид, «ивгъуыдмæ, рохмæ» афтæ сидид?

Уым, уыцы бынæттæ йын хорз зонгæ æмæ адджын сты. Горкæ, Теплин æнустæм баззадысты йæ зæрдæфысты. Хæсты рæстæджы уым кодта удуæлдай тох, «амард» æмæ-иу, алæмæтон маргъ фениксау, стахт æртхутæгæй (кæд дзы чиныгкæсæг алцæуыл æххæст нæ феууæнды, уæлдайдæр, йæ уæлмæрдыл, уæддæр), æгæрыстæмæй йын дзы ис стыр цырт. Фæлæ сæйраг уый нæу. Уым ис йæ фыццаг æмæ стыр уарзт:

*Мæ размæ рауайдзынæ, талм,*
*Мæхи Светланæ, Светæ.*
*Куы мæ фенай, дæ цæссыг та*
*Уæд фемæхсдзæни, йе та*

*Мæ хъуырыл атухдзынæ цырд,*
*Сывæллонау, дæ цæнгтæ.*
*Нæ хъусдзынæ мæ худт, мæ дзырд, –*
*Фырцинæй риздзысты дæ уæнгтæ...*

Алцыдæр цыма хорз у. Чиныгкæсæг райы хъайтары цинæй. Фæлæ ивгъуыдмæ йæ хъуыдытæ-экскурсты фæрцы базонæм, Светæимæ сæ уарзт æрмæст тыхджын æмæ сыгъдæг кæй нæу, фæлæ трагикон дæр.

Инал-Æхсар æнæмсæр тохы цæфæй фашисттæм уацары куы бахауд, уæд æй удхарæй чи мардта: «Нæуæгæй – цæф, æмæ та – цæф! Ехс хъазы риуыл, онтыл. Мæ зæрдæ, хой! Мæ зæрдæ, тæлф! Нымад сты дæ бонтæ!» – афтæмæй йын йæ нывтæ чи арæзта, уыцы æнаккаг, æнæзæрдæ фон Зум-

мер ын, кæнгæ ном Ян Достал райсгæйæ, кæд байста йе стыр уарзт Светæйы дæр.

Зуммерæн, йæхи дзырдтæй дзургæйæ, йæ царды нысан æндæр уыд:

*Мæ девиз у:*
*Кæм уон –*
*Мæн у! –*
*Ды та мæ тыхæн фидтæн!*
*Германæй ардæм у мæ раз*
*Сыгъдæг, уырды над ехсæй.*
*Гестапойы – цыбыр ныхас:*
*«Нæ дзуры ? –*
*Уадз æй! –*
*Фехс æй!»*

Фæлæ йæм марын, æхсын фаг нæ кæсы. Кæй туг нуазы, уыдонæн сæ нывтæ аразы. Йæ аивад хъуамæ натурæйæ цæуа. Фидæны фæлтæр хъуамæ зоной, цахæм уыдис йæ тохвæндаг. Уымæн æмæ зоны, «дзырдæн и фесæфæн», ныв-тæ та – æнусбонмæ æвдисæн:

*Хъæуы мæ сценæтæ,*
*зындон,*
*алæмæт хуызтæ,*
*цаутæ,*
*цæмæй сæ хи цæстæй уынон,*
*хæссæн сæм ма уа фаутæ.*

Фон Зуммер йæхицæй буц у, Инал-Æхсар ехсы бын йæ уд исыныл куыд у, афтæмæй йæ кæй ныв кæны, уымæй. Æмæ йын æвдисы: йæ «цæсгом – сау, сырхытæ», «цæфтæ, цæфтæ, пырхытæ», йæ «буар – ахуырст æмæ фыст, тæп-пытæ ’мæ тæппытæ», цыма йæ гуыр, йæ «риуыл тыхст – æнæнымæц кæлмытæ».

Стæй йæм уый дæр фаг нал фæкасти. Йæхицæй буц кæй у, уый тыххæй йын æвдисы йе ’ннæ нывтæ дæр:

*Æрхаста ныв.*
*Хæрз бæгънæг чызг,*
*мæнау – цъæхтæ, тæлмытæ.*

*Цыма йæ ахоргæ ысчынд,*
*Мæнау ыл ис кæлмытæ.*

*Æндæр ныв:*
*хус бæласыл лæг –*
*йæ урс боцъойæ ауыгъд...*
*У бæстæ сæфт æмæ быгъдæг –*
*ыстыр цæхæры басыгъд.*

*Нæуæг ныв:*
*мард мадæн йæ риу*
*чысыл сывæллон куры...*

Уацмысы хъайтарæн дæр йæ бонтæ нымад сты, Зуммермæ гæсгæ. Куыд натурæ, афтæ йæ зæрдæмæ фæцыдис. Йæ удхайраг бонты нывтæ йын фæкæндзæнис, æмæ æрхæццæ уыдзæнис йæ царды кæрон.

Афтæмæй нын цаугай, конкретон нывтæй поэт æвдисы, фашисттæ цытæ кодтой, сæ къухмæ чи хаудта, уыцы уацайрæгтæн. Фæлæ нæ хъайтармæ йæ амонд бахудт. Фон Зуммер ног эскиз куы арæзта: «Салдат ингæн йæхицæн къахы», йæ салдæтты куы «фæсырдта»: «Куы хъæуа, уæд цæттæ – йæ риу!» – йæ чысыл кольт куы стылдта, уæд сыл æрхæцыд Хуыцауы цæст.

Ирон салдатæн бантыст Зуммеры белæй фæсур кæнын. Фæлæ чиныгкæсæг дызæрдыг кæны: цæмæннæ йæ амардта? Фаг у уыцы æфсон: «Уæд фæдис растдзæнис... Æмæ нæхиуæтты хъыгдарын?..».

Уый бæсты йæ афтид ингæн сыджытæй байдзаг кодта, цæмæй, фон Зуммер куы 'рчъица, уæд зæгъа: «Æрцыди мард, ныгæд у ам хæстон капитан...». Йæхæдæг Зуммеры кольтæй уæлдæфы иу гæрах фæкодта, ома мæн фехста, æмæ алыгъд.

Гафезы сфæлдыстады ис, «условон» кæй хонынц, ахæм цаутæ, цæмæй уацмысы архайд дарддæр кæна карздæр, æмæ сыл «бауæнды» чиныгкæсæг.

Уыйхыгъд Алæгты Иналыл нæ бауæндыдысты Сырх Æфсады бынæттон къухдариуæггæнджытæ. Кæй зыдта, уыдонæй ничиуал уыдис, нæуджытæ йын, чиныгкæсæгау,

дызæрдыг кæнынц йæ хъуыддæгтыл, æмæ йæ афтид ингæны ныгæд æрцыд йе 'цæг ном. Фæстæдæр ын бынæттон адæм хъайтары цырт дæр сæвæрдтой. Йæхи бахъуыд ног – Æхсæраты Æхсар номимæ рæнхъон салдатæй тох кæнын. Уæззау цæф куы фæцис, уæд сæ хъысмæт сæмбæлын кодта медицинон хо Светланæимæ, фæлæ лæппу цалынмæ Германæй уæлахизимæ здæхт, иу афæдзы фæстæ, уæдмæ чызг смой кодта «дзæбæх, сæрæн лæг, юрист Ян Досталæй».

Æмæ, чи зоны, цас удхар кодтаиккой дыууæ уарзæгой уды. Чи зоны, иу бæстæйæ иннæмæ, сæ кæрæдзийы уындмæ бæлгæ цас хордтаиккой сæ былы цъæрттæ, се 'нæраны раны гуырд чысыл фырт Æхсар (Светæ йæ лæппуйыл сæвæрдта йæ уарзоны ном) куынæ уыдаид, уæд. Фæлæ уый стыр Æхсар, йæхи æмæ фон Зуммер – Ян Досталы планшеты ингæнкъахæг салдаты 'хсæн æнгæсдзинад рахатыд, æмæ сæ лæджы размæ куы æрыскъæфта, уæд та йыл сног сты йæ дудгæбæттæ:

*Ныв тæ,*
*Эскизтæ.*
*Гом чызг-мад.*
*Джебогъ кæйдæр зæрдæ рæхуыста.*
*Мæ ингæн – къахт…*
*Ысхъазыд уад.*

*Зындон,*
*æнус мæ размæ сыстад.*
*«Нæуæгæй – цæф!*
*Æмæ та – цæф!*
*Ехс хъазы риуыл, онтыл.*
*Мæ зæрдæ, цæв!*
*Мæ зæрдæ, тæлф!*
*Нымад ысты дæ бонтæ!»*

Алцыдæр кæд æргом уыд, уæддæр мады, Светæйы нæ уырны, йе 'мкъай лæгмар у, уый. Уымæй, стæй сæ дыууæйæ дæр чысыл Æхсар хæйрæгдæр у. Раст цыма фæлтæрд фæдысгарæг у, æмæ уыцы хъуыддаг тынг рагæй ахуыр кодта, афтæ у йæ архайд. Стæй – йæ ныхасыгъæд:

*– О, уый ды дæ…*
*Цы ныттар дæ?..*
*Гыцци, йæ рон ын сыхал:*
*кæд афтæ у йæ буар дæр…*
*Нырма дада нæ сыхъал…*

*Гыцци нæ бауæнддзæн,*
*фæтарст. –*
*Æвналы дарæс æмæ ронмæ. –*
*Гыцци, кæс-ма йæ онтæм!*
*Цыма сæ*
*Хъамайæ ыскарст,*
*кæнæ ысты фыдисæй тонгæ!*

Уыны сылгоймаг, Æхсары куыд утæхсæнæй мардтой, уыцы нывтæ, уæддæр сыл бауæнда, уый йæ нæ фæнды: «Дзырдта мын Ян, – кæмдæр сæ хæсты ссардта». Нæ йæ фæнды йæ цæстытыл æууæндын. Нæ йæ фæнды Инал-Æхсармæ хъусын, ома йе 'мкъай лæгмар у. Йæ зонд кæрды æндæрырдæм:

*Ды исыс Досталæй дæ маст! –*
*Дæ тох –*
*дæхи удыл, дæ сæрыл.*
*Æгад æмæ дæм хъыг фæкаст,*
*Мæнимæ уый кæй цæры!*

Фæлæ ис иу рæстдзинад – царды рæстдзинад, сысылы мæнæу нæ кæны, сæгъ – фыс, бирæгъ – урс уæрыкк. Царды цæуы тох, æнусон тох. Тар рухсы хъавы аныхъуырынмæ, рухс тары хъавы фæсурынмæ. Иу сæ иннæйыл нæ ауæрды. Уый тыххæй нæ хъарынц Инал-Æхсармæ Ян Досталы æртхъирæнтæ, Светæйы уайдзæфтæ… Поэт йæ уацмысы ныхæй-ныхмæ æрæвæрдта дыууæ тыхы – рæстдзинад æмæ хæрамдзинад. Æвналынц сæ кæрæдзийы хурхытæм. Алкæй дæр сæ фæнды уæлахизæй рацæуын. Уый сæраппонд ницæуыл ауæрдынц. Рæстдзинадæн алы хатт дæр феххуыс кæны, хæлардзинад гæды митыл амад кæй вæййы, уый. Гæдыйы къах фæдаргъ кæнын æнцон нæу. Инал-Æхсарæн уый баххуыс кæны фон Зуммеры æцæг, лæгмар цæсгом

раргом кæнын. Мæнгдзинад кæм нал уа, уым æппæтдæр бæлвырд вæййы. Æмæ Инал ссары йæхи æцæг ном. «Светæйæн стыр масты фæстæ нæ уыд йæ фæнд зæгъын бæрæгæй», æмæ сын уый зындзинæдтæ æвзарын кæны:

*Кæрæдзи мах бæстæй бæстæм*
*æнувыд уарзтæй уарзæм, –*
*кæрæдзимæ бæллæм, кæсæм,*
*бæстæй бæстæм дзыназæм.*

Фæлæ нæ мæлы лирикон хъайтары ныфс:

*Ды та – мæ ныфс,*
*æгъуысгæ ныфс,*
*Амраны ныфсау – 'нусон.*
*Мæ бæстыл и*
*дæ хуыз,*
*дæ ныв, –*
*дæ фæлмæн хъæлæс хъусын.*

Æмæ уыцы стыр ныфсимæ фæуд кæны уацау. Æууæндæн ис, Инал æмæ Светæйы стыр уарзтæн амæлæн кæй нæй, æнæмæнг та кæй ссардзысты сæ кæрæдзийы зæрдæтæ. Иналы ныфс æгæр тыхджын у:

*Мæ уарзт та?*
*Амонд мын хæсдзæн –*
*Уый райгуырди нæуæгæй...*

Уацмысы архайд кæд дард бæстæты цæуы – Словакийы, Чехийы, Мæскуы æмæ æндæр рæтты, уæддæр сæйраг хъайтары зæрдæ æппынæдзух дзуры Ирыстонимæ, нæй йын уырдыгæй сæфæн. Æмæ та йæ бæллицты балæууы уым. Уымæн æндæр гæнæн нæ уыдис. Уацмысы автор Ирыстоны цы уарзтæй уарзта, уый æппынæдзух ма æрттывтаид, уымæн уæвæн нæ уыд.

Дзырд дæр ыл нæй, авторæн ацы уацау уыдис ног поэтикон æнтыст. Йе стих фелвæстдæр, нал æм зыны «соцзаказы» тæваг. Æвдисы, йæ зæрдæ йæм цы дзуры, уый.

**Цыппæрæм ныхас**

## ГАФЕЗЫ ПРОЗÆЙЫ ТЫХХÆЙ

Гафезæн йæ зæрдæйы зæгъинæгтæ æвдисынæн поэзи алы хатт нæ фаг кодта. Æмдзæвгæтæй уайтагъд кадджытæм, кадджытæй – æмдзæвгæфыст уацаутæм хуымæтæджы нæ ахызт. Стæй йын кадджытæ æмæ æмдзæвгæфыст уацауты фисынтæ дæр къуындæг кæнын райдыдтой. Æмæ авнæлдта прозæйы жанрмæ. 1960-æм азы ныффыста радзырдты æнæхъæн чиныг «Дзаджейы рухс».

Гафезы ирон чиныгкæсæгæн амонын нæ хъуыд. Йæ поэзи сын зындгонд æмæ уарзон уыдис, æмæ 1961-æм азы йæ радзырдты æмбырдгонд «Дзаджейы рухс» хур куы федта, уæд авторы сфæлдыстады нæ, фæлæ ирон литературæйы дæр уыдис ногдзинад. Зынгæ поэт йæ чиныгкæсджыты тæрхонмæ фыццаг хатт рахаста арф, психологон радзырдты æмбырдгонд. Æмæ фидарæй зæгъæн ис – нæ сæ фæкодта фыдæнхъæл. Барухс сын кодта сæ зæрдæтæ.

Гафез йæ поэзийы рæвдз уыдис хъæууон адæймаджы удыгъæд æвдисынмæ, йæ цинтæ, йæ мæстытæ йын адæмы рæгъмæ рахæссынмæ. Йæ прозæйы дæр йæ зæрдæ не сивта уыцы хъуыддагыл. Ныккаст хъæууон адæймаджы удыгъæдмæ, федта йын йæ бирæ бæллиццаг хиæдтæ æмæ сæ равæрдта йæ радзырдты. Уыимæ сæ афтæ нывæнды, æмæ сæ æнæдызæрдыгæй зыны фæлтæрд фыссæджы æрмдзæф, йе 'ппæтуынаг цæстæнгас.

Æмбырдгонды æдæппæт ис авд радзырды, фæлæ сæ нымæцæй сæ ахадындзинад у авд хатты фылдæр æмæ сын уыцы миниуæг сæ гуырахстæй сæ нысаниуæг кæны фылдæр, стæй – бæрæг фылдæр.

Кæсыс уацмыстæ æмæ дис кæныс: ау, æцæг уыдис ахæм рæстæг, адæймаг йæхи хъуыддæгтæй æхсæнадон хъуыд-

дæгтæ уæлдæр куы æвæрдта, уый тыххæй йын кад æмæ цыт уыдаид? Асæх «Асæхы сагъæстæ»-йы йæ уд куыд хъары хъæубæстæн скъола саразын, фосы фермæ рауæрæх кæнын, быдыры куыстытыл, уыдон кæсгæйæ адæймаг афтæ фенхъæлы, цыма йæ хæдзары хъуыддæгтæ кæны.

Цæмæй æхсæнадон хордæттæ ма басудзой, уый тыххæй сæ хæдзарæй дыууæ хъæццулы куыд раскъæфы, уыдон дæр æмæ йæхи дæр донæй дзæбæх куы слæппæг кæны, афтæмæй сæ бензинæй йедзаг боцкъаты арты хъæлæсæй куыд ратулы, ууыл адæймаг æвуæндгæ дæр нæ фæкæны, фæлæ йæ уырнгæ кæнынц, афтæ сæ афыссы автор. Куы сдепутат, уæд сæ хъæу, стæй сæ хъæусоветы алы хæдзармæ дæр рухс кæй бауадзын кæндзæнис, абана, Бæппиты хид, Битарты къуылдымыл дымгæйы куырой æмæ ноджы бирæ хорз цыдæртæ кæй саразын кæндзæнис, уый нæ уырны йæ куыстхъомдзинадæй.

Æмæ кæцы нæу афтæ Гафезы хъайтартæй! Куыстуарзон, зынгæвæрдау, æвзыгъд, адæмуарзон... «Æнахуыр дугъ»-ы хъайтар Хъазбег йе 'нæвдæлонæй къæвда бон дæр хос карста. Куыннæ ныффæлладис. Фæлæ изæрæй сæхимæ куы здæхт, куы федта «уæртæ тигъæй уыцы сонт æмæ тарстгъуызæй тæхы сæ бæхты рæгъау», куы базыдта фæстигъ, комрæбынæй сæ бирæгътæ растын кодтой, уæд дзы æппæтдæр айрох. Йæ сæры февзæрд æрмæстдæр иунæг хъуыды: «Бæхтæ сæфдзысты!» Цы къахвæндагыл лыгъдысты, уый сæ кодта былмæ, æнæхъæн хъæусоветы бæхтæ уырдыгæй фæкæлдзысты.

Хъазбегимæ чиныгкæсæг дæр сгæмæлхъус вæййы. Рæгъауы раздзог, сæрдар Никъалайы (кæронæй та Цопан хуыйны) бæх Зыгъар иннæ бæхты кæдæм акæндзæнис, уый базонынмæ нал лæууы. Уыйбæрц бирæгъты хъæрæй нæ фæтæрсын кæндзынæ, знæт бæхтæ та дæм хъусгæ нæ бакæндзысты.

Автор нылвæста, ныттынг кодта йæ дзырд: «Хъазбег æртæ къахдзæфы ныккодта æмæ къахвæндаджы уæллаг былыл æрлæууыд. Зыгъар лæнк-лæнкгæнгæ цыппæрвадæй æрбатæхы, йæ риуыгуыдыр ныппака кодта. Йæ комы фынк кæлы, фындзы хуынчъытæ ныддымстысты, йæ хъустæ тарстызмæлд кæнынц.

Хъазбег æм сдзырдта:

– Зыгъар, Зыгъар! Ма тæрс!

Бæхæн æхсызгон уыд зонгæ хъæлæс. Иу æмæ дыууæ хатты не скъæфта Хъазбеджы. Чысыл бамыр-мыр кодта. Йæ зæрды цыма фæлæууын дæр уыд, фæлæ та йæ хъустæ фæгæмæл кодта æмæ фатау йæ фæрсты æрбатæхы. Хъазбег йæхи иу æхст фæкодта бæхы рагъмæ. Бæх йæ фæстæгтыл слæууыд, йæ гæндзæхтæ цæгъды æмæ уайы. Хъазбегæн йæ амонд уыд, æмæ фæхæст барцыл, æндæра йæ тъæпп зæххыл фæцыдаид.

Бæхæй ахауынæн хатт ницы вæййы, фæлæ йæ рæгъау сæ къæхты бын фæкодтаикккой».

Æгæр даргъ цæвиттон у? О. Фæлæ ныхасы уаг джиппы уагъдау куыд бады уавæримæ! Хъазбег æмæ рæгъау цы уавæры бахаудтой, уыимæ. Уый у авторы æнтыстыл дзурæг. Автор куы зона, цы дзуры æмæ кæм, цы уавæры дзуры, уæд уый уацмысæн, аргъ скæнæн кæмæн нæй, ахæм пайдайы хос у.

Хъазбег цы уавæры бахаудта, уым куынæ фæцарæхстаид, уæд бæхты рæгъауæй сæ хицæуттыл уæфсхор нал бафтыдаид. Махæн та йæ автор ахæм æндыгъд ныхасы уагæй куынæ ранывæстаид, уæд æй ауагътаиккам нæ хъусы иувæрсты. Афтæмæй лæджыгъæдыл – Гафезмæ гъæйттæй нымаинаг уацмыс. Æцæг, Хъазбегæн Зыгъары балæвар кæныны тыххæй радзырды кæрон уынаффæ кæм хæссынц, уый у æмпъузæны хуызæн.

Гафез йе 'цæг хъайтарты ницы цух ныууадзы. Адæймаг адæймаг цæмæй у: бакастæй, фердæхтæй, ныхас зæгъынæй – иууылдæр сын сæ ратты, уæлдайдæр сæ нæ фæцух кæны удыгъæд æвдисæг сæйраг миниуæгæй – æнæхин, сыгъдæг зæрдæйæ. Фыссæгæн йæхи загъдау: «Уый хаты, зоны, сæры магъз кæй не 'рцахсы, æвзаг зæгъын кæй не сфæразы, ахæм æбæрæг æууæлтæ, сусæг æнкъарæнтæ. Зæрдæ хаты, зоны, цæст кæй нæ уыны, хъус кæй нæ хъусы, уый дæр» («Æнгæстæ»). Уыдон та сты, адæймаг иууыл тынгдæр базонынмæ кæмæ фæтырны, уыцы хъуыддæгтæ. Автор йæ уацмысты сæйраджыдæр уымæн фæтырны йæ хъайтарты зæрдæтæм ныккæсынмæ.

Радзырд «Æнгæстæ»-йы лирикон хъайтар кæддæр йе

’мкъласон рæсугъд чызг Азæйæн цы зæрдæ хъуамæ раргом кодтаид, фæлæ йе ’вæлтæрдæй йе стыр уарзт йæ иувæрсты чи ауагъта, уымæн ныр йе ’мбæхст æнкъарæнтæ автор ракалдта хурмæ. Радзырды хабæрттæ цæуынц фыццаг цæсгомæй. Уæд зын вæййы иннæ хъайтарты зæрдæты уаг раргом кæнын, фæлæ фыссæгæн уыцы хъуыддаг уæддæр бафты йæ къухы бæрæг деталтæ, фезмæлд кæнæ цæстæнгас æвдисынæй дæр.

Гафезмæ йæ кадджыты, стæй йæ прозæйы дæр иу миниуæг уыд, — зæгъин, характерон миниуæг, — йæ уацмысты кæрон йæ хъайтартæ, сæ кæрæдзи цасфæнды куы фæуарзынц, уæддæр сæ цард нæ баиу кæнынц. Фарст æмбæрст вæййы, фæлæ баззайы æнæлыгæй, цыма сын автор ноджыдæр ахъуыды кæныны фадат фæдæтты.

Афтæ сты «Хæхты чызджы» кæрон Хазби æмæ Минæт, «Тулдзы къох»-ы — Мурæт æмæ Сона, Инал æмæ Азау, «Базырджын сагъæстæ»-йы — Инал æмæ Светæ... Афтæ ахицæн радзырд «Æнгæстæ» дæр. Лирикон хъайтар æмæ Зинæйы æхсæн фарст кæронмæ лыгæй нæ уыны чиныгкæсæг. Зинæ бæргæ зæгъы: «Кæд дын Азæмæ цы ахаст уыд, уымæн мæнмæ дæр ис рахæссæн, уæд дæ дзурын ницы хъæуы», зæгъгæ, уæддæр чиныгкæсæг не ’ууæнды, лирикон хъайтар, Дзабойы дзоныгъау, кæцырдæм ныззилдзæнис? Уыцы дзырдтæй йын Азæ фылдæр фæкодта æргом ныхас, фæлæ сæ дон-дон агур.

Æниу, сæйраг у, уацмыс æнцонкæсæн, зæрдæскъæф кæй у, хъомыладон нысаниуæг ын кæй ис, уый. Уымæн ын стыр æххуыс кæны, йæ хъайтартæ æргомдзырд, сыгъдæгзæрдæ кæй сты. Уыцы хъуыддаджы æрмæст ацы радзырд нæ, фæлæ иннæ радзырдты хъайтартæ сты ноджы бафæзминагдæр. Адæймаг бабæллы радзырд «Зæрдæйы фæндон»-ы сæйраг хъайтар Сесейы ныфс, хъару æмæ арæхстдзинадмæ.

Лæг куы базоны, æвзæр митуардæн зæй æнæрасайгæ нæй, æмæ колхозæн Зæйуаты цы дунейы хосы цъеритæ ис, уыдон аныхъуырдзæнис, сæ колхозы фос стонгæй аскъуыйдзысты, уый, уæд иунæг удæй йæ гал Цъæхоимæ фæкодтой удмарæн куыст. Цъериты раирвæзын кодтой æдас бынатмæ. Фæлæ сæхицæн алы уысм дæр мæлæтæй уыдис тас. Æмбалæн кæнгæ дæр уымæн никæй акодта — цас фылдæр

уой, уыйбæрц сæ хъæлæба æмæ ракæ-бакæйæ стырдæр фыдтæ æрцæудзысты. Уый та цыппарсæдæ цъеририйы хъуыдис раирвæзын кæнын. «Хос амад дæр нæма фесты, афтæ райдыдта зæгъ уарын, уый фæстæ мит æрæхгæдта, нал æй систа æмæ баззадысты утæппæт хос къæпхæны, Зæйуаты».

Гафезы прозæйы ахсджиаг миниуджытæй иу уый у, æмæ дзырд цæуыл фæцæуы, уый ахæм бæлвырд нывтæй, лыстæггай февдисы æмæ йын йе 'цæгдзинадыл дызæрдыг нал кæндзынæ. Сесе æмæ Цъæхой дæр æртæ боны цы фыдтæ федтой, уыдон нæ æнцонæй уырнынц. Фæстаг цъери ма сын раласинаг куы уыд, æмæ йæм куы фæцæйцыдысты, уæды зæйы рацыд нæ куыд уырны, цыма йæ нæхи цæстытæй уынæм, афтæ: «...Тæссары æртæ сардзины дæр нæма бауад, афтæ зæхх ныррызт, цыдæр ныннæрыд æмæ ныкъкъуыс-къуыс кодта. Сесе афтæ фенхъæлдта, зæхх нынкъуыст, стæй та ахъуыды кодта, зæгъгæ, кæмдæр хох рафæлдæхт. Фæлæ Цъæхой куы ныббогъ кодта, фæстæмæ куы фездæхт æмæ йæ фæрсты куы алыгъд Фырныхауы 'рдæм, уæд фæкомкоммæ Хуссармæ. Уым цыдæр æнæуынгæ къухтæ растыгътой Зæйуаты рагъæй зæхх. Фелвæстой йын йæ урс-урсид хъæццул, дæлæмæ йæ ратымбыл кодтой æмæ æвиппайды фестад æхсидгæ кас, сæрсæфæнмæ схъиудтытæгæнгæ чи тахт, зæххы царм чи стыгъта, бæлæсты æд уидæгтæ чи æфтыдта æмæ чи ссæста, ахæм кас. Дымгæ сыстад, зæйы дымгæ сыстад æмæ бæстæ йæ сæрыл хæссы. Сесе, цыма йæхицæн скъæфынæй фæтарст, уыйау æнæрхъуыдыйæ æрдзуццæг кодта, фæлæ йыл алæмæт уæлæмæ схæцыд, æмæ сыстад. Фырныхауæй фæдæлдæр зæй. Ардыгæй дæлæмæ зæй хъæстæ калм фестад, уыраугæ уæхстау ахызт комы æмæ футтытæгæнгæ тæхы, йæ пырхæнтæ фæйнæрдæм калы, йæ уазал æвзæгтæ фæцъелф кæнынц къуылдымтæ æмæ тигътæм, цы сæм ис, уыдон раскъæфынц, калмы хъуыры сæ атъыссынц æмæ та фæдæлдзæх вæййынц. Фесхъиуынц æндæр æвзæгтæ. Уыдон дæр стъæлфæнтау фæпæртт-фæпæртт кæнынц æмæ сæфынц.

Калм ссæнды æмæ быры размæ. Ныххæццæ сæйраг коммæ, комы донмæ. Ам къулыл схизын нæ бафæрæзта æмæ йæ фыццаг æрдæг æрхауд фæстæмæ коммæ æмæ йæхи айста дæлæмæ, суанг Къæбилты фæзилæнмæ. Уым йæ сæр

хохы тигъыл ныццавта, фæлæ нæдæр йæ сæрты ахызт, нæдæр æй хуынкъ фæкодта, æрлæууыд. Фæлæ нæ лæууы йæ буар йæхимид, хæлбурцъ кæны, æмæ хæхтæ арауы йæ нæрын».

Зæй рацæугæ никуы федтон, фæлæ йæ автор афтæ афыста, æмæ цыма уыцы æнахъинон хъуыддæгтæ мæхи цæстыты раз æрцыдысты, афтæ мæ уырнынц. Афтæ ма чиныгкæсæджы уырны, Сесейы æмкъай Ребойы дзыккутæ, лæг ын «сынты базыртæ» кæй хуыдта, уыдон æртæ боны размæ дæр кæй уыдысты сау, фæлæ «ныр, миты хъæпæнау, сурс сты». Уымæн æмæ автор зоны, цы дзуры æмæ йæ куыд дзурын хъæуы, уый. Йæ ныхасыл адæймаг уый тыххæй æууæнды.

Фæлæ уæддæр чиныджы сæйрагдæр уацмыс у, ном ын чи радта, уый – «Дзаджейы рухс». Фыссæг ницы бахæлæг кодта йæ уарзон хъайтар Дзаджейæн –хæлар зæрдæ, зонд, æнкъараг уд, куыстуарзондзинад, фидар удыгъæд… Автор ын схай кодта йæхи уды миниуджытæ, афтæмæй йæ суарзон кодта чиныгкæсæгæн. У куырд. Фæлæ йæ парахат зæрдæйы фæрцы йæ саразгæ рухсæй йæ зæрдæйы рухс тыхджындæр у. Уымæн æмæ зæрдæйы рухс зæрдæты рухс кæны. Æмæ алы рухсытæй дæр уый сæйрагдæр у.

Гафезæн йæ уацмыстæ дæр афтæ сты зæрдæтæ рухсгæнæг. Æрмæст «Дзаджейы рухс» нæ, фæлæ йæ прозæйы чингуытæ сæ кæрæдзийы фæдыл уымæн рухс кодтой æмæ рухс кæнынц чиныгкæсджыты зæрдæтæ. «Дзаджейы рухс»-ау ирон чиныгкæсæг байрад фыссæджы радзырдтæ æмæ уацауты æндæр æмбырдгонд «Цард дын фестон» æмæ уацаутæ «Фыдызæххы комулæфт»-æй. Фыссæг кæуылфæнды ма фыссæд – хуымæтæг профессийы адæймаг уа, ахуыргонд, хицау, æрвылбоны цард æвдиса, куыст æви хæсты быдыр, алы хатт дæр развæлгъау фæзоны, цы ’вдисы æмæ дзы чиныгкæсæгæн цы зонд хъуамæ ратта, уымæ гæсгæ йæ дзырд кæддæриддæр сæмбæлы нысаныл. Фæзмын кæй хъæуы, уыцы хъайтартæ сæ бафæзминаг хъуыддæгтимæ сисы бæрзонд, ницæйаг чи у, уыдоны та æфтауы адæмы цæсты, æмæ сыл фæхудынц.

Фыссæг йæ фыццаг радзырдты æмбырдгонды кæд æрмæст æвæрццæг хъайтарты фæлгонцтæ аразы, уæд ацы

уацмысты уынæм, Гафезæн йæ поэзийы куыд у, афтæ – рухс æмæ талынг, адæймагдзинад æмæ фыдракæнды æхсæн тох. Уымæй дæр, цахæм тох? Удуæлдай.

Радзырд «Хæс»-ы сæйраг хъайтар Ахмæтмæ азым ницæмæй æрхæсдзынæ. Бонзонгæ, фæллойгæнæг адæймаг. Зонгæ-зонын мæлдзыджы къахыл дæр никуы ныллæууыд. Ахæм адæймæгтæн хъуамæ мæлæт ма уаид. Фæлæ, цæйау акæнынц: удхæссæг куырм у – кæуыл фæхæст уа, уымæн фервæзæн нал ис. Ахмæтæн йæ игæр ацахста. Дохтыртæм Дзæуджыхъæумæ дæр бæргæ аппæрста йæхи, фæлæ йын уыдон бон дæр ницыуал баци – ракæн хос нæма æрымысыдысты. Лæг йæ низ куы базыдта, уæд æм цардæй «рухсы цъыртт никуыцæйуал калд». Фæлæ йæ нæ «бафæндыд, йæ кæддæры хæлар æмæ йæ ныры æнæуынон адæймаг æй æдыхæй, ныфссастæй уына».

Уыцы адæймаджы ном худинаггæнæг у Муци. Æрмæстдæр æй ис йæхи уды мæт. Ничи йæ æндавы. Уымæн йæ хъуыддæгтæ хорз уæнт, æмæ исчи фæнды уæхстыл судзæд.

Кæддæр æй Ахмæт райста шофыры æххуысгæнæгæй. «Чъребайæ – Калакмæ, Калакæй – Чъребамæ фæндæгтæ надта» – товартæ ластой. Муцийæ мæнæ куыд зæгъы автор:

«Йæ къухтæ уырыйæ хъауджыдæр не сты хилынмæ, йе 'нгуылдзтæ та аркъауы хуызæн сты. Голладжы ком айхалын куыд зыдта, афтæ – йæ ахуыйын дæр. Асыччы сæр фегом кæнын та йын хæндыджы сæр фелвасынæй хъауджыдæр нæ уыд. Адджын гуылтæ æмæ къафетты сæфт экспедитор хъуыды дæр нæ кодта. Муци дзы цы хордта, уый уæлдай та йæ дзыппыты æмæ йе тæртты æфснайдта. Иннæ товартæй йæ цы хъуыди, уыдон та-иу горæтмæ фæуырдыггæнæны бæрæг ран дæлвæндагмæ аппæрста, æмæ-иу æфтауцдоны машинæ куы райвадæг кодтой, уæд-иу йæ дзаумæттæм атындзыдта».

Уый Муци... давæггаг фæллойæ ныззылдта уæладзыг хæдзар. Аст уаты мæнæ нæй. Мæгуыр экспедитор та ахæстоны амард, йæ ахсæн-иу риссаг уыди, – зæгъы автор.

Ахæм адæймаджы ном худинаггæнæгæн развæлгъау алцыдæр нымад вæййы. Йæхи пайдайæн. Ахмæтмæ æххуысгæнæджы æфсон куы цыд, уæддæр уымæн йæ пайда уыдис йæ кой. Кæцæй цы тона æмæ æвзона кæндзæнис, кæцæй

цы скъæфдзæн æмæ мырхдзæн, уый уыд йæ хъуыдыйы. Муци æмæ уый хуызæттæм искæй маст куы хъарид, уæд сæ давгæ дæр нæ кæниккой, сæ хардзæй астуатон уæладзгуытæ нæ уадзиккой.

Гафез курдиатджын фыссæг уыдис, æмæ йæ радзырд куыд рæзы, афтæ рæзы æмæ вазыгджынæй-вазыгджындæр кæны Муцийы ницæйаг фæлгонц дæр. Адæймагмæ диссаг кæсы, Муцийы хуызæттæ куыд цæуынц æмæ цæрынц зæххыл. Зæхх цæмæннæ аскъуыйы æмæ уым цæмæннæ ныххауынц?

Куыд ис афтæ гæнæн, чидæр, — уадз, æцæгæлон дæр уæд, — бабын дæ аххосæй æмæ, цыма бындз къуымæлы дæр нæ бахаудта, дæхи афтæ æнæмæтæй дарай?

Уый цы, Ахмæты низ дæр æм нæ хъары. Кæддæр дзы, йæхимæ æхца уыдис, афтæмæй, «Волгæ» куы æлхæдта, уæд расайдта «Йе ’ппæт 15 азы исбон», ныр дзы хынджылæг кæны: «Æнæмæнгæй рынчын дæ, æмæ уымæй дæр игæры низæй нæ, зондæй...», «Хуыцауы ардыстæн, кæд диссаджы адæймаг нæ дæ! Дæ удыл дæндагæй куы хæцыс, уæд ма дæ æхца та цæмæн хъæуы?».

Муци иу хъуыддагæй нæ, алцæмæй æнæзæрдæмæдзæугæ у. Автор æй фынджы уæлхъус мæнæ куыд ныв кæны: «Муци ныггуыбыр æмæ æууилы. Фынгыл йæ дыуумæ къухы рауай-бауай кæнынц. Домкраты кæхцау, йе ’нгуылдзтæ хæринæгтæй куы цæмæ февналынц, куы цæмæ, куы цы фелвасынц, куы цы, æмæ сæ калынц дзыхмæ. Æфсæртæ раст, дурыссæн машинæйау, змæлынц æмæ, дæндæгты бын цы вæййы, уый æууæрдынц, карчы сгуытæ æндон дæндæгты ’хсæн хъæрзынц, къыбар-къыбур кæнынц».

Ахмæт хорз зоны, куыдзæй стæг ратондзынæ, фæлæ Муцийæ фæстæмæ дæ хæс тыхæй дæр нал байсдзынæ. Адзалмæ дæр æй уыцы кæрæфдзинад æркæны. Цæйнæфæлтау Ахмæт æввонг фынгæй фæцух уа, коньяк ма баназа, фæлтау машинæ бакæны уый бæрн. Ахмæт йæ нымад бонтыл дæр систа йæ къух, фæлæ уæлион адæмы фæкодта иу æнаккаг цух — æд машинæ атахтысты былæй.

Мæ бон афтæ зæгъын нæу, автор иууыл растдæр фæндаг равзæрста. Алы æнаккаг адæймаг фесафыны тыххæй иу хорз йæ уд куы уæлдай кæна, уæд цæмæ æрцæудзыс-

тæм? Фæлæ ма Ахмæтæн нымад бонтæ кæй баззад, уый дæр рох кæнын нæ хъæуы.

Æнæуи радзырд афтæ фыст у, æмæ архайдыл æууæнды чиныгкæсæг. Йæ кæроныл афтæмæй дæр байрайдзынæ. Уый авторы æнтыстыл дзурæг у.

Гафезы радзырды фæстæ нæ литературæйы ноджыдæр фембæлдыстæм ахæм темæйыл фыст уацмыстыл — хъайтар йæ мæлæт куы базоны, уæд ма цы саразыныл бацархайы?

Зæгъæм, Джусойты Нафийы уацау «Адæймаджы мæлæт»-ы хъайтар Уырызмæг йæ фæстаг бонтæ хъары цард йæ фæстæ рæсугъд æмæ ифтонгæй ныууадзыныл. Фæлæ ацы дыууæ уацмысы сты хицæн æмæ хицæнтæ.

Уыйхыгъд Муци æмæ Хилæг, — уацау «Схъис»-ы архайæг, — цыма ’фсымæртæ сты. Æрмæст Муцийæ Хилæг æнаккагдæр у. Чи зоны, йæ чъизи цæсгом равдисынæн ын хуыздæр фадæттæ кæй ис, уый тыххæй. Культы рæстæджы йæ хилæджы æвзагæй хъæстæ калдта æназым адæмыл æмæ сæ æрвыста мæрдты бæстæм. Уыцы хъæстæ калын нæ ныууагъта Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы дæр. Уымæн бахаудта иварон баталъонмæ. Фæлæ, куыдзæн мæлæт нæй, куыд акæнынц. Фæсхæст йæ хин митæй ссис собесы хицау, æмæ куыд цъаммар, хин æмæ кæлæн, афтæ дзы ам дæр уынгæджы фесты адæм. Хæсты хайадисджытыл калы цъыф, æфтауы сæ цæсты, æхгæнын сын кæны сæ пенситæ, Фыдыбæстæйы раз сын сæ лæггæдтæ æууæрды къæхты бын. Бынтон уынгæджы та дзы Сослан фæцис. Культы заманы йын фæскомцæдисы æгасæй аирвæзт. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæм нæ баххæссыдысты йæ къухтæ, ныр æй пенсиисæгæй удтылы скæны. Хæсты быдырæй йæ зæрдæйы цы схъис æрхаста, уый йын афтæ нæ тых кæны, Хилæг йæ риуы маргджын схъисау куыд нынныхст. Æмæ, Сосланау йæ цард кæмæн æнад кæны, уыдон цас сты?!

Фæлæ Гафезæн йæхиййау йæ хъайтартæ дæр — фæндвидар, удвидар, растылдзу. Уыдон сын дæттынц тых æмæ уæлахиз кæныны хъуыды.

Гафезæн йæ прозæйы дыккаг чиныг роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!» уыд (чысыл фæстæдæр ыл дзурдзыстæм). Уым не ’мбæхста йе ’вæрццæг хъайтарты хъæнтæ. Йе ’ппæрццæг хъайтартæм хорзæй цы уыдис, уыдон дæр æргом æвдыста.

Нæ литературæ афтæ ахуыр нæ уыд — хъуамæ хорз алцæмæй дæр хорз уа, æвзæр — алцæмæй дæр æвзæр. Йæхицæн кас кæнын чи нæ зыдта æмæ кæмæндæр сир кæнын чи амыдта, уыйау фыссæгæн алырдыгæй систы зондамонджытæ. Тæдзынæг дуры ахуынкъ кодта. Басастой йæ. Акодтой йæ сæхи фæндагыл. Муци æмæ Хилæгæн сæ нæмтгæ дæр сæхийау — ницæйаг. Нæмттæ дæр сты сæ удыгъæд æвдисæг. Нинæ Никъалайы чызг (радзырд «Дæу аххос нæу»-ы) алцæмæй — ницæйаг. Зæрæда (радзырд «Уаз мæнгдзинад»-ы) та алцæмæй — æххæст. «Хæхты хъæбысы», «Цæссыгау сыгъдæг», «Фыдызæххы комулæфт» æмæ æндæр уацмысты хъайтартæ дæр — афтæ.

Гафез йæ поэзийы бирæ хæттыты ныссагъæс кодта ивгъуыд æмæ абоны иудзинадыл, хистæртæ æмæ кæстæрты æмахастытыл. Уыцы хъуыддаг ирдæй федтам «Тулдзы къох»-ы. Æмæ та йæм ногæй æрыздæхт йæ уацау «Цард дын фестон»-ы. Автор нын фидарæй бæлвырд кæны, нæ ивгъуыд куынæ зонæм, уæд нын фидæн кæй нæй. Æмæ хорз цы у? Æууæндæм ын йæ ныхасыл. Мулдарон царды бирæ федта, бирæ бавзæрста. Кæстæртæн ивгъуыд дугæй фарнхæссæг у, фæлæ сыхагæй уый куы базоны, дæ фырттæ дæ, стыр фатертæ райсой паддзахадæй, зæгъгæ, уый тыххæй раскъæф-баскъæф кæнынц сæ кæрæдзийæ, уæд ууыл аскъуыйы йæ ныфс дæр, йæ цард дæр. Æмæ дзы адæймаг ницæуыл дызæрдыг кæны.

Фыссæджы радзырдтæ æмæ уацаутæ æмбулынц царды рæстдзинадæй. Автор нын дзуры зæххон хъуыддæгтæ æмæ сæ скъуыддзаг кæны, нæ фыдæлты зæхх, нæ адæмы йæхи æмæ «Фыдызæххы комулæфт»-ы хъайтар Ботазау æгæрон уарзтæй чи уарзы, уыдоны хъуыдымæ гæсгæ.

Гафез йæ чиныг «Фыдызæххы комулæфт»-мæ бахаста бæрцæй цыппар чысыл уацауы: «Цæссыгау сыгъдæг», «Фыдызæххы комулæфт», «Ох, ацы фæндаг!» æмæ «Æхсæвбадæны». Иууылдæр цымыдисон сты. Сæ арæзтæй дæр, сæ афыстæй дæр. Сæйраг хъайтарты фæлгонцты нывæст æмæ æвзагæй дæр. Чиныгкæсæджы цæстæнгас æлвасынц сæхимæ, уæлдайдæр, «Фыдызæххы комулæфт» æмæ «Æхсæвбадæны».

Федыр йæ Фыдызæххыл йæхæдæг куыд æнувыд уыдис,

йæ раттæг адæмы йæхæдæг цы стыр уарзтæй уарзта, уыцы хъарм æнкъарæнтæ нывæрдта «Фыдызæххы комулæфт»-ы хъайтар, сидзæр лæппу Ботазы риуы. Йæ фыд Хъобаны хæсты фæмард, йæ мады йын зæй фæласта, фæлæ, мæгуыр, йæ фыды æфсымæр Бидыры фосы фæдыл цæугæйæ дæр йæ зæрдæмæ нæ хъуыста. Йæ Фыдызæххы, æрдзы диссаджы зарæг кæй зæрдæйы хъустæ ахсынц, чи йæ æмбары æмæ йыл райы, уымæн мæгуырæй тас нæу. Гафезæн Фыдызæххы зарæг йæхи зæрдæйы хъал кодта алæмæтон хъуыдытæ, æмæ сæ йæ хъайтарты фæрцы хаста чиныгкæсæгмæ. Ботаз та у уыцы хъайтартæн сæ хуыздæртæй иу.

Чи зоны, йæ мæгуыры лæдзæг зæрыбонмæ йæ къухæй никуы ахаудаид, — æниу ын хаугæ дæр нæ акодта, — фæлæ йæ раттæг адæмимæ йæ райгуырæн зæххыл йæхи ымадтаид амондджыныл. Зæххы цъарыл раттæг адæм, мадæлон æвзаг æмæ Фыдызæххæй адджындæр ницы ис. Æмæ йын уыдон уыдисты. Иннæтæ иууылдæр ссаргæ сты. Æмæ сæ агуырдтаид. Зондæй, хъаруйæ цух, мыййаг, куынæ уыд. Уыдон ын цæмæй ма байстаиккой, уый тыххæй тох кодта Уырысы Æфсады ныхмæ Сунжæйы цур. Фæлæ йæ Бидыр йемæ акодта Туркмæ — цæттæ гуырдзиагыл[1] йæ къух чи исы. «…Ирыстоны ма куы уыдысты, уæд-иу æй фосы фæдыл æрвыста, Турчы та йæ æфсадмæ радта. Хæсты рæстæджы аскертæн дзæбæх мызд фыстой, æмæ уый Бидырæн æнæпайда хъуыддаг нæ уыд», — зæгъы фыссæг.

Уырысы ныхмæ Турк хорз мыздыл цæмæннæ æххуырстаиккой Фыдызæххæй фæхауæггаг удуæлдай хæстонты! Уыдонæй иу уыдис Ботаз. Ноджы йын йæ зæрдæмæ тагътой марг: «Ирон, дæ зæхх дын джауыртæ байстой. Дысæрон цæргæс Кавказы йæ базырты бын бакодта, йе ’ндон ныхтæ дзы ныссагъта æмæ йын йæ туг, йæ сой цъиры. Ныр дæ ам, махмæ дæр нал уадзы. Балканмæ дæм æрцыд дæ уд сæлвасынмæ».

Ботазы йæ фыды туг æмæ йæ Райгуырæн бæстæйы маст райсын нæ рох кæнынц. Уыдон æй скъæрынц размæ. Йæ мастыл ын зæрынц цæхх. Мæстджын та тыхджын у.

Гафезмæ уыцы миниуæг тынг уыдис — йæ хъайтар цы-

[1] Ам — цагъайраг, афтæ хуынд нæ фыдæлтæм.

дæр хъуыддаг аразы, æмæ цæй тыххæй, уый кæны цæхджынæй-цæхджындæр. Ботаз цæмæй Уырысы æфсадмæ топпы кæсæнæй кæса, уымæн фагæй уæлдай у, йæ фыд уыдон къухæй кæй бабын, уый, фæлæ йын йæ зæхх дæр байстой. Ноджы Балканмæ ныццыдисты йæ фæдыл, цæмæй йын йæ уд сæлвасой. Уацау «Цæссыгау сыгъдæг»-ы хъайтартæ Зауыр æмæ Валя сæ кæрæдзийы зæрдæты кæй ныххаудтой, уый сын фаг нæу, сæ фыдтæ дæр хæсты быдыры знаджы ныхмæ иумæ тох кодтой. «Ох, ацы фæндаг»-ы Батырбеджы Аслан сæхимæ куы фæхуыдта Алагиры, уæд кæд разынд йæ хистæр æфсымæр Налыхъы æнгæс. Фæлæ та фыссæгмæ уый дæр фаг нæ фæкаст. Налыхъ хæсты кæм фæмард, кæм ныгæд у, уымæн йæ хиуæттæ ницы зонынц æмæ йæ мад Нагъуы бæллы: «Зианджын адæмы уæлдай æз дæр Хуыцауæй бирæ ницы домын. Æрмæст ма мын уыцы амонд куы раттид æмæ, мæ хъæбулæн йæ зынг кæм бахуыссыд, уыцы бынат куы ссарин æмæ йын йæ сыджытæй мæ хъæбулы фыдызæхмæ иу армы дзаг куы æрхæссин».

Æмæ куыд æнхъæл стут: Налыхъ æмæ Батырбег кæд тох кодтой иумæ. Уымæй дæр, Алагир фашисттæй ссæрибар кæныны Налыхъ иу хæдзары бæрзонд кауы сæрты куы фæцæйгæпп кодта, уæд фæцæф. Мæлæтдзаг цæф. Æмæ йæ æхсæвы Батырбег бавæрдта уыцы хæдзары цæхæрадоны стыр, пæлæхсар, саджил кæрдойы бын, ома цы хæдзары уазæг уыд — Налыхъæн йæхи цæхæрадоны. Æмæ афтæ дарддæр.

Ацы уацаутæ куы фыста Федыр, уæд тынг активонæй куыста драматургийы жанры. Цъиуæй пыл саразыны амæлттæ йæ прозæмæ уырдыгæй хъуызыдысты. Фæлæ реалистон прозæ ахæм фæзилæнтæй фæлурс кæны — чиныгкæсæг ын æххæстæй нал феууæнды йе ’цæгдзинадыл. Уæддæр нæ фыссæг ахæм курдиаты хицау уыдис, сюжет-иу ахæм бæрзæндмæ систа, æмæ уацмысæй чиныгкæсæг нæ фæзæрдæцъæх вæййы. Уый нæ, фæлæ йæ сюжет фæсайы йæ фæстæ.

Уымæн стыр арæхстдзинад, фыссæджы фæлтæрддзинад хъуыд. Гафезмæ уыдис уыцы фæлтæрддзинад æмæ дзы пайда кодта парахат зæрдæ æмæ армæй. Æнæхай дзы нæ фесты, цы уацауы — «Фыдызæххы комулæфт»-ы кой кодтам, уый æмæ йæ хъайтар Ботаз дæр. Хъæбатыр лæппу

Уырысы æфсады ныхмæ цæмæй мæлæтдзаг тох кæна, уый тыххæй йын фагæй фылдæр аххосæгтæ ис, æмæ тох кæны, уæддæр иу æхсæв Осьмæйы доны был акоппы бадгæйæ æмæ доны иннæ былмæ йæ цæст даргæйæ («...цынæ вæййы: уырыс фыдбылыз сты, æхсæв у, фæлæ сæ бон у, æмæ æрбабырсой – дæттæ æмæ сæ хæхтæ нæ уромынц»), йæ зæрдæ лауызау, цæхгæр куы фæзилид.

Æмæ, цæмæй, æнхъæл стут? Уырысы æфсады 'рдыгæй йæ хъустыл цыма «ирон зарæджы зæлтæ «Ой, уæрæйдæ!» ауадысты». Уыцы «Ой, уæрæйдæ!» цæхгæр иннæрдæм ныззылдта йæ Фыдызæххыл цæрддзугæнæг лæппуйы хъысмæт.

Историйæ бæрæг у, Балканы хæсты Уырысы æфсадмæ цы ирæттæ уыд, уыдон æмæ Турчы æфсады ирæттæ, кæд сæ кæрæдзийы ныхмæ хæцыдысты, уæддæр сын сусæг бастдзинæдтæ кæй уыдис. Нæ фыццаг ирон профессоналон поэт Мамсыраты Темырболаты диссаджы æмдзæвгæ «Сагъæстæ» дæр фыццаг уыдон æрхастой хъарæг-зарæджы хуызы. Фæлæ ацы уацауы аивадон хуызы уынæм, ироны иронмæ куыд æлвасы йæ туг; йæ ирондзинад куыд тых кæны мæлæты тасыл. Лæппу куы базоны, Сулейман-Пашайы бæхджын æфсад æнæнхъæлæджы ныббырсдзæн Уырысы æфсадмæ, ныццæгъддзæнис сæ, уæд барвæндæй бацыд дыууæ знаджы дыууæ арты æхсæн – йе 'мтуг-стæгмæ фæцис сусæг хабархæссæг.

Уацауы уыцы бынат кæсгæйæ зæрдыл æрлæууы, Гафез-иу арæх кæй æрымысыд, уыцы цау.

1937-æм азы Ирыстоны хуыздæртыл нæ цыфыддæр сыхæгты ардыдæй нæ адæмы знæгтæ адæмы знаджы ном куы æвæрдтой, афтæмæй сæ худинагимæ троцкизмы азарæй куы сыгътой, уæд талынг ныккæндæй Тыбылты Алыксандры уæнгбæстытæй скæнын кодтой дыккаг уæладзыгмæ.

Фæрсынц æй:

– Советон адæмы знаг дæ æви нæ?

– Нæ дæн! – уыд Алыксандры цæхгæр дзуапп.

– Дæ! Дæ! Дæ!.. – уыйхуызæн лæгыл балæууыдысты къухæй, къахæй, бандонæй...

Лæгæн йæ зæрдæ бавзæр. Бандонæй ахаудта. Адæргъ астæрдыл. Æмæ йын йæ сæрыл дон ауагътой. Йæхи куы æрæмбæрста, уæд та йæ рабадын кодтой.

– Англисы шпион дæ æви нæ?

– Нæ дæн! – уыдис та йæ цæхгæр дзуапп.

Æмæ та уыйхуызæн, йæ адæмыл, йæ Фыдызæххыл цæрддзугæнæджы къухæй, къахæй нæм, тъæпп-тъæпп кæн. Æмæ та бавзæр. Æмæ та йыл дон ныккал. Æмæ та йæ рабадын кæн...

Йæхимæ куынæуал цыд, уæд ын йæ къæхтыл ныххæцыдысты, асинтыл æй ныттеу-теу кодтой æмæ та йæ баппæрстой ныккæндмæ.

Йе 'мбæлттæ йæ куы ауыдтой, уæд æй куыддæрты æрчъицын кодтой. Иунæг хатт ма сфæрæзта дзурын:

– Хазбийы... зарæг мын азарут...

Алыккаты цæхæрцæст Хазбийы зарæг ын кодтой, афтæмæй систа йæ уд.

Уыцы деталь уынæм Гафезы уацауы кæрон дæр. Ботаз мæлæтдзаг цæфæй йе 'мирæттæн куы фехъусын кодта ахсджиаг сусæгдзинад, уæд сæ ракуырдта, цæмæй йын азарой, цы зарæг зарыдысты, уый. Æмæ йын æй азарыдысты.

«Ботаз йæ цæстытæ æрæхгæдта. Афтæ йæм зынд, цыма йæм зарæг хъуысти тынг дардæй, йæ райгуырæн Ирыстоны комулæфтау. Йæ зæрдæ уыд цинæй йедзаг. А-дунейыл æй æндæр ницыуал хъуыд. Æгайтма йæхиуæттæм æрхаудта йæ мæлæт».

Фæлæ, кæд æй а-дунейыл æндæр ницыуал хъуыд, уæддæр ын сæйраг уый нæ уыдис. Йæ нысан æндæр уыд: «Чысыл фæстæдæр æм æрбайхъуыстис тохмæсидты уаст. Уый бригадæ йæхи цæттæ кæны хæстмæ. Кæд сын ницыуал ракæнид Сулейман-Паша, кæд фыдбылызæй фервæзиккой, сæ хæдзæрттыл ма сæмбæликкой ме 'мзæххонтæ».

Ахæм хъуыдытæм æрцæудзæнис, йæ адæмы æгæрон уарзтæй чи уарзы, æрмæстдæр ахæм адæймаг, Ботазы фæлгонцы хуызæн снывы кæндзæнис, йæ Фыдызæххыл цæрддзу чи кæны, ахæм фыссæг. Гафез ахæм адæймаг æмæ фыссæг кæй уыдис, уымæн нын ноджыдæр иу æвдисæн – «Фыдызæххы комулæфт».

Федыр æрмæст темæтæ агурынмæ нæ уыдис дæсны, фæлæ сюжеттæ ныв æндынмæ дæр. Стæй æрмæст поэзийы нæ, – фæлæ прозæ æмæ драматургийы жанрты дæр. Йæ цæвиттойнаг сюжеттæй иу у «Æхсæвбадæны».

Цалдæр адæймаджы кæнæ та иудзæвгарæй иумæ куы бадынц, алчидæр сæ цыдæр хабар куы радзуры æмæ уыдон аивадон уацмыс кæнæ уыцмыстæ куы свæййынц – ахæм сюжеттæ антикон литературæйæ баззадысты. Фæлæ уыцы формæйæн Федыр радта йæхи, ирон хуыз.

Алчидæр нæ зоны – ирон адæммæ мардæн иунæгæй ныууадзæн нæй. Суанг æхсæвыгон дæр. Нæ фæччы. Æхсæвыгон мардыл кæуын дæр нæу æгъдау. Фыссæг афтæ зæгъы: «...Æхсæв нæм зианыл ничи кæуы. Ныр та Дзабойæн кад кæндзысты сæ хъарджытæй», – ома бонæй.

Уæдæ, зианы цур фынæй кæнын нæ фæччы, иунæгæй ныууадзæн ын нæй. Кæуын не 'мбæлы, æмæ цы ми кæной зианджынтæ æхсæвбадæны?

Зианы нывæрзæны вæййы рухскæнинæгтæ – уыдонæй йын ссарынц йæ ном, цæмæй йæ бынат уа дзæнæты. Фæдзурынц алы æмæ алыгъуызон хабæрттыл. Æнæфсарм дзыхæй дзурын, быцæуы ныхасгæнæн нæй: худинаг дæр у, марды цур æмбæлгæ дæр нæ кæны. Хъазæн ныхæстæ уыйбæрц дæр дзур.

Æмæ Гафез йæ уацмыс «Æхсæвбадæны»-йæн райста уыцы хуыз. Хуыцауыысконд, комыйаргъ лæг Дзабойы æхсæвбадæны сты йæхиуæттæ, йæ хæлæрттæ, йæ хъæубæстæ. Алкæй зæрдыл дæр цыдæр æрлæууы, фысы комæй кæрдæджы хал чи никуы раластаид, афтæмæй йе 'ууылд комдзаг дæр искæмæн хæлæг чи никуы кодта, уыцы адæймаджы тыххæй. Æмæ дур дурыл куыд æвæрай, хæдзар куыд сцæттæ уа, уыйау нæ цæстыты раз стырæй-стырдæр кæны Дзабо –æнæзивæг, фердæхтджын кæстæр, хъæбатыр хæстон, аразæг, хорз сыхаг, аудæг хæдзардарæг, уарзæгой зæрдæ, ирвæзынгæнæг Дзабо – адæймагау-адæймаджы фæлгонц. Уацмысы формæ авторæн алы фадат дæр дæтты, цæмæй йæ хъайтары удыгъæдыл дзура, куыд æй фæнды, афтæ. Йæ бон у, æвдиса йæ алыгъуызон деталтæй, аивадон афыстæй, дзура йыл публицистикæйы хуызы.

70–80-æм азты публицистикæ барджын къахдзæф бакодта уырыссаг аив литературæмæ. Уыцы хъуыддаг ранхъæвзта ирон литературæмæ дæр. Бæллиццаг хабар у æви дзы хи бахизын хъуыдис, уый тыххæй рæстæг зæгъдзæн йæ ныхас. Мах ам æрмæстдæр банысан кæнын фæнды, Га-

фезæн фадат кæй радта йæ хъайтары удмæ алырдыгæй ныккæсынæн.

Æмæ æрмæст «Æхсæвбадæны» нæ, фыссæг йæ уыцы дуджы прозæмæ хаста публицистикæйы миниуджытæ. Стæй сæ пайда кодта арæхстджынæй, чиныгкæсæджы цæсты куыннæ бахауой, куыннæ йæ фæзæрдæцъæх кæной. Уымæйиу хъавыд йæ уацмысты хъуыды фæуæрæхдæр, йæ хъайтарты миддуне фæхъæздыгдæр кæнынмæ. Æмæ уыцы хъуыддаг йæ къухы æфтгæ дæр кодта.

Æркæсæм-ма уацау «Ох, ацы фæндаг!»-æй иу цæвиттонмæ:

«Батырбег Ирыстоныл куы фæсагъæс кæны, уæд алы хатт дæр йæ зæрдыл æрлæууы, рагон историфыссæг, IV æнусы цæрæг Аммиан Марцеллин аланты тыххæй цы фыста, уый:

«Уыдон цагъарадæн æппындæр ницы зонынц. Се 'ппæт дæр уыдысты уæздæттæй рацæугæ... уыдон æхцондзинад арынц тас æмæ хæсты».

Алантæ æрмæст æууæндыдысты цирхъыл. Сæ куыст уый уыд. Хæст æмæ тасæй алчи æмризæджы ризы, уыдон та дзы æхцондзинад уыдтой. Тас æмæ хæст мæлæтыл баст сты, фæлæ уыдон мæлæт ницæмæ дардтой. Уыйхыгъд лæгдзинад æмæ æхсар уыдысты сæ царды сæйраг нысаниуæг. Æмæ уыдон равдисæн та уыдис хæст æмæ тасы сахаты. Уыцы миниуджытæ ныр дæр нæма фесæфтысты. Ирон адæмæй алы фæндзæм адæймаг уыдис Фыдыбæстæйы хæсты хайадисæг. Цы 'хсар, цы сгуыхтдзинæдтæ дзы равдыстой, уыдоныл нæ бæстæ йæ цæст æрæвæрдта. Ирæттæй хорзæхджын æрцыд 60 мин адæймаджы. Æмæ хорзæхтæ чи нæ райста, уыдон та? Хæстмæ бацæугæйæ, æвиппайды чи фæмард, уыдон та цал уыдысты? Чи сæ зоны?».

Æркæсæм-ма лæмбынæг, ацы зонадон публицистикæ автор куыд арæхстгай æмæ зондджынæй бæтты аив прозæимæ, цæмæй ма хицæн кæна уацмысæй, уый тыххæй; цы зæгъын æй фæнды чиныгкæсæгæн, уыдон цы хуызы æвæры йæ хъайтарты æвзаджы алгъыл:

«Аслан Батырбегмæ зæрдиагæй хъуыста æмæ æнкъардæй загъта:

— Мах монгойлæгтæ куынæ фесæфтаиккой, уæд цы

уыдаиккам, уый зоныс? Зæххæн уæз кæниккам, нæ тых æмæ не 'хсарæй знаг, уырыйау, æмбæхстаид.

Батырбег ахæм ныхас фехъусын æнхъæл нæ уыд æмæ Асланмæ фæрсæджы каст бакодта. Аслан фæхатыд ацы æнгас æмæ загъта:

— Алчидæр хъуамæ йæ адæмы истори зона. Æз дæр сывæллон нал дæн. Тимур æмæ нæ Тохтамис фесæфтой. Цæгат Кавказы уыдоны тохы арæн уыдис аланты зæхх — Сунжæ æмæ Терчы былты. Иууыл карздæр тохтæ сын бацайдагъ Дæллаг Дзылаты цур.

«Уæлдæф байдзаг хъæр æмæ хъомпалæй, дуне бахауд тасдзинады бын», — фыста персаг историк Низам-ад-дин-Шами. Æндæр историк та фыста: «Быдырты туджы зæйтæ цыдысты. Терк сырх адардта». — Аланты зæххыл дур дурыл нал баззад. Гуырдзиаг историк Вахушти та фыста, зæгъгæ, алантæ гуырдзиæгтæн кæй æххуыс кодтой монголтимæ тох кæныны, уый тыххæй сæм Тамерлан смæсты, ныббырста Алантæм æмæ сын сæ бæстæ арт æмæ зынджы хай бакодта.

Батырбег Асланы ныхасмæ йæ мидбылты бахудт. Æхсызгон ын уыдис, Аслан афтæ дзæбæх кæй зоны уыцы рагон хабæрттæ, уый».

Галæргæвсты карчы фыд нæ хъыгдары. Зонын хъæуы, кæд æмæ йæ куыд æрхæссай, уый.

Гафез зыдта, кæм æмæ цы зæгъын хъæуы, уый. Йæ аивадон уацмысты публицистикæйы амæлттæй кæм спайда кæны, уый сыл, карды карстау, уымæн абады. Уымæн æндæр гæнæн нæ уыд. Йæ цард йæ Фыдыбæстæн чи фæнывонд кæны, уый, куыд ын æй снывонд кæна, уыцы фæндæгтæ ссары. Нæ фыссæг та йæ Райгуырæн бæстæйæ бæрзонддæр никæй æмæ ницы æвæрдта.

*Ир — мæ цæсты рухс, мæ сагъæс,*
*Ир — мæ уд.*
*Сис мæ цард æмæ йæ ахæсс,*
*Уый дæу у.*

(«Ир — мæ цæсты рухс, мæ сагъæс»)

Уыцы комулæфт зыны æмткæй йæ прозæйы.

Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр, Гафезæн-прозаикæн иууыл

стырдæр кад æрхаста прозæйы йæ дыккаг чиныг—роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!» Ам дæр фыссæг йæ зæрдæ не сивта йæ уарзон темæйыл – хъæууон цардыл.

Фыссæг нæ бацархайдта æнæхъуаджы вазыгджын сюжет кæнæ, æмбал кæмæн нæй, ахæм фæлгонцтæ æмæ æнæрцæугæ цаутæ нывæндыныл, уыдон фæрцы чиныгкæсæджы йæ фæдыл сайыныл. Уацмыс кæд егъау рауад, уæддæр йæ хъайтар у хуымæтæг æрыгон чызг Дзесты Ирæ. Каст фæцис хъæууонхæдзарадон институт. Райста агрономы дæсныйад æмæ йæ кусынмæ арвыстой хæххон хъæу Сидæны колхозмæ.

Æвзонг, æдых, æвæлтæрд чызг – иууылдæр хъуыды кодтой: цы хъуамæ бауа йæ бон? Фæлæ романы тæккæ райдианæй зыны, Ирæ – сыгъдæгзæрдæ, æрмæст, «къæрттæй цъула нæ кæны» – кæмæй акæнынц, ахæм чызг кæй у. Хуры чи уарзы, уымæн нæдæр лыскъзæрдæ уæвæн ис, нæдæр лæмæгъ уыдзæнис. Æмæ куыддæр йæ куыстмæ фæзынд, афтæ адæмæн фæцис цæстæвæрæн. Йæ куыст райдыдта тохæй. Куысты, царды сæрыл тохæй. Æгæрыстæмæй, уацмысы сæйраг хъайтартæй, хъæуы раззагондæртæй сæ иу, Беталы «русы дзæхст фæцыд».

Æмæ Ирæ йæхицæн исты куы домид. Уæд йæ ныхас никæмæ хъуысид. Йæ хъуыддæгтæ чиныгкæсæджы нæ æлвасиккой сæхимæ. Йæ рахæцæн уый у, æгъдауыл, рæстаг хъуыддæгтыл кæй дзуры. Мæнгæрдтæ, цæстфæлдахджытæ, кæйдæр бæрзæйыл сынкъау чи æрзад, уыдоны митæ калы хурмæ. Æмæ кæд фегæр вæйййы, уæддæр ын æй бары адæймаг.

Цæуыл тох кæны, уый йæ къухы бафты – адæмы цард чи къуылымпы кæны, уыдон, рæнхъон кусæгæй районы хицæутты онг, сæ бынæтты æрбадын кодта. Адæмæн та сæ фæллойæ сæ зæрдæтæ рухс кæнын райдыдтой. Фылдæр чи тæлфы, ууыл фылдæр æмбæлы. Йæхæдæг дæр æвыд нæ уыд. Фаг маст æйййæфта, фæлæ йын ныфсы хос уыдисты йæ уды рæстдзинад æмæ рæстаг адæм. Æнæ уыдон йæ бон ницы бауыдаид.

Гафез йæ уацмысты, уæлдайдæр, йæ прозæйы иууыл арæхдæр æвдисы ирон хæххон хъæуы цард. Ныр Ирыстоны Хуссар хайы, дæлæ, сæ ном кæмæн нæ дзырдæуы, нæ уыцы сыхæгтæ нын 1991–92-æм азты цы геноцид аразынмæ

хъавыдысты, уæдæй фæстæмæ, цард кæм æхсиды, иу ахæм хъæу нал ис. Романы цы рæстæг цæуы æвдыст, – 60-æм азтæ, – уæд нæ хъæутæ æцæг ирон хъæутæ уыдысты. Рæзтысты азæй-азмæ. Адæймаг сын æууæндыд сæ фидæныл. Адæмы цардхалджытæ йæ уыйфæстæ райдыдтой гæндон кæнын. Фыссæг хуымæтæджы нæ систа хъæууон темæ. Фæлæ цымыдисон уый у, æмæ йæ уыцы темæйыл фыст алы уацмысы дæр, цы проблемæтыл фæдзуры, уыдон деталгай афтæ бæстон кæй фæзоны, æмæ йæ ныхасыл, йæ нывтыл чиныгкæсæг кæй нæ фæдызæрдыг кæны.

Хъæууон адæймаджы удыгъæд бæстон кæй зыдта, уый йын йæ къух арæзта бирæ алыгъуызон удæгас фæлгонцтæ фæлдисынæн. Уымæй дæр сæ алкæмæн йæ бакаст, йе сныхас, йæ бахудт, йæ февнæлд, йæ ацыд, йе 'рбацыд, йæ хыл сты йæхи сæрмагонд миниуджытæ. Никæй ахастимæ йын сæ фæхæццæ кæндзынæ. Æгæрыстæмæй сæ алкæмæн ис йæхи фæсномыг, æмæ йыл бады карды карстау.

Мах, ирон адæм, фæсномыгтæ æвæрынмæ бынтон дæсны стæм. Алкæуыл дæр цыма йæ мады æвæрд номæй йæ фæсномыг хуыздæр фидауы. Нæ фысджытæ дзы иу æмæ дыууæ хатты, мыййаг, не спайда кодтой сæ уацмысты, фæлæ Гафезы роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы хъайтарты хуызæн характерон никæмæн ссис. Уый та дзурæг у йæ авторы лæмбынæг цæстæнгасыл.

Автор æн фæсвæд, лæгæй-лæгмæ, стæй мыхуыры дæр йæ цæстмæ дардтой «политикон» рæдыд, ома у индивидуалист, нæ уарзы коллективондзинад. Йæ хъайтартæ, дам, хъæбатыр хъуыддæгтæ иунæгæй цæмæн фæаразынц, нæ уынынц, «нæ цардæн характерон сси массон хъæбатырдзинад, массон змæлд. Гафезы радзырдты та дыууæ, æртæ, фондз архайæгæй фылдæр нæй»[1].

Æмæ йын цæвиттонæн хастой «Зæрдæйы фæндон»-ы Сесе æмæ «Æнахуыр дугъ»-ы Хъазбеджы фæлгонцтæ. Афтæмæй та уыцы дуджы нæ литературæйы уыд замманайы радзырдтæ.

Уыцы азым ныртæккæ худыны хос у. Уæд дæр уый тыххæй лæгмæрдтæ нал уыд. Фæлæ уымæй дæс азы раз-

---

[1] Журнал «Фидиуæг», 1962-æм аз, №1, 89-æм фарс.

дæр ахæм «азымты» тыххæй адæймагæн Сыбыр ацырдыгæй зад. Æмæ фыссæг бацархайдта йæ романы хъайтарты, цас гæнæн ис, уыйбæрц «бабирæ кæныныл». Æмæ цымыдисон цы у: уацмысы сæйраг хъайтартæй алчидæр у йæхи хуызæн йæ алы хъуыддагæй дæр. Иннæтимæ йæ ницæмæй фæивддзаг кæндзынæ.

Ирæ æддаг бакастæй цыма бынтон уæздæттæ у, халы сæрты æдæрсгæйæ нæ ахиздзæнис. Бетал дзы, цалынмæ йе 'хсæрфарсыл дзæхст нæ сæмбæлд, уæдмæ ахынджылæг кæнынмæ дæр хъавыд: «Мæ зæрдæмæ тынг цæуынц дæ хуызæн къленц чызджытæ. Сырх былтæ, сырх маникюртæ, нарæг астæу... æмæ ноджы... æмæ ноджы зоныс, цы... — фæндыд æй, алæгъз мын кæна мæ ныхы сæрмæ дзыккуйы зæбул уаццаг.

Мæстæймарæн, хынджылæгскъæрæг дзырдтæ мыл хауынц, цъыфы стъæлфæнтау.

Æз фестадтæн:

— Кæд хынджылæг кæныс, уæд дын мад кæнæ хо уыдзæни! — мæ къух атахт æмæ русы дзæхст фæцыд».

Ирæ цыфæнды хъуыддаджы бацæуæд, йæ рæстдзинадæй алы хатт дæр у тыхджын, уыимæ — æнæбарон. Суанг йæхи ныхмæ дæр. Бетал ын йе стыр уарзтыл цъыф къахæй куы балæгæрды, уæд йæхинымæры хуымæтæджы нæ зæгъы: «Зын мын у, баба, фæлæ фæстæмæ здæхæн нæй!».

Цæуы æппынæдзух размæ, æмæ уæлахиз кæны йæ зонды фæрцы. Ноджы — дзырдарæхст. Зæгъæн ис — дзыхыкъæбæл. Фæлæ йæ уарзты ныхмæ стох кæнын нæ баци йæ бон. Беталæн радта йæ уарзтыл ын къахæй балæгæрдыны бар. Афтæмæй — хивæнд.

Йæ рæстæджы уыдæтты тыххæй авторы, саргъмæ нæ, бæхы гуыбынмæ чи не 'ххæст, уыдон дæр критикæ кодтой. Цыдæр хъуыдытæ-иу мыхуыры дæр фæзындысты[1].

Цыма æвæрццæг хъайтармæ мацы лаз хъуамæ уа. Цыма тыхджын æмæ æхсарджын адæймаг рæдийын нæ зоны. Бæргæ-иу адæймаг иууыл зондæй куы цæрид. Фæлæ Гафезы хъайтартæн зæрдæтæ дæр ис. Хорз у æви æвзæр, сæ зæрдæйы фæндоныл дæр фæцæуынц.

---

[1] Журнал «Фидиуæг», 1967-æм аз, №№1–2.

Бетал – цæст иу фæкастæй кæуыл схæца, ахæм хъæууон лæппу. Фæлæ йæ фырбуцæй, йæ фырхъалæй йæхи сæрты дæр акаст. Йæ рæдыдтытæ дæр уырдыгæй цæуынц. Йæхиуыл афтæ феввæрсыд, æмæ цæуыл стыфылтæ калдзæнис, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Дзырдмæхъусаг. Ноджы – сылгоймагау, тæргæйттæгæнаг. Йæ уарзтыл йæхæдæг балæгæрста цъыфкъахæй. Æмæ йæ æмбаргæ дæр нæ кæны. Ноджы Ирæмæ фыссы фыддæрадæн: «Ирæ, мастæн – маст, фыдæхæн – фыдæх! Уый фыдæлты æгъдау у. Ирон хæсмæ бæллæн нæй. Мæ рус ма абон дæр дуды. Нæхимæ адæммæ рацæуын нал уæндыдтæн. Алчидæр-иу мыл худт». Ноджы дарддæр: «Чи нæ фембылд? Афтæ мæм кæсы, тагъд мæ нæ ферох кæндзынæ. Цас мæ арæхдæр мысай, уыйас зæрдæ тынгдæр рисдзæн. Мæнæн дæр рысти. Бетал!»

Уый дын ирон усгур! Автор нын раст цыма ссæдзæм æнусы кæрон, иу æмæ ссæдзæм æнусы райдианы ирон усгуры сныв кодта.

Техъау – æцæг коммунист, коллективон хъуыддагыл лæуд, Ирæйы рахиз цонг. Симæ – рæсугъд, фидæрттæ сылгоймаг уæнгæй дæр, зæрдæйæ дæр, фæлæ йæ сæйраджысæйраг æрмæстдæр æндавы йæхи уд, йæхи цард. Цард уарзы æмæ цæры, йæхи уды куыд фæнды, афтæ. Колхозы сæрдар Мухтар – домбæйттæ конд, фæлæ, Ирæ дзы куыд зæгъы: «Фæлмæнтæ арæзт лæг? Туламулайы хуызæн».

Бирæ сты Гафезы романы хъайтартæ. Фæлæ удыкондæй, зæрдæйæ сты æндæр æмæ æндæргъуызæттæ, алчидæр сæ – йæхи æввæрццæг æмæ æппæрццæг миниуджытимæ. Æмæ раст уым бирæ рамбылдта йæ автор.

Мах ирон литературæйы, хъыгагæн, афтæ сахуыр стæм, æввæрццæг хъайтары кой кæныс, уæд ын «дæ цæст сау» мачи хъуамæ зæгъа; æппæрццæг хъайтаримæ дæ ис хъуыддаг, уæд зæххæйсисинаг ма хъуамæ уа. Гафез уыцы схематизм кæронмæ ныссаста йæ роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы. Уыимæ, романы сæйраг хъайтарты фылдæрæн ис сæхи дзуринæгтæ, сæхи дзырдты къæбиц. Ирæ хуымæтæджы нæ зæгъы: «Дыууæсæдæ милуан адæймаджы стæм. Уыдонæн се 'ппæтæн сæ зонд, сæ зæрдæйы ахаст иу кæм уыдзæн?». Стæй се 'взаг дæр.

Ноджы æвзаджы тыххæй.

Гафез йæ роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-æй ирон прозæмæ æрбахаста поэзийы комулæфт. Æрбахаста йæ уæндонæй. Æрбахаста йæ тыхджынæй.

Роман куыддæр фыст фæцис (1964—1965-æм азты), афтæ рухс федта (1966-æм азы). Уацмыс чысыл куынæ сулæфа, уæд дзы, цы згъуыдтæ аззайы, уыдон æнцонæй не 'рцахсы авторы цæст. Ам дæр стæм рæтты æмбæлæм барастгæнинаг, алæгъз кæй хъæуы, ахæм хъуыдыйæдтыл, бынæттыл, фæлæ уацмысы диссаджы удæгас, фæлгонцон æвзагимæ абаргæйæ, уыдон арсы хъуыны мæлдзыг дæр не сты. Уымæй дæр, дзырд фæцæуы уацмысы змæлд, хъайтарты зæрдæйы уагмæ гæсгæ. Уыцы хъуыддаг адæймаджы чиныгмæ фæбæтты тынгдæр. Йæ бон дзы нал вæййы йæхи атонын.

Цæмæй нæ ныхасæн бындур уа, уый тыххæй æркæсæм романы тæккæ райдайæн, йæ тæккæ астæу æмæ тæккæ кæронæй хæрз чысыл скъуыддзæгтæм:

**Райдианы**: «Мæ цæстытæ куы байгом кодтон, уæд мæм хæрзæггурæггаг фæци хуры тын.

Æвæццæгæн, мæ уатыл бирæ фæхъазыд, йе рагъы нуæрттыл тылди, хъæццулы дыдæгътыл фæрагæпп-багæпп кодта, фраж сынтæджы иу æрдынæй иннæ æрдынмæ йæхи ивæзта. Бафæллад, бастад. Фæстаг хатт улæфынмæ стылд мæ цæсгоммæ. Фыццаг мæ иу цæстмæ бакаст, стæй — иннæмæ æмæ мæм бадзырдта: «Дæ райсом хорз! Дæ райсом хорз! Уæлæмæ сыст!».

**Астæуæй**: «Секретарь йæ сæрыл схæцыд, прожектор йæ рухс куыд рапырх кæны, афтæ нæм иу каст ракодта».

**Кæронæй**: «Æз ме 'нгуылдзтæ хæссын кæрдойы хъæдгомыл. Агурын нæмыджы цæф — Тедойы лæгдзинад.

Баба, чи зоны, дæуыл дæр афтæ сæмбæлд знаджы нæмыг. Хъæдгом уыд дæ буар. Баба, ды раст дзырдтай: «Зын дын уыдзæн!».

— Зын мын у, баба, фæлæ фæстæмæ здæхæн нæй!

Уæ бонтæ хорз, адæм!».

Ис дзы фыссæджы сæрмагонд стилъ, ритм.

Дзырды ад афтæ фенкъары æрмæстдæр стыр фыссæг. Æмæ Гафез нæ ирон адæмæн уыдис ахæм стыр фыссæг. Йæ роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-æй прозæмæ йæхи сæрмагонд поэтикон æрмдзæф уымæн бахаста.

Уый фæстæ, йæ амæлæтыл æртæ азы куы рацыд, уæд рухс федта йæ ииуыл гуырахстджындæр уацмыс – роман «Æмбæлццæттæ». Уацмысы æмткæй райсгæйæ цыбыр рæстæгыл нæ цæуы дзырд. Уынæм дзы фæллойгæнæг адæмы сæрибары сæрыл, стæй сæ фæрныг цардыл удуæлдай тох.

Гафез йæхи цæстæй федта рагон Иры цард. Йæхи рагъыл бавзæрста, цы у хъæздыджы ехс, цы ад кæны æппарæггаг къæбæр. Ног дуджы хъыцъыдæттæ дæр цъус нæ фæнуæзта, фæлæ зыдта цардæн аргъ кæнын, æмбæлон цæстæй йæм кæсын. Октябры революци ирон адæймаг, стæй æмткæй Ирыстонæн цы ’рхаста, уыдон ын амонын нæ хъуыдис. Уымæ гæсгæ бæрзонд бынаты æвæрдта, адæмы сæрибардзинадыл чи тох кодта, уыцы революционерты нæмттæ. Афтæ нымады йæм кæй уыдысты, уый бæрæг у, йæ сæйраг хъайтартæ-революционертæ Тома, Местор, Цопан, Чалихан æмæ иннæты тыххæй куыд хæларзæрдæ, куыд уарзгæ æмæ сæрыстырæй дзуры, уый.

Автор йæ уацмысы уæрæх бынат радта ног цардарæзтадæн. Ныв кæны, советон дуджы æрцыдæй ирон адæймаджы удыгъæд, стæй цард куыд ивта, æппæт уыдæттæ. Сæ зынтæ æвдисынимæ сын нæ рох кæны сæ цинтыл лæмбынæг ныхас дæр. Ам кæд йæ фыццаг роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы поэтикон æвзаг æмæ ритмикæйыл йæ къух систа автор, кæд ирон прозæйы таурæгъон ныхасыгъæдмæ ахызт, уæддæр дзы бæрæгæй ферттивы йæхи стиль; фæлмæн, хатт, чи зоны, алы ран æххæстæй хъæугæ дæр чи нæ фæкæны, ахæм юмор.

Йæ бирæ диалогтæ дæр хаттæй-хатт æххæстæй нæ фембæлынц чиныгкæсæджы зæрдæйыл – æгæр уæлæнгай, исты зæгъыны охыл рауайынц:

«– Уæдæ цæуыс, Метго (афтæ йæ хуыдта хибарæй), гъа?..

– Цæуын.

– Æмæ мын «Хорзæй баззай» дæр куынæ загътай, гъа?..

– Хорзæй баззай.

– Æмæ куыд кæнон æз та, гъа?

– Фæрнæй цæр…

– Æмæ ды та?

– Æз дæр кæд истытæ кæнин…

– Æмæ нæ хъæубæстæ та, гъа?

– Уыдон дæр дзæбæхæй цæрæнт».

Зæгъгæ дзы уыцы фарсты фæзилæн «гъа» нæй, уæд дзы зæрдæйыл ницы сæмбæлид. Æмæ цъиу йæ расур-басуры аргъ у? Ноджы ахæм диалогтæ цъус не сты. Мæнæ дзы ноджыдæр иу:

«Фарста кæнын райдыдта Сограт», – ахъуыды кодта Дудар.

– Раст зæгъыс, – загъта Дудар.

– Æмæ йæ зноны онг никуы систай лæгмæ?

– Никуы.

– Хъомыл дæр æй зноны боны тыххæй кодтай?

– Уый та куыд?

– Цæмæй дзы Сауийы сæр æркъуырдтаис? –

– Нæ.

– Уæдæ знон куыд рауад хъуыддаг?

– Афтæ... Иуæй, Томайы æфхæрдта, иннæмæй та...

– Иннæмæй та цы?

– Иннæмæй та кæмæндæр йæ зæронд маст базмæлыд...

– Дæхи сæрмагонд маст æви?..

– Залихан æмæ Цопаны маст.

– Уый та куыд? Искæй маст истай?

– Уый та канд искæй нæ уыд, фæлæ мæхи дæр...» – æмæ афтæ дарддæр.

Кæд уымæй зындæр ницы ис, уæддæр уый амондджын фыссæг у, йæ алы дзырдыл уæз кæмæн цæуы. Гафезы сфæлдыстады ахæм уацмыстæ, стæй бынæттæ цъус нæй. Дзæвгар сты ацы романы дæр, йе згъуыдтæ йын куынæ нымайæм, уæд. Уæддæр ын фыссæджы фыццаг романы æнтыст нæ уыд. Чи зоны, æгæр стыр темæ – цардивæн дуг кæй систа, уый тыххæй.

Ахæм стыр темæйыл фæтых уай, уымæн уæйыглæг хъæуы. Гафез мидхъаруйæ уыдис ахæм. Ноджы йын, мæнмæ гæсгæ, роман фысгæйæ стыр æххуыс фæцис йæ гуырахстджын публицистон чиныг «Хæстон намысы фæндæгтæ». Фæлæ йын нал бантыст йæ ныссыгъдæг кæнын.

Йæ раттæг адæм, йæ Фыдыбæстæйы сæрвæлтау революцийы дугæй райдайгæйæ цыфыддæр хæстыты сæ туг чи калдта æмæ йæ калгæ дæр чи ныккодта, уыдоны хæстон намысы фæндæгтыл хъуыдыгæнгæйæ фыссæг иу æмæ

дыууæ æгъуыссæг æхсæвы нæ арвыста. Фæлгъуыдта, сæ хæс цы уыдис, дуг сыл цахæм бæрндзинад æвæрдта æмæ йæ куыд бацис сæ бон ахæссын, сæ Фыдызæххæн куыд балæггад кодтой, æппæт уыдæттæ. Уыцы намысджын адæмы кады хъуыддæгтыл бакуыста намысджынæй. Йæ бон бацис, нæ хæстон фыдæлтæ скифтæ, сарматтæ, алантæй нæм цы тохмонц æрхæццæ, уымæй сæ фæдонтæ, нæ адæм нæ Фыдызæххы сæрвæлтау куыд пайда кодтой. Растдæр зæгъгæйæ та — Гафез нын равдыста, нæ намысджын хæстонтæ сæрибардзинад æмæ лæгдзинады тыххæй сæ сæртæ нывондæн куыд хастой.

Чиныджы автор бацархайдта, нæ адæмы хæстон фырттæ нæ адæмы сæрвæлтау удуæлдай тохты цæмæй фесгуыхтысты, æрмæстдæр уыцы цаутæ раргом кæныныл. Æмæ уый йæ къухы бафтыд. Уыимæ йæ бон бацис адæмы историйы бæрæг дугыл афæлгæсын, публицисты цæстæнгасæй йын аргъ скæнын.

Фыссæгæн æппæт уыдæттæ кæй баххуыс сты йæ ног роман «Æмбæлцæттæ» фысгæйæ, уый дызæрдыггаг нæу. Авторæн хорз зындгонд уыдысты дуг æмæ йæ хъайтартæ. Прототиптæм цæуын æй дардмæ нæ хъуыдис, æмæ йын уый бирæ бæрцæй арæзта йæ къух. Цæттæ цаутæ æмæ фæлгонцтæ романмæ хызтысты комкоммæ.

Нырæй фæстæмæ дæр Октябры революци æмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæстыл чи фысса, уыдон удæгас цаутæ, æцæг хабæрттæ фенынын тыххæй иу æмæ дыууæ хатты нæ бахъæудзæнис Гафезы æртымбылгонд диссаджы æрмæгмæ сæ цæстæнгас лæмбынæг аздахын. Æмæ дзы куыннæ хъуамæ пайда кодтаид «Æмбæлцæтты» йæхæдæг.

Уæддæр ын фыссæджы фыццаг роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы æнтыст кæй нал уыдис, уымæн æй бахъыгдардтой, мæнмæ гæсгæ, уыцы темæйыл нæм цы бирæ уацмыстæ æрцыди фыст, уыдонæй уæлдай Гафез дæр ногæй кæй ницыуал загъта, стæй роман æнæхъуаджы даргъ кæй рауад, уыдон.

Йæ сæйраг аххосаг та — уæззау низ.

Æмткæй, Гаглойты Федыры прозæ ирон аив литературæйы у сæууон уддзæфы хуызæн: сулæфынæн — рог, рæуджытæн — æхцон.

### Ф æ н д з æ м   н ы х а с

## ГАФЕЗЫ ДРАМАТУРГИЙЫ ТЫХХÆЙ

Стыр фыссæг литературæйы цыфæнды жанрмæ æрæвналæд, иугъуызон нæ, фæлæ дзы уæддæр ныууадзы зынгæ фæд. Æмæ зæрдæзæгъгæ уацмыстæ ныууагъта Гафез ирон драматургийы дæр. Æцæг ын сценæйыл сæвæрдтой бæрцæй æртæ спектаклы – «Бæсты фарн», «Хуцайы таурæгъ» æмæ «Æз уарзтон дæу». Фæлæ «Бæсты фарн» йæхæдæг цахæм пьесæ у! Æнхъизы, фыцы, пæлхъ-пæлхъ кæны Фыдызæхх æмæ раттæг адæмыл æнувыд уæвыны æнкъарæнтæ æмæ сыгъдæг уарзтæй; сæ ивгъуыд, сæ абон æмæ сæ фидæныл сагъæсæй.

Пьесæйы автор спайда кодта, Беджызаты Чермены новеллæ «Æлбегаты Батай æмæ Барсæгаты чындз»-ы Батай йæ мыггаджы фесæфты фæстæ цæрдудæй йæхиуыл карз сомыйæ йæ фыдæлты зæппадзы дуар куы бафæлдæхта, уыцы аивадон амалæй.

Чермены хъайтар Батай æмæ Гафезы хъайтар Джетæ сæ дыууæ дæр æцæг хъæбатыртæ сты. Тыхæй, зондæй, фердæхтæй – æххæст, фæлæ сæ цард фыры сыйы здухы. Хъаруйæ никæмæн ницы ауадздзысты, фæлæ царды фæтк галиу лæгтæ зыгъуыммæ куы азилынц, уæд сæ уый хурхæй мары. Фыдгæнд хъуыддæгты æмæ æгъдæуутты аххосæй сæ дыууæ дæр се стыр уарзтæй сæ къухтæ сæ дзыхы акæнынц. Ноджы ма сæ мыггæгтæй низ æмæ зæйы аххосæй æнæмыггаг куы фæвæййынц, уæд, хъæды халонау, иунæгæй хитыны бæсты хуыздæрыл банымайынц зæппадзы дуæрттæ сæхиуыл цæрдудæй бафæлдахын.

Æрмæстдæр сын уыцы цау – аивадон амал у иумæйаг. Фæлæ йæ Гафез нывæрдта йæхи джиппы, уд дзы бауагъта нæ дуг æмæ не ’нусы проблемæты комулæфтæй. Уынæм æмæ дзы хъусæм æрмæст мыггаджы сæфтыл катай æмæ марой нæ, фæлæ нæ Фыдызæххы æнувыд цъæхахст.

Уӕдмӕ фыссӕг дзӕвгар чингуытӕ рауагъта поэзийӕ дӕр, прозӕйӕ дӕр. Йӕ поэтикон уацаутӕ «Хӕхты чындз» ӕмӕ «Тулдзы къох», йӕ роман «Уӕ бонтӕ хорз, адӕм!» чиныгкӕсджытӕн нӕ, фӕлӕ фысджытӕн дӕр бирӕ цӕмӕйдӕрты цӕвиттойнаг уыдысты. Ӕндӕр нацитӕ дӕр сыл ӕрӕвӕрдтой сӕ цӕст. Тӕлмац сӕ кодтой.

Ирон театрдзау рагацау хъуыдытыл фӕцис: зындгонд фыссӕг ногӕй цы зӕгъдзӕнис драматургийы?

Алкӕмӕн дӕр бӕрӕг у – драматургийы жанр литературӕйы иннӕ жанртӕй бӕрӕг зындӕр у. Иннӕтимӕ абаргӕйӕ, уымӕн йӕ аивадон фӕзилӕнтӕ дӕр, йӕ уацмысты композицион арӕзт дӕр, йӕ рӕзт дӕр цӕхгӕр хицӕн кӕнынц. Уӕлдайдӕр, уацмыс кӕсын ӕмӕ сценӕмӕ кӕсын иу не сты. Сценӕйыл иу ныв иннӕ нывӕй куынӕ цӕуа, иу ныв иннӕ нывӕй уӕлдӕр куынӕ лӕууа, уацмысы хъуыды ӕмӕ зӕрдӕйы змӕлд тыхджындӕр куынӕ кӕна, уӕд сценӕмӕкӕсӕджы нӕ ахсы.

Драматургийы жанр иу ӕмӕ дыууӕ фӕлтӕрд фыссӕгӕн нӕ разынд ӕнӕдуар мӕсыджы хуызӕн – сӕ бон нӕ бацис йӕ къӕсӕрыл бакъахдзӕф кӕнын. Ирон театрдзау иуукыл тынгдӕр уымӕн цымыдис кодта Гафезы театралон дебютмӕ. «Йӕ драматурги сисдзӕнис йӕ поэзи ӕмӕ йӕ прозӕйы бӕрзӕндмӕ ӕви нӕ?» – фарстой сӕхи ӕмӕ ӕнхъӕлмӕ кастысты сӕ фарстӕн дзуапмӕ.

Фӕлӕ Гафезӕн фӕстӕмӕ алӕууӕн никуы уыдис. Йӕ царды нысан ӕвзонгӕй сбӕлвырд кодта:

*О, уарзон Ир,*
*Кӕд тохы дӕн фӕразон,*
*Кӕд искуы сарӕхсын,*
*Ныккалын туг,*
*Уӕд уымӕн афтӕ у,*
*Кӕй дӕ уарзын ӕгӕрон,*

*Кӕй хъахъхъӕнын*
*ӕз дӕу*
*ӕмӕ*
*нӕ дуг!*

Уый поэт хæсты тæккæ тæмæны загъта – 1942-æм азы, æмæ йæ равзæрст фæндагæй иуварс никуы алæууыд. Йæ уарзон Иры уарзтыл сайдæй никуы рацыд. Цы арæзта, уый æрмæстдæр Ирыстоны тыххæй, ирон адæмы сæрвæлтау. Уымæ гæсгæ йæхицæн уый бар никуы радта, уыдон тыххæй фыстаид былалгъæй. Ир æмæ ироны тыххæй йæ алы дзырды фæндаг цыдис йæ зæрдæйы рæбынтыл. Зæрдæйы арфæй цæуæг дзырд зондмæ хъуысы. Йæ драматургимæ æнхъæлмæкæсджыты зæрдæхудты уымæн нæ бацыд.

Уацмыс рагон царды нывæй, бæрæгбонæй куы райдайы, стæй куы ахизы дыууæ æвзонг уд, лæппу æмæ чызджы уарзтмæ, уæд нæм афтæ фæкæсы, уыцы иу фæдыл ацæудзæнис. Фæлæ нын фыссæг цы уарзты æнæлаз, уæле исгæ, бынæй ахадгæ суадон фенын кодта, уый ахызт æгъатыр царды мыггагон тохы ивылд фурдмæ.

Æгъатыр адæймæгтæ уыцы змæст фурды ныххуыдуг кæнынмæ хъавынц Гатайты Джетæ æмæ Бураты Уардисы уарзт. Сæ сусæг тохæй, æрмæстдæр сæхи удтæн хорздзинад аразыныл кæй скъуынынц сæ быцъынæг, уый тыххæй пьесæйы «мыггагон æгъдæуттæ хъахъхъæнын» ахизы тугныккалдмæ, стæй – тугисынмæ. Тода æмæ Гисойы хуызæттæм нымады дæр нæу стыр францаг поэт Пьер-Жан Беранжейы хурæргом хъуыды:

*Распри, о смертные, вас утомили...*
*Отдых ваш краток, и сон ваш тяжел.*
*Землю по-братски бы вы разделили:*
*Место бы каждый под солнцем нашел!*[1]

(«Священный союз народов», В. Дмитриевы тæлмац)

Искæй тугкалдæй удæнцой арынц. Æндæра, Джетæ æмæ Гисо, стæй Тодайæн сæ зæххытæ дæр, сæ мыггæгты зæххытæ дæр уæрст сты, уæддæр фыдных æмæ тугкъоппа æрвадæлтæ разы не сты, дыууæ уарзæгой уды, – Джетæ æмæ Уардис, – хуры бын сæхицæн цы рæсугъд бынат, – зæрдæты уарзт, – равзæрстой, уым сæ æнцойæ ныууадзыныл.

Пьесæйы конфликттæ цæуынц уырдыгæй æмæ аразынц сæйраг, гуылф-гуылфгæнаг, змæст цæугæдон. Уыцы змæст донæн ласын кæнынц, сæ фæндагыл цы ныхдур ис, уый.

---

[1] Беранже Пьер-Жан. Избранное, М.,П., 1979, 146-æм фарс.

Фæлæ зæххы цъарыл æнæхин уарзтæй рæсугъддæр ницы ис: рыг ыл нæ хæцы, арты нæ судзы, дунейы зынгхуыссынгæнджыты бон дæр нæу йæ ахуыссын кæнын. Гисо æмæ Тода цы дон змæнтынц, Джетæ æмæ Уардисы уарзт уырдыгæй ирддæрæй уый тыххæй рацæуы.

Джетæ æмæ Уардис – дыууæ бонзонгæ, уарзæгой, æвзонг адæймаджы. Удыгъæдæй – сыгъдæг, хъаруйæ – бафæзминаг. Сæ кæрæдзийы уарзтæй цъæх арт уадзынц, фæлæ йæ сæ фыр сæрыстырæй раргом кæнын нæу сæ бон:

*У а р д и с.* *Онай, ныууадз мæ, рагæй зонын м' амонд.*
*Цæмæн цыдтæн? Мæ зæрдæ мæм куы дзырдта,*
*Кæй не ссæудзæн. Цæмæн уыдтæн тызмæг...*
*О н а й.* *Цынæ фехъусдзæн а-дунейыл лæг!*
*Уардис тызмæг уыд? Радзур æй æндæрæн!*
*Æмæ кæмæ? Джетæмæ? Нæ, мæнг зæгъыс!*
*У а р д и с.* *Уыдтæн, уыдтæн... Уадз бахус уæд,*
*цы 'взаг уыд!..*
*О н а й.* *Оммен! Æрмæст куы феныс ды Джетæйы,*
*Кæсын дæр æм нæ бауæндыс. Ныууадз!*
*У а р д и с.* *Æз иу изæр куы фæцæйхастон дон,*
*Æргæпп кодта, мæлæты лæгау, бæхæй.*
*Цæхгæр ныллæууыд бæрзы бын мæ разы:*
*«Æргом мын зæгъ дæ фæндон, Уардис, науæд*
*Мæ цард фæуыдзæн д' амæттаг ныртæккæ!»*

*Мæн та фæндыдис ахъазын. Ысдзырдтон:*
*«Куыд тæригъæд дæ, ацы хорз бæх, уаргъæн*
*Зыгуымы голлаг чи хæссы дыууæрдæм».*

*Цыма æрвнæрдæй фесхъиудта, йæ бæхыл*
*Цæргæсау абадт, фаты фехстау атахт.*
*Уæд ын йæ фæдыл ахъæр кодтон ноджы:*
*«Тæргæйттæ-иу дæ фæлмас мадæн кæн!..»*
*Гъæй, бахус уай, цы 'взаг уыдтæ...*
*О н а й.* *Оммен!*

Ам æвæлтæрд чиныгкæсæг дæр фæхатдзæнис, Онай Уардисы æлгъыстытыл æрмæст ахудыны тыххæй кæй нæ кæны зæрдæбын «Оммен!».

Чызджы фæнды æви нæ, уæддæр йæ зæрдæ тоны Джетæмæ. Уардисы карз æлгъыстытыл æй уый схойы «оммен» кæнынмæ. Æмæ уымæй авторы къухы æфты конфликт арæхстгай цырендæр кæнын.

Стæй дарддæр:

*У а р д и с.* *Йæ цæрæнбонмæ 'рвыл æхсæв фæкувын,*
*Йæ фенынмæ мæ былтæ 'хсынын бон...*
*О н а й.* *Ыстæ-ма, рауай, фенон дын дæ былтæ,*
*Нæма дын фесты хæрд æмæ æхсыд?*
*Æрра нæ дæ... рæвдыд æмæ тæвд батæ*
*Дæуы йеддæмæ никæйы хъæуы ?*
*У а р д и с.* *Банцай!..*

*Фæтæргай ис. Уый нал ыссæудзæн ардæм.*

Сæ кæрæдзийыл сæ ныхас куы 'рбадт, афтæ куы загътой — ныр нæм амонд йæ мидбылты бахудт, уæд хъуыддæгтæ схæлбурцъ кодтой. Маргджын кæлмытау марг адæймæгтæ алырдыгæй раластой се 'взæгтæ чызг æмæ лæппумæ.

Диссаг куыд нæу: алы хорзы фæдыл нæм фондзыссæдз æвзæры ис æфтыд. Хъуамæ йын йæ ныхмæ дуртæ тулой, йæ нуæрттæ йын къуымых хырхæй лыг кæной, йæ амондмæ йын лæбурой стонг æмæ тæфгæнаг гиенæтау. Цæмæй уыдонæй хуыздæр ма уа. Цæмæй йын мацы бантыса. Цæмæй йын йæ сæрыстыр æмæ йæ намыс сæ цъыф къæхты бын змæнтой...

Уыдæттæ Гафез хорз зыдта. Нæ адæмы удыгъæдмæ айдæны кæсæгау каст. Уарзтыл фыст уацмыстæ фылдæр цы æртæкъуымоныл нывæст вæййынц, уымæй уæрæхдæр уый тыххæй æвнæлдта.

Джетæ æмæ Уардисы сыгъдæг уарзты йæ марг дæндæгтæ ныссагъта хъæубæсты куырыхон хистæры фырт Гисо. Æндæр амал ын нал ис, хъуамæ цыфæнды аргъæй дæр Уардисы байса. Уардисы æмбал — Гисойы æрвад Онай дæр Джетæйыл æрратæ кæны. Йæ сусæг бæллиц у, Джетæ йæ уарзонæй кæд фæхицæн уыдзæнис, ууыл кæд æрæвæрдзæн йæ цæст.

Арт æмæ фæнык Гисойы ацæргæ æрвад Тодайæн нал ис бынтон. Йæ сау зæрдæ йын, сау калмау, æууилы кæддæры сау маст. Кæддæр ын Гатайтæ йæ хъусы æрдæг ахауын кодтой, æмæ нæ сысы йæ зæрдæйы рис:

*Нæ мæ фæндыдис, ссыдаин ма ардæм,*
*Фæлæ мæ рыст... Йæхион домы маст.*
*Кæддæр ныккалди ацы ран мæ туг —*
*Мæ хъусы ’рдæг йæ рæбыныл æрхауд...*
*Ыскодта фынг мæ туджы калдмæ Сесе.*
*Фæлæ нæ фесæфт зæрдæйы фыдмаст...*
*Мæ кæстæртæ хъуымызд зыхтæ уыдысты.*
*Фæлæ ныр та? Æндæр у хъуыддаг ныр.*
*Æрцыд рæстæг — кæм дæ, мæнæй уый, фезмæл!..*

*Гисо, Джетæ... Дзæбæх фырытæ сты.*
*Ныхæй-ныхмæ сæ рауадздзынæн дугъы,*
*Æхсон дурау, куыд акалой цæхæр.*

Æвзæрмæ алцæмæ дæр æнхъæлмæ кæс. Джетæ зондæй æххæст кæй уыдис, уый тыххæй нæ бантыст Тодайæн æргом дугъы йæ рауадзын. Уыйхыгъд йæ мæнгард фæндæй хæлуарæджы хызы æрцахста Гисойы дæр, Уардисы æфсымæр рæуæууæнк Додийы дæр. Йæ марг æвзаг æмæ сæ йæ хин митæй батардта кæрдты бынмæ. Ныккалдта сын сæ туг.

Тодайæн Гисо йе ’рвад у. Фæлæ йын æрвады тæригъæд нæ кæны. Йæ бæллиц æрмæстдæр у йæ зæрдæйы сау маст тугæй ныхсын. Æмæ уый тыххæй фæстæ нæ лæууы. Джетæмæ куынæ баххæссы, уæд йæ марг æвзагæй фæныхæй-ныхмæ кæны дыууæ æвæлтæрд лæппуйы: Джетæйы æрвад, йæ фыды æфсымæры лæппу, сидзæр Бабе æмæ Уардисы æфсымæр Додийы.

Фæлæ йæм уый фаг нæ фæкаст. Фæсивæды сын куы арвыста сæ цурæй: «Цæугæут тагъддæр! Адон уадзут, хъазæнт», — уæд Гисоимæ ныккæнынц фыдвæнд. Æвзонг лæпputæн фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ сæ цæстытæ бабæттынц, хъаматæ сæм раттынц, афтæмæй уæ кæрæдзийæ уæ маст райсут, зæгъгæ. Цыма туджджынтæ уыдысты. Ноджы йæхæдæг хъамайæ барæхойы Додийы, цыма йæ Бабе амары.

Афтæмæй йæхицæн йæ тугмондаг зæрдæмæ ныккæсы рухс, Джетæ æмæ Уардисæн та сæ уарзтвæндæгтæ æрæхгæнынц æмæ чызг Гисойы хай фæвæййы, цалынмæ хъуыддæгтæ нæ райхæлынц, уæдмæ.

Гафез, пьесæ фысгæйæ, фæлтæрд фыссæг уыдис. Тынг

хорз зыдта, драмон уацмысы мидызмæлдæн цы тых ис. Характертæ хъуамæ кæной рæзгæ. Конфликт карзæй-карздæр куынæ кæна, уæд сценæмæкæсæджы йæхимæ не 'лвасы. Уымæ гæсгæ пьесæ иу мийæ иннæ мимæ цæуы уæлæмæ. Йæ архайд у æндыгъд. Иунæг ран дæр æй не 'руагъта дæлæмæ æрхауын.

Цæмæй Тода Джетæ æмæ Уардисы сыгъдæг уарзтыл цъыф бакала, адæмы цæсты сæ бафтауа æмæ чызджы Гисойырдыгæй рæстæгыл фæкæна, уый тыххæй уацмысы хъайтарты иудзæвгарæй йæ марг æвзагæй æртымбыл кæны, Джетæ Дадийæн, кæм фæмард, уым сусæгæй цы цырт-хъама кæны, уырдæм. Æмæ йæ мæнæ куыд афыста автор:

*Д ж е т æ.* *Куы вæййын иунæг, сагъæстæ мæ сбырсынц.*
*Цынæ ныфсытæ февæрын мæхицæн.*
*Куы дæ уæларвмæ, мигъты 'хсæнмæ сисын,*
*Куы дын æндонæй галуантæ фæкæнын,*
*Цæмæй дæ мачи атона мæ удæй.*

*У а р д и с.* *Цытæ дзурыс! – Сæнттæ æмæ бæллицтæ!*

*Д ж е т æ.* *Дæу чидæр хъуамæ ахæсса... æз та?*
*Æз та цы кæнон, исты-ма мын зæгъ?*
*Æрмттæдæлармæй амыты хæтон?*
*Мæ сæр нæмон æдзæм къæдзæхты тигътыл,*
*Дæндагæй тонон тулдз бæлæсты зæнгтæ?*
*Нæ, нæ, фæлтау... Нæ бабыхсдзынæн уый,*
*Дæ куыдзы дын ныххурх кæндзынæн къухæй!*

*У а р д и с.* *Уæд та нæуæгæй – тугкалд æмæ туджджын.*

*Фæзындысты* З æ л о н, З а з а, Т о д а.

*Д ж е т æ.* *Уадз ракæлæнт мыл туджы зæйтæ, хæхтæ –*
*Дæу ме 'гасæй нæ акæндзæни ничи!*

*З æ л о н.* *Æй, саубон мæ куыд баййæфта, цы уынын!..*
*Цы ми кæныс дæ туджджынимæ хъæды?*

*З а з а.* *Кæм ыссардтай дзæгъæл чызджы, фæлæуу-ма,*
*Кæй мыггаг кæныс худинаггаг, чъизи?*
*Уæд æз кæм дæн? Æ, сау хæрæгæй гуырд!*
(*Хъама фелвæста.*)

*Т о д а.* *Цы сæрра дæ? Æрсабыр у чысыл!*
(*Хъама сласта.*)

*З а з а.* *О, æрра дæн! Ауадз мæ, æз ын...*
*(Тода йæ иргъæвы.)*

Ам уацмысы архайд кæны карзæй-карздæр. Фыссæг чиныгкæсæджы, стæй сценæмæкæсæджы дæр цымыдис кæны – цы уыдзæнис, цы уыдзæнис дарддæр?

Фæлæ хъуыддаг ууыл нæ фæуы. Автор нын йæ хъайтарты фезмæлд, сæ архайд, сæ дзыхыдзырдæй æргом кæны сæ характертæ. Чиныгкæсæг, стæй сценæмæкæсæгæн дæтты фадат, цæмæй сын лæмбынæгдæр ныккæса сæ зæрдæтæм, цæстуынгæ æрмæджыты фæрцы рафæлгъауа: алæ-ма, цы сæ тæлфы, цы сæ нæ уадзы, кæдæм цæвы сæ зондахаст?

Кæсут-ма Зазайы хин æртхъирæнтæм: «Кæм ыссардтай дзæгъæл чызджы, фæлæуу-ма, кæй мыггаг кæныс худинаггаг, чъизи?».

Фыццаг фæкастæй алчидæр фенхъæлдзæнис, æцæг ирон лæг кæй у. Йæ мадызæнæджы сидзæр чызг-бындары, уæлдайдæр, йæ мыггаджы тыххæй йæхи дæр амарын кæндзæнис кæнæ ныккалдзæн «аххосджыны туг». Ай-гъай дæр! Ахæм æртхъирæн кæны: «Уæд æз кæм дæн? Æ, сау хæрæгæй гуырд!».

Стæй йæм сур æртхъирæн фаг нал фæкастис. Хъуамæ адæмы бауырна, йе ’фсымæры чызг-бындар йæ мыггаджы тыххæй туджы лæсæнтæ рауадзынмæ цæттæ кæй у, æмæ «хъама фелвæста». Нал æй фæрсы, цыма, йæ зонд. Æргом æй зæгъы йæхæдæг дæр: «О, æз æрра дæн! Ауадз мæ, æз ын...».

Бынтон æндæр мисси ис Тодайæн. Уымæн тæвд гæппытæй нæу. Уый хъуамæ уазал зæрдæйæ ныллыг кæна, хæрам кæмæ у, уыдон зæрдæты уидæгтæ. Æмæ кæд Зазайы сабыр кæны: «Цы сæрра дæ? Æрсабыр у чысыл!» – уæддæр æй нæ фæнды хъуыддаг æруазал кæнын. Цæхæр басхъауынæн – «Хъама сласта».

Уый йæ Зазайау, æлвасгæ нæ фæкодта, фæлæ йæ «сласта» хинæй. Уымæн æмæ уый тæссагдæр у.

Æниу, лæбургæ кæнынц, фæлæ иргъæвынц сæ кæрæдзи – фыдбылызы сæ мачи бахауа. Æниу, Тода йæ уд хъары хабар карздæр кæныныл. Йæ хъама сласты сæйраг аххосаг дæр уый у.

Фæлæ йæм уый дæр фаг нæ фæкастис. Йæ зæрдæйы цы фыдæх ис æмбæхст, уый тоны æддæмæ. Нал ын дæтты æнцой. Фыдхин, фыдкæлæн удгоймаг йæ уд хъары, цæмæй рауадза туджы лæсæнтæ. Фæласын кæна, йæ алыварс чи ис, рæстаг зондыл хæст чи у, хъуыддæгтæ йын галиумæ здухын чи нæ уадзы, сабыр, рæстагон цардмæ чи тырны, уыдон иууылдæр. Иууылдæр!

Æмæ Гафезы бон йæ хъайтарты архайдæй бавæййы пьесæйы архайд бæрзондæй-бæрзонддæрмæ исын. Сæ алы фезмæлд дæр уацмысыл цыдæр æфтауы ногæй, кæны йæ хъæздыгдæр, цаутæ сæ кæрæдзиимæ бæтты æнгомдæр. Ноджы сын уыцы хъуыддæгтæн сæ къух аразы хъайтарты æвзаг. Æмæ куыд!

*Т о д а.* *Зæлон, уый циу? Цы ми кæны мæ чындзаг?*
*Цы хæты хъæды лæппутимæ? Гъæй,*
*Кæм дæ, Дотто? Дæ урс сæрæй дын мæнæ*
*Гатайты куыдз куыд фæкодта хынджылæг!*
Д ж е т æ (*сонтау йæ фæрæт фелвæста*).
*Гъæ, бирæгътæ, фæлæуут-ма, æз уæ*
*Ныртæккæ ам мæ дунейы маст райсон!*
(*Лæбуры сæм, Уардис æмæ йæ Зæлон иргъæвынц*).
*Цы уæ хъæуы ? Цы ма мæ домут ногæй?*
*Кæй мыл ныббастат туджы хæс, уый нæу*
*Æгъгъæд сымахæн? Ц' агурут ныр та?*
*З æ л о н.* *Æнцад, æрлæуу!..*
*Д ж е т æ.* *Æз нал лæууын æнцад!*
*Æгæр дæр ма фæлæууыдтæн. Ныр — нал!*
(*Дæ хатыр сын куынæ кæнин, уæд сæ...*)
*З а з а.* *Дæ дзыхыл хæц!..*
З æ л о н (*Уардисмæ*). Цæугæ нæхимæ тагъд!
*Д ж е т æ.* *Кæмæ йæ 'рвитыс? Куыйдзыхтæм? Фæлæуу.*
(*Амоны Заза æмæ Тодамæ.*)
*Нæ, нæ, уый нæ уыдзæн! Ацы зæххыл мах*
*Æрмæст мæлæт фæхицæн кæндзæн!*
*З æ л о н.* *Банцай!*
*Куы зæгъай мæнг, дæ туг ныккæлæд ам,*
*Куыд дзы ныккалд мæ хъæбулы туг, афтæ!*
*У а р д и с.* *Гыцци, уый раст у. Амарут нæ иумæ!*

*З æ л о н.* *Гъæ, иу ингæны ацы ран ныххауат!*
*Цæугæ мæ разæй! (Йæ разæй йæ ссоны.)*
*Гъеныр æрцыди ме сæфт!*
*Кæс-ма йæм, кæс, цы калмæн дардтон дзидзи!*

Тыхæй йæ акодта. Ацыдысты Заза æмæ Тода дæр худгæ. Джетæ сонтау рауай-бауай кæны, нæ зоны, цы акæна, бæлæсты зæнгтыл йæхи ныццæвы, уигъы сæ.

*Д ж е т æ.* *О стыр Хуыцау! Цы дын ракодтон уыйбæрц?*
*Кæмæ ма цæуон хъастгæнæг, æххуысмæ?!*

Уацмысы архайд ахæм сценæтæй кæм дыз-дыз кæны, уыцы нывтæ ивынц сæ кæрæдзи. Иу сæ цæуы иннæмæй, уымæ гæсгæ, се 'хсæн цы бастдзинад ис, уый не скъуыйы. Æмæ кæд уацмысы бирæ хъуыддæгтæ адæймаджы нæ фæуырнынц, — Бабейыл æнаххосæй лæгмары ном æвæрын, Тода Гатайты мыггаджы йæ лæппуйы фæрцы зæйæн куыд фæласын кæны, афтæ æнцон куы уыдаид, уæд æй сарæзтаид уæдмæ дæр, — уæддæр æй йе 'ндыгъд архайд æмæ рæстдзинад, адæймагдзинады сæрыл мæлæтдзаг тох нæ уадзынц дæлæмæ. Адæймаджы цытæ «нæ фæуырны», уыдон та фылдæр сты драматургийы аразгæ хъуыддæгтæ, ома *условность* кæй фæхонынц, уый, æмæ сæ нæ цъæх кæны зæрдæ.

Зæрдæ хауы Тода, Гисо, Заза æмæ уыдоны хуызæтты хин, мæнгард æмæ, адæймаджы уд кæмæй хæлы, йæ ном кæмæй худинаг кæны, сæ уыцы митæй.

Тода йæ зæрдæйы маст, йæ рагон хъæдгом хъавы тугæй ныхсынмæ, афтæмæй йæхи фæласын кæны Додийы æназым тугæн. Заза йæхи æддæмæ дары уæздан, йæ мадызæнæджы сидзæр хъæбул Уардисы сæрылхæцгæйæ: «Кæм ыссардтай дзæгъæл чызджы, фæлæуу-ма. Кæй мыггаг кæныс худинаггаг, чъизи?» — афтæмæй нæ хаты, йæхæдæг кæй чъизи кæны Уардисы дæр, йæ чындз Зæлоны дæр æмæ йæ мыггаджы дæр. Додийы мæлæт дæр æй не 'ндавы, Уардисы амонд дæр, Зæлон йæ дарæгæй æнæдарæг кæй фæци, уый дæр. Нæдæр æй йæ мыггаг æндавы. Йæ бæллиц у йе 'фсымæры сылбындур кæронмæ ныззилын, йæ зæххыты йын йæ гутон адарын.

Джетæ, Уардисы диалогтæ æмæ монологтæй адæймаг

базырджын, сыгъдæгуд кæны; Тода, Заза, Гисойы алы дзырдæй та чъизи туг æнхъизы. Гисо йæ хин æмæ æгъатыр митæй Уардисы йæхи куы бакодта, уæддæр йæ амондæй нæу разы. Уымæн æмæ амонд исгæйæ нæу:

*У а р д и с.* *Фæрныг хæдзар мын ахæстон у, талынг,*
*Йæ арт – цырын, фæлæ нæ тавы мæн.*
*Йæ фæллæйттæ – мæ цæсты сындз, тæрсын сæ.*
*Мæ лæг та – калм. Йæ цин, йæ хъазт дæр – калм,*
*Йæ ныхас – калм, йæ цæстæнгас дæр – калм.*
*Йæ иу къухæй мæ суры, ’ргæвды, мары,*
*Йæ иннæмæй – рæвдауы ’мæ уромы.*
(*Æрбацыд Гисо. Йæ хъама сæрфы.*)
*Г и с о.* *Нæ уазджытæн æрбаргæвстон рæуæд.*
*Æхсæвæрмæ сын фенын хъæуы исты…*
*Цыртау цы лæууыс, цавæр у, цы ’рцыд!*
*Дæ хæдзар у… кæцæй рацыдтæ, уый*
*Фæуæд æгъæдзар, мардласæн…*
*У а р д и с.* *Æдзæсгом!*
*Лæг куы дæ, уæд æвзæр усау цы ’лгъитыс?!*
Г и с о (*хъама йын йæ хурхмæ ныддардта*).
*Æлгъитгæ нæ, куыннæ дæ сфыцын кардыл?*
*Цы дæ, цавæр дæ? – ’Нæзæрдæ, æндзыг!*
*Сывæллонау кæдмæ сайдзынæ мæн?*
*Мæрдджыны ’фсон кæдмæ уыдзæни де ’фсон?..*
У а р д и с (*хæстæгдæр æм бацыд*).
*Цæв! Бафæлвар! Цæмæ ма у дæ каст?*
*Дзырдтон дын æз…*
*Г и с о.* *Æ, гаццайæ гуырд…*
(*Йæ хъама цæджындзы ныссагъта.*)

Æмæ æндæр цы æнхъæл хъуамæ уай, курынмæ кæй хъавы, уыцы чызджы æфсымæрæй æрдхорд чи аразы, стæй йын йе ’ууæндаг тугæй йæ хомæ йæ развæндаг чи æхсы, уымæй?!

Фæлæ æрмæст Уардисмæ нæу йе ’взаг афтæ. Уыцы ныхасыгъæд нæ сæфы Тода, Заза, йе ’рвад, чындздзон чызг Онай, æгæрыстæмæй, хъæубæсты хистæр, йæ фыд Доттоимæ дæр.

Ændær u Dotto, Джетæ, Онай æмæ иннæ æвæрццæг хъайтарты зондахаст. Стæй æрмæст сæ зондахаст нæ, сæ ныхасыгъæд дæр. Джетæ æнæнхъæлæджы нæ зæгъы: «Гъæ, бирæгътæ, фæлæуут-ма, æз уæ ныртæккæ ам мæ дунейы маст райсон!». Адæймаг æрмæст йæхи, йæ мыггаг, йæ хъæубæсты раз нæу хæсджын, фæлæ дунейы раз дæр. Уыцы хæс æххæст кæнын йæ бон у, æрмæстдæр бæсты фарнæй хайджын чи фæвæййы, уыцы адæймагæн.

Дотто хъуамæ йæ фырт Гисойы фарс уаид, фæлæ куы базоны Додийы бабыны тыххæй рæстдзинад, Джетæ æмæ йæ чындз Уардисы сыгъдæг уарзт, Гатайты мыггаджы сæфт, стæй сæ «дунейы маст», уæд йæ куырыхон зондæй ахизы йæ хъæбул Гисо æмæ йе 'рвад Тодайы «мæлæты сæрты». Æрмæст Джетæ æмæ Уардисы сыгъдæг уарзт нæ бахъахъхъæны, фæлæ Гатайты мыггаджы бахизы æвæд сæфтæй. Йæ чындз Уардисы æххуысæй Джетæйы байсы мæлæты дзæмбытæй. Рахизын æй кæны йæ фыдæлты зæппадзæй. Лæппу æмæ чызгæн йæ арфæ: «Фæдзæхст фæут бæсты фарн æмæ бонæй!» — уымæн хъары адæймаджы зæрдæмæ.

Гафезы пьесæ «Бæсты фарн» адæймагдзинад æмæ бæсты фарны тыххæй у саджы богъы хуызæн. Нæ дуджы уый цырагъы рухсæй агургæ у, фæлæ, хъыгагæн, абон нæй, нæ адæммæ кæцæй фехъуыса, уый.

Æз дæр... «Бæсты фарн»-ы кой кæнын. Уый ма 60-æм азты кæрон, 70-æм азты райдианы Ирыстоны хуссар хайы, стæй та цæгат хайы театрты сценæтыл уæддæр æрцыд æвæрд. Фæцис æй журнал «Фидиуæджы» (1970, №№1–2) фæрстыл рухс фенына амонд дæр. Фæлæ диссаг куыд нæу, Гафезæн йæ хуыздæр драмон уацмыстæ «Темырболат» æмæ «Худаны фырт Батрадз» абоны онг нæдæр сценæмæ, нæдæр мыхуырмæ ссардтой фæндаг.

Нæ кæнинаг хъуыддæгтæ, æнæмбаргæйæ чи къæйныхдæр у, йæхицæн кас кæнын чи нæ фæзоны, афтæмæй искæмæн сир кæнын чи фæамоны, уыдоны бæрны кæй ныууадзæм, уый тыххæй рагæй фæстæмæ æнæхъæн нацийæ цъус зынтæ не 'взарæм. Фæлæ нын иу сенæй сен нæй. Бонæн фæуынæй нæ тарстыстæм — нæ фыццаг поэт Мамсыраты Темырболаты хо Азизæ æнæмæлæт у, тъымы-тъыматы нын æфснайдзæнис йе 'фсымæры сфæлдыстадон бынтæ,

æнхъæлдтам, æмæ сæ нæ къух акодтам нæ дзыхы. Дыууæ автономийæ сæ рæстæгыл æрцагурыны бæсты зæрдæнцойæ хъуыстам, йе 'мкъайы фæрсты æдæрсгæ, æнæфæкæлгæ ахизын чи нæ уæндыд, афтæмæй дыууæ капеччы гонорар бакусыны тыххæй нæ фыццаг поэтыл цъыф чи калдта, «уæйгæнæг», «Турчы шпион» æмæ йæ æндæр æфхæрæн нæмттæй чи хуыдта, чи йæ ныгæдта, уыдон дзæнгæдамæ. Сæ ныхмæ нæ бон ницы схыпп кæнын уыдис. Лæдзæджы кæрон ныл макуыцæй æрныдзæва – тарстыстæм. Ныр, дымгæйы æрбаскъæфæггаг мыртæ æмæ дзырдтæ сæ кæрæдзийыл ныхасæм – куыд цардаид, куыд фыстаид, кæмæй уыд сæрыстыр, кæмæй æйййæфта æфхæрд…

Донласт йæ ауюны дæр фæхъавы ацахсынмæ. Æппынницыйы бæсты «чизонытæ» æмæ «æвæццæгæнтæн» дæр ницы у. Фæлæ хъуыддаг уый у, æмæ сæм Гафез, æцæг фыссæгæн куыд æмбæлы, афтæ аивады цæстæй кæй акаст.

Гафез – нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы удуæлдай хæстон – царды дæр, поэзийы дæр, прозæйы дæр, драматургийы дæр йæ сæр нывондæн хаста уыдон тыххæй: нæ адæм, нæ Фыдыбæстæйы тыххæй. Ирон адæймаг кæмфæнды ма уыдаид – Ирыстоны хуссары æви цæгаты, Уырысы æви Гуырдзыйы, Турчы æви Сирийы… алы ран дæр æй æндæвта йæ хъысмæт. Йæ цин ын цин уыд, йæ маст – маст. «Къордтæдихтæ» (Мамсыраты Темырболат – «Дыууæ 'мбалы») кæй кодтам, уый тыххæй «иугай ныйистæм, ныууагътам нæ бæстæ» (Къоста – «Додой»), æмæ ныл алы рæттæм рысти фыссæджы зæрдæ. Рысти уарзгæйæ. Уыцы рыстæй, нæ фæсарæйнаг ирæттæм зæрдæхсайгæйæ райгуырдысты йæ бирæ æмдзæвгæтæ, уацау «Фыдызæххы комулæфт» æмæ пьесæ «Темырболат». – Гафез йæ уацмысы Темырболаты хъысмæтимæ æвдисы, XIX-æм æнусы Уырыс Кавказы æнæхъæнæй куы басастой, ирæттæй, стæй кавказаг пысылмæттæй Туркмæ куыд бирæйæ фæлыгъдысты, Уырыс æмæ Турчы æхсæн æгъатыр хæст Балканы… Темырболат куы базоны, Ирыстоны фæзынд стыр поэт – Къоста, æмæ нын тох кæны нæ бартыл, у йæ адæмы сæрылхæцæг, уæд йæ цинæн нал ис кæрон, зæгъгæ, ныр нын фесæфынæй тас нал у.

Уæд райгуырдаид йæ зындгонд æмдзæвгæ «Кæмæдæр»:

*Удæн рæсугъд цы зоны? –*
*Аргъ ын хъæуы йæ митæн.*
*Дидинæг дæр йæ боны*
*Алыхуызтæй æрттивы.*

*Фæлæ бирæ н' ахæссы,*
*Тагъд фехæлы, фесæфы.*
*Уад æй 'видауцмæ ахæссы,*
*Аргъ ын æппын нал вæййы.*

*Уымæн йæ бæлас – æнæфау,*
*Уый кадджын у нæ цæсты.*
*Дидинæджы æнæвгъау*
*Азæй-азмæ куы дæтты.*

*Ды дæ митæй рæсугъд дæ,*
*Ноджы ма уындæй хайджын дæ.*
*Дæ зонд æмæ де 'гъдауæй*
*Ды мæ цæсты кадджын дæ.*

*Æз дын дæхи нæ зонын, –*
*Дæ коймæ дын аргъ кæнын.*

Йæхи йын нæ зоны, фæлæ йæ митæй рæсугъд кæй у, уый дæр ын нæу сусæггаг. Уый тыххæй йæ æвæры бæрзонд. Йæ зонд, йе 'гъдауы хабæрттæ йæм хъуысынц, æмæ йын уыдонæн аргъ кæны.

*Цæрыны бæсты æгадæй*
*Ыстыр зынтæ куы кæныс.*
*Ды балхæдтай дæ цардæй,*
*Сæрæй, мулкæй – дæ намыс[1].*

Æмæ дзы цас уарзт, цас зæрдæйы хъарм бавæрдта! Адæймагыл дзы комкоммæ ныдзæвынц хуры хъарм тынтæ. Хорз хъуыддæгтæ аразынмæ йæ кæнынц цыбæл, садзынц ыл базыртæ. Æмæ уыцы базыртæ Гафезыл дæр кæй басагъта, уый дызæрдыггаг нæу.

---

[1] Мамсыраты Темырболат. Ирон зарджытæ. Ир, 1982, 43–44-æм фæрстæ.

Нырма Темырболаты тыххæй уыцы хабæрттыл æрмæстдæр зонадон литературæйы æмбæлæм, кæд Булкъаты Михалы роман-дилоги «Теркæй-Туркмæ»[1]-йы кæмдæрты ферттивынц, уæддæр.

Гафезæн бантыст, Темырболаты алыварс сæ иу аивадон уацмысы иу системæмæ æркæнын. Сарæзта, историйы сæ фæд чи ныууагъта, ахæм фæлгонцты æнæхъæн галерейæ. Сарæзта йæ аивадон æгъдауæй, поэтиконæй. Адæймаджы уый тыххæй æлвасы йæхимæ.

Афтæ аив, стæй, чи зоны, ноджы аив æмæ цымыдисондæр рауадис фыссæджы æндæр пьесæ «Худаны фырт Батрадз». Уый темæйæн дæр автор райста Ирыстоны судзаг æмæ дудагдæр заман æмæ заманаты дугтæй иу — аланмæ тæтæры æнæнымæц æфсады ныббырст, туджы фурдæн нæ ласын кæныны дуг.

Ирыстоны историзонæг йæхи чи скæны, афтæмæй аджын гуккутæ чи фæхæры, уыдонæй мæм бирæты хатдзæгтæ худæг фæкæсынц. Кæддæр чидæр Ирыстонмæ æрæфтыд, — уадз стыр ахуыргонд дæр уæд; уадз стыр хæрзты дæр нын бацæуæд, — федта, не сконд, нæ удыгъæд, не 'взаг, нæ фарн, нæ алыварс цы адæмтæ ис, уыдонæй цæхгæр хицæн кæнынц, æмæ загъта, мах уыдон хуызæн кæй не стæм, æвæццæгæн, дам, æрцæуæггаг стæм. О, уый йæ загъта, фæрæдыд, æмæ бæгуыдæр стыр ахуыргонд у, фæлæ йын йæ рæдыд мах дæр æнæрхъуыдыйæ хъуамæ фæлхат кæнæм?

Уæдæ-ма æркæсæм, Чырысти куы райгуырд ссæдз æнусы размæ, уæды нывæцмæ «Библи»-йы æмæ фенæм рæстдзинад. Ныртæккæ нæ алыварс цы адæмтæ цæрынц, уыдонæн дзы нæй сæ кой æмæ сæ хъæр дæр. Нæ фыдæлтæ — скифтæ, сарматтæ, алантæн та нæ эрæйы агъоммæ (149—146-æм азты) æртæ паддзахады уыдис Сау денджызы былгæрæттæй Каспы денджызы онг: «Скифтæ», «Сарматтæ», «Алантæ»[2].

Кæй ном хъуамæ ма дзырдæуид, нæ уыцы сыхæгтæй цы историк æмæ фыссæг Геронти Кикодзейы кой скодтон, уый

---

[1] Булкъаты Михал. Теркæй-Туркмæ. 1-аг чиныг, Ирыстон, 1969; 2-аг чиныг, 1979.

[2] Атлас истории древнего мира. Главное управление геодезии и картографии при Совете Министров СССР. М., 1976.

афтæ фыста: «Мах чи стæм æмæ кæцæй стæм, уый абон дæр бæлвырдгонд нæу, уымæн æмæ нын зæххы цъарыл нæдæр хæстæг ис, нæдæр хицон, нæдæр æрвад. Нæ дунейы фарн нæ кæдæм кæны, уымæн нæхæдæг дæр ницы зонæм. Æцæг, куыд зæгъынц, афтæмæй, дам, цардыстæм цæугæдæттæ Тигр æмæ Ефраты былгæрæтты, фæлæ нæ уым дæр нæ уарзтой, æмæ нæ цæрын нæ уагътой нæ сыхæгтæ, сæ удхæссæг нæ федтой. Кæдæм ма фæцыдаикккам, уымæн нæ сæрæн ницы зыдтам. Гъе, афтæ нæ бонтæ 'рвыстам иунæгæй, цыма хуыцауæй нырма уæд æрхаудтам, уый хуызæн. Æцæг, кæй цуры цардыстæм, уыдон нæ нæ зæххытæй ратардтой, ницыуал нын ныууагътой. Алантæ нын фæтæригъæд кодтой æмæ нæ Сау денджызы былтыл æмæ стæй Колхидæйы дæлвæзты æрцæрын кодтой, радтой нын зæхх, барæвдыдтой нæ, амыдтой нын хæстон хъуыддаг, ахуыр нæ кодтой сæ культурæйыл, се 'гъдæуттыл, хъахъхъæдтой нæ æддагон знæгтæй»[1].

Æмæ нын гъеныр «фидынц нæ дзæбæхтæ». Æввонг фынгыл хæргæ-хæрын скуыстой сæ ахсæнтæ, æмæ нын æрхъавыдысты нæ уæлмæрдтæ исынмæ дæр.

Диссаг мæм цы кæсы; стонг бирæгъты балтæ хъæутæм дæр лæбурынц; адæймагыл куы фæхæст уой, уæддæр ыл æртымбыл вæййынц: йæ алыварс цæг саразынц æмæ йæм фæлæбурынц. Æмæ ам æрцæуæккаг-лæбурæг чи вæййы, иунæг адæймаг æви бирæгъты бал?

Гафез уыдæттæ æгæр хорз дæр зыдта. Фæлæ йын уый дæр зындгонд уыдис, нæ фырсæрыстырæй нæ тыхы цæсты кæй кæсæм цæргæ-цæрæнбонты; «нæ, æз лæгдæр дæн»-æй нæ кæрæдзийыл кæй никуы хæцыдыстæм, не знæгты ныхмæ æмвæндæй кæй никуы стох кæнæм, уым кæй вæййы нæ рæдыд. Нæ алыварс адæмтæ дæр тæтæры æнæнымæц æфсады раз æрхаудтой сæ зонгуытыл, алантæй дарддæр сын иунæг ныхмæлæууæг нæ разынд. Уымæн æмæ, ардæм куыд æрцыдысты, афтæ æндæр искуыдæмыты здæхгæ дæр акодтаиккой. Нæ сыхаг адæмтæй зæгъын. Алан та сæ Фыдыбæстæ хъахъхъæдтой.

Гафез йæ пьесæ «Худаны фырт Батрадз»-ы æвдисы,

---

[1] Газет «Сакартвело», 1917, №4.

тæтæр кæд мæтыхтау æнæнымæц уыдысты, уæддæр аланты сæфт кæй уыдис, къæлуайæ кондæй уæлдай сæ кæрæдзийыл кæй нæ хæцыдысты, сæ хотых æрмæст размæ – знагмæ нæ, фæлæ сæхимæ дæр кæй здæхтой, уый. Уæдæй нæм абоны онг дæр, хъыгагæн, нæма баззадис, нацийыл уæлæмæ чи хæцы, паддзахад хъомысджын чи кæны, ахæм иунæг хъуыды.

Драмон уацмысы иу архайдæй иннæ архайд куыд хъуамæ гуыра, иу архайдæй иннæ архайдмæ конфликт цырындæргæнгæ куыд хъуамæ цæуа, хъайтарты æвзаг фæлгонцтæ аразыны, нуарджындæр сæ кæныны мадзал дæр куыд хъуамæ уа, уыдæттæ Гафезæн уæдмæ тынг хорз зындгонд уыдысты. Цæстуарзонæй сæ спайда кодта «Худаны фырт Батрадз»-ы дæр, æмæ драмæ рауад зæрдæмæдзæугæ. Поэт Бестауты Гиуæрги йæ æнæхъуаджы не схуыдта «Гафезы драматургийы ахъаззагдæр уацмыс».

Гафез стыр фыссæг уыдис. Нæ ирон аив литературæйы хæрзиуæгæн удуæлдай куыст кодта. Йæ фæллæйттæ, йæ лæггæдтæ нын бирæ сты. Фæлæ йæ ирон чиныгкæсæг абоны онг сæйраджы зоны, куыд поэт æмæ прозаик, афтæ. Гафез та уыд стыр драматург, стæй литературæиртасæг дæр.

Ирон чиныгкæсæг, стæй театрдзауы азымы бадарæн нæй. Нæ фыссæджы зынгæдæр, стæй проблемондæр пьесæтæ: «Темырболат» æмæ «Худаны фырт Батрадз»-æн нæдæр мыхуырмæ æрцыдис фæндаг лæвæрд, нæдæр – сценæмæ. Нæ журнал «Фидиуæг», рауагъдад «Ирыстон» æмæ театры сценæйыл драматургийы номыл цытæ нæ федтам, уый зын зæгъæн у, фæлæ нæ литературæ, нæ аивад йæхи национ цæсгом кæмæй равдисид, уыцы уацмыстæ сæ нæ хъуыдысты.

Афтæмæй та сæ алкæй хæс дæр уыдис æмæ у, æрмæст удæгас фысджыты сфæлдыстадыл нæ, фæлæ, чи нал ис, уыдоны сфæлдыстадон бынтыл аудын дæр. Уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ литературæйы цыдæриддæр хорз æмæ тынг хорзæй ис, нæ нацийы æцæг цæсгом нын чи æвдисы, уыдон иууылдæр рæстæгæй-рæстæгмæ ног æмæ ног рауагъдæй адæмы рæгъмæ хæссын. Сабийæ зæрондмæ сыл хъуамæ ахуыр кæнæм, зонæм сæ, сыгъдæг сæ кæна нæ уд.

Гафезы драматурги та æцæгæй дæр у, бирæ цыдæртæ кæуыл сахуыр кæнай, диссæгтæ кæмæй базонай æмæ дæ

уд суадоны донау кæмæй ныссыгъдæг кæнай, ахæм уынгæ æмæ æнæзындгонд хæзна.

«Æнæзындгонд» уымæн зæгъын, æмæ сæ авторы амардыл кæд ссæдз азæй фылдæр рацыд, уæддæр дæ тынг куы бафæнда – никуы сæ ссардзынæ. Рухс чи нæ федта, уый фенын алкæй къухы не 'фты. Нæ фыссæджы, нæ литературæйы классик Гафезы драматурги дæр нырма, хъыгагæн, ис ахæм уавæры.

Тæфæбойнагдæр цы хъуамæ уа.

Æвзонгæй зынгхуыст, зынгæ ирон поэт Дзаболаты Хазби, æхсайæм азты аивадыл хъуыдыгæнгæйæ афтæ куы загъта: «...Азæй-азмæ нæ литературæйы дарддæры рæзты тынгæй-тынгдæр ахадынц, фидар бындур ын чи басгуыхтис, уыцы уацмыстæ», – æмæ нæ классикты куы 'рнымадта, уæд фидарæй алыг кодта: «Фæстаг рæстæджы цы уацмыстæ фæзындис, уыдонæй мæм тæккæ ахадгæдæр кæсынц Гафезы пьесæ «Бæсты фарн», Цæрукъаты Алыксандры æмдзæвгæты чиныг «Арвæрдын», Джусойты Нафийы поэтикон æмбырдгонд «Æнæном чиныг» – æмæ ма ацы номхыгъдмæ бафтауæн уаид»[1].

Кæй ма сæм хъавыд бафтауынмæ, уый кой нæ кæнын. Номхыгъд Гафезы «Бæсты фарн»-æй кæй райдайы, хъуыддаг уый у. Уагæры ма «Темырболат» æмæ «Худаны фырт Батрадз»-имæ зонгæ куы уыдаид.

Æцæгдæр, суанг 30-æм азæй фæстæмæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты дугыл фыст уацмыстæ куынæ нымайæм, уæд æнуд дуджы дзыбыр-дзыбыргæнаг уацмысты æхсæн «Бæсты фарн»-ы фæзынд уыдис æдзæм æрдзы уадтымыгъы февзæрдау. Йе 'ндыгъд динамикæйæ, «Хуцайы таурæгъ»-ы Хуцайы фæндыры тæнтау, зыр-зыр кæнын кодта адæймаджы нуæрттæ.

Стæй «кодта» цæмæн? «Кæны» цæмæннæ? Кæд æм дæсгай азты сценæйыл сæвæрыны кæнæ ныммыхуыры амонд нæ хауы, уæддæр.

Нæ мыхуыры фæрæзтæ цæргæ-цæрæнбонты драматургийы жанрмæ фыдусы цæстæй кæсынц. Сæ дуæрттæ сын

---

[1] Дзаболаты Хазби. Уацамонгæ. Ир, 1992, 356–357-æм фæрстæ.

тымбылкъухæй тонын хъуыд. Æз та, Гафезы цас зыдтон, уымæй, йæхи тыххæй журнал кæнæ рауагъдады дуарыл æлхынцъæрфыгæй балæууыд, зæгъгæ, уый никуы хъуыды кæнын. Ирыстоны хуссар хайы цæрæг фысджытæн 1973-æм азы цы «Пьесæтæ» рацыди мыхуыры, уырдæм дæр ын ницыуал бахастой – иугæр æй Фысджыты цæдисы хайады бæрнон нымæрдары бынатæй фесхъиуæггаг кодтам, уæд æй алыгъуызы дæр хъуамæ ныцъцъист кæнæм, зæгъгæ.

Фæлæ фыссæгæн, стæй æмткæй æцæг аивады кусæгæн ахæм тæрхоны цъистгæнæн нæй. Уыцы ралхъив-балхъивы ноджы йе згæ акæлы, æмæ рарттивы ирддæрæй.

Уыцы «Пьесæтæм» цы уацмыстæ бахастæуыд, уыдон се 'ппæт, дуры бын кæй акæнай, ахæмтæ не сты, фæлæ «Бæсты фарн»-æй чиныг æцæг кæй рафидыдтаид, уый дызæрдыггаг нæу. Чи зоны, афтæмæй ногæй сценæйыл дæр фæзындаид. Фæлæ мах диссаджы адæм стæм. Иу æдылы искæуыл цъыф калдзæнис, расур-басур æй кæндзæнис, æфтаудзæнис æй адæмы цæсты, æмæ йæм фондзыссæдз «зондджынæй зонджын хъуыст æмæ зондджын каст» фæкæнæм.

Уыйхыгъд, Гафез кæд ирон литературæйы классик ссис, уæддæр ын, стыр хъыгагæн, ирон чиныгкæсæг æмæ ирон театры сценæ йæ драмон уацмыстимæ зонгæ нæма сты.

Уымæй худинагдæр ма цы уа. Цыма нæм астæуккаг æнустæй æрхаудта æмæ йæ бынтæ нæ къухы не 'фтынц.

Æцæг, 70-æм азты зынгæ ирон поэт, тæлмацгæнæг æмæ æхсæнадон архайæг Бестауты Гиуæрги рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редактор куы уыдис, уæд зæрдиагæй аудыдта ирон литературæ адæммæ цæрдхъомæй рахæссыныл.

Чингуыты æнæхъæн сери «Ирон аив дзырды хæзнатæ» рауадзыны тыххæй дæлæ нæ фыдбоны сыхæгтæ Бестауы стыр авторитеты ныхмæ фæлæууын кæй нæ бафæрæзтой, – нæ йæ уагътой рауадзын, томтæ йыл ныффыстаиккам, ууыл дæр не сразы сты, – æмæ нын абон уыцы чингуытæ кæй сты, уый йæхæдæг кæуылты хъуыддаг у!

Цымыдисон у иу хабар: Бестау-иу кæм уыдис, уырдыгæй лæмæгъ автортæ сæхи хызтой, уыйхыгъд-иу саудыдта, йæ зæрдæ кæуыл дардта, уыцы фысджытæ æмæ уацмыстыл. Куыд дзы хъуамæ байрох уыдаид Гафезы драматурги!

Æмæ сæ джиппы рауадзыны тыххæй обкоммæ йæ фыстæджы равдыста йæ хъуыды: «Гафезы драмон уацмысты томы сконды сты сценæйыл æвæрд пьесæтæ («Бæсты фарн», «Хуцайы таурæгъ», «Æз уарзтон дæу») æмæ, нырма æвæрд чи нæ уыд, ахæм стихфыст драмæтæ: «Темырболат» æмæ «Худаны фырт Батрадз».

Сценæйыл æвæрд пьесæтæ мыхуыры аккаг кæй сты, уый дызæрдыггаг никæмæн у. Алчидæр зоны, «Бæсты фарн» нæ драмон уацмысты хуыздæр кæй у (Æвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны дæр). «Хуцайы таурæгъ» дæр тынг фæцыд адæмы зæрдæмæ, хауы нæ драматургийы æнтыстытæм. Чысыл лæмæгъдæр у сценикон æгъдауæй «Æз уарзтон дæу», фæлæ куыд литературон уацмыс, афтæ фыст у æмбæлон æмвæзадыл æмæ йæ мыхуыр æнæмæнг хъæуы.

«Темырболат» фыст у нæ фыццаг поэты хъысмæтыл, Мамсыраты Темырболатыл. Æвдыст дзы цæуынц Кавказы хæсты фæстаг хабæрттæ, кавказæгты алыгъд Туркмæ, стæй Балканы хæсты цаутæ, фæстаг сценæ та арæзт у Темырболаты поэтикон хъысмæтыл: базыдта, кæй фæзынд ног стыр поэт Ирыстоны (Къоста) æмæ цин кæны – йæ хъуыддаг æвæстаг нæ фæци, Ирæн ис стыр раздзог, сæрылхæцæг, фæтæг, зарæггæнæг!..

Драмæ у тынг аив æмæ поэтикон фыст. Æнæмæнг æй хъæуы мыхуыр кæнын. Æцæг æм иуцасдæр æркæсын хъæудзæн рæстдзинады цæстæй, редакцийы хуызы. Бирæ историон лæгтæ ис пьесæйы æмæ дзы алкæй характер æмæ историон нысаныл бæлвырддæр ахъуыды хъæуы. «Худаны фырт Батрадз» та фыст у Аланыстоны цардыл тæтæры æрбабырсты заманы. Автор аланты трагеди уыны, кæрæдзи кæй не 'мбæрстой, кæрæдзийыл кæй нæ хæцыдысты, уым. Ома феодалон пырхдзинады, национ æмæ паддзахадон иудзинады хъуыды размæдзыд кæй нæ уыд, уым. Пьесæйы идейон концепци у иттæг раст, йæ драмон арæзт та – тынг аив. Мæ хъуыдыйæ ацы пъесæ у Гафезы драматургийы ахъаззагдæр уацмыс»[1].

Гафезы, алан сæ кæрæдзи кæй не 'мбæрстой, уый базоныны тыххæй «дардмæ цæуын, хъуынавæрд архивтæ къа-

[1] Г а з е т «Хурзæрин», 2003, №90.

хын нæ хъуыд» – абон дæр нæ сæйраг низ уый у: иууылдæр нæ фыццаг уæвын фæнды. «Æз уымæй хуыздæр дæн!» – фæдзурæм раздзогæй. Йæ быны йын фендзарæм арт. Нæ «фырзонддджынæй» нæ фæхатæм, уымæй æрмæст нæ Фыдыбæстæйы бындуртæ кæй нæ фæкъахæм, æрмæст нæ адæмы цард кæй нæ фенад кæнæм, фæлæ нæхи цард дæр.

Гафез уыцы хъуыддæгтæ йæ дуджы æрмæст цæстæй нæ уыдта, фæлæ сæ йæхиуыл бавзæрста. Æниу æй йæхи сæрæй адæм алы хатт дæр тынгдæр æндæвтой:

*Фæззыгон хус сыфтæры уад*
*Куыд фæхæссы дыууæрдæм фæзты,*
*Раст афтæ царды стыр фыдад*
*Æрхаста адæмæн дæр рæстæг:*

*Кæрæдзи риутæм дардтой арц,*
*Кæрæдзи хурхмæ дардтой туггарз,*
*Кæрæдзийыл æфтыдтой арт,*
*Дзæгъæл фосау, ныйисты дзуггай.*

(«Эльбрус»)

Адæм, дзæгъæл фосау, дзуггай кæй ныввæййынц, Бестау-поэты хуызæнон ныхас Гафезы драматурги ныммыхуыр кæныны тыххæй уымæн никæмæ фехъуыст. Раст зæгъы Нафи: «Бæргæ хорз фæнд уыди Гафезы драмон уацмысты том рауадзын, фæлæ Гиуæргийæн нал бантыст уый бакæнын (не 'хсæнæй ахицæн цардцухæй – *Хъ. М.*), йæ фæстæ чи куыста рауагъдады, уыдон та ацы хъуыддагыл нæ батыхстысты æмæ абон дæр нæй нæ къухы уыцы чиныг»[1].

Æмæ кæцæй хъуамæ уа чиныг нæ къухы, Нафи уыцы мысинæгты йæхæдæг куы зæгъы: «Гафез йæ куыстæй ист куы 'рцыд, уæд нымудзджытæ ноджы фæныфсджын сты æмæ националистты кæрц кæнын райдыдтой Гафезыл, Бестауты Гиуæргийыл, Дзуццаты Хадзы-Муратыл æмæ мæныл». – Ноджы дарддæр зæгъы: «Бантыст сын Гуырдзыстоны ЦК-йы идеологон хайы «сагитаци кæнын» (уыдон æндæр цы хъуыдис), æмæ официалон æгъдауæй тæрхон хаст

[1] Г а з е т «Хурзæрин», 2003, №90.

ӕрцыд Хуссар Ирыстоны фысджыты 'хсӕн национализмы идеяты ныхмӕ. Бантыст сын 1973 азы ноябры Бестауты Гиуӕргийы «Фидиуӕджы» редакторы бынатӕй сисын дӕр. Фӕлӕ сын ныр уый дӕр фаг нал уыд. Иу фӕндиаг ма сын баззад – Гафезы, Нафийы, Гиуӕргийы, Хадзы-Мураты куыстӕй ӕмӕ партийы рӕнхъытӕй фӕтӕрын, стӕй та сӕ бынтондӕр «фервӕзын». Комкоммӕ афтӕ фыста Цоциты Резо Шеварднадземӕ 1974 азы январы 30-ӕм бон: «Еще в марте 1973 года я сигнализировал Вам относителъно… антипартийных, антисоветских элементов в Юго-Осетинском отделении СП Грузии… Мы вели и будем вести непримиримую борьбу против антипартийных, антисоветских элементов… Писатели просили, а затем требовали, чтобы их избавили от Н. Джусоева, Ф. Гаглоева, Бестаева, Дзуццова, но эта просьба до сих пор не выполнена».

Бӕрӕг у ацы ныхӕстӕй Резо ӕмӕ йӕ къорды фӕндон: антипартион ӕмӕ антисоветон элементтӕй фервӕзын!.. «Уый та уӕд амыдта хуымӕтӕджы хабар: хъуамӕ ахӕм элементтӕ ӕрцӕуой ӕхст кӕнӕ та Сыбыры хай бауой цӕрӕнбонтӕм», – зӕгъы Нафи.

Хъыгагӕн нӕм кодтой афтӕтӕ дӕр. Стӕй иу ӕмӕ дыууӕ хатты нӕ. Фӕлӕ нӕ хуыздӕртыл ӕппынӕдзух цъыф чи калдта, Сыбыры хай сӕ бакӕнын кӕнӕ сӕ скуынӕг кӕнынмӕ чи хъавыдис, уыдон ахӕм цыдӕй рацӕйцӕуынц, ахӕм дзыхӕй фӕдзурынц, ӕмӕ, мӕ бон акӕн, афтӕ фенхъӕлдзынӕ, цыма Ирыстон уыдон уӕхсчытыл ӕнцад ӕмӕ ӕнцайы.

Уӕдӕ, Гафезы скуынӕг кӕнын чи домдта, уыдоны йе сфӕлдыстад мыхуыр кӕнын ӕндӕвта?

Фыссӕджы драмон уацмыстӕ джиппы рауадзын та нын абон дӕр ӕмӕ сом дӕр у ӕнӕмӕнг хъуыддаг.

Ӕниу ын йӕ амӕлӕты фӕстӕ йӕ сӕрмагонд хӕдзар Цхинвалы горӕтон администраци ӕнӕзакъонӕй куы байста, уӕд йе стыр сфӕлдыстадон бынтӕ Чъреба ӕмӕ Дзӕуджыхъӕуы къуымты ракал-бакайлаг фесты, ӕмӕ сӕм рӕстӕгыл ӕркаст куынӕ фӕуа, уӕд Мамсыраты Темырболат, Коцойты Арсен ӕмӕ бирӕ ӕндӕр ирон фысджыты бынтау уыдонӕй дӕр ӕнӕхай фӕуыдзыстӕм.

Мӕ дзырд фылдӕр у йӕ драмон уацмысты тыххӕй. Рухс

чи нæма фены, ахæм уацмыс æнцон фесафæн у. Махæн иу сенæй сен куы уаид, уæд æй нæ зæрдыл дариккам нæ ивгъуыдæй, фæлæ нæ не стырзæрдæйæ фылдæр хатт нæхи сæртæ дæр айрох вæййынц.

Адæмы рæгъмæ йæ бон рахæссын кæй бацис, уыцы драмон уацмысты хуыздæр «Бæсты фарн» Дзаболаты Хазбийæ Бестауты Гиуæргийы зæрдæмæ къаддæр нæ фæцыди. Спектаклы тыххæй йæ рецензи «Фæндараст»-ы цингæнгæ дзырдта: «Ирон литературæйы, нæ театралон аивады, райгуырд ног уацмыс, райгуырд ног удгоймагау æмæ ныллæууыд царды фæндагыл»[1]. Стæй, спектаклы бирæ аивтыл куы фæддзырдта, уæд сæрæстырæй зæгъы: «Уымæй дарддæр автор сфæлдыста иттæг хæдбындур, оригиналон хъайтарты æнæхъæн галерея: Тода — ирон литературæйы ныронг чи нæма уыд, ахæм тип — ирон Яго; бæллицзæрдæ, бæрзонд интеллектуалон зæрдæйы хицау Джетæ, Онай (æниу, цыма бынтон фæудгонд нæу) æмæ æнд. Афтæ зæгъæн ис Дотто æмæ Уардисæй дæр. Уыдон кæд Черменмæ дæр (Беджызаты Чермены таурæгъ «Æлбегаты Батай æмæ Барсæгаты чындз» — *Хъ. М.*) сты, уæддæр уым таурæгъон фæлгонцтæ сты, ам та — арф индивидуалон-психологон типтæ».

Бестауы хуызæн стыр поэт æмæ домаг критик афтæ хуымæтæджы нæ загъта.

Уый йæ стыр уацмысы стыр аивадон тых сдзурын кодта. Уацмысæн сæрзæдтæгæнæджы арфæтыл уымæн схæцыд: «Гъе, афтæ нæ театр равдыста стыр спектакль, ис æм бирæ хæрзиуджытæ...» — стæй дарддæр: — «Уый цырагъау сдардта бæрзонд гуманон хъуыды æмæ йæ рухсгæнгæ фæхæссы фидæны фæлтæртæм. Йæ цухдзинæдтæ, йæ хъæдгæмттæ сдзæбæхгæнгæйæ йын царды даргъ фæндаг ис. Фæндараст æй фæкæнæд дунейы фарн!».

Йæ литературæйы къæбицы ахæм уацмыстæ кæмæн ис, уый сæ арвы цъупмæ хъуамæ исид. Уыдонимæ уæлæмæ цæуид нæ Ирыстоны кад дæр.

Фæлæ мах, хъыгагæн, уыдæттæм никуы февдæлы. Поэт йæ царды фæстаг азты йæ къухфыстытæ æрбæстон кæны-

[1] Бестауты Гиуæрги. Уацмыстæ. 3 томæй. Дзæуджыхъæу, т. 3, 2004, 168-æм фарс.

ныл йæ уд уымæн хъардта. Йæ адзалæй раст дыууæ азы фæстæ Нафи дзырдта: «Удыгъæдæй тыхджын лæг уыд æмæ йæхицæн улæфт никуы радта, йæ фыссæн йæ къухæй нæ хауд, загъта, хъуамæ сидзæрæй, æрдæгфыстытæй ма баззайой мæ уацмыстæ, фæуд æмæ дзы æххæст куыстгонд чи нæма уыд, уыдон. Гафез цыппар азы дæргъы æвæллайгæ, удуæлдайæ фæкуыста æмæ мыхуырмæ бацæттæ кодта, мыхуыры йын чи нæма уыд, ахæм уацмысты 6 чиныджы. Иунæг ацы куыст дæр уыди поэты æмæ æмбæстаджы стыр сгуыхтдзинад, – стæй ноджы дарддæр Нафи зæгъы: – Хæсты сгуыхт салдат уыди æмæ низы ныхмæ дæр,салдатау, лæгæй-лæгмæ хæсты бацыд, йæ хуыссæнуатæй скодта йæ фæстаг хæцæн, æмæ фæуæлахиз. Йæ низы нæ абырста, фæлæ басаста йæхи уды карз хъысмæтыл сагъæс, æмæ йæ тых, йæ зонд, йæ цæрæнбонтæ фæстаг сулæфтмæ снывонд кодта дзырдаивадæн. Йæ царды фæстаг уысммæ баззад поэтæй»[1].

Цымæ Гафезæн уæд исчи куы загътаид, йе сфæлдыстадмæ, стæй нæ нæ ирон литературæмæ искуы фыркадмондаг æмæ фырхæлæгæй нал æвдæлдзæнис, уæд æй бауырныдтаид?

Хорз ракæнынæн æрæджы никуы у. Ныры хуызæн уынгæджы дуджы нæ йе 'ппæт сфæлдыстад джиппы рауадзыныл ничи бадомдзæнис, фæлæ уал йæ пьесæты æмбырдгонд уæддæр куы фенид рухс, уæд уымы бæсты йæ рынчын уд, Аза-бæласау, дзæнæты цъæх нæууыл æнусон дидин рафтауид.

---

[1] Джусойты Нафи. Поэт – фæстаг сулæфтмæ. Журнал «Фидиуæг», 1985, №8, 79-æм фарс.

## ФÆСНЫХАС

Стыр ирон поэт æмæ куырыхон адæймаг Нигер фыста: «Максим Горький иттæг раст загъта: зонд, талант, адæймаг стыр адæмæй у æви чысыл адæмæй, уый сæрыл нæу, зæгъгæ. Фæлæ хъуыддаг афтæ у, æмæ зондджын адæймаг, курдиатджын адæймаг ыстыр адæмы «уæхсчытыл» куынæ лæууа, уæд никуыдæм зыны, стыр адæмы «уæхсчытыл лæугæйæ» куынæ дзура, уæд йæ ныхас дард нæ хъуысы. Горький ма уый дæр куы загътаид. Фæлæ йæ куыд загътаид, кæд æмæ йæ «ныллæг» ранæй дзурын никуы бахъуыд, кæд «бæрзондæй» дзырдта (о, бæрзондæй: ыстыр Уырысы «уæхсчытыл» лæугæйæ). Кæцæй бамбæрстаид мах хуызæтты уавæр ?!»[1].

Нигеры хъуыды дардыл æххæссыд. Чысыл адæмы «уæхсчытыл» лæугæйæ дардыл уыдта. Фæлæ йын амонын нæ хъуыдис, йæхæдæг куыд никæмæ зындис, уый. Ныр та, ирон фысджытæ, Нигеры рæстæгæй ноджы зындæр уавæры стæм. Фыссæм, фæлæ кæм разынæм, кæй «уæхсчытæй», уый нæй, Мах мæгуыр ирон адæм Иры дзыхъхъæй дардмæ нæ зынæм. Цы фыссæм, уыдон нæ мæгуырæй нæхимæ дæр рæстмæ нал хъуысынц. Иннæты кой нал кæнын, фæлæ нæм Ирыстоны иунæг зонадон кусæг сæрмагондæй Къостайы сфæлдыстадыл нæ кусы. Куыд æмбæлы, афтæ ахуыр æмæ фæлгъуыд нæ цæуы нæ фарн, нæ бон, нæ Хуыцауыхайы сфæлдыстад. Уæдæ, нæ литературæйы иннæ классиктæ, Гафез æмæ æндæр стыр фысджыты сфæлдыстадыл, уæлдайдæр, нырыккон фысджыты сфæлдыстадыл цы дзурæм.

Фæлæ сыл дзурын хъæуы. Уыдон нæ хъæздыгдзинад, нæ кад æмæ æгъдау, нæ ивгъуыд, нæ абон æмæ нæ сомбон

[1] Н и г е р. Уацмысты æххæст æмбырдгонд 3 томæй. Дзæуджыхъæу, т. 3, 1968, 596-æм фарс.

дæр сты. Адæм адæм кæмæй æмæ цæмæй уой, паддзахад паддзахад кæй фæрцы æмæ цæй фæрцы вæййынц, дунемæ кæй фарнæй æмæ цæй фарнæй фæзынынц, уыдонæн нæй рохгæнæн, аппарæн. Уыдон ферохгæнгæйæ историйы фæзынынц афтид бынæттæ, талынг хуыдымтæ. Уæлдайдæр, Гафез цы дуджы цардис, йе сфæлдыстад уымæй дзæвгар дарддæрыл æххæссыдис – Ирыстоны феодалон дугæй абонмæ. Ахæццæ-иу суанг скифтæм дæр. Сæйраджы-сæйраг та уыд XX-æм æнусы райдианы революцитæй 80-æм азтæм ирон адæмы азфыссæг. Йе сфæлдыстадмæ йын лæмбынæг куы кæсай, уæд ирдæй зыны 37-æм азтæй фæстæмæ æмткæй ирон литературæйы уавæр, йæ рæзты фæндаг. Ирыстонмæ йе стыр уарзт, йæ хæдбындур курдиат æмæ удуæлдай куысты фæрцы йын бантыст, 20–30-æм азты, уæлдайдæр, троцкизмы дуджы нæ аив литературæйыл цы тугуарæн ныккодта, уый тыххæй нæм аив дзырд куыд ныллæг æрхаудта, уырдыгæй йæхи атонын, нæ классикты бынтыл æнцойгæнгæйæ, хи традицитæ фидар кæнын. Уый тыххæй йын æнтыст æппæт жанрты дæр хæрзгъæд уацмыстæ фæлдисын.

Адæймаг æрмæст йæхи гуылы бын куы æндзара, уæд ын цъус не 'нтысы; йæ бинонты цард куы араза, уæд тыхджындæр у; йæ раттæг адæмæн, йæ Фыдыбæстæйæн йæхи чи снывонд кæны, уый тыхæн ныккæнæнтæ нæй. Гафез йæ адæмы тыххæй, йæ Ирыстоны тыххæй суæлдай кодта йæ уд. Йе 'нтыст уыдис, ирон аив дзырд рæзын кæнынимæ йæ адæмы, нæ ирон адæмы монон хъомылад бæрзонд исын, Фыдызæххы тыххæй мæлæтмæ цæуын. Уыдæттæ æрмæст дзырдтæ, фæлгонцтæ, идейæтæ, уацмыстæй не 'вдыста, фæлæ йæ лæджыгъæд, йæхи уды цардæгас цæвиттонтæй дæр. Уый тыххæй йын æнтыст фысджыты æнæхъæн фæлтæрты патриотон, гуманон æмæ сфæлдыстадон фæндæгтыл цæуынмæ рæвдз кæнын. Бар-æнæбары йæ кæд æппынæдзух хъуыд, æхсæнадæн пайда чи уыдаид, уыдоны бæсты, æхсæнад кæй домдта, ахæм цыдæртæ тыхфыст кæнын, уæддæр-иу йæ фыссæджы курдиат рарттывта, йæ адæмы бирæ фæлтæртæн къух чи лæвæрдта æмæ дæтты, уыцы уацмысты.

Архайд райрæзын кæнынæн-иу сын систа ахæм цаутæ,

адæймаджы хъуыды чи базмæлын кæна. Сæ сюжеттæ-иу сын снывæста афтæ, цæмæй чиныгкæсæджы æлвæстаиккой сæхимæ. Алы хатт дæр архайдта хæдхуыз, нæ литературæйы чи нæма уыдис, ахæм фæлгонцтæ аразыныл. Æмæ сæ аразгæ дæр кодта: Ацырухс («Ирон цагъд»-ы), мад Ацырухс («Ацырухс»-ы), Дзаммырз («Уадтымыгъ»-ы), Дзадже («Дзаджейы рухс»-ы), Дзерассæ, Бетал («Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы), Джетæ, Тода, Дотто («Бæсты фарн»-ы) æмæ бирæ, бирæ æндæртæ. Алкæй уды дæр сæ æвæрдта йæ зæрдæйæ цыдæр къæртт, æмæ кодтой цæрдхъомдæр. Фæлæ уый – авторы зæрдæйы къæртт цæмæй уацмысы хъайтары удыгъæды разына, уымæн бирæ цыдæртæ хъæуы. Уыцы «бирæ цыдæртæ» сты, автор йæ уацмыс фысгæйæ цы аивадон амæлттæй спайда кæны, уыдон. Æмæ йæм сæ тыхласт хъуамæ ма кæна, фæлæ йæм сæхæдæг цæуой æрдзон æгъдауæй. Цæсты куынæ ныхсой, зæрдæйыл куы тайой, уæд сæ тых нæ сæфдзæн. Кæндзысты хъомысджындæр.

Гафез, йæ уацмысты поэтикæ аразгæ кæм у, ома йæхи хъуыдыйæ чи цæуы, уыдонæн дæр архайдта æрдзон хуыз дæттыныл, æмæ уый йæ къухы æфтгæ дæр кодта. Фæлæ уыдæттæ иууылдæр сты рафæлгъауинаг.

Зæгъæм, нæ фыссæгæн, куыд поэт, афтæ лирикон уацмыстæй сюжетон уацмыстæ аивдæрæй нывæндын йæ къухы цæмæн æфтыдис æнцондæрæй? Йæ поэзийæ фыст уацаутæ «Хæхты чызг» («Аминæт»), «Тулдзы къох» æмæ «Базырджын сагъæстæ»-йы сюжетты стæгдартæ бирæ бæрцæй цæмæн сты æнгæстæ? Рафæлгъауын сæ æнæмæнг хъæуы. Уымæн æмæ уыцы уацмыстæй бындур æрæвæрдта поэзийæ фыст ирон уацауы жанрæн.

Æмткæй райсгæйæ, нæ фыссæджы поэтикæ, йе сфæлдыстады идейон æмæ эстетикон ахадындзинад, стæй бирæ æндæр проблемæтæ сты раргом кæнинаг. Зонадон æгъдауæй сæ хъæуы бæстон сахуыр кæнын. Уымæн фадат уаид, йе стыр сфæлдыстадон бынтæ йын джиппы рауадзыны фæстæ. Йæ цардвæндаг дæр, цалынмæ, чи йæ зыдта, уыцы адæмæй ма бирæ ис удæгас, уæдмæ у сахуыр кæнинаг.

Ацы цыбыр монографийы æрмæстдæр æвдыст æрцыдысты Гафезы царды иууыл зынгæдæр цаутæй цыдæртæ æмæ йæ алыварсон сфæлдыстады фисынтæ. Нæ фыссæджы цард

æмæ аивад рафæлгъауыны уый у фыццаг зонадон бафæлвæрд.

Фыссæджы тыххæй æрмæг кæй нæй кæнæ та бынтон цъус æрмæг кæй ис, æгæрыстæмæй, йæхи уацмыстæ дæр иууыл æнцон ссарæн кæй не сты, уый тыххæй, хъуыдыйы цы бирæ фарстытæ æвзæрынц, уыдоныл нырма дзурæн нæй. Бынтон хурæргом у иу хъуыддаг — Гафез ирон дзырдаивадæн, ирон адæмæн, Ирыстонæн уыдис æмæ у стыр адæймаг. Ирон æмбисонд куыд зæгъы: «Стыр фурдæн — стыр уылæн, стыр дурæн — стыр тулæн!» — уыйау йæ авнæлд дæр уыдис стыр æмæ дардыл, æмæ йæ нырæй фæстæмæ фæлгъауын дæр хъæуы афтæ.

Исчи æнæмæнг зæгъдзæнис, уыйбæрц фæдзырдта, æмæ цæмæн «ферох» кодта Гафезы лæмæгъ уацмыстæ, æви йæм нæ уыдис ахæмтæ?

Сау стъæлфытæ хурыл дæр ис фенæн, сæрмагондæй сæ куы агурай, уæд. Æз сæрмагондæй никуы никæмæ, стæй никæй сфæлдыстады агуырдтон æмæ агурын хъæнтæ. Уый, лæджы худ чи дары, уымæн номгæнæг нæу. Гафез та бирæ, тынг бирæ куыста. Лæмæгъ уацмыстæ дæр æм цъус нæй, фæлæ барæй нæ кæнын сæ кой. Аивадмæ бар чи нæ дары, уыцы уацмыс мардæй райгуыры. Цасфæнды йæ адæмæн хъар, уæддæр сæм нæ фехъуысдзæнис. Гафез уыцы «уацмыстæ» йæхæдæг дæр йæ удæгасæй мардыл нымадта. Нæ кодта сæ кой. Æз дæр сæ нæ мысын: мардæй æвзæр ничи дзуры.

Рæгъмæ уадзын, сæрыстыр æмæ йын ныфсджынæй рухсмæ хæссын хъæуы, фыссæг йæ тыхджын æмæ æнкъараг уд цы бирæ уацмысты нывæрдта, Фыдыбæстæмæ, ныййарæг адæммæ йе стыр уарзты чи бахсысти, уыцы чингуытæ.

Гафезы сфæлдыстадæн йæ бон у Фыдыбæстæмæ, раттæг адæммæ, æмткæй рæстаг æмæ бонзонгæ удмæ рухс цæстæй кæсын, сыгъдæг адæймаджы зæрдæйы уарзты цырæгътæ судзын, æмæ сыл нæ хъæуы афу кæнын. Æниу, искæй къухаууон не ссыгъдысты. Сæ ахуыссын кæнын дæр никæй бон бауыдзæнис. Гафезы ахъаззагдæр уацмыстæ сты иу стыр чиныджы хуызæн, æмæ уыцы чиныг хуыйны — Ир æмæ ироны кадæг!

## *ГАФЕЗЫ ЦЫРТ*

*Йæ ныввæрзæн ын сагътам*
*зæрдæскъæф дидинтæ:*

*зырзырæгтæ, тюльпантæ,*
*розæтæ ’мæ нарцистæ…*

*Фæлæ дзы сзад йæхи*
*хуызæн апджын, мæстæг тулдз…*

*Сæтгæ акæндзæн,*
*хæрисау ын нæй тасæн.*

*2003–2004*

## СПАЙДАГОНД ЛИТЕРАТУРÆ


1. *Авторты коллектив*. Зæххыл рæстагон хæст цыди. Ирыстон, т. 1, 1968-æм аз.

2. *Авторты коллектив*. Очерк истории осетинской советской литературы. Ц. И. чингуыты рауагъдад, 1967-æм аз.

3. *Авторты коллектив*. Хуссар Ирыстоны фысджытæ. Ирыстон, 1967-æм аз.

4. Атлас истории древнего мира. Главное управление геодезии и картографии при Совете Министров СССР. М., 1976-æм аз.

5. *Блок Александр*. Собр. соч. в 6 т. Л., т. 2, 1980-æм аз.

6. *Булкъаты Михал*. Теркæй-Туркмæ. Ирыстон, 1-аг чиныг, 1969-æм аз.

7. *Беранже Пьер-Жан*. Избранное. М.-Л., 1979-æм аз.

8. *Бестауты Гиуæрги*. Уацмыстæ 3 томæй. Дзæуджыхъæу. т. 3, Ир, 2004-æм аз.

9. Газет «Сакартвело», 1917-æм аз, №4.

10. Газет «Литературная газета», 1986, майрæмкуадзæны мæйы 13-æм бон.

11. Газет «Хурзæрин», 2003-æм аз, №№90, 92, 93, 94.

12. *Гафез*. Фæндыры зæлтæ. Сталинир, 1940-æм аз.

13. *Гафез*. Æмдзæвгæтæ. Дзæуджыхъæу, 1944-æм аз.

14. *Гафез*. Адджын у цард. Сталинир, 1948-æм аз.

15. *Гафез*. Аминæт. Сталинир. 1949-æм аз.

16. *Гафез*. Фарн. Сталинир, 1952-æм аз.

17. *Гафез*. Тулдзы къох. Сталинир, 1956-æм аз.

18. *Гафез*. Кадджытæ. Сталинир, 1958-æм аз.

19. *Гафез*. Дзаджейы рухс. Сталинир, 1961-æм аз.

20. *Гафез*. Поэмæтæ. Ирыстон, 1963-æм аз.

21. *Гафез*. Уæ бонтæ хорз, адæм! Ирыстон, 1966-æм аз.

22. *Гафез*. Цард дын фестон. Ирыстон, 1971-æм æз.

23. *Гафез*. Цардбæллон. Ирыстон, 1974-æм аз.
24. *Гафез*. Хæстон намысы фæндæгтæ. Ирыстон, 1978-æм аз.
25. *Гафез*. Фыдызæххы комулæфт. Ирыстон, 1980-æм аз.
26. *Гафез*. Фыды артдзæст. Ирыстон, 1983-æм аз.
27. *Гафез*. Æмбæлццæттæ. Ирыстон, 1986-æм аз.
28. *Джусойты Нафи*. Поэт–фæстаг сулæфтмæ. Журнал «Фидиуæг», 1985, №8.
29. *Джусойты Нафи*. Изæры рухс. Цхинвал, 1987-æм аз.
30. *Джусойты Нафи*. Ирон аив дзырды сæрвæлтау. Ирыстон, 1966-æм аз.
31. *Дзаболаты Хазби*. Уацмыстæ. Ир, 1992-æм аз.
32. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Знон æмæ абон. Ирыстон, 1964-æм аз.
33. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Хæст æмæ зæрдæ. Ирыстон, 1966-æм аз.
34. *Дзуццаты Хадзы-Мурат*. Рæстæг æмæ литературæ. Ирыстон, 1985-æм аз.
35. Журнал «Мах дуг», 2003, №9.
36. Журнал «Мах дуг», 2003, №10.
37. Журнал «Фидиуæг», 1962, №1.
38. Журнал «Фидиуæг», 1967, №1.
39. Журнал «Фидиуæг», 1967, №2.
40. *Лермонтов М. Ю*. Собр. соч. в 4 т. М., т. 4, 1986-æм аз.
41. *Нигер*. Уацмысты æххæст æмбырдгонд 3 томæй. Дзæуджыхъæу, т. 3, 1968-æм аз.
42. *Пушкин А. С*. Соб. соч. в трех томах. Т. 2. М., 1986-æм аз.
43. *Хетагуров Коста*. Сочинения. Ростов-на-Дону, 1909-æм аз.
44. *Хъуылаты Созырыхъо*. Æвзæрст уацмыстæ. Сталинир, 1957-æм аз.
45. *Шекспир Уильям*. Полное собрание сочинений в восьми томах. Москва, т. 6, 1960-æм аз.

## СÆРГÆНДТÆ

Къоста ........................................................................ 5
Хъарæгæй заргæ (*Нигеры поэтикæйæ*) ........................ 142
Ир æмæ ироны кадæг (*Гафезы цард æмæ сфæлдыстад*) ... 338

Литературно-критическое издание

**Казиты (Казиев) Мелитон Резоевич**

НАШЕ БОГАТСТВО

*Монографии на осетинском языке*

Редактор и корректор *И.Х Джанаева*
Художественный редактор *В.С. Григорян*
Компьютерная верстка *Т.В. Цховребова*

Подписано в печать 24.11.10. Формат 84х1081/32.
Бумага офсетная. Печать офсетная. Уч.-изд. л. 14,33.
Усл.печ.л. 13,02. Тираж 500 экз. Заказ №
Издательство «Южная Алания», РСО–Алания,
г. Владикавказ, а/я, ул. Московская, 7.
Отпечатано в полиграфическом производственном объединении РЮО.
РСО–Алания, г. Владикавказ, а/я 1041, ул. Московская, 5.